**КЕҢЕСБАЙ КАРИМОВ**

# АҒАБИЙ

***ТАРИЙХЫЙ РОМАН***

*I, II китаплар*

*(Екинши басылым)*

НӨКИС
«БИЛИМ»
2017

УОК 821.512.121-3
КБК Қар 5
К-18

**Кеңесбай Каримов. Ағабий.** *Тарийхый роман I, II китаплар (Екинши басылым).* Нөкис, «Билим» баспасы, 2017-жыл. 476 бет.

Авторы: **Кеңесбай Каримов**

**УОК 821.512.121-3**
**КБК Қар 5**
**К-18**

Кеңесбай Каримовтың «Ағабий» атлы романында қарақалпақ халқының XVIII-XIX әсирлердеги тарийхы ҳәм оның белгили азаматларының халықты жәмлестириў ушын алып барған гүреслери ҳәм қыйын тәғдирлери ҳаққында сөз етиледи.

Пикир билдириўшилер:

**Әбдимурат Атажанов**
**Муратбай Нызанов**

ISBN 978-9943-4183-4-9

© «Билим» баспасы, 2017

# БИРИНШИ КИТАП

## КӨШ

### Пролог орнына

Шымбай шәҳәринен шығып, Кегейли көпиринен өткен бир топар адамлар арқа батысқа тартылған арба жолға түсти. Ийинлериндеги табытты гезеклесип алмасып, тез қәдем таслап, асығып барар еди.

Соңғы сапарға атланып, енди өзгелердиң ийнинде баратырған адам бул жолға шекем талай соқпақлар менен арба жолларды басып өткени шубҳасыз.

Буннан саррас жетпис жыл бурын, атасы Қулшы бий баслаған қарақалпақлардың көши Бухара менен Шымбай ортасын дастанып жатырған Қызылқум саҳраларын басып өткенде бүгин өзиниң мәңгилик мәканына жөнеп баратырған Ережеп ағабий еле он жасқа тола қоймаған ойын баласы еди.

### 1

Бөриниң үзип-үзип улыған сести тынышлықты бузып жиберди. Ийтлер топары барлығы бирден шабаланып үрди. Сеслер әлле қайларға таралып, жаңғырықлап-жаңғырықлап барып тынды.

Таң ағарып атып киятыр. Еле көкжийекке бас көтермеген қуяштың нурлары алды бурын атлы адамның төбеси менен барабар келетуғын сексеўиллердиң ушларын жақтыртып, кем-кемнен әтирапқа жайыла баслады. Нурлар Бектемир жатырған жолым үйдиң түтиннен қарайған шаңарағына түсти де, соңынан қара кийиз жабылған қәддин айқынластыра берди.

Шаңараққа түскен жақтыдан сетем алған Бектемир ояныш кетти. Азғанадан өзине келип, оңлы-солын аңлаған ол үстиндеги қасқыр ишикти серпип таслап, орнынан турды да, тысқарыға шықты.

Жолым үйдиң иргесине ийирилген отар гүйис қайтарып жатыр. Ири қара мал менен жылқылар үйирин қорықлап, ат үстинде қалғыған адамның сүлдери анық көринеди. Түн бойы әтирапты қоршаған жабайы даланың аң менен қусынан көшти қорықлайман деп, селт еткен нәрсеге шабаланып үретуғын ийтлер ҳәр қайсысы

хәр жерде, қурғағырақ ҳәм ығырақ орын таўып алып, басларын алдынғы аяқларына қойып, сақлықты да есинен шығармай қалғыўға кирискен. Бәлентирек төбениң үстине тигилген Қулшы бийдиң қара үйи булдырап көринеди.

Бөри тағы улыды. Еситкенлердиң жүрегин силкиндирип жиберетуғын, өзине нала, қорқыныш, айбат шегиў, өшпенлилик ырғақларын жәмлеген сырлы ҳәм жабайы даўыс бул сапары дым жақын жерден еситилди.

Әжел менен талай мәрте бетпе-бет келген, ақшамлары көзлери шамдай жанған бөрилерге талай дусласқан Бектемирдиң бир аршын келетуғын көкирегиниң шеп тусы "шым" етти. "Заңғар, жалғыз өзи жортып, жекке-жарым жүрген мал менен түйени, гези келгенде көлиги әззилеген, қарыў-жарақсыз жолаўшыны алып үйренген, өз гезегинде еки аяқлы адам баласынан жәбир көрген көкжал қасқыр болды ғой, шамасы. Ақшам көштиң малы менен адамына жалғыз шабыўға жүреги даўамай, бир жағы ашлықтан, екинши жағы өшпенлиликтен изимизге түскен шығар" деген ой келди, оған.

Бөриниң сести зилдей басын алдынғы аяқларының үстине қойып, қалғып атырған Бөрибасарды "селт" еттирип оятты да, жуўан ҳәм тарғыл даўысы менен "арс" етип, үремен дегенше гөне журттан аўыл ийтлериниң топарына илесип көш пенен киятырған, Бөрибасардың ығын шалып, оның панасында жүрген менен турпаты анаў-мынаў бөриниң еркегинен қалыспайтуғын көк қаншық денесине сай болмаған жиңишке даўыс пенен "шаў" ете қалды. Оның изинен қайсы бири ийелериниң асығыста тиклеген қосын, қайсы бири үстиниң жүги түсирилген соң отлайман, деп көштен шетлеп кетпеслиги ушын қонар пайытта шидерленген түйелерди паналаған ийтлердиң үрген даўыслары Қызылқумның алабын азан-қазан етти. Әсиресе, жүрексиз, қорқағырақлары уриўдиң изин қаңсылаўға айландырып, қуйрықларын артқы аяқларының арасына қысып, ийесинен мәдет күтип, олар жатырған қослар менен жолым үйлерге тақалып келип әбигерлене баслады.

Бул ўақытта көштегилер түўел оянып болған еди.

Қызығыўшаң оқыўшымыз әлле қашан: «Қызылқумның ишинде үйсиз-жайсыз неғып жүрген аўыл, қандайдур жолым үйлер менен қослар, түйеге артылған жүклер менен қаңғыған бөрилер ҳаққындағы тутырықсыз гәплер», деп кәмийнеге гийне ете басласа тәәжип емес. Анығында биз буннан еки әсир бурын болған ўақыяларды баянлаў ушын тәўекел қайығына отырғанбыз ҳәм қолдан келгенинше ата-бабаларымыздың басып өткен излерин қыял ҳәм сана көзи менен көриўге талпынамыз, қарақалпақлардың өткен заманлардағы тарийхын

әдебий шынлық терезесинен бақлаўға умтыламыз, ал сизден талап етилетуғыны биз бенен жолдас болыў, ҳүрметли оқыўшы.

Көштиң жолға шыққанына бир ҳәпте болған еди. Ҳәр тәўлик сайын узайып баратырған күн, ҳәр мәўрит сайын жылыўы молайып баратырған қуяш, бир-бирине егиз қозы киби мезгес шоқ-шоқ қум төбелери, сексеўиллер менен ақсарлар өскен, баўыры жабайы аңларға мәкан болған шет-шебирсиз алаплар, минекей бир ҳәптеден берли Ақсуўаттан түнлетип көшкен аўыл менен жолдас болып киятыр. Ал, гөзленген мәнзиллердиң болса жеткеретуғын түри жоқ. Қозы-ылағы маңыраған, ботасы бозлаған, қулыны киснеген, жетим-жесири алыс сапарға жарамайтуғын жақынлары қалып баратырған аўылды қыя алмай, көз жаслары тыйылмай жылап, излерине қарай-қарай баратырған мәнзил қаякта өзи? Қас қарайғанша қумырсқа адым менен қозғалып, қас қарайған соң жети жүйреңнен өтип кететуғын салқын ҳәм ызғар бәҳәр ақшамын бир ҳәмеллеп өткериў ушын машақатланып, жолым үйи барлар үй тигип, онысы жоқлар қос соғып әбигерленип, өкшелер менен қоллар қабарып, алға умтылғандағы мақсет не өзи?

Аныған айтқанда баратуғын мәнзилдиң қай жер екенлигин көштеги бир-еки адамнан өзгеси анық билмейди. Дурыс, көпшилик “Ата мәкан”, “Ата журт”, “Шымбай”, “Дәўқара” деген сөзлерди еситкен, бирақ оның алыс-жақынын, қай тәрепте екенлигин, қандай мәкан екенлигин анық билмейди. Таң атқаннан күн батқанға шекем күнбатыс арқаны нәзерге алып алға, тек алға илгерилеўди биледи. Өзгелерден сораўға олар да өзиндей, ҳәр кимниң болса да көңлине жағып кететуғын, сырлы, жүрекке жақын “Ата мәкан”, “Шымбай”, “Дәўқара” сөзлери шаршағанға мәдет бергендей болады дағы, бирақ өзи жеткермейди.

Бектемир даўысы еситилген бөриниң өзин көриў үмитинде әтирапқа аланлады. Бөри көзге түсе бермеди. Көп еглениўди мақул көрмеген ол ишкериге кирди. От жақпады, қуман қайнатпады, тап атланыстағыдай жылдам ҳәрекет пенен керегениң басындағы қоржынды алып, баўын шешти, оннан айран толы мес пенен бир бөлек гөш алып әташтан орнына қолланылатуғын жалпақ темирдиң үстине қойды. Шынықапты абайлап ашты да оннан кесе алып, местен айран қуйды. Аўқатланып болып, қоржынның баўын байлады. Қоржынды, ақшам жамылып қалғыған қасқыр ишигин керегеге илдирди. Керегеден қынаптағы қылышы тағылған, бир жағында қайқы қанжар илинген, тоғасы гүмистен, ал өзи өгиздиң терисинен ийленген, ени ярым қарыс келетуғын кәмарын белине байлады. Узынлығы бир қулаш, ерик саплы, қам териден өрилип, ушына қорғасын қуйылған, жуўанлығы бас бармақ жуўанлығындай келетуғын дыр қамшысын

шеп ийнине таслап, түтеси узын, пилтели мылтығын оң ийинге асты да үйден шықты.

Узақ жолдың азабын тартып, ҳарып-шаршап киятырған көшти бөриниң қуйқаны түршиктиретуғын жабайы даўысы таңғы шийрин уйқыдан оятып жиберген еди. Ҳәр жер-ҳәр жерде жолым үйлер менен қослардан түтин шыға баслады. Малға ақшамы менен қорықшылық еткен сақшылар әлле қашан аяққа турған еди. Әсиресе, қой отарларын қорықлағанлар тыным таппай "ҳайта-ҳайт, бәс, күш" деп шаўқым салып атыр. Ондағы мақсет, қайымын тапса қойға шабады, деген гүман менен епке келсе — бөрини үркитиў.

Бектемир бәлентирекке тигилген Қулшы бийдиң үйи таман жүрди. Бий бәйбише таярлаған асқа енди қол узатқан екен. Әдеп жүзесинен дәрҳал изге шегинди. Әлленемирде ишкериден "Келе бер, Бектемир", деген сести еситкеннен соң "Ассалаўма әлейкум" деп кирип барып есикте алп қәддин сәл бүккен ҳалда еңкейип тура берди.

— Ўәлейкум ассалам, Бектемир, бүк дизеңди! — деген даўыс ҳәмирдей еситилди.

Қысқа ғана жағдай сорасыўдан кейин Бектемир:

— Қулшы аға, қандай деп буйырасыз, көш жолға атланыўға таярлана берсин бе? — деди бийге сораўлы нәзер тигип.

Бий ойланып қалды. Оған себеп бар еди. Көштиң ақшам қонып, таңда жолға түсип сегбир тартып киятырғанына бир ҳәпте болды, көликлер шаршаған, адамлар да болдырған еди. Сол ушын усы жерде бир-еки қонып, ҳәлленип алса қалай да шеп болмас. Ақыры бир шешимге тоқтаған бий басын көтерди.

— Адамларға айт, қосларын бузбасын, усы жерде бир-еки қонып, ҳәлленип алсын. Және айт, сақ болсын, сыртымыздан жалғыз бөри айланып жүр, ашыққан ба, я адамға өшпенли ме, ким биледи, қулласы ҳәр нәрсеге таяр турыңлар.

Усының менен сәўбет питти. Бектемир бәлентликтен пәсирекке түсип, даўыслады:

— Халайық, үйиңиз бенен қосыңызды жықпаңлар, бүгин-ертең жолға шықпаймыз. Бөриден сақ болыңлар, тағы қайталайман, аш бөриден сақ болыңлар. Азанғы тымық ҳаўада даўысы жаңғырлап көп жерлерге тарқалды.

Қула дүзде, Қызылқумның бир қойнаўында, инсан шаўқымын көп заманлардан еситпеген жерлерде адамлардың даўыслары жаңғырды, мал мөңиреп, қулынлар киснеп, нағыз қыслаўға айланғандай болды. Көштиң қоныс басқан жери де аз емес, дөгереги бир ат шаптырымдай бар еди. Сәлкем еки жүз шаңарақ сексеўиллери қарағайдай болып өскен бир түбекти толтырып, мың жыллар бойы қалғып атырған Қызылқум шөлиниң қойнын уйқыдан оятып жиберди. Нәрўан

сексеўилди қайырып жиберсең, “морт” етип түбиринен сынып түседи. Кеше кешқурын баспана ислей алмағанлар сексеўилден дәрҳал баспана ислеўге кириссе, кимдур шақмақ тасты алып, қурғақ шөп жыйнап, оның астына қумда өскен шөплердиң үпилдиригин қойып, шақмақ тасты бир-бирине урып от тутандырыў менен әўере, кеше кеште от жағып үлгергенлер ихтиятлылық пенен күлдиң астына көмип қойған қозды излестирмекте. Ал, кимлердур аўызқабағын алып, қоңсыдан шоқ алып келиўге баратыр. Қулласы, ҳәр ким бир шарўа менен бәнт.

Кеше ғана қоныс басқан болса да өз ҳәрекетлери менен бул жерде биротала қалыўға бел байлағанға уқсап ҳәрекет етип атырғанлардың абыр-сабыры жолым үйлердиң биринде кебежениң үстинде өзиниң қой терисинен тигилген қылқа тонына оранып, уйқылап атырған бир қара баланы да оятып жиберген еди. Ол көзин ашып, үйдиң түтиннен қарайып кеткен шаңарағына қарап, сырттағы шаўқымларға қулақ түрип, бираз жатты. Анасы орнында жоқ, шамасы от жағып, аўқат писириўдиң ғамында жүрген болса керек, ал, әкеси қорықшылықтан қайтпағанын билди. Қайдан келгенин билмейди, бирден “бул әтирапта аң көп болса керек” деген ой сап ете қалды да, ол қыялында өрший-өрший баланы жыллы орнынан турыўға мәжбүрледи. “Әҳ, әттең кеше дузақ қурып қойғанымда, ҳәзир дузақты қараўға барған болар едим”. Көз алдына қоян соқпаққа қурылған дузақта тыпырлап атырған кишигирим ылақтай келетуғын қоян елеслеп кетти. Жүреги дүрсилдеп, қатты соға баслады. Шапшаң орнынан турды. Қылқа тонын кийип, сыртқа шықты.

Қулшы бий аўылының урныққыры болып өсип киятырған, он үш-он төрт жаслардағы, бойы ересеклерге теңлесип қалған, денеси дуғыжым, мурны тәңки, аўзы үлкен, көзлери дөң маңлайының түпкиринде жайласқан, ғайратлы шашлары тикирейип туратуғын, жоралары оны бәрқулла “тандыр бас” деп атар еди, басы үлкен болғанлықтан солай атаса керек, аяқ-қолы тоқпақтай мықлы, маладай аяғы менен жуўан балтырына әкесиниң етиги зорға сыятуғын бул баланың аты Қайырбай еди. Кишкентайынан “бай”ын қоспай “Қайыр, Қайыр” деп шақыра бергенликтен, енди Қайыр болып кетти.

Қашарман топ, шүллик, асық ойында гирлегенлердиң әдебин берип қоятуғын, ерке өскен, ата-анасының жалғызы Қайырдың ең жақсы көретуғын нәрсеси ат миниў менен аңшылық еди. Ақсуўатты қоя бергенде Тамдының ол жақ-бул жағында тойдың бәйгиси менен ылағы болатуғын болса, әкеси Әрепбайдың маңлайына тиккен бууўрыл атын минип, азығын алып кете беретуғын еди. Миниске жақсы, ғайратлы буўрылдың бәйгиге қосатуғындай шабысы жоқ, ылаққа жарап қалардағы, бирақ көкпар тартыўға Қайыр жаслаў, сол себеп буўрылдың үстинде турып көкпарды тамашалайды, бәйгиден озып келген атларды

дыққат пенен гүзетеди, сейислер менен атшабарлардың әңгимелерине қулақ түрип, ертели-кеш аўылына, үйине қайтады.

Аңшылық десе Қайыр ишкен асын жерге қояды.

Анасы сексеўилдиң ғыжлаған қозына қойылған шәўгим қазанның сорпасының көбигин алып атырған екен.

— Кише, гөш писти ме? — деди тонының кисесиндеги дузақларын жерге таслап, бир-биринен ажыратып атырып.

—Турдың ба, Ақжигит? — деди сораўға сораў менен жуўап қайтарған ҳаял. Узын бойлы, сары сынлы, көк көзлери мийрим менен баққан келиншек Қайырдың туўған анасы, ал бала болса келиншектиң тилеп алған жалғызы еди. Қарақалпақларда ертеден киятырған әдет бойынша еси енгенше енеси тәрбиялаған өз баласының атын айтпай “Ақжигит” дейтуғын, ал баласы болса өз гезегинде туўған анасын “кише” дейтуғын еди. Кише сөзиниң тақаллеси көпшиликке түсиникли.

Дузақларын тәртиплестирип кисесине салған бала шыдамсызланды.

— Гөш писти ме, кише?

— Ҳәзир писеди, азғана шыда.

Ҳаял қандай да жумыс пенен үйге кирди.

Қайырдың артық шыдаўға тақаты жетпеди. Қыялында қоян соқпақлар, дузаққа түсип тыпырлап атырған қоян, кишигирим ылақтай келеди...

Ақыры болмады. Ожаў қасықты алып қазанға салды. Қайнап турған сорпаны сүзип, ешкиниң шала писken асық жилигин шығарып, ағаш самарға таслап жиберди. Азғана сабыр етти. Соң жиликти қолына алды. Оң қолы күйе баслады, сол қолына алды. Солай етип, бир қолынан екинши қолына өткерип, аўзына алып барды. Пуўы бурқыраған етти бир тиследи де, жутыўға үлгермей турып асықты. Бул жерден қарасын тез арада батырмаса анасы келип қалыўы турған гәп. Шала писken сур гөшти жол бойы жеп баратырып гөштиң еле писпегенин, бирақ ол әлле қашан дузға писип болғанын ойлап турды да, ийтин шақырды. Үйдиң иргесинде бир көзи менен қазанды аңлып қалғып атырған турпаты еки жасар танадай келетуғын, жүни қызыл ала, қулағы менен қуйрығы шонтыйып кесилген, қанталаған көзлери масаладай жанып турған Бөрибасар өз атын еситип орнынан атылып турып, Қайырдың изине ере берди. Жилик кемирген келте тонлы бала менен оның изине ерген айбатлы ийт сүйектен дәмедар болып сексеўилликке кирип, көзден ғайып болды.

Көп өтпей қуяш шетсиз-шексиз алапларды жақтыртып жиберди. Адамлар енди қара басларының тәшўишлеринен көре көбирек малҳалдың жағдайы менен айланыса баслады. Кешеден берли суў ишпеген малларды қыстың қары менен музынан пайда болып, ой жерлерде

жыйналып туратуғын қақ суўларын жақынырақ жерлерден излеп таўып, суўғарыў, оннан да бетер мал түсип ылайтпастан бурын сол суўдан мес пенен қумларды, дүңлерди толтырып алыўды да ядтан шығармаў керек.

Бектемир жолым үйиниң белдеўинде байлаўлы турған, ери алынбаған темиркөк айғырының жанына келип, ақшам жатар пайыты еркин дем алсын деп босатқан айылын тартып байлап, қыл арқанды белдеўден босатып, ердиң басына илди, атты суўлықлап, зәңгиге аяқ қойды. Жасы қырққа барып қалған болса да жас жигиттей көз илмес шаққанлық пенен қустумсық ерге қонып алды. Негедур зәңгиге аяқ коймастан ердиң басы менен артқы қасынан услап, атқа ғарғып минетуғын пайытларын еслеп, гүрсинип қойды.

Ақшам шақырған байыўлыдай жалғыз бөриниң пайда болыўы қосымша тәшўиш туўдырды. Бул сахраларда бөрини ушыратыў, олардың топ болып малға шабыўы, қой-ешки, қарамал, жылқыны, ҳәттеки түйени де қасқыр тартып кетиўи таң қалатуғын ҳәдийсе емес, бирақ бүгинги жекке бөриниң ет түршиктиретуғын жабайы ҳәм сырлы үни адамды ойға талдырғандай, жаманлықтан хабарландырғандай еди. Сол ушын да қонысқа жақынырақ жерден суў дәрегин излестириў, ашығырақ, дөгереги анық көринетуғын отлақлы жерден жайылым қарастырыўға Бектемирдиң өзи атланды. Оның өзине ҳәм астындағы атына исеними мол болғанлықтан, қасына ҳеш кимди ертиўди рәўа көрмеди. Теги буўдан болған, дөнен жасындағы темиркөкке өзине исенгендей исенсе болады, жаныўар ийесин талай топлымлардан, көкпар тартысларынан, қан төгиспе жәнжеллерден аман алып шыққан. Өзиниң билеги мықлы, бөри ме, жабайы аң ба гезлесе қалса оқлаўлы турған мылтықты ийиннен алып отырмай-ақ, бир қулаш келетуғын дырды алып, төбесинен айландырып бир-еки таўлап, тартып жибергенде ушына қорғасын қуйылған салмақлы дырдың, демине дус келсе азыўы айланған арлан қасқыр болса да еки-үш аўнап түспесе, маған кел. Шағал, түлки, порсық дырдың бир соққысынан аман қалмайды. Ертеректе атына көз тигип, даланлықта алдын тосқан бес-алты қарақшы абай етип, атын тартып алмақшы болып, қылышларын жалаңашлағанда, алдын кес-кеслеген қарақшылардан усы исенимли дыр қамшы арашалап қалған еди. Сонда қоршаўда илажсыз қалған Бектемир бәрқулла оң қолы менен қағып алыўға қолай болыўы ушын шеп ийнине салып қоятуғын бир қулаш дыр қамшысын илип алып, аттың жылаўына асылыў ушын еңкейип атырған қарақшының жаўырнына тартып жибергенде, қарақшы аттың аяғының астына домалап түсти. Қалған қарақшылар беллериндеги кәмарға асыўлы турған қылышларын суўырып-суўырып алып, ҳүжимге өтти. Бектемир шалтлық пенен қулашын жайып жиберип, басының

үстинде дыр қамшыны ысқыртып шыр гүбелек айландырғанда басшысының жеген соққыдан жерде домалап атырғанын көрген қарақшылар Бектемирдиң жанына жолаўға батына алмай, егленип қалды. Тақымның қатты қысылғанын сезген темиркөк жаныўар оқтай атылып, қарақшыларды шаңында қалдырған еди, сонда.

Бектемир атын қыстамады. Қара көрим жердеги төбешикти бағдарлап барып, бийикке шықты. Бул жерден көз жетер жерде ғыр әтирапта не бар екенлигин бақлаў мүмкин еди.

Бийик қумлардың етегинде, ат шаптырым жердеги ойға жыйналған суў жарқырап көринеди. Малларды жаятуғын бийик-бийик төбешиклер де баршылық. Ол жерлер отлақлы болмағаны менен, бираз қәўипсиз, бийиктен бақлап турса отарға жақынлаған қасқыр, порсық, шағал болса көзге түседи.

Суўдың дәрегин еситкен адамлар, ҳаял-бала-шағалар кими мес, кими киширек қум ямаса жез дүңлерин алып, шаўқымласып суў алыўға шықты. Дөгерек бийтаныс, оның үстине өзи көзге түсе қоймаса да даўысы зәррелерди ушырған бөриден қәўипленген адамлар суў алыўға топ-тобы менен барар еди.

Бул пайытта қой отарлары, бир-еки үйир жылқы менен қарамаллар да бийигирек төбешиклерге қарай айдалды. Көште Қулшы бийдиң қой отарын, қарамал падасын, жылқыларын бағатуғын жалшылар бар еди. Қалғанлардың малы көбиреклери бес-алтаўы жыйылып бир шопан тутқанлары да, өз малын өзи бағатуғынлары да бар.

Бийдиң жылқысы менен түйесине, қарамалына, ат үстинде қалғып отырғанын еслегенимиз Әрепбай жуўапкер. Оның ҳәмирин орынлайтуғын бес-алты шопанлары бар. Ал, қой отары Қулман дүмше менен оның балаларының алдында.

Енди қазанға салынған сур етти писирип, оны шопанлар сәрдары болған ери Әрепбай менен тилеп алғаны Қайырға жегизиўге асығып атырған келиншек Сәрбийкеден хабардар болайық. Жолым үйге кирип, әлле бир керекли буйымды излеп, азғана егленип қалған Сәрбийке сыртқа шығып баласы Қайырды таппады. Ашқа шыдамай қайнап турған қазанды сүзип, ет алғанын еле самар табақтан шығып турған пуў менен сорпаның изинен абайлады. Жақын жерде тасалап ет жеп атырған шығар, қарақан етпейин, деп әлленемирге дейин өз жумыслары менен бола берди.

Қалың сексеўилдиң арасынан жол таўып, из билингендей қумлыққа шыққаннан соң Қайыр из қыдыра баслады. Көп өтпей қоян соқпаққа гезлесип, сол силем менен жүрип отырып, көш қонған қойнаўдан алыслап кете берди. Ети жеп болынған соң Қайыр шетке ылақтырып жиберген асық жиликти қағып алған Бөрибасар соқпақ үстинде сүйекти ғайзап, иркилип қалды. Бул пайытта таза из

қайырылған қалың puталыққа киретуғын кишилеў тесикке дузақшы бала дәслепки дузағын қойып үлгерген еди. Соқпақ алға илгерилеп, қоныстан қашықлаған сайын қумлақтағы излер де көбейе берди. Олар тек ғана қоянның излери емес, ал олжа излеп түн бойы жортқан усы әтираптың аўшылары сағал, порсық, түлкиниң излери еди. Күтилмегенде шеттен соқпаққа келип түскен, түйениң изине мегзеп жалпайып атырған изди көрген бала алды бурын таңланайын деди: “Бул нениң изи екен”. Соң ойына “бөри” деген ой сап ете қалғанда, қорқып кетип, “аға” деп бақырып жибериўге сәл қалды. Изден нәзерин алып, дөгерекке алақлап көз таслады. Әтирапта дөнип турған қәўип жоқлығын көрип ҳаўлығыўы басылайын деди. Соң Бөрибасарды ес көрип, изине қайырылып еди, ийт көринбеди. “Бөрибасар”, деп қышқырып жиберди. Алыслардан “Бөрибасар”, деген даўыс жаңғырып еситилгенде, ол өз даўысының жаңғырығы екенин аңламай, ҳәзир ғана басылайын деген ҳаўлығыўы тағы күшейип, көкирегинде әлле не нәрсе, дүрсилдеп соға баслады.

Қайыр қорқақ балалардан емес еди. Ерке өскенине қарамастан жылқыманлар менен қоста қоныўдан, қарлы боранларда шығынып кеткен жылқы үйирлерин излеп табыўдан, ақшамлары ана аўыл, мына аўылға атлы барып қайтыўдан ҳаўлыққан емес. Бийтаныс жер, пиядалық ҳәм жеккелик оны ҳаўлықтырған болса керек. Дурыс, жылқыларды излегенде, аўылдан аўылға хабар айтыў я әлле бир жумыслар менен барғанда ол бәрқулла атлы болатуғын, изинде садық Бөрибасар ерип жүретуғын еди. Қорқсаң ямаса зериксең ат пенен, болмаса ийт пенен сөйлесиўге, кеңесиўге болады. Олар сөз айтып жуўап бермесе де сөзди түсинеди. Жолдан адассаң “бурыл, ҳәй бурыл, сен шамасы жолдан адастың, Ақсуўатқа апаратуғын жол бул емес еди”, деп аттың мойнына шаппатлап қойсаң, ат мысалы сениң сөзиңди уққан киби оқыранып қояды да көп өтпей керекли соқпаққа бурылып, сени мәнзилиңе туўры алып барады. Ийт те сондай. Сол ушын да Қайыр дүзде жалғыз қалғанын  сезген пайытта ийттиң атын айтып бақырып жиберген еди.

Соның арасында из беттеги путалықлар қатты силкинип, қандай да бир күш-қүдиретли мақлуқ арсылдап, бала таман келе берди. Бала мақлуқ киятырған таманға тигилип қалды. Көп өтпей қүдиретли мақлуқтың қап-қара тумсығы, соңынан кесик қулақлары ҳәм өзи көринди. Бул Бөрибасар еди.

Баланың көринген изден қорққанына ары келип, өзине ызаланды, қорқпайтуғын, батыр екенлигин дәлиллеўди талап етип турған бир ишки даўысқа қулақ қойған бала изге қайтыў пикиринен ўаз кешип, түйениң табанына мегзес из кеткен таманға қәдем таслап, илгерилей

берди. Ол екиленген пайытта ишки даўыс “сен қорқақ емессең, сен батырсаң”, деп тәкирарлай берер еди.

Көп өтпей соңғы дузақ қойылатуғын пайыт та жетти. Бала қолайлы бир жерди тапты да, кисесинен малдың аш ишегинен шыйратылып, кептирилген жиңишке жипти алды. Әдетте дузақтың бир ушынан илмек исленип, жиптиң екинши ушы сол илмектен өткериледи ҳәм дузақ қойылатуғын жерде өскен бирер путаға беккем етип байланады. Дузақ қурыў ушын қоянның яки басқа аңның ҳәр дайым жүретуғын жолының ең тар жери таңланады, сол жерден өткен аң аңламай дузаққа илинген пайыты дузақ жиби тартылып, аңды услайды, қутылыўға урынған сайын дузақ жиби жаныўарды соншелли қысып бара береди.

Бала дузақ пенен алаң болып атырғанда илгерилеп кеткен ийттиң үргени еситилди. Қайыр изинен барса, ийт қандай да бир үлкен инниң аўзында турған еди.

Инге кирип-шыққан излерге дыққат пенен тигилген Қайырдың жүреги арқасына тартып кетти. Түйе табанындай жабырайған из инге кирип кеткен еди. “Бөриниң изи, бөриниң изи, ишкериде бөри бар”, деди ишки даўыс ҳаўлығып. Соның арасында иннен қаңсылаған жиңишке даўыслар еситилгендей болды. Қулағына солай еситилген шығар, деп ойлаған Қайыр қаңсылаған сеслер үзиликсиз еситиле бергеннен соң барып даўыслардың инниң ишинен шығып атырғанына анық исенди. “Қасқырдың күшиклери, қасқырдың күшиклери”, деди ишки даўыс. Ишки даўыс алдамаған еди.

Бала ойланып қалды. Не қылыў керек? Бөрибасар “арс-арс” етип, инге умтылып, ишке кирмекши болады, бирақ кең инге басы сыядыдағы, төси менен желкесине келгенде инниң дийўалына кепленип қала береди.

“Ана қасқыр инде болса керек”.

Бул ой оғада үлкен қәўиптен дәрек берер еди. Ийтке исенсе болады, деген менен Қайырдың шерим етигиниң қонышына тығылған, тыйығы бир қарыс келетуғын, ҳәзир қәўип дөнди дегенше баланың қолында жүзи қуяш нурында жалтырап турған қынсыз гезлик пышағынан өзге жарақ жоқ.

“Дәрҳал кетиў керек”, деп ҳәмир берди ишки даўыс.

Күн сәскеге шамалап қалды. Қазандағы сур ет писти. Сәрбийкениң күйеўи келди. Жақын жерде жүрипти, деп шамаланған Қайырдан болса дәрек жоқ еди.

Атты байлап, ишке кирген Әрепбайдың дәслепки сөзи: “Қайыр неге көринбейди?” — болды.

— Жаңа ғана жүрип еди.

— Аўқатқа шақырмайсаң ба?

Сәрбийке қазаннан, табаққа ет салды. Ыдысларға ыссы сорпа толтырылды. Қазанның қақпағын беккем жапты. Әтирапқа сер салып қарады, бирақ Қайырбай көринбеди. Соң даўыслады.

— Ақжигит-у-ў, хәй Ақжигит. Қаяқта жүрсең, тез келе ғой, ет суўып қалды.

Шақырыққа ҳеш ким жуўап бермеди. Бул ўақытларда Қайыр қоныстан әдеўир алыс жерде жүрген еди.

Ет желинип болғанша, Қайырдан дәрек болмады. Ерли-зайыплы ата-ананың кеўиллерине ғулғула түсти. Таң алдында бөриниң улығаны, енди болса жалғыз баланың ушты-күйди көзден ғайып болыўы, оның үстине әтирап бийтаныс, аңлары менен соқпақлары бийтаныс. Қайыр қайда кетти? Аман болса болғаны, әйтеўир, деген ойлар ананың да, атаның да ишин ийттей тырнар еди.

— Мен шығып қоңсылардың балаларынан сорастырайын, жораларына кеткен шығар, — деди үйден шығыўға бейимлескен Әрепбай. "Жораларына кеткен шығар", деп еситтирип айтқан сөзи өзине де мәдет берип, белине белбеў байлағандай болды. Ойын баласы ғой, анығында жораларына кеткендур, деп қобалжыўын басқан Әрепбай буўрылға минип, жылқыдан хабар алыўға атланды.

Усы пайытта:

— Алды! Алып кетти! Ҳайт, ҳайт! Ҳәл, Ақтырнақ, бәс, бәс! Қасқыр алып кетти!!! — деген шаўқым азанғы ҳалқасын ишип-жеўге отырған қоныс турғынларын дүрликтирип, мазасын алды.

Даўыс қум төбешиктиң баўрайында жайылған қой отарын қараўыллап турған шопанлар тәрептен келген еди. "Қойларға қасқыр шапты", деп ойлады Әрепбай. Ерксиз, таң алдында еситилген ет түршиктиретуғын қорқынышлы сести еследи. Баласы Қайырдың ғайып болыўы менен сес арасында қандайдур байланыс бар емес пе? — деген гүман кеўлиниң бир шетинде пайда болып, жолым үйдиң ортасына жағылған оттан тараған түтин киби кем-кем улғая-улғая, көкирегин толтырып жиберди. Әҳ, Қайыржан, қаяқтасаң? — деп гүрсингенин өзи де билмей қалды.

Аттың басын бурып, еки-үш жолым үй менен қослардың жанында иркилип, аттан түспей даўыслап, Қайырдың дәрегин сорады. Қайырды ҳеш кимниң көрмеген-билмегенин еситкен сайын "Қайыр қайда? Аман ба, өзи?" деген сораўлар уясы бузылған ҳәррелер топары янлы басында ғаўлар еди. Дәрҳал бир шешимге келди. "Излеў керек! Излеп табыў керек". Қаяқтан излейди? Дөгерек атлы адамның төбеси көринбейтуғын сексеўиллик. Из! Излер! Әтирап қумлық, жумсақ қумда әлбетте излер қалады. Аяғы маладай болған Қайырдың қумда излери қалады ғой! Әлбетте қалады. Бөриниң де изи... Қараңғыда қармаланғанда қолына илинген таяқтай болып туйылған из ҳаққындағы

ойларға илесип, урланып келген бөри ҳаққындағы ой оны шоршытып жиберди. Жылқыдан хабар алыў пикиринен тез қайтып, үйине келди. Гез келген сексеўилдиң түбирине атты байлады. Ат болса сексеўилдиң бүршигин өткир тислери менен "ғарш" еттирип үзип алып, қарыўлы жақлары менен гүртилдетип шайнай баслады. Өзге дүньяны умытқан Әрепбай үйдиң дөгереги, қазан ошақ басында басылған сан-санақсыз аяқ излериниң арасынан тек ғана бир изди, баласы Қайырбайдың излерин қарастыра баслады. Әне, оған көзи түсти. Баласының излери оған жақсы таныс, себеби қыстың басында шеримнен тигилген дүзиў табан етиктиң ултанына өзи темирден нәл қағып берген еди-дә! "Таптым", деп даўыслап жиберди ол тап баласын тапқандай қуўанып. Бул даўысты жолым үйдиң дәскелерин жыйнастырып атырған Сәрбийке де анық еситип, баласын көриў ушын асығып сыртқа шықты. Бирақ сүйикли баласы көринбеди. Жылқыға кеткен ери үйдиң дөгерегин айланшықлап, гүбирленип жүрипти.

— Таптым, шабазым, таптым. Анық Қайырдың изи! — Әрепбай сөйлениўи менен из кеткен таманға қарай шалт адымлады, көп өтпей сексеўилликке кирип, көринбей қалды.

Баласын көремен бе деп үйден шыққан ҳаял нениң не екенине түсинбей, аңырайып қала берди.

Бул ўақытта қасқыр шапқан қой отарының бас-аяғын жыйнап, "ҳайта-ҳайт"ты салып, Қулман менен оның балалары апыр-топыр болып атыр еди. Бийдиң мың қойын айдап, сәскеде төбешик қумның етегиндеги шоқ-шоқ селеў менен жантақ араласып өскен жуўсанлы жерге жайып жиберип, ҳәр ким ҳәр жерден қараўыллап-ақ турып еди. Қой бағыўға үйретилген түркмени ийтлер де бар еди. Қайдан жылыслап келип қалғаны намәлим, бир топ қасқыр аяқ астынан қойға шапты. Ийтлердиң шабаланып үргени, шопанлардың таяқларын сермеп, даўысларының барынша бақырғанынан сескенип отырмастан, отардың бир шетинен тийип, көз-ашып жумғанша бес-алты саўлықты жайратып таслады. Ҳәй-пәйге қаратпай, еки қасқыр еки қойды желкесине қағып салып, көп узамай топары менен қалың сексеўилликке сиңип кетти де, шопанлар менен оның изинде жайлаўды басына көтерип, топырақ шашып шабаланған ийтлер ҳеш илаж ете алмай, ҳайран болып қала берди.

Қасқыр жарып кеткен тоқлылар ҳадалланды. Көзин ашқаннан берли қой изинде киятырған Қулман дүмше өмири туўып еки аяқлы адамнан тартынбай күппә-күндиз отарға қасқыр шапқанын биринши көриўи еди. Таң қалғанынан: "әстапыралла, әстапыралла" деп жаға услаўдан, ҳадалланған саўлықлардың есабын алыўдан өзге шарасы қалмады.

Таңғы пайытта еситкен бөри үни, қасқырлардың отарға шабыўы гүдигин күшейтип жиберген Әрепбай белиндеги қанжары менен ийнине тасланған дыр қамшысынан басқа жарағы жоқ екенлигин умытып, сексеўилликти қақ жарып, билинер-билинбес ғана болып атырған жабайы аңлар салған соқпақтың жумсақ қумында дүзиў табан етиктиң изин қуўып келе берди. Оның үстине гейде соқпақтан шығып, және түсип отырған бир из гүман туўдырып еди, соңынан бул Бөрибасардың изи болса керек, деп шамалады. Үйдиң дөгерегинде ийттиң көринбегенин ядына түсирген соң, Қайырдың изи жанындағы белги ийттиң изи екенине исенди хәм «жанында ийти болса не қылар дейсең», деген ой менен өзин-өзи бираз жубатайын деди.

... Жүрегиниң дүрсилдисин басыў ушын азғана егленген Қайыр өзине келди. “Кеттик, жүр, Бөрибасар” деп ийтиниң жүни үрпейген желкесинен тартып қойды. “Кеттик”.

Бундайда қорқыныш хасла дос болмайды. Алды-артына қарамай патырлап қашса, шаўқым менен уяға жақын жерде жатырған болса қасқыр сетем алып, өрре турыўы, уяда болса қәўип дөнген деген сезим менен иннен шығыўы итимал. Мәгар, ана қасқыр аңға шыққан шығар, ал еркек қасқыр бир буйынтықта күшиклерди қараўыллап жатырғандур, ким биледи. Сақлық—қорқақлық емес. Қайыр ақырын ғана изге бурылып, әдеўир жерге шекем аяғының ушы менен жүрип бара берди. Изине қайрылып қарамады. Оң қолындағы гезликтиң сабын қатты қысқанлықтан, бармақлары сырқырап кетти. Көринбес душпанға тасланатуғындай шеп қолының бармақлары да бүгилип, жудырық болып түйилген еди. Жүзлеген қәдем усылай жүргеннен кейин жүрек етип, изине қарады. Басы себеттей болған менен ақылдың кемислиги ме, я индеги күшиклердиң ийисин алып, өзлерин ныпқырт етсем деген өшпенлилик пе, қулласы ийеси Қайырдың хәмирине бойсынбаған Бөрибасар еле қасқыр ининиң аўзында гә жер тырнап, гә ырылдап әўере болып атыр. Қалай да қәўиптен қашықлаған шығарман, деп ойлаған дузақшы бала еркин дем алып, шаққан-шаққан адымлап кете берди.

Дузақшы баланы ишки даўысы алдамаған еди. Қасқырдың уясынан он-он бес адым арранырақтағы қалың сексеўилди паналаған қасқыр ийттиң даўысынан сетем алып, әлле қашан, төрт аяғына турған, масаладай жанған көзлери, қуйрығы, қулағы кесик, өзинен әдеўир айбатлы хәм турпатлы бийтаныс хайўан менен белин буўып алған еки аяқлы мақлуқты гүзетип атыр еди. Жабайы, бирақ алдын ала билип туратуғын ишки сезим менен ол қулағы келте хайўанның инге кире алмайтуғынын дурыс анықлады, себеби ол инге өзи де сыймайтуғын еди, ал еки аяқлы мақлуқ күшиклерге жаманлық ойламады, сол ушын да дүздиң сақ хайўаны болған қасқыр бул

белгисиз мақлуқларға өзиниң қай жерде екенлигин сездиргиси келмей, орнынан қозғалмады, бирақ инге киремен, деп әўерeленген ийт ишкериге кириўден гүдерин үзип, ийесиниң изинен соқпаққа түскенге шекем олардан көз үзбей, желкеси гүжирейип, алға секириў ушын таярланып, артқа қарай сәл майысқан, қуўатлы аяқларын жазбай, ҳүжимге таяр ҳалатта тура берди. Ийт пенен бала көзден ғайып болғаннан кейин ғана созылған қайыстай болып кернелген денесин бир заматта босастырды, желке жүни жатты, сақлық етемен деп қолға түсип турған олжасынан қәпелимде айрылып қалғанына ызаланды ма, созып-созып қаңсылап қойды.

...Әрепбай болса жумсақ қумда анық билинип атырған таныс изди қуўып келе берди. Азғана жүрген соң, соқпақтан бурылып, қалыңға киретуғын бир қуўыста қурылған дузаққа көзи түсти. Өзин басып алып, алға илгерилей берди. Көп өтпей дузаққа түсип тыпырлап атырған сары қулақ қоянға гез келди. Белинен пышағын алып, дузақтың жибин кесип алмаслық ушын ықтыятлылық пенен “бисмилла”сын айтып қоянды баўызлап, пышағын қумға артты, бәрқулла ийнине асыўлы, ишинде азық-түлик жүретуғын ешки терисинен тигилген қалтаға қоянды салды, соң жолын тағы даўамлады.

Қайыр қызық-қызық пенен қоныстан әдеўир қашықласып кеткен еди. Ата-бала дүз аңы жүретуғын соқпақта гезлесемен дегенше, арадан әдеўир ўақыт өтти. Екеўи де шалт адымлар еди. Бала қасқырдың ининен тезирек узақласыў, қәўиптен қутылыў ушын асықса, әке баласын, алладан тилеп алған жалғызын, қыйыншылыққа, жәбир-жапаға толы бул жақты әлемдеги сүйенишин ҳәм алданышы болған улын аман-саў көриўге асығар еди. Дузаққа түскен қоянды көргенде қыйыншылықларды көре-көре бершимек болып қатып қалған кеўлинде қандайдур бир жыллы сезим оянып, жабырқаған жанын рәҳәтке бөлегендей болды. Ол қандай сезим еди, өзи? Усындай уқыплы, дәўжүрек, қорқпайтуғын улының бар екенлигине разы болған мақтаныш сезими ме еди ол? Өзи бул ялғаншыдан өтип кетсе, әкесиз қалса да изинде қор-зар болмайтуғын, өмирден орнын табатуғын, орынбасар өсип киятырғанына болған исеним бе? Не екенин айырып, терең ойлаў ушын онда пурсат та, парасат та жоқ, ҳәзир сол азамат перзентиниң төбесин аман-саў көрсе, сүйиншиге жолым үйи, бар байлығы буўрыл аты менен жалғыз түйесин қосып берип жибериўге таяр еди.

Көп өтпей олар — ата-бала Қызылқумның жабайы аңлары салған тар соқпақта гезлести. Оннан алдын бир-бириниң аяқ дүбиринен сетем алып, ҳаўлығысып та үлгерди. Қуўанышларын жасыра алмай, әке алдында, бала изинде, олардың соңында турпаты еки жасар танадай келетуғын кесик қулақ Бөрибасар, гүңкилдесип келе берди.

— Қасқырдың инине дус келдим, — деди Қайыр мақтанышын жасыра алмай. Ишинде күшиклери де бар. Қаңсылағанларын өз қулағым менен еситтим.

— Қудай сақлапты. Ана қасқыр аўға шыққан шығар. Бийтаныс жерде жалғыз жүриў қәўетерли, — деди әке. Даўыс ырғағында баласының анасын хабардар етпей, дузаққа кеткенине қылған гийнениң гирбиңи сезилер еди.

Бала болса бир өзи қорқпастан дузақ қурыўға шыққанына, қасқыр инин көргенине, бәринен бетер қурған дузағына қоян түскенине болған қуўанышларын жасыра алмас еди, оны өз әкеси менен, анасы менен, қоныста қалған жоралары менен бөлисиўге асығар, кеўлиндегилерди сөйлеп бериўге қумар болып киятыр.

Бул пайытларда күн батысқа қарай асыққан, ерте бәҳәр қуяшы түс пайытынан өтип, песинге аўа баслаған, ал бир ҳәптеден берли тынбай алға илгерилеп киятырған сырлы көшти Қызылқум қойнының салқын ҳәм қәўип-қәтерге толы түни күтип атырған еди.

## 2

Дөгеректеги аўҳалдан толық хабардар болған Бектемир намазлыгер пайытында күндизги ўақыялар бойынша бий менен мәсләҳәтлесиў ушын жыйнала баслады.

Намазлыгерди оқып болғаннан соң, сырты менен ишинен кийиз тутылған қара үйдиң жапсарындағы қасқыр терисиниң үстинде тонын жамылып, қалғыўға бейимлескен Қулшы бий тонның ыссылығынан рәҳәтленип, көзлерин жумды.

Жазылыўы қыйын болған жара киби жүрегиниң тусы сызлай баслады, бәҳәрги қуяшты жасырған аўыр-аўыр булт кәрўанларындай алғаў-далғаў қара зил ойлар санасына жайылып, көзлерине уйқы келтирмеди. Бул ойлар оны әлле қашаннан берли қыйнап келген, шарўаға жайлы, булақлары менен суўлы қудықлары мол Ақсуўаттағы мәканнан аўылын алып, урыларша түн жамылып көшиўине, ҳәзиргидей жабайы дүзлерде өзин ҳәм қаналасларын әўере-сарсаң етиўге себепши болған еди.

Қулшы бий қырқ бес жаслар әтирапындағы, узын бойлы, қайыңнан келген, қыпшақларға тән сары сынлы, көк көзлери тигилип қарағанда өңмениңнен өтип кететуғындай өткир, ҳәрекетлери салдамлы, алдын ойлап, ойлағанларын кеўлинен өткерип, қайсы сөзди айтыў кереклигин таңлап айтатуғын, минези жайдары, тез ашыўланбайтуғын адам еди.

Қулшының көп гүрриңлерден еситиўинше қыпшақлардың ата-бабалары болған әййемги қыпшақлар тарийх дөреген я дөремеген

заманларда Едил ҳәм Жайық дәрьяларының бойынан басланып, Урал таўларын жағалап бир шети Арал, бир тәрепи Каспий, бир таманы Қаратеңизге шекемги, оннан Қап таўына тирелген Дашты Қыпшақ, Сырт деп аталатуғын шетсиз-шексиз далаларда мыңлаған жыллар гезип, сан мың мәрте душпаны менен урысып, гә жеңип, гә жеңилип, гә үстемлик етип, гә ғәрезли болып, гә патшалық дүзеп, гә тобы бузылып, көшип-қонып жүрген қусайды. Олардан бөлинген бир топарлары Алтын орданың шаңарағы ортасына түскеннен кейин басқа еллерге қосылып, қазақ ортасындағысы қазақ, өзбек ортасындағысы өзбек, қарақалпақ ишиндеги қарақалпақ болып, олардың бир руўына айланып кеткен көринеди. Ертеде Түркстанда жасап атырған қалың қарақалпақты жуңғарлар шаўып, "атанды жаў шапса қосылып шап", дегендей жуңғардан соң көп өтпей қазақ ханларының қысымы менен қарақалпақлардың бир бөлеги Сырды жағалап Ташкент, Ферғана, оннан өтип Самарқанд пенен Бухараны паналаған болса, бир топары ески бабаларының журты Әмиўдәрьяның қуяр аяғы, Арал жағасына көшип келген деседи. Қулшының ата-бабалары айтыўларға қарағанда "Ақ табан шубырынды"дан көп бурын Ферғана Даштын мәкан етип жүрген деседи, және олар негедур Түркстанды емес, Дәўқара менен Шымбай әтирапын "ата журтымыз", деп айтып жүрер еди.

"Ат баспайман деген жерин үш мәрте басады" дегениндей, Ақсуўаттан көшип киятырғанлардың ортасында Қулшыдан басқа ҳеш ким билмейтуғын "ата журтқа" енди бир аўыл асығып киятыр. Алдында белгисиз ҳәм қәўип-қәтерге толы узақ жол. Өзи Шымбайды барып көрген, Дәўқараны еситкен, қыпшақ бийлериниң атларын сорастырған. Олар ҳарып-шаршап киятырған, әмирге жаман атлы болған бул ағайинлерин қалай қабыллайды, жыллы ма, суўық па, ол жағы жети қабат пердениң артындағы буйымдай, белгисиз.

Әҳ, бул дүньяның ғаўғасы көп екен-дә! Бир бийеден туўылған қулыннан ержетип ат болған, бир Торықасқа қаназат аттың себебинен басланған жәнжелдиң аяғы қан төгиспеге апарып, бир арыс елди ханға жаманатлы қылады, деп ким ойлаған...

Санаға тынышлық бермей, кеўилге ғулғула салып атырған ойлар көз алдында елеслеген жанлы сүўретлер менен алмасты.

Жаныўар Торықасқа... Маңлайындағы қасқасы көкке жулдыз қандай жарасымлы болса, қараторы реңине сондай жарасып түсетуғын еди. Қос қулағы қайшыланғанда жулдызды гөзлеп, сейисти көрип, қолынан жем тилеп оқыранғанда, кең танаўы қустың қос қанатындай желпилдер, ахалтеке бедеўлеринен мийрас етип алған жиңишке ҳәм узын мойнына онша үлкен болмаған басы қолдан қуйғандай жарасымлы. Омыраўы кең, узын ҳәм нық аяқларына аўыр дойнақлары қуйып қойғандай. Бели узын, саўрысы кең, артқы санларының арасы

алшақ питкен, қуйрығы ябының қуйрығындай бир қушақ емес, тирсегинен аспайды. Омыраўына сийнемент салып, ердиң тумсығының қасындағы қола шыңғаға бекитилмесе, шабыстың пәтине шыдамай, ер артқа сыпырылып кетер еди. Шоқлығы бәлент болғанлықтан қуйысқан дәркар емес, оның үстине Торықасқа жаныўар айырым атлар уқсап басын төменге нуқырып, "жер ийискеймен" демей, басы, мойны, жаўырнын тәрези қылып, ғаз мойны гүдарыдай созылып, жулдыздай ағар еди...

Қәпелимде өз қыялынан өзи ренжиди. Басыңа ис түсип, елден-елге көшип баратырғанда ат жөнинде қандай да бир қумарлық пенен тамсаныў орынлы болар ма екен? Оның орнына "сеннен айрылмаймыз, тири болсақ бир төбе, өлсек бир шуқыр", деп етегинен услап, изине ергенлердиң ертеңги тәғдири жөнинде ойлаў ўажып емес пе?

Ертеңги күн, оның тәшўишлери ҳаққында ойлағысы келди. Көз алдына жабайы аңнан өзге ҳеш ким мәканламаған Қызылқумның үйдей-үйдей келетуғын төбешик-төбешик қумлары, маялыш пенен жуўсан өскен қыратлары менен бәҳәрде қыстың қары, музынан қақ суўларын жыйнайтуғын таслақ тақырлары, бәлент-бәлент қум төбешиклериниң етегинде жыйналатуғын ызғардан нәр алып өскен сексеўилли қойнаўлары елеследи. Оннан аржағында не бар екенлиги, ертең не болатуғыны белгисиз. Себеби, ертең еле келмеген. Сол ушын да бурын өтип кеткен, лийкин ўақыялары менен сүўретлери тасқа қашалғандай етип ядта из қалдырған кешеги күн сүўретлери орала берди.

Тағы да көз алдында, көзлеринде көк аспан тынып қалған, маңлайдағы қасқасы жулдыздай жарқыраған, жаныўар торықасқа пайда болды. Аўа. Аўып-талып көшиўге себептиң басы сол аттан басланған еди, жаныўар.

Атасы Артықтан қалған үш-төрт үйир жылқының ишинен таңлап алған торықасқа бийени Хийўаның қубла-батысын жайлаған түркменлерден бир атланыста олжа болып түскен ахалтеке арғымағына телиген Тағаберген сейис, реңки анасына мегзеген Торықасқа, ал, аяқлары буўданға мегземейтуғын узын, өзи оғаш-оғаш қулынды төрт жасқа дейин жат көзден таса етип, өсирген еди. Ғунан жасына дейин минискe де үйретпеди. Бес жасында той-жыйынға минилген Торықасқа алты жасына келгенде алды бурын кишигирим бәйгилерде озып келди. Ат көтерип, үлкен топлымларда байрақ алғаны Қожамяр бийдиң бир баласының үйленген тойында болған.

Маңғытлардың үлкен бийи Қожамярдың жүйрик атқа, алғыр тазыға, суңқар қусқа қумар Төлесин атлы бир баласы бар еди. Ерке өскен, көзи көрип, нәзери кеткен буйымын қолға киритпегенше тыным таппайтуғын Төлесин тентек, әсиресе ат жиллиси еди.

Байрақтан озып келип, я көкпар тартыста қайымшылағы, күши менен көзге түскен ат болса жик-жаппар болып, изине түсип, әкесиниң дәўлетиниң ярымын сарыплап болса да, епке келсе сатып алар, болмаса ат урысын таўып атты урлатар, оның есабын таппаса ат ийесиниң есигине барып, аттың турған жеринде, қыс демей, жаз демей жатып алар еди.

Өзиниң әкеси берген тойда бас байрақты алған Торықасқаны көрди де Төлесинниң тынышы бузылды, басқаларға тынышлық бермеди. Бир ҳәпте өтпей атырып, жылқыманларға бир үйир жылқы айдатып, Амантүбекке жетип келди.

Қулшы бир үйир жылқы түўе, мың бир жылқыға да, Торықасқаны алмаслаў нийети жоқ еди. Себеби, Торықасқаны — дәўлет басы деп ырым етти. Сүйип қосылған қостары Жанымқыз неше жыллар бойы қурсақ көтермеди. Бийшара, перзент көрмегенине Қулшыдан бетер қайысты.

Ҳәзиргидей ядында, бир күни кешлетип отаўына түскен бийди Жанымқыз себепсизден-себепсиз жүдә көңилли күтип алғандай көринди. Жақында ғана төркинине барып қайтқан ҳаялы бирер қуўанышлы хабар айтатуғын шығар, деп сабыр сақлады. Қостары ушып-қонып хызмет қылып, етигин шешип, тонын керегеге илип, қамшысын қыстырып, қабағы ашылып, пәйик болып жүрер еди.

Ақыры болмады. Бий бул шадлықтың себебин сорамақ нийетте:

— Төркиниңнен қуўанышлы хабар еситтиң бе? Қуўнақ көринесең? — деди.

Жанымқыздың шырайлы жүзи бирден өзгерди. Ашық-жарық пайыты аспандағы қуяшты булт қаплаған киби, жайнап турған жүзи түнерип, бадам қабақлары үйилди. Кирпиклерине таңғы шық киби жас тамшылары илинип, жылтырады.

Жанымқыз тосаттан жылап жиберди.

— Не болып қалды? Аманлық па? Ҳәзир ғана шадлығыңды ким менен ортақласарыңды билмей турған адамға мегзер едиң ғой.

Еки ийни селк-селк етип көтерилип-басылып, жүзин еки қолы менен басып, үйдиң жапсарына қарай бурылып алған Жанымқыз әлленемирде өзине келди. Көз жаслары қурғады. Жалт етип бийге таслаған нәзеринде тәғдирге тән бергенлик пе, яки өлим киби аўыр шешимге көнгенлик пе, өзгеше бир әндийше бар еди.

— Мен қайылман. Неше жыл болды, қурсақ көтермедим. Не илаж, алла салса биз көндик. Мине, он жылдың жүзи толды. Сени айыпламайман, айып өзимде, алла бермесе қәйтейин.

Тәбияты уялшақлаў ҳаялының дилўар болып кеткенине таң қалмаслыққа илажы жоқ еди.

— Түсинсем буйырмасын, не айтып атырсаң өзи?

— Түсинбейтуғын неси бар? Үстиме күндес әкелсең қайылман, деп атырман. Бул сөзлерди ол ишинде мың мәрте тәкирарлап, тәғдирге мойынсынған болса да оны өз тилинен өзи еситкенде ишинде бир нәрсе үзилип кеткендей болды, отаўдың керегесине асылып алды. Керегени қатты қысқанлықтан тырнақлары аўыра баслады.

Байғус Жанымқыз ашшы тәғдирге бас ийип, ал Қулшы бий әңгимениң төркинине түсинип болған еди. Бир ўақытлары қытай руўы бийиниң гүлдей қызы болған, ҳәзир де шырайы ҳеш бир жаўаннан кем болмаған бул ҳаял бир тырнақтың дәртинен өзи сүйип қосылған ери Қулшы бийди өзге бир қушаққа бериўге, күндеслик азапларына ернин қанағанша тислеп көниўге таяр еди. Ҳәй аналық мәргиясы, сен адамзат жаралғалы берли сум тәғдир тасына талай мәрте урылып, шилпәрше болып сынсандағы күлдиң қоламтасынан қайта тирилип шығып, тағы да өз тилсимлериң менен инсан баласын ҳайран ете беретуғын қандайын мәргиясаң, өзи?

Солай етип, Жанымқыз өз еринен, өзи менен он жыл бир дастыққа бас қойған, сүйикли еринен еситиў өлим менен барабар болатуғын, бирақ бир күн болмаса бир күн оқданнан алынған садақ киби нышанға атылатуғын, сүйген жүректи жаралайтуғын “күндес” деген сөзди өзи айтып тынды. Бул сөзди еситкенде таң қалғанын жасыра алмаған бий, бул сөздиң ўақты-сәти келип бир күни бәрибир айтылыўы дәркар екенин, қандай да бир урланып келетуғын ишки дәрт пенен сезер, оны сүйикли ҳаялына айтыў өзине, оны еситиў ҳаялына қаншелли аўыр болатуғынын шамалар еди. Узын бойлы, жасы отызлардағы нәзик келиншектиң бул мәртлиги жаў менен, даў менен он үш жасынан берли алысып, бершимек болып кеткен жүрегин “шым” еттирди, оны бурынғыдан да бетер жақсы көриў менен бирге оған деген ҳүрмети де бәлентлеп кетти.

Қулласы, айтылған гәп орынланды. Күндести де Жанымқыздың өзи таңлады. Өзи менен аталас ағасының қызын көндирип, ерине алып берди. Соңғылығында күндес болып алған өз аталас сиңлиси Айбийбиден көресинди де көрип киятыр, қәйтсин енди...

Қулшы бий ырым етип Миянкөлдеги қоңыратлар менен маңғытлар арасынан өз арысы қыпшақты, оған қосып қоңсылас қытайларды ертип Қоқан аймағынан Бухара сорамындағы Амантүбекке көшти. Арадан көп өтпей алла берип, режеп айында Айбийби ул туўды, ал Торықасқа бийе қулынлап, ол соңғылығында белгили Торықасқа болып ержетти. Бул 1800 жыллар еди.

Раджаб айында туўылған улдың атын Раджаб қойды. Арапша — “Раджаб”, қарақалпақша Ережеп болды.

Торықасқа ержетип, Амантүбекти жайлаған дөгеректеги еллердиң тойларын дүбирлетип, байрақ алып жүргенде Ережеп те шыбық атты

таслап, сүннет той менен айдар тойын тойлап болған, әкеси Қулшыға мегзеп, бойшаң болажағынан дәрек берип, ақсары жүзине көк көзлери жарасып, аўыл арасын шаңғытып жүретуғын бала еди. Оның үстине Ережеп те атқа қумар болып өсип киятырған, Торықасқаға болса ықласы өзгеше, ат байлаўлы туратуғын сейисхана менен ат сейиси Тағабергенниң қасында көп айланшықлап жүреди.

"Жоқ, атты алмаслаў ямаса сатыў жөнинде гәп болыўы мүмкин емес". Бул сөзлерди Төлесин бар дыққаты менен тыңлағандай болды, бирақ бийдиң сөзиниң қаттыятлық пенен айтылғанына түсинбеди, түсингиси де келмеди. "Атыңды сат, бий аға, әкемниң жылқысының бәрин ал, өткен жылы жүз жылқыға алмасып алған қара жүрмелди ал, Торықасқаны маған бер. Ол меники болсын", деген сөзди қайталай берер еди.

Төлесин үш күнде кетпеди, бес күнде де кетпеди, ҳәптеде де кетиўди қыялына келтирмеди. Әкеси Қожамяр менен Қулшы сыйласықлы еди, шетке үй тигип, асын берип отырды. Жылқыманы дөгеректеги жайлаўға бир үйир жылқыны бағып жүре берди. Қулшы атланса Төлесин де атына минип жылқыларына кетер, бийдиң келгенин билгеннен кейин қайтып келип өзи ушын тигилген үйге түсер, есикке келип турып алар, "атыңды бер бий аға, әкемниң жылқысының бәрин ал, Торықасқа..." деген сөзди мыңыншы мәрте тәкирарлар еди.

Бийге де қыйын болды. Бир сапары ат деп делбе бола жазлап жүрген Төлесинди аяп, Тағаберген менен ойласты.

—Тағаберген, не қылсақ екен? Төлесин өлерге келди. Мен де артық шыдай алар ма екенмен?

Тағаберген сейис жуўап бериўге үлгермей атырып, сейисханаға Ережеп кирип келди. Бийдиң Тағабергенге айтқан ойласықлы гәпин еситип қойған болса керек.

— Аға кимге бережақсыз? Өлсем өлемен, Төлесинге қасқаны бермеймен, — деп жиберди. Әкесиниң көзине мегзеген көк көзлеринен ушқын шашырар еди. Өжет баланың бул сөзлери бийди ойласықтан бөтамам қайтарып, бул ҳаққында қайтып аўыз ашпаўға мәжбүрлеген еди... "Тырнақтай болып буның гәпине қара", — деп ойлады ол ишинен. "Өлсем өлемен", деген суўық сөз денесин шимиркендирип жиберди.

Бир күни баласын алып кетемен деп, Қожамяр бийдиң өзи келди. Бухара әмири Шахмурат оннан соң әкесиниң орнына отырған Әмир Ҳайдар маңғытларға көбирек арқа сүйейтуғын, әскерлер менен әскербасылар ишинде маңғытлар басым болған жаўынгер қәўимниң бийи сыпатында Қожамяр бий ҳүрметли еди. Әкеси менен зәңгилес болған бул адамға, Қулшы бийдиң де ҳүрмети бәлент болып келген.

Отаўға түсип, қонақ болды, қонақ асын жеди. Турар пайыт келгенде мақсетин баян қылды.

— Бизиң тентектиң буйымын питирсең-о, шырағым Қулшыжан. Әкең менен зәңгилес едик. Торықасқа жақсы ат, бирақ бир жылқының белинен дөреп, бир бийеден туўған нәрсе ғой, — Қожамяр узақтан айландырып, салмақлап отырмастан, дәлиден туўры хабар етти.

— Тентек өзимде де бар, қудайға шүкир. Сизди түсинемен, бий аға. Бирақ мен де илажсыз болып отырман.

— Өлимнен басқа нәрсениң илажы болар еди, иним. Өзиниң он бахасы менен, он жыл шапқанда алатуғын байрағын ал. Адам дүньяға "перзент", деп келеди. Мал-дәүлет те адам жанының ишинде, бирақ перзент бәринен шийрин болар екен. Оны өзиң де аңлап атырған шығарсаң. Бийдиң бул сөзи Қулшының узақ жыл перзент көрмей жүрип, перзентли болғанына ишара еди.

— Сизиң бир аўыз сөзиңизге жаным садаға, бий аға. Мениң ҳәм қолымды сол перзент байлап турыпты.

— Ашып айт, Қулшы иним.

— Тырнақтай болып: "Өлсем өлемен, Торықасқаны бермеймен", — дейди. Етимди түршиктирген сол сөзден атлай алмай турыппан, бий аға.

— Ўай-бой! Тири болса айтқанынан қайтпайтуғын қайсар болар, алла жүрим берсин. Сениң ҳәм қусың қалынға түскен екен, иним. Онда не деймиз. Төлесинди бир нәрсе деп алып кетермен, ўақыт өтсе умытар, я Торықасқадан да зорырақ бир арғымақ шығып, соған ықласы аўар, — деп бий тура баслады. Отаўдан шығып, Төлесин жатқан үйге барды.

Арадан әлленемир ўақыт өткен соң Қулшының босағасына Төлесин келген еди. Әкеси менен ортасында не гәп болғаны бийге аян емес, жылағаны анық, көзлери қызарған, ийни түсип кеткен.

— Торықасқаны бермедиң-ә, бий аға, бермедиң, — деди бийүмит даўыс пенен. Жүз мың жылқым болса барлығын Торықасқа ушын берген болар едим. Эҳ, жаныўар Торықасқа, жулдыздай жарқыраған қасқасы, қайшыланған қулағы, бир қулаш омыраўы... Соңынан қаўын қарақшыдай салбыраған ийинлерин көтерди, солғын нәзеринен от шашырағандай болды. Ыза аралас қорқынышлы даўыс пенен: "Торықасқаға бек бол, бек бол бий аға", деп қырылдады. Ҳәзир оны көрген адам делбе, деп ойлар еди.

"Мынаў бир бәлени басламаса болғаны", — деп ойлады Қулшы. Ишинде қандайдур бир қәўип, ямаса гүман бас көтергендей еди.

...Сол пайыт: Бий аға үйде ме? — деп даўыслаған Бектемирдиң сестин еситкен бийдиң қыяллары бөлинип, санасы бүгинги күн шынлығына қайтып оралды.

Бектемир кирди. Отарға қасқыр шаўып, бес-алты саўлықты заялағанын, буўаз саўлықлардың қозылай баслағанын баянлады. Сергек бий бәрин сезип, еситип, билип отыр. Көш ҳүт айының жарысын аўдырып жолға шықты. Қойдың қозылайтуғын мәўсими келип қалды.

— Онша алыс емес жерден қақтың суўы табылды. Етектиң шөби де жетерли екен, — деди Бектемир. Бийдиң аўзын аңлып, не дер екен деп, иркилип қалды.

— Мениңше аяқ жетер жерде биз билетуғын қудық жоқ. Ендигиден былай күн узайып, қуяш қыздырып, қум көклей баслайды. Саўлықлар жалпы қозылайтуғын мәҳәл алыс емес.

Бий тағы ойланып қалды. Соң сөзин даўам етти.

— Қақтың суўы қаншаға жетер екен?

— Билип болмайды. Ат пенен түскенимде тобығынан аспады.

— Онда бир ҳәптеден артпайды. Оның үстине қасқырлар тыныш коймайтуғын шығар, қанға бир дәмиккеннен соң қайтып шабыўы әбден итимал. Ақшам отарлардың дөгерегине ҳәр жер, ҳәр жерге от жағың. Күндиз уйықлап, ақшам малға қараңлар.

— Қуп болады, аға. Бул жерде қанша егленсек болар екен?

— Көп еглене алмаймыз. Жол узақ. Мениң шамалаўымша тағы бир ҳәпте, он күн жылжысақ Ақшадәрьяның аңғарына шығамыз, оған шекем күн ысып кетеди, оннан Әмиўге қулаймыз. Қалған жолда дәрья менен көл жағалап илгерилемесек, малымыз да, өзимиз де шөлиркеп қаламыз.

Әңгиме қайтып жалғаспады. Бийди жалғыз қалдырып Бектемир сыртқа шықты. Қызылқум аспанында жулдызлар көринип қалған еди.

Қуптан намазынан кейин бәйбише пискен сур ет алып кирди. Қасқыр ишикти жамылып аяқ созған бийдиң көзлерине уйқы келмес, ушқыр қыяллар оны қайтадан өз қушағына алған еди.

...Төлесин кетти. Жылқыманы оның изинен жылқысын айдады. Соң үш-төрт айға шекем оннан дәрек еситилмеди. Жаз ыссысында тойлар да болмады, көкпар да, бәйги де шабылмады. Шарўа халқы тойды гүз бенен қыста, мал қоңлы пайытта берер, бәҳәр менен жазда малдын ғамы менен бәнт болар еди.

Қулшының қыслаўы менен жаз жайлаўының арасы онша қашық емес. Сол ушын минис аты менен шабыс аты көбинесе қыслаўдағы сейисханада сақланады. Төлесинниң "Торықасқаға бек бол аға!" — деген сөзиниң рәмәўзин жаман көрген бий, Торықасқаны сейисханадан көп шығармаўды, ақшамлары дәрўазаны қулыплап қойыўды тапсырды. Арғымаққа шидер де, кисен де салдырмады. Темир кисен менен темир шидер әўели аттың аяғын жаралайтуғын болса,

екиншиден өзин қустай еркин сезетуғын шапқыр аттың ҳәрекетин шеклеп, нәзерин қайтарады, деп есаплады.

Төлесин умытыла баслаған еди. Бир күни болса...

— Атты алып кетти! Бий аға, Торықасқаны уры алды! Турыңлар, урыны услаңлар! Ўай-ўай, арғымақтан айрылдық, деген ҳүрейли даўыслар бийдиң жазлаўдағы аўылын дүр силкиндирди.

Бий жазлаўда емес, әмирдиң хызмети менен бир жаққа кеткен еди.

Ўақыя былай болды.

Төлесин өз ойынан ўаз кешти, деген қыялға барған ҳәм керек болса ат жиллисин ядтан шығарған Тағаберген әдеўир арқайынласып еди. Жаздың ыссысында шапқыр атты сарый болады, деп қуяшқа көп шығармайды да, күнде турып ысыған суўдан суўғармайды. Мийзан түскен пайытта ат аяғын жазсын деп, атқа миниўге ҳәўес болған бийдиң еркеси Ережепти Торықасқаға мингизип, өзи атты жетелеп суўатқа барған. Торықасқаны суўғарып, суўға түсирип шомылдырып, енди қайтаман дегенде қайдан келгени белгисиз, жүзин көрсетпей шүберек пенен таңып алған үш атлы суўатқа ат айдап келе қалады да аттың жылаўын услап турған баланы суўға ийтерип жиберип, Торықасқаны қосарға алады. Шылбырға жабысқан Тағабергенди атқа қақтырып жығады, үш атлы арғымақты алып, ат шаптырып кете береди... Ал, суўдан шыққан Ережеп пенен Тағаберген сейис шаўқым салып аўылға қарай жуўырады. Қудай жарылқап жазлаўда Бектемир менен жылқыдан келген бес-алты жылқыман дем алып атырған еди, атлар да зәртең-зәбертең ертлеўли еди...

Қуўғыншылар көп өтпей из тапты. Олар үлкен жолдан бурылып, жолсыз жүрип барар еди. Нәзерлери күншығар арқа, шамасы Сырдәрьядан өтип, арғы жүздеги қазақлар менен қарақалпақлар арасына сиңип кетиўди ойлап, барлық ҳәрекетлерин алдын ала өлшеп-шенеп алған тәжирийбели урылар болса керек. Бәлки бул исте Төлесинниң қолы бар шығар, бирақ оны шешип айтыў ертерек, себеби “қолға түспеген уры емес”, ал “гүман ийманнан айырады”.

Қашқынлар да салт атлы, қуўғанлар да салт атлы, бирақ урыларда бир артықмашлық бар, олар бул жолға ғамланған, шамасы өзлерине жетерли азығы менен суўы бар, ал қуўғанларда азық пенен суў бир-еки күнге ғана жетерли. Себеби, қуўғыншының бәри де “атлан” деген хабарды еситкенде аўыл-елде арқайын, ханнан хабарсыз отырған, қашқан ким, қаяққа қарай қашты, оны да билмес еди. “Қашқан да алла дейди, қуўған да алла дейди”, дегендей тәўекел ат шаптырып баратыр.

Үшинши күн дегенде урылардың екеўи ғапылда қолға түсти. Үшиншиси қашып қутылды. Енди қуўғыннан қутылған шығармыз,

деп ойлаған олар аттан түсип, бел шешип, Торықасқаны қыл арқан менен шидерлеп, бири қараўыл турып, екеўи көз илиндирген пайытта қуўғыншылар изинен жетти. Төбе қумның басында турғаны буларды садақ оғы жетер жерге келип жеткенше аңламады, мәгар өзи де ат үстинде турып көз илиндирген шығар, ким билсин. Қуўғыншылардың келип қалғанын абайлаўдан-ақ: "Қуўғыншы! Қуўғыншы жетти! Турыңлар! Турыңлар!" — деп шаўқым салды. Өзи болса бес-алты атлыға бас келе алмасын сезип, жалаңашлаған қылышын былғап, бираз тынығып қалған атын қыстап, желдирип кете берди. Қуўғыншылардан еки жигит бөлинип, қашқан урының изине түсип еди, узақ сегбирден ҳарыған атлар кем-кем изде қалып, ал қашқынның аты араны аша берген соң қуўғанды тоқтатты. Оның үстине буларға қашқан уры емес, ал Торықасқа ат керек еди.

Тынығыўға жатқан урылар ояныўын оянса да атқа миниўге үлгермеди. Жоқарыдан ат қойып келип, урылар ылдый жерди таңлап алып жайласқан еди, қорғасынлы дыр қамшы менен тартып-тартып жибергенде қарсылық көрсетиўге шамалары келмей, қолларын көтерип, басларын қорғашалады. Қуўғыншылар оларды урып-соғып, қыйнап отырмады. Қолларын қайырып қыл шылбыр менен байлады. Өзлериниң ким екенин, қашып қутылғанның ким, араларында Төлесинниң бар-жоғын сорады. Олардан жөнли жуўап ала алмаған соң атларына мингизип, ҳәр ким бир урының атының жылаўынан тутып жетекке алды. Торықасқаны Бектемир атына қосарлады. Өз-ара ғаўқылдасқан бес-алты атлы қайтып келген жолына түсти. Торықасқаны қутқарғанларына қуўынышлы еди.

Қулшы бий болған ўақыяны Миянкөлден келгеннен соң еситти. Әмир оны Миянкөл қарақалпақлары менен сөйлесикке жумсаған еди. Бий Торықасқаның қолға қайтып қуўысқанына қуўанды. Көз алдына Төлесин келди. "Торықасқаға бек бол, бек бол бий аға", деген ызалы даўысы қулағына шалынғандай болды.

Урылар бий келгенше бөлек үйде қараўыл астында сақланды. Олар қашыўды ойламады да. Еки қол қыл арқан менен байлаўлы, қыл арқан керегениң басына байлаўлы, қарын тоқ, салқын үй. Олар Сырдың аржағын жайлаған қазақ ишинен екен. Өзлериниң атын, қайсы қәўимнен екенин айтса да, өзлери менен Төлесинниң шерик екенлигин мойынламады. Қашып қутылған урының кимлигин сораған бийге: "Олар да өзимиздей тентек, пәленшениң баласы пәленше, үшеўимиз шерик болып барымтаға шыққанбыз", — деп жуўап берди ҳәм сол жуўабынан танбады.

Ол заманлардың дәстүринде биреўдиң жылқысын барымта етип айдап кетиў үлкен жынаят есапланбайтуғын, жылқыманның басы жарылып, қолы сынып, я жазатайым өлип кетпесе барымташы қолға

түскен жағдайда да оны ҳеш ким дарға тартып отырмас, урысып-сөгип, ат тонын алып қуўып салар, болмаса бийине апарып, айыбын өндирип, тәўбесине таяндырып қояр еди. Арасында барымтаның изи қан төгиспе жәнжеллерге барып тирелген пайытлары да болған. Бирақ бий урыларды көп услап отырмады. Олар Төлесинниң өзлерине шерик екенлигин мойынламады, бий де айттыраман деп ҳеш кимди қыйнаўға салмады. Дала кең, мал көп, уры-қары да табылады. Ертең өз қәўиминен базыбир тентеклер қоңсының малын айдап келсе не дейсең? Торықасқа қудайға шүкир, аман қолға қуўысты. Булар да биреўдиң маңлайындағы перзентидур, деген ой менен қылған айыбы ушын атларын алды да, өзлерин еки атлыға айдатып елден шығарып жибериў менен шекленди.

Сол сапары урыларды жазаға тартып, жәбирлемегенин еслеп, күни бүгин өз-өзине қанаатланды. Қайсысы қандай гүна қылса да еки аяқлы адам, бәрибир бир алланың бендеси. Бул ялғаншы дүньяда адамды жолдан шығаратуғын, гүна етиўге ийтермелейтуғын қаншадан-қанша шайтан тамашалары турыпты. Шапқыр ат, сулыў ҳаял, алғыр қус, жүйрик тазы, жаңа тон... Булардан басқа қанша ермеклери толып атыр. Сақалы селкилдеген ересек адамның қолына түскен бир тилланы көрип баладай қуўанғанларын талай мәрте көргени бар. Бийлик пенен мәртебе ше? Бийлик пенен мәртебе адамды қымыз ишкендей йошландырып жиберетуғынын өзи де басынан талай мәрте кеширген жоқ па еди?

***

Жолым үйлер менен қослардың бир жапсарындағы торларда сақланып атырған, көш пенен бирге киятырған қоразлардың бири түн жарпы болғанын тосыннан билип қалғандай, шақырыўды баслаған еди, изин ала көштеги қораз туқымы болса бири қалмай қатарға қосылды. Бурын бундай сести еситпеген шөл бөрилери бийтаныс даўысларға бир замат қулақ түрип, тыңлап турғандай болды да, соңынан жан түршиктирерлик қорқынышлы даўыс пенен ҳәр тараннан улый баслады. Мал қорыған сақшылар уйықлап қалмаса болғаны, деген ой қыялынан кешкен бий бир жамбасынан екинши жамбасына аўдарылып жатты.

Түн жарпы болыўына қарамастан Бектемир де көз илиндирмеген, Әрепбай менен Қулман, оның балалары, қулласы ким бийдиң малына жуўапкер, я өзиниң бес-он туяқ қой-ешкисине, жылқысы менен қара малына, болмаса түйесине ийе болса бөрилер қәўпинен қуры алақан емес еди. Ҳәр үйдиң, ҳәр қостың дөгерегине байланған, дөгереги ҳәмеллеп қолға илинген сексеўил, шат-пат пенен қоршалған жерге келтирилген қой, жылқы, түйе менен қарамалға нәзерлер тигилген.

Өйтпесе де болмайды, ҳәр бир шаңарақтың, ҳәр бир адамның ертеңги күнги исеними, турмысы усы маллар менен болған соң басқа илажы не? Сонлықтан саҳра баўрайында бул пайытларда өмир ушын гүрес алып барылмақта десе, асыра айтқан болмас еди.

## 3

Бектемир белин шешпеди. Атты жолым үйдиң белдеўине байлап, арпа толтырылған дорбаны аттың басына илди. Ат жаныўардың арпаны гүрт-гүрт еттирип шайнағанына сүйсинип қойды. Жемди жеп болған аттың басынан бос дорбаны сыпырып алып, ердиң басына бекитти. Бектемир қай мәўсимде, қай жерде жүргенине қарамастан аттың бөктергисинен бир батпан-ярым батпан дән, ер басына илиўли туратуғын ғалы дорбасын қалдырмас еди. Өзи аш қалса да атты жемсиз қалдырып болмайды. Узақ жолда қара тер болған атты суўытып болып жабыўлаў дәркар, болмаса ат аўырыўға шалынады. Анаў-мынаў бир кийиз көлеминдей келетуғын жабыў қыйын-қыстаўда өзине жамылса көрпе, төсенсе төсек болып хызмет етеди.

Жақын дөгеректеги былтырғыдан қалған гөне түбир селеў, жантақтан, сексеўилдиң бүршигинен бир дәстесин жыйнап аттың алдына таслады. Күни менен министен босамағанлықтан, жүрип баратырып ҳәр жерден сексеўил менен маялыштың басын шалып, суўлығы менен қосып шайнағаны болмаса отлаўға деген қумары басылмаған ат от таңлап отыратуғын ўақыт емес екенлигин аңлағандай алдына салынғанды жей баслады.

Ертеректе еситкени бар, жаўдың қоршаўында қалып, арбадан қамаў етип, ортаға мал менен үйлерин салып, қорғанған көш аш болып, малы жүдегенде қара үйдиң шийин қарамал менен атқа шаўып берген екен. Ший де таўсылып, жүдә ашыққанда ат жаныўарлар арбаның арысына аўыз салып, неше жыллық қуў ағашты омырып алып, гүртилдетип шайнаған екен. Аттың өзи қандай қарыўлы болса, оның жағы да сондай қарыўлы, оның қарыўын қыйық минез аттың тарпыўына ушыраған адам өмир бойы есинде сақлайды.

Шопанлардан бирин шақырып, от жақтырды. Оттың жанына бир қушақ сексеўил әкелдирди. Өзи қоржынындағы қара дүмшени алып, местен суў қуйды. Жолым үйдиң керегесине илиўли шәўгимди алып, үш аяқлы илдиргишин жайып жиберип, қазанды илдирди, астына шала жанған сексеўиллерди ысырып қойды. Шанаштан сур гөш келтирип, қазанға салды. Аттың бөктергисиндеги ат жабыўды алып, оттың алдына төседи. Үйинде ҳаялы болмаған еркек не ислейтуғын болса, солардың биразын тындырып, ат жабыўға жамбаслаған еди, қара дүмше менен ет салынған шәўгимдеги суў пақырлап қайнай

баслады. Жумсайтуғын адамы болмағанлықтан илажсыз орнынан турды.

Аўқатланып болып, бәйбишесиз хожалығының дәскелерин тәртипке келтиремен дегенше жоқарыда айтылған ўақытта қоразлар шақырып, бөрилер де улыўды баслаған еди. Таң азаннан аяқ үстинде, ат үстинде жүрип талыққан болса керек, жолым үйге кирмей-ақ оттың басында, ат жабыўдың үстинде көз илиндирип алыўды ойлап еди, қасқырлардың улыўы бираз сергеклендирди. Түргелип әтирапқа көз жиберди. Отын көп, сексеўил дегениң қол созым жерде турыпты, үйлер менен қослардың арасына дерлик ҳәр адымда жағылған от пүткил әтирапты жақтыртып жибергендей көринеди. Адамлар оттың дөгерегинде үймелесип алған, қасқырлардың улығаны шоршытып жиберсе керек, балалар да уйықламаған еди.

Бектемир жанында жатырған оқлаўлы мылтығына қарап қойды. Соң қолларын басына дастық етип, шалқасына жатты. Көзлери ерксиз түрде жулдызлы аспанға тигилген еди. Негедур, алыста қалған балалығы ядына түсти...

Қандай бийғам, тәшўишсиз күнлер еди. Аўылдың шетиндеги жупыны отаўы, меҳрибан анасы, шаўып киятырған атты бир қолы менен услап тоқтатуғын ғайратлы, узын бойлы, көп сөйлемейтуғын әкеси... Аўыллас жоралар. Татлы балалық сүўретлерин ядына түскен бир адамның аты тынық суўға атылған кесектиң суўды ылайтып, суўдың бетиндеги аспанның әжайып сүўретин бузып жибергениндей етип бузды.

Ҳәкимқул менен Бектемир бирге өсти. Екеўи қозы-ылақты бирге бағар, аўылдан алыста жылқы қорыған жылқыманларға бирге аўқат апарар, олардың қосында бирге қонып, бирге қайтар еди. Олардың дослығын көрген үлкенлер де, кишилер де таңланысып, айырылмас дос деп санайтуғын еди. Өзлери де солай ойлады. Ақшамлары қой отарларын қорықлағанда үйлеринен әкелген айран-шалабын ишип, шаппаттай нанды бөлисип жеп, узақ-узақ келешек ҳаққында әрманларын ортақласар, аспанға қарап жулдызларды санар, ертеклер айтысар, Алпамыстай батыр болып, Байшубардай тулпарды минип, жаўларын қырар, Баршындай перийзатқа үйлениўди әрман етер еди.

— Екеўимиз Баршынды қалай бөлисемиз? Баршын биреў, ал бизлер еки доспыз, — деди бир күни Ҳәкимқул.

Шынында қызық еди-дә. Тойларда кешқурын жыраўлар жырлайтуғын дәстанларда: “Алпамыс”, “Қоблан”, “Ершора”, “Гөруғлы”да сулыўлар ең батыр адамға тийискен. Булар болса екеў ғой.

— Баршын биреў болса, сиңлиси бар шығар. Биреўимиз сиңлисин аламыз, — деди Бектемир.

— Онда мен Баршынды аламан. Сиңлиси саған.

— Яқ, мен сиңлисин алмайман. Ол Баршындай сулыў емес болса не қыламан?

— Апасы сулыў болса, сиңлиси де сулыў болады-дә!

— Онда сиңлисин сен ал!

— Яқ, мен Баршынды аламан.

Балалықтағы тартыслар соңғылығында оңынан келетуғыны, Баршынның сиңлисиниң жоқ екенлиги ол пайытларда ҳеш кимниң түсине де кирмеген еди.

Балалық өтип, өспиримлик келди. Ханның нөкери болып, атланысқа кеткен әкесиниң денесин арба менен алып келгени елеге шекем Бектемирдиң көз алдынан кетпейди. Шаңарағының тирепбердиси қулаған, азаматынан айрылған хожалыққа аркани дәўлеттен жәрдем болды, деген менен ол әкесиниң орнын, жесир қалған ҳаял ушын сүйикли ериниң орнын толтыра алмас еди. Солай етип еле сүйеги қатпаған, жасынан батырлықты әрман еткен Бектемир жетим, анасы жесир қалған еди. Бирнеше жыллар үш-төрт жылқы менен он-он бес қойына қарайлап, аўыл дөгерегинде жүрди. Әкесине мегзеген ири тулғалы, ғайратлы ҳәм ержүрек еди. Бир күни хан ләшкерине нөкер алыўға келген Субхан жүзбасының көзине түсти. Субҳанның өзи де аўылласы еди. Жүзлигине өз журтының шабандоз жигитлерин таңлап алатуғын еди. Бектемирдиң әкеси де оның жүзлигинде хызмет қылған.

Нәзери өткир, сыншыл, талай саўашларда адамның мәрти менен намәртин сыннан өткерген жүзбасы, Бектемирдиң анасына адам салып, баласын нөкерликке алмақ нийетин билдирген еди, жесир ҳаял шапшып түсти.

— Сол Субҳан дегениң мениң еримниң басына жетип еди, енди баламнан аўлағырақ жүрсин. Мен нөкердиң жесиримен, күйеўим хан ушын жан берди. Жүзбасың анаў-мынаў дейтуғын болса ханның датқасына өзим барғаным болсын! — деп жүзбасының адамын қуры қол қайтарды.

Ана қарсы болған менен бала разы еди. Әкеден қалған өткир қылыш қында тат басып қансырар, көк сүңги, өгиздиң мойын терисинен тигилген қалқан керегеге илиўли, қус тумсықлы, жез үзеңгили ер менен сийнемент, қайыс айыллар, гүмис шеге менен бекитилген темир суўлығын тат басқан жүўен қәдирли мүлик сыпатында сақланар, ыссыда қурғап кетпеслиги ушын жылына бир мәрте түйениң өркеш майы менен муқыятлап майланар еди. Әкеден мийрас қалған ат қартайған, Бектемирдиң өзи тай ўақтынан асырап, минисүке үйретилген қара бүўдан аты бар, шабысқа онша емес, деген менен күн бойы минилсе шаршаўды-шалығыўды билмейтуғын

ғайратлы еди, жаныўар. Оның үстине гейбир қәўендерлери жоқ жетимлердей кисиниң малын бағып, отын жағып, күлин төгип жүриўди өзине ар көрер, Журынбайға өлсе де уқсағысы келмес еди. Соңынан аўылдың жетими, аўқатлы Бексейиттиң жалшысына айланған Журын бирден жетим болмаған, оның барлық тәғдири Бектемирдиң көз алдында. Оның да әкеси нөкер еди, қайсыдур атланыстан оны да арба менен әкелди. Журынбай бийшара Бектемир десе ишкен асын жерге қоятуғын Хәкимқулдан бетер садық досты еди. Әкесин жерлеп, арадан бир жыл, ярым жыл өткеннен соң анасы бир өзи оңыса алмай Журынды ертип, төркинине кетти. Бир-еки жыл Журын аўылда көринбей жүрди, бир күни кешқурын қара үйдиң ергенеги сықырлағандай болды. Соңынан "Бектемир", деген хәлсиз даўыс еситилди. Ашса, есик алдында турған Журынды көрди. Көп ойлап, сағынып жүретуғын еди, қушақлап алды. Журында үн жоқ. Даўысын шығарып жылаўға тартына ма, үнсиз жылайды, қуў сүйек ийинлери селк-селк етеди, солығын баса алмайды.

Үйден: Келген ким? Неге ишкериге кирмейсиз, — деген анасының даўысы еситилди.

— Апа, Журынбай келипти, кире берсин бе?

— Ким дейсең? Журынбай ма? Ол қайда жүр?

Анасы да Журынды көриў ушын үйден шықты.

— Хаў қарағым, шынында да Журынбай екенсең ғой. Үлкен азамат болып қалыпсаң, апаң саў жүрип пе? Неғып турсызлар енди. Ишке кириңлер.

Журын тартына-тартына ишке кирген еди. Бектемир оны қоярда-коймай сүйрелеклеп төрге отырғызды. Анасы бар жарма-жаўғанын әкелди. Жетим ул, жесир хаялдың үйинде қандай пайыз болсын, барын татысып уйқыға жатты. Ол күни тис жарып Бектемир де, анасы да ғәрип халға түскен баладан хеш нәрсе сорамады, ол да өз халын баян етип сыр шаша қоймады. Тай-қулындай тебисип өскен еки дос "өз үйим өлең төсегим" дегендей жупыны, алты қанат қара үйдиң төринде барына разы болып, аўнап-қуўнап жатқанының өзи ғәниймет еди. Өткен-кеткенди айтысты, Алпамыстың Байшубары менен Қобланның Торышасын аўзынан түсирмей, сондай тулпары, кескир қылышы, Азыўлы менен Қаражанды жыққандай ғайраты болыўын әрман ететуғынлардың бири усы Журынбай еди. Қаршадайынан турмыстың аўыр машақаты басына түскени, дүньядан үмитин үзе баслағанын солғын тартқан жүзинен, түбинде муң уялаған, жаўдырап бағатуғын көзлери менен жалтақ нәзеринен, тартына-тартына айтқан сөзлеринен аңғарыўға болатуғын еди.

Азанда ерте турып, суўырылып шығып баратырғанынан кетпекши екенлигин аңғарып қалған Бектемирдиң анасы оны иркти.

— Ҳаў, Журынбай, таң менен турып қаяққа асығасаң, қарағым. Ҳәзир жораң оянады, азғана сабыр ет. Бир нәрсе ғаўзанып аларсызлар.

— Апа, мен кете берейин... Сизлерге жүк болып тағы... Даўысы жыламсырап шықты. Белгили-баслы баратуғын жери жоқ екенин ана жүреги сезип, аяныштан “шым” етип шаншып кетти. “Байғус жетим, кетип қаяққа барады, Бектемир оянсын, ойласып бир илажын табармыз”, — деген ой менен:

— Жүк боламан дегени нес? Жүк болып бизиң желкемизде отырмайсаң. Бир адам сыйған жерге екеўи де сыяды. Қудай тескен тамақтың илажы болар, — деп ирке берди.

Бул даўыслар Бектемирди таңғы шийрин уйқыдан оятып жиберди. Журын иркилди. Нан жеп, айран ишти. Соннан кейин барып жетим баладан жол болсын соралды.

Анасы менен екеўи дайы атасының үйине бир-еки ҳәптеге шекем сыйлы қонақ болыпты да, кейин кем-кемнен қәдири кете баслапты. Атасы жетим менен жесирди қоллап сөйлесе, келинлери менен балаларының душпанлығы күн сайын артып, ақырында ҳәр сөзи, ҳәр бир ҳәрекети менен буларды хорлайтуғын ҳалатқа жетипти. Шыдамаған анасы алпысқа келип қалған маллы-ҳаллы биреўге тоқаллыққа тийипти де, бир ҳәпте, он күннен анасының изинен барған екен, еки-үш күннен соң өгей әкесиниң ержеткен баллары буны урып-соғып дегендей, қуўып салыпты. Қолынан ҳеш нәрсе келмегенликтен, еки көзине ғана күши жеткен сорлы анасы: “Әкесиз жетим зор жетим, анасыз жетим хор жетим” дейтуғын еди, бизики керисинше шықты, не қыларман, қәйтермен, қолымнан жылап-сықлаўдан басқа не келетуғын еди, енди сен әкеңниң елине қайтып бар, көз көрген бар, таныс бар, биреўдиң малын бағарсаң, биреўдиң отын жағарсаң, өлмесең күнинди көрерсең, тири болсақ көрисермиз, өлсек ананнан разы болагөр, — деп берман жөнелткен екен.

Ҳәмме үнсиз қалды. Әкеден қалған малды бағып, көлигин минип, сыйырын саўып ишип, қой-жанлығын сатып ғәрежет, сойып тиске талшық етип отырған жағдайлары бар. Оның үстине бирин-бири жүдә ҳүрметлейтуғын ана менен ул ойласпай турып бир шешимге келе алмас еди. Бираздан соң ана жумыслары менен сыртқа шықты. Азғанадан соң даўыслады.

— Бектемиржан, баспақты байлап жибере ғой, өгиздей болып кеткен, маған күш бермейди, қарағым. Бул Бектемирди шақырып, өзине билдирмей-ақ Журынбайдың ертеңги тәғдири жөнинде ойласып алыў ушын исленген кишкене ғана сумлық еди.

Бектемир асықпай орнынан түргелди. Журынбай да турмақшы еди, ийninen басып отырғызды.

— Баспаққа өзимниң де күшим жетеди. Бүгин мениң мийманымсаң, — деп қойды ересек адамға қусап.

Журынбай илажсыз қайтадан орнына отырды.

Ана менен баланың ойласығы узаққа созылмады. Журын еситип қоймасын, деп сәл шеткериректе, анасының емшегинен ҳәзир ғана ажыралып, мал қораның өресине байланған, тумсығынан жерге тамып турған сүттиң көбигин жалап, тамсанып турған қызыл баспақтың жанында бираз гүбирлесип, бир шешимге тоқтасты.

— Атадан жалғыз едиң балам, — деди анасы. Журын да жалғыз қалыпты. Анасы бар, бирақ оннан енди Журынға қайран бар ма, нашар адам, ол да биреўдиң тутқыны. Қасында жүрер, зыяны тиймес. Билсе билер, билмесе аяққа турып, халық қатары адам болғаны қалар. Жанымызға саўап болар. Енди қаяққа қаңғырсын, пақыр. Соңында жесирлиги ядына түсти ме, Журынның тәғдирине ашынды ма, қамсығып қойды. Қулласы Журынды үйде алып қалыў шешимине тоқталды.

Үйге киргеннен соң, Бектемир орнына өтип отырды. Анасы сүт-қатығын сапырыстырып, гүйбеңлеп жүрип жумысларын әлленемирде питирди, асыққандай ҳеш нәрсе жоқ еди, соң қазан-табақ туратуғын жапсарда отырып гәп баслады.

— Қарағым, Журынбай, Бектемир өзиңниң жораң, бирге ойнап-өстиңлер. Анаң менен де сырлас едик. Ийманлы болғыр әкең де Бектемирдиң әкесинен қалмайман деп, изинен ере кетти. Жораң менен ойласып бир шешимге келдик, айып көрмейсең, ендигиден былай разы болсаң мен сениң ананңның орнына ана боламан, ал Бектемир ағаң болады. Енди гәп өзиңде, — деди жесир ҳаял.

Журын оған не дер еди? Көкирегин кернеген қарама-қарсылықлы ойлар менен қуўаныштан толқынланған адамның тилине сөз келер ме еди? Көзлеринен төгилген моншақ-моншақ көз жаслары денесин еплеп жаўып турған бөз көйлегиниң өңирине тырсылдап тама берди.

Өзин басып алсын, деп ойлаған ҳаял үндемеди, Бектемирде үн жоқ. Әллен ўақыттан кейин Журынбай өзине келип, солығын басты. Көз жасларын жеңи менен сүртип, мурнын тартып қойды. Ана менен баланың өзинен жуўап күтип отырғанын аңлады.

— Мен қайылман, разыман... деди. Даўысы қарлығыңқырап шықты. Не ис буйырсаңлар барлығын ислеймен. Бир тислем нан менен баспана берсеңлер маған артығының кереги жоқ. Тағы да көз жаслары ийегине сорғалап, бөз көйлектиң өңирине тама баслады.

Солай етип, Журын жетим өзи қатар болса да Бектемирге ини, анасына бала болды. Ол не кийсе, сондай кийим кийип, не ишсе ол да сондай ас ишип, бәҳәрде қозы-ылаққа, қыста мал-ҳалға қарасып

жүре берди. Арадан бир-еки жыл өтти. Бир күни Журынбай Бектемирге ойласық салды.

— Биз сизиң үйдиң бир адамы болып, жасап атырмыз. Ендиги жағында да азанлы-кеш кирип шыға беремен, адассам усы үйди табаман. Маған бир қыял келди. Екеўимиз бирден төрт-бес қараның изинде жүрген менен не өнеди. Мен де сениң несийбенди бөлисип, мусаллат болмайын, биреўдиң малын бағайын, я қосын бағайын, қулласы бир талаптың басында болайын, ертең хожалық болып, түтин түтетиўимиз дәркар, оған не айтасаң, қандай мәсләҳәт бересең, деди салмақлы даўыс пенен. Өзи менен тәрезиси тең адамдай сөйлести, баяғы жалтақлық жоқ. Үстиңги ернине мурт тап берип шыға баслаған, даўысы да ириленген.

— Сонда не қылмақшысаң? Я Бухараға кәрўан тартасаң ба? деди бир жағынан Журынның шешимине таңланған, бир жағынан сөзин дәлкекке айландырмақшы болған Бектемир.

— Бухараға кәрўан тартар едим, түйем менен жүгим кемис, жора, — деди ҳәзилге ҳәзил менен жуўап қайтарған Журын. Түйе менен оған артатуғын жүк топлаў ушын Бексейиттиң қойын бағажақпан. Кеше Ҳәкимқулдан еситтим, Бексейит шопан излеп жүрген екен.

Бектемир азғана ойланды. Соң жуўап берди.

— Жақсы ойлапсаң, Журынбай. Бизлер сени аўырлады, деп ойламасаң болғаны, өзиң билесең, мен де анам да ондай ойдан аўлақпыз. Бирақ баҳасын келисип ал, ертең сөзин шаймалап жүрмесин. Қайда жүрсең де үйдиң есиги сен ушын ашық. Анама өзим түсиндиремен, оннан ғам жеме, деп қамсызландырып қойды.

Бәрибир Бектемир жетимлик тәғдирге наразы еди. Кешеги балалық әрманлар қәне? Байшубардай ат минип, Баршындай сулыўға үйлениўди әрман еткен Журынның ертеңги өмири жалшылық па?...

## 4

Қасқыр! Қасқырлар! Ҳүрейленген, жан ҳалатындағы ашшы даўыслар ойға шүмген Бектемирди Қызылқум ишиндеги ашшы ҳақыйқатқа, кең аспан астындағы жалпақ жер үстин мәкан еткен қайсы бири еки аяқлы, қайсы бири төрт аяқлы болған жанзатлардың өмир ушын жан таласып гүресип атырған ўақты менен орнына қайтарған еди.

Ат жабыўға жақын жерде жанған отқа отын салынбағанлықтан жалыны пәсейген, бирақ, ғыжлаған сексеўил шоғы қып-қызыл болып, әтирапқа қызғыш жақтылық таратып турыпты. Базыбир жерлердеги жағылған отларға дәстелеп салынған сексеўил менен қурғақ шөплер лаўлап жанып, әтирапқа ушқын шашыратып, көш қоныс басқан

мәканды жақтыртып жибергендей болады. Көпшилик кирпик илиндирмеген, қаяқтан екени белгисиз, бирақ тосыннан дөниўи итимал болған қәўипти күтип алыўға таяр, ким қылышы менен найзасын, ким балтасы менен айыр жабасын, ким қарамылтығын, жарақ деп қолына көтеретуғын дымы жоқлар көп жасаған сексеўилден сыйдамлап исленген, егер қасқыр ма, қандайдур қәўип туўдырған жабайы аңның шүй төбесине бир урғанда жүдә бир иләнәзик биреўдиң қолы менен силтене қоймаса, нықлап тийсе қасқырыңның басы темирден болса да қақ бөлетуғын шоқмарларды қол жетер жерге, жанларына қойған.

Күтилген қәўип-қәтер де узақта емес, қол жетер жерде еди. Тап усы қойнаўға Қызылқумның барлық қасқыры менен бөриси жыйналғандай. Ғыр дөгереги бир ат шаптырым келетуғын, сексеўили менен жантағы, майдарақ шөп-шары я отынға шаўып алынған, яки жолым үйлер менен қослардың саңлағын питеўге жумсалған, я мал отына алынған, я адамның, түйениң, аттың, қарамал менен қой-жанлықтың аяқлары астында жер менен жексен болып тапланған, көштиң адамы менен малы топланған алаңлықты қоршап турған, бурын баян етилгениндей ишине кирген атлы адамның төбеси көринбейтуғын хәм бийик, хәм қалың сексеўилликтиң хәр түби сайын бир бөри отырғандай сезилер еди. Олай болмағанда азан-қазан болып, бирине-бири уласып улыған, қаңсылаған, сыңсыған сеслер қайдан шығып тур? Хәр үйде биреў болмаса да көш пенен киятырған, анаў-мынаў бир қора ийттиң үни шықпай қалғаны неси? “Көп қорқытады, терең батырады”, — дегендей қасқырлардың көп екенлигин ийтлер де сезди ме екен?

Әри-бери улып, топланып, шоғырланып, алыс емес жерде қараңлап көринип турған жемтикке бас салып, тумсықларын ыссы қанға батырыўға таяр турған қасқырлар кем-кем батылланып, көшке жақынлап-жақынлап киятырған еди. Олардың биразы еки аяқлы мақлуқларды көрген, олардың қәўипли мақлуқ екенин тәжирийбеде сынағанлары да бар еди. Төрт аяқлы мақлуқларды, мәселен түйени, жылқыны көп ушыратқан, тәбият берген сезгирликлери арқасында қой менен ешкиниң ең аңсат олжа екенлигин, бирақ еки аяқлылардың оларды аңсатлықта қолдан шығармайтуғынлықларын аңлайды. Бәрибир аш қарынлардан басланып, жылжый-жылжый алқымларда иркилип қалған қандай да бир жабайы, өлим қәўпи де иркип тура алмайтуғын, ашлық, қарын тойдырыў, ақыр-аяғында адамзат “жасаў ушын гүрес” деп атайтуғын, хәттеки инсанның өзи де ақырына шекем еле түсинип жетпеген қумарлық, оны қандырыў, қанаатланыўға умтылыўға уқсаған тоқсан түрли бийнеқояға ийе сезимлер бул топарларды бирлестирип, қәўипли күшке айландырған еди.

Бирақ, бул жабайы тилеклерден де үстин келип, қасқырларды, басқа да шөл аңларын шоршытатуғын, еки аяқлы мақлуқлардан аўлағырақ жүриўге мәжбүрлейтуғын, бул түнде де бир секирсе үстинен түсетуғын таяр олжа менен қасқырлар топарлары арасында өтип болмайтуғындай шегара болып турған бир нәрсе, бир тилсим, сыры ҳайўанат дүньясына түсиниксиз, тек адамзатқа ғана аян болған бул жумбақ — от еди.

Аўа, бизиң ушын жүдә әпиўайы болып түйилсе де, бәрибир бизиң өзимиз де тәбиятын еле толық түсинбегенимиз, мың жыллар жабайы ҳайўанларға мәкан болған Қызылқумның бир мүйешинде ақшамды күндиздей жақтыртып, дөгерекке түсиниксиз жақтылық таратып, демине тасланған сексеўиллерди жалмап жутып, түтини пүткил әтирапқа жағымсыз ийис таратып атырған от еди.

Қасқыр, шағал, түлки, қулласы жабайы аңлардың ҳәммеси оттан қорқады. Бул сапары да бир-бирине ийин тирескен қасқырлар топарының ҳүжимге өтиўине тосқынлық етип турған себеп, ушқын шашыратып, әтирапты жақтыртып турған от болды.

Адамлар тәрепинен шаўқымнан өзге ашық қәўипти сезбеген қасқырлар ҳәр жер, ҳәр жерде қалың сексеўилликтен өзлери шығып, ямаса басларын шығарып, оттың жарығында көк-көмбек болып, жалын шашып турған көзлери менен көштегилердиң жүрегин суўлатты.

Күтилмегенде, бир көкжал қасқыр секирип жақтыға шықты. Желкесиниң жүни тикирейип, көзлеринен от шашырап, арп-арп етип айбат шеккенде, бир қарыс келетуғын қазық тислери менен арандай ашылған аўзы анық көринип, жақын жердеги қойлар топарына шабыўыл жасайжақ болса да, қолына услаған жабасын қасқырға гезениўи менен қатып қалған шопаннан сескенип, аяғы менен қум шаша баслады.

Бектемир қапталында турған мылтығын алып, топырақ шашып атырған қасқырды албырамастан нышанаға алды. Аўылдың ийтлери қайда кетти екен? — деген саўал ойында гезер еди.

Шынында да ийтлер қаяққа кеткен өзи?

Ийт пенен қасқыр анығында бир теклес ҳайўанлар. Ийтлер қолға үйретилген, Бөрибасарға уқсаған, қасқыр менен тайсалмай алыса алатуғын текли ийтлер де болады, бирақ тәбиятында дүз аңы қасқыр батыллығы жағынан да, ҳийлекерлиги ҳәм сезгирлиги жағынан да, күш-қуўаты жағынан да, ийттен жоқары турады. Аўылдың “селт” еткен сес пенен ҳәрекетке шәўлеп үре беретуғын саққулақ ийти түўе, менмен деген боласынлы ийтлер де қасқырды анық көрмей-ақ оның ийисин сезгеннен қуйрығын еки аяғының арасына қысып, тасаланғандай жер излей баслайды. Алма алмадан алысқа түспей-туғындай аўылдың ийтлери де қасқыр қамалаған пайытта олардың

алдын кеселеп шыға алмай, үйлер менен қосларды паналап, қуралланып алған ийелерине арқа сүйеп, қаңсылап аяқларға оралып, ийтлик миннетлерин атқарып атырған, айырымлары әлле қашан қолай қуўыс таўып жасырынып алып, ўақыяның изин бағып жатырған пайытта Бөрибасарға бундай айып тағып болмас еди.

Тырс еткен сеске бийкардан-бийкарға үре бериўди лазым көрмейтуғын салмақлылығына қосымша өзин бәрқулла сергек услайтуғын Бөрибасар қәўиптиң қай тәрептен келетуғынын қашшанақ шамалады. Өзи буннан бурын қуўыс-қолтығына басын суғып танып алған, аланды қоршап турған қалың сексеўиллик оның ушын қәўип майданы еди. Нени қорғаў кереклигин де алдын-ала биледи. Өзин тез-тез сүйек пенен сыйлайтуғын, ири ҳәм қалың жүни үрпейип туратуғын желкесин анда-санда қасып, желкеси менен мойнының астын қасытыў ийтке негедур жүдә унайтуғынын сезип алған Қайыр, ийтиниң желкеси менен мойнын ҳәр сапары сыйпап қойыўды умытпайды, гейде өсик жүнин аўыратуғын дәрежеде қатты тартып қоятуғын нық денели өз ийеси, оның үйин дөгереклеп жатқан малларды қорыў оның ийтлик миннети екенлигин ҳайўан болса да ишки бир туйғы менен аңлап алған ҳәм оларға зыян жеткизбекши болған ҳәр қандай мақлуқ пенен өмир яки өлим ушын аянбастан алысыўға таяр турған еди. Күндиз соқпақ пенен Қайырдың изинен жортып баратырып, қумдағы қасқырдың изинен оның ийисин сезген ҳәм тәбият тәрепинен берилген қәбилет оған бул әтирапта бундай ийис ийелериниң көп екенлигин, олар менен жүзбе-жүз гезлесиў бираз қәўипли екенлигин де уқтырған. Ийесин ҳәм өзин қәўиптен қорғаўға тайын турыў ушын ол ийеси жатырған үй менен үйди дөгереклеген малларды артқа алып, нәзерин қалың сексеўиллер таман қаратып, зилдей аўыр басын жуўан ҳәм ири аяқларының үстине қойып, ҳәр сеске қулақ түрип сергек, ҳәр қандай қәўипти қарсы алыўға таяр болып жатырыпты.

"Ийтлер неге тым-тырыс, деп ойлады Бектемир. Бөрибасар қәне?"

Кийиктиң шақынан исленип, басы темир менен бириктирилген, еки ушы қумға орнатылған ашаға мылтықтың аўыр сүмбесин қойып, аўзын көкжалға қаратты. Қасқыр мени ата ғой, деп бир орында тура бере ме, жақын жердеги шөп-шарды қум бораны менен көмип таслаған көкжалдың геўдеси гә оңға, гә солға бурылып, гә жоқарыға көтерилип, гә төмен түсип турар, қулласы мылтықтың сүмбесине орнатылған қараўыл менен теңлеспес еди. Теңлескен жағдайда да мергенниң қыялына ентелесип кирип келген еки гүдик оны қыйнар еди. Көз алдында турған шақпақ тасты бир-бирине урып ушқын шығарыўға үлгеремен дегенше нышана менен қараўыл теңлеспей қалыўы, яғный қасқырға оқ тиймей кетиўи итимал, екиншиден

көкжалдың дәл жүрегине қарай атылған оқ дийдиленген нышанаға дарымаған жағдайда қайда қаңғыйды? Әтирап толған мал менен адам.

Бөрибасар өзи қорыған мәканға қәўип дөнбегенше ҳәрекет етпеўди шешкен болса, дөнген қәўипти қайтарыў, ең болмағанда қошқардың сақа асығындай келетуғын отлы қорғасынды мылтықтан атып, бир қасқырды жер тислетиўди, солай етип қасқырлар топарын оларға бийтаныс болған мылтық сести менен шоршытып, әжел менен қорқытыўды мақсет еткен мерген жоқарыдағы себеплерди ойлап, мылтықтың уңғысына бекитилген шақпақ тасты бир-бирине урып от шығарып, уңғыға толтырылып, кийиз танаў тығып бекитилген оқдәрини тутандырыўға қолы бармас еди.

Еки тәреп — қасқырлар тәрепи де, адамлар тәрепи де бир-бирин аңлыўдан, қасқырлар топары ҳүжимге өтиўге таярланыўдан жүйкелерине күш түсип, артық шыдам бере алмайтуғын дәрежеге жетти. Гүрес тосыннан басланды.

Шыдамы таўсылған бир қасқыр Бөрибасар көз тигип атырған қалың сексеўилликтен атылып шығып, ийттиң артында бир-бирине тығылып турған қойларға тасланды. Көз илмейтуғын шаққанлық пенен орнынан ғарғып турған Бөрибасар алыса кетти де умбар-жумбар болып, аяқ астындағы тоңы кеткен қумды аспанға көтерип улыбығырлы болды да қалды. Сексеўилликтен шыққан екинши қасқырға қайдан пайда болғаны белгисиз, Бөрибасарды паналап жүретуғын көк қаншық тәп берген еди.

Ҳәр бир жаныўардың өмиринде гезлескен ўақыялардан топлаған тәжирийбеси болады. Оны адамдар “ҳийле” ямаса “сумлық” деп айтады. Мәселен, түлкини ҳийлекер, сум деп жийи-жийи айтамыз. Ол не ушын ҳәм қалай сум болады? Әлбетте жасаў ушын, тамақ табыў ушын, қәўиптен қутылыў ушын. Сумлықты, ҳийлени кимнен үйренди? Бастан өткерген ўақыялардан алған тәжирийбелери үйретти, басқа ким үйретер еди. Сол сыяқлы Бөрибасар да тәжирийбели еди. Өзине жарасатуғын сумлығы бар еди, қасқыр менен алысыўы биринши мәрте емес еди. Көк қаншық болса жаныўар, «қорққан дәслеп қол жумсайды», дегендей өзин-өзи қорғаў сезими үстемлик етип қасқырға тәп берген, болмаса онда бөри менен таласыў тәжирийбеси де, асып кеткен күш-ғайрат та жоқ еди. Бир алысып, сексеўилликке қайтып сүңгиген қасқырдың изинен умтылып, сексеўилликке ет қызыў менен кирип кеткен көк қаншық жабайылардың аңсат олжасына айланды.

Бөрибасар менен алысқан азыўы қазықтай көкжал ийттен басымырақ келмекте еди. Бирақ ийтте ийесин қорыў сезими ҳәм оған арқа сүйеў, қыйын пайытларда өзин еркелететуғын қара бала жәрдемге келеди, деген үмит бар. Көзиниң қыйығы шалды ма, я

әлле қандай ишки сезим бе, Бөрибасар көк qаншыққа бир нәрсе болғанын, болғанда ҳәм өзи таласып атырған мақлуқ теклеслери таманнан болғанын басына жылдырымдай урылған қандайдур елес ҳәм ийислерден аңғарды. Ийиске қанның, ақтарылған ишек-қарынның, көк қаншықтың өзине тән болған ийиси араласқан, бул ийттиң гүдигин тастыйықлады ҳәм оның бойындағы жабайы күшлерди оятып, қанын қайнатып жиберди.

Көш адамлары қолларындағы қуралларын қаттырақ қысып, не қыларын билмей, даўысқа зор берип, "бөри, бөри, қасқырлар, өзиңе бек бол, малыңа бек бол", деп бирин-бири сергеклендирип, оның үстине шешиўши бир қарарға келе алмай зыр жуўырысар, кимге жәрдем берерин я кимнен жәрдем аларын билмей албырасар еди.

Қолына атасынан қалған, сом темирден соғылған, қайралған өткир төрт қырлы ушы оттың сәўлесинде жалт-жулт етип турған сүңгиниң бир ярым қулаш келетуғын, сырты ийленген териден тилинген қайыс пенен кестелеп, қамшының сабындай етип өрип қапланған темир сабын беккем услап, Әрепбай өзиниң қасқыр менен алысып атырған Бөрибасарына қалай етип жәрдем қолын созыўды билмей, ҳайран болып тур еди. Себеби, ўақыя көзди ашып-жумғанша тез басланып, сол тезлик пенен даўам етпекте, ойлап-ойлап бир шешимге келмеклик ушын жарықлық, ешейинде гүдары қайыстай созылатуғын ўақыт ҳәзир жетиспеди. Қолындағы салмағы онсери келетуғын найзаны қасқырдың қақ жүрегине урса, гәп жоқ қан қаптырады, бирақ жазатайым гә үстине шығып, гә астына түсип атырған Бөрибасарды найзаласа не болады? Ондай жағдайда ийттен қутылған қасқыр өзиниң бойына шапшымас па екен? Ҳәрекет етпесе мына гүресте ийт басым келе ме, қасқыр ма ол жағы да намәлим. Ҳаялы Сәрбийке жанында, қолына айыр жабаны алып жәрдемге таяр турыпты, бирақ оның жәрдемине исенип, арқа сүйеп болар ма еди? Қайырды болса "еле жассаң, иште отыр, ергенекти тәмбилеп ал" деп, екеўлеп қоярда-қоймай зорлап, ишкериге киргизип, жолым үйдиң ергенегин беккемлеп қойған.

Бул пайытта Бектемир нышанаға алып турған қасқырды ата алмайтуғынын сезди. Ойлай баслады. Буларды қалай етип сескендириў мүмкин? Бир илажын таппаса, малды, қой-ешкини қасқырларға жем етиў турған гәп, малың түўе өзиңе ҳәмле қылса қәйтесең? Қыйналғанда Айтымбет ғаррының айтқанлары ядына сап ете қалды.

— Кешлетип дүзде қонсаң, деген еди жайы жәннетте болғыр Айтымбет, бир-еки-үш жерге от жақ, өзиң де, атың да оттың арасында болсын, азық излеп жортқан дүз аңының ишинде оттан сескенбей-туғыны, қорқпайтуғыны болмайды. Ашығып жортқан қасқыр болса, ол да отқа бетлей алмайды. Билип қой, жүдә бир адамхоры болмаса жаз бенен гүзде қасқыр адамға, ири малға, түйеге, атқа шаба бермейди.

Илажы болса адамның көзине түсе бергиси келмейди. Бирақ суўығы қатты келген қыс пенен ерте бәҳәрде қасқырдан абайлы бол. Қыстан ашығып, азып-тозып шыққан қасқыр қарын тойдырыў ушын ҳеш нәрседен тайынбайды. Қарамалға да, түйеге де, жылқыға да шаба береди. Егер аңық аш бөриге гезлессең саған да ҳүжим етиўден қайтпайды. Ондайда отта жанып турған шаланы алып, қасқырдың өзине умтылсаң, қасқыр қуйрығын қысып жолына түседи. Бирақ, “қорқып қашты” деп ойлаўдан, арқайынлыққа берилиўден аўлақ бол. Қасқырда жолбарыстың жүреги, бир адамның ғайраты, он ийттиң ақылы бар...

“Қасқырлар оттан қорқады”. Бектемир ойына келген сөзди даўыслап айтты. Соң қатты даўыслады.

— Адамлар, қолларыңа шала жанған бир-бир сексеўилден алып алыңлар! Жанып турған шаладан алыңлар! Қасқырлар оттан қорқады. Оттан қорқады!

Не қыларын билмей, отты дөгереклеген адамлар алды бурын гәп не ҳаққында екенлигин уғына қоймады. От ҳаққындағы хабар тәкирарланғаннан соң зейни илгиреклери алдыларында жанып турған от қәўиптен қутқаратуғын нәрсе екенлигин аңлап жеткендей отқа умтылды, қолларына шала жанған сексеўилди алып, жалаў яңлы төбелерине көтерди, ҳаўаға көтерилген шалалар самалдан епкин алып лаўлап жана баслады. Адамлардың отта жанып атырған сексеўиллерди алып, төбелерине көтергенин көрген басқалар да солай иследи. Көп өтпей көш қоныс басқан алаң қол ушына көтерилген отлардың жарығынан бурынғыдан бетер жақтыланып кеткендей болды. Қолына жанған шала көтергенлер әдеўир батылланды. Отты алдыларына тутып, қәўип дөнип турған сексеўилликке жақын барғанлар да болды. Абырсабырда қум шашып, айбат шегип турған көкжал аўҳалдың шийеленисетуғынын алдын-ала сезди ме, төрт-бес адым ғана жердеги, сексеўил қоршаўдан ғарғып өтип, қойлар отарына кирди. Тағы шаўқым-сүрен даланы басына көтерди, бирақ ҳеш ким, бийдиң қойларына жуўапкер Қулман да, оның балалары да қасқырдың изинен барыўға жүрек ете алмай турғанда, шақы айланған көк исекти гүжирейген желкесине таслаған көкжал сексеўилден қойылған тосықтан қайтадан ғарғып шығып, қараңғылыққа сүңгип кетти, шопанлар изинде қыйқыўласып қала берди.

Бул ўақыялардың барлығы санаға келген, алыстағы өтмиш сүўретлери яңлы тез болып атырған еди, биразлар бул ўақыялар түсимде болып атыр, деп ойлаған болса да әжепленбеймиз. Көкжалдын сексеўилликтен шығып көш қоныс басқан алаңның қумын бурқыратып шашыўы, оны Бектемирдиң нышанаға алыўы, тийгизе алмайман-аў деген гүман менен мылтықтың шақпағын тутандырмаўы, Айтымбет ғарры айтқан әңгимениң ядқа келиўи, еле алысып атырған Бөрибасар

ҳәм алысыўы қас-қағымда жуўмағына жеткен, ҳәзир ҳәр мүшеси ҳәр қасқырдың аўзында кеткен көк қаншықтың ўақыясы ақылға сыя бермейтуғын тез ўақытта, шама менен шөллеген адам жанында турған суў толы местиң аўзын ашып, оннан бир кесе суў қуйып алып, соны ишип болып, кесени жерге қояман дегенше қанша ўақыт өтетуғын болса сол қурақым, болмаса соннан артығырақ, яки сәл-пәл кемирек ўақытта болып өткен еди.

Солай етип, бийдиң отарынан үш жасар көк исек аяқ серппестен, қасқырдың желкесинде кете берди. Туяқ серппес те еди. Көзлери масаладай жанған қасқыр отардың ортасына "дүрс" етип түскеннен-ақ олжасын таңлап болған еди. Айланған шақын алға тутқан, отлаўдан өзге дәрти болмағанлықтан қыстан қоңлы шыққан исек ылайықлы олжа екенлигин бирден-ақ аңлаған қасқыр қәўипке қарсы тасланған жуўан шақлардың соққысынан қаймығып қалды да, шақлардың ийеси қапталласа бергенде аўзын арандай ашып, қарыўлы жағына орналасқан өткир тислерин қойдың алқымына қадап, күш пенен жулқып жиберди. Қойдың алқымынан атылып шыққан ыссы қан менен ыссы ҳаўа қасқырдың тумсығын күйдирип жибергендей болды. Әлемдеги барлық қәўип-қәтер: гезелген мылтық, жанған от, қайралған тыйық, өткир ҳәм қәўипли инсан нәзерлери, барлығы бир заматқа тумсығы қанға тийген бөриниң көз алдынан жоғалған еди. Жулдызлары жанған қап-қара аспан, кең дала, бир ҳәпте, он күннен берли ҳештеңе түспегенликтен күни-түни қыйнап атырған аш қарнының аўырыўын өзиниң ыссы қаны менен тоқтатып мәлҳам болатуғын жемтик ғана бар. Шексиз қанаатланыў менен тумсығындағы ыссы қанды жалап-жалап жиберди. Жүрек-баўрын өртеп атырған ашлық пенен қумарлық азғана толаслағандай болды. Көз алдында ҳақыйқатлық қайта жанланды. Лаўлап жанған от, қулақ тындыратуғын шаўқым, өткир ҳәм қәўипли нәзерлер қайтадан көз алдында пайда болды. Қәўип-қәтер бир адым жерде, керек болса көкшил жүнлери үрпейген желкесиниң үстинде турғанын сезгенде титиркенип кетти. Жасаў ушын гүресте өзинен бурынғы қасқырлар мың жыллар бойы изиндегилерге мийрас етип қалдырып киятырған өзин-өзи сақлаў сезими, ол ушын қашыў, тек қашып қутылыў, бирақ қыйыншылық пенен қолға киргизилген олжасын өлим қәўпи туўмағанға шекем таслап кетпеў, өзи менен алып кетиў сезими ояныо кетти. Тыпырлаўдан тоқтаған, өлимши еткен жарадан қаны дерлик ағып болған исекти желкесинен тислеп, бир силкип жаўырнына мингизди, соң үстиндеги жүкти мисли сезбеген киби сексеўил тосықтан жеңил ғана шапшып өтип, шаўқым менен қыйқыўды елестирмей, сексеўилликке сиңип кетти.

... Бөрибасар қасқырдың күши өзинен басым екенлигин, сумлығы да жетерлилигин аңғарды. Гә қасқырдың астына түсип, гә үстине

шығып атырып, оның ең ҳәлсиз жерин қыдырды. Жан жери негедур ақ жүн өскен, ҳәр сапары астына түскенде оттың сәўлесинде аппақ болып көзге шалынатуғын алқымын ядлап қалды ҳәм пайыт пайлады. Талай аңның басына жеткен қасқыр өз тәжирийбесинен ҳәр қандай аңның ҳәлсиз жерин билер, сол ушын ол да қазық тислерин ийттиң жумсақ алқымына батырыўға умытылар еди. Дүз аңы болған қасқырдан бурын өз ийесин, оның мүлкин, бәринен бурын өзиниң бир тутам өмирин қорғаў ушын жанталасқан Бөрибасардың әўмети келди. Қасқыр ийтти желкесинен тислеп жерге тартып урғанда, көзинен ушқын жарқ ете қалғандай болды, бул оттың сағымы еди. Қасқырдың тислери ийттиң салмағы менен ийттиң желкесинен жаздырылды. Оның екинши ҳәрекети алқымға аўыз салыў еди. Ийт шаққанлық етти. Кең ашылған жақларын қасқырдың ақ жүнлери ернине тақалған пайытта есик жапқандай “тарс” еттирип жапты, өткир ҳәм жуўан тислери бөриниң алқым терисине бойлап кирип кетти де, ийттиң тили қанның дәмин сезди. Қасқыр жан ҳалатта жулқынғанда ийттиң жағы қатты қысылғанынан қарысты да қалды. Енди оны ашаман дегенде ҳәм аша алмас еди. Қасқыр әжел қақпанына түскен еди. Әтирап: лаўлаған от, шаўқым-сүренлер, аўға шығып жортқанда бөрилер бәрқулла нәзерге алып жортатуғын, қараңғы түскенде аспанда көринип, таңға шекем орнынан қозғалмайтуғын Темир қазық жулдызы менен қосылып шыргүбелек айланып алды жоқ, арты жоқ қараңғылыққа қулап баратырғандай болды. Усы пайыт бүйирине қатты соқлыққан муздай суўықлық еле төрт аяғында нық турған қасқырдың қарыўлы денесин теңселдирип жиберди де, муздай нәрсениң орны сондай қатты сызлап аўырды, өзи де таң атқанша сөнбейтуғын Темирқазық сиңип кеткен қараңғылыққа қулап баратырғанын сезди.

Әрепбайдың қолында таяр турған темир сүңги өз исин ислеген еди. Бөриниң ийтинен басым екенин сезсе де қолындағы қуралды жумсаўға қолай пайытты аңлып турған ол Бөрибасар менен қасқырдың бир замат қозғалыссыз қатып қалғанынан пайыттың келгенин аңлады. Қудай жарылқап қасқыр ийттиң үстинде болғанлықтан қурал жумсаў аңсат, бирақ ийт қасқырды алқымлады ма, я керисинше болды ма билиў қыйын, деген менен пурсат қолға кирди. Аш бүйирден урылған сүңги қабырғаның арасынан тесип өтип екинши бүйирден шыққанда қасқыр жан ҳалатта бир талпынып, қапталға қулап түсти. Сонда да, ийттиң қарыўлы жақлары көкжалдын алқымынан жаздырылған жоқ.

Дәслеп сүңгини суўырып алыўды, бөриниң өлген-өлмегенин барлаўды қыялына келтирген Әрепбай бул ойынан қайтты. Енди бөри қашып, я зыян қылып үлгермес, ийтти қутқарыў керек! Усы ой менен бөриниң қуйрығынан услап бир шетке сүйрей баслады.

Бирақ күши жетпеди. Жақынлаўға батына алмай бир шетте турған ҳаялы Сәрбийкени шақырды.

— Сәрбийке, бермаған келип жақты түсирип жибер!

Сәрбийке сақлық пенен қасқыр менен ийт жатырған жерге жақынлап, қолындағы шала жанған сексеўилди төменлетип, жақты түсирди.

— Бөрибасар тири ме? Даўысынан ҳүрейленип, сескенип турғаны билинди.

— Тири шығар. Бирақ сес жоқ. Ҳәзир билемиз.

Енди қасқырдың өли-тирисин анықлаў пайыты келген еди. Әрепбай шерим етиги менен қасқырды бир-еки теўип көрди. Қозғалмады. Бөри қансырап ҳәм туншығып өлген еди. Қарысқан жағы ашылмағанлықтан ҳәм қасқырдың қаны мурнына кетип дем алыўы қыйынласқан ийт те үнсиз қалған, өлим ҳалатта еди. Әрепбай бир қолы менен қасқырдың желке жүнинен, екинши қолы менен қулағынан услап әри-бери тартып, ийттен ажырата алмады.

— Отты төменирек тут! Қәне көрейик.

Ол еңкейип, дыққат пенен тигилди, ийттиң жағы жағына қарысып қалғанын билди.

— Жағы қарысып қалыпты, тез суў әкел, деди Сәрбийкеге.

— Аға, шыға берсем бола ма? Бөрибасар тири ме?

— Яқ, яқ, иште отыра бер, шықпа, — деди анасы азар-безер болып. Қорқпа, бөри өлген, ийтиң тири қусайды.

Баланың қызығыўшаңлығы қорқыныштан көре басым еди.

— Шығайын да аға!

Әкеси жуўап бермеди. Оның орнына:

— Сәрбийке, суўды тез әкел! Ийт туншыққан көринеди. Өлип қалар, — деп даўыслады.

Әлленемирден берли үйдиң иргесинде болып өткен қанлы ўақыяны демин ишине жутып, қызығыўдан ба, қорқыныштан ба көзлери бақырайып кирпик қақпай бақлап турған Қайырдың шыдамы таўсылған, сүйикли ийти жөнинде айтылып атырған суўық гәплер болса оның шыдам шегарасына қойылған тосқынлықлардың барлығын бузып болған, яғный ата-ананың тәмби гәплерин умытқан еди. Суў толы мести алған анасы менен үйден қосыла шықты. Оның дәслепки сораўы: — Бөрибасар тири ме? — еди.

Әкеси үндемеди. Ҳаялының қолынан мести алып, қасқырдың алқымын тислеген алдынғы тислери бир-бирине айқасып, күш пенен қысылғанлықтан сиресип қалған жақларына суў қуя баслады. Муздай суўдан ийт титиркенип кетип көзлерин ашты.

— Бөрибасар тири, тири! — деп қышқырып жиберди ийттиң көзин ашқанына қуўанған бала шадлығын жасыра алмай. Енди ийтиниң

бөрини қалай өлтиргенин тәрийиплеп жораларына айтып жүретуғын болды.

Әкеси изин үзбей местеги суўды таўсылғанша қуя берди, қуя берди. Бир ўақытлары мурнына кеткен қанды изинен барған суў жибитти ме, ийт пысқырып жиберди. Сиресип қалған жағы да гилти табылған қулып киби бир мес муздай суў себеп болып, ашылып кетти. Әрепбай бөриниң басынан аяғы менен ийтерип жиберди, алқымы босаған жансыз бөриниң басы жерге сылқ етип түсти. Ийт тығыннан босаған тоңырткадай аўзын ашып, өкпесин толтырып терең дем алды.

— Жаныўар, туншығып өле жазлаған екен, — деди жанып турған сексеўил шаласын төбесине көтерген Бектемир. Жараланған болыў керек, қансырап қалмасын.

Бул ўақытларда көштиң адамлары шаўқым-сүренди ҳәўижине шығарған, айбат ушын ағашты ағашқа, темирди темирге урып, шала жанған сексеўил түбирлерин ҳаўада әри-бери былғап, қасқырларды қорқытыў ушын не ҳәрекет болса, не илаж болса етиўге шынтлап кирискен еди. Соның нәтийжеси ме, ямаса шығыс тәреп бозарып, оттың жақтысынан да күшлирек жақты әлемге таралып атырғанынан тез арада таң ататуғынын сезди ме, бөрилер де изге шегингендей болды.

Бектемирдиң сөзинен кейин Әрепбай терең дем алып атырған, еле өзине келип, аяғына тура қоймаған ийттиң зилдей денесин аўдарып көре баслады, бул иске Қайыр да араласты. Ийттиң жарасы аўыр емес екен. Желкесинде, аяғында, мойнында, тумсығында, тағы денесиниң ҳәр жер-ҳәр жериндеги қасқырдың тиси батып жырылған, қанаған жараларды есапқа алмағанда қан жоғалтыўға себепши болғандай дәрежеде жараланбаған.

— Терисин сүңги менен заялапсаң, өзи де еки жасар тайдай келер екен заңғар, — деди Бектемир қасқырды айланып көрип.

— Териси зыянланса зыянлансын, тон шықпаса төсекке жарар. Бүйирин сүңги теспегенде қайсысының үстем келетуғынын алла билер еди. "Ийттиң ийеси болса бөриниң қудайы бар", — деген ғой, Бектемир иним. Бирақ Бөрибасардың өзи де алыўы мүмкин екен. Баўызлаў тамағынан алған, жағы қарысып қалыпты жарықлық. Соған қарағанда қасқырдың әжели сүңги менен шанышпасымнан бурынақ жеткен бе, деп ойладым, деди заўықланып. Даўысында өзи күшигинен өсирген ийт ушын мақтанышты билдиретуғын көтериңки ырғақ бар еди.

Көп өтпей әтирап жақтыланды. Таң атты. Қасқырлар топары да шегинип, биреўлеп-екеўлеп Қызылқумның кең қойнаўына тарқалып кетти. Отлар да отын салынбағанлықтан сөне баслады. Ақшам бул

әтирапта болып өткен гүрестиң гүўасы болып, қумда айқуш-уйқыш излер ғана қалған еди.

Адамлар кими қара дүмшесине, кими қазанына суў толтырып ақшамы менен жанған оттың шоғына қойып, азанғы аўқаттың тәтәрригине киристи. Ғаңғыр-гүңгир сөйлесип, журт аз да болса ақшамғы ўақыялардың тәсиринен қутылып, күнделикли турмыстың ағымына қарай бет бура баслаған, тек Қулман шопан менен балалары аўыр ойлардан бас көтере алмас еди. Бойы ҳәстедей деп айтса болатуғындай, бирақ қыйыншылықларды көре-көре қайнап-қайнап қатып қалған, жасы Қулшы бий менен тетелес Қулман бир күнде оны еки мәрте қандай қара басып, бийдиң отарынан бирнеше қойдың сепсигенине қыйналар, бийдиң алдында қандай дәлил таўып айтсам екен, деп басы қатар еди. Дурыс, бий менен қатар өсти, бирге ойнады, балалықта Артық серИниң баласы Қулшының асығын талай утып алды, утып аларын-алса да кешқурын урланып барып, Қулшыны шақырып, утқан асықларын өзине қайтарып берер, қанына сиңген қандай да бир мойынсыныў, өзин оннан төменшик тутыў әдети балалықтан оны тәрк етпеген еди. Тәғдирде ҳәр кимниң маңлайына не жазылса, сол болады, дегени рас қусайды, Қулшы баяр, бул шопан болды. Бий қанша кеңпейил, кеширимли, сақый болса да Қулман өзиниң хызметкер екенин, жылына он қой ушын балалары менен бирге қыстың қақаман суўығында, жаздың мыс қайнаған ыссысында, қарлы боранлар менен селли жамғырларда “шопан өлгенде тынады”, дегендей, ҳеш тыным билмей қой баққанына ҳеш қашан налып көрмеген.

Ойлардың қоршаўында жүрип, шоқта турып қайнаған қара қуманнан тостағанға салынған тораққа суў қуйды, арпа, нан алып териден тигилген қалтаның үстине қойды, қасқырлар топары алыслап кеткенин сезип, енди аш болғанын аңғарған ийтлер де от дөгерегине отырып атырған ийелерине жақынласып, “дастурханнан бизге де бир нәрсе тийисер ме екен?”, деген тәме менен көз тигер еди. Қасқырдан отарды еки мәрте қорғай алмаған ийтлерге ашыўланған шопан оларға қайрылып қарамады.

Күн көтерилди. Қуяш нурлары әсте-ақырын дөгеректи қыздыра баслады. Әдетте бәҳәр Қызылқумға ертерек келеди. Ойпатларда еле муз қатып атырған бир пайытларда сексеўиллер менен маялышлар көгис тартып, олардың арасында көк шөплер қылтыйып көрине баслайды.

Бийге арызға бармақшы болған Қулман сөзди неден баслаў кереклигин ойлап турғанда қой отарға Қулшының өзи келип қалды. Түни менен шаўқымнан уйқысы қашқан ол таң азанда турған, не ҳал, не аўҳал болғанлығын өз көзи менен көрмекши еди.

От басында гүйменлеп жүрген Қулман бийди көрип негедур сескенгенинен тили гүрмелмей қалды. “Ассалаўма әлейкум бий аға”, деп балалары жабырласып сәлемлесип атырғанда бул шеткериде үнсиз турған еди, өзи келте бойы әбден киширейип кеткендей көринди. Ақыры шығын болған жаныўарлардың бир-екеўи буўаз екен, қасқырдың желкесинде кеткен бир исек пенен қосып есаплағанда өзи менен балаларының ярым жыллық ҳақы еди, егер оларды төлер болса қой ишинде өткен ярым жыл биикар кетти, деп есаплай бер. Сәлемлесиўди умытып, ойға шүмип қалғанынан Қулманның ойындағыны Қулшы бий аңласа керек.

— Ҳа Қулман, бунша не есиңди жоғалтып қойдың? — деп үнсиз турған шопанның ийнине қолын қойды. Өзлериң амансызлар ма, әйтеўир? Қой кетсе орны толар, заңғар бөрилердиң бизиң отарымыздан алажақ несийбеси бар шығар. Қалғаны аман болсын.

— Төрт саўлық пенен бир исекти қолдан бердим, — деди Қулман даўысы қалтырап. Сонша сақ боламан, — дедим, бөриниң қай таманнан келип тийискенин дәслебинде аңғармай қалдым. Соңынан кеш болған еди, — деди шопан өкинип.

— Өткен иске салаўат, — деди бий шопанның желкесинен салмақлы қолын алмай. Бәрибир изге ҳеш нәрсени қайтарып болмайды. Қалғанына бек бол енди, қасқырға жем болған қойлардан кештим.

— Көп жасаң бий аға, қуллық, қуллық.

Соңынан бий Бектемирге қарады.

— Ўақытша қоныс таңлаўда адасқан қусаймыз. Жол басып ҳарыған мал менен адамға пана болар деп ойлаған түбегимиз бөрилердиң уясы екен ғой, шамасы. Ҳәзир үйлерди жығыңлар, бул жерден қозғалайық. Мал менен адам бөриден аман болса тоңып ҳеш бәле қылмас енди...

Сөз питкен еди. Қулманның желкесинен басып турған аўыр жүк сыпырылып түскен киби, бойы жеңилленип, еңсесин көтерди. Келте бойы бир қарысқа өскендей болды. Суўықтан қарайып кеткен алақандай жүзинде терең орналасқан шүңирек көзлерине нур жуўырып, жалтырады.

— Айтуўған менен Ақман қосты жығыўға анаңызға жәрдемлесиң, ал Айдар менен бизлер отарды айдаймыз, — деп балаларына тапсырма бере баслады. Әкесиниң өзине Қулман деген ат бергенине өмиринше наразы болған, ол ең болмаса балаларым өз аты менен мақтанып жүрсин, деген нийет пенен узынлы-келтели, бир-бири менен ийин тиресип өсип киятырған улларына атты сайлап-сайлап қойған ҳәм өзиниң бул исине ишинен марапатланып та жүрер еди.

Көштиң жолға шығатуғынлығы ҳаққында хабар тарқалғаннан соң түнди кирпик илиндирмей атқарған журт азанда ҳәлленип, бир нәрселер жеп алғаннан соң жолым үйлер менен қосларды бузыўға, хожалық дәскелерин: кийизлер менен көрпе-төсекти боғжамаға, қазан-табағын қаршынға, кесе-шайнеги барлар, ондай ыдысларын шынықапларға салып көликлерге артыўға таярлана берди. Көлик дегенде көштеги ҳеш кимде, ҳәттеки бийде де арба жоқ, барлары алыс сапарға алып баратуғын даңғырлап турған арба жол болмағанлықтан журтта ағайин-туўғанға, жақын-жекжат, тамыр-танысқа берген, пуқтарақ адамларға “мен келгенше пайдалана турарсаң” деп аманатқа тапсырған. Себеби, көштеги ҳеш ким де, бий де, Бектемир де бул сапардан ким ҳәм қашан изге қайтатуғынын билмес, оның қаншаға созылатуғынына, Ақсуўат таманға қайтыў несип ете ме, етпей ме, оған көзлери жетпес еди. Оның үстине жолсыз қозғалған көшке жүк артыўға қолайлы көлик түйе менен ешек болса, минис ушын жылқы.

Сәрбийке көрпе-төсегин, қазан-табағын тақластырып болып, жолым үйди жығыўға киристи. Бул өзи шарўаның көшип-қоныўына қолайластырып соғылған үш қабырға керегеден қуралып, өзине ылайықлы шаңарақ үстине қойылғанда адамның бойы тийер-тиймес пәскелтек, ергенеги де өзине ылайық кишилеў, бирақ кийиз бенен жабылған соң иши уядай жыллы, тигиўге де, жығыўға да, көликке артыўға да қайым дәске еди. Ҳаялдың өзи ери менен баласын жәрдемге шақырмай-ақ үйди жыға баслады. Пискен сур ет жеп, торақ суўын ишкен аталы-балалы Әрепбай менен Қайыр бул ўақытта олжа излеп келип, өзи олжаға айланған қасқырдың терисин етинен айырыўға кирискен. Олжаның қолға кириўине бас себепши болған, қуйрығы менен қулағы кесик, қызыл ала турпаты ешектей келетуғын Бөрибасар сөнген отқа жақын жерде, анда-санда қасқырдың тисинен терисине түскен жараларды жалап, қанталаған көзлерин қасқырдан айырмай, әдетинше зилдей басын алдынғы аяқларының үстине қойып, мол еттен тәмедар болып, езиўинен жерге тамшылаған силекейин жутып жатыр еди.

Әрепбай мүйиз саплы өткир пышағы менен қасқырдың тумсығынан баслап қарынның үсти менен қуйрығына шекем пуқталық пенен териниң басқа таманына зыян жеткизбеў ушын асықпай-албырамай кести де, пышағын Қайырға услатып, соң кисесинен пәкидей өткир шаққысын алып, қасқырдың терисин етинен ажырата баслады. Ҳәр қалай қасқыр териси қойдың терисинен он есе қәдирли, ийленсе тонға ишик болады. Төсесе төсек, илдирип қойса айбат, оның үстине Қызылқумдағы қанлы айқастан естелик. Сол ушын да

Әрепбай көш пенен байланыслы басқа да қыстаўлы жумысларды жыйнастырып қойып, бул исти тезирек питириўге асықты.

— Ағасы қасқырдың ети ҳадал ма? — деди үй жығып атырған Сәрбийке.

— Адамлардың ийт жегенин көрдиң бе?

— Яқ, көрмедим.

— Көрмесең бул да бир ийт-қой.

— Мен қайдан билейин. Балаңыз екеўиңиз қумбыл болып атырғанға.

— Ҳадал болмаса мейли, әне оның ийеси, — деди Бөрибасарды көрсетип.

Үй жығып болынды. Дәскелерди артатуғын, ақшам отлайман деп көштен шығынып кетпеслиги ушын шидерленген түйе әкелинди. Бул ўақытта Әрепбайлар да жумысын питкерген еди. Ети ийтлерге буйырған қасқырдың терисин керегениң үстине таслаған Әрепбай шөктирилген түйеге дәскени теңлеп арта баслады. Көп узамай қозыылағы маңыраған, ботасы бозлаған, қулыны киснеген, адамлары шаўқымласқан көш ким түйесин, ким ешегин жүги менен жетеклеп, гә дара-дара, гә екеў-үшеў болып дизилисип күн батысты бағдарға алып жылжый баслады. Көштиң қапталында, изинде қой отарлары, жылқылар үйири, маллар падасы шопанлардың алдында көш жылжыған таманға ақырын отлап барар, барлығына Бектемир басшылық етер, даўысы жетер жердегилерге қалай қарай жүриўди даўыслап айтар, алыслап кеткенлерге қолы менен нусқап, бағдарды силтер еди.

Қум төбениң басына тигилген бийдиң үйин хызметкерлер жығып, түйеге артқан, Қулшы атқосшысы Ботабектиң ат келтириўин күтип бийикте турар еди. Көшке нәзер таслады. Көшиў ата-бабасынан қалған. Алты арыс қарақалпақтың маңлайына көшип-қонып жүриў жазылған ба екен? Өзи билетуғын қытай менен қыпшақ Қоқан менен Бухара арасында, кенегеслер менен маңғытлар Бухара менен Хорезм ортасында, қоңыратлар менен мүйтенлер Самарқанд пенен Бухара арасын жайлап көшип қонады. Әмирдиң ҳәмири менен Сыр бойын жайлаған қарақалпақларға барды. Олардики де сол ҳал. Жазда суў бойына көшсе, қыста қыслаўға қайтады. Отырықшы болып, дийқаншылық етиўге мойынлары яр бере бермейди. Әмиўдәрьяның аяғындағылары Хийўаға пуқара болып, Шымбай, Қоңырат, Дәўқара әтирапларына дийқаншылық егеди екен, ал аяқтағы көллер менен теңиз жағалағанлары балық аўлап, аң аўлап, мал асырайды, деп еситкен, бирақ Шымбайды көрсе де, көллер менен теңиз таманын көрмеген.

Ботабек төбешикке ат алып келди. Жоқарыға, жумсақ қум төбеге аттың көтерилиўи қыйын болғанлықтан бий төменге түсти. Атқосшы жылаўдан бир қолы менен услап, екинши қолы менен аттың шеп

жағындағы зәңгини басты. Бий атланып, көштиң алды бетине өтти. Адым-адым жүрип үйренбеген бели мықлы, сары жүрмел суўлықты шайнап алға умтылды. Жылаўды тартса да, алға умтыла бергеннен соң аттың басын қойып жиберди. Тынығып турған сары жүрмел желип кете берди. Азғанадан соң қумлақтан өтип, таслақ жерге шықты. Аттың баўыры жазылып, майда тасларға соқлыққан темир тағасынан от шығып, қумары тарқайман дегенше малы жайылып, ақырын киятырған көштен әдеўир узақласып кеткен еди. Алысырақта бир төбе көринди. Бий ақ көбик болып терлей баслаған атын иркти. Аттың тери басылғанша егленип, соң ат пенен төбеге көтерилди. Аттың аяғы қумда омбалады. Бул жерден әтирап алақандағыдай көринер еди. Көз жетер жерге шекем қумшаўыт, сексеўил, маялыш өскен даланлық. Анда-санда төбешик-төбешик қумлар көзге тасланады. Оннан арғы жағы көкжийекке тутасып атырған, көкшил сағым жамылып атырған шексизлик. Сәскеликке көтерилген қуяшты есапқа алмағанда шығыс пенен батысты, арқа менен қубланы айырыўға бағдар бергендей ҳеш бир белги көринбейди. “Бул сахраларда жалғыз жортқан жолаўшының ҳалы не кешер екен, қуяшты булт басса, ай менен жулдыз көринбесе бағдарынан қатты жаңылар”, деп ойлады бий. Кешқурын көшти усы жерге қонысландырса шеп болмас, дөгереги ашық алаң, әтирапқа от жақса, келемен деген аң менен қус анық көринеди, тутқыйылдан шабыўыл қыла алмайды”.

Тосыннан қулағына “ғыйқ-ғыйқ” деген ҳаўазлар шалынды. Қуяшқа қолын саябан етип, көкке қарады. Әл-ҳаўада пәлпеллеп тырналар қатары сап тартып барар еди. Бағдары арқа батысқа қаратылған, дүп-дүзиў болып сапқа дизилип сегбир тартпақта. “Бәҳәр жақынласып киятыр” деген ой кешти. Соңынан қуслардың бағдары менен өзиниң бағдарын шамалады. Олар Әмиўдиң аяғындағы айдын шалқар көллерди нәзерлеп баратыр. Бий баслаған көштиң бағдары да сол тәреп еди. Астындағы аты тыпыршылап, бир орында айланды. Тери басылған еди. Алысырақта ат сүрип киятырған адам көринди. Ол атқосшысы Ботабек еди. Бийдиң қара үзип кеткенинен қәўетерленгенин, атын қыстап киятырғанынан аңлады.

— Ботабек, деп даўыслады ол. Атынды төменге байлап бери кел.

Атқосшы төбешиктиң етегинде иркилип, атынан түсти. Жедел жүристен терлеген аттың жүўенин тартып, ердиң басына илдирип қаңтарды. Қызған ат суўымай турып шөп жемесин, деп солай иследи. Атты байлап жоқарыға көтерилди.

— Әри-бери қайрылар, — деп қарайладым, узап кеттиңиз, төбешикке минип қарасам да көзге түспегениңизден соң шыға бердим, — деди Ботабек ентигин басып.

— Мен қайда кетер едим. Адасып та ҳеш қайда бармайман, оның үстине қулақ түрген адам көштиң шаўқымын да есите алады.

— Сонда да бий аға...

Қулшы аттан түсти. Жылаўын Ботабекке тутқызды.

— Төменге түсирип, узын етип байла, қаңтармай-ақ қой, мениңше терин бираз басты. Өзиң де атлардың жанында бола бер.

Атқосшы жүрмелди жетеклеп пәске кетти. Бийдиң бир өзи таслақ төбешиктиң үстинде қалды. Түйе жүнинен тоқылған шекпенниң сыртынан бууўылған, гүмис тоғалы, бир жағына қылыш, бир жағына қанжар асылған, он үш-он төрт жасынан берли садық жолдасы болған енли кәмарын шешип, жерге қойды. Түсликтен ескен самал жанға жағымлы еди, бий шекпениниң қаўсырылған жийеклерин ашып жиберип, көкирегин толтырып дем алды. Төменнен қараған Ботабекке бийдиң өзи узын бойы жүдә бәлент көринер, шексиз аспанда жүзип жүрген үзик-үзик бәҳәр бултлары бийдиң басындағы бөркине тийип-тийип өткендей болар еди.

Әлем қаншелли кең, — деп ойлады бий қанаатланыўў менен. Өмир сүриў сондай татлы. Ол усы турғанда әтирaптағы тәбияттың қойнына, мынаў ийесиз, бәҳәр менен қыста жаздағыдан гөре көзге ысығырақ көринетуғын жабайы саҳраға сиңип кеткиси, аспандағы үзик-үзик бултларға, таслы-қумлы төбешиклерге, шөлдиң сәни болған шоқ-шоқ сексеўиллерге, маялышларға, қарабарақлар менен хош ийисли, бирақ ашшы болатуғын жуўсанларға, керек болса ақшамы менен көшти тик аяғына турғызып уйқы бермеген қасқырға, жалғыз жортқан, болмаса өз азығын қыдырып, топар баслаған қасқырға айланып кеткиси келер еди. Ондағы мақсети, өз көлеңкесиндей изинен қалмай ерип киятырған, уйқласа түсине кирип, ояў пайытында ядына оралып келе беретуғын өтмиш елеслери менен алдында күтип турған белгисизликлерден қутылыў, билип-билмей исленген гүналардан, жақсылық ҳәм жаманлықлардан ўаз кешиў, жағасы ҳәм қолы бос, ақшамлары уйқысы пүтин болыўын әрман етер еди.

Бәҳәрдиң кеўилге жақсы үмитлер салыўшы, кеңликке, жақсылыққа, дөретиўге умтылдырыўшы, рәң-бәрең әрманлар оятыўшы жағымлы леби есип өтти де, узаққа созылмады. Бий бултларға да, төбе-төбе қумларға да, сексеўиллерге де, жүреклерге қорқыныш салыўшы сеслер ийеси болған қасқырға да айланып кете алмайтуғынын анық билер еди. Көкте сап дүзеп ушқан қуслар кәрўаны киби ойлар дизбеги қыялында жанланып, сүўретлерге айланып бара берди.

## 5

Бухара әмири Шахмураттың жумсаўы менен Сырдәрьяның еки бойын жағалап отырған қарақалпақлар менен сөйлесиўлер жүргизиўге

барғанда, атасы Артық пенен ата-бабалары барыс-келис қатнасық қылып отырған Сыр бойы қарақалпақларының бийи Жаңаберген Қулшы ушын арнап өз алдына отаў тиктирип, қонақ асы берип, бир ҳәпте қонақ етти. Соннан кейин барып жанына басқа бийлерди алып, жол болсын сораў ушын отаўға кирди.

Жайласып отырғаннан кейин бийлерди баслап келген Жаңаберген сөз баслады:

— Қулшыжан, алыстан ат ҳарытып, ағайинди көрейин деп келипсиз, ал ол жақтан қандай хабар келтирдиңиз, елиңиздеги қарақалпақ баўырларымыздың ҳалы қандай, жағдайы қандай? Әйтеўир ел арасы тыныш, малы, басы аман деп еситемиз, оған да шүкиршилик, — деп иркилди. Сөз гезеги Қулшыға келген еди.

— Ел-журт аман, мал-басымыз аман, Қоқан менен Бухар, Самарқанд әтирапы тыныш, аллаға шүкир. Ҳәзиринше ханлар әдаўатсыз, тил табысып, парахат отырыпты. Бухара әмири Шахмурат бий, Тамды менен Ақсуўатты жайлаған қарақалпақ руўларының бийлери дуўай-дуўай сәлемлеримизди туўысқанларға жеткизиң, деп зинҳар-зинҳар тапсырды.

— Саламат болсын, ағайин аман болсын, Шахмурат бий саў болсын, — деген даўыслар бир көтерилип, соңынан басылды. Бийлер Қулшыдан не жумыс пенен келгенлигин еситкиси келер еди, бираз еллер менен мәнзиллерге әмирдиң тапсырмасы менен барып, пинҳамы сөйлесиўлер жүргизип, елшиликтиң әдисин алған Қулшы ишиндегини дастурхан етип ортаға төгип салмады, қалай дегенде де түриўли қулақ пенен жат көзлер барлық елде бар, бул жер қарақалпақ ели, өз баўырласлары болғаны менен қазақ ханларынан ғәрезли еди, сол ушын келгендеги жумысын дәркар тапса Жаңабергенге айтады, ойласық салыў керек болса бийлердиң ишинен қайсысына исенсе болатуғынын анықлаў керек, оған пурсат зәрүр.

Жаңаберген бий де қонағын қыстай бермейин, деди, сол ушын қәдимги әңгиме, барды-келди гүррińге көшиўди мақул көрди.

— Былтыр, быйыл қар-жамғыр тапшы болмады ма? Мал баққан адамға жайлаў керек, суўат керек. Жайлаўларыңыздың жағдайы қандай?

— Еки жыл бурын қар-жамғырдың кем жаўғанынан қыйынлық болды, бәҳәрде мал арықлап, төлди шығынлаттық. Кейинги жылы жақсы келди, шығынның орны толды-аў, деп ойлайман.

— Хийўа сорамындағы туўысқанлардан не хабар бар, — деп сөзге араласты сақалы көкирегин жаўып турған Ийманберди ахун. Садағаң кетейин, бир улама Қырантаў деген жерден мешит-медиресе салған екен, деп еситип атырмыз.

— Туўры еситкенсиз, — деп мақуллады Қулшы. Ол таманның дузын тартып, барып қайтқаныма бир неше жыл болыпты.

— Қырантаў дегени қай таманда болды, шырағым деди ахун узын сақалын тутамлап турып: “Қырантаў” деп көп еситемиз, ол жер мәгар шөлистан болса керек-аў.

— Индалласын айтқанда ол жерге бармағанман. Бирақ сол жер Ҳәмиўдәрьяның бойында, деп еситтим, соған қарағанда жүдә бир саҳра болмаса керекдур.

— Ол жақтағы ағайинлерде не ҳал, не жағдай екен? — деп тағы қызықсынды Ийманберди.

— Мениң барған Шымбай шәҳәр әтирапында бағлар бисяр еди. Аслықты да көп егеди екен. Базарында аслық мол, арқа тәрепте - қырдан түйе кәрўан тартып келип, дән артып кеткенлериниң гүўасы болғанман. Және бир қатар руўлар: қоңыратлар менен мүйтенлер дәрья жағалап, көл сағалап, балық аўлап, мал асырап күн көреди, деп еситтим.

— Атажурт Түркстаннан көшкели қарақалпақ халқы бөлек-бөлек болып кетти ғой, — деди ахун муңлы даўыс пенен. Халқы жер қайыстырған, бир ўақытлары орыс пенен атысып-шабысқан, душпаннан айбынып ат басын тартпаған, ғайбар ел едик. Руў-руў болдық, арыс-арыс болдық, жер таластық, жайлаў таластық, бийлик таластық, оның изинен қут кетип, жут келди, бәри алла ҳәмиринендағы, Түркстанды атажурт деп жүргенде жуңғар келип бир шаўса, киши жүз келип тағы бир шаўып, қарақалпақтың Түркстаннан көшиўине себеп болды. Өз көзим менен көрмедим, көргенлерден еситтим, хаттан оқып билдим. Бир топары батысқа Ҳәмиўдәрьяның қуярлығына, бир топары Сырды өрлеп Қоқанға, Бухара менен Самарқандқа көшипти. Бизлер Сыр бойында қалыппыз. Енди алыстағы ағайинниң хабарын анда-санда бир еситемиз. Бара-бара жат болып кетемиз ғой, деп гүрсинди.

Гәп өзиниң келген жумысының бағдарына бурылған еди. Отырғанларды көзи менен бир қатар шолып шыққан Қулшы бәрибир тийкарғы мәселеге көшпеди.

— “Бөлингенди бөри жер”, деп бабаларымыз бийкар айтпағандур, яшуллы, деди Қулшы бий сөзин нақма-нақ етип, айтқаныңыз дурыс, таўдан аққан жылғалар биригип-биригип дәрьяға айланады, дәрьяға жол таўып жетпегенлери бөлинип-бөлинип, бир жайылым шалшық суўға айланып қала береди. Бирлескенге не жетсин. Бирақ бир жаман әдетимиз бар, «болса көре алмаймыз, жоқ болса бере алмаймыз», дегендей өзиңиз айтқан жер даўы менен бийликке даўа берекетимизди қашырады. Аўзымыз бир болса жер өзимиздики, бийлик өзимиздики емес пе?

Отырғанлар бийдиң бул төрели сөзин мақуллап ғаўқылдасты.

Усы пайытта ергенектиң сыртынан тутылған ший есик серпип ашылып, дөңгелек жаға ақ көйлегиниң сыртынан байлаған кәмарының қосбаўында пышағы салбыраған, басына шети қаракөл териси менен жийекленген дегелей кийген жигит көринди.

— Бий аға, ас таяр еди, суў ала берейин бе? — деди әдеп пенен. Ийнине бөз сүлги таслаған, бир қолында жез қуман, бир қолында жез шылапшын услаған. Ол қәддин сәл бүгип буйрық күтип турар еди.

— Аўқат таяр болыпты, бирадарлар, — деди Жаңаберген бий отырғанларға қарап. Гәп келген жеринен туўарылған еди. Хызметкер жигит қолға суў алыўға қолайласты.

— Тақсыр, мәрҳамат, сизден болсын, — деди Қулшы бий әдеп жүзесинен Ийманберди ахунға бурылды.

— Миймал атаңдай уллы, деген Қулшы бий, дәрья кешип, әўлийе атлап, алыстан излеп келип отырсыз, сизден болсын алдына қойылған шылапшынды ақырын ысырды. Қоллар гезекпе-гезек жуўылды. Үлкен қара самарға салынған қой етиниң он еки жилиги пүтин, гелле менен қосып әкелинип ортаға тартылды. Ҳәр кимниң алдына кишигирим бир-бир табақ қойылған болып, ҳәр мийманның сыбағасы соған салыныўы тийис еди.

— Қәне мийман, ас таяр, өз қолыңыз бенен ет бөлип бериң, қонақ асы сизики ақыры, — деди Жаңаберген бий.

Қарақалпақ пенен қазақ аралас, қоралас болып қанша заманлардан берли ийинлес жасап киятырғанлықтан бул халықлардың дәстүри де бир-бирине жақын еди. Қазақлар қонақ асыға сойылатуғын малын қонағына кесе тартып көрсетип, пәтиясын алып соңынан соятуғыны, сойылған малдың ший ишегин шетке шығармай писирип, мийманның алдына әкелетуғыны Қулшыға бесенеден белгили. Сыр бойы қарақалпақлары да сол дәстүрди ислеп отыр. Мениң дәстүрим бөлек, деп артқа бәсип отыра алмайсаң ғой.

— Бисмилла. Қулшы бир қолына ерик саплы өткир пышақты алып, ет бөлиўге киристи. Алды бурын қолына басты алды. Пискен бастың бир қулағын кесип, алдындағы табаққа салды, жанына бир жилик ет қосты. — Мынаў усы отаўдың ең генже улының пайы, биздей ел үстинде жүрип, ел бийлейтуғын азамат болсын, Ийманберди ахундай улама болсын, мә, мынаны генжетайға жеткиз, деп есикте хызметке таяр турған жигитке усынды. Жигит қуллық айтып, табақты алып, үйден шықты.

— Бас болмаса аяқ қайдан болар еди, бирадарлар, бастан биринши болып дәм татыўды ахун ағаға бердим.

Жамбас пенен бас ахунның табағына салынды.

Қулласы жиликлер жасына қарай бөлистириле берди. Өкпелеген ҳеш ким болмады. Сыншыл бий жүзине қарап отырып, ҳәр кимниң жасы менен абырайын анық белгилеген еди. Сақалы сийрек, қус мурын, пешанасы тар, узын бойлы арық, шүңирек көзли Салтық бийди “усы адам көп нәрсеге наразы, даўкес-аў”, деп көзи менен сынап отырды да, оның алдындағы табаққа тоқпақ жиликти атып урды. Ишинен “асық жиликти берсе алмайман” деп гүманланып отырған Салтық разы болып, мурнын тартып-тартып қойды. Қулшының алдында да тоқпақ жилик қалған еди. “Бухара қарақалпағының бийи мени өзи менен тең көрди”, деп марапатланды.

Майлы ет жеген қонақлар қолларын бөз сүлгилер менен артып атырғанда бағанағы жигит ортадағы еттен босаған самардың орнына көпирип турған қымыз толы қара керсенди әкелип, үлкен ожаў менен сапырып-сапырып жиберип, қымыз қуя баслады.

Дала шөбиниң ийиси аңқып турған, бабында ашыған қымыз қой етине тойып, қанлары тасып турған бийлердиң шөлин басып, басларын айландырып, кейпиятларын көтерди, әңгимеге деген қумарлықларын қоздырды. Ыдыслар босап, жигитке узатылды, ожаў толы қымыз тағы толтырылды, толы керсен ортайды, үстине тағы да қымыз қуйылды. Солай етип, қымыз бәзими биразға созылды. Ҳәр қандай қызық гүрриңниң, узақ жолдың, қызғын бәзимниң де ақыры болатуғыны сыяқлы бир тегис әңгиме менен басланып изи даўам еткен сәўбет ақыр-аяғына жетип басылды. Ахун менен бийлер Қулшының келген жумысының не екенин биле алмай-ақ тарқасыўға мәжбүр болды. “Усы бий тегин келген жоқ, ишинде бир бүклем бар, ол не бүклем екен”, деп ойлады тәбизди тез аңлайтуғын зийрекликтен қуры алақан қалмаған Салтық бий. Басқалар да сондай пикирде еди. Деген менен қонақ Жаңаберген бийдики. Муддәҳәсин соған айтар, ҳәмме менен ортақласқысы келмеген шығар, оған көпшилик не айтады.

Қызығыўшылығы басым болған менен мийманнан төрели гәп еситe алмаған бийлер “хош аллияр” айтысып, тарқалысыўға мәжбүр еди. Ақырында солай болды. Отаўда Қулшы Жаңаберген бий менен жеке қалды.

Енди сыр қалтасының аўзы шешилетуғын мәҳәл келип жеткен еди. Бирақ Қулшы еле де бийдиң алды-артын болжап көриўди даўам етти.

— Малыңыз тоқ көринеди, жайлаўыңыз кең бе, әйтеўир, деди, — Қулшы Жаңабергенди гәпке бағдарлап. Халқымыздың әдети алланың жери қанша кең болса да, жайлаў таласып атады.

— Быйыл дәрьяда суў мол, бәҳәрги жамғыр бисяр болды. Сырдың биз отырған тәрепинде туяқ көбирек, аржағына өтер болсақ арғынның Бөлек бийи арыдан ат шаптырып, алдымызды кеселейди. Дәрья бойы дийқандики. Соның менен берги жүздиң шөбине мал жайып жүрип-пиз. Ығалсыз жыллары шөп тапшылық етип, азмаз қыйналамыз, — деди Жаңаберген ҳағынан жарылып.

Араға азғана үнсизлик түскен. Қулшы Шахмурат бийдиң тапсырмасын ядқа алды. Мәўрити келген еди.

— Биз таманда қудайға шүкир, жайлаўға таршылық жоқ әйтеўир, — деп қойды. Шарўаға не керек, жайлаў керек.

— Нәбада көшип-қонып, ол таманларға барып қалсақ әмир не айтар екен? Қайдан жүрсиз, не пейил менен келдиңиз? — деп тергеп жүрсе.

— “Ел үстине ел келсе, ол да ханның дәўлети” деген емес пе? Бизиң дөгерегимиздегилер өз баўырларың. Ҳеш ким “пышығыңа пыш” деп айтпас, әўеле қудай.

Жаңаберген бий ойланып қалды. Ата-бабасы Түркстан әтирапын жайлаған ел еди. “Ақ табан шубырынды”да көшкен ел сүриле-сүриле Сырдың бойында иркилип, бара-бара усы жерге баўыр басып қалған. Аралдың әтирапына барып қоныс басқанларды бурыннан ол жерде отырған қарақалпақлар қушақ ашып қарсы алып, жарты наны болса тең бөлисип жеп, енди ҳеш кимнен жәбир көрмей өз алдына ел болып түтин түтетип отырған жағдайы бар, деп еситеди. Мына тәрептен, Бухара әтирапынан келип отырған Қулшы да “дайымды көрейин ҳәм тайымды үйретейин” деп келмеген шығар, бизди жекелеп қалды, ағайинге қосайын, деген нийетте шығар, деген ой көкирегинде үмит ушқынларын оятты. Дурыс, бул жерде де оны ҳеш ким түртип атырған жоқ, деген менен күнлердиң күни келгенде жайлаў даўы, жер даўы, мал даўы, жесир даўы болмай турмайды, ондайда несин айтасаң, көп көплигин етеди, Бөлек бийди изиндеги ели қоллай ма, я алласы ма, әйтеўир даў соның пайдасына шешилип кетедидағы, кемлик келтиреди. Теңликке көнсе де кемликке көңгиси келмейтуғын Жаңаберген бийге бул ҳал аяздай батады. Сондайда арқа сүйер ағайин, қара қылды қақ жаратуғын әдил бийди аңсап турады. Өткен жылы Бөлекбай бийдиң бир топар бийбастақ жигитлери қымызға тойып алып бержақтың бир үйир жылқысын айдап кетти. Қарсыласқан жылқыманның қолы сынып, басы жарылды. Дурыс, Жаңаберген изинен барып, жылқының биразын қайтарды, жигитлер еки тайды соғымға сойып жибергенин мойнына алса да қунын төлемеди, ҳеш бири жазаға тартылмады, жылқыманға да жылыў төленбеди, “бас жарылса бөрк ишинде, қол сынса жең ишинде” өз еми өзинде, жигитлер шоқлық қылған, қымызға мәс болған, қарсылық қылмай-

ақ қойғанда бәле жоқ еди, деп ҳәммеси қамырдан қыл суўырғандай етип жайғастырылғаны менен кеўил түпкиринде шешилмеген әлле қандай бир түйин қалғандай еди. Сол ушын да Қулшы бийдиң гәплери Жаңаберген бийдиң көкирегинде үмит ушқынларын оятқандай болды. Бул ҳалды Қулшы бий аңғарды.

— Бул, дәркар болса әмирге өзим ара түсе аламан, — дегениң бе, Қулшыжан?

— Керек болса ара түсемен, — деди Қулшы. Даўысы исенимли ҳәм анық шықты.

— Көшиў аңсат емес, өзиң билесең. "Көшкен жерде көсеўиң қалады" дейди. Бирақ әмирден қоллаў болатуғын болса бас қатырып көриўге болады. Ертең-ақ бийлер менен өзим жеке-жеке сөйлесемен. Әлбетте, бул нәзик ис. Биразлардың өзи көшти намақул көрер болса, биразлар ел үстинен ел кеткенин қәлемейди. Қулласы бир машақатлы исти Жаңаберген бийдиң мойнына жүкледим деп есаплай бер, — деди ол.

Егер Жаңаберген басқа руўлардың бийлерин көшиўге көндире алса, Қулшы ҳәмирди орынлаған болар еди, әлбетте. Әмирдиң келбетин көз алдына келтирди. Бийди Кенимехтағы жазғы шар-дәресине пинҳамы шақыртқан әмир бийик дийўал менен қоршалған шардәрениң терис әйўанында азғана күттирип қойып, шығып келди. Шоқ сақалы шырайлы жүзине қуп жарасып турған, орта жаслардағы әмир басына сәлле орап, үстине келте жеңли қырмызы реңли шапан кийип, белине алтын тоғалы кәмар байлаған еди. Әмирди көриўден дизерлей сала терис әйўанға төселген гилемге басын тийгизип, бүккесине түсип, бас көтермей атырған бийди Шахмурат әмирдиң жағымлы қоңыр даўысы орнынан турғызды.

— Жетер Қулшы бий, тур орныңнан!

— Қуллық тақсыр, бас үстине, — деп бий орнынан салдаманлы турды, әмирдиң нәзери түсиўден тағы ийилип, тәжим етти. Бий сарайға көп мәрте келген, сол ушын бул жердиң тәртип-интизамын да биледи.

— Болды, болды, деди,— әмир бийдиң ийнине қолын тийгизип. Бул өзине жақын тутыўдың, исенимниң белгиси еди. Аманлық-есенликти сорағаннан соң әмир қолы менен гилемниң үстин көрсетип, отырыўға мирәт етти. Өзи алдын ала келтирилген, тахтқа мегзетип алтын менен безетилген үш аяқлы гүрсиге отырды. Қулшы бий әмирден бурын отырмады. Шахмурат гүрсиге жайласып алғаннан соң да қолын қаўсырып, хызметке таяр ҳалында тура берди. Әмирдиң иззет талаплығын, өзгелердиң өзине артық илтипат пенен ҳүрмет көрсетиўин, итаатлығын унататуғынлығын, ҳәттеки сол әдет сарайдан барлық ўақта табылатуғын жағымпазларға қол келип, исине талай

мәрте зыян келтиргенин билсе де, оннан ўаз кеше алмайтуғынлығын Қулшы жақсы билер еди. Қайсы әмир, қайсы султан, қайсы хан итаат етиўши, хызметке тақ турыўшы пуқарасын жақсы көрмеген. Қулшы да солардың бири емес пе?

— Отырың бий, отырың, отырың, — деди әмир ақырында. Даўысынан Қулшының ҳүрметине, иззетине кеўли толыўшылығы анық сезилер еди.

— Тақсыр буйырың, хызмет бизден, отырыў болса ҳеш қайда қашпас. Бий еле тикке турар еди.

— Жетти, жетти Қулшы бий, дизе бүгиң енди, — деди әмирдиң шыдамы туўсылып.

Сонда ғана Қулшы бий түги төрт ели келетуғын жумсақ, әмирдиң шапанына мегзес қырмызы гилемге дизерледи.

— Тыңла Қулшы бий, қулағыңа қуйып ал, — деди буйырыўшы даўыс пенен. Атланып Сыр бойына бар, бийлери менен сөйлес, қалай сөйлесиўди өзиң билесең, ол жерден мың үй, еки мың үй көширип кел, бул ислер пинҳамы болсын. Жаныңа атқосшыңнан бөлек ҳеш кимди ертпе. Келгенлерине өз дөгерегиңнен жай бер.

— Бас үстине тақсыр, қуллық. Шыбын жаным көксимде аман турса айтқаныңыз болады, әмирим. Қулшының кең пешанасы қырмызы гилемниң жумсақлығын анық сезди.

Әмир бир қолын бир қолына урды. Бул ушырасыўдың аяқланғанын билдирер еди. Еки қол шаппатының соқлығысыўынан "тап" етип шыққан сеске алысырақта ҳәр қандай буйрықты орынламаққа таяр турған даяшы перде артынан шығып келип, ҳәмир күтип тура қалды.

— Шербет келтириң!

Көп өтпей реңки алтынға мегзеп қубылып турған шербет толы гүзе ҳәм қытайдан келтирилген еки шыны кесе алып кирген даяшы патнусти пәскелтек хантахтаға қойып, еки кесеге қанға мегзеп кететуғын әнар суўын толтырды. Шахмурат кесени қолына алып, соң бийге қарады.

— Мәрҳамат, Сизден болсын!

— Бас үстине әмирим! — Бий жүдә мазалылығы ушын азғана суў қосылған муздай әнар шербетин рәҳәтленип симирди, соң сол қолының сырты менен сақал-муртын ығаллаған шербет қалдығын сыпырып, босаған кесени хантахтаға қойды. Соннан кейин ғана әмир нәзерин қолындағы кесеге аўдарып, асықпай шербет ише баслады. Оған тигилип турыўды мақул көрмеген бий нәзерин жоқарыға қаратты. Арғытлары қызыл реңге боялып, қолдан қойғандай етип теп-тегис қамыс пенен бастырылған терис әйўан бағ ҳәм ҳәўизлер менен қоршалғанлығы себепли әдеўир салқын. Жоқарыға өрмелетилген

жүзимлердиң солқымлары адамның қыялын урлайды. Дийўалларға сызылған ҳаўайы реңли жәннетий қуслардың сүўрети тойғын көк ҳәм тоқ қырмызы рең менен жарысып, бир-биринен сәўле урлап, сондай сулыў реңди пайда еткен еди, ол көринис елеге шекем Қулшы бийдиң көз алдында жанланып, көкирегин қандай да бир татлы сезимлерге толтырғандай болады.

Ақырында әмир шербетти таўысып, шыны кесени хантахтаға қойды. Тағы бир қолын бир қолына урып даўыслады.

— Бийге сарпай келтириң!

Алға созылған еки қолының үстине мөреленген көк шапан тасланған екинши хызметкер таяр болды.

— Қәне бий, ийнińизди тутың!

— Қуллық, әмирим.

Шапанды әмирдиң өзи хызметкердиң қолынан алып, сәл еңкейген Қулшының еңгезердей ийнине жапты.

— Сарпай мүбәрек болсын, Қулшы бий!

— Қуллық, қуллық.

Әмирдиң шардәресинен кеўли көтерилип шыққан Қулшы бий әтирапқа сер салып қарады. Кирер аўызда, мүйеште, бағ тәрепте ҳәр жер, ҳәр жерде қолларына найза менен қалқан услаған, басларындағы жез дубылғалары қуяш нурына шағылысып-шағылысып кететуғын, еңгезердей ири, палўан денели сақшылар көринди. Бағ ишиндеги-лерден басқаларының кирпигинен бөлек жери қыймылдағаны көзге шалынбайды, мисли тас мүсиндей қатып турыпты. “Кенегес пенен маңғыт жигитлери” деп ойлап қойды бий. Бес-алты жерде арнаўлы түрде исленген тас наўалардан ағып түскен суўлардың қулаққа жағымлы сыңғырлаған, жайпарахат сести еситилип турыпты. Сәске болып, күн ысый баслаған, сол ушын бүлбиллер сайраўын салқын түскенше тоқтатқан, олардың орнын зәрүр ўақытта таяр турыўы ушын шардәрениң ишине қурылған атхананың, шардәре тамының төбесин мәканлаған қумырылардың сести басып турар еди. Әмирдиң жыллы қабыллаўынан, алған сарпайынан кеўли толып, аяғы жер илмей киятырған бий дөгеректеги сулыў көринистен де заўық алып үлгерди. Әне, сол ҳәмирдиң аяғы Қулшы бийди Сыр бойын жайлаған қарақалпақларға, олардың бийи Жаңабергенниң алдына шекем алып келген. Қалған жағы оларға байланыслы. Деген менен “қуры табаққа пәтия жүрмейди”. Қулшы ол жағын да алдын ала ойлап қойған еди.

— Ал енди бийлерди көндириў де аңсатқа түспейди. Сол ушын мынаны алып қойың. Керек жеринде ислетерсиз. “Зер менен ақ дәўдиң көзин оярсаң” деген ата-бабамыз, — деп Қулшы бий бир ҳәмиян теңгени дастурханның шетине таслады.

— Бизди ҳижалат қыласыз, бий баба, — деп Жаңаберген бий қолының қыры менен ҳәмиянды Қулшыға қарай қайтып ысырып қойды. Бизди алла алдында гүнакар қылмаң, төбемизде қудай бар, еки ийнимиздеги еки периште бар, иншалла бунысыз да исимиз алланың жәрдеминде пите берер.

Қулшы иштен өкинди. Қыңырлық қылғанларды теңге берип жумсартар, деген қыялда болған, қалай дегенде де өзине үлкен исеним менен әмир тәрепинен тапсырылған исти орынлаў нийетинде, өзине де хош келмейтуғын бул ҳәрекетти қылмаққа тәўекел еткен, енди болса еки арада ойлары сарсаң-кесек ҳалатта қалған еди. Ортаға шөккен бийжағдай үнсизликтен кейин бий өзин оңлап алды.

— Үзир қылың, Жаңаберген бий, бизди жолдан аздырған шайтандур, — деди Қулшы бий қәддин бүгип.

— Ийилген басты қылыш кеспес, Қулшы бий. Әлбетте, шайтан жолдан шығармаққа таяр еди, лекин оны қыла алмады. Көп ҳижалат болмаң. Дурыс, алтын-гүмис сыңғырлысы қулағын елең еттирмейтуғын кимсе жоқдур, бирақ биз екеўимиздиң арамызға бул араласпасын дегеним бөтен емес шығар.

Жаңаберген бий гәпти буннан артық созып, қонағының кеўлине гийне келтириўди хош көрмеди.

— Өткен иске салаўат, Қулшыжан. Арамыздағы кейинги гәплерди умыт. Яхшы тилеклер тилейик, исимиз оңынан келгей. Песинниң мезгили өтпекши. Қаза қылмайық, деп орнынан қозғалды.

Песинди бирге ада қылды.

Ертеңине кеўлин жәмлеген Қулшы қайтып жолға түсти.

Қулшы бий аўылына жетер-жетпес пайытта Жаңаберген бийдиң аўылына екинши бир атлы жетип келип, атының басын Салтық бийдиң үйине бурды.

Ҳәр кимниң өз мүддәҳәси бар еди, ақыры. Ол соңырақ мәлим болды.

Бухара әмири Шахмураттың Қулшыны жумсағандағы мақсети, қоңсылас ханлық тәрептен келетуғын қәўиптиң алдын алыў ушын шегаралас жерлерге жаўынгер қыпшақ руўларын көширип әкелип орналастырыў, керек болған пайытта олардың көмегине таяныў, солай етип елдиң тынышлығын сақлаў еди.

“Тамның да қулағы бар” деген сөзди бийкарға айтпайды.

Сол сапары әмир Шахмураттың Қулшы бийге айтқан пинҳамы гәплерин ҳеш ким еситкен жоқ деп ойлаған әмирдиң өзи де, бий де алжасқан еди. Перде артында хызметке таяр турған хызметкерлердиң бири душпанның жансызы еди, қайсысы екенлиги ҳеш кимге аян болмастан перде артында қалды, оның үстине олар бир нешеў еди, тағы да пинҳамы деп ойланған сырдың душпан тәрепке мәлим

болғанлығын ҳәм көп ўақытқа шекем ҳеш ким билген емес, Қулшының пәминше де ол сырдың паш болғанын өзинен өзге ҳеш ким билмесе керек.

Ҳәр бир сарайда, ҳәр бир салтанатта болатуғыны сыяқлы әмир сарайында, әмир әтирапында, әмир шардәресинде де жансызлар табылар еди. Ақшам түсип, ҳәр ким жайлы-жайында дем алып атырған пайытта бир хызметкер шеткерироектеги өжиреге келип, ол жердеги киширек бир ҳәмелдар менен гезлесип, гүңкилдесип сөйлести, ол өз гезегинде шардәреге кешлетип балық алып келген адамға бир нәрселерди түсиндирди, ол да көп егленип турмастан балық салып келген себетлерин әмир асханасындағы тийисли адамларға тапсырып өз жөнине кетти. Солай етип келеси күни таң ағарып атаман дегенше мың үйли, еки мың үйли қыпшақларды көширип келиў ҳаққындағы пинҳамы хабар тағы бир сарайдағы тағы бир жансызларға, соңынан тағы бир салтанат ийесине барып жеткен еди. Ол да Сыр бойын жайлаған көшпелилерге салтанат ҳүкимдарларының исенимине кирген, қыпшақларға да бөтен болмаған бир кисини атқа мингизип, керекли гәплерди уқтырып, жолға салып үлгерди. Бул ислердиң нәтийжеси жоқарыда айтқанымыздай соңырақ аян болды, аян болғанда да көпшиликке гүмилжи, ал Қулшы бийге ғана аян болды ҳәм оның басына көпшилик тәшўишлердиң келип түсиўине де тийкарғы себеплердиң бири болған болса тәәжип емес...

Төменде байлаўлы ат оқыранды. Жүрмел менен Ботабектиң аты жақын байланған еди. Постынын қумға төсеп, узынына түскен атқосшының ақшамғы уйқысызлықтан соң көзи илинип кеткен екен, аттың оқыраныўына ояна қоймады, үйирлес еки ат бир-бирине тумсығын тақап, сары жүрмел шыңғырып киснеп жибергенде ғана шоршып оянып, басын көтерди. Дәслеп ҳеш нәрсеге түсинбей, аңы ушып әтирапқа көз жиберди, еки айғырдың шайнасып, тебисиўге сәл қалғанын көргенде барып өзине келди де, “ҳә!” деп бақырып жиберип, жас жигитлерге тән болған шаққанлық пенен орнынан ырғып турып, атлардың жанына жетип барып, ғайбар жүрмелдиң жылаўына жабысты ҳәм атларды тислесиў менен тебисиўден арашалап қалды.

...Торықасқа атты урлаўда Төлесинниң қолы бар, деген гүман болған менен тилге тийек етерлик анық дәлиллер жоқ еди. Оның урылар ишинде болғанлығын, атты алып кеткен үш адамның бири екенлигин, Тағаберген сейис те, ат үстинде болған Ережеп те дәлиллей алмас, ал қолға түскен еки уры Төлесинди танымайтуғынлығын, көрмегенин, билмейтуғынын айтып ант ишти. Арадан ўақыт өтип, көп нәрсе умытылды, үш урының қумдағы излериниң өшкени киби бир қатар гүманлар думандай тарқады, барлығы өз орнына келген

сыяқлы еди. Гүзде Амантүбек дөгерегинде болып өткен кишигирим тойларда болған бәйгилерде Торықасқа бәйгиге қосылған атлардың бәринен озып, бир өзи оқшаў келип жүрди. Бул арада Төлесин де көзге түсе бермеди.

Амантүбекте Ералы байдың тойының даңқы көп жерге тараған, ол туўралы еле айтысып жүреди, үлкен той болған еди. Қулшыға қусап жигит ағасы шағында уллы болған бай Миянкөл, Қаракөл, Нурата әтирапларындағы тамыр-таныс, жора-жолдасына тойға айттырды. Палўанлар гүрес тутып, қошқарлар гелле тасласып, қур бир неше ўақыт тарқамады. Үшинши күнге қарағанда барып, той ийелери бәйги менен ылаққа пәтия беристи. “Той десе қуў бас жумалайды” демекши, бәйгиге ат қосыўға талабан көп еди, Қаракөлден Рахманбергеннниң торысы, Миянкөлден Султанбектиң ала аяғы, Хийўадан Бабажан баққалдың көк аты, Дешти Қарақалпақтан Басымбет батырдың ақжалы, Қыяттан Бөрибайдың шәўкер аты, қулласы жылқы аяғы жеткен жерден топлымда озып, байрақ алып жүрген атақлы атлар жыйналған еди. Бас байраққа он түйе, тете байраққа бес түйе, үшинши болып келгенге боталы түйе тигилгенин еситкеннен бе, қулласы байраққа ат қосыўға талабан көп болды. Ишинде “усы ат шабатуғын ат-аў, бәйгиге бир қосып көрсем нем кетипти” деўшилер де, тексиз, дерексиз, ата-енеси намәлим ябысын жетелеп келип, тәўекел кемесине миниўшилер де жоқ емес еди.

“Ат шаппайды, бап шабады”, дейтуғынлар да табылып қалады. Бул гәпке толық қосылып болмайды, әлбетте. Тексиз ат шаўып қайда барар еди. Деген менен Мақтымқулының “Қаразбан қолына түссе алғыр баз, қанатын қайырар қәдирин не билсин, бир шопан қолына түссе бир алмас, шақмақ тасы етер қәдирин не билсин”, дегениндей текли, дойнағының жели бар қаназат сейисине түспесе, ол да узақ шаппайды, бабы менен суўытылып, тери алынып, зыят семиртилмей усланбаса я аяғына жем түседи, я жаңылыс басып, аяқтан майрылады, я май тығылып, исип кетип жолда қалады. “Торықасқаның топлым жарып, бәйгиден бәрқулла озып келип жүриўи бир жағынан жайы жәннетте болғар Тағаберген сейистиң арқасында еди-аў” деп ойлады Қулшы. “Енди Тағаберген де жоқ, Торықасқа жаныўар да жоқ бул жарық әлемде”.

Тойда қарақалпақ бийи Қулшы бийге айрықша иззет көрсетилди. Елиниң бийлери ҳәм уламалары менен барған еди, арнап отаў тиктирип, тай сойып, қой сойып үш күн сыйлы қонақ етти. Сәске пайытта тойдың бәйгисине пәтия берилди.

Сүмбиледен соң, умытпаса ақырап айының иши, күн қоңыр салқын, ат қанша шапса да алқынбайтуғын пайыт еди. Бас бәйгини Тәжибектиң қумынан жиберетуғын болды. Бәйги сызығы Арзының

дәрўазасы етип белгиленди. Еки арасы отыз шақырымнан артық болса артық шығар, бирақ кем емес еди. Бәйгиге талабанлар топ-топ болып бакаўыллардың ҳәмирине бойсынып, суўытылған, қулақлары ай менен жулдызды гөзлеп турған, қус тумсық ерлердиң астына жаңа ғана салынған, ат емин-еркин дем алыўы ушын тек бел айыл тартылған, қуйрықлары түйилген, жаллары реңли сабақлар қосып өрилген, торы, көк, буўрыл, боз атлардың жылаўларын тартып, жедел жүрис пенен жортып кете берди. Атлардың ийелери болса жақын-жуўықларын қыйын ҳәм жуўапкерли сапарларға жөнетип атырған киби:— Ал буўрылым, дойнағың дәрт көрмесин илайым, топлымды айырып, алдында келгейсең,— десе тағы бири: — Ҳәй жаныўар жийрен атым, қылған мийнетимди, берген жемимди ақлағайсаң, деп атыр, ал тағы биреў болса қапталласып жортып баратырып атшабар балаға: “Жары жолдан өтпегенше жылаўды толық жаздырма, бәйги сызығына бир-еки шақырым қалғанда толық жаздыр, сыйпап қамшыла, оңлы-соллы сийдиртип қамшылай берме, онысыз да ала аяқ жаныўар сызыққа жақынлағанын сезип, дойнағында барын шығарады, гүдарыдай созылады”, деп ақыл бермекте. Қулласы ҳәрким ҳәр жақтан ат қосып, атлылар топары аўыл-елдиң сыртына шекем бәйгиге жиберилген атларды гүзетти. Соңынан биреў-екеўлеп қалып, излерине қайтты.

Тағаберген сейис атты бәйгиге кемиссиз таярлады, деген ойда еди, бул ойы дурыс та еди. Ол атты ертлеместен бурын ығал шүберек пенен аттың жүниндеги кеўип қалған терди асықпай ҳәм еринбей артып шықты. Жонаның жаз бойы күнге күйреп қатқан жерлерин асықпай отырып тоң май менен майлады. Терликти қуяшқа жайып кептирип, соңынан уўқалап жумсартты, жыйрықларын жаздырып қағып-силкип әбден кәмине келтирип, соңынан атты ерледи. Ерди қуйысқанлады, сийнебәнтледи, оларды ат созылып шапқанда ҳәрекетке кесент келтирмесин, деп узынырақ қылды, бел айылды бос қойды, шырыстырып тартпады, себеби сийнебәнт пенен қуйысқан ерди услап турар еди, сол ушын айылды бослаў тартты. Соң дөгерегинде айналшықлап, алысқа кете алмай жүрген Сейилханға, ол атшабар еди, асықпай түсиндире баслады.

— Өзиң билесең, сонда да айтайын. Барғанша, яғный Тәжибек қумға шекем ҳасла асықпа, аттың күшин тежеп, жорттырып бара бер, бакаўыллар қыстастырар, бирақ оларға онша қулақ түре берме. Қайтыўға пәтия берилгеннен соң да “басқалар кетти” деп, бирден атты қыстама. Кейинги топар топлымның ишинде бол. Өзиңди шетирекке ала бер. Тоқтап тур, тоқтап тур. Жақсысы я алдында, я артта жүр. Сонда сумлықлы атшабарлардың қамшысынан аман боласаң. Олардың аласы ишинде болады, атыңның патлы екенин сезсе қапталласқанында, я өзи озып баратырғанда астындағы атын

қамшылаған болып, я саған, я атыңа зақым жеткизеди. Сол ушын ҳаслында дара жүргениң мақул. Бирақ алдынғылардың атларының қуйрығын бағдарлап ат айдай бер, сонда олардан көп қашықламайсаң, керек пайытта қуўып жетип, озыўың қыйын болмайды. Араны көп аштырма. Жолдың жартысы изде қалғанда Торықасқа ақ көбик болып терлейди. Әне, сонда ашылысады. Оннан соң жылаўын тартпа, өз еркине қоя бер. Қапталласқанда араң ашық болсын, "оздырмайман" деп атын алдыңа кесе тартпасын. Әўеле қудай неше бир атты айланып өтсең де Торықасқа сени изде қалдырмайды, иншалла.

Тағы айтатуғыным. Ҳеш ғапыл болма. Барғанша жолды жақсылап серлеп ал. Дығырық қай жерде, қай жер қумлақ, қай жер боз, қайсы жерде ой, шуқыр барын пәмлеп бара бер. Сол көргенлериңе қайтарсын әмел қыл, дығырық болса жылаўды тарт, қумлақ жерде атты қыстама, боз жерде оқпаннан сақ бол. Әйтеўир алланың өзи яр болып, алдыңнан бәле-қаданы гезлестирмегей. Тағаберген сейис сөзден тыйылып, бир нәрсени умытып, соны ядына түсирмекши болған яңлы азғана иркилип турды. Соң бурылып барып отаўдан бир зерен май сөк әкелди. Оны шүберекке түйип, Сейилханның қойнына салды.

— Умытып баратыр екенмен. Бакаўыллар "ал әўмийин" деген пайытта мына сөктен бир-еки уўысын атқа асатып жибер. Суўлығын алып отырма, қалғанын өзиң аса. "Басқалар кетти" деп асықпа, қуўып жетесең, көп егленбе де. Суўлығын алмай, қолыңды толтырып асат, өзиң де аса, деп қайталар еди сейис. Бул сөзлерди сырттан бақлап турған бий анық еситкен еди.

Тағаберген шамасы Жаңадәрья тәрептиң қарақалпағы еди. Оның өз журтында ата-анасы, туўысқанларының бары-жоғын, үйленген-үйленбегенин де ҳеш ким билмес, сейис сыпатында ат жөнинде көп нәрсе билетуғыны ушын қәдирленди. Реңине, шоқлығына, қуйрық-жалына қарап аттың минез-қулқын айырыўда, сийнесине, қулағына, артқы ҳәм алдынғы аяқларына қарап аттың ҳөнерин таныўда айтқаны дурыс келетуғын сыншыл еди. Ол өзиниң өтмиши жөнинде гәп қозғаўды сүймес, адамлар менен көп араласыўды, сыр айтыўды жақтырмас, сол ушын да бәрқулла жеккеленип жүрди. Узын бойлы, жүн шекпенин шешип қойғанын қысы-жазы ҳеш ким көрмеген, үйи де, жатағы да, кең сарайы да атхана қасынан салынған шағын ғана өжире болып, оған да өзгениң кирип-шыққанын ҳеш ким көрмеген.

Адамға араласпайтуғын бул минези оның үстинен ҳәр қыйлы гәп-сөз айтылып жүриўине де себеп болды. Биреўлер: Тағаберген Жаңадәрья бойында байлаған баўды кесетуғын ат урысы екен, пәленше деген байдың үш үйир жылқысын урлап айдап келип Хийўаға сатып, алтынларын өзи билетуғын бир жерге көмип қойған

қусайды, десе, тағы биреўлер оннан да асырып: ол бир байдың қызына ашық болыпты, буны "жетимсең, жарлысаң" деп бай қызын бермепти, өлердей ашық екен, ақырында бай қызын узатып тыныпты, Тағаберген "маған буйырмаса саған да жоқ" деп сүйген қызын тийген ери менен бирге гүм етип, қашып кетипти, дегенге уқсаған гәп тарқатып жүрди.

Анығында, Тағабергенниң сырлы тәғдири өзинен басқа ҳеш кимге де аян емес еди ҳәм енди мәңги солайынша қала береди.

Қулшы бий Тағабергенниң қалай пайда болғанын көз алдына келтирди. Қаңтар айының иши еди. Аўыл қыслаўға қонған. Недур себеп болып, уйқысы қашып кеткен бий тонын жамылып, тамнан тысқарыға шықты. Түн жарпынан аўған, аўыл шырт уйқыда еди. Сейисхана бетте негедур ийтлер шабаланып үре берди. Сақшылар уйқылап қалған болса керек, ҳеш ким сес бермеди. Ийтлердиң шабаланып тынбай үргенинен қәўетерленген бий ерксиз түрде белиндеги алмас қанжарын барлап көрди, орнында екен. Жерде қар бар, күн шымыры аяз, аяқтың астындағы қар шерим етиктиң табанындай шықыр-шықыр етеди. Сейисхана бетке бес-алты қәдем атлады. Айдың жарығында дийўалға сүйенип турған көлеңкени көрип, жүреги қатты-қатты соғып кетти. Қолы ерксиз қанжардың сабын сығымлады.

— Кимсең?

Даўыс салқын, тымықта жаңғырықлап кетти. Бирақ көлеңке жуўап бермеди.

— Кимсең? Доспысаң, душпанбысаң, жуўап бер!

Тағы жуўап болмады.

Сонда барып бий, дийўалға сүйенген көлеңкениң ҳалдан тайған кимсе екенин пәмледи.

— Ҳәй, ким бар? Алламберген, уйқылап қалдыңлар ма, шық тысқарыға. Бий атхана жанындағы сақшылар болатуғын пәскелтек өжирениң есигин ура баслады.

Ишкериден көзлерин уўқалап, еңгезердей еки жигит атылып шықты.

— Уры емес пе екен, бий аға?, — деди өзине келген жигитлердиң бири.

— Уры тамға сүйенип, кел мени услап ал, — деп турар ма еди. Уры емес. Кимде болса жәбирленген биреў шығар. Алды бурын көмек берейик, ким екенин кейин сорарсызлар.

Қолында жарағы жоқ па екен, деп гүмансыраған сақшылар қанжарларының сабын сығымлап көлеңкеге жақынласты, оннан ҳәрекет болмаған соң батылланып, қасына барды.

— Ҳәй жора, неғып турсаң, жуўап бер! Болмаса өзиңе жаман болады.

Көлеңке жуўап бериўдиң орнына ыңырсып қойды.

— Жарадар қусайды!

— Жора, жарадармысаң?

Көмек керек еди. Еки жигит еки жағынан қолтықлап сақшылар өжиресине алып кирди.

— Ҳәзир қандай көмек зәрүр болса көрсетиң, тоңып қалған көринеди. Ҳәллендириң. Азанда не болғанын өзинен билермиз, — деди бий.

Таң атқан соң, түнде сақшылар өжиресине киргизилген адамның өзи аяққа турып, келе алмайтуғынын еситкен Қулшы сәскеде өжиреге өзи кирди. Пештиң қуўысына жатқарылып, үстине постын тасланған, түнги мийман уйқыда еди. Оятпақшы болып қолайласқан жигитлерге бий “оятпаң”, деп белги берип, шығып кетти.

Шақырылмаған қонақ өзине келемен дегенше бир ҳәпте өтти. Соннан кейин ғана еки жигит қолтықлап бийдиң ҳүзирине алып келди. Сәлемлесип, төсеўли кийизге дизерлеп отырды.

— Ал иним, қайдан жүрген адамсаң, доспысаң, душпанбысаң? Бизди ҳалыңнан хабардар ет, — деди Қулшы алдында айыплы адамдай дизерлеп отырған, жүзи менен қулағын суўық алған, ерни тобарсыған узын бойлы, арық жигитке.

— Хийўа таманнан келемен, тақсыр, — деди жигит басын көтермей, сизге, елиңизге душпанлығым жоқ, ант ишемен. Атыңызды, әдиллигиңизди еситкенмен. Суўықтан, ашлықтан жолда атым өлип, өзим жаяў қалдым. Қол-аяғымды да суўық алған көринеди. Өлер ҳалатқа келгенимде сизиң қыслаўдың үстинен шықтым. Атханаға кирсем аман қаларман, деген нийет пенен диңке кетип, дийўалға сүйенип турғаным еди. Қалған жағын сорамай-ақ қойың.

— Атың ким? Кимниң улысаң? Кимнен не жәбир көрдиң, қолдан келсе көмек қылайық.

Жигиттиң суўықтан қарайып кеткен жүзине көзинен аққан жаслары сорғалай берди. Ол шүберек пенен таңып қойылған қолы менен жасларын сыпырды. Сол қапталының аш бүйиринде жарасы да болса керек, анда-санда сыйпап қояды. Жигиттиң кимнендур жәбир көргени, кемлик көргени, зулымға шыдамай қашып шыққанын түр-түсинен аңғарыўға болар еди.

— Атым Тағаберген, әкемниң атын сорамай-ақ қойың, аға. Өтинемен, тәғдиримди де сораман. Излеп келетуғын қандарым да, туўысқаным да жоқ, — деп иркилип қалды.

Кеўилшеклеў бийдиң кеўли босасты. Буны жигит те сезсе керек, гәпиниң изин жалғастырды.

— Мени қуўмаң аға, бир есигиңизге келген жетим деп есаплаң, eң болмаса өзиме келип алғанша қарасық қылың.

Бий қыял етти: “Егер жаман пығылы болғанда жанында шериклери, астында аты менен қолында жарағы болмас па еди? Келбетине қарағанда қаст етсе қолынан ҳәр нәрсе келгендей жигит. Бирақ, белиндеги қанжарынан өзге қуралы жоқ, жалғыз өзи жаманлық қыламан деген ой менен жүрмеген шығар. “Мал аласы сыртында, адам аласы ишинде” дегени де бар, Қулшы өзи менен аразласып, душпан болып, сыртынан тисин қайрап жүрген ҳеш кимди ядына түсире алмады. Бул да биреўдиң жалғыз перзенти, биреўдиң үмит еткен сүйениши шығар, ким билсин. Қалай дегенде де, қыраўлы қыс айының ишинде үстинде жалғыз жүн шекпени болған, есик қағып келген мүсәпирди, жолынды тап деп айдап салыў көшпели халықтың дәстүрине де, мусылманшылыққа да дурыс келмес, оны қолы ашық сақыйлығы, миймандослығы, мириўбети менен даңқ шығарған Қулшы бий қыла алмас, қолынан келмес”. Қыялынан усындай ойлар дизбеги кешкен Қулшы бий жигитти қуўып жибермеўди, eң болмаса жаралары жазылып, бойын тиклеймен дегенше қыслатыўды шешти. Кимнен жәбир көргенин, ата дәрегин сорай берип қыстаўға алмады, өзи ўақты келип өз тәғдири жөнинде баян қылар. Болмаса “базарда мың киси бар, ким менен кимниң иси бар?”.

Қыс өтип, бәҳәр келди. Атхананың жанындағы өжиреде сақшылар менен бирге қысты өткерген Тағаберген оңланды. Суўық алған жерлер жазылды, бирақ аяқ-қолының бармақларының ушы жансыз, топыр болып қалды. Тик аяғына турған күннен баслап оның барлық ўақты атханада, атлардың жанында өтти. Оларға от салды, жем берди, суўатқа барып суўғарып келди, қулласы тыным билмеди, бара-бара атбағарлар менен де, атлар менен де дosласып кетти.

Наўрыздың алдында Қулшының ҳүзирине кирди.

— Кел, Тағаберген, дизе бүк, дүзелген көринесең, қудайға шүкир.

— Сизди алла зыят етсин бий аға. Өлер ҳалатта едим, мәрҳаматыңыз, жақсылығыңыз арқасында жарық дүньяға қайта келгендей болдым. Бул жақсылығыңызды өле-өлгенше умытпайман. Ҳәр күни алладан Сизиң саўлығыңызды тилеп, дуўа қыламан.

— Бир-бирине жәрдем қолын созбақлық, жығылғанды сүйемеклик, жылағанды жубатпақлық ҳәр бир мусылман бендесиниң парызы, — деди бий кеўли толып.

— Аллаға шүкир, қәддимиз сизиң шарапатыңыз арқасында қайта тикленди. Ендиги жағында Сизге салмағым түспесин деймен. Рәўа көрсеңиз хызмет тапсырсаңыз, яқ хызметке нәренжанлық етеди деп ойласаңыз, ол қолының топыр болып қалған бармақларына өкиниш пенен қарап қойды да сөзин даўам етти, нәбада хызмет болмаса бизге

руқсат берсеңиз, бизде Сизге деген ийнениң ушындай ҳәм ренжиў болмайды бий аға, алла сақласын.

Ол муңлы нәзерин төмен қаратып жуўап күтти.

Бий ойланып қалды. Атханада хызметкер атбағарлар жетерли, оның үстине бармақлардан айрылған бул мүгедек адам ушын атбағарлық етиў аўырлық етпес пе екен? Сақшыларға қосса ше? Қулшы бирер заматқа өз ойлары менен бәнт болды. Пайданы гөзлейтуғын есапданлықтан көре кеңпейиллиги басым келди.

— Мейли Тағаберген, бул ҳалында кимниң хызметин ислеймен, деп барасаң, ҳеш қайда кетпейсең, усы жерде қаласаң. Сақшылық қыларсаң, ат суўғарарсаң, хызмет табылар.

— Алла өмириңизди узын қылсын бий аға, илайым уллы болғайсыз, бий аға.

Соңғы сөзлер бийдиң кеўлин ғамлы бир үмитке толтырды. Бәйбишеге үйленгели оның өкшеси қанамаған, перзент көриў, уллы болыў Қулшының кеўлиниң бир мүйешинде күндизлери қалғып жататуғын, ал узақ ақшамларда нәбада абайсызда бир нәрсе қаттырақ тийип кетсе қаны тоқтамай азап беретуғын жара киби сызлап, уйқысын қашыратуғын бир сезим еди. Тағабергенниң аўзынан шыққан “Илайым уллы болғайсыз” деген сөз үмит оятып, тап усы бир мүсәпир адамның айтқан жыллы сөзи оңынан келетуғындай түйилди, оның аўзына бул жақсы сөзди алла салып турған шығар, деп жақсы нийет қылды.

— Айтқаның келгей Тағабергенжан, деп жиберди. Бул сөзлер жүрек төринен шыққан еди. Кең маңлайының түпкирине терең жайласқан көк көзлеринде жас айланды. Пәтиктеги кишкене ғана терезеден түскен қуяш нурлары өжирени ала көлеңке етип, жақтыртып турған еди. Дөгерегимдегилер көзимдеги жасты көрип қоймады ма, деп гүманланған бий, өзин оңлап алды.

Тағаберген жанланды.

— Бир илтимасым бар аға.

— Айт. Қандай илтимас екен?

— Сақшылықты тапсырсаңыз бас үстине. Түни менен сақшылық қыла беремен. Дурыс, ат сейислик қылмаған кәрим. Бирақ жылқы арасында туўылып, жылқы арасында өстим. Балалығымда тыңлаған ертеклеримниң барлығы ат ҳаққында болатуғын еди. Есапсыз сейислер менен жылқыманлардың аўзынан жылқының бийноқыясын, аттың бабы ҳаққында әңгимелерин еситтим. Үш жасымнан баслап аттың белинен түспедим. Соның ушын жылқының мен билмейтуғын сыры кемнен-кем.

— Мақтанды деп ойламаң, атханаңыздағы бәйги атларыңыздың ишинде жийренқасқадан басқасының бәйги алыўы еки талай.

— Бул ат сыншысыман, дегениң бе? — деди бий.

— Яқ, бий аға, мақтанбақшы емеспен. Ол маған жараспас та. Атханада қалыўға руқсат етиңиз. Жийренқасқаның бабын исенип маған берсеңиз. Айтажағым сол еди бий аға, ҳәр қалай жүрек етип ишимдегини айттым, сақлап қалмадым.

Бий тағы ойланып қалды. Оның пикиринше атханада сейислер жетерли еди. Бирақ, мүсәпир жигиттиң зейнин жыққысы келмеди.

— Мейли, жийренқасқаны сениң ықтыярыңа тапсырады. Сейислеп көр.

Соның менен гәп питти.

Арадан жыллар өтип, Тағаберген Қулшының атақлы сейиси болып, даңқ таратады. Жийренқасқа жүйрик болып, бир неше жыллар топлымда озып, бәйги алып жүрди. Тағабергенниң пәтиясы қабыл болды ма, арадан жыллар өтип, Ережеп туўылды...

Сол сапары Торықасқа жаныўар Дешти қарақалпақ Басымбет батырдың Ақжал атынан қаракөрим алдында, биринши болып келген, бас байрақты алып, Қулшы бийди қуўантқан еди.

...Бәйгиден кейин де той тарқамады. Кешқурын ортаға от жағылып, бир неше жерде қур жыйылып, жыраўлар менен бақсыларды тыңлады. Нуратадан келген бақсының:

Мениң атым Шаңқут бахшы,
Бир сөзим бир сөзден яхшы,
Жийдели Байсыннан шыққан,
Байшубардай тулпар шапқан,
Алпамыштан айтайын-ма жәмәәт!
Ғыйраты белине минген,
Неше йыллар дәўран сүрген,
Душпан йығлап, досты күлген
Горуғлыдан айтайын ма жәмәәт!

— деп жырлағаны, лақайдың қоңыр даўысына қосылып, бақсының сеси алыс-алысқа таралып жаңғырықлағаны ядына түсип, қамыққандай болды. Ата-бабалары әсирлер бойы мал жайып, отар айдаған жайлаўлар менен далалар, балалықтан қәдирдан болып қалған қыслаўлар менен суў бойына жақын жазлаўлар енди изде қалып баратырғанын, алдында көп белгисиз ўақыялар күтип турғанын ойлаған бий аўыр ойдан бас көтерип, жүрип келген тәрепине, изине қарады.

...Сол күни ҳәмме қуўанышлы, шадды-қоррам, Тағаберген сейистиң көп жыллардан берли күлки не екенин билмеген жүзинен бий күлки көрген еди.

— Көз айдын, бий аға! Торықасқа менен Ережепжан елеберин сизиң атыңызды әлемге жаяды! — деди ол езиўи жыйылмай. Өзи

күлкиден езиўи жыйылмай турса да шүңирек көзлериндеги терең муңды жасыра алмас еди.

— Айтқаның келсин, Торықасқаның озып келиўи өзиңе де көз айдын болсын. Бул ислерде сениң мийнетиң уллыдур!

— Тәңри жарылқасын, қуллық бий аға: “Аттың дәўлети шабады, әўмети шабады” деп еситтим бир кекседен. Сол айтқандай, Торықасқа менен сизиң дәўлетиңиз сүринбегей, илайым.

— Әўмийин, аўзыңа май, айтқаның келсин, иним.

Қурлар таңның алдында тарқады. Таң атса тойдың тамашасы да саўылар еди. Бий өзге бийлер менен қайырласып, өзине арналған отаўға келди. Салыўлы төсек жыйналмаған. Таң намазға шекем ўақыт бар, көз илиндирип алса болады. Таң намазын оқып, азанғы астан кейин той ийеси Ералы байдан руқсат сорап, бәйгиден алған он түйени жигитлерге айдатып, елге қайтады.

Жатар алдындағы дуўасын оқып, отаўдағы салыўлы төсекке қыйсайған бийдиң көзи илинип баратырған еди. Тағабергенниң даўысын еситип, оянып кетти.

— Бий аға, турың, бий аға! Қурып қалдық, бий аға, — деген зарлы ҳәм ызалы даўыс қуйқасын жуўлатып жиберди.

— Не болып қалды, Тағаберген, — деп даўыслады бий үстине жамылған жүн шекпенин силкип таслап, орнынан турып атырып.

— Торықасқа, Торықасқа, қурып қалдық! Өзиңиз барып көриң! Көзикти жаныўар, көзикти.

Тағабергенниң сөзинен анық бир нәрсе билиў қыйын болса да, атқа бир бәле болғанын, ҳәмме уғынды. Оянып үлгергенлер: қоңсы отаўдағы Қулшы менен бирге келген бийлер, атқосшылар тура-тура сейистиң болып атырған отаўы жанындағы сырты жыңғыл менен қоршалған атқораға асықты.

Кимдур лаўлап жанып турған шом таўып келди. Торықасқа байлаўлы қораның ергенеги ашық, ишкериде үймелескен үш-төрт атбағар көринди. Шом көтерип алғанларға жол берилди.

Жаныўар Торықасқа шөп салынатуғын, тастан ойылған ақырдың алдында аяқлары созылып жатар еди. Қырылдап дем алғанда жуқа танаўлары қустың қанатындай елп-елп етеди.

— Жаныўарым, жаныўарым, не болды? — деп Қулшы аттың алқымындағы бармақтай болып исинип кеткен гүре тамырға қолын басып көрди. Тамыр гә соғып, гә тоқтап урар еди.

— Қасынан жылжымаң, бир заматқа ҳәм қараўсыз қалдырмаң, деп тапсырып едим. Бул жерге өзге адам келмеди ме?

— Мен саралап қайтайын, — деп Әбсаметти қалдырып кетип едим. Саралап болып қайтып келдим. Болғаны. Ақырдағы жоңышқаны

гүрт-гүрт шайнап турып еди, бирден “гүрс” етип қулады да, қырылдай баслады. Әй көзикти-аў жаныўар, көзикти.

Ол бирден иркилип қалды. Азғанадан соң жан даўысы менен қышқырып жиберди.

— Торықасқаны уўлаған! Уўлаған! Мәргүмиш! Төлесин! Атаңа нәлет, Төлесин, неге мени уўламайсаң? Тилсиз жаныўардың не гүнасы бар еди? Ол тентиреклеп кетип, өзин услап жығылмай аяғында тик турып қалды. Кейин инсанға тән болмаған шаққанлық пенен атбағар Әбсаметке тасланды. Бир қолы менен шекпенининң жағасынан услап қылғындыра баслады, екинши қолындағы еки жүзли қанжар шомның жарығында жалтырап кетти. Бул ҳәрекетлер көз ашып-жумғанша тез болған еди, ҳеш ким арашаға түсип те үлгерген жоқ.

— Айт Әбсамет, мен жоқта бул жерге ким келди? Айт, ҳәзир қанынды ишемен! Айт!

Қорқып кеткен Әбсаметтиң тили сөзге гүрмелмес еди. Бир нәрселерди былдырлады.

— Ҳеш ким... Яқ келди, қара шекпенли, қара шекпенли... келди...

— Ким еди? Не айтты? Не деди? Сөзлер шомның жарығында жалтырап турған қанжардай өткир ҳәм қәҳәрли, ҳәм суўық еди.

— Ким екенин билмеймен, атын айтқан жоқ, атбағар...

— Не деди?

— Бәйги алған атты, Торықасқаны көрейин, — деди.

— Сен не дедиң?

— Жақынлама, кет, дедим. Ол болса шәпиктей жабысып, кетпеди. Атты бир айланып, саўырына бир шаппат урды. Соң кетти.

— Көрсең таныйсаң ба?

— Қараңғыда жүзи анық көринбеди. Даўысын таныйман.

— Төлесин жумсаған, — деди Тағаберген. Сести қырылдап ҳәм қорқынышлы шықты. Пүткил әлемди өртеўге бел байлаған адамның сести сондай болып шығар, бәлки. — Төлесин! Қолыма түссең қанынды ишпесем исмимнің Тағаберген болғаны қурысын. Атқа мәргүмиш берген. Енди оның келе болыўы қыйын. Көп қыйналмасын. Шалып таслаў керек, — деди шешиўши түрде. Усы пайытта ол аттың ийеси Қулшы екенин, қандай қарарға келиў керек болса оған сол ғана ҳақылы екенин де умытқандай еди. “Мына Тағабергенниң еси аўысқаннан аман ба екен?”, деп ойлағанлар да болды. Ҳәмме Қулшы бийдиң шешимин күтип, жым-жырт турар еди.

— Мәргүмиш берген болса бәрибир келе болмайды. Тағабергенниң айтқан сөзи дурысқа уқсайды. Жаныўар көп қыйналмасын. Өткен сапары Төлесинниң “атыңа бек бол”, деген ызрағлы сөзинен қорқып едим. Бирақ бәрибир анықлаў керек. Төлесин бе, Төлесин емес пе,

өзин бул әтирапта көрген адам жоқ, гүман ийманнан айырады, деген. Ботабек, атты ҳадаллаң, көп қыйналмасын жаныўар, бирақ мен кеткеннен соң қылың бул исти, көзим көрмесин... Кейин, Тағабергенге көз-қулақ болыңлар, — деген сөзлерди тек атқосшының қулағына сыбырлап айтты. Ашыў менен бир бәлени баслап жүрмесин, және.

Бий атқорадан шығып отаўына келди. Енди көз илиндириўди қыялына келтирмесе де болады. Бул ўақытқа шекем таң алдындағы ўақыяның даўрығы аўылдың барлығын тегис таңғы шийрин уйқыдан оятып болған еди. Қулшы таң намазға таҳарет алып, төрт рәкатты ада етти. Отаўдың жапсарында отырып хызметкерлер таярлап келген аўқаттан жеди. Енди барып Ералы байдан елине қайтыўға руқсат сорайжақ болып, турмаға оқталған еди, жанына Әсен ахунды ерткен той ийесиниң өзи келип қалды. Отаўдың пәскелтеклеў есигинен "Ассалаўма әлейкум" деп тәңир сәлемин бере ишкериге кирди.

Бий келгенлердиң ҳүрметин жайына қойып, орнынан турып сәлемлести. Отаў төринен орын көрсетти. Хызметкерди шақырып, келгенлерге айран, шубат әкелиўди тапсырды.

— Болмас ислер болды, Қулшыжан, — деди той ийеси Ералы салмақ пенен. Қәне ахун аға, бир дуўа етип жибериң аманлыққа.

Байдың жанында келген Әсен ахун қолын жайды.

— Жай қолынды бий аға, алла бериўин жазбасын, жоғалтқаныңның орны толсын, мал бастан садаға деген, иншалла өзиңниң, өзиңнен өрбигенлердиң басы аман болсын, аллаху акбар!

Торықасқа жаныўар тойдың бас бәйгисин алып, ийесиниң абыройын бәлентлетип еди, қуны да бир неше үйир жылқының қуны менен барабар келетуғын еди, оннан қәпелимде айрылып қалыў ийесине аңсат емес, оның үстине Ералының тойында "Қулшының атын уўлап өлтирди" деген гәп-сөз де той ийесине жақсы ат әпермес еди, сол ушын да той ийеси Ералы бай қыпшақлардың бийине өз аяғы менен келип отыр. Қаншелли қәдирли болса да малдың аты мал, ийеси жақсы көргени, қәдирлегени менен жүйрик ат та бир мал, оннан айрылып қалған ийесине кеўил айтыў жарамайды, бас аман қудайға шүкир, деп айтыўға келген Ералы байдың Қулшы бийди жубатыў ушын ойлап тапқан шарасы ахунға пәтия еттириў болған еди. Оны ҳәр нәрсеге пәми тез алысатуғын Қулшы бий де уқты.

— Тәңир жарылқасын Ералы, айтқаныңыз келсин ахун аға. Қудайға шүкир басымыз аман, тек үйде қалған тентегимиздиң бул атқа деген ықласы өзгеше еди...

— Қалай десе де ҳадал малың еди, ҳасыл қаназат еди, илаж жоқ. Несин айтасаң, бизиң тойымызда бундай болғанына биз де қысындық. Излестирип гүман астындағы атбағарды тапқан болдық, сизиң

атбағарыңыз “даўысы уқсайды” дейдидағы, айыбын мойнына қойып, жазаға тартамыз десек гүўа екиленип тур, “даўысы уқсайды, өзин танымадым”нан ары бармайды. Қулласы, биз де арасаттамыз, ақыры қайырлы болғай, әйтеўир, — деп тоқтады Ералы бай.

— «Болары болды, бояўы синди», деген. Енди мойнына алдырамыз, деп бир бийшараны урып-соғып қыйнамасаңлар. Мен не дейин, қудайдан көрдим. Тилсиз жаныўарға көзи қыйып уў берген болса, өзи-ақ қудайдан табар.

— Сонда да анығын билген яқшы. Бәлки биреўлерден гүманыңыз бардур? Жигитлердиң айтыўынша ат сейисиңиз “Төлесин” деген атты тилге алған қусайды.

— Тағаберген гүман менен айтқандур. Торықасқаға қызығып, маған сат деп барған еди, мен сатпадым. Үйдеги тентектиң бул атқа ықласы зыят екенин айтқанман. Төлесинниң ықласын жығыўыма да сол нәрессте себеп болған. Төлесин бир ат жиллиси ғой. Оның қолынан Торықасқаны зәҳәрлеў келе коймас. Еле оның уўланғаны да анық емес ғой.

— Уўланғаны анық көринеди. Өкпе-жүрегин сынаў ушын таслаған екен, жеген бир-еки ийт сеспей қатыпты.

Бийдиң қыялынан әлленешик пикирлер кешти. Көз алдына Төлесинниң делбесыпат келбети келди. “Торықасқаға бек бол, бек бол” деген сөзи қулағына еситилгендей болды. “Сол” деген пикир урланып санасына кирди. “Атты уўлаған Төлесин, Төлесин өлтирди”, деп тәкирарлады ишки бир даўыс. Бирақ ақ кеўил бийдиң де жаманлыққа исенгиси келмес еди. Не ушын? Жүйрик ат тек меники болсын, өзгеники болмасын, деген ой менен бе? Қызғаныш па? Көре алмаслық па? Тағы да Төлесинниң делбесыпат келбетин елеслетти. Үйир жылқыға алмаслағанда болар еди, сол сапары. Ережеп қылмады. Дүньяда өзин “ақылсызбан” деп санамайтуғын, өзгелер пәмли киси деп тән алған дана бийдиң де пәми алыспайтуғын нәрселер тилекке қарсы, дүньяда аз емес еди.

— Көзи қыйып атқа ондай қылған ким екен, бала? Бул саўал бийдиң аўзынан ерксиз шығып кетти.

— Ким болса да қудайдан табар, — деп гәпке қосылды Әсен ахун.

— Өзим барып, тәңир жарылқасын айтып, руқсатыңызды алмақшы едим, — деди Қулшы. Мине өзиңиз келдиңиз. Тойладық, иштикжедик, тамаша көрдик. Енди биз қайтсақ. Руқсатыңыз бенен бүгин жолға түсемиз, Ералы бий.

— Руқсат алладан, — деди Ералы бай. Келсеңиз есигимиз бәрқулла ашық.

— Ал, әўмийин, жолларыңыз болғай.

Көп өтпей Ералы байдың тойынан алдын қуўанып, соңынан Торықасқадан айрылып, қайғырған Қулшы бийдиң топары жолға түскен еди. Торықасқаның орнына он түйе жетелеп қайтты. Бирақ, ол аттың орнын баса алмас еди.

Жолға түсер пайытта ҳәммени көз бенен түўеллеп шыққан бий Тағаберген сейистиң жоқ екенлигин билди.

— Тағаберген көринбейди, — деди бий Ботабекке бурылып.

— Әбсаметке "көз жазба" деп тапсырған едим. Ретин таўып, көзден ғайып болыпты. Сизге айтыўға тартындық.

— Пай адамына тапсырған екенсиздағы, — деди бий ренжип.

— Не қылайық, қыдыртайық па?

— Енди жолдан қалмайық. Тири болса шығар бир жерден.

Айтыўын айтса да иши муздай болды. Бағанағы қәҳәри жаман еди. Бирер иске қол урмаса жарар еди. Еки қолын байлатып, қамап қоймағанына өкинди. Өкингеннен ким пайда көрген?

...Тағаберген сейистиң жүрегин кек алыў, тилсиз, айыпсыз бир жаныўардың бийўақ әжели ушын өш алыў тилеги оттай жандырар, бир орында қарар таўып еглениўге қоймас, ойлаўға, пикирлеўге пурсат бермес еди. Қулшы бийге уқсап оның да ойында, санасында "Төлесин" деген бир сөз айланар, оның делбесыпат келбети елеслер, оның орнын төрт аяғы созылып тас ақырдың алдында танаўы желбиреп, алқынып атырған ат басып кетер, аттың елеси гә қайшыланған қос қулағы жулдызды гөзлеп тепсинер, мақпалдай жумсақ тумсығы менен Тағаберген сейистиң ийнинен нуқып-нуқып қояр, гә жылаўынан услап, қапталласып жуўырып киятырған сейиске жаўдыраған көзлериниң қыйығын салып "мениң менен жарыспақшымысаң" деген яңлы оқыранып қояр, гә жумсақ боз жердиң шаңын аспанға көтерип, узын арқанның ушынан услап турған сейисти айланып ойнақлар, артқы еки аяғында тик турып, шыңғырып киснер еди. Усындай қыяллар санасын бийлеп алған Тағаберген басы аўған тәрепке қарай бир неше мәрте қәдем таслап көрди. Ҳәр сапары кимдур:— Тағаберген, қаяққа барасаң, қайт изиңе! — деп қайтарар еди. Әллен ўақытта өзине келген сейис бир неше гүманлы баққан көзлер бақлап турғанын, оны ҳеш қайда жибермеў жөнинде ҳәмир болғанын аңлап жетти. Өш алыў жөниндеги пикир сөнбегенин, ол пәсейиў орнына ҳәр мәўрит сайын бир дәсте отын салынған ортадағы от киби пәт алып жанып енди пүткил санасын, барлығын күйдирип баратырғанын сезинди. Қалай болмасын гүманлы баққан нәзерлерден аўлақласыў, тутқыннан босаныў керек. Енди ол сумлық ислете баслады. Нәзерин бир нүктеге қадап узақ отырды, қыймылдамады. Тек кирпиги ғана қыймылдар еди. Қасындағылар "бул уйқылап қалмады ма екен" деген гүман менен алдына келип, түртип көрди. Тағаберген сес бермеди. Адамлар: —

Тағаберген сейис шаршады, түни мененги уйқы, Торықасқаның өлими барлығы қосылып сейисти ҳалдан тайдырған, — деген пикирге келди. Оған кереги де сол еди. “Суў ишемен”, деди ол тосыннан, өзинен көз алмай отырған Әбсаметке. Ол орнынан турып, суў әкелиў ушын отаўға кирди. Өзин уйқылағанға салып, көз астынан дөгеректи бақлап отырған сейис орнынан турды да, атқораның ашық ергенегинен шығып, жыңғылдан бир-бирине уқсас етип қурылған сансыз қоралардың арасына сиңип, көзден ғайып болды. Көп өтпей шәңгил қабақ пенен суў әкелген Әбсамет Тағабергенниң орнын сыйпалап қала берди...

Тағаберген гүман туўдырмаў ушын бир-еки қорадан өткенше қәдемин кеңнен басқан менен жуўырмады. Қожамяр бий бас болып келген маңғытлардың отаўын табыўы керек. Өткен-кеткеннен сорастырып көрип еди. Жөнли жуўап ала алмады. Шарқ урып изледи. Қәҳәр-ғәзептен иши оттай жанар еди.

Ақырында Қожамяр бийдиң, баласы Төлесинниң дәрегин Тағаберген бир адамнан билип алды. Айтыўынша, олар таң ата жолға түсип, аўылына қайтыпты. Енди оның изинен жетиў, қасында топар-топар жигитлери бар Төлесин менен алысыў сейистиң бир өзи ушын мүшкил ис екенин аңғарды. Не қылыў керек? Изине қайтып, Қулшыға қосылыў керек пе? Жоқ. Тағаберген сейис бундай ойдан аўлақ еди. Оның қыялын Төлесинниң келбети менен жаныўар Торықасқаның қылықлары тәрк етпеген, ўақыт өткен сайын, ҳәр адым атқан сайын елеслер күшейгеннен күшейип, өш алыў тилеги оны азапқа салар, анығында Тағаберген сейис Төлесиннен де бетер ат жинлиси еди.

Аш болғандай, шөллегендей болды. Есиги ашық турған бир отаўға кирди. Суў сорамақшы еди. ҳеш ким көринбеди. Керегениң басында илиўли турған мести алып, шубат ишти. Жипке жайып қойылған сур еттен бир бөлегин алды да, жей баслады. Соң бир нәрсе ядына түскендей жиптеги гөшлерден алып, белинен енли кәмар буўылған шекпенниң қойнына сала берди. Шығып баратырып өзи орнына қайтып илдирген шубат толы мести қолтығына қысты. Қудай жарылқап үйге ҳеш ким кирип келмеди. Кирип келгенде де Тағаберген оны елестирмеген, оннан тартынып я қысынып отырмаған, алған затлары ушын разылық сорап турмаған болар еди, қағазға сыя менен жазылған хаттың қуяш ҳәм жамғырларда қалып өшип кеткениндей оның қыялында ҳәзир уят, ар-намыс, адамлар жаратқан мәдenият жөниндеги түсиниклер де өшип кеткен, оның орнын тастан ойылған ақыр алдында төрт аяғы созылып, дем ала алмай алқынып атырған аттың сүўрети толық ийелеп алған. Оны енди ҳештеңе: тойдан соңғы шаўқым, гүзги ашық аспан, арқадан ескен, жанға рәҳәт бағышлай-

туғын қоңыр самал, алыстан мунарланып көринип, бәрқулла өзине қандайдур бир тилсими менен инсанды шақырып туратуғын таўлар, изде қалған өмир, дүркин-дүркин жылқылардың туяқларының дүбири, қулласы сейистиң ойынша инсанды өмирге байлап туратуғын нәрселердиң ҳеш бири қызықтыра алмаса керек. Оны қызықтыратуғын бир нәрсе қалған, ол да болса Қожамяр бийдиң аўылын излеп табыў, оның баласы Төлесинди қай жерде болмасын жалғыз гезлестириў, алқымына қанжарды тақап турып, көзине тигилиў.

Қойнында дузға пискен сур ет, қолтығында шубат толы мес пенен сейис үйден шықты. "ҳеш ким көрмеди ме" деп урланып дөгерегине көз тасламады. Өз жолына кете берди. Әдеўир жүргеннен соң биреўден Қожамяр бийдиң аўылының бағдарын сорастырып билип алды. Қыялында жанланған сүўретлер гә қуўанышқа бөлер, гә қайғы-ғамға батырар, гә ғәзептен қалтыратпа тийгизер еди. Гүзде күлте жоңышқаға байланған Торықасқа арқанды айланып зеригер, мурнына алыстағы жайлаўларда жайылып жүрген бийелердиң сырлы ийиси келер, бедеў аттың тамырларында қан шапшып ойнар, арқанын шешип жылыстырғанда ямаса кешқурын қораға алып қайтқан пайытта ат жаныўар еркинликке умтылып, арқанды тартып көрер, сейистиң тарамыс қолларынан босанып кетиўден үмитин үзген ат арқан бойына ойнақлап жорта баслар, желип-желип жортар, жумсақ самал тозғытып қуйрық-жалы қызлардың шашларындай желбирер, жортақлап желе бериў зериктиргеннен соң ат алдынғы еки аяғын көтерип, артқы еки аяғына турып киснеп жиберер, гейде жақынлап келип, сейиске омыраўы менен сүйкенер, көп өтпей сейистиң санасында басқа сүўретлер оянып, тас ақыр алдында жатырған ат оны терең қайғыға батырар, ғәзеп пенен белиндеги қанжардың сабын сығымлатар еди. Усындай санадағы елеслер менен гүреслер ортасында тағы бир елес үмит ушқынларын оятып, тас түнек аспанда "жалт" етип ағып түскен сағымдай жоғалар еди. "Балаға қыйын. Оған не айтаман? Торықасқа қәне? — десе не деймен?". Келип шығысын, өмир тарийхын өзинен басқа ҳеш ким билмейтуғын жалғыз баслы сейис, Қулшы бийдиң улы Ережепти өз баласындай жақсы көрип қалғанын ҳәзир уғынғандай болды, туўрырағы ҳәзир мойынлағандай болды. Әлемнен өткен соң изинде "мени пәленше еслеп жүреди", деген үмиттен тәме етиў ме, қулласы өзи менен туўысқанлық байланысы жоқ, адамлар ҳаслында қайсы елаттан, қайсы улыстан екенин билмейтуғын Тағаберген сейистиң кишкене Ережепти өз баласындай жақсы көриўи, сейисти бул дүньяның қыйыншылығы менен азапларына көнип жасаўға деген ықласын арттыратуғын себепке мегзер еди. Бәлки, бул Ережептиң де өзи қусап Торықасқа атты жақсы көрип қалғанынандур.

Буларды айырып, бир-биринен парықлап отырыўға сейисте пурсат болғаны менен ықлас жоқ еди.

Қулшы бий аўылдан әдеўир қашықласып кеткенше "Тағаберген келип қалар" деп изине қарайлады, сары жүрмелди желдиртпеди, олай еткенде атқосшылары да кими атын жорттырып, кими шоқырақлатып шаўып изине ере берген болар еди, ал түйе жетегенлер қатары жайпарахат адым-адым жүрис пенен бара берди. Өзгелер бийдиң райына қарағанлықтан, тис жарып ҳеш нәрсе айтпады. Бирақ, бул жағдай даўам ете бериўи мүмкин емес, бул барыстан аўылға бир қонып та жетиў қыйын. Қулшы да жағдайды аңлап киятыр емес пе, аттың басын иркип, турып даўыслады:

— Алламберген, бери жақынла. Жетегиңе ертлеўли атлардың бирин ал. Сөйтип Ералы аўылға қайтып бар, Тағабергенди сорастыр, көрген-билгенлер бардур, дәрегин айтар. Таўып айт: Қулшы Торықасқаның өлимин сеннен көрмейди, "шығасыға ийеси басшы" деген әўели өзимнен, соң алладан көремен, тартынбай қайтсын, бас аман болса бөрк табылмай қалмас, деп атыр де. Усыларды жеткер. Қулласы тартынбасын, аўылға қайтсын, елге қайтсын. Бул ислерде оның тары киби айыбы жоқ. Кейинги сөзлер тойдан бирге қайтып киятырғанлардың түриўли қулақлары ушын, бәлки көбирек өзи ушын да айтылған сөзлерге мегзеп кетер еди.

— Бас үстине бий аға, қуллық, — деди ат үстинде турған Алламберген сақшы.

— Ҳәй Сейтмурат, жетегиңдеги сейистиң атын келтир.

Дәстүр бойынша сейис те, атшабар да бәйгиге қосылатуғын атқа минип жүрмейди, жүйрик ат қосаққа жайдақ алынады. Тағаберген минип келген атты "сейис келер" деп атқорада қалдырыўдың есабын таппаған жигитлер қосаққа алып киятыр еди. Сейтмурат астындағы атын тебинип жортқан пайытта үзеңгилери аттың еки бүйирин соққылап қолайсызлық туўдырмаслығы ушын таралғыдан қайырылып қустумсық ердиң басына илдирилген жийрен аттың жылаўын Алламбергенге услатты. Көп өтпей жетегине ат алған жигит көпшиликтен айрылып, изге қайтты. Ал, әдеўир жол басып жоны қызған сары жүрмелдиң жылаўын жаздырған бийдиң изинде бир тегис шаң көринди. Сәл изиректе қалған жолдаслары да атларын қыстастырып, кими қорсылдап жортып, кими жорғасын сүрип, кимиси шоқырақлап желип кетти. Торықасқа жаныўардың байрағына тигилген он түйени жетеклеген кими атлы, кимиси пияда топар бир заматта көтерилген шаңның ишинде қалып, көзден ғайып болды.

Алламберген той берген аўылға қайтып барды. Атлы жүрип, гә атын байлап, пиядалап жүрип, Тағаберген сейистиң дәрегин сорастырды. Өткен-кеткен, аўыл адамлары, сақшы, шопан я жылқыман

болып ол дөгеректе сейисти көрген я билген адамның дәреги шықпады. Атын жетеклеп өтип баратыр еди, бир отаўдан ҳаялдың ғарғанып-силенген даўысы еситилди.

— Қаяқтың қыран қарақшысына тап болдық! Я қудай! Илайым жегени қарақан болып, қарнын тесип шыққай! Дизбедеги сур гөш пенен местеги шубатты күппә-күндиз мен қоңсыға кирип-шығаман дегенше алып кетипти, я пәрўардигар, еситтиңиз бе адамлар. Аўылымызға уры араласыпты, затларыңа бек болыңлар!

Бағана Тағаберген кирип ет пенен шубатын алып кеткен үйдиң ҳаялы қоңсы ҳаял менен айтысқан өсегине әлленемирде ноқат қойып, енди ғана үйине кирип, қазан асып, сур еттен алмақшы болып гөш дизип қойған жипке қол созған пайытта ғана еттиң жоқ екенин, оның үстине керегедеги шубат толы мес те ғайып болғанын аңлап, урыны жерден алып, жерге салып ғарғап атырғаны еди. Алламберген ишке кирип сейистиң дәрегин сорасам ба, деп егленип турды да, соң кеште жейтуғын асынан айрылған сорлы ҳаялдың жарасына дуз сеппейин, деген пикирге барды, екинши жағынан бул ис қәўипли де болар еди, ашыўын кимнен аларын билмей турған ҳаял “сен урысаң” деп асыла кетсе не болады, тағы?!

Күн аўғанша Тағаберген сейистиң дәрегин сорастырып жартыўлы ҳеш нәрсе биле алмаған Алламберген ақырында изге қайтыўға қарар етти. Бир үйге иркилип, айран, шубат ишип жүрек жалғап алғаннан соң атты минип, бирин жетеклеп өз аўылына апаратуғын жолға түсти.

Бул пайытларда Тағаберген сейис Ералы байдың аўылынан алыслап кеткен еди. Шыққан жеринен Қожамярдың аўылына салт атлы арада бир қонып барады, деген бир шопанның сөзи ҳәм силтеген бағдарын есапқа алған сейис, күн батқанша жол басып, бир елатқа жетти. Шеттеги үйден суў сорап ишип, шетиректе ырашты ықлап, сол жерде танды атырды. Ертеңине азаннан кешке жол басып, тағы жол үстинде түнеди. Үшинши күн дегенде алыстан елдиң қарасы көринди. Алдынан гезлескен жылқыманнан бул аўыл Қожамяр бийдиң аўылы екенлигин анық билип алды. Соннан кейин жолдан бурылып, жүрип отырып, қумның етегиндеги суў бойында өскен қалың жигилдик тоғайдың ишине кирип кетти. Шатлықтың арасынан жабайы аңлар суў ишиўге келетуғын аяқ соқпақты таўып, ишкерилей берди. Бир алаңлыққа шықты. Дөгеректе қалың өскен жигилдик, бийик шеңгеллер менен оларға өрмелеп өскен түйесиңирлер астына қуяш түсирмей турған уядай жерди таўып алды. Дем алмақшы ҳәм пикирлерин бир жерге жәмлемекши болды. Былтырғыдан қалған қурғақ жапырақларды топлап, төсек етти. Еки қолын басының астына дастық қылып қойып, шалқасына жатып қыялындағы биймәни сүўретлерди өширип таслаўға урынды. Кеш кирди, бирақ қалың бүктиң астынан ашық аспандағы

жулдызлар көринбеди. Тоғайдың шетинен ийттиң үрген даўыслары анық еситилип турар еди. “Аўыл тоғайдың екинши шетинде жайласқан екен” деп пәмледи Тағаберген. Ой-пикирлери әсте-әсте тынықласа баслады. Иштейи жоқ еди. Қолтығындағы шубат толы мести бас ушына қойды. Қойнындағы сур етти «шығарып қойсам түлки менен сағал жеп кетер» деген ой менен турған орнынан қозғалмады. Көп өтпей көзи илинди. Түсинде Торықасқаны көрди. Күлте жоңышқалықта басы бос, шапқылап жүрер еди. “Босанып кетипти жаныўар, бийелердиң ийисин алып үйирге кетип қалмаса болар еди, үйирге кетсе айғырлар менен тебисип я шайнасып бир жерин жаралап алар”, деген ой менен “мәҳ-мәҳ, кел жаныўар Торықасқа”, деп еки қолын алға созып, атты усламақшы болады, Торықасқа келип сейистиң алға созылған қолларын негедур ийт болып жалайды, соң тағы атқа айланып, шыңғырып киснеп Тағабергенниң әтирапында жорта баслайды, жанына жақынлап жылаўынан енди усладым дегенде қоллары ҳаўаны қармап қалады, “жылаўы қайда кеткен” деп ойлайды сейис, ат бир орында турмайды, “үйир қайдасаң” деп қуйрығын шаншылдырып шаўып та кете бермейди, ойнақлап жортып, айлана береди, сейис буған қуўанады, “демек тири, Торықасқа тири, аман, аман, ҳәзир үйирге қашып кетеди”, деп қышқырады, бирақ қайдандур пайда болған аламан оның даўысын еситпейди, Тағаберген көз алдындағылардың түси емес, ал оңында болып атырғанына әтирапындағыларды исендирмекши, өзи де исенбекши болады, бирақ кеўлиниң бир шетинде пайда болған гүдик күшейип бара береди. Артынан өзине биреўдиң нәзери тигилип турғанын сезип бурылады ҳәм Қулшының улы, кишкене Ережепти көреди, оған да “Ережеп, ат өлген жоқ, адамлар сени алдамақшы болған, ол жибинен босанып кетипти” деп қышқырады, “ат қәне?” деген саўалға “әне, босанып кеткен” деп жуўап берип, изине айланса ат жоқ, жоңышқа атыз да жоқ, бәри ғайып болған, аттың орнында қара кийимли, жүзине қара нықап кийип алған бир адам турыпты... “Төлесин” дейди сейис ҳүрейли даўыс пенен: “Төлесин, сен не қылып жүрсең... Ат қәне?” Төлесин қорқынышлы даўыс пенен: “Торықасқаны қурбанлыққа шалдым. Қунына мени ал”, деп қышқырады. “Ат қәне, сени не қыламан? Ат!...” деп тоғайды басына көтерген өз даўысынан өзи оянып кетти. Қайтып көзине уйқы келмей гүздиң таңын аттырды.

Азанда сур етти ғайзап, шубат ишип күш жыйнады. Қәтерли иске бел байлаған, сол ушын ҳал-дәрман керек болады. Соң ойында реже дүзе баслады. Әллен ўақытта бир шешимге келди. Үстиндеги шапанын шешип, қанжар менен кесип-кесип жиберди, қәмарды шешип, көйлектиң ишинен қайта тартып байлады, қанжарын көринбейтуғын етип, арқа таманға сүрип қойды. Төрт-бес күннен

берли пәки тиймеген қопа сақалы ғаўлап өсип, қасында хәр күни бирге жүрген адам ғана таный қоймаса, бет-әлпети таныс-билис көргенде ҳә дегенде танып болмас дәрежеде өзгерген еди. Дүзиў табан шерим етигин шешип, оның да қонышын кесип таслады. Пахта жиптен тоқылған қалың шалбарының бир балағын түрип қойды. Ернегине қаракөл тери қойып тигилген дегелейиниң тысын айландырып кийди. Сырт тан қараған адам "пақыр, қайыр сорап, ел гезип жүрген дәрўиш екен" деп ойлайтуғын сүўретке кирген еди. Мести ийнине салып, аңлардың суўатқа келетуғын соқпағы менен суўдың бойына шықты. Иркилип, тынық суўдағы өзиниң сүўретине тигилип қарап еди, "ийнимнен асырылып турған биреў жоқ па екен?" деген гүман менен изине қайрылыўға мәжбүр болды, себеби түр-түси сондай өзгерген, азғана ўақыт ишинде қартайып қалған, тынық суўдан өзине тигилип турған сүўрет Тағаберген сейистиң буннан бес күн бурынғы сүўрети емес еди. Бул ўақыяға таңланбады да, өкинбеди де. Ол енди ақырғы иске бел байлаған, бул ис душпанын да, өзин де қәўипли жар жағасына алып келип қойғанын, оннан изге шегиниў мүмкин емеслигин, ендиги мақсети алдында күтип турған тунғыйық жарға душпанын бирге алып секириў екенлигин шешип болған, бул жолдан изге шегинбеўге, адамгершилик арын сатып болса да, нийетин иске асырыўға бекинген еди.

Маңғытлардың бийи суў бойындағы жазлаўдан қыслаўға көшпеген, еле оған ертерек болғаны ушын "шыбынсыз жаз" деп аталатуғын гүздиң қоңыр салқынында адамы да, малы да жаз ыссысынан қутылғанлықларына разы болып, тәбият сақыйлығының хәр мәўритинен ләззет алмақта еди. Бир жағы жазық дала, бир жағы қум, бир тәрепи суў болған бул жайлаў маңғытлардың атасынан баласына мийрас болып киятырған мүлки. Әмир мүлкине де аралары жақын, қай таманнан жаў келер болса жаўынгер маңғытлар өз жерин қорғаўға таяр турады, қол созымдағы әмир дәўлетиниң мүлки де аман болады. Сол ушын әмир алдында маңғытлардың абырайы да бәлент. Қожамяр бий — әмирдиң итибарлы кеңесгөйи еди.

Түр-түсин өзгерткен, Тағаберген сейис аўылға араласты. Бурын дәрўишлерден еситкен ғәззеллеринен есине түсирди. "Мени йоқлар кишим барму" деген қатарлардан басқасы ядына келмеди.

Алдынан биринши гезлескен кексе адам басындағы бөркин желкесине таман ысырып қойып, қолын қуяшқа тутып, аппақ қаслары астындағы нурсыз көзлерин сығырайтып тигилип турды да танымаған соң: "Ҳа, қай баласаң?" — деди.

Сейис тубалап қалды. Киммен дейди? Төлесинди излеп жүрген Тағабергенмен, — десин бе? Дәрҳал билген ғәззелине бир қатар қосып, аянышлы даўыс пенен:

Бухарадан кетер болсам,

Мени йоқлар кишим барму... Ҳуў ҳақ, я алла, — деп жиберип, кексе адамға қайрылып отырмастан еки қолын жайып, алға илгерилей берди. Көзи менен қатара тигилген қара үйлер ишинен еңсеси бәлент, ақ кийиз жабылған отаўды, яки Қожамяр бийдиң үйин ақтарар, бийдиң үйи әлбетте бәлент ҳәм ақ кийиз бенен бастырылған болады, деп өзинше пәмлеген еди.

Тойдан айрықша сый көрип қайтқан Қожамяр бий ҳәм оның аўылласлары өз ислери менен машғул, бәйгиге қосқан атының бәйги алмағанына қапа болған Төлесин еки-үш күнге шекем үйден шықпады. Атханаға бармады. Әлленеден жабырқап, баўырын жерден көтермей жатып алды. Ишинде не барын ҳеш ким билмес, өзлигинен ҳеш кимге тис жарып айтпас, сол ушын адамлар "жийренниң төртинши болып келгенине ар еткендур", деп қойды.

Түске шекем аўыл ишинде "ҳақлаған" Тағаберген сейис бийдиң отаўын, оған жанаса тигилген отаўлардың ишиндеги қайсысы Төлесинге тийисли екенин билип алды. Соңынан жатағына қайтып, қолай пурсат аңлый берди. Аўылға екинши барғанында атхананың қай жерделигин, атларға кимлер қарайтуғынын, оларды суўғарыўға кимлер алып баратуғынын барластырды. Бир күни Төлесинди көрип қалды. Ол жийрен атты жетелеп, қасындағы ат жетелеген атбағар менен бирге суўатқа баратыр. Енди оның ат суўғарыўға жалғыз келиўин күтиў керек еди.

Тағаберген гүман туўдырмаў ушын күн аралата аўылға барып қайыр-садақа сорар, ким не берсе жүзине қарамай бергенин алып, пәтиясын берер, және суўатқа жақын жердеги өзиниң мәканына келер, ат суўғаратуғын мезгил болғанда суўатқа жақын жерде ҳеш кимге сездирмей паналап отырар еди. Ҳәзирше оның ҳәрекетлерин ҳеш ким сезген жоқ, шамасы дәрўиш екенине гүманланған да ҳеш ким болмады. Аўылға барғанында биреўлер "кимсең, несең?" дегенге уқсаған саўаллар бере баслаған еди, сейис: "Оның несин сорайсаң аға, бир жетим бенде, қудайдың қулы, Муҳаммедтиң үмметимен" дегеннен соң оның менен ҳеш кимниң иси бола қоймады.

Халықта: "аңлыған жаў алмай қоймас", деген бир ески ибара бар. Сол айтқандай, кек алыў отында күни-түн қуўырылған Тағаберген сейистиң Төлесин менен бетпе-бет келетуғын пурсаты да жетти, ақырында.

Гүз өзиниң күшине кирип, ертели-кеш күн салқын тарта баслаған, кишигирим көлдиң дөгерегинде өскен жигилдиклер менен тораңғыллардың жапырақлары сарғыш тартып, көкте түсликке қарай сап тартып ушқан қуслардың дизилген кәрўанлары көбейе берген

күнлердиң биринде, киши песин мәҳәли Төлесин жийрен атты жетегине алып, әлле қандай бир қосықты өзинше ыңылдап айтып, суўатқа келип қалды. Жанында ҳеш ким көринбеди.

Сонша ўақыттан берли Төлесинди оңаша жерде гезлестириўди әрман етип, сол ушын дүньяның барлық қызықлары менен тәшўишлеринен кешкен сейис, душпанының жалғыз өзи аўлақ жерде гезлескенин көрип, жүреги дүрсилдеп соқты, өз көзлерине исенерин де, исенбесин де билмес еди. Алдын-ала не қылатуғынын жиптен-ийнесине шекем ойлап қойғанына қарамастан әллен ўақытқа шекем өзине келе алмай, ар-сар болып отырды.

Жийрен ат жипти жулқып, келген пәти менен суўға түсти, суў дизесине келгенше жүрди, соң тумсығын басып, суў ише баслады, басын көтермей суўды уртын толтырып симире берди. “Жийрен ат сыйыр минез екен, бул ат ҳеш қашан бәйгиде бириншиликти ала алмайды, Төлесин бийкар ҳәлек болып жүр екен”, деп ойлады сейис. “Өзи де мына суў ишиўине қарағанда қореӊ болса керек, турқы да жүдә ири, ылақ ойын менен арбаның аты”.

Селк етип, өзине келди. Ўақыт өтиўи менен қалғып үлгерген қандай да бир от көкирек тусында пайда болып, ғыжлап жанып, ишин күйдире баслады. Көз алдына тас ақыр алдында төрт аяғын созып, қырылдап атырған Торықасқа аттың сүўрети келип тура қалды. Ўақыт аз қалған, оны қолдан шығарса бундай пурсаттың келмеў итималлығы ҳаққында ойлар ҳәм қандайдур бир жабайы күш оны орнынан өрре турғызды. Еки аралық жигирма қәдемдей еди. Тағабергеннниң түргелген епкини менен тербелген шөплердиң тысырлысын еситкен Төлесин артына бурылып еди, өзине қарай киятырған қорқынышлы адамның жүзин көрип, қышқырып жиберди.

— Дәрўиш, бул жерде не қылып жүрсең? Тоқта, кимсең? Ҳәй ким бар?

Пышықтай шаққанлық пенен еки-үш секиргенде Тағаберген өзиниң алдында турған Төлесинди көрди. Қорқыныштан көзлери аларып, жүзи қыйсайып кеткен еди.

— Дәрўиш! Тағаберген? — деди ол шекпениниң жағасынан услап буўындыра баслаған тарамыс қоллардан қутылыўға урынып. Даўысы қорқынышлы қырылдар еди.

— Айт, атаңа нәлет, Торықасқаны неге жазым еттиң? Атта не гүна? Айт!

— Оны сен өлтирдиң, — деди қырылдаған даўыс. — Сен! Сен үгитлемегенде Қулшы бий оны бир үйир, болмаса еки үйир жылқыға алмасқан болар еди. Оны жазым еткен сен, ақмақ шаймий. Өлтиресең бе, өлтир!

— Иплас, қорқақ, күшиң тилсиз жаныўарға жетти ме? — Ҳәзир қорқыныштан қалтырап турған Төлесинниң турқын көрип сейистиң көкирегинде ғыжлап, оны қыйнап киятырған оттың жалыны пәсейгендей еди. Бирақ, ўақыя тосыннан болған бир ҳәрекет пенен ақырына жетти.

Сейистиң тарамыс қолларынан қутыла алмасына көзи жеткен Төлесин, қанлы ўақыяны баслап берди. Тағаберген сейистиң оң бүйири шым ете қалды. Не болғанын аңламай-ақ ҳәрекет еткен сейис оң қолы менен Төлесинниң қаны сорғалаған қанжар тутып қалтыраған оң қолын билегинен услап алды. Шеп қолы менен белиндеги қанжарды қынынан суўырып, Төлесинниң жан жерине қадады.

Солай етип, суўат басындағы айқас көп даўам етпеди. Жағыста шапаны қанға боялған Төлесин қулашын жайып жатыр еди. Арадан қанша өткенин билмейди, Тағаберген сейис өзине келгенде жерде жатырған адамға ҳеш кимниң жәрдеми зәрүр болмай қалған, Тағабергенниң бүйиринен қан тамшылар, геллесине келген үзик-жулық ойлар арасында “Торықасқа, Төлесин, өлим, кетиў керек”, деген түсиниклер гезер еди.

Тағаберген үзик-жулық ойлардың арасынан “бул жерден кетиў керек” дегенине тоқталды. Ол өлимнен қорқпас, өмирге де тис-тырнағы менен жабыспас, бирақ душпанлар қолына түсип қорланыўға да табы жоқ, сол ушын бул жерден кетиў ҳәрекетине киристи. Суўға қанған ат, енди суўаттың жағасындағы басларын мал шалып жеген шабыраў қамысларға тумсығын созып, отлаўға кирискен еди. Қанжарын қынына салып, ол еле қолында услап турғанын умытқанға уқсайды, суўға түсип, атты жылаўынан услады. Жарға тартып, атқа минди. Аяқларында дәрман жоқ еди. Суўаттан шығып, жолға түспеди. Маллар салған көп сүрдеўлердиң бирин таңлап, атты соған салды да, ерсиз жайдақ атта аяғы салбырап, басы аўған таманға кете берди.

Суўатқа ат суўғарыўға келген аўыл адамы жағыста қулашын жайып, қанға боялып жатырған адамды көрип, есинен айрыла жазлады. Оның Төлесин екенин танығаннан кейин атына қайтып минди. Ат үстинде “ўай-ўай” салыўы менен аўыл жолына түсип қуйынлатып шаба кетти.

Парахат отырған аўыл өлимниң хабарын еситип, абыр-сабыр болды да қалды. Төлесинди оң жаққа шығарып, бул ислердиң кимнен болғанын болжаўға киристи. Сонда барып қайдандур келип қалған дәрўиш аўыл адамларының ядына түсип, оны излеўге киристи. Әлбетте, ҳеш жерден оны излеп таба алмады, табыўы да еки талай еди, бул ўақытта Тағаберген сейис узап кеткен, еле мал салған ески сүрдеў менен желип барар еди.

Дәрўишти таба алмаған адамлар Қожамяр бийдиң отаўының алдына жыйналды. Көпшилигиниң қолларында қуралы, қалқаны, ийинлеринде қара мылтық пенен сары жайлары бар.

— Бий аға, биз жыйналдық, не кеңес бересиз? Айтың, кимнен гүманыңыз бар, кимниң атын айтсаңыз биз соннан Төлесинниң кегин алыўға барамыз, — деп даўыслады өрт шалғандай қап-қара жүзин шешек дағы, оннан қалаберсе талай-талай саўашларда алған жараларының орнында қалған тыртықлар ийелеп алған, өзгелерден бир гез бийик бойы менен ажыралып турған еңгезердей Майлыхожа жүзбасы гүрилдеп. Билсеңиз Төлесинниң қандарының атын атаң, биз оны аяғыңыздың астына әкелип тасламасақ, маңғыт екенлигимиз бийкар!

Отаўдың ишкерисинен жуўап болмады. Бираз тынышлықтан кейин Қожамяр бий тысқарыға шықты. Шекпенин желбегей жамылған. Көзлери қызарған. Тосыннан басына түскен мүсийбеттен қәдди бүгилген киби көринер, шоқ сақалының ағы да көбейген яңлы еди. Жыйналғанлардың перзентиниң биймезгил өлимине байланыслы кеўил билдирип, айтқан тәзияларын бас ийип, үнсиз тыңлады. Соңынан бир жөткиринип алып, сөз баслады.

— Билиўимше, бул әтирапта Төлесинге тисин қайрап жүрген ҳеш кимди билмеймен, баўырларым, — деди бий сөник ҳаўаз бенен. Және бул ис төбеден түскендей тосыннан болды, ақылым ҳайран, бәлки сизлер өзлериңиз бир нәрсе билерсизлер, шейит кеткен перзентим бәлки тирилигинде бирер бирадарына ишиндеги сырын паш еткендур, ким дос, ким душпанлығын айтқандур. Оның жас тамшылары қаплаған көзлери жыйылып турған көпшиликке қаратылды.

— Дәрўиш, — деди көпшиликтиң арасынан шығып алға умтылған کексе адам, аппақ қаслары астындағы сығырайған көзлерин бийге қадап. Буннан бир ҳәпте, он күн бурын аўылда бир дәрўиш пайда болды. Гезлесип қалып “кимсең”, десем жуўап бермей тайсалды. Көргенимнен-ақ гүман туўдырған еди. Ким биледи оның қандай пығылда жүргенин? — Ол “не айтар екен” деген қыялда алдын бийге тигилди, соң қайрылып изиндегилерге қарады. — Сизлер не айтасыз? Қәне сол дәрўиш? Мениң гүманым бийкар емес қусайды. Қәне ол?

Ҳеш ким жуўап бермеди. Кексениң сөзи дурыс еди. Оны көпшилик көрди. Барған есиклеринде кимлердур ярым нан, бири бир кесе суўсын, тағы бири гөшли сүйек услатты. Бүгин оны излегенлер дәрўишти ҳеш жерден таппады. Ол бир қус болмаса қәлеген пайыт, қәлеген таманға ушып кете беретуғын. Биразлар ўақтында сергеклик етип, жуп жағасынан тутып, дәрўиштиң ким екенлигин, бул жерлерде не қылып жүргенлигин сорамағанына өкинер еди, бирақ енди өкиниш, пушайманлардан не пайда?

— Төлесин суўатқа неге барған өзи? — деди топардың арасынан бир даўыс.

— Алла бәрекелла, — деди екинши даўыс. — Ол бәйги жийренди суўғараман, деп кеткен еди!

— Ат қайда? Бәйги жийрен қәне?

Аламан бийкар даўрықпады. Усы пайытқа шекем өликти суў бойынан таўып алғанлар, оны үйге әкелгенлер дөгеректи, атқораны көрмеген, керек болса албырап жүрип, бәйги жийренниң орнында жоқ екенлигин де аңғармаған еди.

— Жийрен қайда?

Кимдур атханаға жуўырып кетти. Тез қайтып келип, қазығы орнында, өзи жоқ екенлигин хабарлады.

— Бағана Төлесинниң жийренди жетелеп, суўат таман баратырғанын өз көзим менен көрдим, — деди кимдур аламан ишинен.

— Атты урлаған! Төлесин ат ушын жазым болған. Қанжарды сығымлаған, бармақларын зорға жаздырып алдық. Қанжардың жүзи қанға боялған. Шамасы Төлесин өзине ғапылда тасланған уры менен алысқан! Сум душпан алды бурын ҳәмле қылған көринеди, болмаса Төлесинди билемен, дастығын алып өлетуғын мәрт жигит еди, — деди жүзбасы гүрилдеген ири даўысы менен. — Мениңше дәрўиш кийиминде аўылымызға келген адам ат урысы болған, мүмкин Ералы байдың тойында-ақ нышанаға алып изине түскен шығар. Ат пенен Төлесинди суўатта жалғыз ушыратқан екен, заңғар. Дәрҳал атланыў керек, ол еле узап кетпеген шығар. Оның үстине жараланған.

— Жийрен қолына түскен соң, кустай ушқандур бәтшағардың улы, оны енди қайдан табасаң? — деди кимниңдур гүманлы даўысы.

— Сонда не? Жийрен ат саған буйырсын, деп қарап отырайық па? — деди қәҳәрли даўыс.

— Яғаў, мен сирәдағысын айтып атырман. Узақлап кеткендур, — деди гүманлы даўыс.

— Гәпти қысқарт, — деди гүрилдеген қәҳәрли даўыс. Бәрқулла қырсығына шаўып алдымызды кескеслейсең! Қәне, ҳәзир-ақ жолға түсемиз. Тоқта, тоқта. Сен Яўмытбай, жигитлериң менен қубла таман жөне, из қара, дәрьяға шекем ат шаптыра бер. Урыны гезлестирсең қарсылық көрсетти, деп гелле қылып отырма, бизге ол тирилей керек. Сен арқаға қарай жоллан, жигитлериң жаныңнан қалмасын, — деди жүзбасы гүманлы даўыс ийеси таман бурылып. Яўмытбайға айтқанымды сен ҳәм есиңде тут. Ал, барыңлар. Мен қыпшақлар ели таман кететуғын жолға түсемен. — Бий аға, — деди гүрилдеген қәҳәрли даўыс ийеси Қожамярға қарата, — ғам жемең, биз Төлесинниң қандарын сизиң аяғыңыз астына әкелип баўызлаймыз. Ал, әўмийин деӊ, бий аға.

Қоллар пәтияға көтерилди. Аламан атларына минип, топар-топар болып, кими арқа, кими қыпшақ елаты тәрепке атларын желдирип барар еди...

Бул пайытта басы аўған таманға кетип баратырған Тағаберген Төлесинниң қандарын қыдырыў ушын атлан-шап болып атырған аўылдан әдеўир қашықлаған еди. Ералы байдың тойындағы бәйги шабысынан соң байлаўда турып тыныққан жийрен атты аяп отырған жоқ. Жайдақ атта отырыў бирқанша қолайсыз, деген менен үш жасар пайытынан тай минип өскен сейис ушын және бүгинге шекем бир ҳәпте, ямаса он күн ишинде болып өткен ўақыялардан соң өзин-өзи аяў деген түсиник Тағабергенниң ядынан көтерилип кеткен, ол өлимнен де қорқажақ емес, әжелден қашып баратырған жоқ, урып-соғып қыйнаўларға табы болмағанлықтан, және ислеген жақсылығын өле-өлгенше умытпайман деп өзине-өзи серт еткен Қулшы бийдиң аты-абырайына шикаст жеткизбеслик ушын ҳеш кимниң, әсиресе енди душпанына айланған Қожамяр бийдиң тәрепдарларының қолына тирилей түспекши емес.

Кеш кирди. Гүздиң ашық аспанында жулдызлар көрине баслады. Жедел жүристен жийрен ат жаныўардың тери тынбай тамшылар, ал, Тағаберген иркилиўди қыялына да келтирмес еди. Шығыстан таң жулдызы шолпан жарқырап көрингенге шекемги жүристен ҳарыған жийрен ат жаныўардың ендиги жүриси жаяў адам қапталласып, қаст етсе басып озғандай дәрежеге келгенде үстиндеги адам аттың басын иркти. Болдырғанлықтан теңселип турған аттың ноқтасын сыпырып алып, бас жиби шубатылып, путаға илинип қалып, атты бийкарға ҳәлек етер деген ой менен солай ислеген еди, саўрысына бир шаппат урып, босатып қоя берди. Ат дөгеректен үйир таўып қосылар, я жем жеген жерин таўып барар, деген нийетте солай етти. Бүгинде қасқыр-аң-қусқа жем болады, деп гүманланбаса болады. Олар әдетте ашыққан пайытта ғана жылқыға тасланады ҳәм қайымын таўып жазым да қылады, ал жазы менен тойынған бөриден жайма-шуўақ гүз мәўсиминде қорқыўдың кереги жоқ. Оның үстине басына бостанлық алған арғымақ көп өтпей өзине келеди ҳәм анаў-мынаў қуўғынға алдыра қоймас.

Қолындағы ноқтаға тигилип, бираз иркилди. Соңынан енди оған керексиз болған шылбырды ылақтырып таслап, өз жолына кете берди. Қараңғыда ийесиз қалған ат оқыранып жанына ийесин шақырды, ол қайрылып қарамас еди, басының бос екенин сезди ҳәм қарайып көринген шөпти ийискеп көрди, әзелден таныс шөплердиң ийисин аңлаған жаныўар аш болғанын сезип, отлаўға киристи.

Майлыхожа жүзбасы баслаған бир топар салт атлы қыпшақлар журтына баратуғын жолға түсти. Күн барында жол бойы гезлескен-

лерден сорар еди: “ерсиз, жайдақ жийрен ат минген адам көрмедиңиз бе?” деп. Бәринен бирдей: “Яқ, гезлеспеди”, деген жуўап алар еди.

Темирқазық жулдызын нәзерге алған Тағаберген бағдардан адаспаған еди. Пияда көп жүрмей, таң уйқысын алмақ ушын иркилип, шекпенине бүркенип, азғана көз илиндирди. Бағдары өзине екинши мәкан, туўылған аўылынан, керек десе ата-анасынан да баўырман болып қалған Қулшы бий аўылы, қалың қыпшақтың иши. Өзиниң ендиги тәғдири не болатуғыны ҳаққында еле ойлап көрген жоқ. Үлкен жолға жақын, бирақ жүриў қыйыншылық туўдыратуғын киши-киши шоқалақ қумларды басып өтип, бийик-бийик путаларды айланып өтип, алға илгерилей берди.

Төлесинниң қандарын ҳәм жийрен атты излеген топарлар ақшам ҳәр қайсысы ҳәр таманда қолайы келген жерде қонып, келеси күни жолларын даўам етип, мәнзиллерине жетти. Арқаға кеткенлери Қызылқум етеклерине шекем барып, ҳеш жерден дәрўиштиң дерегин таппай, сарсаң болып излерине қайтты. Қублаға кеткен топар дәрьяға шекем тирелип, дәрьяның дегиш алып, изинен тепкен қайырға көгерген торańғыл тоғайларының арасын бир-еки күн тинтип, нәтийже шығара алмай, азықларын таўысып, изге айланыўға мәжбүр болды. Бул ўақытларда Майлыхожа жүзбасы баслаған топар Тамдыбулақта қыпшақлардың бийи Қулшының Ақсуўат бойындағы аўылына ат басын тиреген еди.

Қожамяр менен Майлыхожа Қулшы ҳәм оның адамларының Төлесинниң өлимине қатнасы бар я жоғы ҳаққында тиллеспеген болса да, жүзбасы жол бойы жолдасларынан Қулшы бийдиң байрақ алған аты сол күни кешеси жазым болған жерде, бийдиң сейиси Тағаберген деген биреўдиң Төлесинниң атын тилге алғанын, соның үстинде жанындағы атбағарға қанжар оқталғанын еситкен, аттың өлиминен соң ол адамның делбесыпат болып қалғанын билген, оның үстине әмирдиң хызметинде ең батыр жаўынгерлерден саналған, озбыр ҳәм ҳөктемликти жақсы көретуғын Майлыхожа себеп пенен қыпшақларға да дизе батырып, абай-сиясат көрсетип қойыўға қолай пайыт келгенин ойлап, мыйығынан күлип қойды.

Жигирмалаған атлы сәске пайытында аўылға тосыннан кирип келди. Жолда гезлескен дәслепки адамынан Қулшы бийдиң үйин сорап билип алып, туўры ат айдап тартынбастан келе берди. Бийдиң отаўының иргесине шекем келип, ат үстинде турып, бул да озбырлықтың бир түри еди, Майлыхожа гүркиреген ири даўысы менен гүрилдеди:

— Бий аға, үйде бар болсаңыз шығып кетиң, жөн сорайық. Сизде жумысымыз бар.

Отаў ишкерисинен жуўап болмады. Қоңсы отаўлардың биринен асығып-үсигип, бийдиң иниси Шақшақ жуўырып шықты. Ол Майлыхожаның даўысын да, өзин де таныйтуғын еди. Бул қыпшақлардың нөкери ишинде, ал Майлыхожа жүзбасы маңғыт нөкериниң ишинде ең тулғалы ҳәм ғайратлы жигитлер болғанлықтан атланысларда бирге жүрип, саўашларға бирге кирген ўақытлары да болған.

— Қулшы ағам үйде жоқ еди, Майлыхожа, аттан түспей-ақ сорайтуғын жөн-жосақ болса сорай бериң, бийди көремен десеңиз аттан түсип, қонақ боласыз, — деди Шақшақ.

Майлыхожа ат үстинде турып ойланды. Бәдбешер жүзиндеги тыртықлары оны әбден айбатлы етип көрсетер еди. Басынан тасламайтуғын темир дубылғасын желкесине қарай ысырып қойды. Әтирапқа көз таслады. Өткир нәзери менен Тағаберген сейисти қыдырар, оның түр-түсин жанындағылардан сорап алған, көзине ондай адам түссе, әлбетте, танырман, деген пикирде еди. Бирақ, жолдаслары тәриплеген сыпаттағы адам көзине түспеди. Бир шешимге келди.

— Биз бир гүмандар адамды, Қожамяр бийдиң жийрен аты менен қосып бирге излеп жүриппиз, — деди Майлыхожа. Егер ат урысы менен Төлесинниң қандарын, жийрен атты таўып берсеңлер аттан түспей изимизге қайта беремиз.

— Өлимнен хабарым бар, бирақ сиз айтқан ислерден оллагер хабарым жоқ, — деди Шақшақ. Төлесинге не болған? Оның қандары ким екен бул аўылда?

— Билмесең билип қой! Тағаберген деген сейиси бармеди бийдиң? Әне сол. Ҳәзир жийрен менен сол сейисти таўып келтирсеңиз атты жетелеп, сейистиң қолын байлап айдап изимизге қайта беремиз, — деди Майлыхожа зәңгиге ширенип.

— Тағаберген сейис Торықасқа аттың өлиминен соң есеңкиреп кеткен, сөйтип тойдан қайтқанлардан қалып қойыпты, деп еситтим.

— Жасырып турған болма тағы.

Шақшақ қолайсызлана баслады. “Сен не дедиң, мен не дедим”, менен ойыннан оймақ шығып кетиў итималы бар еди.

— Маған исенбесеңизлер қарап көриңлер.

Майлыхожа жүзбасыға да кереги усы сөз, усы гәп еди. Жигитлерине бурылды.

— Қәне жигитлер, дәслеп атқораны көриң. Қожамярдың жийрен атын кеше урлап, бүгин атханаға байлап қоятуғын уры еле енесинен туўмаған шығар. Сол ушын барлық буйынтық жер, дөгеректеги қуўысқолтықларды да қарап шығың. Шеткерилеўде қонақ жайың болса көрсет, және айт, шөлледим, қымыз әкелсин, — деди жүзбасы Шақшаққа жүзленип.

Майлыхожаның изине ерип келген атлылар екеў-үшеўден бир топар болып, әтираптан Тағаберген менен жийрен атты қыдырыўға кетти. Олардың излеген Тағабергени бул ўақытта ақшам жолсыз жүрип, күндиз паналап, урланып аўылға жақынлап киятырған, ал басынан ноқтасы сыпырылып, азатлыққа шыққан жийрен айғыр бир мәўрит тынығып ҳәм отлағаннан соң тумсығын көтерип, сол дөгеректе жайылып жүрген атлар үйириниң ийисин алып, айланып шаўып жүрип, үйирди таўып алған, алдындағы бийелерин көзинен таса етпейтуғын гүрең айғырдың тислери батып кеткен шоқлықтағы жарадан аққан қан тыйылған, айбықәддем ҳәм жас байталлар ушын айқаслар менен шайқасларда мол сумлық үйренген гүрең көз илеспес шаққанлық пенен қайрыла берип сәдделегенде бундай сумлықтан бийхабар жийрен басына тийген туяқтың соққысы зарпынан көзлеринен ушқын шашырап кеткендей болған еди. Басы мең-зең жийрен ат қәўиптен қутылыў ушын қашыўға мәжбүр болған, әдеўир жерге шекем дойнағында барын шығарып шапқаннан соң, гүрең айғырдың өзинен әдеўир изде қалғанын аңлап, иркилди. Айғыр да иркилип, “енди қайтып келсе тағы дәкки берермен”, деген қыялда жийреннен көзин үзбей турар еди...

Майлыхожа шеткеридеги қонақ ушын арналған үйге киргизилди. Салқын қымыз келтирилди. Самар табақ пенен әкелинген қымыз сапырылып-сапырылып, кейин зеренлерге қуйылды. Шөллеп келген Майлыхожа мирәт күтип отырмастан алдына қойылған ыдысты алып, қымызды қанаатланыў менен симирди. Ыдыс екинши мәрте толтырылды. Оны да “заңқ” қойғанда барып темир дубылғаның қаснағы жаўып турған жүзбасының қалың қасы менен шашының ортасындағы тар пешанасы тершиди.

— Тағы бир зерен қуй бала, — деди Майлыхожа ири даўысы менен ыдысты хызметкер жигитке усынып атырып.

— Бас үстине!— Хызметкер жигит жеңил ҳәрекет пенен жүзбасы усынған ыдысты алды да, самардағы үлкен ожаў менен қымызды сапырып жиберип, соңынан босаған ыдысты толтырып қонаққа усынды.

Үшинши зереннен соң жүзбасының пешанасында тер анық пайда болған еди. Сонда барып, ол темир қаснағы ийесиниң пешанасын, ал ийленген өгиз терисинен исленген желкелиги мойнын жаўып турған зилдей дубылғасын басынан шешип, жанына қойды.

— Қымыз бабында ашыпты, — деди қонақ ҳүрмет ушын отаўға кирип, дизерлеп отырған Шақшаққа, оның барын енди ғана аңғарған адамға уқсап.

— Дурыс айтасыз Майлыхожа, қымыз бабында ашыған. Ол алдында бос турған зеренди хызметкер жигит таманға ысырып қойды.

Қымыз ишиўге, әсиресе Майлыхожа менен ишиўге мейли жоқ еди, әдеп жүзесинен солай иследи. Хызметкер зеренди қымызға толтырды.

Майлыхожа рәҳәтленип салқын қымыз симирип атырғанда еки-үш атлы атханаға жетип келген еди. Атларынан түсе-түсе, таяр турған қазықларға байлап, атханаға умтылды. Атханада бәйги атлар менен министеги атлар байлаўлы туратуғын, ол жерге тосын адамлар киритилмейтуғын, әсиресе Торықасқаның жазым болғанынан кейин сақлық күшейтилген еди. Жигитлердиң алдын Алламбергенниң басшылығындағы сақшылар кеселеди.

— Ҳәй, қайда барасызлар? Кимсизлер? Атханада нең бар?

— Жолды тоспа, атхананы көриўге жүзбасымыздан ҳәмир алғанбыз. Аш дәрўазаны. Бизге Тағаберген сейис пенен ол урлап кеткен жийрен ат керек. Қаш жолдан!

— Тағаберген жоқ бул жерде. Оның дәрегин де билмеймиз! Шегин кейин! Атханада бий ағаның атларынан өзге ат жоқ!

Қуўғыншылар да бос келмес еди.

— Биз атхананы көрип, ол жерде Тағаберген менен жийрен ат жоқ екенине көзимиз жетпегенше, бул жерден жылжымаймыз. Аш, дәрўазаны.

Қулласы, Майлыхожаның қураллы жигитлери де изге қайтпас, беллеринде қылышы менен қанжары бар сақшылар оларға жол бермес, атхана алдындағы теке тирес ат шаптырып келген адам ара түскенге шекем даўам етти. Оны Шақшақ жиберген еди.

— Алламберген, дәрўазаны ашыңлар, көрсин, Шақшақ ағам солай буйырды. Атханаға Тағаберген сейис пенен жийрен атты қамап қоймаған шығарсызлар ақыры, — деп келген адам жәнжелге шек қойды.

Дәрўазалар ашылды. Алламберген сақшы жигитлерди баслап жүрди. Атханалар бирме-бир көзден кеширилди. Ол жерлерде Тағаберген сейис те, ат та жоқ еди.

— Ал жоралар, бул жерде сизлер излеген ат пенен сейис жоқ екенлигин көрдиңлер. Тағаберген не қылған, ол жийрен ат не ат, айтып бериңлер, — деди Алламберген жумсақлық пенен.

— Биреўлер суўат бойында Төлесинди өлтирип, жийрен атты минип қашқан. Ким екенлиги ҳәзирше намәлим. Буннан бир ҳәпте бурын аўылға бир дәрўиш араласқан екен, сол Тағаберген болыўы мүмкин, деп гүман етилмекте. Себеби, сейис Торықасқаның өлимин Төлесиннен көрип “қаныңды ишемен” деп айтқан көринеди, — деди қуўғыншылардың бири ҳарғын даўыс пенен. Нәтийжесиз ат шаптырыўлар жанына тийген еди.

— Жигитлер, тамақ жибиткендей шубат жоқ па? — деди олардың бири. Таңнан берли суўсын ишпедик, меслердегилерди таўыстық.

— Неге табылмас екен, табылады, — деди Алламберген. Қәне, ишкериге кириңлер.

Ол жигитлерди сақшылар туратуғын пәскелтек өжиреге баслады.

— Сейтмурат, қарап жибер, қымыз бар ма, шубат бар ма, дым таппасаң айран болса да әкеле бер. Жигитлер шөллеген көринеди, — деп даўыслады.

Жигитлер пәскелтек есиктиң маңлайшасына пешаналарын урып алмаслық ушын еңкейисип ишкериледи. Түсликтен аўған күнниң жарығы пәтиктен түсип турған өжирениң иши ала көлеңке, бирақ қоңыр салқын тартып турар еди.

— Қәне жайласып отырыңлар жигитлер, ҳәзир Сейтмурат барын әкелер, мына жерде нан бар қусаған еди, — деп Алламберген ески сандық үстинде турған, май сиңип, реңки қандай екенлиги билинбейтуғын дастурханды ашып көре баслады. “Келгенше қонақ уялады, кейин қонақ жер уялады”, дегендей “ишкерилең” деп мирәт етиўин етсе де, келгенлердиң алдына қойғандай жартыўлы нанның дастурханда жоқ екенлигин көрген Алламберген қысынайын деди. “Мал мөңирескенше, адам тиллескенше” деген усыдағы, деп ойлады ишинен. Жаңа ғана атамызды өлтиргендей бир-биримизге қанжар алып, оқталыўға таяр едик, енди олар төримизде қонақ болып отыр, ал биз олардың алдына қойыўға нан таппай албыраўдамыз”...

Жигитлер етиклери менен, қарыў-жарақларын шешпестен төсеўли турған кийиздиң үстине отырысты.

— Барын базар ете берейик, ҳәзир Сейтмурат ең болмағанда айран-пайран таўып келер, — деп пүтин бийдай шөрек пенен жарты зағарасы бар дастурханды, кийиз үстине жайды. Көп өтпей шубат толы мести көтерип, Сейтмурат кирип келди. Шубат ишип, шөл басып, нанды бөлисип жеп, жүрек жалғаған жигитлердиң кеўли әдеўир көтерилип қалды.

— Ҳей, сен бала, шубат толы мести биреўдиң керегесиниң басынан жымқырып келгениң жоқ па, — деди ишкен шубаты бетине теўип жүзи қызарған қуўғыншылардың бири бойы тапалтас, бирақ ийленип писken саз ылайдан өткир кепше менен кесип алғандай денеси төрт мүйешли, алақ көз жигит муртындағы шубат жуғын топ-томпақ жудырығы менен сыпырып. — Өйдегеним, мына шубатың дым ғана мазалы екен. Сорағанға еле бузылмаған мес берип жиберетуғын қәйненең жоқ шығар бул жерде. Және урлық зат мазалы болады, буған не дейсең? — деп Сейтмуратқа тигилди.

Сейтмурат өзи бир аңғаллаў жигит еди. Тапалтас мына гәпти рас айтып отырма, я ҳәзили ме, биле алмай аўзы ашылып қалды.

Қарақалпақтың ҳәзил-дәлкеги жата ма? Қарын тойдырған жигитлер енди басқыласып күлисип алыўды гөзлеп, булай деген

еди. Оны түсинбеген аңғал жигиттиң албыраўының өзи күлкили емес пе?

— Яғаў аға, жымқырмадым. Ярым шақырым жерде әжағамның үйи бар. Барғанша жуўырдым. Үйде ҳеш ким жоқ екен. Жапсардағы керегениң басынан мести ала шықсам, жеңгем менен дүгисип қалдым. “Ҳа бала, не урлап баратырсаң?” деп асылмақшы еди, тура қаштым. Әжағамдики болса, меники емес пе? Көзи ашықпысаң деймен, қайдан билдиң, ондай болғанын? — деди тапалтасқа қарап.

— Айттым ғой мазасынан билдим, деп.

— Өзи сәл аңғалақлаў, — деп қосып қойды Алламберген. Ҳәзил буннан соң өрбимеди. Жигитлер тысқарыға шығып, атларына минип, ҳәр жер, ҳәр жердеги адам паналағандай орынларды тинтип көриўге кирисити. Бул ҳал қас қарайғанша даўам етти.

Кешқурын Қулшы бий жигитлер менен сапардан келип, отаўына түсти. Көп узамай есикке келген Шақшақ бийге жағдайды түсиндирди.

— Тағаберген бир иске қол урмаса болғаны ғой деген гүманға барғаным тийкарлы еди, — деди Қулшы. — Бирақ, ким биледи, оны көрген-билген, я қолынан услаған адам болмаса. Дәрўиш кийиминде жүрген уры емес екенлигине ким кепил? Сол ушын әлиптиң артын бағып, бизиң де гүманнан қалыс болмағымыз дәркар. Бул сөзлерди бий, иниси Шақшақтан көре өзине қарата айтқандай еди. — Кеш болды, Майлыхожа менен оның жигитлерине қонақ асы ҳәм үй таярлаң. Қонақ болсын. Сейистен жаманаттан өзге хабар-атар еситилмеди ме?

— Жоқ, Майлыхожаның хабарынан өзге ҳеш гәп еситилмей атыр.

— Яқшы, ендиги еситилгени жақсы хабар болғай. Жаңағы айтқанларымды орынла. Атларына от-жем, өзлерине қымыз бериўди умытпа. Соңынан маған Аллаяр бий менен Атабай бийлерди шақыр. Бар енди, мен сапарда шаршадым, намазшамға шекем азғана тынықсам...

Ағасының тапсырмасын еки айттырмай орынлайтуғын Шақшақ отаўдан шығып, Майлыхожа менен жигитлерине қонақ жай менен қонақ асы таярлаўдың ғамын жеўге асықты. Тағаберген сейисти излеп келген маңғыт жигитлери Қулшы аўылына душпан емес, қонақ, ал қонақты қонақ асысыз жибериў қыпшақлардың дәстүринде болмаған шығар.

Қулшы бий ушын Майлыхожа алып келген хабар жағымсыз тийди. Қожамярдың делбесыпат баласы Төлесинниң келбети көз алдына келди. Сол ма екен Торықасқаны жазым еткен? Оған екинши гүдик келип қосылды. Тағаберген сейис сондай иске қол урыўы мүмкин бе еди? Атқорадағы ўақыя ядына келди. Сонда сейис те Төлесинниң сүўретине кирип қалған, көзлери адамға тик бақпас, бир

орында турмас, бир затын жоғалтқан, я бир жерге барыўдан кешиккен адамға уқсап абыржыўға түсер, бир орында қарар таўып иркилиўге сабыры жетпес еди, бий өзиниң узын ба, қысқа ма өмиринде көп нәрсени көрип, көп ўақыяларды басынан кеширген, сол ушын да ондай адамлар тийкарынан делбе, әлле бир тәшўишлер я турмыс соққылары менен жоғалтыўлардан есинен айрылған болатуғынлығын, олардың қолынан ҳәр бәле келетуғынын аңлаған еди.

Егер, ат ушын Тағаберген сейис Төлесинди жазым еткен болса, өзи қайда кетти? Жийрен ат қәне? Мүмкин, ол жүрегин жандырған кекти қан менен жуўған болса, оның изи не болады? Туўры, сейис атлар менен балаларды жақсы көрер, әсиресе Торықасқа атқа ықласы айрықша еди, мәгар бул оның жалғызлығы, перзентсизлигинен шығар? Деген менен, ат ушын қан төккени орынсыз болған, оның бул қылмысын Қулшы бий мақуллай аларма екен? Тереңирек ой жуўыртып көрген бий “жоқ” деген шешимге келди. Нәбада атты өлтирген шынында да Төлесин болып, ол жынаят үстинде қолға түссе де Қулшы бий ондай қатал шешим қабылламаған болар, бәлки кешип жиберер ме еди? Себеби, ол төгилген қан ҳеш нәрсени жуўалмайтуғынын, ол тек кек үстине кек, өкиниш үстине өкиниш әкелетуғынын әлле қашан билер, сол ушын ҳәр қандай жәнжеллер менен даўлардың қан төгиспесиз шешилиўиниң тәрепдары болар, бул мақсетин қорғаў жолында ҳәр қандай дәлилге “суўға кеткен тал қармайды”, дегендей тис-тырнақлап жабысар еди.

Қазыларға уқсап дәлиллер менен гүўаларға ғана исенетуғын Қулшы Тағабергенниң жынаятқа қол урғанына исенбес, бирақ ишки қандайдур даўыс оны бундай истиң болып өткенинен хабардар қылар, сол ушын да егер, сейис сондай иске қол урған болса бул әтирапларға қайтып келмеўин қәлер еди. Бәлким, бул тәреплерге айланып соқпас, туўылған жерине кетер?

Усыған уқсаған ойлар тынышын алған Қулшы бий намазлыгер болып қалғанын билип, тысқарыға шықты.

Қуўғыншы болып келген маңғыт жигитлери де сандалып-сандалып ҳештеңениң дәрегин таппай, аўылға қайтты. Оларды Шақшақ бийдиң тапсырмасы бойынша қонақ жай ушын тигилген отаўларға жайластырып, қонақ асын бериўге киристи.

Көп өтпей бий шақыртқан Аллаяр бий менен Атабай бий келди. Намазлыгерди оқып болған бий де оларға қосылып дастурхан дөгерегине жайласты.

Алды бурын өткен-кеткеннен әңгимелесип отырды. Атабай бий Қулшы менен қатар-қурбы, гүрриңшил адам еди. Оның гүрриңи ҳеш кимди зериктирмес, себеби әңгимелерине ол ата-бабаларының өткен жолын тийкар етип алар, тарийхый шежирелерден хабардар

болғанлықтан, айтқанлары исенимли шығар, әсиресе қулақ түрген қыпшаққа жағымлы түйилер еди. Үстеме-үстек Атабай Бухарада, медиреседе тәлим алған, Наўайы, Физулий дәстанларын оқыйтуғын, "Таўарих гузида" деген китапқа қарап Шыңғысханның үрим-путақларын айтқанда мерекеде отырғанлардың таңланбайтуғыны қалмайтуғын шығар. Китапты бир молладан бир жылқыға алмастырып алдым" деп жүрди. Китаплар таңсық болғанлықтан бир китаптың баҳасы бир жылқы болғанына ким инанбасын.

Ет жеп, қымыз ишкеннен кейин әңгиме басланды. Оған түртки болған жасы үлкен Аллаяр бий еди.

— Ал, енди Атабайжан, ет жедик, қымыз иштик, қонақ қәде қылмаймыз ба! Бизге бабамыз қыпшақтан айта бер, — деп жамбас салды.

Атабай бий "бизди ет жеп, қымыз ишип, әңгиме-гүррińимизди тыңлаўға шақырды ма екен", деген гүман менен Қулшыға қарады. Әңгимеге қуштар Қулшы бий тыңлаўға мейил екенлигин бас ийзеп билдиргеннен соң, Атабай гүррińге көшти.

— Мен оқыған китапта жазылыўынша, — деп баслады гүррińин Атабай, ол бул гүррińин биринши мәрте айтыўы емес, ал оны еситип отырған еки бийдиң де биринши тыңлаўы емес, солай болса да айтыўшы ықлас пенен айтар, тыңлаўшының да ықласы оннан кем емес еди, — ерте заманларда Өгиз ханның тусында хан өз атасы Қарахан менен урысыў ушын атланысқа шығыпты. Бир таўлы жерге келгенде қар сондай көп жаўған екен, басқын болып, әскер жүре алмай ҳәрким ҳәр жерде қалыпты. Бир батыр нөкердиң ҳаялы еки қабат екен, ол заманда атланыста бала-шағасын алып жүриў дәстүр болған көринеди, сол жол үстинде толғатады, жақын жерде пана болғандай ҳеш нәрсе көринбейди, бирақ сол жерде өскен, адамның қушағы жетпейтуғын бәҳайбат дарақ бар екен, дөгерек қар, басқа көзге түскен зат болмаған соң батыр сол дарақты паналайын неде болса, деп жанына жақынлап барса дарақтың геўдесиниң иши адам сыйғандай геўек қусайды. Дәрҳал ҳаялын сол жерге әкелип, паналатыпты. Ҳаял көз жарып, уллы болыпты. Көп өтпей аяққа турыпты. Сөйтип, арғы бабамыз жарықлық жаўгершиликте, атланыста туўылған екен. Перзенти менен жуптысын атына мингизип, атты жетеклеп бир неше күн жол жүрип Өгизханның әскерине жетип алыпты. Сонда хан батырды алдына шақырып: «— Нешиксең? Қайда жүрипсең? Неге әскерден изде қалып кеттиң? Жуўап бер», дегенде батыр жигит басынан кеширген ҳалатты ханға бир-бир баян еткен қусайды. Болып өткен ўақыяны еситкеннен кейин хан ойланып қалыпты. Өзинше ойлапты. "Бул бир қызық ҳал екен, қар көп болды, таўдың арасы еди, жалғыз дарақтың жолығыўы, оның иши геўек

болыўы, бул да алланың ҳәмиринен бийдәрек ис емес шығар". Соң жигитке айтыпты: әскерден қалды, бул адам я бир иске жолықты, я кеўлине бир гүман келип хызметимизден бас тартты, деген ойға барып, ылайықлы жазаға тартыўды ойлап отырып едим, «гүман ийманнан айырады», дегени дурыс екен, бул ҳалда ҳүзиримизге келипсиз, сол ушын өзиң менен қәўиминди әпиў еттик, жазадан азатсыз, ендиги жағында геўекте туўылған баланың аты "Қабыршақ" болсын, келешекте өсип-өнгени де солай аталсын деп пәтия берген екен. "Қабыршақ" дегенниң не екенин өзлериңиз жақсы билесизлер, бирер заттың сыртындағы тонын "қабыршақ" деймиз. Бул сөз айтыла-айтыла тап суў бойындағы тастың суўға жуўыла-жуўыла сып-сыйпақ болғанындай ҳәзирги аўҳалына келгени, — деп ойлайман өзимше, — деп әңгимени бир туўарып алды.

— Ол қай заманларда болған екен? — деп қызықсынды Қулшы әңгимени тап биринши мәрте еситип атырған адамдай.

— Ал, ол жағын анық биле алмадым, бәлки мың жылдур, бәлки еки мың жылдур, китапқа сәнеси жазылмағаны өкинишли.

— Сонда таўы менен орманы бар, қары көп болатуғын жер болды ғой ата-бабаларымыздың туўылған мәканы, солай ма? — деп гәпке Аллаяр бий де қосылды.

— Солай болса керек.

— Ол жер арқада ма, қублада ма, қай таманда екен, бала, — деп қойды Қулшы.

— Шамасы арқа тәрепте болса керек. Билетуғын биреўлерден арқа таманда қалың орманлар, бийик таўлар, бир жаўса еримей жататуғын қарлар үлкеси бар. Ол жерде адамлар шанаға ийт жегип жүреди, деп еситкенмен. Бирақ бизиң бабаларымыз көшип-қонғанда көбирек кең далаларды мақул көрген бе деймен. Дашты Қыпшақ усыннан арқаға, тап Орынборға шекем, батыста Аштарханға дейин барады. Мына таманымызда Дашты Қарақалпақ бар.

Қулшы Атабай бийдиң қыпшақлар ҳаққындағы гүрриңин тыңлап, тийкарғы айтылажақ гәпинен әдеўир алшақлап кеткенин абайлады, түнниң де бираз бөлеги изде қалған, сол ушын әңгимесине, бийдиң қызық гүрриңине шек қойыўға мәжбүр еди. Оны Атабай да, Аллаяр да аңғарды. Арада бираз ўақыт тынышлық ҳүким сүрди.

— Торықасқа жаныўар өзи менен өзи кете бермей, тағы бир тәшўиш арттырғанға уқсайды, — деди ақыр-аяғында тилге кирген Қулшы. Кимлердур Қожамяр бийдиң баласын суўатқа ат суўғарыўға барғанда өлтирип, жийрен атын алып кетипти, мәгар еситкендурсызлар! Қулшы жанындағыларға жүзленди.

— Еситтик, еситтик, — дести отырғанлар.

— Еситкен болсаңлар Қожамяр бий жоллаған бир топар жигитлер бүгин аўылда қонып жатыр. Тағаберген сейистен гүманланып, излеп таппапты. Аўылына бир дәрўиш барған ба, сол сейис болып, аттың күйиги менен жарақ жумсаған болса итимал, деген шамалаўлар да жоқ емес, — деп бул мәҳәлге шекем көп адамлар еситип үлгерген ўақыяның ушлығын хабарлады.

— "Гүман ийманнан айырады", деген, бәлки Тағаберген емесдур.

— Иншалла солай болғай. Мен де сол пикирдемен, — деп мақуллады Қулшы. Бирақ, сол сейистиң өзи таптырмай турыпты.

— Оны қыдырмақ керек, — деп сөзге қосылды Аллаяр. Табылса ҳәмме ис айдай рәўшан болады, қояды.

— Мениң сизлерди шақырғандағы мақсетим усы исте қандай жол тутпақ кереклигин ақылласыў, сөйтип бир шешимге келиў еди, бирадарларым, — деди Қулшы. Қәне, қандай мәсләҳәт қыласызлар?

Бийлер ойланып қалды. Олардан жуўап болмағаннан соң Қулшының өзи тилге кирди.

— Бәлки Тағаберген сейисти қыдыртыў дурыс шығар?

— Сол мақул, сол мақул,— дести отырғанлар.

Ертең таң менен бир топар жигитлерди Тағаберген сейисти излеўге жиберетуғын болып келисти.

Дәслепки қоразлар шақыра баслады. Түн жарпы болып қалған еди. Бийлер руқсат алып, үйлерине қайтты.

Аўылдың саққулақ ийтлери анда-санда үрип, өзлериниң ийтлик ўазыйпаларын бежерип атырғанлықларын ийелерине билдирип қояр еди. Күни мененги тәшўишлер менен абыр-сабырлардан шаршаған адамлардың көпшилиги дастықларына бас қойып, шийрин уйқының қушағына ене баслаған бул мәҳәлде уйқы жөнинде ойлаўды қыялына да келтирмегенлер, яғный сақшылар өз ўазыйпаларына киристи. Алламберген сақшы уйқыдан сергеклениў ушын зеренге қымыз қуйып ишти. Соң дем алған пайытта шешип жанына қойған кәмарын белине байлады. Шоқмар таяғын қолына алды. Енли кәмардағы қанжар менен қылыштың орнында турған-турмағанын бир қолы менен барластырды. Соң өзимизге таныс пәскелтек өжиреден тысқарыға шықты.

Көктеги толысқан айдың нуры әлемди жақтыртып жиберген, қара көрим жердеги адамның кимлигин таныў итималлығы бар. Анда-санда ийтлер үрип, атлар оқыранып, ўақыт сақшылары болған қоразлар изли-изинен қышқырысып қояды. Өзгелерден илгерирек өзиниң даўысының саз екенлигин билдирмекши болды ма, жақын жердеги биреўи "ғо-ғо-ғо-ғоқ" деп әдеўир созып баслап еди. Оның изинен екиншиси, соңынан үшиншиси-төртиншиси бар күши менен жарыспаққа шақырыса кетти. Бурын өзи ескермей жүрген қоразлардың

бул ҳәрекети сақшылыққа шыққан Алламбергенди бираз ойландырды. "Буларға қәне, шақыр", — деп биреў ҳәмир берген яңлы бәриниң бир ўақта тамағына суў бүркиўинде бир кәрият бар-аў сирә. Болмаса түн жарпы болғанын, ўақыттың таңға қарай аўғанын булар қайдан биледи". Ол аспанға қарады. Өзи билетуғын "жети қарақшы" жулдызы арқа таманға аўып, тап аспанның жийегине барып қалған еди. Өмиринде орнынан қозғалмайтуғын темир қазық жулдызы болса айдың нурында көзге емис-емис шалынып, жымыңлайды. Ядына балалықта еситкен әпсана түсе кетти. Жымыңлаған темир қазық ҳаслында орнынан қозғалмайды, ол соның ушын да темир қазық. Елсиз жерде адасқан жолаўшы ақшамлары орнынан қозғалмайтуғын жулдызға қарап арқа менен қубланың, түслик пенен батыстың бағдарын биледи. Темир қазыққа, әпсаналарға қарағанда, "ақбоз ат" деген жулдызлар шоғыры байланған емиш, ҳәр ақшам ақбоз атлар топары темир қазықты айланып тынбай сегбир тартар, атларға қызыққан жети қарақшы, яғный төңкерилген шөмишке мегзеген жети жулдыз топары да темир қазықты айланған атлар изинен қуўа берермиш, ақбоз арғымақлар топары жеткизбес, қарақшылар да жетиўден гүдерин үзбес, тек шығыс тәрептен бозарып атқан таңда көринген қуяш ғана олардың бул нәтийжесиз бәйгисине шек қояр, әлемге жайылған нурлар жулдызларды инсан нәзеринен жасырар, олар болса шексиз кең аспанда өзлериниң мәңги шабысларын даўам ететуғын пайыт-ақшамды күтиўге таярланар емиш. Кеш кирип, қараңғы түсиўден олардың шабысы басланар емиш...

Қыялы бул ўақытлары жарысып қышқырыўдан өзлерин тыйып, ендиги басланатуғын даўамлы қосықтың мезгилин күтип тым-тырыс болған қоразларға қайтты, әри ойлап-бери ойлап олардың жапа-тармақай шақыра баслаўына не нәрсе түртки болатуғынына ақылы жетпеди, ең ақырында "алланың ҳәмири шығар", деген ойға келди. Шынында да олардың барлығын уйқыдан оятып, өзлери қонып отырған кесе ағашларға табан тиреп қышқырыўға мәжбүрлейтуғын қандай күш өзи? Адамның ақылы алыса бермейди.

Аўылдың арқа тәрепиндеги ай нурлары жақтыртып турған жаптың бәлент рашының баўрайында көлеңке көзге шалынғандай болды. "Көзиме солай көрингенди, дүз аңы, шағал я түлки шығар", деп ойлады түнги сақшы. Ол ушын да, аўыл ушын да, Қулшы бийдиң мүлки ушын да дүз аңынан дөнетуғын үлкен қәўип жоқ. Олар көп болса кетеклерде мардыйып, аспаннан келетуғын ендиги ҳәмирди күтип отырған қоразлардың яки оның жанында қонақлаған, көзлери қараңғыда көрмейтуғын болғанлықтан ашып-жумғаны бәрибир, бирақ тосын бир нәрсе тийип кетсе таўық қораны басына көтерип

ғоқақлайтуғын мәкийенлердиң бир-екеўин алар, ақыры олардың да алла берген несийбеси бар, оннан соң қуйрығын путына қысып дүзге қарай қашып қалар, ал ең қәўиплиси еки аяқлылар, олардан ҳәр нәрсе күтсе болады, қолынан ҳәр бәле келеди. Әне, Төлесин, ким биледи, Торықасқа жаныўарды уўлаған сол шығар. Тағаберген не? "Үндемегеннен үйдей бәле шығады" дегендей Төлесинниң жанын алған сол емес пе екен? Мине, оның бул дөгерекке келгенине де есаплап көрсе тоғыз жыл болған екен. Сол жыллар ишинде оның ишинде неше мәш қайнап атырғанын Алламберген биле алды ма? Биле алмады. Өзи де Алламбергенди шеп көрмес, жарты наны болса бөлисип жеўге, бир гүзе айраны болса бөлисип ишиўге таяр қусаған еди. Ол жалғыз болса Алламберген де жалғыз, ата-анасы қандай адамлар екенлиги түсине де кирмеген, туўылғанынан журдай жетим, өзине қандай жақынлығы бар екенлигин елеге дейин анық билмейтуғын, аўылдың шетиндеги жетим кемпирдиң тәрбиясында есин таныганша, ол бийшара қайтыс болғалы берли алдын Қулшының әкеси Артықтың, соңынан Қулшының хызметинде болды, берген нанын жеди, сол ушын буның да, сейистен артық жери жоқ. Ойландыратуғыны тоғыз жылдан берли ҳеш ким, керек десе Қулшы бийдиң өзи де сейистиң түп-дәрегин билмейди, бир түнде келип еди, бир күнде ғайып болды.

Усындай ойлар менен Алламберген сейисхананың артынан айланды. Ай нурында көзи жеткен жерге сығалап қарады. Раш бетте бағанағы көлеңке "елп" етип өтип кеткендей болды. "Аңлып жүрген урықары емес пе?" — деп гүманланайын деди. Бир замат иркилип тыңтыңлады. — "Көзиме көринген шығар" деген ойға барды. Ақшам өзи сондай. Әсиресе, ай жақтыда көлеңкелер узайып көринип, ешейин бир путаның саясы саған қарап атылайын деп турған жолбарысқа уқсап кетеди. Сақшылық өмиринде талай ўақыя менен ҳәдийселерди басынан кешире берип үйренип қалған ол, раш бетте көзине түскен саяны ядынан шығарып жибериўге урынды. Аўылдың сыртында жылқышы қус шақырып, сағаллар улыды.

Сая ийеси де Алламберген сақшыдан көзин үзбес еди. Дәслеп сәл арқайынлық етип, раштың аржағынан мойын созғанда сақшының қырағы көзлерине шалынып қалғанын сезди. Өзин екинши мәрте билдирип қойғанына өкинди. Енди сағырақ болыўға умтылды.

"Алламберген болса керек!", деп ойлар еди ол. "Яки Сейтмурат па екен? Неде болса жақынырақ барыў керек. Себеби, алыстан көрсе танымайды, шоршып кетип, бақырып жиберсе пүткил аўылды аяққа турғызады. Сая ийеси ушын ол мақул емес, әлбетте. Қолға түссе ҳеш ким аяп отырмайды. Сол ушын билдирмей жақынырақ, еле де жақынырақ барыў керек".

Сақшы мисли сая ийесиниң пикирин уққан яңлы атханадан қашықлап аўылдың ишкерисине кирип барар еди. Түн жамылған узын көлеңке пышықтай епшиллик пенен бир әмеллеп раш пенен атхана ортасындағы ашық алаңнан өтип алып, атпа ылайдан салынған пақса дийўалды паналады. Айдың нуры түспейтуғын көлеңке тәрепин дурыс таңлаған екен, енди биреў-миреў тап қасына келип қалмаса дийўалға жабысып турған адам екенин айыра алмастай. Ол айтылған еки аралықты жуўырып өтиўде бар қуўатын сарыплаған болса керек, ҳәзир ентигип дем алар, ийни көтерилип басылар, өзиниң барлығын, ҳәттеки ентигиўи менен де өзгелерге билдирмеўге тырысып, еки қолы менен жүзин көлегейлер еди. Оның бахтына аўылды аралап, сергек жатырған ийтлерди үргизип, өзиниң хызметин ада етип жүрген Алламберген сақшы тез арада айлана қоймады. Бул ўақыт ишинде атхана диййалына жабысып турған көлеңке ийеси өзин әдеўир оңғарып алды.

Зейни өткир оқыўшымыз, мәгар ақшамғы сая ийесиниң ким екенлигин аңлап алған болса, биз таңланбаймыз. Ол ат десе ишкен асын жерге қоятуғын, наҳақлық, зулым-жәбирге бас ийиўди қәлемейтуғын, ата-теги, келип шығыўы, өмир дәптериниң ашылған бетлериндеги жазыўлар ҳәзирге шекем өзинен басқа ҳеш кимге аян болмаған сырлы бир кимсе болып, оның ҳәмме билетуғын аты Тағаберген сейис еди.

Жоқарыда баян қылғанымыздай, суўат басындағы ўақыядан соң өткен ўақыт ишинде өзин излейтуғынын, бул әтирапта турақлаған жағдайда оны әлбетте излеп табатуғынын, Қожамяр бийдиң аўылында биринши ушырасқан қария сейисти көргеннен-ақ таныйтуғынын, қулласы жазадан қашып қутылыў имканияты жоқ екенлигин, түсинип жеткендей ҳалға келген еди.

Ол өлимнен қорқпады, десек қәтелеспеймиз. Өзиниң пәминше бул жарық дүньяда оны услап турғандай себеплердиң өзи де оншелли көп емес еди. Негедур барлық үмити менен ықласы жазым болған арғымақ пенен байланыслыдай түйиледи. Соңынан Қулшы бийдиң улы Ережепке деген аталық сезим оянғандай болды. Дурыс Ережеп те оны жақсы көрер, атқумарлығы себепли көбинесе сейистиң дөгерегинде айланшықлап жүрер, әсиресе Торықасқаны унатар, атқораға барса кишкене пәнжесин толтырып жем берер, я бир қысым беде тутар, ат та оған үйренген, жатырқап турмастан қолындағыны жумсақ ерни менен қымтып алып, алғыс айтқан яңлы басын екшеп-екшеп қояр еди.

Неше күнлер жол басып, аш-әптада бул жерлерге келгендеги мақсети өзи өмириниң бир бөлегин, мәгар яқшы, жаман кешсе де

жақтылы күнлерин өткерген мәканды тағы бир мәрте көриў тилеги болды. Қолға түссе урып-соғып қыйнайды, бийҳуўда саўалларға тутады, жуўапларға исенбейди, қулласы көзи жумылғанша қорланыўы итимал. Урланып жүриўи, қолға түспеўге ҳәрекет етиўи де сонлықтан.

Дийўалды паналап қанша турғанын билмейди. Аўылды бир қайта гезген Алламберген сақшы сейисхананы бир айланып шықпақшы болып, дийўалдың ай нуры түспеген алакөлеңке таманына өткен еди. "Алламберген" деп әсте ғана шақырған даўысты еситип тула-бойы музлап кеткендей болды. Турған жеринде қатып қалды. Елес-қапаста қыялыма келген шығар, мәгар солай туйылғандур, деген ой менен пүткил денеси қулаққа айланып, тың-тыңлады. Даўысты еситкени анық еди. "Алламберген" деген өлпең даўыс екинши мәрте қайталанды. Сонда барып сақшы дийўалға жабысып турған көлеңкени абайлады. "Ҳаўлықпа, бул мен, Тағаберген сейиспен", деди ол сыбырлап.

— Тағаберген... — Сақшы да сыбырлыға көшти. — Сени излеп жүрипти.

— Билемен. Бул жерге күн барында келдим. Атлылардың қуўыс-қолтықты тинтип жүргенин көрип, олардың мени қыдырып жүргенин аңладым.

— Сен бул жерден кетиўиң керек, — деди сақшы сыбырлап. Таўып алса аман қоймайды. Растан да сен бе Төлесинди... "Өлтирген" деп айтпақшы еди, негедур соңғы бир сөз сақшының көмекейинде иркилип қалды.

— Мен ондай етпекши емес едим. Солай болып қалды. Тәғдир шығар.

— Бул жерде көп егленбе. Алысларға кет... Қожамяр бийдиң қолы жетпейтуғын жерлерге.

— Кете алмайман. Жарадарман. Жарам аўыр көринеди.

— Яқшы. Ҳәзир иркиле тур.

Сақшы тез изине қайтты. Пәскелтек өжиреге кирди. Уйқылап атырған Сейтмуратты оятып алмаслық ушын аяғының ушынан ғаз-ғаз басып барып, дастурханнан нан алып қойнына салды. Айран толы мести қолтығына қысып итият жүрис пенен қайтып шығып дийўал жағалап, Тағаберген турған жерге келди.

— Мынаў нан менен айран. Ҳәзир паналаған жериңе қайтып барып күт. Қуўғыншылар ертең қайтар. Соңынан не ислеў кереклигиниң ойласығын қылармыз. Енди таң жақын қалды.

Сақшының гәпин мақуллағандай шығыс тәрептиң ағарып киятырғанын абайлаған қоразлар шақыра баслады. Серлеп қараса сақшы ҳәзир ғана сыбырлап турған саяның турған жери бос қалғанын аңғарды. Сая ийеси ғайып болған еди.

Азанғы астан кейин Майлыхожа Қулшы бийге сәлемге кирди. Әдетте күтилгениндей Тағаберген сейистиң дәрегин сорады.

— Биз де бул истиң күндей рәўшан болғанын қәлеймиз, — деди Қулшы бий. — Тойдан қайтатуғын күни сейистен көз жазып қалдық. “Адам аласы ишинде” деген, оның не ойлап турғанын қайдан билиппиз. Қулласы мәселениң түйини сейиске келип тақалып турыпты. Сол ушын усы бүгин сейисти қыдырыўға кирисемиз. Қожамяр бийге сондай деп жеткизиң. Төлесинниң қазасы бизге де батады. Қолдан келер шара жоқ, не айтамыз, — деди Қулшы.

Сәске пайытта Майлыхожа баслап келген қуўғыншылар топары бул ислеринен бирер нәтийже шығара алмағанына наразы кейипте, атларын изге бурып, үлкен жолда булттай түнерип кетип барар еди.

Алламберген ақшамғы гүзеттен келип, таңғы уйқының қазасын орынламақ ушын азанғы асты ишиўди соңға қалдырып төрде төсеўли туратуғын кийизге созылып, пөстекке басын қойған еди, сейис пенен ушырасыўдан жүйкеси шаршады ма, я таңғы уйқының қумары тарқамады ма, көзлери дәрҳал уйқыға кетип, көп өтпей пәскелтек өжирени дирилдетип ат үркетуғын қорылдыға басты. Қорылдыдан оянып кеткен Сейтмурат енди көзим илинеди, деп күтип жатыўдың пайдасыз екенлигин билди де, пәтиктен түсип киятырған қуяш нурларына бир нәзер таслап орнынан турды.

Көп өтпей Алламберген сақшы қорылдыны тоқтатыўға ҳәм уйқы жөнинде пикирден ўаз кешиўге мәжбүр болды. Себеби, Қулшы бий шақырып атыр, деген хабарды алып келген жигит уйқыға шек қойды. Бийден Тағаберген сейисти излеп табыў жөниндеги тапсырма алған Алламбергенниң көзи шайдай ашылды.

Басын көтермей бийдиң сөзин мақуллап тура берди. Айтылған гәплер айқын ҳәм қатал еди. “Тири болса өзин, өлсе өлигин” табыў буйырылды. Сақшы бийдиң алдынан қалай шыққанын соңынан еследи. Геллесинде бир саўал шыр гүбелек айланар: “Не қылыў керек? Услап бериў керек пе? Жоқ, қаш деп айтыў керек пе?” Ол хабарды кимлер арқалы, қалай жеткереди? Басқалар, әсиресе Қулшы бий билип қалса ше? Көз алдына қол-аяғы байлаўлы, шарасыз тутқын елеследи. Қолға түссе әлбетте, аяп қоймайды, оны Қулшы да қорғай алмайды, әдиллик жүзесинен Қожамяр бийдиң қолына апарып тапсырады. Кейин оны дарға тарта ма, басын кесе ме ол жағын маңғытлар шешеди. Қулшы ара түсе алмағанда басқа ким ара түсер еди? “Тағаберген” дейтуғын әмеңгери болмаса... Тағаберген сейистиң муңлы баққан көзлери ядына түскенде ети түршигип кетти. Илажсыз ҳәм аянышлы көзлер: “Саған исенип едим, сен де мени саттың ба?”, деп тигилгендей болды.

Алламберген сақшы еки оттың ортасында қалып, иши өртенер еди. "Былай тартса өгиз өлмекши, былай сүйресе арба сынбақшы". Бир шешимге келе алмай-ақ қасына еки-үш жигитти алды. "Азық топлаймыз" деген сылтаў менен күнди түс қылды. Жигитлерди баслап Ералы байдың аўылына апаратуғын үлкен жолға түсти. Соң қасындағыларға негедур жол дөгерегин тинтиўди буйырды. Ҳеш бир ойдың басына бас жип таға алмай қас қарайып, геўгим тартқанша аўыл менен үлкен жол ортасында бир нәрсе излеген кисиге уқсап барып келип, гибиртиклеп жүрди. Кейин жигитлерге бийдиң ҳәм оның адамларының көзине түспей үйлерине барып қоныўды тапсырды, таң азанда, еле ел уйқысынан турмай атырып аўылдың сыртында, үлкен жол дәрбентинде табысатуғын болып тарқасты.

Түн жарпына шекем Сейтмуратты сақшылыққа жиберди, қораздың биринши шақырымында алмасатуғын болды, бул сумлығын шериги аңлап қалып, я әлле бир гүман туўдырмаслығы ушын "ҳәзир қатты уйқым келип турыпты" деген сылтаў менен бүркеген болды. Әдеттеги орнында жатқаны менен көзлерине жуўғарада уйқы дарымады, ақыл-ойында Тағабергенниң тәғдири еди. Бир жамбасынан екинши жамбасына аўдарылып түсип дөңбекший берди. Не қылыў керек? Не қылыў керек? Аўылдың қоразлары түн жарпы болғанлығын әлемге хабарлап, жалпыламай жарыспаққа шақырған пайытта да бир шешимге келе алмаған еди.

Көп өтпей Сейтмурат келди. Етигин шешип, кийизге өтти. Алламберген өзин уйқылағанға салып көзлерин жумып алған еди. Сейтмурат еки-үш мәрте жулқылағанда барып көзлерин ашып, шеригине аңырайып қарады.

— Не? Түн жарпы болып қалды ма? — деди уйқысырағанға мегзетилген даўыс пенен.

— Қулағыңды түрип тыңлап ал, қоразлар не деп шақырып атыр, — деди кеўлинде сумлығы жоқ Сейтмурат. Күн әдеўир салқын тартыпты, қалыңырақ кийин.

— Яқшы. Дөгеректе адам-падам, я ийт-қус көринбеди ме?

— Ҳәзир ай сүттей жарық, жерге ийне түссе көринеди. Ҳеш бәледен дәрек жоқ. Бирақ ески раш бетте бир нәрсе қараңлады. Жолбарыс-полбарыс болып жүрмесин тағы. Ол тәрепке адым ата көрме. Әўлийеге түнеп қайтқан жолбарыс қайтысын адам алады, дейди. "Ҳап" деп арқасына салып кетпесин, тағы.

— Пай дәлкеклесетуғын жерди тапқаныңа қара. Бул жерлерде жолбарыс не жесин? Сағал-порсық шығар, шақыраўықларды аңлып жүрген!

— Мәгар солай шығар. Жаман айтпай жақсы жоқ. Сонда да сақ болагөр, — деп тәмбиледи Сейтмурат.

“Бир нәрседен сезикленген жоқ па екен мынаў”, деп ойлады Алламберген ишинен. “Егер Тағаберген буған дус келсе жүреги жарылып, шаўқым салып пүткил аўылды аяққа турғызар”. Бундай кеўилсиз ўақыяның алдын алыў мақсетинде Сейтмурат пенен жаяў гүрриңди даўам еттирмей, шерим етигин аяғына кийип, қолына шоқмарын алып, үйден шықты.

Көктеги ай кешегиден де бәлентирекке көтерилип, гүздиң жақынлап киятырғанының белгиси сезиледи. Күн бойы қыйнаған ойлар, қорыған жерге өш болатуғын жәнликлерге мегзеп, санасында тағы үймелесе баслады. Не қылыў керек? Сол ойға жуўап табаман дегенше қорықшылықта ҳәр түн сайын адымлап шығатуғын аралықты қалай жүрип өткенин аңғармады. Ҳәр сапары парлаған ай нурларында анық көринип турған раш таманға қарап-қарап қояды. Қырсығына ол таманнан елп еткен көлеңке көзге түспейди. Қоразлар нешинши мәрте шақыра баслады. Таң атыўға жақынлап киятырған еди. Бир шешимге келди ақырында! Дөгерегин серлеп, қарап турған көзлердиң жоқ екенлигине исенип алды да, жолын раш таманға бурды. Қол созым жерде турғандай болып көринген раш жеткермей кетти. Мине, бәлентке көтерилип, қайтадан пәске түсти. Изиндеги атхана да, аўыл да көринбей қалды...

— Тағаберген, — деди ақырын даўыс пенен. Тамағынан шыққан сести өзи де еситкен жоқ, бирақ қыялында ай нурына көмилген пүткил әтирап оның даўысынан ләрзем алып, силкинип кеткен яңлы еди.

Бул атты екинши мәрте тилге алыўға жүреги даўамады, демин ишине тартып, жуўап күте баслады. Қандай да бир ишки туйғы менен сейистиң усы әтирапта, алыс емес, ал жақын жерде паналап турғанын сезер еди. Ишки туйғы оны алдамаған екен. Көп өтпей ай нурында узын көлеңке пайда болды. Соңынан ашлық ҳәм аўыр жарадан тыйтықлап болдырған, азғынлығы себепли бойы бурынғыдан бетер узын болып көринген Тағаберген сейис Алламбергенниң алдына келди.

Ҳал-аўҳал сорасып, шүйиркелесип туратуғын мәўрит емес. Сейистиң басында әжел қылышы жалаңашланған, оннан сейисти хабардар еткен адамға да жаза табылар еди, сонлықтан сөйлесиўлер қысқа болды.

— Тағаберген, — деди Алламберген сыбырланып. — Хабарың болған шығар, сени излеўди Қулшы бий маған буйырды. Сол ушын ҳеш егленбестен жолға түс. Жақсысы, Хийўа таманға кет, Сыр бойына кетсең де дәрегиң еситилип қалар. Шамаң келсе дәрьяның аяғына, Дәўқара таманларға, қарақалпақ ағайинлерди сағала.

— Қаяққа бараман, — деди сыбырлаған Тағаберген. Алыс жолға жарар ма екенмен. Жарам ириңлесип атыр. Даўысынан, тик аяғында тура алмай тентиреклеп-тентиреклеп кетиўинен үмитсизлик сезилер еди.

— Бир илажын қыл. Билесең, қолға түссең сени аяп отырмайды. Мына нанды ал. Алламберген қойнынан нан шығарып, сейиске усынды. Мынаў азы-кем пул, дәртиңе асар, керек болар, қарыз емес, қолымды қайтарма, халысалла, рети келсе қайтарарсаң, қайтпаса алладан... Ат минип кеткенинде болар еди, ат жоғалғаны билиниўден изиңе түсип, таўып алады. Бол, Тағаберген, егленбе енди, алла яр болсын саған.

Тағабергеннен жуўап болмады. Бир орында табжылмай турар еди.

— Қайда, қайда бараман... Оған күш-қуўатым жете ме? — деп сыбырланды. Сақшының кеўли ушын усынғанларын алып қойнына салып қойды. — Бәрибир рахмет саған, Алламберген. Кел, соңғы мәрте қушақлап қояйын, бәлки таңла машҳарда тағы гезлесиў несип етер, ким билсин?

Олар қушақласып хошласты. Артық еглене бериў қәтерли еди.

— Яқшы, хош аллияр, сени аллаға тапсырдым, — деди Алламберген пәс даўыс пенен. Көзлерине келген жасты сыпырыўға уялды. Сатқын ҳаўазы қалтырап, оның ишинен жылап атырғанын паш етер еди. Тезлик пенен аўыл менен буларды бөлип турған рашқа қарай умтылды ҳәм бийиктен өтип көзден ғайып болды. Ол ишинен өз-өзине разы болса да, тәғдирге наразы еди. “Адамлар не ушын буншелли реҳимсиз, тәғдир неге буншелли қатал. Тағабергенниң бул ялғаншыда меннен өзге ҳеш кими жоқ. Өлсем өлемен, бирақ оны ҳеш қашан услап бермеймен. Ҳеш кимге, ҳәттеки Қулшы бийге де”. Қулшы бий әдалатлы еди. Бирақ бүгин Тағаберген қолға түссе оны Қожамярдың қолына бермеўге илажы жоқ екенлигин Қулшы бий де, Тағаберген де, Алламберген сақшы да анық билер, қол-аяғы байланып, Төлесинниң қандары сыпатында маңғытлардың қолына түсиў Тағаберген ушын азаплы қыйнаўлар, қорланыў ҳәм қорқынышлы өлим табыў дегени еди.

Тәғдир менен жеккеликке, әдилсизликке налынған болса да, кеңнен адым таслап, атхана таманға киятырған Алламберген сақшы ийнине артылған ҳәм салмағы ҳүжданын езип атырған жүктен азат болғанына қуўанды. “Еле таңға шекем көп ўақыт бар, ҳәзир жолға түссе, жақты түскенше бираз жолды басады, бир жерлерде паналап, ақшам жолын даўам етсе көп өтпей қәўип-қәтерден алыста болады, жолында жақсыларды гезлестирсе, жәрдем қылар, мәнзилине жетиўге, әжелден қутылыўға көмеклесер, әлем кең...” деген ойлар менен әдеўир жубанып, өзиниң қылған исинен, Қулшы бийдиң берген ҳәмирин

орынлаўдың орнына оның керисин қылғанына қыйналмады, руўхында қандай да бир жеңиллик, қылған ҳәрекетинен қанаатланыў сезими пайда болды.

Айдың айдын жақтысында узарып көринген саяның ийеси, яғный Тағаберген сейис көп ўақытқа шекем турған орнынан қозғалыўды қыялына келтирмеди. Сол орнында мал байлаў ушын көмилген бақан киби қақайып тура берди. Әтирапта сағаллар улыр, аўыл қоразлары нешинши мәрте саз даўысқа салып үйреншикли қосығын тәкирарлар, темир қазық жулдызын айланған "Ақбоз ат" жулдызлар шоғыры жулдызларға толы шексиз аспанның арқа тәрепиндеги жер менен жийеклескен тусына барып қалды. Тик аяқта турып уйқылай беретуғын жылқы киби ол да көзлерин жумбастан, ҳарып-шаршаған санасына ҳәм ҳалдан тайған денесине қуўат беретуғын уйқыға кетти ме екен?

Ол уйқыламаған, ҳарғын руўхында арпалысып гүресип, биресе бириншиси, биресе екиншиси үстем келип, оны үшиншиси ысырып таслап атырған ойлар искенжесинен қутыла алмай атырған еди.

"Мени излеўге, мени қыдырыўға адам жиберген, Алламбергенди жиберген", деп ойлады сейис. "Муддәҳәм кек алыў еди, тилсиз жаныўарға қастыянлық еткен, ҳәм гөззал, ҳәм көркем, ҳәм шапқыр аттың тек өзиники, тек тәнҳа өзиники болыўын қәлеген, ишкирне, қызғаншақ ҳәм жаўыз адамның яғный Төлесинниң жуп жағасынан тутып, оның көзине тик қараў еди, қыннан суўырылып, алқымына тирелген, өткир ҳәм жалаңаш қанжарды, басына дөнип турған әжелди көргенде оның дөгерекке бәрқулла ашкөзлик пенен баққан көзлеринде жеркенишли қорқыныштың сүўретин көриў, тилсиз бир жаныўар басынан кеширген ҳалаттың жүзден бирин намәрт Төлесинниң бастан кеширгенин көриў тилегине еристим", деп қанаатланыў менен еследи. "Бирақ өлтириў шәрт емес еди, әжел алдында шарасыз қалтыраўының өзи оған бир өмирлик сабақ болып қалар еди. Не шара, солай болып қалды, оған өкинбесе де болады, өкинген менен де ол ўақыяларды изге қайтарыўдың ҳеш қандай илажы жоқ.

Енди не қылмақ керек? Алысларға кетип қалмақ керек пе? Әжелден қашпақ керек пе? Оннан қашып қутылыўдың илажы болар ма екен? Бир мәрте қашып қутылғаны, қалай қутылғаны тек өзине ғана аян. Тағы қутылыўдың имканы бар ма екен?"

Ойлар қыялында шақмақ тезлигинде пайда болар ҳәм аспаннан ағып түскен жулдыз тезлигинде шексиз қараңғылыққа ғарқ болар ҳәм оның орнын екиншиси келип ийелер, олардың ишинен ең кереклисин таңлап алғанша, оның орнын басқасы алмастырар еди. Негедур бул жарық әлемди әлле қашан тәрк еткен анасы ядына түсти. Мине, ол жылқылар үйири арасында маңлайындағы қасқасы

бир қарыс келетуғын торы қулынға суқланып қарап турыпты. Қулын саўырысы теп-тегис, маңлайында қасқасы бар, бирақ түси қулынға мегзеген торы емес, ал жийрен бийениң емшеклерин қумарланып сорый баслайды. Бес-алты жасар Тағабергенниң де анасының көксине бетин басқысы келеди, әне қулын сүтке тойып, емшеклерди тынышына қойып, ойын излей баслайды, анасына "кел ойнайық" деген яңлы сүйкелип-сүйкелип қояды, оның қылықларынан бийзарға келген бийе қулынды тумсығы менен ийтерип жиберип, отлаўға машқул болады. Оның орнын тағы бир елеслер, қорқынышлы, ғәзепли, жеркенишли сүўретлер ийелеп еди, оларды ай нурында кем-кемнен узарып баратырған көлеңке ийеси еслегиси келмеди, ол Тағаберген басынан кеширген қара күнлер елеси еди. Мүмкин, көлеңке ийеси ең соңғы шешиўши мәўритлерде басынан кешкен жағымсыз ўақыяларды емес, ал жағымлы, бир заматқа, қас-қағымға болса да еслеген инсанды қуўанышлы муңға, татлы сезимлерге бөлейтуғын мәўритлерди еслегиси келген шығар. Қалай дегенде де оның санасынан туўылғаннан баслап тап ҳәзирге дейинги өмир жолы қап-қара ҳәм қорғасындай бултлар қаплаған аспанды күшли жақтысы менен бир заматқа жақтыртып жиберетуғын ҳәм қас-қағым ўақытта изи де қалмайтуғын жылдырым киби жақтыртып өтти ҳәм бултлы аспандай түнерген кеўлинде ақшам алыстан көринген аўыл отлары киби гейбир жақтылар қалды, бирақ олар да көп узамай шам киби сөнип, қайтадан зым-зыя қараңғылыққа айланды.

Ақырында ол бир шешимге келип, бир ойдың басына бас жип таққан яңлы орнынан бир қозғалып қойды. Оны асықтырып атырған бир нәрсе бар болып, ол шексиз саҳралардан, кең далалардан, гүздиң кесиринен сарғыш тартып қалған жайлаўлардан асырылып, кем-кем жоқары көтерилип киятырған, еле өзи көзге түсе коймаса да қызғыш шапақлары аспанның шығыс тәрепине жайылып, түн қараңғылығының пердесин бирте-бирте түрип киятырған, тәшўишлер менен машақатларға, гүреслерге қушағы толы болатуғын келеси күнге қәдем қойып, атып киятырған таң еди.

Сейис бир мәўритке болса да, қуяштың тынымсыз жоқары өрлеўин тоқтатыўды қәлер, бирақ бундай имкан, бундай қудирет өзинде жоқ екенлигин анық сезер, мейли, ондай мүмкиншилик болмаса да ең болмағанда қос қанаты жоқ екенлигине, ҳәзир бул тәшўишли әлемнен ушып кете алмайтуғынлығына пушайман жер еди. Қуяш таўлар артынан көтерилип, танды жақынлатар, ол жақынлаған сайын өлимнен де аўырырақ бир қәтер жақынлап киятырғанын ай нурында көп жерлерге шекем узайып кеткен саяның ийеси пүткил денеси, пүткил санасы ҳәм барлығы менен сезинди. Қуяш шығыс жақтан көтерилип киятырған болса, толған ай бул ўақытлары бәленттен төмен түсип

жүзиндеги дақларын қуяшқа көрсетиўге уялған киби батыс таманға еңкейе берди. Ал, шығыстан болса ай менен жамал-ҳүсин жарыстырмақшы киби, таң жулдызы Шолпан көринип, жақты шаша баслады.

“Енди бәрибир кеш болды” деп ойлады сейис. “Шапқыр ат пенен кетсең де жарық түскенше аўылдан узай алмайсаң. Пияда қайда бараман? Жарам аўыр...”.

Ол ҳәлсизликтен еңкейип қалған геўдесин тикледи. Қыйыншылық пенен аўылға, ески жаптың рашына көтерилди. Ақырын қәдем таслап таныс соқпақ пенен өзи буннан он-он бес күн бурын Торықасқаны жетекке алып шыққан, көп жыллардан берли үйренисип қалған атханаға қарай жүрип келе берди...

## 6

Сахра қумларын қыздыра баслаған көклем қуяшы песиннен аўса да, төбешикте тонын төсеп, үстине созылған Қулшы бий орнынан қозғалмады. Имканы болса қаза қылмайтуғын песин намазының ўақты өтип кетти. Ботабай аш бола баслады. Бийди “әлле уйқылап қалды ма, оятсам ба екен” деп екиленип турды да, батылы жетпеди. Бөктергидеги қоржында азық-түлик, суўсын бар еди, бирақ бийден бурын табаққа қол созыўға үйренбеген Ботабай қоржынды бөктергиден алмады. “Ақшам қасқырлардың қырсығынан уйқысы шала болғанды”, деп қумның етегине байланған атларды жылыстырып, тонын төсеп, күтиўден басқа илажы қалмады.

Қулшы бий уйқылаў түўе, қалғымаған еди. Аўыр ойлар дизбеги бәҳәр аспанында гезген бултлар киби орын алмасар, олардың ҳеш бири бийдиң руўхын тетиклестире алмас, оның есесине өкиниш пенен қайғы әкелер еди. “Ер басына күн туўса, етиги менен суў кешер, ат басына күн туўса аўызлығы менен суў ишер” дегени усы екендағы— деп ойлады. «Ақсуўатты таслап көшиў кимниң қыялына келген, болмаса. Торықасқа менен Төлесинниң өлими, соңынан Тағаберген, оннан кейин де талай ўақыялар болған еди...»

Төменде ат оқыранғанда барып бийдиң ойлары бөлинди. “Ким келди екен? Ат неге оқыранды?” деген қыял менен басын көтерип төменге қарады.

Бектемир келген. Атлар Темиркөкти көрип оқыранған екен. “Алыста болса киснескен, жақында болса тислескен”, деп бийкар айтылмапты. Бул үш айғыр бир үйирде жүрсе тислесип, тебисип, оңыспас еди. Енди қара, бирин-бири көргенде ой-баўыры үзилип ийискелесиўин, егиз балалардай шүйиркелесиўин.

Аттан түскен Бектемир бийдиң бас көтергенинен оның ояў екенин билсе де, жанына шақырмағанша күтти, жоқары көтерилмеди.

— Ҳа Бектемир, жайша жүрсең бе? — деп даўыслады бий өзиниң ояў екенлигин билдирмекши болғандай.

— Ендиги қонысқа қолайлы орын излеп жүриппен, — деп даўыслады Бектемир.

— Бермаған қара. Мен турған жерден қолайлы жер көзиңе түсти ме? Түскен болса айт. — Даўысы қуўнақ еситилди.

— Бир-еки төбени көрип едим. Малымыз бенен үйимиз жайласыўға кишилик қылады-аў деп ойладым.

— Онда бери шығыңлар. Ботабай, бөктергидеги қоржынды ала кел. Қоржынлар менен аттың жабыўын көтерген еки жигит қумшаўыт төбениң басына шықты. Бул жерде көклемниң жанға жағымлы самалы есип турар еди. Бектемир қумның үстине аттың жабыўын жайып жиберди. Ботабай қоржынның дизбесин жаздырып, оннан сур гөш пенен суўсын алып ортаға қойды. Үшеўи үнсиз аўқатланды. Зеренлерге қуйылған салқын суўсын шөллерди қандырды.

— Мениңше көшти қараңғы түспей турып усы бәлентке жайластырса болады,— деди бий Бектемирге қарап. Үйлер менен қосларды бир-бирине жақынлатып, айландырып тигиңлер. Малды ортаға аламыз. Илажы болса төменнен сексеўил сындырып, мал турғандай жерди қоралаған мақул. Кешеги бөрилер топары бүгин ақшам қарап жатады, деп ойламай-ақ қойың. От жағыў ушын сексеўил ғамлаўды умытпаң.

— Қуллық. Солай ислеймиз, — деди Бектемир. — Мәгар, бул жерде еки-үш күн егленермиз. Қойлар қозылай баслады.

— Еки-үш күннен зыят еглениў қәтерли. Күн ысый баслады. Егер нәбада жамғыр жаўа қоймаса, қақтың суўы кеўип кетеди. Сол ушын қақ суўына арқа сүйемей дәрьяға жақынлап бара бериў керек. Шама менен алдымыздағы Ақшакөлге шекем он-он бес күнлик жол бар, оннан өткен соң және үш күн көшсек Қыпшаққа тирелемиз, иншалла. Қалған жолды бир жағымызды дәрьяға сүйенип, даўам еттиремиз. Оған шекем қой қозылап болар, күнлер де ысып кетер. Мынаў шөлдиң де шөби қуўаң тартып, мал аўзына илинбей қалар.

Бул ўақытларда көз ушында кими түйеге, кими ешекке, кими атқа жүк артқан көштиң алды көринди.

— Ботабек, — деди бий атқосшысына жүзленип. Бәйбишеге айт, отаўды тап биз отырған жерге тиге берсин. Қалғанлар, бағана мен айтқандай моллам дөгерек, шеңбер жасап орналассын.

— Хуп болады.

— Ал, енди барыңлар, көшти қондырыўға басшылық етиңлер.

Бектемирдиң тәшўиши басланған еди. Алдында бөрилер топары менен шайқаслардың екинши түни күтип турды. Ол қандай кешеди, ҳәзиринше жалғыз алладан өзге ҳеш кимге де аян емес. “Сақлансаң-сақларман” деген. Сол ушын ғапыл қалмаслық керек. Минсең көлигиң, жесең тамағың, елдиң сәни менен байлығы болған малды қорыў, оны дүз аңына, аш бөриге бермеў ушын шыбын жанды гиреўге тигиў керек болса, солай исленер еди. Дийқаншылық ететуғын жери жоқ, бағы жоқ, малынан басқа байлығы жоқ сахра халқы мал басының аманлығы ушын бөри ме, басқа аң ба, қәлеген мақлуқ пенен болса да, жекпе-жек алысыўға таяр турыўы дәркар!

Күн песиннен аўып, батысқа еңкейе баслағанда көштиң алды бәлент төбениң етегине жетип келип, жүклерин түсире баслады. Дәслеп Ботабай көрсеткен орынға бийдиң отаўы тикленди. Бектемирдиң тәртип бериўи менен басқалар да кими қосын, кими жолым үйин тигиўге киристи. Ири қарамалы, жылқысы, түйеси, қой-ешкисиниң бийдикинен басқасыникиниң падасы бир, кимниң он-он бес бас қарасы, кимниң жылқысы, бир-еки түйеси, жигирмалаған қой-жанлығы бир жерге жәмленип, ҳәр бири бир пада мал, бир үйир жылқы, бир отар қой дегендей сүриў болған, ийелериниң кими жалшы жаллаған, кими өзи қараўыллап жүрген, сол себептен еки жүзге шамалас хожалықтың көшинде паданы қарайлаўға бәнт болмаған ерлер де, ҳаяллар да баршылық еди. Қулласы көп ўақыт өтпей-ақ төбениң басы кишигирим бир аўылға айланды. Дүнья исиниң қызығына қараң, қус ушса қанаты талатуғын кең майданда тигилген қос алақандай ғана жерди ийелер болса да, өз қосын тикейтиў ушын орынға таласып атырғанлар да болды, Қулман шопанның ерине мегзеген ҳәстедей қара кемпири ишинде әлле нәрселери бар гебежени арқалап, дәслепкилерден болып, терлеп-тепшип төбешикке көтерилип, бой тиклеп атырған бийдиң отаўының жанына гебежени түсирип, аз ғана ўақыт ентигин басып, басқа дәскелерин жоқарыға шығармақ нийетте төменге түсип еди, үй дәскелериниң қалғанын ийнине салып, усындайда жәрдемлесе қоятуғын күйеўи Қулман қойшы менен қой басында жүрген балаларының жоқлығына налынып, маңлайы жерге тийип, еңбеклеп шыққандай төбеге шығып қараса, қойып кеткен гебежеси орнында жоқ, басқа биреўдиң дәскелери турыпты. “Ким екен биреўдиң белги қойып кеткен орнын ийелеген? Ким ол? Адамларды бассына ма?” Усындай ойлар қыялына келди де соңынан тилине жетип барды ҳәм төбени басына көтерип, бақыра баслады.

— Мына қараң қалғыр кимниң мүлики? Илайым ысқатыңа буйырғырды ким қойып кетти бул жерге? Мен ғой маңлайым жерге тийип, қосымды усы жерге тигемен деп, усы жерди үш рет теўип

көрип, белгилеп кеткен болсам мениң гебежем қәне? Ийт алды ма, қус алды ма? Мына қараң қалғырлардың ийеси ким?

Ҳеш ким жуўап бермеди. Дәскениң ийеси де Қулманның қара кемпирине уқсап ийниндегисин қоя сала ендигисин әкелиў ушын төменге кеткен. Гебежени дуғыжым қара бала "жолда турып, басқаларға кесент етпесин" деген пикир менен ортарақ жерге сүйреп апарған еди.

Қара кемпирдиң аўзы тынар емес. Алып келген дәскесиниң үстинде отырып дем алар, екиншиден көш машақатларынан көрген азапларын тили арқалы жәрия етип, кимнендур ашыўын алар еди.

— Бийге қонсы қоныў биздей шопанның ҳаялына ылайық көрилмеп пе? Ҳәй, қудай бассынғыр. Қәне, қаяқтасаң, кел бери, жасырынба? Ең, болмаса мына мүликиңе ийелик ет, мениң гебежемди таўып бер.

Оған жуўап қайтарғандай ҳеш ким болмады, адамлар өз машқалалары менен машқул. Ал, Қулманның ҳаялы болса жүрегиндеги дәрт ҳәсиретлерин тили арқалы төгер, бирақ көкиреги жеңиллесиўдиң орнына дәрт пенен бетерирек толар еди.

— Әне, бай болып, бала болып усындайда дәртиңе бир жарамаса, қабынды қолдаспаса. Барлығы таңның атыўынан күнниң батыўына дейин қойдың изинде. Кеште қаралай өшип келеди, тағы бөри деген бәле шыққалы түни менен кирпик илмейди. Қалған жумыстың барлығы мениң шиңгириктей желкеме минип алған.

Енди буннан бул жағы өзи қусап үй тигип, ерлери хәм балалары ушын жейтуғын бир нәрселердиң ғамын ойлап тәшўишке түсип атырған ҳаяллар менен ҳәммеге ортақ дәртлерин гүрриң етиўдей бир гәп болып қалды. Аўылдың барлық ҳаяллары бәнт болыўына қарамастан, ҳәттеки кемпирге бес адым аралықта үй тигип атырған бийдиң бәйбишеси менен оның қасында көмеклесип турған Айбийби де кемпирдиң гәплерине жан қулағын түрип турған, Қулманның ҳаялы да бул гәплеримди, ҳәммеден де көбирек бәйбише еситсин деп айтпақта хәм мақсетине ериспекте еди.

Төбеге көтерилип киятырған ақбозлақ, узын бойлы, қыр мурынлы, киймешегиниң еки пешин қайырып алған келиншек ийниндеги жүгин кемпирдиң жанына "дүрс" еттирип түсирип, "үҳ" деп маңлайының терин сыпырды.

— Мына төбеге шығаман деп диңкем қурыды ғой, — деди кемпирден дәртине шериклик излеген адамдай. Соңынан даўыслады:— Ақжигит, кел мына жүклерди ана жерге апар, мениң диңкем қурып қалды ғой.

— Ҳәй Сәрбийке, қудайдан ғана тапқыр биреў мына ғана мениң үш мәрте теўип, қосымды тигемен деген жериме затларын қойып

кетипти ғой, — деди. Ашыўы әдеўир тарқап хәўири басылайын деген еди. Мениң қойып кеткен гебежем жоқ. Мына дәскелер кимдики екенин билмейсең бе?

— Өйп-пей шеше, ҳаў бул затлар меники ғой, — деди таңланған Сәрбийке.

— Сеники болса ҳәзир алып, орынды босат. Кемпир тағы пәтке минежақ еди.

— Ҳаў, ҳәзир шеше, қудайға шүкир, қос тиксек, үй тиксек дөгерек кеңислик ғой. Менде тап усы жерге үйимди тигейин, деген ой болған жоқ, жүгимди қоя сала төменге түстим. Ҳәзир аламан дәскемди, Ақжигитке үйге орын белгилеп қоя ғой деп тапсырғанман.

— Онда мениң гебежем қәне?

— Ҳәзир табылар, хеш қайда кетпеген шығар. Ақжигит, ҳәй Ақжигит! Қаяқтасаң, келөс бери.

Көп өтпей сол дөгеректе жүрген Қайыр жетип келди.

— Мына шешеңниң гебежесин таўып бер, сен көрмедиң бе? Басқа пайытта абысынлар менен келинлер Қулманның кемпирин "қара шешем" дейтуғын еди, көз-көзге, жүз-жүзге түсип турғаннан кейин тилине тирелип турған сөзди иркип қалып, "мына шешеңниң" деди.

— Мынаў ма? — деди Қайыр ортарақта жатырған гебежени көрсетип.

Кемпир отырған орнынан қозғалмай бала көрсеткен тәрепке сығырайып қарады.

— Сол шығар, әкеле бер.

Қайыр мықлы қоллары менен гебежени көтерип әкелип, кемпирдиң алдына қойды.

— Усы ма? Ап-аўыр ғой, ишинде не бар, шеше?

— Не болатуғын еди, қазан-табақ ғой, қарағым-аў. Гебеже меники. Буны орнынан ким қозғады екен?

— Бағана жолдан бурыўлаў қояйын, аяқ астында қалмасын деп мен қозғап едим. Дым аўыр екен. Жоқарыға қалай алып шықтыңыз, шеше?

— Аўыр болса қәйтемен. "Басыңа түссе баспақшы боласаң" деген. Көтере бересең, балам. Кемпир байғустың ашыўы тарқап, әсиресе Сәрбийке ҳәм Қайыр менен сөйлесиклерден кейин кеўли жайына түскен, енди тезирек қос тигип, қазан асып, кешқурын отарларды айдап келетуғын улларын аш қалдырмаўдың тәшўишин ойлай баслаған еди. Қос тигетуғын орын белгили. Шопанның баспаналайтуғын көримсиз ғана ықтырмасына дәркар болған қараталдың бир-еки айырбақаны менен жеңил қадалар, үстине жабатуғын жазда қуяш нурында күйреп, қыста қар-жамғырларда жуўыла-жуўыла ағарып кеткен қой жүнинен тоқылған шалшалар, гебежедеги қазан-табақ

төбеге алып келинген. Кемпирдиң ҳәстедей бойына қайдандур ғайрат қуйылып келгендей болды. Ол орнынан қуўнақ ғана турып, қос тигиўдиң ҳәрекетине кирисип кетти. “Қос тигип болып, сексеўил әкелиўге түсемен. Жоқарыда отын жоқ екен”, деп ойлады ол бақанларды нығырақ орналастырып атырып.

Күни менен қара кемпирдиң булар еситсин деп әдейи айтқан сөзлерине қулақ түре турып, үйлерин тигип атырған Қулшы бийдиң бәйбешеси менен тоқалы гәпке араласпады. Қулманның ҳаялының сөзлерине ишлеринен күлди де қойды. Бәҳәр қуяшы сексеўил, маялыш өскен кең адырларды қызыл шапаққа бояп батыўға асығып атырған пайытта таза қонысқа көштиң падалары жетип келди. Мал жайластырыў, саўын малларды саўып, кешки аўқаттың ғамын жеп, ел уйқыға бас қояман дегенше, түн жарпы болып қалды.

Төбеге қондық, әтирапта аңға пана болғандай қалың пута жоқ, деп ғапыллыққа мейил бериў көшип киятырған елдиң қыялында да жоқ еди. Ет жеп, айран ишип дегендей ҳәлленип алған ерлер қарап отырмай төменге түсип қушақ-қушақ сексеўиллерди әкелип, үйлердиң, ылашықлардың арасына ҳәр жер, ҳәр жерге от жағып, қасқырлар ҳәмле қылғандай болса қорғаныўдың ғамына киристи.

От лаўлап жана баслады. Дөгеректе шағаллар, бөрилер улыўға киристи, деген менен өткен түндегидей жыйылып, көзлери қызарысып, тәп берисип келе қоймады. Қәўиптиң алдын алыўға таяр турған адамлар қарыў-жарақларын жанларына қойып, отты дөгереклеп отырып аннан-мыннан гәплесер, бир көзи менен қәтер дөниўи мүмкин деп гүманланылған төбешиктиң етегинде өскен шабыраў сексеўиллерге, олар көштиң адамлары омырып-омырып жиберип, қушақ-қушақ етип төбешикке алып шығыла-шығыла әдеўир сийрексип қалған, нәзер таслап қойып, әңгиме-гүрриңге қулақ қояр еди. Түн жарпы аўды, оны айырым хожалықлар өзлери тал менен жыңғылдан тоқылған көшпели кетеклерде алып киятырған бирли-ярым қоразлардың, шағаллардың шаўқымына уласып кеткен қышқырыўы көпшиликке уқтырды, күтилген қәўиптен болса дәрек жоқ.

Инсанның бир қәбилети бар, ол жақсыдур, жамандур, билмедим, бирақ, ол ҳәр қандай шараятқа да бейимлесиў уқыбына ийе. Сол сыяқлы биз сүўретлеп отырған көш адамлары да адамзаттың бул қәбилетинен қур алақан емес болғанлықтан өзлери бир неше күннен берли қумын басып, сексеўилин отқа жағып, шөбине мал жайып киятырған бурын бийтаныс болған жабайы далаларға, оның қылықларына үйренисе баслаған яки бейимлесе баслаған еди, десек орынлы шығар. Өткен түнде бөрилер топарының аяқ астынан қулағы тикирейип шыға келиўи ҳәм таң атқанша адамларды қорқыныш искенжесинде услап турыўы оларды таңландырмаған болса, бүгин

күтилген ҳәм ылайықлы қарсы алыўға таярланылған қәўиптиң өзин билдирмеўи, қараңғылықтан шығып келмеўи, күттирип қойыўы да таңландырмаған болса әжеп емес.

Ақырында адамлар күтиўден зериге баслады. Алды бурын Қулман қойшының балалары от әтирапына төселген шалшалардың үстинде отырып, биринен соң екиншиси қалғымаға қарады. “Жаслар ғой, еле бууынлары қата коймаған”, деп ойлады Қулшы бийдиң қойларын қасқырға алдырып, ендиги жағында сақ болыўға, кирпик қақпай таңды гүзетиўге бел байлаған шопан. “Қәне кел, заңғар бөри, мына сексеўилдиң шала жанған шоқмары менен тас төбеңе бир түсирейин, көзиңнен от жарқ етип, енеңнен туўғаныңа пушайман жемесең маған кел”, деп сыбырланды қойшы күни менен отар изинде жүрген балаларының басларын қолына илинген нәрсе менен сәл бийиклетип қоймақшы болып алашаның астындағы қумды қолы менен қармап атырып. Расында жанып турған отқа жуўан сексеўилдиң аўыр түбирин таслап қойған, оның ушы жалынға айланып, көкшил жақты таратып турар еди. Нәбада қасқыр келер болса шопан жанып турған шаланы алып үлгере ме, үлгерсе де дәл төбесине ура ала ма, бөриниң көзинен жарқ етип ушқын шашырай ма, шашырамай ма, ол жағы бизге де, Қулманға да қараңғы, бирақ нийети қалыс, ким билсин, бундай бир-бирине үнлесип, инсанның ойлағанындай болып келетуғын ўақыялар қалай дегенде де, кеминде жүз жылда, болмаса еки жүз жылда бир болатуғын шығар-аў.

Күндизги ойлардан талықты ма, я мал-ҳалдың, көштиң ақшамғы тәғдири исенимли қолларда ғой деген қыял көңлин тынышландырды ма, отаўдың оң жапсарына Айбийби салған тери төсекке жамбаслап, үстине ишигин жамылған Қулшы бийдиң көзи уйқыға кетти. Шеп жапсарда жатырған келиншек қандайдур бир үмит пенен бий жатырған тәрепке қулағын түрди, әлленемирде бир тегис пысылдаған сестен Қулшының уйқылағанын сезди ҳәм өзи де уйқылаўға урынды. Айбийби бийден бир ярым мүшелдей киши, тамырында қызыў қан ойнап турар, ети қызар еди, оны күндизги ишкен қымыздан шығар, деген ой менен қалғый берди.

Үй тигиў, отын әкелиў уқсаған майда-шүйде жумыслардан шаршаған, өткен түнде уйқысы шала болған Қайыр анасының жанында уйқыға кетти. Уйқысы келмеген Сәрбийке оттың басына, күйеўи Әрепбайдың қасына шығып отырды. Түн жарпынан аўып кетти. Күтилген қәўиптен дәрек болмағанлықтан “енди не қылар дейсең” деген ойға берилген көпшиликтиң көзлерине уйқы тирелип қалғып, мүлгий баслады. Әрепбай да көзлерин кең ашып уйқыламаўға тырысар, бирақ қайдандур жапырылып келген уйқы санасын бийлеп

алып, басы көкирегине ийилип-ийилип кетер, ийни жанында қатарласып отырған келиншеги Сәрбийкениң ийнине тирелип сүйенер, тағы өзин тиклеп алар еди. Ақырында уйқы женди. Басын Сәрбийкениң ийнине қойып, уйқылап қалды. Сәрбийке ақырын ғана басын сүйеп, ашық ҳаўаға, оттың жанына төселген шалшаға жатқызып, алдын ала әкелип қойған жарғақ пөстекти дастандырды, үстине тонын жапты, жанына өзи де қыйсайды.

Бектемир әдеттегише шалқасына жатып алып жулдызларға тигилип, ойға шүмер еди. Дүз сеслериниң бир-биринен парқын дәрҳал айыра алатуғын қулағы әтирапқа түриўли турды. Көктеги жулдызлар айланысы балалығынан қызықтырар, ақыл-ҳуўшын урлап, отарларды қараўыллағанда Ҳәкимқул менен, ямаса Журын менен жулдызларды санар ҳәм өз-ара меншиклеп, бөлисер, "анаў жулдыз меники, мынаўсы меники" деп ҳәр бири ең жарық жулдызды "меншиклеп" алыўға таласар еди. Әне, өзи ийемленген үлкен "жети қарақшы" арқаға қарай жылысып, жылжып баратыр. Бектемир шығыс тәрепке нәзерин бурды, Ҳәкимқул менен екеўи ержетип киятырған Зулқумардың аты менен атайтуғын таң жулдызы Шолпан еле көринбеген, демек қуяш шығатуғын мезгил алыс. Енди ерксиз Зулқумарды ойлай баслады. Аўылындағы Бийәдилдиң қызы, Ҳәкимқул менен Бектемирден жасы бираз киши болса да қыз болып көзге түсип қалған Зулқумарға жигит-желеңлердиң көпшилиги бийпарық емес еди. Эҳ Зулқумар, Зулқумар. Бектемирдиң тәғдирин астан-кестен етип жиберген, достын душпанына айландырған ат еди бул...

Тосыннан төменде бир-бирине жарысып бир неше бөриниң улығаны еситилди. Қәўип бар екенлигин ҳәмме билетуғын болса да бул даўыс, көштиң адамларының қуйқаларын жуўлатты. Қалғып кеткенлердиң уйқылары шайдай ашылды. Ҳәммеге "таярлан", деген буйрық берилген сыяқлы ким жанында жатқан шоқмарын, ким найзасын "орнында турып па" деген яңлы қармалап, көзлерин уўқалады. Бир неше қойын алдырып, бөриден пәнт жеген Қулман шала жанып пысқып атырған сексеўил шоқмарын оттан алып салмақлап-салмақлап көрип, орнына қайтып қойды ҳәм жанына жыйнап қойылған бүршикли сексеўилден отқа таслады, басқалар да солай иследи. От қайтадан лаўлап жанып дөгеректи жақтыртып, қараңғылықты сахраға қарай бираз болса да шегиндиргендей болды.

Төбеликтен төменде еситилген даўыслардың ийелери де көп күттирмей өзлериниң сахраны таслап ҳеш қайда кете қоймағанын дәлиллемекши болған яңлы, бой көрсетти. Көштиң арқа тәрепиниң бәлентликке көтерилип, тап тигилген қослардың иргесине шекем келиўге жүрек еткен бир топар бөрилердиң көзлери от сәўлесине

шағылысып жарқ-журқ етип, масаладай жанып, биразлардың зәрресин ушырып жиберди.

— Бөри, бөрилер! Сақланың, бөрилер! — деген ҳүрейли даўыслар ҳәр жер-ҳәр жерден еситиле баслады.

Бектемир бой тиклеп, әтирапқа қарады. Жақтыға шыққан бөрилер онша қашық емес еди. Қып-қызыл тиллери ҳүжимге таяр турған ашық аўызларынан салбырап, пурсаты жетти дегенде атылыўға таяр болып, қақпанның серппесиндей жыйналған денелердиң жүнлери кирпиниң тикенлериндей тип-тик, көзлери, әсиресе көкшил көзлери жаўыз ушқын шашыратып ҳүрейинди ушырады. Бул пайытта көштиң басқа бир жағында "бөри, бөрилер" деген даўыслар еситилип атты.

Бектемир көп ойланып турмады. Қасында, оттың алдына төселген ат жабыўының үстинде жатырған мылтығына еңкейди. Еки көзи тасланыўға таяр турған, аўзы арандай ашылған қасқырдан айырылмады, көкжал қатара тигилген қослар менен отты дөгереклеп отырған адамлардың аржағында турған олжаның: қой-ешкилердиң, сыйырлардың ийисин сезер, ҳайўаный сезим менен адамлар да оттың ең үлкен тосқынлық екенин аңлар, бирақ қан ийиси, асқазанды сызлатып турған ашлық, ҳәр қандай тосқынлық пенен қәўип-қәтерге де қарсы барыўға ийтермелер еди.

Мылтықтың муздай темир сүмбесине қолы тийди. Тезлик пенен дизерлеп отырды да қасқырды нышанаға алды. Тикке турса қолы қалтырап кетип, оқ зая болар, деген ой менен дизерледи. Алды бурын жалынға шағылысып, жалт-жулт етип турған көзлерин нәзерледи, соң ашылып турған аўзын, қызарып көринген таңлайын қараўылға илдирди, оннан да төменлеген мылтықтың үңирейген қап-қара аўзы қасқырдың кең омыраўына барып иркилди, оның аржағында дүз аңының ҳеш нәрседен сескениўди қәлемейтуғын жабайы жүреги "дүрс-дүрс" урып турар ҳәм ол мерген ушын исенимли нышана болып табылар еди.

Мерген жүрегиниң дүрсилдисин басыў ушын аз ғана егленди, қасқыр секириўге пайыт аңлып, қолайлы пурсатты күтип бир орында қас-қағым ўақытқа иркилди, сол замат шөл қойнын жаңғыртқан мылтық сести "ғарс" етип, алыс-алысларға тарқалып кетти, ҳәттеки оқтың нышанға жеткенше ҳаўаны қақ жарып зымырағандағы жаңғырығы да анық қулаққа шалынды.

Жақын жерден атылған оқтың соққысынан не болғанын аңлаўға үлгермей қалған қасқыр секириўге талпынды, соң қапталға қарай бир-еки аўнап түсти. Жүрекке қадалған оқ өз исин ислеп, жаныўарды сеспей қатырды ма, яки ол еле тири ме еди, оны анықлаўдың илажы болмады, себеби қан ийисин сезген қасқырлар ушын оққа ушқан өзлериниң шериги тегин олжа еди, көктеги жулдызлар жерде не болып

атырғанына таңланып жымыңлайман дегенше қанға боялған лаш өткир тислер ықтыярына өтип жулмаланып, ҳәзир ғана қанға қумар болып турған бөриниң өзи таяр етке айланды. Ашлықтан азап шеккен, азық ушын нениң не екенин таңлап отырмайтуғын жаўыз топар етке жетиўге талпынып таласар ... алға өтер, жанындағыларға аўыз салып, желкесинен тислеп дәкки берер, қулласы талас-тартыстың изи бөрилердиң қанлы саўашына айланып үлгерди. Төбениң төменинде бираз ўақытларға шекем сүйекке таласқан қасқырлардың ырылдаған, қаңсылаған сеслери еситилип турды.

Буннан кейин де бәлент төбениң басын дөгереклеп қонған көштиң ҳәр жер ҳәр жеринде бөрилер топары көринди, бәлки олардың ишинде оққа ушып, соңынан өз уяласларының жемтигине айланған көкжалға уқсаған дәўжүреклери болмаған шығар, яки олар ҳәр қандай қәўипке қарамастан тамағын тойдырыўға умтылатуғындай аш емести, я тағы бир себеплери болды ма, алқысса жоқарыдағы ўақыядан кейин сол түнде ҳеш бир бөри жүрек етип, көшке, оның малына ҳүжим ете алмады. Деген менен, оққа ушқан бөриниң мәртлигинен жүрек-шайды болып қалған адамлар өз өмирлери менен малларының тәғдирин ойлап, таңға шекем көз илиндириўге жүрексинбей, таң ағарып, бөрилердиң улыўы басыламан дегенше отларға отын салып турыўды кенде қылмады.

Бектемир өзине өзи разы болғандай мылтықтың еле суўый қоймаған түтесинен услап, бойын тикледи. Тағы бир жерлерден қәўип дөнип турған жоқ па екен, деген ой менен әтирапқа көз жиберди. Соң төсеўли турған ат жабыўына отырды. Жақын жердеги қоржынды алып, баўын шешти. Сөниўге бейимлескен отқа сексеўил таслады. От жалынлап жанып, әтирапты жақтыртты. Қоржынды ашып тери қалтаға салынған оқ дәри менен қорғасынды шығарып қойды. Соң сүмбени алып, мылтығын оқлай баслады.

Көклем таңы атыўға жақын еди. Он төртинде толысып, ендиги жағында жарты пәтирге мегзеп қалған ай батыс тәрептеги қум төбешиклердиң арғы жағына батыўға бейимлесип атырған болса, шығыс тәрептен атыўға бейимлескен таңның хабаршысы яңлы еле көзге көринбей атырған қуяштың нурлары аспанның бир бөлегин ағарта баслады. Таң жулдызы деп аталған Шолпан жарқырап көзге түсти. “Зулқумар” деп сыбырланды оқланған мылтығын қойып атырып жулдызға көзи түскен Бектемир. Шолпан жулдызы ҳәр сапары шығыс таманнан көринип, соңынан батып баратырғанда оны гүзетип отырыў Бектемир ушын әдетке айланып кеткен. Негедур ол бәрқулла өзи тигилип турған жулдыздың атын айтпас, ал “Зулқумар” деп тәкирарлаўды болса ҳеш қашан умытқан емес. Бул сапары да солай болды. Жарық жулдыздан көз үзбей, дөгеректеги қәўип-қәтерди

бирқанша мәўритке умытқан мерген “Зулқумар, Зулқумар” деп сыбырланар еди. Жер айланар, қуяш шығып, ай батып барар, түсип киятырған жақты дүз аңларын пана излеўге мәжбүрлеп, олар топар-топары менен, бирим-биримлеп уяларына қарай жол алар, Бектемирдиң болса олар менен иси жоқ сыяқлы, уйқылап кеткен деп ойлар болсақ көзи ашық ҳалатта шығысқа тигилип, бир сөзди тәкирар-тәкирар сыбырлай берди.

Кеше қуяш нурларында қыза баслаған қумлар таңғы салқында суўынды ҳәм жеңил ғана думан көтерилди. Ай нуры менен қуяш нуры шапырысып, ол думан менен қосылған соң шөл қойнын әжайып бир көринис қоршап алды.

— Ў-ў-ў-ўўўў!

Тосыннан басланып узақ созылған муңлы ҳәм ҳүрейли үн шөл қойнын жаңғырықлатып жиберди. Бир сөзди тәкирарлап, жулдыздан көз алмай тигилип отырған Бектемир шоршып түсти.

Даўыс Бектемирдиң желке тусынан еситилди. Ерксиз түрде изине бурылды. Ярым пәтир киби көринистеги ай, көш қоныс басқан төбениң күн батар тәрепиндеги қум төбешиктиң үстине сырлы нурын шашып турар еди. Мисли ол қол созым жерде турғандай, бәлентликке көтерилген адам оны арқайын алма киби үзип алатуғындай түйилер, ал ҳәзир ғана көш адамлары менен тынымсыз үрип атырған ийтлердиң зәрресин ушырған ҳүрейли ҳәм муңлы даўыс шығарған, төбешикте турып айға улыған бөриниң баҳайбат қулағы айға тийип-тийип кететуғындай болып көринди. “Кешеги бөри”, деп ойлады Бектемир. Дәрҳал мергенлик тәжирийбеси менен еки аралықты шамалады. Аралық қырқ-елиў адымнан алыс емес. Түтеси узын қара мылтықтың оғы көз жетер жерде көринген қараның нышанға алынған жерин тесип өтетуғынын бир неше мәрте өз көзи менен көрип, исеним ҳасыл еткен Бектемир бөриге оқ дарытыў мүмкин екенин анық билди.

Бөри узыннан-узақ улыды. Ызалы ҳәм муңлы даўыс әтирапты ләрзеге келтирди. Негедур ийтлерге шекем шабаланыўды тоқтатып, тым-тырыс болып қалды.

“Әрўақ па, жин бе, шайтан ба? Бул не бәле, өзи?” Бектемирдиң қыялынан усындай ойлар өтти. “Ҳәзир билемиз, не екенин”.

Мерген қапталын сыйпалап, алдын ала, күндиз таярлап қойған сексеўилдиң аша таяғын қумға шанышты. Дизерлеп отырып, мылтығын қолына алды, сүмбесин ашаға қойып, батып баратырған ай менен шығып киятырған қуяштың шапырасқан жақтысында анық көзге тасланған баҳайбат бөрини мылтықтың қараўылына илдирди. Сырлы жақтыда улыған бөриниң тулғасы сондай ири болып көринер еди, мергенниң көңилинен: “бул бөрини оқ алар ма екен?” деген гүман бас көтерип өтти. Жүректиң тусын дусмаллады, соң “бисмилла”

деп мылтық түтесиниң таўсылған жерине бекитилген шақмақ тасты оң қолының бас бармағы менен бир-бирине сүйкеп, ушқын шығарды. “Жалт” етип шыққан ушқыннан мылтықтың қундағын ийнине тиреген Бектемирдиң қатал жүзи бир мәўрит көринип кеткен болса да қурғақ пахта пилте тутана қоймады. Еки-үш мәрте исленген ҳәрекеттен соң пахта тутанып, оқ-дәриге қарай өрмелей баслады. Мерген мылтықтың түтесин қасқырға каратты. “Тарс” еткен сес таң алдында мүлгиўге бейимлескен адамлар менен қумларды сескендерип жиберди. Аз ўақытта мылтық түтини тарқады. Қасқыр сол турған орнынан бир қарыс та жылжымаған еди, ол да аздай ызалы даўыс пенен айға қарап созып-созып улып еди, еситкенлердиң қуйқалары жуўлап кетти.

Бектемир мылтықты жерге қойып көзлерин уўқалады, уйқыда емеспен бе өзи деген қыял менен жүзин шаппатлап қойды, ояў екенине исенгеннен соң ҳаўлығайын деди, «әстапыралла, әстапыралла» деп, ишинен кәлийма қайтарды. Ай төбешиктен асырылып көринбей қалды. Айдың соңғы сәўлелери менен бирге көшип кеткен булт саясы киби айбатлы қасқыр келбети де ғайып болған еди.

Ҳалдан тайған мерген барлығына қолын бир силтеп, тонын басына қойып, өзин жерге таслады. Қулашын жайып жиберип, сийреклесип баратырған жулдызларға нәзер салды. Көп өтпей уйқылап кетти. Болып өткен ўақыялар оны түсинде де тыныш қоймады.

Аўылда, анасының жанында жалаңаяқ, көйлекшең турған емиш. Шөллегенин айтып, суў сорап атыр, анасы “суў жоқ балам, шөлиңди айран басады” деп усынған шәңгил қабақты аламан, деп қолын созса қолы ҳеш жетпес, анасына жақынламақшы болып адым атса ол да кем-кем қашықлай берер емиш. “Ҳаў, анам өлмеген, тири қусайды ғой”, деген ой кеўлинде әлле бир үмит ушқынларын оятар, шәңгил қабақты алмақшы болып жан-тәни менен умтылар, шөллеп аңқасы кебер, еринлери қақ-қақ жарылып кеткен, жаралар ашый баслар, бирақ шөлге де, жараға да мәлҳам болмақшы анасы усынған айранға қолы жетпейди. Оған өкинеди, қорлығы келип жылағысы, биреўге дәртин айтып шағынғысы келеди, әтирапына қарайды, бирақ ҳеш кимди көре алмайды. “Апа, суў...” деп ыңырсыйды, бирақ оның даўысын ҳеш ким, созса қолы жететуғын жерде турған анасы да, ҳәттеки өзи де еситпейди.

Бир ўақытлары Ҳәкимқул пайда болады, ол атқа минип алған, алдына шашлары майда өрилген, өзине жарасып туратуғын қызыл көйлегин кийген Зулқумарды отырғызған. Бектемир оған өзиниң шөллеп өлерге келгенин айта баслайды, бир саркум суў сорайды. Әллеқаяқтан Зулқумардың қолында қум менен жақсылап ысып тазаланғанлықтан алтындай жалтырап турған мыс дүң пайда болады,

бир қолына гүмистей жалтырап көзди қамастырған сарқум алып, дүңдеги муздай суўдан қуйып, Бектемирге усынады:— мә, ишип шөлинди бас, — деп жағымлы күлимсиреп қояды, қолын созып сарқумды енди услайман дегенде Ҳәкимқул Зулқумардың қолын қағып жибереди, муздай суў тамшылары әллеқайдан түсип турған нурларда жалтырап ҳаўада таўланады, соң қумлақ жерге ақырын сиңе баслайды. “Мен шөлден өлемен Ҳәкимқул достым, сен неге суўды төгесең”, дейди Бектемир. “Зулқумардың усынғаны суў емес, ол жыланның зәҳәри ғой, сени өлимнен сақлап қалдым, мен саған доспан ақыры”, деп Ҳәкимқул күледи, аўызлары қыйсайып, күлгени жылағанға мегзеп кетеди. “Зәҳәр болса да шөлимди бассын, қуйып бер”, дейди мерген Зулқумарға. “Бул зәҳәр емес, Ҳәкимқул алдайды, қудық суўы, муздай, мә шөлинди қандыр”, деп қыз тағы суў усынады, “Ҳәкимқул төгип тасламасын” деген гүман менен оған қарайды, оның еки қолы байлаўлы, аттың узын қыл арқан шылбыры менен байланыпты. “Енди шөлимди қандыраман”, деп қуўанып сарқумды қолына алып еди, ҳәр бири бир қарыс келетуғын өткир тырнақлары бар баҳайбат пәнже суўды тағы қумға төкти. Бектемир бурылып қарсы алдында турған баҳайбат қасқырды көреди, көзлери қанталасып, тили салбыраған қасқырдың алдынғы азыўлары сондай үлкен, “бундай да болады екен” деп ойлайды Бектемир таңланып. Сонда қасқыр адамға уқсап сөйлей баслайды: “Ҳәй, сен неге маған оқ үзип, оқ-дәри заялайсаң, көрдиң бе, маған әжел дарымайды, мен шөл әрўағыман”, дейди ол. Тилинен аққан силекей қумда кишигирим көлмек пайда етеди. Мергенниң оған суқланып қарағанын сезген қасқыр “суў, әне суў, иш, қандыр шөлинди” деп гүркирейди. Бектемир көлмекке еңкейе бергенде анасы пайда болады. “Мә, айран, қасқырдың аўзынан ишпе!”, деп қышқырады. Усы пайытлары қай жақтан пайда болғаны намәлим, аппақ қус мергенниң жүзин сыйпап өткендей болады ҳәм оның орны негедур қыза баслайды. Бектемир ояныпкетеди. Қыялап түскен қуяш нурлары жүзин қыздыра баслаған екен. Таңлайы кеўип шөллеген, қолын созып мести алды да, тығынын суўырып, уйқыдан ҳәзир оянғанына қарамастан, муздай айранды таўсылғанша симирди. Соңынан барып әтирапқа нәзер таслады. Отлардың жалыны пәсейген, бүгинги ақшамды өткен түнге салыстырғанда тыныш атқарған көш адамлары ғаңғыр-гүңгир сөйлесип, азанғы ҳалқастың ғамына кирискен, көш қонған төбениң етегинде шашылып жатырған, ғажылып қалған сүйеклерге қонған ғарға-қузғынның, оларды дөгереклеп жүрген сағал-порсықтың сести еситилер еди. Солай етип, алыс мәнзиллерди нәзерге алып сапарға атланған көштиң сахра қойнындағы тағы бир ақшамы изде қалды.

## 7

Субҳан жүзбасы ақыры өз дегенине жеткен еди. Бектемирдиң анасын көндирди. Өзине тоқ хожалықтан, байдың баласы болған Ҳәкимқул да нөкерликке бирге баратуғын болды. Оны үгитлеген ҳеш ким жоқ. Әкеси алдына шақырып: “Сен бала нөкерликти Бектемир менен бирге жылқыға барыўдай көрип жүрипсең ғой шамасы, ол жан алып, жан беретуғын саўда, сени ҳеш ким зорлап атырған жоқ, гөженди шайқамай үйде отыр, ержеттиң, үйлен, Зулқумар бойжетип қалыпты, билемен, өзиңниң де оған деген кеўлиң жоқ емес шығар”, деп тәмбисин берди. Соған қарамастан, Бектемир азығын алып, атын минип, әкесинен қалған жарағын асынып, Журынды анасына, анасын қудайға тапсырып, Субҳан жүзбасы менен ўәделескен жерге келгенде, Ҳәкимқул әкесине көринбей үйинен қашып шықты. Сары айғырды минип алған. Қуралы жоқ. Әкесиниң разы болмайтуғынын билген жүзбасы әри-бери “изиңе қайт”, деп көрип еди, тыңламады, қалмай ере берди. Ат қулағында ойнайтуғын шабандоз, әжелден қайтпайтуғын қыпшақтың алаңғасар мәрт жигитлери Субҳан жүзбасыға да керек еди. Ақырында барлығы, нөкерликке келисим бергенлер, он сегиз-жигирма жаслардағы жигитлер еди, Бухараға бирге кетти.

Әмирдиң ләшкери қалаға жақын жердеги бир аўылда туратуғын еди. Тазадан алынғанлар барған күнниң ертеңине таярлыққа түсти. Атқа миниўдиң түрли жолларын Бектемир тез меңгерди. Ҳәкимқул да оннан қалыспайтуғын еди. Желип баратырып қылышты қыннан суўырыў, оңлы-сол силтеп, тикейтип қойылған талларды шаўып таслаў, қайта қынға салып, найзаны алға туўрылаў, баратырған епкин менен сабаннан соғылған адам сүўретин найзалап изге қайтыў уқсаған машықларды ҳәр күни тәкирарлай бериў жанға тийди. Оның үстине онбасылардың қаталлығын айтпайсаң ба? Қурал-жарақты қум менен ысқылап айнадай жылтыратыў, атты жуўып-тараў, өз асыңды өзиң таярлаў, кийимиңди өзиң жуўып, өзиң жамаў, қулласы нөкерликтиң таўсылмайтуғын машқалалары аўырлық етип, аўыл жигитлери көп қыйналды.

Қыйыншылықларда Бектемирди бир шийрин қыял жубатар еди. Нөкер күн бойы, ҳәттеки ақшамлары не орынлаў дәркар болса ҳәммесин бәржай еткеннен кейин Ҳәкимқул екеўи жасайтуғын өжиреден тысқа шығып, аўлағырақта отырып алып, Шолпан жулдызын гүзетер, егер кешқурын күншығыс тәрепте жарқырап турған пайытын тамашалаўға үлгермесе танда ҳәммеден бурын оянып, атхана бетке кетер ҳәм таң шолпанына узақ-узақ тигилер, өзгелер еситип қоймасын деп “Зулқумар” деген сөзди ишинен тәкирарлай берер еди. Солай

етип, ҳәр күни елде қалған Зулқумарға, анасына, Журын жорасына болған сағыныш ҳәўирин басып жүрди. Тағы бир қәдирданы бар, ол жанында жүрген Ҳәкимқул.

Балалықтағы сада арзыўлар шынлыққа айланған еди. Дүньяда еки Баршынай болмағанындай қыпшақ аўылында еки Зулқумар жоқ, ал бир Зулқумарға Бектемир қандай ашық ҳәм бийқарар болса, оның досты Ҳәкимқул да Зулқумарды жанындай жақсы көретуғын, бирақ оны достына билдирмес, кеўлиниң түпкиринде, жети қабат перденің артындағы жети мәрте қулып урылған сыр сандығында сақлар еди. Ол да ақшамлары Зулқумарды түслеринде көрер, тиллесер, гөззал қызға өзиниң пинҳамы муҳаббатын баян қылар, Бектемирден де бетерирек жақсы көретуғынын айтып бар даўысы менен жар салар, жанындағы Бектемир бүйирине түртип оятқанда “сырымды достым билип қоймады ма екен” деген гүман менен қысынғанынан қара терге түсип, тонын бүркенип арман қарап жатып алғаны көп мәрте қайталанды. Сағыныштан жүдеп, аўылына қашып кетиўди де ойлап көрди. Ҳәр сапары кешқурын атының ерин алып, сейисханаға байлап атырып қыялынан: “Бүгин ҳәмме уйқылаған пайытта қашып кетсем...” деген ой кешер еди. Көп өтпей қыялына: “Бектемир не? Оны қалай таслап кетемен?”, деген сораў келер ҳәм оған ҳәр сапары жуўап таппай қыйналды. Бектемир балалықтан ойнап өскен досты. Екинши таманынан қайтып барса аўылласлары, бәринен бетер Зулқумар не ойлайды?

— Қыйыншылыққа шыдамай, урыстан қорқып қайтып келди, — деп ҳәр ким артынан қол шошайтып күлмей ме? Бектемир ертең урысқа қатнасып, олжа ҳәм сарыпайлар және атақ пенен аман-есен аўылға барса, аўылласлары оны батыр азамат сыпатында қарсы алса... Әсиресе, Зулқумар... Онда бир өзи қашып кете алмайды. Бектемир менен бирге кетсе ше?

Бир сапары жатар пайыты Бектемирди тысқарыға жетеледи. “Айтатуғын гәпи бар шығар”, деп ойлаған Бектемир изине ере берди. Әдеўир шеткериге шыққаннан соң иркилди.

— Не айтпақшысаң? — деди Бектемир сыбырлап.

— Аўылды қатты сағындым, Бектемир. Қашайық. Мен бәрин ойлап-пишип қойыппан. Сақшыға бир-еки гүмис теңге берсек, бизлер ат шаптырым узақлап кеткенше, бизди жоқламайды. Жолды шамалап билемен. Артық шыдай алмайман. Жүзбасы да, онбасы да буйрық бере берип, қаныма тойдырды. Қашайық, — деди ентигип.

— Ҳәкимқул, — деди Бектемир даўысын сәл көтериңкиреп. Мен нөкерликке өз ерким менен келдим. Қашып қайда бараман. “Я бақ, я шарбақ” деген. Зулқумарға не айтаман. Яқ, мен шыдайман.

Ақылымды алсаң, сен де шыдап бақ. — Ересек адамдай салмақлап сөйледи.

— Қашайық та, — деди Ҳәкимқул жыламсырап. — Ат терлегенше желдирсек үлкен жолға түсемиз. Қонып-түсленип елге жетемиз. Жүдә жаманлығында қайтарып алып келер. Оған шекем еки-үш күн аўылда жүрип, маўқымызды басамыз.

— Яқ, мен қашпайман. Қашсаң өзиң кете бер, — деп Бектемир оң қолын Ҳәкимқулдың пәнжесинен силкип жаздырды. Даўысы кескин шықты. Соң қайрылды да жүре берди. Артқа мойын бурмады. Сонда да жалғыз өзи кетиўге жүреги даўамаған Ҳәкимқулдың ерип киятырғанын желкеси менен сезип келе берди.

Бектемирге өкпелеген Ҳәкимқул бир ҳәптеге шекем терис қарап жүрди. Бектемир де оған жан басып, жалтақламады. Гүреслер менен тартысларға, алдаў менен қыянетлерге, жәнжеллер менен қан төгиспелерге толы, машақаты менен гөззал арзыў-әрманларға бай өмирге енди қәдем таслап атырған өспиримлердиң қанатлары қатайып киятырған еди.

Нөкерлер арасында "Урыс... урысқа барамыз" деген хабар тарқалған пайытта, олар қылыш пенен найза силтеў, топылыс ҳәм шегиниў, жол таслаў уқсаған урыс өнерлерин меңгерген, өзлерин дәстандағы Алпамыстай сезетуғын ҳалға келген еди.

Жақында болатуғын урыс ҳаққындағы хабарды әмир әскериндегилердиң ҳәр бири ҳәр қыйлы қабыллады. Мыңбасы бир мың ләшкердиң, жүзбасы жүз атлының, онбасы он адамның ғамын ойлап, душпан арасына жиберилген жансызлардың әкелген хабарларын талқылап, ҳәр қандай ҳәмел қылып болса да жаўды жеңиўди ойлап, баслары мең-зең болып атырса, нөкерлер сапына жаңадан қосылған қыпшақ жигитлери ушын дәслепки саўашқа түсиў қоңсы аўылдағы тойға баратуғын атланыстай болып түйилер еди. Саўаштың ойын-заўық яки той емес, ал жан алып, жан берилетуғын майдан екенлигин жаслық ҳәм садалығы себепли қыялларына келтирмеген жигитлер ең жақсы кийимлерин кийип, қурал-жарағын қайта-қайта ысқылап жалтыратып, гүмис үзеңги, гүмис тоғалы сийнемент пенен айылларын ат белине тартып, ат қуйрығын түйип, жүреклери шәўкилдесип, саўашқа асықты.

Қарақумды жайлаған көшпели түркмен руўлары Бухара әмирлигине ҳәр дайым қәўип туўдырып турар, топар-топар атлылар аўылларға бир заматта төбеден түскендей, жасын тезлигинде басып кирер, малларын айдап, адамларын бенде етип алып кетер, бундай топылыслар Қарақум етегиндеги әмир сорамағындағы жерлерде тез-тез болып турар еди. Әмир бир неше мәрте түркмен сәрдарларына елши жиберип, бундай жумысты Қулшы бий де бир неше мәрте

атқарған еди, парахатшылық питимлерин дүзер, аҳиднамаларға мөрлер менен бармақлар басылар, бирақ көп өтпей тағы бир топар әмирликтиң сорамындағы еллерди шаўып, талап кетер, питим қағазларда қала берер, себеби руў сәрдарлары өзге биреўлер тәрепинен дүзилген питимлерди мойынламас, ахалтеке арғымақларын минген жигитлерин ертип олжа излер, таланшылық етиўден тыйылмас еди.

Ханлық шегараларын беккемлеўди бир пурсатқа да ойынан шығармаған Шаҳмурат Қарақум тәрептен туўылатуғын қәўипти жоқ етиўди режелестирип, оған таярлық көрип жүрди. Душпан ишине жансызлар жиберди. Алтын көп машқалаларды шешетуғын еди, сол ушын да зер жумсап душпан ишинен жансызлар жаллады, бир қатар сәрдарлардың көңлин алтын менен жумсартып, өз тәрепине қаратты. Кеўлинде олжа излеп, тонаўшылық пығлы уялаған сәрдарлардың бир жерге топланыўын күтти. Оларды бир ҳүжим менен жоқ қылмақ я ҳәлсиретпек мақсетинде пурсат күтпекте еди.

Гүз паслы басланып атырғанда Қарақумдағы бир неше жансызлардан хабар келди. Хабарлар бир-бирине үнлес еди. “Түркмен сардарлары ойласық қылыпты. Айтатуғыны: Гүз келди, күн салқын түсти. Ахалтеке арғымақлары жақсы бағылды, жилигине май байлады. Қанша шапса шаршаў-шалығыў не екенин билмейди. Қылышлар қында турып зәңлемекте. Дүпеңлер оқдәри ийисин сағынды. Жигитлеримиз келинлерге баўыр басып, жатақ болып баратыр. Бухар дийқаны дәнди жыйып, телекке төкти. Жылқы менен қарамалдың қоңлы пайыты келди. Пәлен жер, төлен жер көптен шабылмады. Олжа ушын атланбақ керек”.

Бул хабарды әмирге жансызлар менен тыңшылар сәрдары Әмирқул алып келди. Арктиң пинҳамы ханасында әмир жансызлар баслығын оңаша қабыллаған еди.

— Бул хабарларың тақыйық па? — деди әмир сәрдардың көзлерине тик бағып.

— Жаным менен мал-мүликим Сизге садаға әмирим, — деди Шаҳмураттың өткир нәзеринен көзлерин қуяштан паналағандай етип алып қашқан жансызлар сәрдары. Бир неше жансыздың сөзи бир жерден шықпақта. Яўмыт, теке, алий руўларынан бир неше топарлар Ақмәмед сәрдарды хан көтерип, бирлесип ҳәрекет етпекши көринеди. Мен исенимли адамлардан еситкенлеримди баян еттим әмирим, және барлығын жалғыз алла биледи. Пәрўардигар ғана анығын көрип, билиўшидур. “Мынаў Әмирқул ийшанға қол берип, хызметтен ўаз кешип кетежақ емес пе? Ядына алла түсип тур, яки қартайды ма?», деп ойлады әмир ишинен.

Әмир ойлаған пурсат жетип келген еди.

— Күшлер қай жерге жәмлеспекши? Қашан?

— Қандайдур Алатаяқ деген аўылға жыйналар емиш. Қашанлығы еле анық емес, әмирим.

— Тез анықла. Ақмәмедтиң қасына өз ишинен исенимли жансыз тап. Алтын-зерди аяма. Зер инсан қанынан қәдирли емес. Әмир соңғы сөзди не мәниде айтқанын ойлай-ойлай, сәрдар мағызын шаға алмады. «Не ушын олай деди?» Инсан қаны зер ушын төгилгениниң талай мәрте гүўасы болған жансызлар сәрдары әмирден кетиўге руқсат алып, түс пайытында ҳәм алакөлеңке тартып турған арктиң пинҳамы ханасын тәрк етип, сая киби сес-семир ғайып болды.

Қыялға берилип, алдында турған жансызлар сәрдарының кетип болғанын көрген әмир бир қолын бир қолына урып хызметкерди шақырды.

— Қусбеги келсин!

— Қуллық, әмирим.

Көп өтпей есикте турған хызметкер даўыслады.

— Қусбеги келди, әмирим.

— Кирсинлер!

Узын бойлы, қызғыш жүзине қына менен боялған сақалы жарасып турған қусбеги кирди. Бәлент пәтиктен урланып түскен гүзги қуяш нурында алтын суўы жүритилген дубылғасы да жалтырап кетти. Қусбеги бәлент қәддин ийип, қол қаўсырып турды.

— Шақырған екенсиз, әмирим. Еңкейген пайытта ҳәрекетине кесент келтирген белиндеги камарға илинген қылышын оң қолы менен артқа ысырып қойды. Әмир негедур сескенип кетти. Қолын қолына урды. Перде артынан қылышлары қыннан суўырылып жалаңашланған еки сақшы шығып келди. Ҳайран болған қусбегиниң оң қолы ерксиз түрде белиндеги қылыш сабына барып қалған еди.

— Қусбеги, қозғалмаң, — деди әмир бәлент даўыс пенен. Қылышыңызды шешип, сақшыларға бериң. Ҳүзиримизге қурал менен кирипсиз, асыққандурсыз.

Қусбеги албырағанын жасырмақшы болып, белиндеги енли камарын асықпай шешип, сақшыға усынды. Алтын тоғалы, қылыш асылған зилдей кәмардың салмағынан ба, я ҳаўлыққаннан ба, негедур қусбегиниң тоқпақтай күшли қоллары қалтырап кеткендей болды. Қына менен боялған қалың сақалы жарасып турған жүзинде қызыл шырайдан из қалмаған, жуўған шүберектей ағарып кеткен еди.

Барлығын қырағы нәзери менен гүзетип турған әмир сыр бермеди. Ишинен: «Үш мың нөкерди исенип қойған қусбегим жүрексиз бе еди? Жалаңаш қылышты көргенде қолы қалтырап, жүзинде қан қалмады. Сақшыларым жаман емес, бәс десең, душпанын парра-парра қылыўға тайын текли ийтлердей қусбегиге тасланыўға таяр турды,

тек бир ишара берсеӊ ким болса да, сескенбейди, ҳәтте үш мыӊ ләшкерге ҳүкими жүрген қусбегиден де айылын жыймады”, деп ойлап, бир жағынан қусбегиниӊ жүрексизлигине өкинсе, екинши жағынан сақшыларыныӊ ержүреклилигине марапатланды.

Қусбегиге әмир ҳүзирине қуралсыз кириў керeклигин ескертип отырмады, оны қусбеги де билетуғын еди, көптен ойға алып жүрген үлкен иске тәўекел етип атырған пайытта өз әскербасысын ашық ренжитиўди орынсыз деп билди, дәрҳал иске көшти.

— Ләшкерди сапарға ҳәзирле. Нөкерлерге тапсыр, атланысқа баратуғынын тисинен шығармасын. Қашан қозғалып, қай жерге баратуғыныӊ бойынша ҳәмирди ўақтында аласыз.

— Қуллық әмирим.

Шығып баратырғанда қылышы менен кәмарын усынған хызметкерге жеп жиберетуғындай етип, жаман көзи менен тигилди. Хызметкер қорқып кетип, жерге қарады. Онда айып жоқ еди ақыры. “Қуралыӊызды бериӊ”, деп ишара менен созылған қолын қағып жиберип, ишке қурал менен кирген озбыр қусбеги әмирден тийисли жазасын алған болса, есиктеги хызметкерде не айып?

Ақыры, атланыўға буйрық берилди. Ләшкер таӊ алдында жолға түсти. Шығыста Шолпан жарқырап турар еди. Бектемир топардыӊ ишинде аттыӊ жылаўын тартып, адым-адым жүриске мәжбүрлер, еки көзи Шолпан жулдызында, ал ишинен “Зулқумар, Зулқумар”, деп тәкирарламақта еди. Ҳәкимқул қапталласты. Атланысқа биринши шығыўы, қанша бийғам болса да алдыларында қәўип бар, сол ушын Бектемирге арқа сүйеп, оған қандай да әҳмийетли бир сөзлерди айтыўды ойлар, оны айтыў ушын қолайлы пурсат күтип киятырғанда астындағы ат сүрнигип кетти, бирақ жығылмай тез арада өзин оӊлап алды.

— Бектемир, — деди ол аўзын достыныӊ қулағына тақап, алдымызда урыс, белгисизлик. Мен қорқаман.

“Мен де қорқаман”, дегиси келди Бектемирдиӊ, бирақ кеўлине ғул-ғула салмайын деген ой менен үндемеди. “Шамасы, еситпеди-аў”, деп Ҳәкимқул алдынғы сөзин Бектемирдиӊ қулағына қаттырақ айтты.

— Еситтим, бақыра берме! — деди Бектемир ақырында. Маған қара, егер саўашқа кирер болсақ, бир-биримизди нәзерден қашырмайық. Бир көзимиз душпанда болса, бир көзимиз бир-биримизде болсын. Жаралансақ таслап кетпегейли.

— Яқшы, — деди бул жуўапқа қанаатланған Ҳәкимқул. Соӊ көтериӊки даўыс пенен Бектемирдиӊ қулағына қышқырды:

— Тири болсақ бир төбе, өлсек бир шуқыр!

Бектемир бас ийзеп мақуллады.

Ләшкер жағыста көп иркилмеди. Ушан кемелер ләшкерди арғы жүзге алып өтти.

Гүз кәраматы менен сарғыш рең жамылған бағлар менен аўыллар изде қалды. Ләшкер қум етегинде жайласқан кишигирим бир аўылға жетип келгенде қас қарайып, аспанда жулдызлар көрине баслаған еди. Тоқтаўға ҳәмир берилди. Көпшилик аўылдағы дийқан үйлерине жайласты. Үйлерден орын жетиспегенлер ҳәўлилерди паналады, жайласты. Тысқарыда от жағылмады. Демек душпан жақын жерде, олардың жансызлары да усы дөгереклерде жүрген болса әжеп емес. Бирер ҳәўлиниң панасына атларын байлап, от-жемин бергеннен кейин Бектемир менен Ҳәкимқул аўқатланып, соңынан ат жабыўларын төсенип, тонларын жамылып, уйқыға киристи.

Таңда атланып, қум ишинде жолын даўам еткен ләшкер кешке дейин жүрип, ҳеш кимди гезлестирмеди. Қараңғы түскеннен кейин иркилди. Аттан түсип, бирақ ат жылаўын қолдан жаздырмай кешки асты ишиўге, соңынан, отырып қалғыўға руқсат берилди. Қарақум төбешиклериниң арасында гә отырып, гә дизерлеп қалғып, таңды атырған ләшкер азанғы ҳалқастан соң тағы жүристи даўам етти.

Саўаш күтилмегенде басланған еди.

Әмир ләшкериниң алды бетинде көринип турған қум төбелер үстинде көз-ашып жумғанша жерден көгерип шыққан киби атлылар топары пайда болды, Бектемир, мәгар бес жүз, мәгар мың атлы деп шамалады, тосыннан пайда болған жаў, жигитлердиң жүрегине ғулғула салып, сескендирди ме, я топарласқан атлылар көп көринди ме, қулласы, Бектемирдиң санасына “мың атлы, мың атлы” деген ой сап ете қалды. Аяқлары менен мойынлары узын атларға минген жигитлердиң басларындағы қозы тери телпеклериниң жүни самал менен тозғып-тозғып кетер, топар-топарға бөлинген атлылар ойпатты толтырып шайқалып киятырған әмир ләшкерине төбеден қарап турар еди. Соның арасында ләшкерге: “Саўашқа таярлан”, деген ҳәмир берилди. Қусбегиниң аўзынан шыққан ҳәмирди мыңбасы жүзбасыға, жүзбасы он басыға жеткерди, қолға алынған бир кесе айран ишилип болынды-аў, деп шамаланған ўақыт ишинде қозғалыс тапқан ләшкер топ-топ болып, саўашқа таяр ҳалға келди. Қылышлар қыннан суўырылды. Жүреклер тез-тез соға баслады. Еле төгилип үлгермеген қан ийисин қайдан сезгени белгисиз, Қарақум  аспанында қузғынлар пайда болып, қанат қаға баслады.

Жоқарыдағы атлылар арасынан ақ арғымақ минип, басына ақ телпек кийген атлы алға суўырылып шығып, қамшысы менен төменди нусқап еди, ол яўмытлар сардары Ақмәмед болса керек, жоқарыдағы атлылар толып-тасқан арнаға қурылған тарнаў ашып жиберилгенде

суў салмаға қандай тасқынлап, лепирип, жөңкилип умтылатуғын болса тап сондай болып, төмен қарай ағылды, төмендегилер тасқын суўды күтип алыўға таяр турған жар киби қозғалмай турар еди.

Бийиктен пәт пенен аққан суў алдынан гезлескен анаў-мынаў бөгетти алып кететуғыны киби көзди ашып-жумғанға шекемги ўақытта ләшкердиң алдынғы қатарына жетисип, сатыр-сутыр қылышласты, шаўып киятырған атлардың пәти менен ортаға суғылып кирип, әмир ләшкерин екиге бөлип таслады. Өлгенлер ҳәм жараланғанлар бар еди. Әмир ләшкерин жарып өткенлер атларының пәтлерин ирке алмай әдеўир узақласып излерине айланаман дегенше, талай машықларда шыныққан ләшкер тез өзин дүзеп алды, душпан бетпе-бет келди, енди жағдайлар, егер әмир ләшкериндеги албыраўларды есапқа алмағанда, әдеўир теңлескен еди.

Оң қанаттағы Бектемир менен Ҳәкимқул яўмытлардың дәслепки соққысынан аман қалды. Енди қылышларды жалаңашлаған еки дос дәслепки саўашқа умтылмақта.

— Кеттик, — деп қышқырды Ҳәкимқул Бектемирге. Көзлеринен от шашырар еди. Тири болсақ бир төбе, өлсек бир шуқыр! Биринши болып саўашқа киристи. Ҳә дегенде еки атлы душпанның ортасына түсип қалды. Бирине қылыш силтеп үлгерди, ол аттың жалын қушақлап жығылды, екиншиси Ҳәкимқулдан бурын қылыш силтеди, достының қолынан қылышы түсип, ат жалына қарай еңкейе берди.

— Ҳәкимқул! Ҳәкимқул! Бектемир бар даўысы менен қышқырар, атлардың киснеўи, бир-бирине соқлығысқан полатлардың шыңылдысы, жарадарлардың зарланыўы, жеңимпазлардың уранлары, саўаштың қыян-кести шаўқымы оның жан ҳалаттағы ҳәм ызалы, ҳәм қәҳәрли, ҳәм аянышлы даўысын өзинен өзге ҳеш кимге еситтирмес, қышқыра-қышқыра даўысы қарлыққан, өзи болса тыным билмей оңлы-соллы қылыш сермеп, Ҳәкимқул таман умтылар, бирақ биринен соң екиншиси алдын кеселеген душпан оған жетиўге жол қоймас, ол болса тынымсыз қылыш силтеўге мәжбүр болар еди.

Арадан қанша ўақыт өткенин анық билмейди, мүмкин бир кесе суў ишетуғын ўақыт, мүмкин жүз күн өткен шығар, қанша ҳәрекет етсе де нәзеринен бир заматқа шетлетпеген, ат жалын қушып жатырған досты таман умтылады, қышқырады, расында даўысы зорыққанынан әлле қашан қарлығып болған, қылыш силтейди, умтылады. Әне Ҳәкимқулдың үстинде «жарқ» етип көтерилген қылыш оның желкесине урылғанын көрип, жүреги қанасынан шығып кете жазлады. Суўық полат тыйық өз жүрегине қадалғандай болды. Тосыннан алдын кеселегенлер азайғанда достына жақынлай берди, жақынлай берди, үстиндеги ийесине бир нәрсе болғанын сезген сары ат жаныўар шыргүбелек айланар еди, қолы жылаўға енди жетти

дегенде қайдандур пайда болған қара атлы жылаўды оннан бурын услап үлгерди ҳәм үстиндеги Ҳәкимқул менен атты жетегине алып атын желдирип кете берди.

“Достымнан айрылдым. Айрылып қалдым. Ең болмаса сүйегин алып қайта алмайман ба?” деген ой, көрикте қызған темир яңлы санасына қадалды. Топлымнан айрылып, қара атлының изине түсти. Атын қанша қыстаса да, сары атты жетекке алған душпан менен еки аралық қысқарыўдың орнына кем-кем қашықлап барар еди. “Жеткизбейди, жеткизбейди”, деген ой ишин күйдирип жиберди. “Мүмкин емес, мүмкин емес”...

Бирден атын иркти. Көзлеринен парлап аққан жас жүзин жуўар, бирақ оны сүртип таслаўға ўақтын қызғанды.

“Не қылыў керек? Не қылыў керек?”

Субҳан жүзбасы айтып берген бир рәўият мийинде шақмақтай шағылды.

“Ушқан қус, жуўырған аң, инсан — ҳәммеси әжел алдында әжиз. Бирақ, билип қойың, ҳеш ким әжели жетпей өлмейди. Егер әжел оғы кимге атылған болса, оны қуўып жететуғынына гүман қылмаң. Тақырда оқжай оғындай зуўлаған қуланға да, жейранға да, көктен сарққан қыранға да әжел оғы жетпей қоймайды”

Атасынан қалған сарыжайын қолға алды. Оқданынан садақ суўырды. Әжайып етип жонылған, полат ушы алмастай, қус пәри менен безелген оқты досты Ҳәкимқул берген, анығырағы сыйлық еткен еди. Бектемир қуўанып кетти. “Қуўып жетеди”, деген ой қыялына келди. “Әжел оғы қара атлыны қуўып жетеди. Досты сыйлаған оқ достының өзин тутқыннан қутқарады”.

Ҳәкимқулдың атын жетеклеп, қашып баратырған қара атлы кем-кем узақласпақта еди.

Бектемир терең дем алды. Бурын өзи мың мәрте машқ қылған жеңил ҳәрекет пенен оқты сарыжайға жайлады. Қара атлының желкесин нышанға алды. Қашқын саўытсыз еди. Серппеси қатты сарыжай күшли қолларға бағынып, талдай ийилди. Аяғын үзеңгиге тиреп, ерден сәл-пәл көтерилген Бектемир оқты нышанға жиберип қалды. Көзлерин зырлап ушқан садақтан үзбес еди. Қара атлы изине қайрылып қарады, аралық жетпис-сексен адымға барып қалды. “Уш садақ, уш, зымыра, достымды қутқар!”.

Қашқын: “Енди қутылдым. Ат пенен саўыт мениң олжам”, деп ойлап үлгерген еди. Ысқырған оқ желкесине “ғарш” етип қадалды. Не болғанын аңлайман дегенше желип баратырған қара аттың аяғының астына жығылып түсти. Ийесин таслап кетиўди қыялына да келтирмеген қара ат қалша тоқтады.

“Жетти. Әжел оғы қутқармады. Қуўып жетти!”.

Көзиниң жасын сыпырып, сарыжайын ийнине илди. Атын тебинип, достына жетиўге асықты. Сары ат оны жатсынбады. Жылаўын илип алып, еле даўам етип атырған саўаш майданын таслап, шетке шыға берди.

Машықларда шыныққан әмир әскерлериниң қарсы ҳүжимине төтепки бере алмаған Ақмәмед сәрдар жигитлери бул ўақытлары шегинип атырған еди. Көп өтпей, басқыға ушыраған яўмытлар қашыўға қарады.

Шетке шығып, атын иркти. Достының ийнинен услап "Ҳәкимқул, Ҳәкимқул!" деп қышқырды. Ол жуўап бермеди. Желкесинде қан көринбеди. Еки аяғы аттың зәңгисинде, өзи ер үстинде, аттың шоқлығына қойылған басы былқ-сылқ етеди.

"Өлип қалды ма?", деген ой жүрегине ништердей қадалды.

"Ҳәкимқул! Ҳәкимқул!" Мойнындағы гүре тамырға қолын басты. "Дүрс-дүрс" етип соққан жүрек сестин қоллар арқалы аңлағандай болды.

Көп өтпей саўаш тоқтады. Шегингенлерди қуўыўға ҳәмир болмады. Қум иши қәўип-қәтерге толы, ол жерде суўсызлық пенен душпан күтип турар, оның үстине талай саўашларды бастан кеширген жүзбасы яўмытлар жаралы болған руўласлары менен өлген туўысқанларын таслап кетпейтуғынлығын, айланып келип келиссөз жүргизип, питим дүзиўге ҳәрекет қылатуғынын билер еди.

Өз атын байлап, оған сары атты қосақлаған Бектемир әскер менен атланыста бирге жүретуғын тәўипти излеп тапты. Душпан қайта шабыўы итимал, деген қәўип пенен орта жерге жараланғанларды топлап, тәўип олардың жараларын таңып атырған еди.

Бектемир аттан көтерип түсирген пайытта, Ҳәкимқул ыңыранды. "Тири, тири екен!" Бектемирдиң жүреги шәўкилдеп соқты.

Ҳәкимқулдың жарасы оншелли аўыр емес қусады. Оң қолы шығанақтан төмениректен, саўыт жаппаған жерден шабылған, сүйек сынған, тамырлар зақымланған, тек териге асылып тур. Ат жалында етбетлеген Ҳәкимқулдың желкесине қылыш урылғанын Бектемир анық көрген еди, Алла жарылқап, саўыт пенен дубылға қорғапты, айтарлықтай зақым келмеген, соққы жүдә күшли болған болса итимал, ҳуўшынан кетипти.

Ҳәкимқулдың тири қалғанына қуўанғаны менен, өкинишли жағы да бар, ол да болса мәгар оң қолы қайтып қылыш услаўға жарамаў итималлығы еди.

Жарасы байланып, ҳуўшына келген Ҳәкимқул биринши тәўипти, екинши достын көрди.

— Қолым пүтин бе? — деди ол аўырыўдың зарпын қайтарыў ушын берилген апыйынды суў менен жутып атырып, тәўипке.

— Пүтин улым, пүтин.

— Қылыш тутыўға жарай ма?

— Алла биледи улым. Алла биледи.

Бул еки ушлы жуўап Ҳәкимқулды ҳаўлықтырды.

— Пүтин бе өзи? Ол саўалын қайталады.

— Пүтин, пүтин, жарасы питип кетеди, бирақ айлап, жыллап даўаланыў дәркар.

Ләшкер саўаш майданынан шегинип, қорғанысқа қолай орынға бекинип, сол жерде түнеўди шешти. Кешқурын елшилер келди. Өлилер менен жарадарларды қайтып беретуғын, оның есесине Ақмәмед сардар он мың қой төлейтуғын болды. Питим дүзилди.

Қослар тигилип, әскер аўқатланды.

— Не болды өзи, бәри түс көргендей бир заматта... Ўақыя қалай болды? Көбиси ядымда жоқ, — деди Ҳәкимқул.

— Аз ғана саўалып, ҳәлленип ал, бәрин айтып беремен.

— Мениң берген садағым қәне? Оқданында көринбей ме?

— Ол жоқ. Оны душпанға жолладым. Әжел оғы болып желкесине қадалды. Солай етип, сени өлимнен аман алып қалды.

— Рас па?

— Рас.

— Яқшы, барлығын кейин айтып бересең.

Ләшкер бир ҳәпте жол жүрип, аўылға жетип келди. Өлгенлер де, жарадарлар да бар еди.

Көп узамай Ҳәкимқул аяққа турғаннан кейин, жүзбасыдан руқсат алған Бектемир Ҳәкимқул менен аўылына қайтты. Атларды желдирип отырып, салтанат пенен кирип келди. Досты сары атта, ердиң басында оқданы, белинде қылышы, шүберек пенен таңылған оң қолын мойнына асқан, жанында Бектемир... Олар жаўынгер, олар жеңимпаз еди. Оларды жеңимпаз сыпатында күтип алды.

Ҳәкимқул жол бойы не ўақыя, қандай ҳалат болғанын, өзин нақ өлимнен ким қутқарғанын ийнесинен, сабағына шекем билип алды. “Тири болсақ бир төбе, өлсек бир шуқыр”, деген серт орынланды. Ол достынан миннетдар еди, аралары бурынғыдан бетерирек жақынласты. Нөкерликке бир жағынан Бектемир ушын кеткен еди. Бир жағынан... ол тәрепи еле айтылмаған сыр болып тура турсын.

Ўақыяны еситкен Ҳәкимқулдың ата-анасы Бектемирге шексиз миннетдар еди, оны билдирмек ушын боталы түйени саўға етип, есигине байлап кетти. Бектемир саўғаны ала алмайтуғынын айтып, қуданың зарын қылса да Ҳәкимқулдың әкеси турып алды. “Алып кет, дослық сатылмайды, мен тек дослыққа ҳәм нөкерлик сертине садық қалдым”, деп айта алмады. Боталы түйени досты Журынбайға атады.

Бектемир саўаштан аман-есен шыққанына, оның бир жери тырналған да жоқ еди, достын қутқарғанына, бәринен де бетер Зулқумарды көретуғынына қуўанышлы.

Көп өтпей Зулқумар менен ушырасыўдың жолларын қыдыра баслады. Аўыл қызларының суўатқа баратырғанын көрди. Ақыры, Зулқумар да суўға барса керек. Оны суўатта гезлестириў мақсетинде ҳәр күни ат суўғаратуғын әдет шығарды. Бир топар қызлар менен суўға барған Зулқумарды көрди. Қызлар менен сөйлесип, күлисип, дәлкеклессе де өзиниң унатқан, сыртынан ашығыў-бийқарар болған қызына тис жарып, ҳеш нәрсе айта алмады. Көзлер ушырасты. Зулқумар төмен қарады. Нәзерлер екинши мәрте гезлескенде бирин-бири түсингендей болды. Бектемир: “Мен сени жақсы көремен Зулқумар, суўға жалғыз өзиң кел”, дегендей болса, Зулқумар: “болады, келемен” дегендей еди.

Пурсаты келип, Зулқумарды суўатта жалғыз ушыратты. Қырмызы реңли шатыраш көйлегиниң жағасы зер менен нағышланған, бурымлары өрилип, артқа тасланған, ҳәр қозғалғанда шашбаўға тағылған гүмис теңгелер нәзик ғана шыңғырлар еди. Көкирегинде қос өсикше әдеўир үлкейип көзге түсип қалған, көйлегин көтерип турыпты. Бектемир “Зулқумар”, деп билегин услаған еди, қыздың нәзик денеси, “дир” еткенин сезди.

— Ой, қолымды аўырттың? Жибер қолымды, — деди уяң даўыс пенен қыз.

Сонда барып, жигит өзиниң полаттай қатты бармақлары менен қыздың нәзик билегин қысып жибергенин аңлады.

— Зулқумар, мен... Изинен ылайықлы сөз табылмады.

Қыз батылланды.

— Не айтпақшысыз?

— Мен жақсы көремен...

Қыз күлимсиреп, төмен қарады. Бектемир тартыншақ деп ойлаған еди.

— Нени жақсы көресең, Бектемир аға?

— Сени жақсы көремен, Зулқумар.

— Қойш, — деп төмен қарады. Мен де жақсы көремен, деп айтпады.

“Қойш”, деген сөзге муҳаббатқа муҳаббат пенен берилген жуўап та, наз да, жас қыздың ийбеси де жәмленген болып, оны жигит өз денесиниң ҳәр бир ағзасы менен түсинди.

— Енди қолымды жибер, Бектемир аға. Биреў көрсе уятты, — деди Зулқумар.

— Қашан гезлесемиз, — деди жигит қолы босағаннан соң ийнағашын ийнине қойып атырған қызға.

— Дийдар несип еткен күни, — деди қыз сыңғырлап күлип.

Соң ийнағашы теңселип кете берди, жигит изинен қарап қалды.

Пурсатын таўып, бир неше мәрте пинҳамы ушырасты. Бир-бирине узақ тигилиўлер, тартына-тартына сөйлесиўлерден артық иске қол урмады. Бир сапары Бектемир Зулқумарды қушағына тартып, сүймекши болған еди. Зулқумардың: “Асықпа аға, ҳәр нәрсениң ўақты-сааты бар, ҳәзир еркимди берсем, оннан зорырағын талап етесиз деп қорқаман”, деген сөзи жигитти иркти.

Бектемирдиң кететуғын пайыты шамаласқанында, Зулқумар менен ушырасып, ўәдени бир жерге қойды. Келеси гүзге нөкерликтен биротала қайтады, болмаса бес-алты ай мүддет алып келип Зулқумарға үйленеди, оған шекем Бектемирдиң анасы барып қыздың ата-анасы менен сөйлеседи. Қулласы, Зулқумардан кеўли тоқ болған Бектемир хошласыў ушын Ҳәкимқулдың үйине кирди.

Еле жаралары жазыла коймаған Ҳәкимқул гилемниң үстине төселген көрпешеде жатыр, жүзинде рең жоқ, диңке енбегени көринип турар, бирақ кеўли сергектей көринди.

— Жағдай қалай Ҳәкимқул. Барлық яўмытты бир өзиң айдағандай жатысыңа қара, — деп ҳәзиллеспекши болды.

— Енди нөкерликке жарамасам керек. Тәўип айтты: “сүйек питер, жара жазылар екен, бирақ үзилген тамырды жалғаўдың илажы жоқ қусайды. Шамасы енди биз Ҳәкимқул шолақпыз, жора, — деп күлмекши еди. Келистире алмады.

— Қапа болма, өзиң айттың ғой жазылмайтуғын жара болмайды, деп.

— Бәрибир батады. Мине, сен кетип баратырсаң, тағы атқа минип, керек болса, қылышыңды қынынан суўырасаң. Ал, мен-ше? Енди мен кимсең— Ҳәкимқул шолақпан.

Бектемир оны қалай жубатарын билмес еди.

— Мен хошласыўға келдим, — деди ақырында. Ертең жүрежақпан. Саған айтажақ пинҳамы гәпим бар еди.

— Қандай гәп екен ол, пинҳамы айтылатуғын. Айта бер, бул жерде бизден өзге ҳеш ким жоқ.

— Сеннен жасыратуғын пинҳамы гәпим жоқ, бирақ өзге қулақтың еситиўин қәлемеймен. Сен мениң достымсаң, сениң менен Журыннан басқа туўысқаным да, сүйенерим де жоқ. Айтажағым: мен Зулқумар менен ўәделестим. Келеси гүзде нөкерден я биротала, я бирер жыл мүддетке қайтаман. Қыз күтеди. Сөз берди. Ендиги жағында Зулқумарға өзиң көз қулақ болып турасаң, достым.

— Қойды бөриге тапсырмақшымысаң сонда? Я Баршынның сиңлиси бар ма?

— Ойынды қой, мен расын айтып атырыппан.

Ҳәкимқул негедур үнсиз қалды. Достынан жүзин бурып дийўалға қарады. Жылап атырғандай еди. Бектемир оны жарадарлығына, ҳәлсизлигине, саптан қалғанына өкинип атырғанынан шығар деп ойлады.

— Яқшы, — деди әлленемирде Ҳәкимқул. Даўысы өлимсиреп еситилди. — Яқшы, исене бер, мен Зулқумарға көз қулақ боламан, достым.

Ҳәкимқул бул сөзлерди айтарын айтса да ишинен қан жылар еди. Өзиниң Зулқумарды қаншелли жақсы көретуғынлығын, керек десе жанын да аямайтуғынлығын, бул сезим дослықтан да жоқары туратуғынлығын ҳәзир сондай тереӊ түсинген, бирақ Бектемирдиң алдында шарасыз қалды. Себеби, ол дос, балалықтан жан досты, оның үстине өзин өлимнен қутқарған, “тири болсақ бир төбе, өлсек бир шуқыр” деген жаўынгерлик серттиң биринши мәрт орынлаўшысы, оған “яқ, мен оған көз қулақ бола алмайман, себеби, мен өзим оны жанымнан артық көремен, достым”, деп айта алар ма? Ҳәзир ол урыстан аман шыққанына өкине баслады. Зулқумардан айырылыўдан көре лашым саўаш майданында қалып, оны Бектемир алып келсе, Зулқумар маған ашынып жылар ма еди, ким билсин, деген ой келди. Бәри бир еки жолдың бирин таңлаўға мәжбүр еди, бири дос, екиншиси пинҳамы ашығы болған Зулқумар атлы қыз. Енди он сегиз жасты толтырған өспирим жигит ушын қайсы бирин таңлаў ҳәм өлим менен барабар сыяқлы туйылды. Дәслепкиси: дослықтан ўаз кешиў, серттен ўаз кешиў— өлимнен жеңиллирек пе? Келесиси, дүньядағы ең гөззал, ең әдепли, ең нәзик, ең ақкеўил, қулласы бойынан өзи излеген барлық жақсы нәрселер табылатуғын, басқаны билмейдидағы, Ҳәкимқул ушын солай, Зулқумардан ўаз кешиў, ҳәттеки ең жақын досты ушын болса да, әжелден аңсат деп болар ма еди?

Аз ғана пурсатта бул ҳәдийселерди ақыл тәрезисине тартып отырыўға имканият бар ма?

— Онда мен жүремен, — деди Бектемир ақырында. Саған исенемен, достым. Жараң жазыла берсин, қыпшақтың мине деген қызын сайлап әперемиз. Зулқумардан да сулыўын.

Соңғы сөз бенен Бектемир Ҳәкимқулдың қанлы жарасына дуз сепкенин билмеди. Көп егленбей үйден шықты.

Көңлин бир жерге жәмлеп атланған еди. Әскерликте де жатса, турса ойында Зулқумар менен Ҳәкимқул еди. Бир жылдың өтиўине асықты. Субҳан жүзбасы менен сөйлести. Жүзбасы Бектемирдей мәрт жигитлерден айырылып қалыўды қәлемес, деген менен аўызша шәртнама бир жылға дүзилер, әскер аўырса, басқа жағдайлары болса нөкерликтен ықтыяры менен кетиўге ҳақылы еди. Жүзбасы ойлап көриўди айтты. Жигит те жик-жаппар болып жабыса бермеди, бес-

алты ай үйлениўге руқсат алса, соң Бухараға Зулқумарды әкелсе де болар, деген қыялға барды.

Бәҳәр пайытында әмирге қыстаўлы хабар келди. Ақмәмед сәрдар төлейтуғын он мың қойдың қалғанын әкелиўге барған нөкерди өлтирип, тағы бас көтерипти. Дәрьяға жақын жердеги бир неше аўылларды шаўып, малын олжа, адамларын бенде етип, алып кетипти.

Әскер дәрьядан өтип, Қарақумды нәзерге алып, жолға түсти. Бул сапары жер қайыстырған емес, бес жүз атлы еди.

Атлылар тез жүрис пенен қумның ишине кирип барды. Сәрдардың бул жолдан жүрип өткенине үш-төрт күн болып қалған, сол ушын оның изинен жетиў қыйын, деген менен жүсбасылар кеңесип алып, қуўғынды тоқтатпаўды шешти, сәрдардың жаўынгер атлылары көп емес, деген хабар алынды, оның үстине тутқынлар менен олжа малларды айдаған атлылар тез жүре алмас еди.

Қуўғыншылар қум ишине кирип барар, күн қызар, местеги суўлар тез таўсылар, суў дәркар еди, бирақ душпан излери олардың жақын жерделигинен дәрек бергенликтен, "қуўып жетемиз" деген үмит пенен алға тасланар, изге қайтыўды ойламас еди.

Шет-шебирсиз Қарақум сахрасының қайсы бир төбелериниң арасында әмир ләшкерине Ақмәмед сәрдар қақпан қурып атырғанын жүзбасылар аңламады. Сәске пайытында нөкерлер өзлерин бир неше жүзлеген яўмыт атлыларының қоршаўында көрди. Көп өтпей саўаш басланып кетти.

Күшлер тең емес еди. Өткен сапарғы саўашта жеңиске ерисип, өзлерине көбирек исенип кеткенин әмир әскерлери кеш түсинди. Таланған маллар менен бенде етилгенлерди қутқармаққа келгенлердиң өзлериниң ҳаллары жеңил болмайтуғыны көринип турар, саўаштан, қызғын саўаштан өзге жолды ҳеш ким көре алмас еди.

Қылышлар қыннан суўырылды. Саўаш басланды. Гә яўмытлар басым келсе, гә әмир нөкерлери басым келди. Атлар менен адамлар шөлден қыйналар еди, бәҳәр қуяшы қыздырған қум иши жәҳәннемге айланды.

Душпан садағы ысқырып келип Бектемирдиң көкирегине қадалды. Полат саўыт полат садақтың пәтине төтепки бере алмады. Қолынан қылышы түсип кетти, көз алды қараңғыласып, басы айлана баслады. Көзин ашқанда пүткил әтирап: қызғыш қумлар да, бир-бири менен шайдай айқасып атырған атлылар да, көк-көмбек аспан да, шашыраған қуяш та, ҳәммеси бир реңге, қып-қызыл реңге боялған еди.

"Жараландым, аўыр жараланған болсам керек", деген ой қыялынан кешти. "Ҳәкимқул, Ҳәкимқул!", деп жан ҳалатта қышқырды. Даўысын еситкендей досты Ҳәкимқул бул жерлерден жүдә алыста еди, оның үстине жарадардың даўысы сондай ҳәлсиз шықты, оны тап қасында

ийинлесип, ышқынып қылышласып атырған сапласлары да еситпеди. "Зулқумар", деп сыбырланды. Аттан түспекши болып бир аяғын үзеңгиден шығарды. Аяғы көтерилмес, мисли бес батпан тас байлап қойғандай аўыр еди, ҳәмеллеп көтерип, оң тәрепке қыйсайды ҳәм "гүрс" етип, аттан қулап түсти. Ат иркилди. Оң аяғы үзеңгиден шықпады. Ат бир-еки адым атлаған еди, Бектемир өзин аттың астында көрди. Көп өтпей есин биротала жоғалтты.

Бул пайытлары яўмыт атлыларының қолы басым келди. Әмир әскерлери өлгенлер менен жараланған жаўынгерлердиң қолға илингенлерин алып, изге шегинди. Кимдур Бектемирдиң атының жылаўын тутып, атты айдап еди, аяғы зәңгиден шықпаған адамды ат сүйремеди, орнынан қозғалмады, душпан бастырып келер еди, нөкер аттың жылаўын қойып, өз жөнине бас саўғалап кете берди.

Басқы тапқан әмир ләшкерин әдеўир жерге шекем қуўған атлылар изге оралып келип, саўаш майданында өлгенлердиң саўыты менен қурал-жарағын алып, ойнақлап ийесиз жүрген атларды услап, жараланып, тири қалғанларын тутқынлап, жараларын байлап, бенде етип алар еди.

— Атамырат, бери гел, гөр, бу оғлан дири ма? Дем аляндай дуйыллы, — деди мурты тәп берген жас жигит Бектемирдиң үстине еңкейип атырып алысырақта бир өлини тонап атырған қара сақаллы, жасы қырқ-қырқ бeслердеги еңгезердей кисиге.

Атамырат тәўип еди. «Ҳазыр барян», деп даўыслады да өз иси менен бола берди. Жас жигит қарап турмады. Жерде жатырған қылышты алды, ол еле қанға боялмаған еди, "оғлан бегунаҳ", деп ойлады жас жигит. Дубылғасын, кәмарын шешип алды. Аз ғана еркинлик сезген Бектемир терең дем алды. Жеңи шығанаққа келетуғын көзгенек полат саўыт шешилмеди. Ийин менен көкирек қәпесиниң ортасына саўытты жыртып қадалған оқжай оғы әдеўир тереңирекке кирген бе, жууғарада алынбады, күш жумсап оқты суўырып алыўға жас жигиттиң жүреги даўамады, қан реңкинен қорқатуғын әдети бар еди, соған қарамастан аталас ағасы Атамырат тәўип оны атланысқа ертип шықты. "Олжалы қайтасаң", деп көндирди.

Тәўип келди. Саўыттың етегин көтерип жигиттиң жүрек тусына қол салып көрди. Жүреги тез-тез урар еди. Тәжирийбели көзи менен оқтың қай жерге, қанша тереңликке қадалғанын шамалады. Соң жүзине тигилди. Мурты жаңа тәп берген, саўаш майданында қулашын жайып жатырған, өзиниң он сегизин енди толтырған Гелдимыратына мегзейтуғын жигиттиң аянышлы тәғдири талай таланшылықларда жаўызлықларды көре берип, бершимек болып қатып қалған жүрегиниң бир мүйешинде қалғып атырған инсанға деген сүйиспеншилик пенен

мийримди оятып жиберди ме, ямаса “мениң Гелдимыратым усындай ҳалға түссе не қылар едим” деген бирер гүдик кеўлинде пайда болды ма, қулласы денели тәўиптиң көзлеринде бир мәўритке ғана аяныш сезимлери, “жылт” етип өткендей болды.

— Әлини тут, бекем тут, — деди жанындағы жигитке ҳөктем даўыс пенен. Жас жигит ҳөктем даўыстан бир “селк” етип түсти де, Бектемирдиң үстинде отырып алып мықлы пәнжелери менен билезиклигинен қатты услап, бар күши менен басып турды. Тәўип жигиттиң көкирегине қазықтай болып қағылып турған садақты еки қолы менен услап жоқары көтерди. Оқ алынбады. Бир-еки мәрте урынып көргеннен соң оқтың алынбайтуғынын билген тәўип белбеўинен өткир қанжарын суўырып алды.

“Жарадарды өлтирип кетежақ”, деген қыялға барған жигит бақырып жиберди.

— Йоқ, йоқ, қақа! Йоқ!

— Бекем тут! — деди тәўип жай-парахат даўыс пенен. Жигиттиң жүреги жайына түсти. Атамырат өлтирмекши емес, бундай пикир оның қыялына да келмеген, тек атқа артқанда кесент бермеслиги ушын қазықтай қақайып турған оқты түбинен кесип тасламақшы еди.

Бектемирди өзиниң атына кеселеп артты. Өз атына минген өспирим атты жетекке алды. Оның аты Сапармырат еди.

— Дарт Сапармырат, — деди қара сақаллы тәўип. Кеўли көтериңки еди. Жарадардың аты олжа, өзи бенде болса, саўашта жараланбай аман аўылына қайтса, ол кеўилленбей ким кеўилленсин? Жигиттиң жарасы онша аўыр емес, Атамырат тәўип буннан бетерлерин жазып, аяққа турғызған.

...Бектемирдиң қулағына қой-қозылардың маңырағаны шалынғандай болды. Көзин ашты. Қара үйдиң шаңарағы көринди. Ортаға жағылған оттың түтининен қараўытып кеткен шаңарақтың түңлиги ашық, аржағында көк-көмбек аспан көринер еди. Тысқарыда қой-қозылар жамырасар, арасында анасын излеп бозлаған ботаның сести де еситилип турады. Қапталлап жатпақшы болып сәл қыймылдап еди, көкирек тусы сондай шаншып аўырды, ерксиз ыңыранып жиберди.

“Мен аўылда қусайман”, деп ойлады. “Бул жерге өзим келдим бе, я биреў алып келди ме екен? Мәгар Ҳәкимқул алып келген шығар? Ол жанында жоқ еди ғой, жараланған еди, аўылға өзим алып барғанман. Шаңарақ бизиң үйдиң шаңарағы, ол анық. Ақыры қысы менен ортаға от жағылады. Отаў тигиў, оған ақ кийиз жабыў анамның әрманы, қудай қәлесе жаңа отаў тигиў тәтәрригин қылыў керек,

ақыр Зулқумарды шаңарағы қарайып кеткен үйге әкелип болмайды. Анам қайда кетти екен? Көкирегим неге аўырады? Жараландым ба?»

Усы пайытта қара үйдиң ергенеги салдыр етип ашылып кетти де, алды бурын майдалап өрилген бурымлар ҳәм қызыл тақыя, соңынан тобыққа түсетуғын қызыл көйлек көринди. Майда бурымларға тағылған гүмис хантеңгелер пинҳамы сыңғырлап кетти.

"Зулқумар! Зулқумар! Ол мени көриўге келген... Келипти". Бектемирдиң жүреги шәўкилдеп кетти. Кең ашылған ергенектен түскен қуяш нурлары жигиттиң көзин қамастырды.

— "Зулқумар" — деди ҳәлсиз даўыс пенен.

Даўысты еситкен майда бурымлы қызыл көйлек ийеси есикте тоқтап қалды.

— Зулқумар?!

Қыз жуўап бермеди. Ортаға шөккен аз ғана үнсизликтен кейин Бектемир есиктеги қыздың:

— Эна!— деген сестин еситти.

— Зулқумар? — деди жигит сыбырлап.

— Эна! — деди тағы да сыңғырлаған даўыс. — Банда гапиряр!

Даўысында қуўаныў ма, өкиниў ме, таңланыў ма, қызығыў ма бәри шапырысып кеткен еди.

— Гөзел! Гөзел! Сен нами диян?

— Банда гапиряр, деян.

— Ол тарапта нами қыларсан? Геш бу яна!

"Не ушын оған урысып атыр? Мениң анам ба? Тили басқашарақ па?". Бул ойларды талқылап, парқына түсинемен дегенше, ергенекти тосып турған қызыл көйлек көзден ғайып болып үлгерген еди.

"Мен қай жердемен өзи?"

Бул саўалды Бектемир өзине қойды ҳәм жуўап таба алмады. Тағы шаңараққа тигилди. Басынан өткен, есинде қалғанларды санасынан бир-бирлеп өткере баслады.

Ләшкердиң атланысқа шыққаны, дәрьядан өткени, қум ишине киргени, дәслепки саўаш ядқа түсти. Тағы қырынламақшы болған еди, көкирек қәпеси сондай етип аўырды, аз ғана ўақыт талықсып есин жоғалтып алды. Көзин ашып тағы да түтиннен қарайған шаңарақты көрди. "Жараландым", деп ойлады. «Аўа, саўашта жараланған едим», қолын көтерип, көкирегин сыйпалап көрмекши еди, оң қолы өзине бағынбады. Сол қолын әмеллеп көкирегине апарды. Ол жер әлле нәрселер менен таңылған еди. "Жараландым... Аттан жығылдым. Соңынан не болды?" Ол жағы қараңғы еди, ядында қалмапты, есин жоғалтқан еди. "Оннан кейин не болған?". Бул саўалға жуўап изледи, бирақ анық жуўапты таба алмады. Оның орнына: "Мени бул жерге ким алып келди? Бул жер өз үйим бе? Анам неге

маған түсиниксиз тилде сөйледи? Мәгар мен уйқыда шығарман, түс көрип атырғандурман?” деген гүмилжи ҳәм шым-шытырық, биймәни пикирлер санасынан өтти.

Усы пайыт, сыртта ат оқыранды. Қандайдур бир темир менен соқлығысқан қола үзеңги шыңылдап кетти. Ер адам сапардан келип, аттан түсип атырғаны мәлим болды. Көп өтпей еситилген ҳаял сести бул гүманды тастыйықлады.

— Гелдиз бе қақасы, — деген сөзге жуўап болмады. Еситилип турған таныс дыбыслардан: жүўенининң салдырлысы, аттың шыдамсызланып айланыўы, тағы қандай да бир ат абзалларындағы қола, мыс, гүмис жабдықларының соқлығысыўынан ат ийеси атын жайластырып атырғанын Бектемир сезип атты. “Мен өз үйимде жатырыппан”, деген исеним гүман астында қала баслаған еди. Сыңғырлаған сес оның исенимлерин пүткиллей жоққа шығарды.

— Қақа банда гозини ашяр, гапиряр, — деди ашық ҳәм гирбиңсиз даўыс. Ол оңланар ми, яшар ми?

— Гөзел, нама бунша ғызықмасаң? — деди тоңқылдаған ҳаял даўысы.

— Ғойбер, хатын, — деди ер даўысы. — Ғызықса нами?

Бектемирдиң жүрегининң тусы “шым” етип шанышты. Буннан бир неше күн бурын ысқырып қадалған оқ тағы қайдандур ушып келип шаншылған киби талықсып кетти. Қыялында: “Мен тутқындаман, мен бендемен, мен қулман! Зулқумар... Зулқумар” деген ойлар еди. Соң талықсып кетти.

Көзин ашқанда дәслеп өз үйимниң шаңарағы деп ойлаған, дүттен қап-қара болып кеткен шаңарақтың орнына қап-қара сақалды, соңынан қыр мурынлы кең пешананы көрди. Ол Бектемирдиң жүзине тигилип отырар еди.

— Ҳе оғлан, нешик? — деди қара сақал ийеси жигитке қарап. Көзлери өткир, бирақ қандай да бир аяныш яки мийрим менен баққан сыяқлы туйылды Бектемирге. Бектемир үндемеди.

Үйдиң ергенеги ашылып, ишке мол қуяш нурлары төгилди. Босағада қуяш нурларына малынған қызыл көйлек ийесининң майда етип өрилген бурымлары көкирегине түсип турар еди.

— Қақа, ол яшаярмы?

— Яшаяр, яшаяр иншалла. Геш, Гөзел, — деди қара сақал ийеси.

“Аты Гөзел екен. Мен Зулқумар шығар деп алжасыппан”. “Өзи де гөззал екен”.

“Мен тутқындаман. Бендемен. Зулқумар жоқ енди маған”. “Не қылыў керек”. “Өлиў керек” деп жуўап берди бир даўыс. Өлиў керек. Тутқында, Зулқумарсыз жасағаннан көре өлимди абзал көрди. Қәйтип өледи? Бирер қурал: қанжар, садақ, қылыш, яки сүйеўли

турған найза жоқ па екен, деп көзи менен керегениң басын, соң төменди барлап шықты. Ҳеш бир тыйық көзине илинбеди. Дурыс, бендениң, урыста қолға түскен тутқынның жанына ким қурал илип, мине ал, деп қояр еди? Шаңараққа тигилди. Егер өзин-өзи асар болса көтерер ме екен, деп шамалады. Соңынан өзин-өзи асыў пикири мақул келди де көзлери менен жип қыдыра баслаған еди, уўық пенен керегени бириктирип байлаған, жүннен тоқылған дизбеде иркилди. “Көтерер ме екен? Көтермесе еки қабатлайман”. Ойына келгенди дәрҳал иске асырыў мақсетинде орнынан турмақшы болып көрди, аўырыўдың зарпынан ыңыранып жиберди. Әлленемирде аўырыў басылғаннан соң дәслеп аяқларын қыймылдатып көрди. “Қудайға шүкир, аяқларым саў екен” деген пикирге келди. Зилдей оң қолы орнынан қозғалмады, шеп қолы көтерилди ҳәм “салт етип” төменге өз-өзинен түсип кетти. Бектемир арасатта қалған еди. Тутқында, бенде, күш-ғайрат оны тәрк еткен, керек болса өзин-өзи қурбан етиўге де димары жоқ. Өкиниш, ызаға шыдамай жылап жиберди. Моншақ-моншақ көз жаслары шекесинен сорғалап, басының астындағы жарғақ дастыққа тама берди, тама берди. Аўыр ойлардан талыққан санасы көп өтпей уйқы омманына ғарқ болған еди...

Тутқынлықта күнлер өте берди. Дәслепки ўақытлары өзин тиклеў түўе аўзына нан апара алмас, қоллары ийкемге келмес еди. Көбинесе жигитти тәўиптиң өзи аўқатландырып жүрди. Енди Бектемир оның тутқыны, ол тутқынның хожайыны, тирилтсе де, өлтирсе де жигиттиң ерки қара сақаллы Атамырат тәўиптиң қолында еди. Хожайын атланып бир жақларға өз жумысы менен кетер, хожайынның ҳаялының да үй жумысларынан қолы босамаған пайытларда анасы: “Гөзел, бандаға аш едир”, деп айтар, барлығын Бектемир еситип жатар, “Хуп, әже” деген сыңғырлаған сестен кейин босағада қолына аўқат салынған ыдыс, суў қуйылған гүзе алған Гөзел пайда болар еди. Ол гүзе менен аўқатты жерге қойып, жигиттиң жанына дизерлеп отырып алар, соң қасықты қолына алып “ағзыңны аш” деген буйрықлы даўысы еситилгенде жортаға жумып жатқан бендениң көзи ашылып кетер еди. Гейде қыз негедур жигиттиң бетине тигилип, көзин ала алмай қалған ўақытлары болды. Қыздың қуяштай парлаған муҳаббат толы көзлеринен жигит бир неше рет көзин алып қашып, нәзерин шетке алды.

Гөзел он бес-он алты жаслардағы, узын бойлы, сәрўи талдай талдырмаш, ҳәр нәрсеге қызыққыш қыз болып, хожайини Атамыраттың Гелдимыраттан кейинги перзенти еди. Анасы менен әжағасы қызды жанындай жақсы көрди, оларға арқа сүйеген Гөзел ерке ҳәм еркин болып өсти. Ата-анасы ушын қызы еле киши түйилер, ҳәтте оның қыз екенин де гейде елестирмес, сол ушын тутқын

жигитке, оның тәғдирине қызықсыныўына да олар артықша мәни бермеди. Екинши тәрептен қызықса не болыпты, енди Бектемир усы хожалықтың ерксиз мүлики, сол ушын оннан қәўипсинбесе де болады, оның үстине тутқын ҳәлсиз, керек десе қасықты аўзына апарыўы мүшкил.

Тутқында жасағаннан өлимди абзал көрген жигиттиң қәлбинде Гөзел ҳәр келген сайын өмирге, жасаўға деген үмит оянғандай болар, аўзына салған асын иштейленип жутар, оның жанынан кетпеўин қәлер еди. Ол Гөзелдиң келбетинде, күлкисинде, еркелик етип өкпелеўлеринде Зулқумарды көрер еди, ал Зулқумар жөниндеги ойлар жигитте жасаўға куштарлық оятты.

Гүзге келип, Бектемирдиң жарасы жазылыўға қарады. Енди аўқатты өзи жей алады, өзине деген бурынғыдай ғамқорлық та қылынбас, ким әкелсе де, аўқатты есиктиң алдына қойып кетеди, ишкериге кирмейди. "Қашып кетпесин", деген гүман менен қараўыллаў да күшейди. Бир күни қара сақал тәўиптиң Сапармыратқа айтқан гәплерин еситип қалды.

— Барып темиршиден кисен алып кел, — деп тапсырар еди ол.

Солай етип, Бектемирдиң аяғына кисен салынды. Қара сақал кисенниң гилтин кисесине салып қойды. Бектемир қараүйден емин-еркин шығатуғын болды. Қолы қандай аўыр жүк болса да көтере алатуғын, тепсе темир үзгендей ҳалға келди. Енди ол үй дөгерегиндеги хожалық жумысларына жегилди. Аттың ерин алып, от-жем береди, керек болса ертлейди, ертели-кеш келген малды қорағa қамап, айдап шығарады, үйден аўлаққа жумсалмайды, себеби аяқтағы кисен менен алысқа бара алмайды, атқа да мине алмайды. Хожайын бир жаққа кетсе, қараўылы Сапармырат. Жақын келмейди, өзине де жақынлатпайды. Он адымнан жақынырақ жерге абайламай келип қалағойса: "дур, дур", деп қылышын қынынан суўырады, Бектемир де қарсыласып отырмайды. "Иркил" десе иркилип, "жүр" десе жүрип, "тур" десе турып, айтқанына көнеди. Гөзелди анда-санда көреди, солай тапсырылған болса керек, набада гезлесип қалса нәзерин төменге салады.

Қыс өтип, бәҳәр келди. Аўыл қоныс өзгертетуғын болды, үйлер жығылып, көш жолға шықты. Бектемир аяғындағы кисен менен көликке мине алмас еди, қара сақал оны да ойлап қойған екен, кисенди аяғынан шешип алып, қолларына салды. Жезленген түйеге минип, көштиң изине ере берди.

Төрт-бес үйли Атамырат тәўиптиң қәўими елден ерегирек жерге қоныс басты. Бектемирге жаңа кәсип табылды. Енди ол тәўиптиң онлаған түйесин қараўыллайтуғын болды. Жезлеўли нар түйени

миниўге берди. Бирақ қолына урылған кисен алынбады, оның гилтин хожайыны атланысқа кетсе де кисесинен қалдырмайтуғын еди.

Бектемир азып-тозып кетти. "Адам басына түссе дозаққа да көнеди" дегени рас екен. Қолындағы кисен қозғалса сылдырлап оның қай жерде екенин бәрқулла паш етип турар еди. Жатса-турса ойынан алыста қалған Қыпшақ аўылы менен ўәдени бир жерге қойысқан Зулқумар бир заматқа да шыққан емес. Бирақ илаж қанша? Қус болса еди, қанатын қағып-қағып жиберип, оқ жетпес бәлентке көтерилер еди, әлбетте бийиктен өзи туўылып өскен аўыл көринеди. Пәлпеллеп ушып Зулқумардың есигиниң алдына қонар, соң кисенлерин сылдырлатып: "Мен келдим, Зулқумар. Келдим", деген болар еди. Зулқумар қандай ҳалатта екен? Сағынған шығар? Мениң жоғалғаным хабары аўылға жеткен шығар. Мени өлди, деп Зулқумар жылаған шығар? Умытты ма екен? Жоқ, жоқ, умытыўы мүмкин емес, умытпайды. Жанында Ҳәкимқул бар.

Анасы менен Журынбайдан өзин излеп таўып, сатып алып кетеди, деген үмит жоқ. Олар бул таманларға келе алмайды. Бар үмити жан досты Ҳәкимқулдан. Тутқынға түскен бенделерди туўысқанлары көп алтын менен қутқарып алғанларын талай мәрте еситкен еди. Жыллар бойы көкирегинде азатлыққа шығыўдың еки жолы ҳаққында ойлап қойды ҳәм соған үмит артты. Биринсиси Ҳәкимқул излеп келип, хожайын менен келисип, азат етиў итималлығы. Екинсиси қашыў. Қәйтип қашады, қалай қарай қашады, не менен? Ол жағы өзине белгисиз. Дәслебинде үмит туўдыратуғын ҳәр қандай реже еки қолын байлаған, гилти хожайынның кисесинде пуқта сақланып турған кисенге келгенде шексиз теңизде көтерилген бәлент толқынның желкесинде қалқыған бир жеңил қайықтың жағыстағы түнерген жартасларға келип урылып шил-пәрше болғанындай набыт болар еди. Хожайынның геллеси тәнинен жуда етилгенде ғана гилт қолға кириўи итимал. Оны иске асырыў әмримәҳәл, ондай қылғанда да қәўимлеслери қарап тура ма? Қашыўға имканият бермейди. Ендиги жағында өлгиси келмей қалған, оған себеп дәслеп аўқат жегизиўге келген Гөзелди көрген пайытта тас қараңғы көңлине ҳәлсиз нур киби жол таўып кирип алып, соңынан нығая баслаған үмит, келешектен үмит болса керек. "Үмитсиз шайтан", деген ақыры.

Көп ўақыттан берли ҳәр күни дөгеректи дыққат пенен гүзетеди. Арқа қайда, қубла қайда, қайсы жол қай таманға алып барады. Ким қайсы жерге барып келди. Жулдызларға қарап бағдарды анықлаўды Субҳан жүзбасы қайта-қайта машқ еттирген. Егер сәти түсип бул жерден, яғный қуллықтан қашар болса қайсы атты минип, қайсы бағдарға кетиў кереклигин әлле қашан анықлап алды. Қайшы қулағы жулдызды гөзлеген ала аяқ торы ат-хожайынның сүйикли аты. Оған

тийиўге болмайды, хожайын оннан айрылатуғынын билсе ҳеш егленбейди, егер қуўып жетер болса аяп отырмайды, оның үстине ат ийесинен өзгени жатырқап, жанына жолата бермейди. Қаракөк айғыр да есаптан шығады, өзи қартаң, бираз шапса ақсайды, тәўип оннан төл алыў ушын сақлап отырған болса керек. Буўрыл ат... Бектемир буўрыл буўданға минип қашыўды өзинше шешип қойған. Әзелден реңи буўрыл болған ат минези тентек болса да жүдә шыдамлы келеди, азаннан кешке минип шапсаң ҳарып-шаршаўды билмейди, деп жылқыманлардың айтқанын талай еситкен.

Қашыўға қолай пурсат туўыла бермеди. Бектемир де сабыр менен күтти. Күтпегенде илаж қанша? Хожайын тез-тез гә кимгедур ем қылыўға, гә атланысқа кетер, бирақ оннан пайда кем, кисенниң гилти тәўиптиң қалтасында, оның үстине Сапармырат аңлыўды кенде қылмас еди. Күн бойы бақыраўық нарды минип, түйелердиң изинде болады, нар менен қашқанда қайда барады? Атлы жигитлер адымын алты аштырмайды.

Қарақумның ортасындағы бес-алты отаўды мәканлаған аўылда күнлер дизбеги айларға, айлар жылларға жалғанып өтип бара берди. Қыпшақ аўылында емин-еркин өскен Бектемир, бул жерде нешинши гүзди қолында кисен менен күтип алмақта еди.

Жыллар бойы күтилген пурсат бәҳәр селинен алдын болатуғын гүлдирмама шақмағы киби тосыннан, күтилмегенде пайда болып, жигитти есеңкиретип жиберди.

Әдеттегише қас қарайып, аспанда жулдызлар көрине баслағанда пытырап жайылған түйелерди бир жерге жәмлеп, аўылға қайтыўдың тәтәрригине киристи. Саўын түйелер кешқурын, салқын менен саўылар еди. Кешигип қалып, сөз еситпейин деген ой менен жеделлесип, астындағы нарды қыстаўға алды. Түйелер жайылып, аўылға бет алып, маң-маң басып келе берди. Усы пайытта сүрдеў бойындағы шоқ жантақлықта бир түлки буғып, ненидур аңлып турар еди, тосыннан бир сур қоян секелек атып түлкиниң алдында пайда болып еди, пайыт аңлып турған сум түлки қоянды қақты да алды, қоян жаныўар бир ғана “быйқ” етиўге үлгерип қалды. Бектемир муртынан күлип бул ўақыяны өзинше жақсылыққа жорыды. “Мен ҳәзир жаңағы түлкиден де ҳәлсизирекпен, қолым байлаўлы. Түлки қоянды сумлық пенен алды. Болмаса қуўып услай алмас, қоян түлкиден қашар болғанда еки секирип-ақ қутылып кеткен болар еди”.

Күншығар тәрепке қарап еди, жарқырап туўған шолпан жулдызын көрди. Әдетинше Зулқумар деп сыбырлады. Көп узамай аўылға келип жетти.

Бул не әжеп, ҳеш ким түйе саўыўға шықпаған, қоралар ашылмаған, негедур ҳәр жерде шашылып атырған көрпе-төсек көзге тасланады.

Бектемир аң-таң болды. Аўылға не болған өзи? ҳеш ким қалмағанға уқсайды. Көшип кеткеннен аман ба?

Аўылдың қурал көтергендей адамлары атланысқа кеткен, ҳаял-бала-шаға менен Бектемирди қараўыллаў ушын Сапармырат пенен Гелдимырат қалған еди. Олар да ҳеш жерде көринбейди, "жыңқ" еткен сес, ҳәттеки "тырс" еткен сеске үрип, аўылды басына көтеретуғын шәўкилдек ийтлер де инлерине кирип кеткен бе, қалай?

Не болғанына түсинбеген Бектемир түйени шөктирип, қораның аўзын ашып жиберди. Түйелерди қамады. Қайдандур басына: "қашыў керек, пурсат жетти", деген бир пикир сап етип келе қалды. "Атлар қәне?" Қара айғыр менен тағы бир-еки ат қазықларында көринбес еди. Олар қайда кеткен? Ала аяқ торы хожейинниң астында. Буўрыл қайда? Буўдан болғанлықтан малға, жылқыға минилетуғын буўрыл ат текли ахалтеке атларынан бөлек байланатуғын еди. Атқора таман жуўырды. Қолына салынған кисенниң темир шынжыры бир-бирине соқлығысып түн қойнының тынышлығын бузар еди. Атқораға киргенде буўрыл ат сетем алып пысқырып қойды. Егленип турмастан бақанда илиўли турған терликти атқа салып, үстине ерди қондырды. Бел айылды қатты тартқанда ат теңселип кетти, қатты тартылғанын билип, аз ғана босатып байлады. Шам айылды тартып отырмады. Атты жетелеп, қорадан шығарды да еки қолы менен ерге асылып, атқа ғарғып минди. Тебинип жиберип, хожайынның отаўы алдынан өте бергенде иркилди. Аттан түсип, белдеўге байлады. Еки бастан тири жан көринбейди, жолда жегендей азық алайын, қолыма илингендей қурал бар ма екен, деп отаўға бас сукты.

Отаў мүликлери жайрап жатар, ала көлеңкеде қурал-жарақ та, азық болғандай бирер нәрсе де көзине түспеди. Тез қайтып шығып, хожайын отаўы менен қатар тигилген өзи болатуғын қара үйге сүңгип кирди. Үстине ҳеш ким кирмейтуғынынан пайдаланып, ҳәрдайым берилген наннан бир тислем болса да аўыстырып қатқан нанды жыйнап, ески дорбаға салып қара үйге жасырып қойған еди. Қармаланып таўып алды да, мойнына илди. Енди шыға бергенде "Бектемир аға", деген сести еситип босағада қалша турып қалды. Солай еситилген шығар, деп ойлап тысқарыға қарай қәдем басқан еди, даўыс тағы еситилди.

— Зулқумар!— деп жиберди Бектемир. Ол ҳәзир өзин мисли түс көрип атырғандай, яки өзге бир дүньяда жүргендей сезер еди.

— Бектемир аға! Қараңғылықтан шығып келген сүлдер Бектемирди қушақлап жылап жиберди. — Мен Гөзелмен... ыссы дем жигиттиң жүзин шарпып өтип, қымыз ишкен киби мәс етти. Жигиттиң мойнынан қушақлап алған қыз өксип-өксип жылар, көз жаслары

Бектемирдиң бөз көйлегиниң жағасынан қуйылып, денесин күйдирип барар еди. Бектемир ҳақыйқатлыққа қайтты. Көргенлери түс яки өзге дүнья көринислери емес, ал ҳәзир болып атырған ўақыялар екенлигин, аўылда қандай да бир кеўилсиз ҳәдийселердиң болып өткенин аңлады.

— Гөзел, жылама қарағым. Не болды өзи? Жылама, қәне айтып бер.

Гөзел солығын баса алмай жылар, арасында: ағам, әжем... яғый деп қосып қояр, бирақ үзик-үзик гәплерден Бектемир анық бир мәни аңлай алмады.

— Мениң ўақтым аз, не болды, анық айт. Мен қуллықтан, сениң атаңның қуллығынан азат болмақшыман. Мен өз елиме, өз аўылыма, мени күтип көзи төрт болған анама, сүйген қызыма кетпекшимен. Сен қарсы болмассаң.

Бул сөзлерден соң Гөзелдиң көз жаслары бурынғыдан бетер көлдәрья болды.

— Гетме, Бектемир ағажан. Мен ғорқарын. Гетме, мен сени соерин... Гетме.

— Гөзел, қарындасым, қарағым. Бектемирдиң өзи де жылап жибериўге сәл қалды. Мен қулман. Мен сениң теңиң емеспен. Түсин ақыры, мен бул жерде қалсам да саған қолым жетпестен, айралық күйигине шыдай алмай өлип кетемен. Мени жибер, жөниме кетейин, қарағым.

— Мен ғорқарын ағажан. Гетме... Яғый гелди. Атамның қандары... Әжемни, Гелдимырат билен Сапармыратты банда ғылды. Атларды алды. Мен бул жерге бекиндим. Гормеди. Чағаларны, ғызларны, уғланлар менен гелинлерди, мал-дүньени алды. Мени ғыдырмадылар, гөрмедилер. Мен сен ушын баринен гешерем, мени өзиң билен әкет, ағажан.

Оның имканы жоқ еди, бирақ Гөзел бийшара оған түсинбес, мәгар түсиниўди де қәлемес еди. Егленбекке пурсат тағы жоқ. Әтирапқа қулақ түрип, ҳәр жер-ҳәр жерде бенде етип алып кетилген туўысқанларын жоқлап жылаған ҳаяллардың даўыслары еситилди. Аўылда адамлар бар, Гөзел жалғыз өзи қалмайды, деп ойлады.

Гөзел болса қорқыныштан ба, яки Бектемирди шыннан сүйип қалып, оннан ажыралыўды қәлемегенликтен бе, жигиттиң мойнынан жаздырылғысы келмес еди.

Тутқын ушын бундай қолай пурсат енди туўыла ма, туўылмай ма ким билсин. Оны қолдан шығарып болмайды.

Жигит кисенлеўли қолларын көтерип, Гөзелдиң шашын сыйпады. Соң мойнына асылған қолларды машақат пенен жаздырып, қыздың маңлайынан сүйди. Қыз не болар екен, деп үнсиз қалған еди.

— Хош бол, Гөзел қарағым, — деди Бектемир өзин қолға алып. Қатал тәғдир сениң менен мени тар әлемде гезлестирген еди. Мине, тағы ажыратпақта. Өмирден түңилген пайытымда сен өмирге қуштарлық ояттың, мени өз қолың менен аўзыма ас салып, аяққа турғыздың, сен мениң туўысқаным, туўысқан қарындасым болып қалдың. Имканы болса сени өмирим бойы төбеме көтерип жүрген болар едим, әттең ондай имканым жоқ. Мени алыс жоллар менен машақатлар күтпекте, ол жоллардан аман өтип, гөзлеген мәнзилиме жетемен бе, жетпеймен бе, ол жалғыз Аллаға аян. Бул дүньяда ушырасыў тағы несип етпесе, таңла маҳшарда гезлесермиз. Хош бол, қарағым...

Аттың дүбиринен жигиттиң жөнеп кеткенин сезген Гөзел есикке умтылды.

— Гетме, Бектемир аға... Горқарын... Босағадан атлап шықпады. Қызлық намысы иркип қалды. Мәўрити келип, паш етилген пинҳамы сыр еллерге тарқап, тиллерде дәстан болыўын қәлемеди. Солығын басып, әтирапқа қулақ түрди. Ҳәр жер, ҳәр жердеги отаўлардан ким улын, ким қызын жоқлаған ҳаяллардың даўысы тал-тал еситилер еди. Гөзелдиң дәртлери көкирегине сыймай, толып кетти. Үйден жуўырып шығып, егитилип, жылай берди. Көз жаслары қызыл көйлегиниң көкирегин сел-сел етти. Ағасын, анасын бенде еткен жаўға, көзсиз ҳәм жуўапсыз қалған муҳаббатқа ызалы еди.

— Гелдимырат қақа, Әже... — деген даўысы аўылдың арғы шети менен берги шетин жаңғыртты. Еситкенлер: «Атамырат тәўиптиң қызы Гөзел аман қалыпты, Гелдимырат пенен тәўиптиң ҳаялы бенде болыпты», деп ойлады. Қыздың қоңыраўдай ҳаўазын аўылдағылар жақсы таныйтуғын еди.

Бул ўақытлары ат үстиндеги Бектемир “мени дәрья бойына шекем баслап барады-аў” деп шамалап қалған жолға түсип, буўрыл атты шаптырып кете берди. Қолындағы кисен жөнинде ойлап та отырмады. Нөкерликте белине тағылған қылышқа қандай үйренген болса, кисенге де сондай үйренип кеткен, жумыс ислегенде, ат ертлегенде, аўқат жегенде уста соққан буғаўдың кесент келтирмейтуғынындай әдисин тапқан, базда өзин кисен менен бирге туўылғандай сезген пайытлары да болған. Темир қазық жулдызын бағдарлап, жулдызды сол тәрепинде қалдырып, қумшаўыт жерлерде изинде шаң-тозаң көтерип, алға умтыла берди. Көзге түспей, дәрьяға жетип алыўды ойлар еди. Көз алдында биймезгил жортқан жолаўшы, өзи уқсаған түн урыларына гез келиўден сескенди. Алысырақта аттың пысқырғаны, туяқ дүбирлисин еситти. Дәрҳал жолдан шеткериге шығып, қум төбени паналап турды. Шығыстан көтерилип киятырған ай адым-адым жүрис пенен асықпай киятырған бес-алты атлының сүлдерин жақтыртты.

Ара қашық болғанлықтан кимниң-ким екенин анық танымаса да, атлылардың арасындағы еңгезердей бәлент биреўин “Атамырат емес пе екен”, деп шамалады. Жүрегине ғулғула түсти. Олар әдеўир алыслаған соң жолға шығып, атты қатты айдады. Ишинде “Атамырат болса изиме түсиўи итимал”, деген гүман оянған еди.

Қудай жарылқап, алдынан түнги жолаўшылардан өзге ҳеш ким гезлеспеди. Таң атып, күн арқан бойы көтерилгенде ол еле ат шаўып келер, буўрыл жаныўардың тери бақайынан сорғалап турса да еле ҳарыўды билмес еди. Бирден жүзине салқын леп урылды. “Дәрья, дәрья жақын”, деп ойлады ат үстиндеги шабандоз. Бәлент төбешикке көтерилип, қолы менен көзин қуяштан паналап, әтирапқа нәзер салды. Күншығар тәрепте сәске қуяшының астында, қумлар ортасында ийретилген, таўланған дәрья полат қылыш киби жалтырап жатыр еди.

“Азатпан! Мен қул емеспен, азатпан!” Қолларындағы кисенге ғәзеп пенен тигилди. Соң төбешиктен түсе баслады.

***

Бул ўақытлары атланыстан қайтқан бес-алты салт атлы таланған аўылға кирип келген еди. Аман қалған қатын-қалаш бир жерге жыйылып алып дад салып жылар, бирли-ярым қарт адамлар оларды жубата алмай әўере болмақта.

— Қақа, — деп еңиреп жиберди қара сақал Атамырат тәўипти көрген Гөзел.

Қақа, әжемди әкетти, Гелдимыратты бенде ғылдылар... Көз жасы моншақ-моншақ болып жерге төгилди.

— Ким? Ким олар, биларсиңизми?

— Биламоқ. Атлилар гелди. Отовни таладилар. Атларни алды. Гелдимыратның элини бағлады. Сапармыратты бағлады. Әже...

— Қай тарапа гитти?

— Биламоқ. Мен отавга беркиндим.

Атлылар аттан түспей турып ойласты. Олардың гүманы алилерден, өзлерине жақын қәўимнен еди. Бир қарияны шақырып, жөн-жосығын сорастырып билип алды. Гүманлары дурыс шықты. Қария атлылардың қай таманға жол алғанын силтеди.

— Банди қани? — деп сорады әкеси қызынан. — Я олар бандини де әкиттими?

— Йоқ, банди сонра гелди.

— Гайда гетенини гормедингми?

— Биламоқ.

Бендени излеўге атлыларда ўақыт та, ықлас та жоқ еди. Ақыры пүтин аўыл жаў қолында бенде болып кеткен, аўылдың ақсақалының

жалғыз улы оның ишинде болса, қолы кисенлеўли бир қулды излеў надурыстай көринди. Кисенниң гилти хожайынның кисесинде, атларды әлле қашан душпан алып кеткен, пияда я түйе менен қашса қаяққа барар еди, қум ишинде адасып-адасып, шөлден, аштан диңке-мәдары қурып өзи-ақ келер, болмаса жақын жерде буғып отырған шығар. Түйелер қамаўда, барлап көрген еди, түўел көринди. Екинши таманынан, еки жылдан берли ҳеш бир гүнасыз адамды кисенлеп қойғанына өкингендей болды. Жалғыз перзентиниң Бектемирге уқсап душпанға бенде болғаны есине келгенде ерксиз "Гелдимырат" деп жылап жиберип, тоқпақтай жудырығы менен өз маңлайына салып қалды. «Гелдимырат!». Улының қолына кисен салып атырған әжептәўир бәдбәшер адамлар көз алдына келди. Гелдимырат "қақа" деп жалынышлы нәзер менен әкесине тигилгендей болды. Бектемирди жыллар бойы кисенде сақлағанына, оған бир мәрте ҳәм жақсы сөз айтпағанына өкинди. Ақыры ол да Гелдимыратқа уқсап биреўдиң маңлайындағы жалғызы шығар, оны айлар, жыллар бойы ата-анасы көзлери төрт болып күткен, я өлисин, я тирисин биле алмай әўересарсаң болған шығар. Ишинен "мен ҳайўан екенмен, мен адам емес, жылқыман", деп тәкирарлар еди. Көз жасы жүзинен төмен сорғалап, сақаллары арқалы ерге тамды.

— Гөзел, — деди әлленемирде ат үстинде турып. — Мә, ал. Кисенниң гилтин шығарып қызына услатты.

— Бенде гелсе кишенин еш, ихтыяры озинде, дорт тарапы ғыбла. Ғыстанмаса мани гутсин. Әпиў сорарын. Соң атын тебинип, орнынан қозғалды. — Гиттик!

Ол душпанлары тәрепинен бенде етип әкетилген ҳаялын, маңлайындағы жалғыз перзенти, өзи өлсе мийрасхоры, изинде қалатуғын туяғы, өмириниң даўамшысы болған Гелдимыратты азат етиўге атланды. Ол перзенти ушын жанынан кешиўге, егер қолында болса әлемниң жартысын перзентиниң басындағы бир тал әзийз шашы ушын ойланбастан берип жибериўге таяр еди.

***

Дәрьяның жағасына келген Бектемир төменге түсиўге қолайлы жер излей баслады. Гүз айы болғанлықтан, Әмиў жаздағыдай тасқын емес, суў әдеўир төменлеген. Оң тәрепте, сәл өриректе қолайлы жер көринди. Сол жерге жетип, аттан түсти. Пияда, атты жетеклеп жасқадан төменге кетти. Ултанда ағып атырған дәрья кенарына жетпей турып, аттың жүўенин тартып, қус-тумсық ердиң басына беккем етип орады ҳәм суўға умтылған атты жылаўдан тутып, еркине жибермеди.

Узақ түн бойына тыным билмей шапқан буўрыл ат шөллеген, еркине қойса дәрьяның ылай суўына тумсығын басажақ еди. Қызып турған ат суўыганша суўғарыўға болмайды, деген пикир менен тери басыламан дегенше иркилди. Үстинде бөз көйлек, бөз ыштаннан басқа аўырлық еткендей кийими жоқ еди, дәрьяның ызғар лебинен тоңайын деди. Жалаң аяғына жумсақ шеге қум жағымлы тийди. “Жаныўар, ҳәзир дәрьяға түсемиз, екеўимизге Алла яр болсын”, деп буўрыл аттың мойнынан шаппатлап қойды. Соң атқа жеңил ғана ғарғып минип, “шүў, жаныўар”, деп тепсинди.

Дизесине шекем суўға түскен ат, ылай суўдан мийри қанғанша ишти. Бектемир изине, жағысқа қарады. Ҳеш ким көринбеди. Қуллық шынжыры дәрьяның бийик жағысында қалғандай туйылды. Алысларда бозлаған инген түйениң сести еситилди. Енди оны Субҳан жүзбасы айтқандай әжел оғы, яки бәлент-бәлент тентек толқынлар ғана азатлық жолынан қайтара алар еди. Қудайға шүкир, бийик жағыста Бектемирге қарата әжел оғын жоллаўға тайын турған душпан көринбейди, дәрьяда болса бәлент толқынлар жоқ, ол таўланып, өз еркинше аға берди.

Тәўекел қайығына минген жигит атты қыстады. Буўрыл иркилместен суўға түсип, ҳарылдап дем алғанда жумсақ танаўы қус қанатындай желпилдеп, жүзе баслады. Жүзбасы айтқан еди: “қыйын-қыстаўда дәрьяға ат салсаң илажы болса шаўып келген ат суўығанша суўға салма, еглен, тери басылсын, соңынан суўға сал. Аўыр кийимди, саўытты, етикти шешип тасла, алтын басың аман болса, кийим де, саўыт та, етик те табылады. Соң ат жүзип баратырғанда үстинде отырма, ҳәлсирер болсаң жалына асылып, қапталлап жүз”.

Көп өтпей жигиттиң салмағы менен суўда аттың жалы көринбей қалды, жүзбасының тағы бир айтқаны ядына түскен Бектемир оң аяғын үзеңгиден шығарып аттың саўрысына қойды, шеп аяғын үзеңгиге тиреди, аттың омыраў бети көтерилип, тезирек жүзе баслады. Көп өтпей аман-саў жағысқа жетип алып, дәрьяның қумлақ қайырына шықты.

Бәлент жағысқа әмеллеп көтерилген атлы дөгеректи қырағы көзлери менен гүзете баслады. Алысырақта бағларға бүркенген аўыллар көринди. Аўыл сыртындағы атызларда теңселискен ақ жүўерилер, ҳәр жерде гүзлик бийдай егилген жерлер көк-көмбек болып көзге тасланады. Жақын жерден өзине дөнип турған қәўип жоқтай. Бул кимлердиң аўылы? Дос па, душпан ба? Ол жағы еле намәлим еди.

Аўыл шетине келип, жол бойында отырған қарияға сәлем берип, жөн сорады.

— Бул Ердана аўылы, — деди қария. — Бухара әмири пуқарасымыз. Тилинен тәжик екенлигин аңлады.

Енди қария кисенге дыққат пенен қарады.

— Уғлым қолыңа ким билезик салды? — деп ҳәзиллести.

— Яўмытлар.

— Өзи де гүмистен болса керек, шештириўге көзиң қыймай турған шығар, — деп қуўақыланды қария.

— Әлбетте, — деди Бектемир де бос келмей. — Бул билезиклер еки жыл бойы маған алтыннан да қымбат болып қалған ата.

— Бәрибир енди олар саған жараспайды. Анаў түтин шығып турған үй темиршиники. Бираз ҳәлекленсе де, ебин таўып билезигинди шешип алар, бирақ оларды устаға саўға етиўге көзиң қыярма екен, балам, не дедиң?

Қуўақы ғарры екен, — деп ойлады бир неше жыллардан берли еркин ҳәзил менен қуўақы сөзлердиң не екенин умытып үлгерген Бектемир. Соң ҳәзил менен жуўап қайтарды:

— Бул алтын билезиклерим шешилген пайыт, темиршиге шын кеўлимнен саўға қыламан. Сөзиме исене бериң.

— Бәлки аш шығарсаң, жигит, солай ма? Ғарры әжиз көзлерин сығырайтып еле ат үстинде турған жигитке тигилди. Яки дәрьяның ылай суўына тойып алдың ба? Я яўмыт досларың қой сойып қонақ қылған ба, айт бала?

— Расын айтсам, бир тислем нан менен бир уртлам суў болса яқ демеймен.

— Ҳәзир, — деди қария. Соңынан даўыслады.— Зумрад, ҳа Зумрад!.

Көп өтпей он жаслардағы тақыя кийген қыз:— Не дейсиз ата? — деп таяр болды.

— Үйге кирип мийманға айран менен нан алып шық, қызым, — деп буйырды.

Бектемир ат үстинде турып айранды ишти. Арпа нанды жеп, ғаррыға рахмет айтты. Соң темиршиниң үйине қарай жол алды.

Зилдей кисенлерден босаған қолы өзине жеп-жеңил сезилди. Ҳәлленген, шөлин басқан, қуллықтан азат болған жигит көп өтпей өз олжасы болған буўрыл атты желдирип, туўылған аўылы таман апаратуғын жолда баратыр еди.

***

Бектемирдиң дерексиз кеткенлиги ҳаққындағы хабар туўылған аўылына бес-алты айдан кейин мәлим болды. Алды бурын сыпсың-сыпсың гәп тарқалды. “Отыз еки тистен шыққан сөз— отыз еки елге тарайды”, дегени рас екен, ҳәптеге жетпей кишкене аўылда бул сум хабарды еситпеген адам қалмады.

Бектемирдиң анасы жылап-сықлап, Ҳәкимқулға келди. Бир қолы бир қолынан қысқарақ ҳәм қыйсық болып питкенин есапқа алмағанда Ҳәкимқулдың саўашта алған жарасы жазылып, тик аяғына турған, ишқыста serигиўден не қыларын билмей аўыл арасында ат шаптырып жүрер еди.

— Қарағым Ҳәкимқул, сеннен басқа сүйенерим бар ма бул елде. Жораң Бектемирден хабар-атар жоқ, жүзбасы нөкерге аларда суўмаңлап ўәдени таўдай үйип кетип еди, өли-тирисин айтып, бир аўыз хабар бериўге жарамай отыр ғой, — деп жаўлығының ушы менен көз жасын сыпырды.

— Жылама, ана. Ҳәзир Бухараға атланаман. Барып жорамды таўып қайтаман, ҳеш ғам жемең.

Бул сөзлер жалғызының дерегин билмей сарсаң болған ана байғустың жарасына мәлҳам болды. Ҳәкимқулға ақ пәтиясын берип үйине қайтты. Ертеңине Ҳәкимқул ес болсын деди ме, атына Журынбайды мингестирип, қоржынына азық-түлик салып, Бухара жолына түсти.

Өзине жақын ҳәм таныс болып қалған, әмир нөкерлери жасайтуғын аўылға жетип барып, бир нөкердикине ат байлады. Таныс-билислери менен апақ-шапақ сорасып, билискеннен кейинги дәслепки сөзи Бектемир ҳаққында болды.

Анық бир хабар биле алмады. Бир нөкер: “Жанында едим, саўашта көкирегине оқ тийип, аттан жығылды. Өлген шығар. Биз басқы таўып, шегиндик. Жарадарлар менен өлилерди ала алмадық”, десе, бир әскер: “ат аяғының астында жатырғанын көрдим, жаў келди, биз қаштық, өлилер де, тирилер де душпанға олжа болды”, дейди.

Бул хабардың тақыйығын билсе сол билер деген ой менен Субҳан жүзбасыны изледи. Табылған менен жүзбасы Бектемир ҳаққында сөйлесиўге заўқы болмады, Ҳәкимқулдың жүзбасыдан сорап анықлағаны: Саўашта Бектемирге оқ тийип аттан қулаған, анығырағы өлген болса керек, жансызлардан сорастырып көрген, яўмытлар арасында Бектемир атлы тутқынның бар екенлиги жөнинде олар дерек еситпепти, соған қарағанда Бектемир өлген.

Бул қайғылы хабардан есеңкиреп қалған Ҳәкимқул Журынға сыр билдирмей аўылына қайтты. Жүзбасыдан еситкенлерин тис жарып айтпады. Келгеннен кейин де Бектемирдиң анасына не деп айтыўды билмей, есикти ишкериден илип, еки-үш күнге шекем жатып алды. Ақырында бир шешимге келди: бир күн келип ҳақыйқат жүзеге шығады, деген менен “Бектемир өлген”, деген хабарды айтыў Ҳәким-қулға, ал оны еситиў бийшара анаға аўыр, сол ушын “Бектемир жараланған, сөйтип тутқынға түскен екен, тез күнде әмирдиң

адамлары барып қутқарып келеди екен”, деген хабар айтпаққа бекинди.

Бундай хабарды еситкен ана бираз жубанғандай болды, ҳәрқалай “өлди” деген хабардан “тири, бенде болып түсипти”, дегени әлбетте абзал еди, “кепин кийген келмес, кебенек кийгеннен үмит бар”, бир күни улының аман-есен, бир аяғы ақсақ болғанда не болыпты, әйтеўир қушақ ашып баўырына қайта оралыўынан үмитдар болып жасайды. Дүнья кең, онда жақсы адамлар да көп, ғәрип ҳаялдың жетим улына Алла шарапаты менен биреў саясын салар, деген ой ананың ғамгүн көкирегин тәрк етпеди.

Солай етип, ўақыт өте берди.

Бектемирдиң аман-саў оралыўына исенген екеў — биринshиси — өз анасы, екиншиси — Зулқумар еди.

Сум хабар оны есеңкиретип таслады. Ойын-күлки, ҳәзил-дәлкек пенен иси болмай қалды. Бирақ Бектемир бенде болып, тутқынға түсипти, дегенге исенбес, мәгар қумлар ишинде жалғыз өзи адасып қалған, жақсы адамларға гезлесип, бир күни аўылға, Зулқумарға жол таўып келетуғынына исенди.

Арадан жыллар өтти. Бир күни Ҳәкимқулды әкеси шақырып алды.

— Балам, — деп сөз баслады бай. — Зулқумарда кеўлиң барын бурын қулақ-қағыс еткен един. Оны жораң айттырды, аўыл-ел той болатуғын мәўсимнен де хабардар еди. Халықта гәп бар: “Қызды ким айттырмайды, қымызды ким ишпейди”, деген. Билемен, Бектемир бирге өскен жораң еди, илаж қанша. Өлмектиң изинен өлмек жоқ, — деп гәпти алыстан баслады.

Ҳәкимқул Зулқумарды жанынан артық көрер еди. Жорасы Бектемир менен ортада “тири болсақ бир төбе, өлсек бир шуқыр” деген әскерлик серти бар, оны Бектемир бир мәрте орынлап, Ҳәкимқулды өлим тырнағынан алып қалды. Бул сертти орынлаўға Ҳәкимқул таяр еди, бирақ керек ўақыт, керек пурсатта ол достының жанынан табылмады, мине, енди оның тәғдирин белгисизлик пердеси тосып турыпты. Зулқумарға көз-қулақ болыў, “қанатлыға қақтырмай, тумсықлыға шоқытпай” асыраўды досты исенип тапсырған еди, ол болса...

— Яқ аға, яқ, мен ондай қыла алмайман ақыры.

Ол әке сөзин артық тыңлаўға тақат етпеди. Өжиреден атлығып шықты.

Арадан жыллар өтти. Бектемирдиң тири қайтыўынан адамлардың үмити үзилген, тек еки адам ғана оның өлгенине исенбеди. Оның бири — Бектемирдиң байғус анасы болса, екиншиси — Зулқумар еди.

Садық досты Ҳәкимқулдың да үмити үзилди. Оны сезген әкеси Зулқумардың үйине жаўшы жиберди. Қыздың ата-анасы тәғдири белгисиз жигитти күтиўден шаршаған еди, қызының ертеңги күнин ойлап, узатыўға келисим берди.

Енди Зулқумар менен сөйлесиў қалған еди. Жеңгелери қызды Ҳәкимқул менен оңашада ушырастырды.

— Мен исенбеймен. Бектемирдиң өлгенине исенбеймен, — деди қыз.

— Өлимге шара жоқ, — деди Ҳәкимқул басын көтере алмай. — Ол өлген. Мен Субҳан жүзбасыдан анығын еситкен едим. Бектемирдиң анасын ойлап, ҳеш кимге айта алмадым. Бул сырды ҳеш кимге паш қылмай ишимде сақладым, қаншелли аўыр болғанын билсең еди. Оны биринши болып еситкен адам өзиң боласаң, Зулқумар.

Қыз бир заматқа үнсиз қалды. Соң ийинлери селкилдей баслады.

— Жылама Зулқумар. “Бизлер бахытлы боламыз” деп айтқысы келди. Бирақ бул сөзлердиң орынсыз екенлигин сезип, үндемеди. Қыз сүйеў көрип Ҳәкимқулдың ийнине бас қойды, төгилген көз жасы Ҳәкимқулдың ийнин сел-сел етти.

Ҳәкимқулдың үйлениўи Бектемирдиң анасының кеўлиндеги соңғы үмит сабақларын үзип жиберди. Жалғызынан кейин бул жақты дүньяда жасай бериўден зерикти ме, улының күйигинен бир-еки жыл ишинде шөгип қалған ана, болмаса жасы енди ғана қырқтан асқан еди, азғана төсек тартып, көп узамай Алланың аманатын тапсырды. Ҳәкимқул бас болып, Журынбай менен бирге табытын көтерип, ата-бабалардың мәңгиге тынышлық тапқан соңғы мәканы болған қара топыраққа жерледи. Оннан берли де бес-алты айдың жүзи толған еди...

***

Үйде – қәдирдан анам, аўылда – Зулқумар, Ҳәкимқул менен Журынбайды көремен, деп асыққан Бектемир азып-тозып, ат арытып геўгим пайыты аўылға кирип келгенин ҳеш ким елестире қоймады. Бектемирдиң қайтып келетуғынына исенген ең соңғы адамы анасы әлле қашан топыраққа араласқан еди.

“Анам мени күте берип, көзи төрт болған шығар. Бәлки көрген пайыт танымай да қалар”, деген ой менен атты өз мәканына бурды. Анасының тиккен қара үйи көзине оттай басылды. Анасы көзге түспеди. “Бәлки ишкериде шығар” деген ой менен аттан түсти. Қора бетте биреў қараңлап көринди. Ол Журынбай екен. Ат байлап атырған адамға қарап қалша турып қалды. Бектемир артық шыдамады.

— Журын! Неғып турсаң, танымадың ба?

— Бектемир! Бектемир! Тиримисең достым!

Журынбай жуўырып келип Бектемирди қушақлап алып өкирип жылап жиберди. — Мине, тири екенсең! Келдиң! — Қуўанғанынан гә күлер, гә жылар еди.

— Анам неге көринбейди? — деди Бектемир шыдамсызланып. Кеўлинде: «биржаққа кеттимекен», деген ой пайда болды.

Журынбай жылағанын тоқтатып сам-саз болып қалды. Соң атам заманнан киятырған қарақалпақлардың дәстүринше қос бүйирин таянып "ўай-ўай" салып, қара үйге қарай жүре берди.

Бектемирдиң көкирегиндеги питип кеткен жараның орны шым етип шанышты. Теңселип кетти. Жығылмады.

Журын қара үйге кирип ўай-ўайды салар, "анамыздан айрылып қалдық, жоражан", деп жер тепсинип жылар еди.

Бектемир әлленемирде өзине келди. Өлим аўзынан аман қалып, қуллықтан азат болып, босанды дегенше жетиўге асығып, дийдарына зар болып келген анасы бул жарық әлемде жоқ еди. Көкиреги өксикке толып кетти, көз жаслары тамағына тығылып, дем алыўы қыйынласты. Ерксиз түрде көкиректеги өксик, дәрт-қайғы даўысы менен бирге тамағынан атылып шыққандай болды. Бектемирдиң "ўай-ўай"лаған даўысы аўылдың арғы шети менен, берги шетине шекем жетип барды. Еситкенлер: "Ким биймезгил қаза етти екен", деп даўыс шыққан таманға жетиўге асықты.

Даўысты еситип, Бектемирдиң үйине келгенлер: «Ийманлы болғыр, бул үйдиң баласы да, анасы да, әкеси де әлемнен өткен, даўыс шығарып турған екеўдиң бири шаңараққа ийелик етип қалған Журынбай жетимек, оның жанында жер тепсинип жылап турған ким екен?»— деп ҳайран болды. Көп өтпей Бектемирдиң келгенин билип алды. "Бектемир келипти, Бектемир тирилип келипти, Бектемир тири келипти", деген гәп аўылға таралып, демде үлкен-киши жыйылып қалды. Журынбай бир қойды сойып, садақа тарқатты. Жигиттиң тири келгенине қуўаныскан аўылласлары анасының қазасына кеўил айтып: "Әке-шешесин белине байлап жүрген ҳеш ким жоқ", "Өлмектиң изинен өлмек жоқ", дегенге уқсаған сөзлерди айтып, тәселле қылды. Бектемир аўылласларының ишинен биреўди қыдырар, ҳәрким келген сайын "сол емес пе екен", деп жүзине тигилер, бирақ оны ушырата алмас еди. Қырсығына адамлар да тап келисип қойғандай ол адам ҳаққында тис жарып ҳеш нәрсе айтпас, оның орнына Бектемирдиң қалай қолға түскенин, қалай қашып қутылғанын сорап, гәпти басқа таманға алып қашар еди. Сол ушын да Бектемирдиң кеўлине: "ол

да өлди ме екен, аўыр болмасын, деп айтпай атырған шығар", деген гүманлар келе баслады ҳәм "пәленше қайда" деп сораўға қорқты.

Аўыр жатарда адамлар тарқасты. Иште сақлай бериў қыйын еди. Ақырында Журынбайдан сорады.

— Журын, Ҳәкимқул көринбеди. Тири ме?

— Тири, — деди Журынбай кемсалыйқалаў етип.

— Онда неге келмеди?

— Еситпеген шығар. Я бир таманларға кеткендур, ким билсин?

Бул жерде бир лийкин бар екенин Бектемир сезгендей болды. Бирақ, жол жүрип талыққан, мүсийбеттен есеңкиреп қалған жигит, "өз үйим – өлең төсегим", деп өзиниң қара шаңарағында бир пурсат тынығыўды мақул көрди. Зулқумар ҳаққында Журыннан негедур ҳеш нәрсе сорамады.

Ҳәкимқул тез арада Бектемирдиң аман келгенин еситкен еди. Есеңкиреп қалды. Не қылыў керек? Алдына кеширим сорап барсын ба? Бектемирге не дейди? Болар ис әлле қашан болған, бояўы сиңген. Айтарлық гәп қалмаған.

Ҳәкимқул Бектемирге көринбеўди шешти. Атасының ҳәўлисин бекитти. Зулқумардың үйден тысқарыға шығыўын қадаған етти. Өзи де шықпады.

"Елдиң аўзын тыймаға елли қары бөз керек", дегенлер ҳақ гәпти айтқан екен. Журынбай Бектемирден болып өткен ўақыяларды қыпсалағаны менен, аўыл-ел жасыра алмады. Ҳәкимқул достының Зулқумарға үйленгенлиги ҳаққында хабар жигитке анасы өлгени жөниндеги хабардан жеңил тийген жоқ. Еки-үш күн үйинен шықпай жатты. Ҳәкимқулды, Зулқумарды көриў имканиятын қыдырмақшы болды, бирақ бул ойдан бас тартты. Бектемир ушын олар енди жоқ, өлип кеткенлер қатарына өткен, татлы балалықтың еске түсириўлеринде ғана қалған еди.

Бир ҳәптеден соң анасы менен әкесиниң қәбирин соңғы мәрте зыярат қылған Бектемир аўыл менен биротала хошласты. Енди оны балалығы өткен кишкене аўылда услап туратуғын ҳеш нәрсе қалмаған еди.

Анасы "балам келгенде кийер", деп аршасында сақлап жүрген бир қатар кийимлерин кийип, яўмытлардан олжа қылған буўрыл атты ертледи.

Бектемирдиң кетпекши екенлигин сезген Журынбай келип зәңгиге асылды.

— Алысқа кетпекшимисең, Бектемир?

— Шөлде өскен қаңбақты талай көргенсең, Журынбай. Самал қалай ессе, сол таманға жумалайды. Биз де енди "Көшеримди жел билер, қонарымды сай билер" деген қаңбаққа мегзедик, достым. Өзиң

билетуғын ўақыялардан кейин бул жерде мени ҳеш нәрсе услап тура алмайтуғын шығар. Зулқумар менен Ҳәкимқулды ҳәр көргенимде ишимдеги күйиктен бир өлип-тирилгенимнен көре қайтып көрмегеним мақул. Сен не дейсең? Бул сораўға ҳеш кимниң, ҳәтте өзиниң де жуўап бере алмаслығын сезер еди. Сол ушын досты Журыннан жуўап күтип отырмай, сөзин даўам етти. — Енди мениң жарық дүньяда Ҳәкимқул атлы достым, Зулқумар атлы қалыңлығым жоқ, олар өтмиште қалған. Маған тийисли не нәрсе болса, мал да, үй де сеники достым. Бәлки, және дийдар несип етсе көрисермиз.

— Ондай деме, — деди кеўли бузылған Журынбай. Мәкан, үйи жоқ адамның тәғдирин өз басымда сынап көргенмен. Мәкан, мүлик сеники, мен тек оның қорықшысыман, достым.

— Яқ, енди оның ийеси сен, мал-мүликти жумса. Айтқандай, жалғыз басың жүре бересең бе, үйленип ал.

— Үйлениў қашпас, көрермиз. Ҳәкимқулға айтар гәпиң жоқ па? Ертең сораса не деймен?

Бектемир: — Енди оған айтар гәпим жоқ, — деп кесип айтты.

Журынбай менен жыласып, хошласып, атланды да аўылдан шығып, басы аўған таманға кете берди.

Нөкерликке қайтып бармады. Ҳәр кимниң жылқысын бағып жүрди. Үйленбеди. Арадан жыллар өтип жомартлық пенен аты шыққан Қулшы бийдиң хызметине келген еди.

## 8

Таң ата сейисханаға биринши болып кирген Сейтмурат қорқыныштан көзи аларып, жуўырып шықты.

— Қулшы аға, сейис... сейис... деп тәкирарлап атхананы нусқап қояр, сейисханада демекши ме, я жоғалғанына бир неше күн болған Тағаберген сейисти айтпақшы ма ол тәрепи түсиниксиз еди.

Алламберген таң атпастан бурын атланып кеткен. Зыр жуўырып, бийдиң отаўына жеткен сақшы сум хабарды Қулшы бийге жеткериўге тартынып, бийдиң иниси Шақшақтың есигинде иркилди. Өзин әдеўир басып алған еди.

— Шақшақ аға, тез жүриң, сейисхананың арғытына биреўди асып кетипти. Тез жүриң.

Сум хабарды еситкен Шақшақ шапанын желбегей жамылып, отаўдан жуўырып-ақ шықты. Дөгеректеги отаўдағылар, Қулшы бий де бул хабарды еситип үлгерди. Бир неше адам тез арада жыйналысып, сейисхана таманға жол алды.

Атхананың төбесиндеги кесе ағашта Тағаберген сейис асылып турар еди. Тап қасында дийўалға сүйеўли зәңги турыпты. Үстиндеги кийими,

узын бойы, көгерип кеткенине қарамастан оншелли өзгермеген жүзине қарап ол адамның Тағаберген сейис екенлигине ҳеш ким гүман қылмады.

— Бийшара, бир бийҳазар адам еди, — деди Шақшақ үстиндеги шапанын шешип, өлиниң үстине жаўып атырып. Өлимин де ҳеш кимге көрсеткиси келмеген шығар. Бәрине Торықасқа жаныўар себепши болды, деп гүманланаман. Төлесинди өлтирген гүмансыз Тағаберген болса керек. Сол ушын қыйнаўлар астында хор-зар болғаннан гөре өзин асқан да қойған, және ким билсин, — деп сөзиниң изин гүмилжи етип қойды. Ақыры бир неше қулақлар сейистиң сырлы өлиминиң себебин билгиси келип, ҳәр сөзди дыққат пенен тыңлап турар еди-дә. Шақшақ оны дәрҳал аңлап алды.

Сейистиң жаназасына Қулшы аўылының тайда-таяғы қалмай жыйналды. Мерекеде адамлар: «Жайы жәннетте болғыр сейис», «қой аўзынан шөп алмайтуғын», «бир бийҳазар адам еди». «Келгени қандай пинҳамы ҳәм елеспесиз болған болса, кетиўи де пинҳамы болды», деп оның жақсы таманларын гүрриң етип отырды. Қулшы бий мириўбет қылып, Тағабергенниң асабатын мойнына алды. Шығысы менен ата-тегин билмесе де аўыл адамлары сейисти соңғы сапарға өзлериниң ең жақын адамын узатып атырғандай, ҳүрмет пенен узатып салды.

Атхана дийўалына жақын салынған, сейис тири пайытында жасаған тар ҳәм пәскелтек ғана өжире босап қалды.

Бул хабар Төлесинниң өлиминде Тағабергенниң қолы бар деген гүман менен оны өзлериниң қолларына тирилей тапсырыўды талап етип атырған Қожамяр бийдиң аўылына жетип барған ҳәм көплеген гүман менен гүдиклердиң туўылыўына, өшпенлилик отының лаўлап жаныўына себеп болған еди.

Арадан көп ўақыт өткермей, Абусайд араб бий бас болған бир топар адам Қожамярдың даўын даўлап, Қулшының аўылына келип түсти. Келгенлерди жыллы күтип алған Қулшы оларға арнап отаў тиктирип, қой сойып, қонақ қылды. Азанда мийманлар Қулшының отаўына кирди.

Арғы ата-теги ерте заманларда Бухараны ислам динине енгизген әскербасы Хутайба менен бирге келип, соңынан түркийлесип кеткен, оны өз атына қосып айтылатуғын “араб” деген лақабы да билдирип турар еди, Абусайд бий шийеленисип кеткен даўларды есилген қыл арқанның тынындай сәдде-сәдде етип шешип кете беретуғын дана ҳәм дилўар киси еди. “Ҳәр тегисте бир кемис” деген яңлы оның да өз сөзинен қайтпай турып алатуғын, даў шешилетуғын жерге тирелип турғанда бир аўыз сөзге өкпелеп турып кететуғын әдети бар, деп айтысып жүргенин Қулшы бий талай еситкен.

— Хош келипсиз, Абдусайд араб бий, — деди қонақларды тик турып күтип алған Қулшы бий.— Қәдемлериңизге ҳасанат.

Узын бойлы, узақ ата-бабаларына мегзеген қырғый мурын, ала көз, шоқ қара сақаллы Абдусайд араб төрге отырып, қолын пәтияға көтерди, үй ийелериниң шаңарағына қут-берекет, аманлық ҳәм аўызбиршилик тиледи. Ҳал-аўҳал сорасыўдан соң мақсетке өтти.

Әңгимениң мазмуны былай еди: Қулшы бийдиң атбағары Тағаберген сейис деген кимсе Қожамяр бийдиң улы Төлесинди жазықсыз өлтирген, ол күндей рәўшан, дәлиллеўди талап етпейтуғын ҳақыйқат, оған Қожамяр бий ҳәм оның атынан кәтқуда болып келген Абдусайд араб бий тақыйық исенеди. Қожамяр жиберген Майлыхожа жүзбасы менен қылынған келисим бойынша Қулшы бий Тағаберген сейисти тутып бермеги, өлсе өлисин бермеги дәркар еди, тилекке қарсы, ис ондай болмады. Жақында кимдур Қулшы бийдиң атханасында асылып өлипти. Оған "Тағаберген сейис" деген ат берилип, қандар тәрепке хабар берилместен бийдиң ғамқорлығында жасырын жерленгенмиш. Гүман туўылады, мәгар сол жерленген мейит ҳәмме атланшап қыдырып жүрген, Төлесинниң қандары Тағаберген екенлигин ким тастыйықлайды? Буған Қулшы бий не дейди? Бул ҳәдийсе, даўды еки тәрептиң тыныш-татыў шешиўине, еки бастан өлер Төлесин өлген, болар ис болған, кесент бермес пе екен?

Бул саўалларға Қулшы не деп жуўап берер еди? Тағаберген сейистиң асылып өлгени рас. Оны сейисхана арғытына асылған жеринен түсирип алғанлар да, оның ишинде иниси Шақшақ та бар, сүйегине енгенлер де тастыйықлаўы мүмкин. Ал, не ушын Тағабергенниң өлиги қандарларына көрсетилмегени, бул мусылманшылық жүзесинен болған. Төлесинди өлтирген болса, бәлки Төлесинди ол өлтирмеген шығар, себеби Қулшының қолында рәхметлик сейисти айыплы қылғандай дәлил жоқ, оның жынаятын тастыйықлағандай гүўалар табылмаған, өлтирген болса да Алла оған өз жазасын берди. Екинши таманнан даўагер тәреп ашыў үстинде, адам ашыў менен не қылмайды, сол ушын да ашыў алдын, ақыл соңынан деп айтысады халықта, мейитти қорлап, Муҳаммед саллаллаҳу ўасалламның ўәсиятларына шек келтириўге жол қоймаўы керек, деп оның өлими жөнинде хабар берилмеди, өлим өтирик болмайды, бул хабар тез күнде еситилер еди.

Бундай жуўап Абдусайд араб бийди қанаатландырмағаны сезилди. "Не ушын енди араблардан шыққан Абдусайдтың, анығында атына қойылған "араб" сөзинен басқа оның араблығы қалмаған, ол маңғытлардың бийи, руўы маңғыт еди, қәўиминиң адамлары өзлерин Муҳаммед пайғамбардың ҳақыйқый үмметлери санайтуғын маңғыт жигитлери динге шек келтириўи итимал екен? Сол бир гүманның

өзи-ақ дәл нышанаға барып тийген, маңғыт бийиниң топ бузып, мойын иймей, дәлил тыңлап отырмай, Қулшы отаўынан шығып кетиўине себеп бола алар еди.

— Бул сөзлериңе қайыл емеспен, — деди Абдусайд араб бий кескин даўыс пенен. "Өтирикши өлини гүўа тутады", деген. Өз адамларыңнан өзге ким көрипти өликтиң рас Тағаберген сейис екенин? Мәгар ол өз әжели менен өлген әллекимдур?

Бул гәплер Қулшы бийдиң де шамына тийе баслаған еди.

— Сәл өзиңизди басың, Абдусайд араб бий, — деп Қулшы басыў айтпақшы еди, маңғыт бийи көнбеди. Орнынан өрре турды. — Кеттик бул жерден, өлини гүўа тутып, өзгелерди мусылман санамайтуғын адамға басқа айтатуғын гәпим жоқ.

Ашыў үстин келип, араб бийдиң даналығы қәҳәр-ғәзепке орын берди. Қулшы бий қонақлардың алдын тосты.

— Мүмкин биз ғәлет айтқан шығармыз, бир ашыўыңызды бериң, Абусайд бий...

— Яқ Қулшы, енди кеш болды, алдымды тоспа. Еситетуғынымды еситип болғанман, — деди ол. Иркилмеди. Адамлары менен бирге атланды. Оларды тоқтатыўдың шарасын таба алмаған Қулшы бий босағада қалды.

Ертеңине азанда атланыўды шешти. Кеткенлердиң изин басып барғысы келмеди.

Кешқурын астындағы аты қансорпа болып терлеген хабаршы жетип келип, Бухара әтирапында жүретуғын кенегес бий, қыймас дослының Аллаға аманатын тапсырғаны ҳаққында суўық хабар әкелди. Келеси танда маңғытлардың бийи Қожамярдың аўылына атланыўдың орнына Бухараға, жорасының жаназасына атланыўға мәжбүр болды. Қожамярды намазда ушыратып, сөйлесиўди кеўлине түйип қойды.

Мереке бир ҳәптеде тарқады. Бул күнлерде Қожамяр бийди бир неше мәрте көрди, әлбетте. Я Абдусайд араб бий Қулшыны жерине жеткерип жаманлап үлгерди ме, яки жаназа үстинде келиспей қалып, қатты сөзге барысыўдан шоршыды ма, қулласы сәлемлесип, ҳал сорасаман дегенше әлле бир себеплерди пеш қылып, Қожамяр Қулшыдан қашықласыўға умтылар еди. Мереке тарқаған нан кейин әлбетте сөйлесемен, деп ишинен беккем бир шешимге келди, ҳәтте өзине жақын бир кисиден жаназадан соң Қулшы отаўыңа кирмекши деп ескерткенине қарамастан, Қожамяр намаз тарқамастан елине атланып кетипти. Излеп барған Қулшыға кетип қалғанын айтты.

Қулшы Қожамярдың изинен кетпекши болып та көрди. Соңынан намаздан кейин өз үйлерине қайтатуғын қарақалпақлардың ырымын етип, аўылына қайтты. Аўылда оны кеўилсиз хабар күтип турғанын бий қайдан билсин.

Гүзар жол менен аўылға кирип киятырғанда, бул жерде болып өткен қандайдур қолайсыз ўақыялардың излери сезилди. Кимдур бар даўысы менен бақырып жылар, жақынын жоғалтқан адам киби кимниндур атын тәкирарлап-тәкирарлап айтар еди. Атлылар үйге жақынлағанда Қулшы бийдиң шаңарағы ортасына түсип, қыйрап атырғанын көрди. Бир-еки үй арыда жайласқан Шақшақтың отаўы да сондай ҳалатта еди. Даўыс шығарып, жылап турған ҳаял инисиниң ҳаялы Дәўлетбийке екенин көргенде бийдиң иши "ғым" ете қалды. "Жаў шапқан... Майлыхожа, Қожамяр... Бул Қожамярдың иси. Әҳ, әттең... ғәлет қылдым. Абдусайд араб бийдиң ығына жығылыўдың орнына, өзимди ақлайман деп, тилиме ерк бердим. "Адам тилинен, мал шақынан байланады" дегени усы екендағы", деп ойлады бий өкиниш пенен. "Иним Шақшақ көринбейди? Әлле жазым болды ма екен?". "Улым Ережеп қәне? Отаўы пүтин, нәрестеге тиймеген шығар ол наинсаплар". Басында сапырылысқан ойлар бир нүктеге жыйылып, бир шешимге келемен дегенше атлылар бар даўысы менен аўылды басына көтерип: "Қаяқтасаң, қостарым Шақшақ", деп жылап турған ҳаялдың жанына тоқтады.

— Дәўлетбийке, бермаған қара, маған баян ет, не болды өзи?

— Анаў күнги Майлыхожа бужыр бир топар атлы менен келди де отаўыңызды қулатып, жер менен жексен етти. Шақшақ араласып еди, шоқмар менен урып жығып, оның менен де қоймай қол-аяғын байлап, атқа өңгерип алып кетти, деп солығын баса алмай жылай баслады.

Оған шекем ҳәр жер, ҳәр жерден аўылдың бас көтерер жигитлери бой көрсетип, Қулшы бийдиң қыйраған отаўының дөгерегине жыйнала берди. Саўыт кийип, белине қурал-жарағын асынғанлар да бар. Ҳәзир Қулшы бий "жыйнал" деп ҳәмир берсе, жалма-жан атқа минип, Қожамярдың аўылын шабыўдан қайтпайтуғын ыңғайларын аңлады.

Сәске пайыт мал-ҳалын жайластырған халық жай-парахат отырғанда, тосыннан Майлыхожа жүзбасы баслаған бир топар атлы келип, Қулшы бийдиң отаўын қулатыпты, үйде ҳеш ким жоқ екен. Оны көрген Шақшақ жуўырып шығыпты. Оны соққыға жыққаннан соң Майлыхожа жар салыпты: "Егер кимде-ким жарақ көтерип шықса, Төлесинниң орнына Шақшақты өлтиремиз, қанға-қан, жанға-жан", депти. Бираз жигитлер жыйылып келген, қураллары да бар екен, Майлыхожаның сөзинен кейин "қәпелимде Шақшақты жазым етип жүрер" деген гүман менен ҳеш илаж қыла алмаған екен. Басқыншылар еки отаўды қыйратып, Шақшақты байлап әкетипти, бирақ өзгелерге— я биреўдиң малына, я өзине қол салмаған.

Бул гәплерди еситип, Қулшы өзин басып, басқаларға сабырлы сықлы көринип, атынан түсти. Ережеп пенен анасының туратуғын

отаўына кирди. Кишкене Ережеп болған ўақыялардан сескенип, қорқты ма екен, деген қыял менен ишкерилеген еди. Анасының тапсырмасы менен үйден шықпай зеригип отырған Ережеп қуўанып кетти. Орнынан ушып турып:

— Ассалаўма әлейкум бий ата, — деди даўысы шәңкилдеп.

— Ўәлейкум ассалам балам, молла бол. Қәне айтшы, әтирапта болып өткен шаўқымнан шоршып кетпедиң бе?

— Яқ, қорқпадым, бий ата. Шақшақ әжағамды байлап атырғанда ара түспекши едим. Анам жибермеди. Аўылымызға өткен сапары келип қонып кеткен бужыр киси бар ғой, сол әжағамды шоқмар менен салып қалғанда кегим қайнап кетти.

“Еле тырнақтай бала кекти қайдан биледи?”, деп ойлады бий.

— Яқшы, енди бар ойна, мен ҳарып келдим. Ҳәзир сен қорқатуғын қәўип жоқ, — деди бий. Төрдеги кийиз үстинде жарғақ көпшикти қолтықлап жамбаслады.

Болып өткен ўақыяларды ақыл тәрезисине салып, ендиги жағында қандай ҳәрекет етиўди шешип алыўы керек еди. Басқа бийлерди шақырмады. Олардың пикири өзине мәлим сыяқлы. “Атланайық”, деген сөзди айтады, деп ойлады. Атланыўдың изи ҳәзиргиден де бетер ақыбетлерге алып бармаслығына ким кепиллик бере алады. Өзинен болды, Абусайд бийдиң ийилиўди қәлемейтуғын өжет минезин биле тура айтылған еки аўыз гәптиң нәтийжеси бундай болып турыпты. Өткен иске өкингени менен ҳеш қандай пайда таппаслығын билер еди.

Дәрҳал, тап ҳәзир Қожамярдың аўылына өзи барыўы керек. Соңынан шешимин тағы өзгертти. Өзи барса Қожамяр Қулшының алдына орынланбайтуғын шәртлерди қойып, ала жипти кесисетуғын болып қалса... Сол ушын өзи емес, исенимли еки адамды жибергени мақул. Аңғысын аңлап, тыңғысын тыңлап, соңынан өзи барса мәселени бир жақлы қылып қайтады.

Жақын жерде, үй сыртында турған Ботабайды даўыслап шақырды. Ол “ләббай” деп босағада таяр болды.

— Жаппасты шақыр. Еламанды алып келсин. Жедел келсин!

Көп өтпей, шақырылғанлар есикте көринди. Жаппас өзиниң изин басып киятырған руўлас иниси, сөзди орнына қойып айтатуғын кәтқуда адам еди. Еламан да талай сынақтан өткен, исенимли.

— Жаппас, — деди Қулшы бий тап оларды қыйын даўды шешиўге емес, қолына пул берип, базарға жоллап атырғандай жай-парахат даўыс пенен. — Болып өткен ўақыялардан жақсы хабардарсыз. Ҳәзир атланып, Қожамярға барың, алды менен бийге мениң үзиримди жеткериң, сондай-сондай, Абусайд араб бийдиң билмей зейнине тийген усайман, деп Қулшы бий қатты өкиниште, де. Қалған жағын айтып

отырмайман. Жағдайға қарай ис тутың. Өлетуғын, тирилетуғын жерди билерсиз. Ал, егленбең. Ҳәзир атланың, жолларың болсын, — деп жөнелтип жиберди.

Қулшы жиберген бийлер нәзик бир ҳалатқа дус келди. Әлбетте, маңғытлардың бийи қонақлардың не ушын келгенин билер, билмесе де дусмаллар еди. Қыпшақлар бийи маңғыттан қыз айттырыўға келмегендур, ақыры. Бирақ Қожамяр жоқ еди.

Не қыларын билмей ақыллары ҳайран болған қыпшақтың еки бийи үш қонып, Қожамяр бийди күтти. "Шақшақты көрип, тиллесейик, аманлығын билейик, елдиң сәлемин жеткерейик", деген тилеклер инабатқа алынбады. "Усы ўақыяның изи қан төгиспе менен питпесе болғаны ғой", деген гүманға барған еки бий ақыр-аяғында ҳеш бир истиң басына бас жип тағa алмай, аўылға қайтыўға мәжбүр болды.

Үлкен жолда еки бийдиң қарасы көринбей қалғанға шекем оларды биреў сыртынан бақлап турған еди.

Көп узамай Шақшақты тутқында сақлап турған аўыл шетиндеги жолым үйдиң есиги ашылды. Ишкериге кирген қураллы нөкер қолы байлаўлы Шақшақты алып шықты.

— Атқа миндир, — деп буйырды дубылғасын көзине түсирип кийген ири денели, бужыр бет адам гүрилдеген даўыс пенен. Нөкер тутқынды сүйреп әкелип, таяр турған атқа миниўге жәрдемлести. Соң бужыр бет жанындағы атлыға буйырды.

— Дизгиннен усла! Айда, кеттик.

Темир дулығалары күн нурында жалтыраған, саўыт кийип, қурал асынған төрт-бес атлы, алдында ири денели жигит баслап барар еди, сәскеде Бухара жолына түсип, ат жорттырып кете берди.

— Майлыхожа, мени қайда апарасызлар? — деди қолы байлаўлы болғаны менен аяғын зәңгиге тиреп, ерде нық отырған Шақшақ топарды баслап киятырған адамға сораўлы нәзер менен тигилип.— Жибериң мени елиме. Қандайдур бир делбе сейистиң қылған иси ушын мениң қолымды байлаўыңыз әдилликтен емес, ақыры.

— Шақшақ, — деди бужыр бет ат жылаўын тартып. — Мениң сенде адаўатым жоқ екенин жақсы билесең. Бирақ маған сениң гелленди шаўып таслаў буйырылса, екиленип отырмастан шаўып таслайман. Себеби, мен маңғытлардың нөкеримен. Сол ушын маған гүнаң жоқлығы ҳаққында айтып, сарсылғанды қой, — деди ызғарлы даўыс пенен.

Шақшақ үндемеди. Олар менен сөйлесиўдиң пайдасыз екенлигин сезди. Өзи бурыннан да топаслығы, аяў не екенин билмейтуғынлығы ушын Майлыхожаны хош көрмейтуғын еди. Ишинен: "мени шамасы Бухараға апаратыр, ол жерде қазыға апарар ма екен, не гүнам ушын",

деп ойлады. Соң: "не болса талайымнан көрермен", деген пикирге келди. Жаман ойларды санасынан қуўып, бир күн, бир мәўрит болса да өзи өскен даланың таза ҳаўасынан көкирегин толтырып симириўди, нурлы, жарқын, қуўанышлы ўақыяларды еслеўди мақсет етти.

Күн аўғанша жол жүрген атлылар жазық майданда түслениў ушын атларын иркти. Қолы байлаўлы екенлигине қарамастан Шақшақ бириншилерден болып, аттан ғарғып түсти. "Қашып кетпекши", деген пикирге барған нөкер шоршып кетип, бақырып жиберди.

— Ҳәй қаяққа?

— Кәйнененңниң қына тойына, — деди Шақшақ қуўнақлық пенен. Ат үстинде зиңирейип турғанша, түсип кәмарымды шеш.

Мурты енди тәп берип киятырған аңғаллаў нөкер аттан секирип түсип, ол жасы үлкенлердиң ҳәмирин орынлап үйренген еди, Шақшақ тутқын екенлигин, ерксизлигин есапқа алып отырмады, тутқынның белиндеги кәмарды шешиўге қол апарды.

— Тоқта, жоқарыдағыны емес, төмендегини шеш, — деди күлип. — Қашан қолым шешилип, өз ерким өзиме тийемен дегенше бийминнет хызмет қыла бересең, иним, деди меҳрибан даўыс пенен.— Қәне енди арман қарап тур, саралап алайын. Изинен қуман таярла, қол жуўдырасаң.

Бәрқулла бөктергиде жүретуғын ат жабыў жайылып, қоржынлардың баўлары шешилип, ортаға қайсы бирине шубат, қайсы бирине айран, ал қайсы бирине суў толтырылған меслер, дастурханға арпа нан менен пискен, сурланған гөш қойылды. Тутқын жерге төселген ат жабыўдың бир шетинде қолы алдынан байлаўлы, оны ҳеш ким шешип отырмады, жантайып жатты. Шөллеген, қарны аш болған еди, нан-суў сорап беглигин бузғысы келмеди. Дастурханға мирәт етилмеди.

Жас нөкердиң пайына асық жилик тийисти. Аш болған еди, дәрҳал тоңазыған етти қолына алып, аўзына апарды. Пискен еттиң ийиси иштейин ашып жиберди. Негедур бирден етти аўзына апарған қолы ҳаўада иркилип қалды. Бужыр бет жолбасшысына көз астынан қарап қойды. Бирер мәўритке екиленгени жүзиниң гә қызарып, гә бозарып қубылыўынан сезилип турар еди. Ақырында бир шешимге келди.

— Шақшақ аға, — деди жас нөкер. — Сиз тутқын болсаңыз да жасы үлкенсиз, оның үстине маңғытлардың қонағысыз. Сол ушын мына еттен меннен бурын сиз аўыз тийиң. Сарқытыңыз маған жетеди. Сизден сарқыт жедим, деп айтып жүремен. Қолымды қайтарман.

Жигит орнынан турып, еле бузылмаған асық жиликти қос қоллап Шақшаққа тутты.

— Бул сөзиң ушын қой сойып, қонақ қылған болар едим, иним, — деди көрсетилген ҳүрметтен кеўли толған тутқын. Алла аманлығын

берсе қонақ қылғаным болсын, — деп ол жиликтен тиследи. Бир-еки тислеп жегеннен кейин:— Қалғаны саған саркыт, өзиң же, деп мойын бурды. Жигит меслердиң бирин алып, тутқынға суў берди.

Бужыр бет жолбасшысы бул ўақыяларды қызығыўшылық пенен гүзетип отырды, бирақ тис жарып, ҳеш нәрсе деп, өз мүнәсибетин билдирмеди.

Кеш болып, қас қарайғанда ат шаптырып киятырған топар Бухара шәҳәрине жетип келип, атлардың жылаўын тартты.

Қожамяр бий еки көзи төрт болып, қолы байлаўлы Шақшақты ҳәм оны гүзетип киятырған атлылар топарын күтпекте ҳәм Абусайд араб бийдиң кеңеси менен бир қалтыслы иске қол урған еди.

Бир жүйрик ат себеп перзенти Төлесинниң бийўақ жазым болыўы, оның қатылының жазаланбай, өз әжели менен өлиўи тәбиятынан онша ашыўланып, қәҳәр-ғәзеп шақыра бермейтуғын жуўас бийдиң көкирегинде өшпенлилик сезимлерин оятып, улының өлимине себепши болғанлардан өш алыў отын тутандырған, ақырынлап өршиген бул отты енди, ол гүналы ма, гүнасыз ба, кимниңдур жазылыўы менен ғана өшириў нийетине келип болған еди. Бул жолға оны Абусайд бий менен Майлыхожа жүзбасы ийтермелегенин ишинен тән алса да, жеме-жемеге келгенде “мен бул исти өзим ушын, өлген перзентимниң руўхының разылығы ушын қылып атырман”, деп ойлады. Ишинен жаўынгер қыпшақлар менен ашықтан-ашық душпан болыўды да қәлемеди. Егер Шақшақты услап отыра берсе, Қулшы бий менен жаўласыўы анық. Олар атланып келип, бийдиң инисин зорлық пенен тартып алыўға урыныўы итималдан алыс емес. Қудай сақласын, жасы биразға барып қалған Қожамяр тағы бийҳуўда қан төгиспеге себепши болғысы келмейди. Сол ушын, ол Шақшақты пинҳамы түрде әмирдиң шәҳәрине алып келди. Күни ертең Қулшы бий инисиниң изинен маңғытлар аўылына келеди. Ол жерден Қожамяр менен инисин таппай, изге қайтады. Оған шекем ғарры бий өз дегенине ериседи, ол соннан дәмедар әлбетте.

Бул пайытларға келип Қулшы бий менен жақын қатнаста, сиз-биз болып келген Шахмурат әлемнен өтип, оның орнына мийрасхоры отырып еди. Оның үстине өз руўласы болған Шахмураттың алдында қыпшақ бийи Қулшының абырайының бәлентлиги, қаншелли кеңпейил болса да Қожамяр бийдиң шахсиятына тийип келген. Енди Абусайд араб айтқандай “бир оқ пенен еки қоянды атыўдың мезгил-пурсаты жеткен сыяқлы, қыпшақлар да қарап жатпас, сол ушын асығыў керек”, деп ойлады Қожамяр бий. Бухара әмири Ҳайдардың ҳүзирине усы бүгин-ақ кириўдиң жолларын қарастырып, сарайдағы жақынларын араға салды. “Қожамяр бийдиң айтажақ пинҳамы сыры бар екен”, деген сөзди қосып қойыўды жумсаған адамына зинҳарлап

тапсырды. Көп жыл бийлик еткен Қожамяр сарай ҳәм салтанат ийелериниң мейли күндиз болсын, мейли ақшам болсын, қайсы мезгилде болса да “пинҳамы сыр”ды еситиўге қуштар болатуғынын, оны еситпегенше уйқылары келмейтуғынын жақсы билер еди.

Алдын ала көринген шара өз нәтийжесин берди. Көп өтпей Қожамяр бий менен Абусайд арабты ханға шақырды.

— Сен меннен гөре сөзге шешенсең. Жағдайды өзиң түсиндирерсең, — деди Қожамяр Абусайд бийге.

— Оннан ғам жемең.

Әмир маңғыт бийлерин аспан жулдызларға толып, қоразлар дәслепки мәрте шақыра баслаған мезгилде арктиң пинҳамы өжирелериниң биринде қабыл етти.

— Сөйлең маңғытлар, адамлар уйқыға кететуғын пайытта қандай пинҳамы сыр алып келдиңлер, — деди күрсиге жайласып отырған жас әмир.

— Дәўлетиңиз асып-тассын, Мирҳайдаржан, — деп гәп баслады Қожамяр бий. Оның жасы Ҳайдардың әмир әкеси Шахмурат пенен қатар болғанлықтан өзимсинди ме, я жассынды ма “әмир” сөзине урғы берип отырмай “Мирҳайдар” деди. — Гәптиң индалласын айтатуғын болсақ ҳүзириңизге бир нәзик ис пенен келип отырмыз. Өзиңизге мәлим болған қыпшақлар бийи Қулшының инисиниң қолын байлап келдик. Мениң перзентим Төлесин менен болып өткен ўақыядан хабардарсыз, деп ойлайман. Баламның қуны қыпшақларда кетип баратыр. Ол мал менен, теңге менен өтелмейди. Сол ушын қыпшақлар бийиниң иниси Шақшақ ағасының гүнасы ушын жуўап берсин, деген ойдаман. Қалғанын Абусайд араб бий жеткерер, — деп Қожамяр араб бийге қарады.

— Ижазат берсеңиз баян қылайын, — деди араб бий әмирге тигилип.

— Айтың, бий.

— Бизиң нийетимиз, қыпшақлар бийинен маңғытлы бийдиң кегин алып берсеңиз.

— Ҳәй араб бий, — деди әмир күрсиде отырған орнынан өрре түргелип. — Мен не сизлерге қазы кәланман ба? Бул ис пенен алдын қазыға арыз қылмадыңлар ма?

— Қазы шәрият пенен анық дәлиллерге таянады, тақсыр, — деди Абусайд бий сақалын бир сыйпап. — Ал, бизде анық дәлиллер жоқ. Оның үстине қыпшақ бийдиң туўысқанын ақ үйли қылсаңыз әмирлик салтанатының қәўипсизлигин беккемлеген боласыз, тақсыр.

— Себебин айтың бий, — деди өзин қолға алған жас әмир.

— Себеби бар әмирим, — деди бий жай-парахат. — Атаңыз, рәҳметлик Шахмурат Қоқан менен аралықтағы шегараларды

беккемлемек нийетинде Сыр бойынан мың үйли, еки мың үйли қарақалпақларды көширип келмекти Қулшы бийге тапсырғанынан хабарым бар еди, иншалла. Бирақ ол жақта Қулшы бийдиң кимге не айтқанынан ўақып емеспендағы, алқысса көпшилик қарақалпақлар Сыр бойынан әмирлик шегараларына қарай емес, ал Қоқан шегараларына қарай көшип, ханның пуқаралығын тән алыпты. Жаңаберген бий баслаған бир топар қарақалпақлар Тамдыбулақ дөгерегине келипти, деген хабар бар, бирақ оны өз көзим менен көрмедим. Келгени ҳәм Қоқанға өткенлердиң үсири қурақым қусайды. Мен айттым да қойдым, тақсыр. Бул ислерге бас-қас болған Қулшы бий еди.

— Сонда Қулшы бийге исениўге болмайды, демекшисиз бе? — деди әмир. Бул гәп Абусайд араб бий айтпақшы болған, бирақ "Қулшыны жаманлады" деген насақ сөздиң тарқалып кетиўинен гүманланған бийдиң көмейинде сақланып қалған сөз еди.

— Мен ол жөнинде исенимли бир нәрсе айта алмайман-аў, деп қорқаман, — деп бий жол таслады. — Қолымда анық дәлиллер жоқ еди. Деген менен ол өзин ярым хан санап жүргенин қылған ҳәрекетлеринен аңласа болады.

— Яқшы, ол мәселени тексерип көремиз, — деди әмир.

— Тексерип анығына жеткенше, Қулшының инисин қасыңызда сақлағаныңыз зыян қылмайды, деген ойдаман, тақсыр.

— Сиз не айтасыз, Қожамяр бий? Әмир жасыуллы бийге жүзленди.

— Мениң мүддәҳәм де сол емес пе, Мирҳайдар. Шақшақтың сизиң қолыңызда сақланғаны, Қулшының қолын хәр қандай жаман нийеттен байлап турар еди.

Әмир бир қолын бир қолына урды. Бул әңгимеге шек қойылды деген ишара еди. Түн аўыр жатардан аўмақта.

Таң ата жасаўыллар келип, Шақшақты алып кетти.

Бул пайытларда Қулшы бий Қожамярға жиберген бийлер де ҳеш бир ис питкере алмай аўылға келип түскен еди. Сәске болмай Жаппас Еламанды изине ертип, бийдиң отаўына өзи кирип келди. Суўыт жүриси менен бет-әлпетинен истиң қырын кеткенин аңлаған сыншы бий қонақларды суўық қабыллады.

— Қожамяр бий биз бенен тиллесиўди де өзине рәўа көрмеди, — деп гәп баслады Жаппас. — Ақланбақшы емеспен, бирақ тиллесиўге келмеген соң оған не айтасаң? Бизге Шақшақты да көрсетпеди. Тек: "ағаңыз аман-саў, көрип қәйтесиз", деп жубатқан болды.

Маңғыт бийиниң елшилерди көрмей турып қайдадур атланып кеткенин Жаппастан еситкен Қулшы, ойланып қалды. Булар менен сөйлеспегенинде не гәп бар? Атланып қайда кеткен? Бул ҳәрекети

менен өзиниң баҳасын асырып, талапты жоқары қоймақшы ма екен? Я бул бий бир бәлени басламақшы ма?

Жигитлерге руқсат берип, отаўда жалғыз өзи қалды. Не қылмақ керек? Қожамяр бийдиң қаяққа атланғаны Қулшы бийге қараңғы. Излеп барып, қашан келемен дегенше есигин дастанып жатып алғаны мақул ма екен? Бираз ойланып бул пикирден бас тартыўға мәжбүр болды. Оған бийлик мәртебеси, ел ишиндеги абырайы жол бермес еди. Онда не қылмақ дәркар.

Мезгил түс болды. Хызметкер пискен ет пенен қымыз алып келип дастурханға қойды. Песин намазының мезгили өтип баратыр еди. Бий турып дастурханға отырмады, намаз мезгили де өтти. Басы меңзең. Не қылмақ керек? Не қылмақ керек?

Бул үш ғана сөзге ылайықлы жуўап таппақ мүшкил болды.

Намазшам мезгили өткен, ал дастурхандағы етке қол урылмаған, қымыз ишилмеген еди.

Намазлыгер де өтти. Бийдиң үстине ҳеш ким кирмеди. Әўелден хызметкер шақырылмаса кирмеў дәстүри орнатылған болып, бүгин де бийдиң ойларын бузыўға ҳеш ким жүрек ете алмады.

Қуптан болғанда бий орнынан турды. Услана-услана зерден қуйылғандай болып жарқырап турған мыс қуманды алып тысқарыға шықты. Таҳарат алып келип намазға турды. Алды бурын қаза қылған песин намазын, соңынан намазлыгер менен намазшамды ада қылып, қуптанның ташаҳҳудине келгенде аўыл қоразлары бул ақшамның биринши шақырыўын баслап жиберди.

Намаздан соң бирден турып кетпеди. Жайнамазда дизерлеп отырып, әдети бойынша “Ясин” сүресиниң изги аятларын оқып, әлемнен өтип кеткен жақынларының ҳаққына дуўа қылды. Кейин дастурхан жанына отырып, гөшли жиликти алып, жей баслады. Қәпелимде енди ғана умытыла баслаған жағымсыз ойлар уясы бузылған ҳәррелер киби “гүў” етип ядына түсти. “Иним Шақшақ ҳәзир не қылып атыр екен”. Иштейи байланып, гөшли жиликти ағаш самарға қайтарып салды. Ағаш тостағандағы қымыздан бир-еки уртлады. Бабында ашыған қымыз азғана сергеклендиргендей, қапа кеўлин көтергендей болды. Бир шешимге келе алмай, отаўдың оң жапсарындағы әдеттеги орнына жамбаслады. Жуўапсыз ойлардан талыққан санасын уйқы жаўлай баслаған еди.

Ақырында бир шешимге тоқталды. Таң ата Қожамяр бийдиң аўылына өзи атланады. Қашан келисимге келип, инисин алып қайтқанша бийдиң аўылында жатып алады.

Азанда сапарға атланыў тәтәрриги басланғанда бир суўық хабар жетип келди. Ол Шақшақтың Қожамяр бий тәрепинен Бухара әмирине алып барылғанлығы ҳаққындағы хабар еди.

Қулшы бийдиң санасында “не ушын?” деген саўал шақмақтай шағылды. Шынында да не ушын? Шахмураттың заманында, ҳәтте оннан бурынғы заманларда да қыпшақлар әмирликтиң Қоқан ханлығы тәрепинен келетуғын қәўиптиң алдын алыўға таяр туратуғын жаўынгер қәўим еди. Дурыс, әмирге наразы болып, бас көтерген пайытлары да болған, бирақ Шахмурат бий тусында ески гийнелер умытылып, қыпшақлар сәрдары менен әмир ортасында дослық мүнәсибетлер орнатылған. Әмир қыпшақлар бийине үлкен исеним билдирип, әҳмийетли жумысларды исенип тапсыратуғын дәрежеге жеткен.

Әкесиниң өлиминен кейин әмирлик тахтына отырған Әмир Ҳайдар жас еди, сол ушын дөгерегине өзи усаған жасларды топлағандур, яки биреўлер қыпшақлар жөнинде жаман гәплер тарқатты ма, қалай болғанда да соңғы ўақытлары жас әмирдиң өзи жөнинде қандай пикирде екенин Қулшы бий анық биле алмаған. Шаппаттай бала пайытынан әмирлик тахтына отырыўды әрман еткен, бахтына әкеси Аллаға аманатын тапсырып, тахтты улына мийрас етип қалдырғаны арзыўларына аңсат ғана қолын жеткерген Ҳайдардың атақлы қыпшақ бийи ҳаққында қандай ойда екенин билип алатуғын ўақыт келип жеткен еди.

Жанына Жаппас пенен Ботабайды ертип, Бухараға атланды.

Әмир ҳәр түрли сылтаўлар менен Қулшы бийди бир неше күнге шекем қабыл етпеди. Иниси Шақшақ пенен де ушырастырмады. Бухара шәҳәринде бийдиң яр-дослары көп еди. Солар арқалы Қулшы инисиниң жағдайын билди. Азық-түлик жибертти.

Әмир Қулшы бийди суўық қабыллады. Сыр бойы қарақалпақ қыпшақларының Бухара әтирапына емес, ал Қоқан тәрепке көшкенин, әмирдиң атасы рәҳметлик Шахмуратқа Қулшы бий берген ўәдесин орынламағанын бийдиң жүзине салды. Әмир жас ҳәм тәжирийбесиз, оның үстине әмирлик пуўына мәс еди, сол ушын шамасы қыпшақлар бийине, әсиресе жаўынгер қыпшақларға исенбейтуғынын, рети келсе үстилерине әскер тартып, жазалаўдан қайтпайтуғынын тәжирийбели бийге сездирип алды.

Қыпшақлар бийи әмирдиң дәлилли гәплерине жуўап ретинде ужыбатлы жуўап айта алмады. Жаңаберген бий айтқанынан шығып, Бухара менен Қоқан шегараларына жақын аймақларға төрт жүз-бес жүз шаңарақты көширип келди, бирақ Салтық бийдиң Қоқанға баслап кеткен қарақалпақларының шаңарақ саны мыңнан аслам екенин еситкен, демек еситкени рас болғаны.

Қулшы бий Сыр бойына барғанда, оның Жаңаберген бий менен сөйлесиклерин үшинши биреў тыңлап турғанынан, ол хабар Бухарадан бурын Қоқанға жетип барғанынан бийхабар еди, енди дусмаллады.

Иниси Шақшақ жөниндеги саўалларына әмир туўры жуўап бериўден бас тартып бултарды. Айтқаны: "Ҳәзир мениң қол астымда сақланады. Сондай болса ҳәр қыйлы даў-жәнжелдиң алды алынады".

Бул Қулшыға деген исенимсизликтиң тағы бир анық тымсалы болып, анығына келгенде әмир жаўынгер қәўимниң бийиниң туўысқанын гиреўде сақлаў менен өз қәўипсизлигин тәмийинлеўге умтылып атырғанын бул ҳәрекети менен сездирген еди.

Қулласы, әмир ҳүзиринен Қулшы бий қапа болып шықты. Әлбетте, әмир әтирапындағы кимдур әлле қашан өзи жөнинде болмағыр гәплерди әмирдиң қулағына сыбырлағанын бий сезген еди, оның ким екенин де абайлады, бирақ тап ҳәзир қүдирети келетуғын шара жоқ, инисин қутқарып алыў ушын илаж таба алмады. Арқа сүйеймен, Қожамяр бийдиң қылған зорлығын айтаман, деп келген Қулшы бий өзи ушын қол ушын созғандай адамлардың атын ядына түсирген менен ҳеш биринде тоқталмады, мисли жәрдем есиклери өзи ушын жабық турғандай сезинип, аўыр гүрсинди.

Бухарада көмек тилеп яр-дослардың есигин қақпастан, анық бир шешимге келмей-ақ атланған Қулшыны аўылда бир топар бийлер күтип алды. "Елдиң аўзын тыймаға елли қары бөз керек", дегендей маңғыт бийи Қожамяр менен қыпшақ бийи Қулшының арасында Торықасқа ат жаныўар себеп болып басланған жәнжел тек еки бийдиң емес, ал Бухара әтирапын жайлаған еки үлкен руўдың жәнжелине айланып үлгерген еди. Қоқан тәрепте Қарақалпақ даласын жайлаған қыпшақлардан тартып Тамдыбулақ, Аманқутан, Миянкөл дөгерегиндеги Қулшы бийдиң руўласлары да бул даўдан хабардар болды. Қулақлары түриўли еллер қандай да бир жоллар менен көзди ашып-жумғанша жетип баратуғын хабарлардан Қожамяр баслаған маңғытлар Шақшақты әмирге апарып тапсырғанынан, қыпшақларға исенимсизлик билдирген әмир оны өз жанына отырғызып, "ақ үйли" қылғанынан ўақып болды. Сол ушын да ханлықлар шегараларында көшип жүретуғын қыпшақлардың бас көтерген бийлери Артық сериниң улы Қулшы бийге жәрдем қолын созыўға таяр екенлигин билдирмек ушын бийдиң аўылына жыйналып, Қулшының өзин күтпекте еди.

Бухарадан ҳарып-талып ҳәм кеўилсиз қайтқан Қулшы отаўына түсип бир-еки күн дем алды. Түсимпаз бийлер бул пайытларда Қулшының мазасын алмады. Пурсат күтти.

Үшинши күни Қулшы бийлерди өз отаўына мирәт етти.

— Ал, Қулшыжан, кимнен не жәбир көрдиң, кимде кегиң кетип баратыр, шешилмеген қандай даўың бар, бизге айта бер, — деп гәп баслады келгенлердиң ишиндеги ең жасы үлкени, Сырдәрья бойынан бес жүз үйли қәўимлеслерин Тамдыбулақ дөгерегине бир ўақытлары Қулшы бийдиң гәпи менен көширип келген Жаңаберген бий. —

Бул жерде бәримиз ойласып шештик, ағайиннниң биреўден жәбир көргенине шыдап қарап тура алмаймыз. Өзим еки жүз атлыға бас боламан, басқалар да ким жүз атлы, кими еки жүз атлыға бас болар, Миянкөлли Жеткер батыр бес жүз атлы қосаман, деп отыр. Қожамярдың көзиниң ети өскен болса орнына келтирип қоямыз. Бул гәпке не дейсең, Қулшы?

Қулшы бий еки от ортасында қалған еди.

Әкеси Артық сери де, Қулшы бийдиң өзи де шийеленискен түйинди қылыш пенен емес, ал сөз бенен, келисим менен шешиўдиң тәрепдары еди. Дурыс, қылыштың күши менен шешилген мәселелер де болған, бирақ тап усы пурсатта Қулшы бийдиң еки қолы бирдей байлаўлы екенин мынаў жыйналған руўлас бийлер неге түсинбейди? Яки түсиниўди қәлемей ме? Иниси Шақшақ әмир қасында тутқында отырған пайытта бул, Қожамяр бий баслаған маңғытларға қалай қылыш көтере алады? Мынаў бийлер әмирдиң де маңғытлардан екенлигин умытты ма?

— Не дейсең, Қулшы бий? Қулағым сизде.

Қулшы бий не айта алар еди?

— Ағайиншилик етип, керек пайытта жәрдем бериўге таяр екенлигиңизди билдиргениңиз ушын рахмет, — деди Қулшы әлленемирде бас көтерип. — Мен өз басым, еле қылышларды қыннан суўырыўға себеп жоқ, деп ойлайман.

— Шақшақ не болады, Қулшы аға, — деди Жаппас шыдамай.

— Не болатуғын еди. Ол әмирдиң қонағы. Әмирдиң қазнасынан буйырғанын тата береди, аш қалмас, қор болмас әйтеўир. Оған шекем бизде қарап жатпаспыз, шарасын қыдырармыз.

Бул гәп Шақшақты қутқарыў жөнинде Қулшы не айтар екен? — деп қулақ түрип отырғанларға да қаратылған еди.

— Онда бизлерге не қыл дейсең? — деди Жаңаберген бий гийнели даўыс пенен.

— Қонақ асымызды жедик, қымызыңызды иштик, енди елимизге атлана берейик пе?

— Жаңаберген аға, қәўим деп, халық деп бүйириңиз бурғаны ушын сизлерден миннетдарман. Мәгар қыпшақ уранын айтып, Аллалап ат салысатуғын пайытлар да келер. Бирақ мениң иним ушын қан төгилгенин қәлемеймен. Болып өткен ислерде мениң де айыбым бар шығар, ким билсин. Қожамяр бийдиң баласы Төлесин ат жиллиси еди. Бир Торықасқадан кешкенимде бул ислер болмас па еди, және оны Алла биледи. Ережепти нәзерде тутып: “нәрестениң ықласын жыға алмадым” деп те айтпақшы еди, бирақ недендур әндийше етип айтпады, айтылмай көңлинде қалды.

Сөз кесилген еди. Қонақлар атланды.

Қулшы бийдиң шаңарағында атақлы бийлердиң сарқытын жеў әдети бар болып, қонақлар кеткен соң әсиресе балалар, келинлер бас табақтан, тететабақтан аўыз тийип, сол бийлердей, батырлардай, шешенлердей болыўы, аналар солардай азамат перзент көриўди тилер еди.

Көп өтпей, Жанымқыз сарқыт жегизиўге Ережепти ертип, үйге кирди.

Ойын баласы емес пе, әкесиниң басына түсип атырған машқалалардан бийхабар Ережеп қойдың тоқпақ жилигин алып кемире баслады.

"Ўақыялардың түс алыўы жаман, әлле қандай заманлар болады", — деп ойлады Қулшы бий ет жеў менен қумбыл болып атырған улына тигилип отырып. Ҳәр қәўим, ҳәр руў, ҳәр бий өз мәпи ушын бөри болып жортқан заманда, жаман айтпай жақсы жоқ, өзим олай-былай болып кетсем буўыны қатпаған баланың ҳалы не кешер екен. Ержетип буўыны қатса, бул да бөри болып жортар, кисиден жәбир көрип отырмас, бирақ ержеткенше бәле-мәтерден аман сақламақ керек..."

Таң атқанша толғанып шыққан бий азанда Жаппасты шақырды.

— Жаппас, — деди Қулшы бий пәс даўыс пенен. — Астыңа мықлы атлардан сайлап мин, жаныңа Бектемирди ал. Қарақалпақлардың ата мәканы— Шымбайға атлан. Ол жерде қайсы бийге, кимге баратуғыныңды анық айта алмайман. Қыпшақларды тап, бийлери менен мениң атымнан сөйлес, қыста қыслаў, жазда жайлаў болғандай қоныс сора.

— Ҳаў, — деп жиберди Жаппас таңланғанын жасыра алмай.

— Турып тысқарыны серле, Жаппас, "үй артында адам жоқ па" екен? Жаппас таңланғанын жасыра алмай үйден шығып, дөгеректи барлады. ҳеш ким көринбеди. Ишкериге қайта кирди.

— Дөгеректе ҳеш кимсе жоқ, бий аға.

— "Үй артында адам бар" деген сөз ҳәр ўақыт ядыңда турсын Жаппас, — деди бий салмақлы түрде. Бул: сөзиңди ҳәр ким есите бермесин, сырыңды ҳәркимге айта берме, дегени. — Ол жақта да мениң айтқанымды ҳәр кимге жәрия қыла берме. Тийисли адамды таўып айт.

Жаппас кеўлиндеги: "Не ушын? Көшиў ме?", деген саўалларды берип үлгермеген еди. Кеўлиндегини тилине шығарды.

— Сонда көшемиз бе? Не ушын?

— Еситиўимше, жуңғарлар Түркистанды, оннан берги жағы Сыр бойын мәканлаған қарақалпақларды шапқанда, билетуғынлар оннан берли үш әўлад алмасты, деп айтысады, көп қарақалпақ Аралдың

бойына, оннан өрлеп Шымбай дөгерегине көшип барыпты. Қарақалпақлардың ата мәканы— бизиң де ата мәканымыз болады. Бул дөгереклерди, өзиң билесең, ата-бабамыз жайлады, жаман болмады. Бирақ кешеги гәплерден кейин Бухара әтирапы бизге тар болып қалады-аў, деген гүманым бар. Сол ушын "ер басына күн туўса, етиги менен суў кешер" дегендей басымызға күн туўса бас саўғалаўға ата мәканнан өзге қай жер ылайық, деп ойлайсаң, Жаппас?

Жаппаста таяр жуўап жоқ еди. Ойланып қалды. Алды белгисизлик. Дәўқара қаяқта? Шымбай қаяқта? Үш уйқылағанда түсине кирмеген жерлер, керек десең Жаппас Қулшы бий айтқан мәканлар дүньяның арқасында ма, қубласында ма, шығысы я батысында ма, қай тәрепте жайласқанынан да бийхабар. Жолға шықса, таўып барар. "Қыдырған Кәабаны таўыпты", деп айтысады ғой.

«Еситкенлеринди ядыңа беккем түйип ал», деген даўыс Жаппастың ойларын бөлип жиберди.

Әлбетте, еситкенлерин ядта тутпаса болмас еди. Намәлим тәрептеги намәлим атлар негедур кеўилдеги сырлы туйғыларды қозғап жиберди. Қулшы бий айтқан алыстағы ата мәканды, ол жердеги қаналаслары болған қарақалпақларды, қыпшақларды көриў ҳәўеси оянды.

Қоржынларды сур ет ҳәм суўсынға толтырған еки атлы таң ала геўгимде пинҳамы атланды. Бағдары арқа таман— Арал теңизи еди. Арадан айлар өтти. Жаппас пенен Бектемир үш ай дегенде қонып-түсленип Арал бойынан айланып келди. Кеўиллери хош еди. Шымбайдың арқа бетинде отырған қыпшақ бийлери: «келсеңиз қуба-қуп, Лар өзегиниң бойынан жайлаў менен қыслаў берейик, келегөриң", деп, дуўай-дуўай сәлем айтып жиберипти.

Гүз өтип, қыс келди. Қоқан менен Бухара арасындағы кескинлик күшейип, Қоқан ханы шегараға көшип келген қарақалпақларға арқа сүйеп, бир неше аўылларды шапты. Әмир дөгерекке жасаўылларды жиберип, нөкер жыйнамақ пенен машқул болды. Қыпшақ жигитлери бириниң изинен бири атлары менен қурал-жарағын сазлап, әмир әскерине кете баслады.

Қулшы бий талай атланысларда қыпшақ жигитлерин баслап саўашқа кирген тәжирийбели жолбасшы еди. Өзине ашықтан-ашық исенимсизлик билдирген жас әмирдиң тәрепинде турып, өз қәўимлеслерине қарсы, Қоқан тәрептен атқа минип, саўашқа түсетуғынлардың көпшилиги Сыр бойынан келген қыпшақлар болатуғыны алдын ала мәлим еди, қылыш көтериўди қәлемеди.

Кеўилге түскен "көшиў" атлы ғулғула тынып турған суўға таслап жиберген кесектен дөреген толқын жайылып-жайылып көп жерди өз ишине алатуғыны сыяқлы жатса да, турса да Қулшы бийдиң

ойынан шықпас, бара-бара бул ойларға көнлигип кеткен, қыстың аяғында ата журтқа көшиў жөнинде бир қарарға келип болған еди.

Наўрыз кирместен бурынғы ай көрингенде қыс бойы жол ғамын жеген, еки жүз хожалыққа шамалас бий аўылы бир ақшамда көтерилип, жолға шықты. Соннан берли Қулшы бий баслаған көш Әмиўдәрьяның қуяр аяғына қарай, қумларды аралап, сегбир тартып келмекте.

## 9

Аўыр түслер көрип, оның үстине түн бойы кирпик илиндирмеген Бектемирди жер бетин қыздыра баслаған таңғы қуяш нурлары оятып жиберди. Бул ўақытлары Қызылқум қойнында тағы бир машақатлы түнди артына салған, көш адамлары күнделикли тиришилик ғалма-ғалына кирисип кеткен еди.

Қулман шопанның отарындағы қойлар жалпыламай қозылай баслады. Көштиң үйлери жайласқан төбешиктиң әтирапынан бир жағы қасқыр шабыўынан қәўипсинген, бир жағы қозылаған қойларды жыйнап алыўдың аңсатырақ жолын гөзлеген шопан отарды алыслатпады. Саўлықлар үсти-үстине қозылай берди, көш жақын деген менен де Қулманның балалары туўған саўлықларды қозысы менен төбешиктен қурылған қораға тасыўдан күн бойы босамады. Қулшы бий Бектемир менен ойласа отырып, дөгеректеги қақ суўлары ада болғанша бир неше күн еглениўди қарар етти. Ең жақын деген қудыққа шекем көш қонған жерден шыққан адам еки күн жол жүрип, жететуғын еди.

Соңғы кешлер басқа ақшамларға қарағанда әдеўир тыныш өтти. Бөрилер төбениң төменине жыйналып, түн бойы улып азан-қазан болғанына қарамастан көш қонысланған мәканның әтирапына жағылған отларға аса жақынлап келе бермеди, келсе де өзлерин отқа урып, малларға тасланыўға жүрек етпеди. Бәлки қум ишиндеги жанлы жаныўарлар оянып, қасқырлардың қарны тоя баслады ма, я тағы бир басқа себеплери болды ма, ким билсин, қулласы адамлардың түнги қорыққа қойылғанларынан басқасы қасқырлар қәўпинен қутылғандай болды. Бектемирдиң көзине көринген баҳайбат бөри де негедур қорқынышлы даўысы менен улығанды қойды.

Қанша машақатларға, қәўип-қәтерлерге толы болыўына қарамастан жүз жыллар, мәгар мың жыллар бойына қалғып атырған қумлар қойнында тиришилик оянған, буннан атам заманлар бурын басланған тиришилик ушын гүрес бир мәўритке де тоқтамай даўам етип атырған еди.

Бәҳәр қуяшы қыздыра баслағанын сезип, түнги салқынлар менен қыраўлардан қорқып отырмастан, әптапқа алақанын жайып ашылатуғын қум баўрайларының қызғалдақлары киби, алысқа сапар тартқан көш балалары сәске пайытында кими жолым үйлерден, кими қoслардан шығып, ойынға киристи. Қатара қонысланған үйлердиң ортасындағы ақшам көштиң малы сақланатуғын кең қумшаўыт майдан ойын базарына айналды. Бир ўақытлары Тағаберген сейис муқыятлап жонған ағаш қылышын алып, сексеўилден сындырылған бүршикли путаны ат етип минген, өзи қатарлы балалардан көре бойшаңырақ көринетуғын Ережеп те балаларға қосылған еди.

Қайыр шуўмақлап керегениң басына илип қойған дузақларын алып, қойнына салды. Тери дастурханды ашып, анасы табаға писирген арпа нанның үлкен бөлегин сындырып алды. Местиң өзинен, дөгеректен ыдыс қыдырып отырмады, қанғанша суўсын ишти. Бир шетте жатырған ешки жүнинен тоқылған қапты таўып, ишиндегилерди қумға ақтарды. Түби тесилген жез дүң, кепсери кеткен дүмше, бир-еки қақпан даңғырлап шашылды. Қайыр қақпанларды бирме-бир көзден өткерди. Ең үлкенин таңлап алып, полат серппесин еки қоллап басып көрип еди, күши жетпеди. Ол қасқыр қақпан еди.

Бала қасқыр қақпаннан өзгелерин қапқа қайтадан салып қойды. Қасқыр қақпанды тазалады, тоңмай таўып майлады, шерим етик кийген маладай аяғы менен мықлы полат серппени басып ашып, серппени бирден жиберип, шаптырып көрди. Жарамлы екенлигине исеним пайда еткеннен соң керегениң басына илип қойды. Соң дузақларын түўеллеп, төбешиктен бир өзи төменге түсти.

Сол кеткеннен қас қарайғанша изине айланбады. Қалың сексеўилликтен қоян соқпақлар таўып, дузақ қойды. Оған бираз ўақты кетти. Көп өтпей қоянның быйқылдысы еситилген тәрепке қарай асығып жуўырды. Ылақтай келетуғын сары қулақ шөл қояны дузақта тыпырлап, урынып атыр еди. Буннан бир-еки күн бурын көшип киятырған көш қонысланған әтирапқа жақын жердеги үңгирде күшиклерин қорып жатырған көкжал аўға кеткен қаншық қасқырды күте берип ,көзи төрт болған еди. Көзлерин ашқан, бирақ емшектен шықпаған күшиклердиң де ана қасқырды аңсап, үңгирдиң төринде жатып алып тынбай қаңсылаўлары көкжалдың жүрегин езип жиберди. Көш әтирапында болып өткен аласапыранлы айқасларда азық излеп жортқан ана қасқыр набыт болды ма, ашлықтан буралып, қыстан зорға шыққанлықтан ҳалдан тайып, бир жерде жығылды ма, ким билсин, қулласы азық излеп кеткен қаншық уясына қайта оралмады.

Тәбият инам еткен ҳайўаный сезим менен көкжал азық излеп кеткен ана қасқырдың қайтып келмейтуғынын аңғарды. Күшиклердиң де ҳалдан тайғанын үңгирден шығып турған сеслердиң кем-кем

ҳәлсизирек еситилиўинен сезди. Артық күтип болмайтуғын еди. Бәҳәр қуяшы батысқа қарай еңкейип кешки шапақ бийик сексеўиллердиң ушларын қызғыш рең менен бояған пайытларда көкжал орнынан турды. Ақырын басып, үңгирдиң аўзындағы сексеўилдиң түбин ығаллады. Бул усы дөгереклерге жолы түсип жортатуғын өзи теклес ҳайўанларға исленген қәўипли ескертиў, қасқыр тилин түсинетуғынларға, егер ҳәлсиз ҳәм қорғансыз күшиклерге жаманлық етсе, қатты жазаланатуғынлығына бир ишара еди.

Көп өтпей, ҳәр күн сайын жерди көбирек қыздырып атырған қуяш уясына батып, аспанда жулдызлар көринеди. Әтираптан азық табылады, бирақ оны излеў, машақатланып қолға киргизиў керек. Басы аўған таманға қарай ақырын жортып кетти. Арқа тәрептен ескен самал қасқырдың гүжирейген желкесиндеги тикирейген жүнлерин сыйпап өтти. Көкжал самалға қарсы тумсығын көтерип, көкиреги толғанша ҳаўа симирди, ҳаўада сексеўил түтининиң, постынның, тағы әлле қандай, тек қасқырдың ийис сезиў ағзалары ғана танып, ажырата алатуғын ийислер бар еди.

Қасқыр төбешиктен түсип, арқа батысқа жол алды. Ол таманда қум ишинде сегбир тартып киятырған көш қоныс басқан еди. Азанда буйдасы мойнына байланған Әрепбайдың жүкке қайым ингени төбеден төменге түсип, етекте сындырылып алына-алына сийрексип қалған сексеўиллердиң ушын шалып отлап, бирте-бирте көш жайласқан төбеден алыслап кете берди. Изге қайтпайтуғындай батыл күш пенен, бирақ былай қарағанда көзге бирден таслана коймайтуғындай әстелик пенен әлемге өз ҳүкимин өткерип атырған бәҳәр пaслы сексеўиллердиң бүршигине әлле қашан жан ендирген, бул кем-кемнен әтирапқа таралып атырған сезилер-сезилмес жағымлы ийистен билинер еди.

Ешейинде алысқа кетип қалмасын, деп түйениң аяғына шидер салынар еди. Үй жумыслары менен бәнт болып атырған Сәрбийкениң түйени төбеден түсирип, шидерлеўге пурсаты болмады, бул исти Қайырға тапсырмақшы болып, даўыслап еди, ол жуўап бермеди, болмаған соң ҳаял түйениң буйдасын мойнына орап, төменге айдап қоя берди.

Дөгеректе қәўип сезилмеди. Түйе бирте-бирте адымлап, сексеўилдиң жасыл рең топлап атырған бүршигин шалып жей отырып, көштен әдеўир алыслап кетти. Үстинде салмақ болып, қатты тартылған айылы өкпесин сығып туратуғын жез жоқ, бас жиби мойнына салынған, аяғы шидерден бос түйе емин-еркин жайылып, қарны тойды. Есине бота гези түсти ме, я бәҳәр ҳаўасы тәсир етти ме, қумларды аралап, тақырларда тайрақлап шапқысы келди. Өз-өзинен елирип, өркешлери теңселип, желип баратыр еди, тосыннан жумсақ табанлары астындағы жумсақ қумшаўыт бирден ойылып кеткендей

болды. Өзине келгенде аяқларын қыймылдата алмады, алға умтылған еди, кепленип қалған омыраўы көтерилмеди.

Жаныўар боз инген келип-келип шөл оқпанына ойылып кеткен еди.

Көкжал желип отырып, адамлар менен ийтлердиң шаўқымы еситилип турған көштиң сыртынан бир айналды. Мурнына қозылаған саўлықлардың таныс ийиси келди. Қулман шопан балалары менен қой жайып жүрген ойпаўытқа, нәзерин тигип, әдеўир бақлап турды. Шопан менен оның жәрдемшилери хәр таманда таяқларына сүйенип, сақлық пенен қойларды гүзетер еди. Хәр бириниң қасында бир-еки ийт те көринеди. Өткен сапары күппә-күндиз төрт-бес саўлықты қасқырға алдырған Қулман сақлықты асырған, қойларды ашық жерге бағып атыр, дөгеректеги қалың көринген путаларды қырағы көзлери бақлаўға алған. Қасқыр сексеўилди паналап, алдынғы аяқларына басын қойып, жатып алды. Салбыраған тилинен аққан силекей қумға тез-тез тамар еди. Ашлықтан диңкеси қурыған, алдынан не гезлессе жалмап жутқандай иштейи ашылған. Төмендеги отардан көзин алмайды. Пәтленип бес-алты секирсе отарға жетип, әдети бойынша төрт-бес саўлықты тамақлап таслар, соңынан барып, қумары басылғаннан соң ғана баўызланған саўлықлардың бирине тислерин батырар еди. Бирақ, оған жүрек ете алмайды. Пайытын аңлыў керек... Деген менен ўақыт қысқа. Шопан сақлық пенен қойларды көш орналасқан таманға айдаўға киристи. Тап усы пайытта ийтлердиң бири бөрини сезип қалып, шәўилдеп үре баслады. Оған басқалары қосылды. Бир неше ийтлер бир жерге топланған соң батылланып кетип, қасқырдың үстине топылып келди, “батырға да жан керек”, дегендей өзин сездирип қойған қасқыр панадан шығып, изге шегиниўге мәжбүр болды, тура сала қуйрығын қысып қаша бермеди, желке жүнин гүжирейтип, көзлеринен көкшил ушқын шашырап, изине қарай-қарай ақырын жортып кете берди, бир нәзер таслағанда топар ишинде өзи менен тең келип алыса алатуғын қуйрығы шолақ ала көпекти көзи шалып еди, сол ушын олар менен айқасыўға жүрек етпеди, болмаса олардың қәлегени көкжалдың хәр бири бир қарыс келетуғын қазық тислериниң зарпынан жазым болып, қасқырдың жемтиги болыўға ғана жарар ма еди, ким билсин.

Ийелеринен алыслаўға жүреклери даўамаған ийтлер топары отарға қайтты. Басы аўған таманға жортып баратырған қасқыр, адамлар шаў-қымы тынбай еситилип турған көштен алыслап кетти. Бағдары намәлим еди. Қайда барады, алдында не күтип турыпты? Жортып баратыр. Қас қарайып, аспанда дәслепки жулдызлар көрине баслады. Бир нәрсе көзге шалынғандай болды. Қасқыр қалша тоқтады.

Қулақлары тикирейип кетти. Қандайдур таныс ийислер мурнына “гүп” етип урылды.

Қумшаўыт тегисликте түйе шөгип жатыр еди.

Қулшы бийдиң отарлары, қара малы менен жылқысының дөгерегинде жүрген Әрепбай кеш түсе баслаған пайытта төбешик басында тигилген жолым үйине қайтты. Ертерек бир нәрсе жеп алып, малларды жайғастырып, түнги қорықшылықтың тәтәрригине кириспекши еди. Ойлағаны болмады. Қазанның дөгерегинде жүрген Сәрбийке:

— Әрепбай, төменде боз ингенимиз көзиңе түспеди ме? — деди белдеўге ат байлап атырғанда.

— Яқ, көзиме түспеди. Шидерлеппе единң?

— Яқ. Төменге түсирип шидер салыўға қолым босамады.

— Ўақ, — деди Әрепбай жамбасына бир урып. — Онда түйең Ақсуўатқа барып жетти десеңши!

— Қой, өйтип қапылдырмашы, қаяққа кеткенди дейсең, жүрген шығар. Дөгеректиң барлығы толған мал болса, қорадан алыслап кетпес. Бул сөзди айтарын айтса да: “егер түйе Ақсуўатқа кетсе жүкти неге артамыз?”, деген ой қыялына сап ете қалды.

— Мейли, асыңды таярлай бер. Мен ингенди қыдырып таўып келейин. Айтпашақ, “қара балаң” қаяқта.

— Сениң “қара балаң ғой” — деп күлди Сәрбийке. — Жүрген шығар усы әтирапта. Азаннан берли көзиме түспеди.

— Дузаққа кетти ме екен? Усы бала дузаққа дым ғана жаман үйренди-аў, дөгерек-әтирап болса толған қасқыр, — деп тоңқылданды Әрепбай атын белдеўден шешип атырып. “Қорада қозысы жамырағанның, үйдеги қатығы төгиледи” демекши боз инген шидерленбесе, оны бағатуғын балаң дузаққа кеткен болып шығады.

— Келип қалар, қасқырды айтып жүрегимди суўлата бермеши ағасы, — деди Сәрбийке. Даўысынан ҳүрейленгени сезилип турар еди.

— Қай тәрепке жайылып еди?

— Мына тәрепке, — деп Сәрбийке арқа таманды силтеди. Алысқа кетпеген шығар-аў.

Ҳаялының арқайынлығына өкпеледи ме, Әрепбай үндемеди. Атын жетелеп төбениң арқа тәрепинен пәске түсти. Көп өтпей түйениң қумдағы изи көринди. Ушлары шалып желинген сексеўиллер көзге тасланды. Аспанда жулдызлар көрине баслады. Еле әтирапты қараңғылық қаплап үлгермеген, батып кеткен қуяштың соңғы нурларында қумшаўыт жерде жалпайып атырған түйе излерин айырыўға болатуғын еди. Изди қуўалап, аўылдан бир ат шаптырымға узақлап кеткенин де билмей қалды. Қумдағы излер де көринбейтуғын

болған еди. “Енди излеў пайдасыз, түйе әдеўир узап кеткен көринеди”, деп ойлады Әрепбай. “Изге қайтыў керек”. Атты иркип атырып, тағы ойланды: “Еле Шымбайға жеткенше алдымызда қаншелли жол жатыр. Күнге жарайтуғын сол түйе емес пе? Егер дүзде қалса әлбетте қасқырға жем болады. Соңынан Сәрбийкениң жолым үйин атқа артамыз ба? Бәлки жүз адым алдымда сексеўилдиң басын шалып турған шығар, жаныўар”. Атын тебинип, алға илгерилей берди. Расында да, алдында бир нәрсе қараўытып көринди. Көк сүңгиниң темир сабын қаттырақ қысып қойды, бағана “дәртке жарап жүрер, жарақлыға жаў жолықпайды”, деп бир-еки күн бурын қасқырды шанышқан найзасын алып шығып еди, атын тебинди, ат негедур бир орында иркилип қалды, алға қарай адымлаўды қәлемес еди. Алдында болса, жигирмалаған адым жерде қараўытып түйе шөгип жатар еди. “Боз инген жаныўар ғой”, деп ойлады, қарнын тойдырып болып, қула дүзде шөгип жатырғанына қара. Шуў, жаныўар”. Бир орында турып алған ат қыстаўларға қарамастан алға қарай адым атыўды қәлемес, оның орнына пысқырып, жер тарпып, сетем алып оқыранды. “Түйеден де буншелли үркер болар ма”. Аттан түсти, узын арқанның ушын беккем услап, екинши қолындағы найзаны төбесине көтерип, жулдызлардың емески жарығында жылт-жылт етип турған өткир ушын қарайып турған мақлуққа қаратып алға қәдем таслады. Дийдиленген жерге үш қәдем, бәлки төрт қәдем қалған еди. Қәпелимде “шөгип отырған түйе” деп ойлаған мақлуқ өзине қарсы ҳүжимге өтти, көк-көмбек жалын шашқан еки көз жалт етип тигилгенде жүреги суў ете қалды. “Қасқыр”, деп ойлады жылдырым тезлигинде. Аттың жибин жибере берип, найзаны еки қоллап гезенди. Көз илеспес тезликте алға тасланған қасқырдың қазық тислери Әрепбайдың мойнына “ғарш” етип қадалды, түнги жолаўшының көкирегине урылған қуўатлы пәнжениң тырнақлары жүн шекпенди қақ айырып жиберди. “Қасқыр” деп ойлады Әрепбай жығылып баратырып. “Әттең боз инген, боз инген қасқырға жем болатуғын болды...” Соң аспандағы жулдызлар бирим-бирим сөнип, тас түнекке Әрепбайдың өзи де сиңип кетти. Найза бөриниң жүрегине шаншылмаған, ал еки қабырғаның арасын тесип өтип, көк етке қадалған еди. Душпанының денеси босасып кеткенин сезген қасқыр, қарысып қалған жағын жаздырып, бүйирине шаншылған найза зарпынан қаңсылап жиберди, соң денеси қақпанның полат серппесиндей изге серпилген пайытта жансыз қолларда сиресип қалған найзаның полат тыйығы қасқырдың бүйиринен суўырылып кетип, орнынан қан бурқ ете қалды. Бүйирин жалай берип, бир орында шыргүбелек айланды. Азғанадан соң тынышын алып зырқыраған аўырыўға қарамастан ишек-қарны

ақтарылып қалған, денеси суўып үлгерген түйениң өркешине аўыз салып, бир пәрше етти териси менен қосып жулып алып, жалмап жутып жиберди.

Қасқыр ийесине тасланған пайытта үркип кеткен ат, алды-артына қарамай, шылбырын сүйретип ала жөнелди.

...Қас қарайғанда отардан жемтик ала алмасын аңлаған ҳәм өзин сездирип қойған көкжал қула дүзде оқпанға ойылып кеткен түйеге дус келген еди.

Бәҳәрги нөсер жамғырлар қумшаўыт төбелерден төмен қарай сарқылып, әдетте киши-киши тармақларды, олардың бир нешеўи қосылып бир заматта қумлар арасында сарқырап аққан кишигирим өзекти пайда етеди. Өзек суўлары шуқыр жерлерди толтырып, қақ суўларын жыйнайды. Тасқын өзек базда қумшаўыт жерлерде қум тышқанлары қазып қойған инлерди кеңейтип жиберип, жер астында геўеклерди жүзеге келтиреди. Бундай суў жолында қазылған геўеклерди қарақалпақлар “оқпан” деп атайды. Әрепбайдың боз ингени жаныўар қумлар қойнында көзге көринбей, жасырынып атырған оқпанлардың бирине тап болған көринеди.

Алдынан шыққан бундай олжаны аш қасқыр қолдан шығарар ма еди? Қыймылдаўға имканияты қалмаған боз ингенниң ең ҳәлсиз жери болған алқымына өткир тислер қадалғанда, бир сес шығарып үлгерди, болғаны. Гүре тамырдан шарылдап аққан ыссы қан шөплерди қызылға бояды. Бүгин тек ғана боз ингенниң емес, ал оның ийеси Әрепбайдың да әжели жетти ме, арадан бир кесе айран ишим ўақыт өтер-өтпестен ол да найзасын гезенип жайрап атырған түйе жанында пайда болды ҳәм аянышлы өлим тапты.

Ат жаныўар сол сетем алған пәти менен иркилмей адам даўыслары еситилип турған көш таманға қарай шапты. Сүйретилип киятырған қыл шылбыр бир-еки сексеўилге оралып еди, сексеўил түбиринен омырылып әдеўир жерге шекем сүйретилип келе берди, ақырында бир томарға илинди, бирақ аттың күшли тегеўринине шыдам бермеген қыл шылбыр шорта үзилип, түбир жанында жыландай ийретилип қала берди.

Дөнен ат сол пәти менен туўры Әрепбайдың жолым үйиниң белдеўине, өзиниң байланып үйренген жерине келип иркилди. Аттың дүбирлисин еситкен Сәрбийке үйден шықты. Ат белдеўде турар, бирақ жанында Әрепбай көринбес еди.

— Әрепбай, — деп даўыслады ҳаял. Даўысқа жуўап қайтарған ҳеш ким болмады.

— Әрепбай? Тағы да үнсизлик.

Ҳеш қандай жаман қыялдың басына барып үлгермеген ҳаял атты белдеўге байламақшы болып, шуўмақланған қыл шылбыр илдириўли

туратуғын ердиң басына қол салып еди, шылбыр орнында жоқ болып шықты. Сонда барып кеўлине гүман келди. “Аттың шылбыры қайда?” Ноқтаны барлап еди, шылбырдың бир қулаштай бөлеги қолына илинди. “Үзилипти. Неге үзилген? Әрепбай қайда?”.

Анасының гүбирленип жүргенинен, әкесиниң даўысының еситилмегенинен сетем алған Қайыр шықты.

— Апа, ағам келди ме?

— Яқ, келмеди. Аты келди. Боз ингенди излеп кеткенин айтып едим ғой. Өзи де, инген де көринбейди.

— Ҳаў! Ат үркип, жығып кетти ме екен?

— Қәйдем?

Ана-баланың ҳүрейли даўысларын еситкен жақын қоңсылар жыйналып қалды. Бектемир де келди.

— Қай таманға кетип еди?

Ҳаял түсиндирди.

— Ат бир нәрседен қатты сетем алған, — деди Бектемир аттың омыраўына қолын салып көрип, — қалтырап, өзин баса алмай атыр. Мәгар қасқырдан... — Өзгелерди ҳүрейлендирмейин деди ме, сөзиниң ақырын айтпады. — Мүмкин түйесин таўып, соған мингенде ат бир нәрседен, сағалдан ба, порсықтан ба үрккен шығар. Бул сөзлерине қанша исенгиси келсе де өзин-өзи исендире алмас еди. “Қалайынша? Аттан түспей, түйени жетекке алса болмас па еди?”.

Бираз ойласықтан кейин Әрепбайды излеўге келисти. Бектемирдиң басшылығында Қулман шопанның еки баласы менен тағы үш-төрт жигит қолларына жанған шом көтерип төбешиктиң арқа тәрепинен төменге түсти. Қайыр да олар менен бармақшы еди, үлкенлер: “еле жассаң”, деп ертпеди. “Жас болғанда не болыпты, мениң Қулман шопанның пәскелтек балаларынан қай жерим кем?”, деп ойлады Қайыр узап баратырғанлардың қолларындағы шомларын тамашалап турып. Жаман ойларды қыялына келтирмеди. Астында аты, қолында найзасы бар адам неден сескенер еди. Күни кеше емес пе еди көкжал қасқырды шаншып алғаны. Әне, терисин дузлап қойыпты.

Әрепбайды излеўге атланғанлар қораздың дәслепки шақырымында қуры қол қайтып келди. Ай еле көтерилмеген, әтирап бийтаныс, Әрепбай түйени қыдырып қай таманға жүргени белгисиз, оның үстине қараңғы түнде қум баўрайын гезгенлердиң жолларын жақтыртып, мәдет берген, төбелерине көтерген шомлары бириниң изинен бири сөнип, ақырында жоғалған қәўимлесин излеўге шыққанларды изге қайтыўға мәжбүр етти.

Қайырдың дузақ пенен услаған қоянының ети салынған қара шәўгим ошақтан түсирилмеди, астындағы отқа отын тасланбады, қақпағы ашылмады. Ана менен бала, оларға ес болған бир-еки ҳаяллар

менен балалар, әсиресе Сәрбийке менен Қайыр Әрепбайды күтер, бир нәрсе тысыр етсе: “келип қалмады ма?”, деп алаңлар, писип шамаласқан қоян етин жеўди қыялларына да келтирмес еди.

Келгенлер: “Түн қараңғы, жол жоқ, Әрепбай, Әрепбай деп шақырдық, ҳеш ким жуўап бермеди, бәлки бағдардан адасқан шығар, ҳеш гәп болмас, астында түйеси, қолында жарағы бар ғой. Таңға шекем келип қалар”, деп тарқасты. Әтираптың бийтаныс дала, онда қасқырлар гезип жүргенин ҳеш ким тилине баспады. Оны айтқаннан не пайда? “Жақсы нийет— ярым ырыс” дегендей, азанға шекем келип қалар, деп ҳәммени үмитлендирген абзал емес пе?

Қайыр аўқат жемей-ақ, жатырған жеринде уйқылап қалды. Жалғыз қалған соң изли-изинен улыған қасқырлардың ҳүрейли сеслерине қулақ түрген Сәрбийкениң таң ағарғанша көзи илинбеди. Әтирапына жақты түсип, жолым үйлердиң түңлигинен бәҳәр қуяшының дәслепки нурлары урланып сығалағанда: “Таң атты, енди уйқыламайын, Әрепбай келип қалар” деген ой менен оң қолын басына дастанып, шаңараққа тигилип жатырған Сәрбийке уйқы қушағына ерксиз сиңип кеткенин билмей қалды. Түсинде Әрепбай кирип келипти, үстинде қуяш нурынан тигилген сыяқлы көз қамастыратуғын аппақ кийим бар екен. “Таң атты ғой, турмайсызлар ма?”, деген даўысынан оянып кетти. Көзин ашса қуяш нуры шаңарақты қаплап алған. Оңы, түси екенин айыра алмай бираз жатты. Әрепбай қайтып шықты ма? Түсим емес, жаңа ғана көрдим ғой. Үстиндеги не, сонда. Ериниң аппақ кийим кийгени ядына түскенде, жүреги силкип кетти. Орнынан асығып турып, тысқарыға шықты.

Қуяш көтерилер-көтерилмес пайыт Әрепбайды излеўге шыққанларға буўрылды минген Қайыр да илести.

Атлылар из қуўып отырып, қумда излер сайрам-сайрам болып жатар, оны түнги қыдырғанлар әлбетте көре алмас еди, көш қонысланған төбеден алыс емес жерден Әрепбайды тапты.

— Баланы әкетиңлер, — деди Бектемир жанындағыларға, — кимдур, буўрылдың жылаўынан тутып көш таманға жүре берди.

Көштен шетирек жерде оқпанда жығылып, қасқырға жем болған боз ингеннен белги болып, сүйеклер ғана қалған еди.

Көп өтпей төбешиктиң басында пайда болған қәбир адамға туўылғаннан жолдас болатуғын әжелдиң ақыры бир себебин таўып оны алып тынатуғынын дәлиллемекши болғандай қарайып турар еди.

Жаназа тарқағаннан соң, ертеңине көш бул қутсыз мәканнан қозғалыўға асықты. Сәрбийке менен Қайыр көз жасларын сыпырып жүрип, көште кимнендур сорап алынған сур ешекке үйди артты. Енди олардың шаңарағының тирепбердиси қулаған— бири жетим ул, бири жесир ҳаял еди.

Сәрбийке ешектиң жибин услады. Қайыр көликке жайғаспаған, қоржынға салынған буйымларды ийнине қағып салып, қумда шаншыўлы турған, Әрепбайға көп жолдас болған найзаға қарады. Ийленген териден өрилген, саптың ақырына бекитилген баўына негедур қан тамбаған, басқа жеринде қан дақлары қатып қалған. "Қасқырдың қаны", деп ойлады еле жасы он беске толмаса да дуғыжым денеси жигирма жасар жигитти еслететуғын Қайырбай. Азғана егленди, соң найзаны қумнан суўырып алып, ешек жетелеген анасының изинен асықты.

Бәҳәр күнлери кем-кем узарып ҳәм қызып баратыр еди. Қәпелимде батыс тәрептен, мәгар алыс теңизлер үстинен көтерилген қап-қара ҳәм аўыр бултлар аспанды толтырды. Алды бурын бир-еки мәрте шағылған шақмақ бултларды алмас қылыш киби бөлип таслағандай туйылды. Соңынан сондай етип көк гүркиреди, аяқ асты қақ жарылып кеткендей болды. Ешектиң бас жибинен тартып киятырған жесир ҳаялдың қорқып кеткени солғын тартқан қызыл шырайлы жүзинен билинди. Жүзи жуўған шүберектей ағарып кеткен еди. Кетип баратырып ядына түскен кәлиймасын қайтарды.

Күтилмегенде, булт киятырған тәрептен күшли самал есип, сексеўиллердиң бүршиклеринде муңлы даўыс пенен ыңылдады, жерден көтерилген қум көзди аштырмай әтирапты қаплап алды. Самал тәрепке жүзин қаратқан адамның дем алыўы қыйын еди.

Көкте жарқ еткен шақмақтан кейин, көп өтпей жаўын қуйып жиберди дейсең, аспаннан сан мыңлаған жез дүңлер менен тери меслердиң тығынларын бирден алып жибергендей болды. Жол жүрип киятырған көш иркилиўге мәжбүр еди. Анасы менен көштиң изинде киятырған Қайыр атлар менен ешеклер қулақлары салбырап бир орында турып қалғанын, ал олардың дөгерегиндеги адамлар болса көпшилигиниң қолларында ҳеш нәрсе болмаса да, қоллары менен басларын жамғырдан қорғамақшы болып атырғанын, әсиресе биреўдиң қолындағы сексеўилден сындырып алынған шыбықты жалаў киби төбесине көтерип турғанын көрип, күлкиси қыстады. Ақыры ол шыбық аспаннан тамып атырған мың-мың, және мың тамшылардың мәгар бирде-биреўин ирке алмас еди-дә! Көш пенен киятырған қойлар бир жерге уйлығысып, нөсерге жаўырынларын қаратып алған. Мәгар адамларды қәпелимде албыратып таслаған бәҳәр нөсери жағып атырғандур, ким билсин.

Нөсер күтилмегенде қалай басланған болса, тап солай күтилмегенде пышақ кескендей тыйылды. "Болғаны ма?", деген қыял менен адамлар көкке тигилди. Қызылқум баўрайын сел-сел еткен бултлар шығысқа көшип барар еди. Бәлентликлерден төмен қарай аққан суўлардың ҳәм енди алысларда пөстегин қағып атырған гүлдирмама сестинен

өзге сес еситилмес, әлем қандай да бир тилсимли ўақыядан соң өзине келе алмай атырған сыяқлы, шөл қойнында жаңадан пайда болған сайлардың жағымлы шаўқымы көп ўақытларға шекем тынбады.

Сәрбийке жаўын суўы сиңип, аўырлап қалған түбит орамалын басынан алып сықты. Адамлар да кимиси үстиндеги шекпенин, кимдур басындағы телпегин алып, қағып-силкип кийип атыр. Қайыр найзасын қумға шаншты. Суўы сорғалап турған келте тонын шешип қумға таслады. Найзадағы қан дақларына көзи түсти. Дәрҳал найзаны алып ығал қум менен ысқылай баслады. Қаннан тазарған сүңгини қайта шаншып, оған суў болған тонын кепсин деп илдирди. Негедур әкеси Әрепбай ядына түсти. “Кегин аламан”, деп сыбырланды бала. “Кегин аламан!”, Кимнен алмақшы әкесиниң кегин?

Бул пайытлары жаралы қасқыр, боз инген жығылған оқпанның дөгерегин айланшықлап жүрер еди.

Көп егленбей, жолын даўам еттирген көш қас қараймай-ақ қолайлы жерге иркилип, ҳаяллар менен балалар қосларын тигиў ушын қурғағырақ орын таңлап, орналаса баслады. Әдеттегидей мал-ҳалды ортаға алып қоныс басыўға тапсырма болған еди.

Ертеңине күн ашық, бәҳәр қуяшы жадырап турды. Қайыр сәске пайытта әкеси Әрепбайдан мийрас қалған буўрыл атқа минди. Темир найзаны ерге кесе таслады. Полат серппели қасқыр қақпанды алыўды да умытпады. Муңлы көзлериндеги жасты жаўлығының ушы менен сыпырып, Қайырдың ҳәрекетлерин бақлап турған ана баласына тис жарып ҳеш нәрсе демеди. Улының әке орнын басқандай азамат болып қалғанына бир жағынан сүйинсе, бир таманынан көкирегинде: “Бул бала қайда атланды? Қәпелимде бирер қәўипке гезлеспесе болар еди”, деген гүман бас көтерген, бирақ ҳәрекетлеринен сезилип турғанындай баласының өз күши менен уқыбына болған исенимин аңғарған ана “Қайда барасаң, балам?”, деген сораўды бермей, иркилип қалды.

Епкинли желген ат тез арада Қайырды күни кеше боз инген менен Әрепбай жазым болған жерге жеткерди. Болып өткен нөсер жамғыр қанлы излерди жуўып жиберген, ҳәр жер, ҳәр жерде мүжилген сүйеклер шашылып жатар еди. Қасқырдың жарасы аўыр яки жеңил екенин билмесе де найзаға қатып қалған, өзи қум менен ысқылап кетирген қан дақларына қарап бала бөриниң жараланғанын шамалады. “Жараланған екен, жемтик ушын бул жерге бир айланып соғады”, деген пикир тыным бермеди.

Аттан түспей, дөгеректи көзден өткерип, қумнан из қыдырды. Қумда тарбыйып-тарбыйып атырған излер бул дөгеректен жемтик излеген бир неше жабайы аңлардың өткенинен дәрек берер еди. “Усы излердиң бири мениң қандарымның изи болыўы итимал”, деп ойлады

ол излерге тигилип. Атты айдап дөгеректи айланып, путалардың түплерине көз салып шықты. Из ийелеринен ҳеш бири көзге түспеди.

Аттан түсип, шылбырын белине байлады. Соң әдеттегисинше кисенинен дузақларды алып қоя баслады.

Қайыр асықпады. Шөплердиң басын шалып отлап турған атына қарап күн аўғанша иркилди. Соңынан дузақларын жыйнап дузаққа илинген қоянларды ҳадаллап, бөктергидеги қоржынға салды. Соңынан қақпанды алып, бир гез келетуғын шынжырға бекитилген темир қазықты қумшаўытқа қақты. Қақпанның полат серппесин аяғы менен басып турып, тилсимли тетигин орнына келтирди. Ортасына үйден әдейи алып шыққан гөшли сүйекти таслады. Соңынан қум менен себезги етип көмди. Сексеўилди омырып алып, сүйретип жүрип, излерди өширди. Бул ҳәрекетлерди питкерип, атқа мингенде ашық аспанда дәслепки жулдызлар жымыңлай баслаған еди.

Таң атып, көш адамлары өз машқалалары менен бәнт болып атырғанда буўрыл атқа минген бала, оның изине ерген қулағы менен қуйрығы кесилген ийттиң қай таманға кетип баратырғаны менен ҳеш ким қызықсына қоймады.

Алыста гә көтерилип, гә төмен сарқып ушқан ғарғалар көринди. Бала атты сол таманға бурды. Кеше кешқурын қақпан қурып кеткен әтирапқа жақынлағанда қуслардың сол дөгеректе шарқ урып ушып атырғанын билди. Алыстан бир нүкте қараўытып көринди. Қайырдың жүреги дүрсилдеп кетти. “Түсипти”.

Алдынғы аяғынан қақпанға илинген қасқыр бар күши менен полат қақпан тутқынынан қутылыўға урынар, ҳәр таманға жан ҳалатта тасланар, бирақ темир шынжырды үзиўге, тереңге қағылған қазықты қопарыўға қуўаты жетпес еди. “Сол ма екен? Бәлким солай шығар, жарадар болыўы керек. Азықтан дәме етип, айланып соққан”.

Қақпанда жулқынып атырған қасқырға оқ жетер жер қалғанда иркилди. Буўрыл да алға жүриўди қәлемес еди. Аса жақынлай бериў қәўипли. Ийт болса өзине ес болатуғын ийесиниң еле де алға қарай жүриўин қәлеп, тисин ақшыйтып, желке жүни тикирейип, “арс-арс” еттирип үрип, жер тырнап әўереленди. Ата теги бир, бирақ келте ақылы жете бермейтуғын қандай да бир себеплер менен қандар душпанларға айланған ийт пенен қасқыр өмир яки өлим ушын алысыўды қәлер, бул жолдан олардың бирин темир шынжыр менен полат қақпан ирксе, екиншисин ийеси, буўрыл атлы бала иркип турар еди.

Қайыр ат үстинде бираз ўақытқа шекем қасқырдың жан ҳалатта қутылыўға урыныўларын бақлады. Әкесин жазым еткен жыртқыштың, бәлки солдур, бәлки басқадур, оған анық исеним ҳәм дәлил жоқ еди, көзлерине бир мәрте тигилмекши болды, деген менен қақпаннан

қутылыў ушын жанталасып атырған жыртқыштың нәзери менен нәзери дус келмеди. “Не қылыў керек?” деген қыял менен тағы да егленди. Атты айдап барып найза менен шаншыўды ойлады, бирақ ат турған орнынан “тырп” етиўди қәлемес, керисинше тайсалып, изге қайтыў жолын излер еди. Ийтке “бәс” десе тасланыўы мүмкин, онда да қасқыр ма, ийт пе қайсысының үстем келетуғыны бир Аллаға ғана аян. Набада жазым болса-ше?

Ақырында атын изге бурып, көш таманға жол алды. Әри-бери қум шашып, үргенине ийеси қайрылып қарамағаннан кейин ийт те қаңсылап-қаңсылап, аттың изинен жортып отырыўға мәжбүр болды.

Қой жайып жүрген Қулман шопанның балалары ҳалдан тайған қақпандағы қасқырдың үстинен шығып, ийтлерди жиберип, ақырында урып алды. Ҳалдан тайғанына қарамастан көкжал дастығын алып өлди — бир ийтты жазым етти.

Қулманның балалары танымалы қасқыр қақпанды әкелип ийесине тапсырғанда, өлген қасқырдың териси жөнинде гәп етип отырмады, тек берген сораўы:

— Қасқыр жараланған ба екен?— болды.

— Аўа, — деп жуўап берди қақпан әкелгенлер. — Жарадар екен, қабырға тусынан өткир тыйық урылған, найза болса керек.

“Сол”, — деп ойлады Қайыр. — “Найзадағы қан қасқырдың қаны еди”.

...Нөсер жаўынлардан кейин Қызылқум иши тез өзгерди. Үш-төрт күнниң ишинде сексеўил бүршиклери жасыл түс алды. Жуўсанлар хош ийис таратып, төбешиклер алыстан қараған көзге жасыл гилем яңлы болып көринер еди.

Қозылап атырған қойлардың жағдайына бола көш көшип-қонып ақырын жылжып келе берди. Күнлер узарған сайын қуяш нуры молайып, қыстың қар ызғары ҳәм бәҳәрги жамғырлар менен қумлар арасы шетсиз-шексиз жайлаўға айланды. Бирақ жаздың жақынлаўы менен бирге суўсызлық қәўпи де бастырып келер еди. Ата журтқа асығып киятырғанларды: «Малымыз бенен өзимиз шөлиркеп қалмаймыз ба?», деген гүманлар айланшықлай баслағанына бираз болды.

— Алдымыздағы қудықларға бағдаралмасақ көп өтпей шөлден қыйналып қалмас па екенбиз? — деп гүманын билдирди Бектемир Қулшыға.

— Айтқаның дурыс. Ендиги жағында қудықлар менен көллерди сағалаймыз. Алдымызда Қоңырдың қудығы бар. Оннан ары еки-үш күн жол бассақ, Ақшадәрьяға шығамыз, иншалла.

Көп узамай қойлар қозылап болды. Бирақ, жас төллердиң биразы еле күн бойы өристе алға илгерилеўге жарамайтуғын еди. Көш ҳәр күни бир мезгил жылжып қонысланып бара берди.

Бир-еки ҳәптелеп аспаннан шық тамбады. Қақ суўлары да ада болды. Бектемир ҳәммени қыстап, көшти ҳәр күни күн батқанша тындырмады. Адамлар да, олардың маллары да шөлиркей баслаған еди.

— Қудыққа шекем еле алыс па? — деп сорар еди адамлар Бектемирден.

— Шама менен бир мезгиллик жол қалды. Қудық бийик қум төбешиктиң етегинде қусайды. Қулшы бий Ботабай менен илгери кеткен. Олар бизди қудық басында күтип алса керек.

Қып-қызыл болып, батып баратырған қуяштан қоллары менен көзлерин паналаған адамлардың нәзери алысларға тигилип, бәлент қум төбешикти қыдырады. Төбешик болса қырсығына көринбейди.

Ақырында, қас қарайғанда бәлент төбешиктиң үстинде турған атлының қарасы көринди. “Қулшы бий қудықты таўыпты, төбеде турған Ботабай болса керек”, деп ойлады, Бектемир. Бирақ енди үстинде атлының сүлдери көринип турған қум төбешик жеткермес еди.

Көштиң алды қудыққа жеткенде қуяш батып, шығыста шолпан жулдызы көринген еди. Жулдызға көзи түскен Бектемир бир нәрселерди гүбирленди. Атының басын иркип, егленди, соң тебинип кете берди.

Ушына ағаш шелек байланып қудыққа таслаған он қулашлық қыл арқанның ақырғы шуўмағы жаздырылғанға шекем қудықтан сес шықпады. Соңғы шуўмақ жаздырылғанда барып сес еситилди, ол әдеттегидей ағаш шелектиң түбиниң суўға урылғанда шығатуғын “шалп” еткен сести емес еди. Демек қудықта суў жоқ, ол кеўип қалған.

Қоңырдың қудығына жетиўге асығып, ентелеп киятырған көш адамлары қолынан ғарбызы түсип кеткендей ҳалатта еди. Бир-еки күннен берли қанып суў ишпей, меслер менен дүңлердеги, барлық ыдыслардағы суўларды үнемлеп киятырған адамлар кешқурын қудыққа жетемиз ғой, деген үмит пенен сарыплап жиберген, енди айырымларда ғана болмаса көпшиликте тамақ жибиткендей бир тамшы да суў қалмаған. Не ислеў керек? Адамлар бийдиң көши дөгерегине жыйналып қалды.

— Исенип киятырған қудығымыз кеўип қалған. Адамлар менен малларымыз шөллеген. Әсиресе, балаларымызға қыйын болды. Не қылайық, буйыр бизге. Белимизге арқан байлап қудыққа түс десең, оны да қылайық.

Қулшы бий жүзин көрмесе де даўыстың ийесин таныды. Ол Елқара жүзбасының даўысы еди.

— Елқара, — деди Қулшы бий бәлент даўыс пенен. — Дурыс, қудықта суў жоқ, кеўип қалыпты. Көштиң бәри— адамы да, малы да шөллеген. Бул да бизге Алланың берген бир сынағыдур. Сол ушын ийнимизди түсирмейик. Азанда бир илажын қыламыз.

— Бектемир, — деп даўыслады бий тағы да. — Бизиң үйде қанша суў болса ҳәзир бәрин бөлистир. Халайық! Кимде қанша суў болса Бектемирге әкелиң. "Көп түкирсе көл болады", деген. Ҳәзир ҳәмме шөлиркеген. Малды қойып турыңлар. Алды менен балалар ишсин. Суў ҳәммеге жеткенше тең бөлистирилсин.

Ортаға от жағылды. Алды бурын Қулшы бийдиң үйиниң суўы бар месслери менен дүңлер алып келинди. Соңынан адамлар да қарап қалмады, кими ярым мес, ким бир уртлам дегендей қолларында барын ортаға қойды. Шәңгил услаған Бектемир суў бөлистире баслады. Балаларға бир шәңгилден суў толық жетти де, ал ересеклердиң биразына тийиспей қалды.

Таңды бир әмеллеп атырған көш әтирапына жарық түсиўден тик аяққа турған еди. Әсиресе Таңжарбай ҳәммеден бурын турды. Көш жүгин түсирип, малын ирккен жердиң дөгерегин дыққат пенен көзден кеширди. Ҳәзир суўы тартылып қалған, дөгерегине көш қонысланған Қоңырдың қудығы бәлент қум төбениң етегинде, пәсте жайласқан еди. "Қудық не ушын тартылды, бала?", деп ойлады келте бойлы, сақалы ағарып қалғанына қарамастан ҳәрекети шапшаң киси суўсыз қудыққа еңкейип атырып. "Жер астындағы суў көзлери басқа бағдарға аўысқан болса итимал".

Таңжарбай ата-бабасынан берли қудық қазыў менен айланысып киятырған қудықшылар әўладынан еди. Ағып турған дәрьялардан алыста да жайлаўлар бар, ол жерлерде адамлар жасайды, мал асырайды. Сол ушын қар менен жамғырға, қақ суўларына арқа сүйей бермей, мол суў көзлери болған қудықлар дәркар. Бул исти әкесинен үйренип пуқта меңгерип алған Таңжарбай қазған қудықлар қазыў шөл қойнының ҳәр жер-ҳәр жеринде гезлесип қалар еди. Гейде қудықтың аты оны қазған адамның емес, ал қаздырған адамның аты менен де аталып кетеди. Сол ушын да олардың бәри "Таңжарбай қудық" емес, ал бир нешеси ғана Таңжарбай қудық.

"Солай етип, жер астындағы суў көзиниң жолы аўысқан, — деп ойлады қудықтың кеўип атырғанына анық көз жеткерген қудықшы. Нөсер жамғырдың жаўып өткенине көп болған жоқ, демек, жер астындағы суў көзлери төменлеп кетпеген, ал бағдары өзгерген болыўы итимал я көзлери питип қалды ма екен? Қайсы бағдарға өзгергенин анықлап, соннан кейин ғана қудық қазыў дәркар, болмаса мийнет

босқа кетеди. Ҳәзир, усы бүгин әсиресе алжасыўға жол қойып болмас еди, көштиң адамлары менен малы шөллеген, тағы бир-еки күн суўсыз өтсе изиниң не боларын жалғыз Алла ғана биледи. Бир топар адам қудыққа түсип оны тазалай берсе де болады, ким билсин, суў көзи питкен болса ашылар.

Таңжарбай жасына сай келмейтуғын шаққанлық пенен қудық шегенине сүйеўли турған адам бойлы келетуғын бир ушы өткир темир таяғын алып, ийнине салды.

Жаз бойы мыс қайнаған ыссылардың изи үзилмейтуғын Қызылқум сахрасында өскен хәр бир шөп, хәр бир гия илажы болса суўға жақынырақ жерге өсиўге умтылады. Бунда дәрьялар менен сайлар ақпайды, сол ушын жер бетинде турақлы суў дереклери де болмайды. Дурыс, қыс қарлары менен гүз ҳәм бәҳәр паслының жамғырларының суўлары ой ҳәм шуқыр жерлерге жыйналады, сол ушын қытымыр шөл қойнында өсетуғын гиялар да көбирек суў жыйналатуғын жерлерде өседи. Таңжарбай қудықшы ҳәр бир гияның тамырына қыял көзи менен қарайды, оның ығаллыққа, суўға қанша муғдарда алыс-жақынлығын шамалайды, ийниндеги ушлы темир таяғы менен жерди шуқлап көреди, қолының күши жеткенше таяқты тереңге суғып, соң суўырып алып темирдиң ушын услап ығаллықты анықлайды. Бүгин де ол сондай ҳәрекетлерди ислей берип терлеп кетти, үстиндеги шапан аўырлық етип қалды, оны шешип бир сексеўилге илди де сырттан қараған адамға түсиниксиз көринетуғын, ал өзине қанық болып қалған ҳәрекетлерди даўам етти.

Бир ўақытлары Таңжарбай ҳәрекетин тоқтатып, маңлайының терин сыпырды, соңынан “ким бар екен?”, деген мәниде әтирапына серлеп қарады, мал менен айланыспағанлардың көпшилиги тислерин тислерине қойып, шөлге шыдап, қудықшының ҳәрекетлерин гүзетпекте, оның аўзынан қандай сөз шығар екен, деп қулақларын түрмекте еди.

— Орынбай, — деди әлленемирде көзлери менен керек адамын излеп тапқан Таңжарбай басқаларды елестирмеген сыяқлы. — Бери кел, белди әкел, қалған әсбапларды таярлап қой.

Таңжарбайдың өзине уқсаған тапалтас, кең жаўрынлы, билеклери тоқпақтай Орынбай әлле қашан әкесинен буйрық күтип, қумға шаншылған белине сүйенип турар еди. Белин алып, жетип барды.

Қудықшы өзине тән болған шапшаң ҳәрекет пенен белди қолына алды да жаўын суўы неше жыллар бойы мийнет етип ойған шуқырға шоқ болып көгерген, ҳаўайы рең гүл ашыўға мейил берип қалған маялыштың түбине белди урып, бир неше бел топырақ алды. Маңлайының терин сыпыра-сыпыра қудық қазылатуғын орынның сүлдерин шығарды.

— Аға, енди белди маған берин, — деди жанындағы турған Орынбай.

— Бармысаң, мә ал!

Орынбай белди әкесинен алып жерге шаныштты. Шекпенин шешип, белинен тасламайтуғын енли кәмарын, ақыры ол белбеў шешпейтуғын нөкер болған еди, бөз көйлегиниң сыртынан буўды, дуғыжым, қысқа ҳәм қарыўлы билеклерин жаўып турған жеңин түрди, "я бисмилла", деп Қызылқумның шеге қумына белди батырып алып, қумды шетке таслады.

— Алла сәтин бергей, әўмийин!— деп бетин сыйпады баласының ҳәрекетине сүйсинип қарап турған Таңжарбай. Бул устаздың шәкиртке берген пәтиясына мегзер еди. Кексе қудықшы кеўлинде: әкеме ҳәм өзиме уқсап балам да, қудықшы болады, деген пикир оянған болса не әжеп. Бухараның арқа тәрепинде абыройлы болған қудықшылық кәсиби өзи көшип киятырған ата журты бетлерде оншелли дәркар емеслигин, ол таманда дәрьялар, дәрьялардан саға алған өзеклер, өзеклердиң аяғында көллер көп екенлигин қаяқтан билсин!

— Ҳәй бийталаплар!— деп даўыслады Таңжарбай булардың ҳәрекетлерин тамашалап турғанларға қарата. — Көп етип сексеўил жыйнаңлар. Ирилерин сайлап сындырың, қудықты шегенлеймиз. Болмаса суўсылдаған қумды қазып, суў шығарып болар ма еди? Бир топарыңыз "Қоңырдың қудығын тазалаўға кирисиңлер, мәгар суў көзи питкен болса ашылар. Көрип турсызлар ма шөллегенлердиң қанша екенин? Сонша адам, оларды бир қудықтың суўы қандыра аларма екен? Қәне, болыңлар!

Жыйылғанларды оншама қыстаў да қәжет болмады. Суўдың атын еситкен адамлар дәрҳал әтираптан сексеўил жыйнаўға киристи. Бектемир баслаған бир топары беллерине арқан байлап, қолларына ағаш шелек алып, ески қудыққа түсе баслады. Көп өтпей, қудықтан ҳүрейли даўыс гүңгирлеп еситилди.

— Ўай-ўай, Есберген тарт арқанды, жыланлар, көп жылан!

— Не дейсең? Жыланлар? Шағып алмады ма?

— Билмеймен!

Бул дөгеректеги жумысты көзден өткериўге келген Таңжарбай қудықшы төменге еңкейип, даўыслады.

— Қорқпа, өзиң тиймесең жыланлар саған тиймейди. Абайлап шелек пенен ысырып таслап, өз исиңди ислей бер. Қолың менен ысырма. Қудықтан әллен ўақытқа шекем сес шықпады. Бир ўақытлары: "Шелекти тартың", деген даўыс еситилди. Қудыққа үңилип турған жигитлер арқанға жармасты. Көп өтпей ызғар қум толы шелек көринди. Дәрҳал қумын төгип таслап шелекти тағы қудыққа түсирди.

— Тартыңлар...

Арқанды услап турған жигитлер тартып қозғалта алмады, шелек аўырлап кеткен еди. Кимдур:

— Әбсаттар шелекти алтынға толтырған жоқ па? Тартылмайды ғой, деп тоңқылдады. Таяр турған бир неше жуп қоллар арқанға жармасты. Көп өтпей қудықтың аўзында шелек орнына Әбдисаттардың төбеси көринди. Оны көтерип сыртқа алды. Қорққанынан ба, я дем жетиспеди ме, жүзи жуўған шүберектей ағарып кеткен еди.

— Диңкем жоқ, жүрегим айныды, шағып алды ма деймен... — Ҳәлсизленип қалған жигит қумға отыра кетти.

— Қәне, қолыңды узат, — деди сол әтирапта жүрген Таңжарбай жетип келип. — Мәгар жылан шағып алғандур. Сөйтти де қудықтан шыққан жигиттиң созылған қолларын муқыят көзден кешире баслады.

Жигиттиң шеп қолы әдеўир искен ҳәм ол тез үлкейип бармақта еди.

— Жылан шағыпты, енди зәҳәри денеге жайылып атыр, — деп Таңжарбай өзине тән болған шаққан ҳәрекет пенен белбеўине тағылған қынынан пышағын суўырып алды. — Шыдайсаң енди Әбдисаттар, — деди ол. Соң жылан шағып алған шеп қолдың бас бармағын қысып услап турып өткир пышақ пенен тилип-тилип жиберип, қанын ағызды. Билезиклигинен жип пенен тартып буўды.

— Енди жигитке тез ағарған ишкизиңлер, — деди қудықшы. — Қатық па, шубат па, айран ба, қымыз болса да бола береди. Ағарған жыланның зәҳәрин қайтарады, оны өз басымда сынап көргенмен.

Жигитти сол жердиң өзине, қумға шекпенин төсеп жатқарып, ким айран, ким қатық әкелип ишкизе баслады.

Қудық қазыў, оның диййўалын сексеўил менен беккемлеў қолма-қол даўам ете берди. Күн аўа бергенде тазадан қазылған қудықтың түбинен суў көзлери көринди. Ал бул ўақытларда тазаланған “Қоңырдың қудығы”нан алынған суў шөллегенлердиң шөлин қандыра баслаған еди.

Кешке қарап еки қудықтан шөлиркеген маллар суўғарыла баслады. Алланың мәрҳаматын қараң, қудықлардан суў алынған сайын азайыўдың орнына қайта гүмбирлеп, көбейип барар еди. Ертеңги таң атаман дегенше көштиң суў ишпеген малы қалмады.

Көш “Қоңырдың қудығы”нда бир-еки қонып, ҳәлленип алды. Оның жанында “Таңжар қазған” атлы екинши қудық та пайда болған еди.

Қулшы бий баслаған көш енди бурынғыдай баяўлай бермей, тезирек жүриўге ҳәрекет етти. Алдында оларды Ақшадәрья күтпекте еди.

Қумлы, сексеўилли далалар изде қалды. Көштиң алдында кең тақырлықларда мунарланған қорғанлар көрине баслады.

— Ел, ел көринди! — деген даўыслар еситилди.

Мунарланған қорғанларға жеткенше ярым мезгил ўақыт өтти. Қорғанлар жеткермес еди. Адамлар қоныс басқан жерлерге жақынладық, деп ойлаған көштегилер қорғанға жетиўге асығысар, сол тәрепке үмитли көзлерин тигер еди.

Ботабай менен Қулшы бириншилерден болып бәлент дийўаллар жанына жетип келди. Неше жүз жыллар сахра қуяшының астында күйип, қып-қызыл болған, саз ылайдан тикленген бәлент дийўалларға таңланып қараған Ботабай, туйғыларын ишинде сақлай алмады.

— Ўай-бой, буншама бәлент! Бирақ дөгерегинде тири жан көринбейди.

Тәғдирдиң қырсығы менен бул жерди тәрк еткен дәрья менен бирге адамлар да бул бәлент қорғанларды таслап кеткенин сада атқосшы қайдан билсин.

Тақыр далаларда бой көтерген қорғанлар көп еди, бирақ көш адамларына олардың бәлентлиги менен төгип турған саўлатынан не пайда? Дөгеректе болса тири жан көринбейди. Қорғанлар— өли қорғанлар еди. Негедур көш адамлары өли қорғанлар алабында иркилиўди қәлемеди. Көш иркилмей бир қанша мезгил жол басып, кишигирим бир дәрьяға жетип келди. Қубла тәрепте көк сағым жамылған таў көзге тасланды. Бир ўақытларда бул әтирапты гүлленген елатқа айландырған, ал ҳәзир Әмиўдәрьяда суў басыў болған жылларда бәҳәрде бир-еки мәрте толып-тасып, соң кишигирим бир өзекке айланып ғана қалатуғын Ақшадәрья еди.

Мол суўға аўзы тийип ҳәлленген көш Ақшадәрьядан кешип өтип, жолды даўам етти. Орта Азияның қан тамырындай толып-тасып ағатуғын Әмиўдәрьяның жақын екенлиги сезилип турды. Бәҳәрги суў тасқыны пайытында пайда болған кишигирим көллер, көринди. Бир-еки күн болса да шөллеў не екенин өз басларынан кеширип, азабын татып көрген адамлар дәрьяны өзлерине исенимли мәдет сыяқлы сезинер еди.

Бир күни көштиң алдын тосып жатырған төбешиклердиң аржағынан шубатылып ҳаўаға көтерилген түтин көринди. Бул сахрада бир неше ҳәптелерден берли жол басып киятырған адамларға жолда гезлескен әжайыбатлардың ең үлкени еди. Түтин шыққан жерде адамлардың қонысы да болыўы керек ғой!

Расында да төбелер етегинде керегелерден тикленген, адамлар жасайтуғын мәкан көзге тасланғанда, оны көргенлердиң қуўанышында шек жоқ киби еди.

— Келдик, жетип келдик, — деген даўыслар да еситилип қалды. Түтин сол қоныста жағылған оттан таралмақта.

Адамлардың қуўанышына себеп болған қоныс — бир-бирине бекитилген керегелердиң қурмалып исленген төбеси ҳәм қапталдағы керегелери жабылмаған, шын мәнисинде ағаш қадасынан ямаса сексеўиллерден тутылған шетен қораларға мегзейтуғын қурылыс болып, оның ишине бир-еки түйе, ат пенен ешек байланған.

Бәлентирек жерде иркилген адамлар, қула дүздеги бул мәканға әжепленип тигилер, бул керегелерден ғана қуралған үйдиң төбеси қайда екен деп, таңланысар, анығырақ көриў ушын бийигирек жерге умтылып бир-бирин ийтерисер еди.

— Адамлар, адамлар бар екен, — деп жабырласты көпшилик.

Расында да керегелерден қурмалған мәкан дөгерегинде еки-үш адам көринди. Олар буннан бурын да сол жерде, етекте өскен сексеўиллерди паналап, дем алып атырған орынларынан турып, көзге түсти. Олар да төбеден өзлерине қарап турған, ала-қула кийинген адамлар менен дөгеректи қаплаған қарамал, түйе, жылқылар ҳәм қойлар отарын көргенде көштегилерден кем таңланбаған шығар?!

Олар ким? Қайдан киятыр? Тағы қанша жүрсек елге жетемиз? Усыған уқсас саўаллар менен мүрәжат етиў ушын керегели қоныс адамлары жанына келген Бектемир аттан түсип, жылаўдан бир қолын жаздырмай турып хабарласты.

— Мынаў қытай саўдагери ҳәм жаҳангешти кишвар Сунянг, — деп таныстырды алақ көз қара жигит, жанындағы қара шекпен кийип белин буўған, қалпақлы, орта жасар, қыйық көзли, селдир сақал кисини көрсетип. — Мениң атым Қалдан,ултым уйғыр. Қулжа деген шәҳәрден боламыз.

— Ол қай жерде? — Бектемир қызықсынды.

— Анша алыста, — деди уйғыр қолы менен шығыс тәрепти нусқап. — Ташкент, Түркстан, Сайрамнан өтесең. Анша алыста. Келиң жақсы жигит, биз бенен отырың. Ас жең, сәўбетлесемиз. Аңқабай, қумғанды ал, суўы қайтып қалған шығар.

Узын бойлы, қайың денели уйғыр жигит, шамасы Қалданның хызметшиси болса керек, оты сөне баслаған қуман астына сексеўил бөleклерин таслап, отты тутандырды.

Булардың барлығын қызықсыныў менен бақлаған Бектемир атын байлап, уйғыр көрсеткен орынға отырды.

Ортаға жайылған дастурханға жез шайнек келтирилип, шыны кеселерге шай қуйылды. Гүрриң даўам етти.

Уйғыр жигит қытай саўдагериниң дилмашы екен. Айтыўына қарағанда Ираннан Дағыстан таманға өтипти. Дәрбент қаласынан шыққанына бир неше ай болған көринеди. Буннан Бухараға, оннан Ташкент, аржағы Түркстан арқалы уйғырлар менен қытайлар журтына — Қулжа қаласына сапар шекпекте екен. Айтыўынша Сунянг тек

саўда менен шуғылланып қоймастан, иркилген жериндеги адамлардың турмысы, үрп-әдет дәстүрлери менен де қызықсынар қусайды. Ҳүрметли орында шай ишип отырған саўдагер сөйлескенлерди ықласы менен тыңлар еди, бирақ түркшеге толық түсинбегенине өкинсе керек, анда-санда бас шайқап қояды. Мал-ҳаллы көштиң қайдан киятырғанын қытайша түсиндиргеннен соң, саўдагер қол созым жерде турған кишигирим сандықты ашып, жылтырақ қағаз шығарып оны дастурханның шетине мұқыятлап жайып, қағаздағы бир нүктени сук бармағы менен көрсетип, дилмашқа бир нәрселерди айтты. Сонда уйғыр жигит Бектемирге жүзленип:

— Ҳәзирге шекем жүрип өткен жолыңды көрсетип бере аласаң ба? — деди.

— Қаяқтан көрсетемен?

Ол саўдагердиң алдындағы қағазды нусқады.

— Анықлап қара, бул қағазға Қызылқум арқалы өткен ески жолдың сүўрети сызылған.

— Қағазға жол қайдан сыяды? — деди таңланған Бектемир. Соңынан жүзбасының арқаны, қубланы, дәрьяны, бағдарды қумға сызып көрсеткенлери ядына түсти.

— Қәне, көрейик.

Бектемир қағазда туўры ҳәм ийрек сызықлар ҳәм шымшық изиндей етип түсирилген қытайша жазыўлардан басқа жол сүўретин көре алмады.

— Жолда дәрьядан өттиңлер ме?

— Өттик.

— Өткен болсаңыз, мине сол дәрья, — деп дилмаш ақыры жоқ болып кеткен бир қыйсық сызықты көрсетти. Бектемир ишинен күлип қойды. “Бир қыйсық сызық дәрья болыпты. Дәрья болғанына”.

— Онда сизлер мына жолдан киятырсыз, — деп кесе тартылған сызықты көрсетти. — Жолда ески қорғанлар гезлести ме?

— Гезлескенде қандай. Олардың бир нешесин көрдик. Бәҳәйбат. Бирақ халқы жоқ, билмедим қайда кеткен?

— Сунянгтың айтыўынша, бул жол әне сизлер көрген, халқы жоқ қорғанларға алып барар екен. Бул жолларды сансыз кәрўанлар мың жыллар бойы қатнай берип, тепсең қылған.

Бектемир ҳайран еди... Өзи жоқ жоллар. Мың жыллық кәрўан жолы. Ең болмаса солардан бир дүзиў соқпақ қалсашы!

Бектемир қытай саўдагериниң қонысында еситкенлерин айтып бергенде, адамлар оның гәплерине ҳайран қалысса да, анық исенбегенлери “ҳәй, қоя” дегенлеринен билинер еди. Гәп саўдагердиң қытай екенлиги ҳәм тап булардың аяғының астынан кәрўан жолы өткенине келгенде, адамлар оның сөзине исенбейтуғынлығын әшкара етти.

“Қытай саўдагери?! Қызылқумның ишинде я? Кәрўан жол? Қәне ол? Eң болмаса оннан кеше жүрген бир түйениң изин көрсетиң, мусылманлар. Лап сөздиң де шеги болыўы керек!”

Көпшиликтиң ишинде ойға шүмип отырған Қулшы ғана бул гәплердиң жалған емеслигин билер еди. Қызылқумда қытай саўдагери жүрсе не болыпты. Бухарада Қулшы кимлерди көрмеген? Арабларды да, ҳиндлерди де, қап-қара ҳабашлар менен реңлери андыздай сары орысларды да, түрлери арабқа кейип берген андалусларды да, қыйық көзли қытайларды да көп көрген. Бирақ, уллы кәрўан жолы ҳаққында еситсе де, бурын итибар бермеген екен. Дурыс, кешеги көргениндей қүдиретли қорғанларға қайрылмай кәрўан жоллары қайда қайрылар еди. Пуқта қытай саўдагериниң керегеден исленген жыйналмалы қорасы көпшиликти таң қалдырды. Соңынан қыпшақлардың ишинде “тап қытайдың қорасындай” деген сөз көп ўақытларға шекем айтылып жүрди. Сахрада узақ жол басқан көш адамлары дүзде бундай қораның аңқустан қорғаныўда таптырмайтуғын нәрсе екенине көз жеткерген еди.

Уйғыр дилмаш Қыпшақ жағыста ел отырған мәканлар барын айтқан. Қонып, түсленип киятырған көш жылжый берди.

Көштиң алдында киятырғанлар Қыпшақ жағысына жақынлағанда бәлент төбешиктиң басында турған, бир топар салт атлыны көрип қәўетерге түсти. “Қарақшылар емес пе? Бир көрмегенимиз усы еди”.

Бул ҳаққында Қулшы бийге хабар берди. Қулшы жанына жаўынгер жигитлерди топлап, алға илгериледи. Сол пайытта топардан бир салт атлы ажыралып шығып, бий тәрепке қарай ат шаптырып келе берди. Басындағы темир дулығасы қуяш нурында жалтырап, белиндеги қылышы аттың саўырынына сарт-сарт етип урылар еди. Ол жақынлап келип, аттың басын иркип даўыслады:

— Кимсизлер, доспысызлар, душпанбысызлар? Сизлер Хийўа ханлығының ҳудуди, маңғыт беклиги сорамына кирдиңиз. Мен бектиң жасаўылыман.

— Мен Бухаралы қарақалпақлардың қыпшақ уруғының бийи Қулшы боламан. Көшип киятырған ел, мениң руўласларым. Биз Хийўа худыдына бийруқсат кирген болсақ, бектиң өзинен үзир сораймыз.

— Үзириңизди мен қабыллай алмайман. Оны бектиң өзине айтасыз.

— Бегиңиз қай жерде? — деди Қулшы бий.

— Дәрьяның арғы бетинде, Маңғытта. Сизди киятыр деп, алдыңызға шығып турсын ба? — деп тоңқылдады жасаўыл.

— Онда мени яшыуллың менен гезлестир, — деди Қулшы тоңқылдыны елестирмей.

— Қыпшақта ақсақал бар.

— Басла, сол жаққа.

Қулшы бий атын тебинип, топардан суўырылып шыға берди. Изине Ботабай атқосшы ерип шықты. Төбешиктен түскен бир-еки нөкер жасаўыл басы менен қосылып бөленттен қараған, адамға алақандағыдай көринип турған баҳайбат дәрьяның ғырра жағысына қонысланған аўылға қарай кеткенин көштегилер гүзетип турды.

Ақсақалдың пақса диййўал менен қоршалған кең ҳәўлисиниң дәрўазасы ашылып, келгенлерди есикте үй ийесиниң өзи күтип алды. Атлар байланды. Қонақлар, тийкарғы қонақ әлбетте Қулшы бий еди, терис әйўанға төселген түркмени гилемлер үстине жайласты.

Үй ийеси қырқтан өткен, бәлки бий менен жаслары тең шығар, дуғыжым денели, ескек есе берип шымырыланып қалған булшық етлери ақ сүптен тигилген көйлектен билинип турған адамның ата кәсиби дарға— Қыпшақ жағысының дарғасы болып, Қулшы бий жөнинде халық ишинде айтылып жүрген әңгимелерден, Торықасқа ат жөниндеги даў-жәнжелден де хабардар болып шықты.

Қулшы сол жерде қағаз-қәлем таптырып, бектиң атына хат жазып, оннан “сондай-сондай, қыпшақтың пәленше бийи ели менен бирге, еки жүзден аслам хожалық, сизиң панаҳыңызға өтпекши, Шымбай шәҳәри әтирапына қонысланбақшы, соған ижазат қылғайсыз”, деген мәнидеги сөзлерди Хийўа ханы ҳәзиретлерине жеткериўди өтиниш етти. Және: “бек жанабларының алдына өзим бармақшы едим, дәрьяның тасқынлығы себеп, шыбын жанымнан гүман қылып, бара билмедим”, деген сөзлерди қосып қойды. Хатты дарғаға берип, оның “бул аманатты бекке әлбетте қуўыстырғайман”, деген ўәдесин алып, қонақ асы жегеннен соң Қулшы бий көшке қайтып келди. Атам заманлардан берли дәрья жағалап қоныс басқан, атынан көринип турғанындай қыпшақлардан қуралған “Қыпшақ” аўылының адамларының тийкарғы кәри — кеме ҳәм қайықлар менен Әмиўдәрьядан арғы жүзден берги жүзге адамларды, олардың көликлери менен жүклерин өткерип тиришилик етер, қырға мал бағып, шарўашылық ислер, балық та аўлар, сол ушын қурғын турар, үлкен ҳәўлилер салып, бағ егип, дийқаншылық пенен де айланысар, анда-санда қарақшылар тонап, я апатшылыққа гез келген жыллары болмаса, олар мүтәжлик дегенниң не екенин билмей жасар еди.

Көш гөзлеген мәканға шекем еле басып өтилетуғын аралықларды жүзлеген шақырым жоллар бөлип турса да, ендиги жағында қарақалпақлар жасайтуғын қонservлар гезлесер, бәринен бетер суў мол, малға душпан болған жабайы аң жоқ еди. Наўрыз айының алдында жолға шығып, тынбай жылжып отырған көш саратан айының басларында гөзлеген мәнзилине — Шымбайдың арқасындағы Лар өзегиниң бойына келип қоныс басты.

***БИРИНШИ КИТАПТЫҢ СОҢЫ***

# ЕКИНШИ КИТАП

## АТА ЖУРТ

### 1

Бухара ханлығы сорамынан шығып, жол бойы қонып-түсленип, ақырынлап жол жүрип отырған Қулшы бий көши дийдилеген мәканына саратанда жетип келди ҳәм суўы мол, тынып ағатуғын Лар өзегиниң бойына иркилди. Алыс жолдан ҳарып-талып келген адамлар дәрҳал жүклерин түсирип, үйлери менен қосларын тигип, аўыл болып қонысланыўға асықты.

Түслик жағында Кегейли жақын болса да Лар өзеги Кегейлиден емес, ал Әмиўдәрьядан саға алатуғын Көкөзектен бөлинетуғын еди. Аяғы Қаратереңге қуятуғын тағы бир өзеклерге барып қосылады. Өзектиң еки бойындағы боз жерлер Хийўа ханлығының мүлки саналатуғын, оннан пайдаланған пуқараларға салық салынатуғын еди.

Таза қоныстың адамлары ҳәр күни таңда турып, мал-ҳалларын жайластырып атырып та, қосларына кирип баратырып та батыс таманда мунарланып көринип турған пақса дийўалларға қызығып ҳәм таңланып қарайтуғын ҳәм ишлеринен ойлап қоятуғын еди:— Бизиң саҳралар менен қумларды басып өтип, ески мәканнан көшип келиўимизге себепши болған дийўаллары берк қорған усы ма? Ол бизлерди «қанатлыға қақтырмай, тумсықлыға шоқытпай», қорғар ма екен? Ал шығыс тамандағы боз далаларға қарап ойлар еди: бул жерлер кимдики? Егин ексек атыз жер, мал бақсақ жайлаў тийисер ме екен?

Шығыста көсилип жатырған боз далалар хандыки болса, батыс тәрепте адамлардың ақылын урлап туратуғын дийўаллар Шымбай қаласының дийўаллары еди.

Хийўа сорамының Әмиўдәрьяның оң жағалығындағы тиреги болған Шахтемир қаласына жақын жерде Кегейли өзегиниң жағасына ерте заманларда қонысланған Шымбай деген адам жөнинде аңызларда айтыладыдағы, бирақ оның қашан жасағаны намәлим. Усы жерде айта кететуғын бир нәрсе— әлемди жаўлап алған монғол ҳақаны Шынғыстың бир улының аты Шымбай болған екен, мәгар сол заманларда көшип-қонған Шымбай ханның әўладлары бул дөгеректе жасағандур, қалай дегенде де арқа менен қублаға тартылған кәрўан жоллар үстинде Шымбай қорғанының атам заманлардан берли болғаны анық.

XVIII әсирдиң екинши он жыллығында, анығырағы жазыўлардан мәлим болғанындай 1723-жылы тарийхта жунғарлар деп аталған қәўимлер бирлеспеси Ташкенттен арқа тәрепте жайласқан Түркстан үлкесинде қазақлардың орта жүзи менен жасап атырған қарақалпақлар менен қазақларды шапқаннан кейин қарақалпақлар менен қазақлар екиге бөлинип: бир топары Сырдәрьяны жағалап Ташкентке, оннан ары Қоқан, Бухара, Самарқанд тәрепке, екинши топары Сырдәрьяның аяғы, Арал бойларына — қазақтың киши жүзиниң сорамағына қарай көшкен еди.

Көллер ҳәм өзеклердиң бойларын, атаўларды мәканлаған қарақалпақлар жыллар өтиўи менен ашлықтан қутылды, қурғынласты, маллары көбейди. Бул ўақытлары қолайлы суў жолы менен кәрўан жолларының кесиспесинде жайласқан Шымбай қорғаны да толысып барар, әсиресе жанға жайлы қоңыр салқын гүз бенен бәҳәр айларында қорған әтирапы үлкен базарға айланатуғын еди. Жунғарлар шабыўылынан кейин Сырдың аяғы менен Аралдың арқа тәрепине өтип, қазақлардың киши жүзиниң ханы Абылқайырдан ғәрезли болып қалған қарақалпақлар илажсыздан «суўға кеткен тал қармайды», дегендей алыстағы рус патшасынан жәрдем сорап, хат жазғанына қәҳәрленген Абылқайыр қарақалпақларды шаўып, байлығын тартып алып, өзлерин айдап жиберген соң олардың басым көпшилиги Әмиўдиң қуяр аяғына — өзлеринен бурын көшип келген ағайинлери таманға, биразлары Жаңадәрья таманға бас саўғалап кетти. Ўақыялар Шымбай әтирапында еллердиң көбейиўине, қорғанның шәҳәр болып қәлиплесиўине ҳәм абаданласыўына алып келди.

«Ел үстине ел келсе — ол да ханның дәўлети», демекши Хийўа ханы Муҳаммед Рахим хан Орынбай бий баслаған қарақалпақлардың кенегес-маңғыт пенен қытай руўларын Жаңадәрьядан көширип әкелип Кегейли арнасының бойына жайластырғаннан соң Шымбай Әмиўдиң оң жағалығындағы қарақалпақлардың ең үлкен шәҳәрине айланды.

Көшип келген қыпшақларға «сен кимсең, қайдан келдиң», деген ҳеш ким болмады. Қулшының отаўлары Қаракөлдиң Лар таманғы жағалаўларына тигилип, жылқысы менен қарамалы көлди, ал қой отарлары өзектиң аяқ таманындағы ийесиз жатырған, Лар тасып кеткен жыллары пайда болған суўалмаларға жайылып, алыс сүрдеўден азып келген отарлар қоңлана баслады.

Қыпшақлар өзлериниң бурынғы мәканларында дийқаншылық пенен шуғылланбаған, оның үстине барлық егистиң мезгили өтип болған, әсиресе азы-кем малын кисиге бақтырып қойғанлар қосын, үйин тигип, дөгерегин айланып, бийтаныс жерлерге көникпей

атырғанлықтан зеригип, ишлери писер ҳәм алыстан өзине тартып туратуғын қорғанның сырлы диййалларына көз тигер еди.

Мийзан түсип, күнлер салқынлай баслаған күнлердиң биринде аўылды қой-қозылардың маңыраўы, маллардың мөңиреўи, жылқылардың киснеўи оятып жиберди. Үйлеринен жуўыра-жуўыра шыққан олар дөгеректе сүриўлер менен падаларды көрип ҳайран қалысты.

Падалар Қаратереӊ көлиниң арғы жағын — Белтаў менен Бөршитаўды жайлайтуғын қазақ шарўаларыники болып, олар ҳәр жылы гүзге салым Шымбай әтирапына малларын айдап келип, суўық басланғанға шекем ҳәр базар гүмис теңгелер менен алтын тиллаларға пуллар, сөйтип дән базарына барар, ол жерден дән алар, болмаса малды дәнге басма-бас алмастырар еди.

Көп өтпей базар басланды. Сәскеде Бектемир Темиркөкти ертлеп, үстине жыйынларда кийетуғын, еле қырылып үлгермеген түйе жүн шекпенин кийип атқа минди. Бағдары базар еди.

«Қулақ еситкенди көз көреди», деген сөз бийкарға айтылмаған екен. Бухара әтирапындағы Қожамяр бийдиң аўылында, соң қыпшақлар аўылында болып өткен ўақыялардан кейин бир жыл даўамында көкейлерде орналасып қалған, жетиў әрман болған, қыйыншылықларда кеўиллерди жылытқан, жүзлеген, мыңлаған үмитлер байланған, ақшамлары көштегилердиң түслерине кирип тынышын алған Шымбай қол созым жерде турар еди.

Қорғанның арқа таманында, Кегейлиниң оң жағалығын ийелеген кең даланлықта маллар топ-топ етип ийирилген, қарамаллар өз алдына, жылқылар өз алдына, қойлар өз алдына және ҳәр бир байдың малы өз алдына.

Қызығыўшылығы басылмаған Бектемир мал базардан көре бәлент диййаллар менен қоршалған қорғанға көбирек қарады. Бухара дий-ўалларын көрип көзи үйренип қалғанлықтан ба, мынаў қорған оншели үлкен емес көринди, шамасы он-он бес танап шығар, бәлким оннан үлкенирекдур. Бир қанаты Кегейли арнасын жағалап тикленген. Қубла тәрептеги дәрўазадан адамлар кирип шығар еди, соған қарағанда дәрўазасы да биреў болса керек.

Бектемир атынан түсип жетекке алып, дәрўазадан ишкериге кирди. Дәрўазада қураллы сақшылар көринбеди. Қорғанның ишинде бир неше ҳәўлилер, кишигирим базар, темиршилер менен өнерментлердиң дүканлары бар еди. Атын жетелеп базарды кесип өткен көше менен әдеўир жүргеннен кейин Бектемир өзин қорғанның екинши шетинде көрди. «Бухара менен жарыса алмайды» деп ойлады, соң қорғаннан шығып, топ-топ болып турған мал базары таманға кетти.

Мал базарында саўда қызғын болмаса да алыўшылар бар еди.

— Маған он қой керек жора, баҳасын не айттың, — деди қозы териден тигилген, ҳәр қозғалғанда қоңыраўдай жүнлери тынбай селкилдеп турған телпегин қолына алған еңгезердей қопа сақал киси. Қабарған жабадай қоларына қарағанда дийқан болса керек, жанында өзине усаған, қозы териден тигилген телпек кийген баласы да бар.

— Қойдың қуны ат пенен түйе болар ма еди туўма, сайлағаның бир гүмис теңге, — деди оған күн ыссы болыўына қарамастан басынан тумағы менен ийнинен шекпенин шешпеген шарўа жигит.

— Ой-бой жоқарыдан алдың-ғой туўма. Сен айтқан гүмис теңге дийқанның қолына ҳәр күни түсе бермейди, қурғыр. Бойы бәлент дийқан сөзге де шебер көринеди, тили гидириўди билмейди. Қәне әкел қолды, төртеўине үш гүмис беремен.

— Қанша аласаң өзи, — деп шарўа жигит тамағын қырып қойды.

— Тоғыз теңгеге берсең онын алғаным болсын.

Шарўа басын қасып ойланып қалды. Ойында «тоғыз теңгеге қанша аслық береди?» деген саўал айланар еди. Оның мүшкилин дийқан жеңиллетти.

— Әкел қолды. Ол жабадай қоллары менен шарўаның қолын услап алып, сығып жиберди. Бер, онына тоғыз теңге!

Қолларын қысып атырғанына шыдамады ма, я он қойдың баҳасы өзи ойлаған жерге келди ме, қулласы шарўаның аўзынан «ал, берем, берем», деген сөзлер шығып кетти.

Усы пайыт саўдаласып атырғанлардың жанынан телпегин көзине түсирип басып кийген, қыймылы шаққан, орта бойлы, арықтан келген қара жигит жетип келди.

— Ой, саўдаларыңды берсин, Пиримбет қой алажақсың ба. Ол дийқанға телпегиниң астынан тигилип қарап, көзлери менен қандайдур бир пинҳамы ишараларды қылмақта еди, оны дийқан елестирмеди.

— Өзиме айтсаң болады-ғой әўелден, — деди ол ақырында дийқанға. Қәне туўма қойларға не айтасаң?

— Әй дәлдалшы жора, билем, сен қой алмайсаң-ғой, ал туўма мен биз сен келистирмей-ақ келистик.

Бул саўданың келисилгенин, қойлардың сатылғанын билдирер ҳәм дәлдалға бул жерде орын қалмағанын аңлатар еди.

— Не болды сонда? — деди арық қара жигит қызығыўшылығын жасырмай.

— Оны тоғыз тенге, — деди дәлдал Пиримбет деп атаған ири киси.

— Буйырсын, буйырсын. Арық қара ары қарай, мал саўдаласып атырғанлар таманға жылыслап кете барды. Қымбат-арзаны жөнинде

пикирин ашық айтпады, ишинде қалды, оның кәсиби болған дәлдалшылықтың шәрти де солай еди.

— Ал туўма саўданы-ғой келистик, енди бир гәп бар, — деди Пиримбет деп аталған дийқан киси жабадай қолларынан жаздырылған қолын сыйпалап турған шарўаға қарап. Ертең дәнимди сатып болып, тоғыз теңгенди қолыңа қуўыстыраман. Дәнди әкелип бир үйге түсирип қойыппан. Не дейсең, қойларыңды бүгин берсең ҳәзир айдап кетемен, сол ушын баламды да алып келгенмен. Жоқ, несийеге турмайман, нағына жүремен десең, онда ертең келемен.

— Ертең деп қәйтесиң, деди шарўа исенимли даўыс пенен. Түриң алдайтын адамға усамайды-ғой. Қойларды ҳәзир айырып алып кет. Саған мениң де айтатын буйымтайым бар. Қойды сатып мен не алам, астық алам, сол ушын бийдайың болса ертеге сол тоғыз теңгелик дән әкеле-ғой.

— Болады, — деди Пиримбет те даўысы заңқылдап. Тоғыз теңгеге базардан он батпан бийдай береди. Әкелгеним болсын. Қәне, онда бизиң он қойды бөлип бер, туўма.

Қойды отардан ажыратыў, шарўаның сатыўға алып келген қойы жүз бастан асса асар оннан кем емес еди, әдеўир созылды. Бири арық десе, бири семиз деди, қулласы әлленемирде кереги бөлип алынды.

— Ал, Барлықбай, айда балам, — деди ақырында он қойға ийе болған қопа сақал дийқан қолына тал шыбық алып таяр турған баласына. Қойларды бөлиў үстиндеги азы-кем керилдеспеге қарамастан шарўа да, дийқан да қылған саўдасынан кеўли толған еди.

Сол күни Бектемир керек ўақта алдынан шығар деген мақсетте нырқты билиў ушын қой базарынан шығып, қарамал, ат базары менен түйе базарына кирип нырқтың жағдайын билип шықты. Салыстырып көрсе мал нырқы Бухара базары менен салыстырғанда әдеўир арзандай көринди. «Бухара базарына бармағаныма қанша болды, және ким билсин?» деп ойлап қойды.

Шымбай дәрўазасынан кириўге асыққан Бектемирдиң бир өзи емес, бул пайытқа шекем көштегилерден бираз адамлар ол жерге кирген, олардың арасында бизге бираздан таныс болған дуғыжым денели қара бала— Қайыр да бар еди.

Кең далаға аў-дузақ қурып, жайлаўдағы көп адамларға үйренип қалған Қайыр бул жерге келип, аўылдың шетине жолым үйин қурып алғаннан соң көп өтпей зериге баслады. Жақын жерде қоян аз болғанлықтан қурған дузағына аң түсе бермеди, алыслап кетиўге әтирап бийтаныс болғанлықтан тәўекел етпеди, бес-алты жанлығын кимниндур падасына қосты, ат пенен бир-еки малға анасы қарайлайды, ақырында қыялына: шәҳәрге барып көрсем, — деген ой келди.

Ақшамлары жабылса да күндиз бәрқулла ашық туратуғын қараўылсыз дәрўазадан ишке кирип, аң-таң болып қатар салынған, пәскелтек дийўаллар менен қоршалған ҳәўлилерди тамашалады, ол бурын шәҳәрди көрмеген еди дә. Туўры көше менен базарға шықты. Ҳәрдайым ашық туратуғын дүканлардың есиклеринен үңилди. Түтинниң ийиси шығып турған бир есикте адамлар үймелесип турар, бул да жақынлап барып, мойын созып қарап еди, темиршиниң дүканы екен. Ошақта көмир ғыжлаған, өзинен гөре жасы сәл үлкенирек бир бала үлкен мес орнатылған ағаштың бир таманын аяғы менен басып, екинши ағашқа байланған жипти тартып-тартып қояды, жипти ҳәр тартқан сайын ошақтағы от қып-қызыл шоққа айланып, дөгеректи жақтыртып жибереди. Қолындағы қысқыш пенен услаған темирин шөккишлеп атырған уста оны есик беттеги жақтыға тутып қарап атырып Қайырға көзи түсип кетти ҳәм оның нәзери иркилип қалды. Ақыры бул баланы бурын көрмеген еди. Дурыс, бул жер шәҳәр базары, оған кимлер келип кетпейди, дейсиз, деген менен бурын көрмеген адамың, оның нәзери дәрҳал дыққатты тартатуғын болса керек, я баланың жерден пишип алғандай бой-сыны таңландырғандур, я терезеси жоқ дүканға жарық түсетуғын есигин көлегейлеп турғанына наразы болды ма, қулласы қолындағы қызған темирди қысқыш пенен көтерип жақтыға тутқан уста бир мәўритке егленип қалды. Соң темирди пешке салып, екиншисин оттан алып, кең төске қойып шөккишлей баслады, шөккиш ҳәр сапар қызған темирге барып тийгенде әтирапқа ушқын шашырар еди, булардың барлығы қызық көринди. Әллен ўақытта шөккишлеўди тоқтатқан уста маңлайының терин сыпырды да темирди қысқыш пенен төстен алды ҳәм сол жерде турған ағаш шелектеги суўға батырып еди, «ўаж» еткен сес шығып, пуў көтерилип бир заматқа дүканның ишин думан қаплағандай болды.

Таңланғанынан аўзы ашылып қалған Қайыр өзине келип, есикте турып қалғанын көрип, басқаларға жол бериў ушын капталға жылысты, соң артына қарай-қарай басқа дүканларға кетти.

Бир ҳәўлиниң жанында төрт-бес баланың асық ойнап атырғанын көрип, жанларынан өтип кете алмады, қайсы бала асық ойнаўды хош көрмейди, дейсиз, иркилип тамашалай берди, асығы жоқ еди, кисесине салып шықпағанына өкинди.

Ойын ҳәўижине шыққан пайыт еди. Төрт адым аралықтан қазандағы асықларға қарай пәкене бойлы сары баланың атқан сақасы мулт кетти де, ал тәңки мурын арық баланың сақасы дәл түсип, қазандағы асықларды жыйнап алып, бөз көйлегиниң сырттан тигилген қалтасына салды. Пәкене гирлеп, даў шығармақшы еди, балалардың ишиндеги ең бойшаңы, арашалады.

— Асық ойнайсаң ба? Кел бизлерге қосыл, — деди узын бойлы бала Қайырға дыққат аўдарып.

— Сен қаяқтан келип қалдың? — деди ашыўын баса алмай атырған тәңки мурын. Арқадағы шарўалардың баласысаң ба?

— Яқ, көшип келдим.

— Қаяқтан?

— Бухара таманнан.

— Бухара таманнан? Өтирик айтасаң.

— Неге айтар екенмен өтирикти? Көшип келгенимиз рас.

— Туўры, өзим көрдим. Қаракөлдиң бойына бир аўыл көшип келипти. Әкемнен еситтим, олар қарақалпақлар екен.

— Қыпшақлармыз, — деп қосып қойды Қайыр.

— Онда мынаның ағайнисең, ол да қыпшақ, — деди пәкене бала тәңки мурынды көрсетип.

— Асығың болса алып кел, бизлер усы жерде боламыз, — деди узын бойлы. Бирге ойнаймыз.

— Яқшы, келемен.

Қайыр сөзинде турды. Ертеңине қойнын асыққа толтырып белгили орынға жетип келгенде балалар асық ойын менен машқул болып атыр еди. Ол асық ойында ҳеш кимди алдына салмаған еди, көзи шен, қолы мерген дуғыжым денели қара бала ҳәммени утты, ақырында пәкене бойлы бала гирлеп, даў салды.

— Асығымды бер! — деди ол Қайырдың белбеўине асылып.

— Неге берер екенмен, оларды утып алдым. Ойнасаң асығыңды шығар?

— Асығым жоқ. Бер асығымды. Пәкене Қайырдың жағасына жармаса кетти. Қайыр ийтерип жиберди. Жығылып түскен пәкене көшени басына көтерип бақыра баслады: Бер, асығымды, асығымды бер...

Жәнжелге узын бойлы бала да араласты. Қайыр менен жүрек етип алыса қойса сол ғана алысыўы мүмкин еди.

— Асығын бер, — деди ол да Қайырдың белбеўинен услап.

Қайыр сумлық ойлады. Бир-еки асықты қайтарып берсе де болатуғын еди, бирақ кеўли яр бермеди. Ертең: «Қорққанынан қайтып берди», деп жүрмей ме? Мыналар қумырсқадай болып жабысса жалғыз шапанының жағасын жыртып ғана қоймай, асықтың да барлығын тонап алады. Көзи менен әтирапты барлап алды. Соң жай-парахат даўыс пенен: — Яқшы, беремен асықларыңды, алды бурын қайсысы кимдики екенин айырып алайын, жибериңлер мени... Белбеўге, шекпенниң жағасына асылған қоллар жаздырылды... Ҳәзир мине... деди де тура қашты. Қайырды қашады деп қыялына да келтирмеген

балалар оның желкеси менен жалаң аяғынан гезекпе-гезек жалтырап баратырған табанларын көрип турар еди.

— Қашты, қашты кетти...деди кимниндур шыңғырған даўысы.

— Қуўайық, қуўайық...

Бир топар бала изине түсти. Бул ўақытта Қайыр шәҳәр дәрўазасынан шығып, арба жолдың топырағын шаңғытып Қаракөлге қарай зыңғып барар еди...

— Ҳәс-сени ме, қолға бир түсерсең...деди гижинип узын бойлы бала.— Қоян болып қутылдың ә?...

Қайыр Қаракөлге шамаласып изине қарады. Қуўғыншылар көринбеди, жолда атлы-пияда адамлар, алысырақта Шымбай дийўаллары көринип турар еди.

Бала қашқанына арсынып, я ертеңги күн қолға түсип қалмайман ба? — деп қайғырып отырмады, киселери менен қойынларындағы асықты қолы менен барлап көрип, түсип қалмағанына исеним ҳасыл қылды, шәҳәрли балалардан асықларын утып ғана қоймай, өзлерин шанда қалдырып кеткенине мақтанышлы еди. Ертең болса көре берер талайынан.

Тысқарыда солығын басып өз үйиниң босағасынан атлаған еди, ишкериде Бектемир менен анасының сөйлесип отырғанының үстинен шықты. Негедур Қайыр кириўден әңгиме кесилип қалды.

— Кел қарағым, қайда жүр едиң? Қарның аш болған шығар? — деп анасы айыплы адамдай епелеклеп атыр.

— Шәҳәрге бардым, — деди Қайыр. Даўысында негедур наразылық бар еди.

— Ол жақта не бар еди, ҳеш кимди танымасаң, базарлық жумысың болмаса?

— Асық ойнадым, — деп гүңк етти бала.

— Ким менен?

— Балалар менен...

— Қаяқтың балалары? Ҳеш кимди танымасаң ол жерде.

— Балалар демде танысып алады, олар бизлердей емес Сәрбийке, — деп Бектемир гәпке қосылды.

Қайыр бир шетке отырып асықлардың утып алғанларын өзиникинен айыра баслады. Анасы дастурханға айран әкелип қойды. Нанды алдына ысырып: — Ишип-жеп алағой, — деди меҳрибанлық пенен. Қайырға қарап отырып ойынан әлленелер кешти ме, өзиненөзи қамсықты, бирақ оны үйде отырған еки еркекке билдирмеди.

Бала Бектемирди шеп көрмейтуғын, оның сын-сымбатына, атқа миниўине қызығатуғын еди, бирақ анасы менен екеўиниң сөзи бул киргеннен туўарылғанына гүманланып қырсықты. Ишинде өзи де

түсинбейтуғын қызғаныш па, өкиниш пе, әйтеуир соған усаған сезимлер оянып, жылағысы келип, көз жаслары тамағына тирелди. Дастурхандағы нан менен айранға қайрылып қарамады, асықлар менен бәнт болған сыяқлы көринсе де анасы менен Бектемирдиң ҳәрекетлерин көз астынан бақлап отырар еди. Буны байқаған Бектемир орнынан тура баслады.

— Онда Сарманға айтагөр, ертеңнен баслап үйдеги бир-еки қарамалды падасына қосайын. Қаракөлден пишен тасып ийним жаўыр болды, — деди Сәрбийке турып атырған Бектемирге.

— Айтып қояман, азанда айдап бара бер, — деп Бектемир есиктен шықты.

Араға үнсизлик шөкти.

— Апа, Бектемир неге келипти?— Қайыр әлленемирде биринши болып сөз баслады.

— Жайша. Нелерге мүтәж екенимизди билмекши болып бас суққан екен.

Бул үйде кимниң неге мүтәжлигин екеўи де анық билер, бири қап қолдасқандай ерге мүтәж болса, бири мийримли әкеге мүтәж еди. Бектемир бул мүтәжликти питкере алар ма еди?

## 2

Көш орналасып болғанша да, оннан соң да, бурыннан көз таныс бир-еки бийден басқа итибарлы ҳеш ким келип: «Қайдан келдиңлер, кимсизлер», деп сорамады. Көзди ашып-жумғанша арадан жыл өтти. Арқайын жайлассын, бирден тиксинбесин деген шығар, деп өзинше пәмлеген Қулшы бий оны елестирмеди. Келгенлерден сорастырып билиўинше бул әтирапқа халық ҳәр таманнан көплеп көшип келип атырған көринеди. Киши жүзден қысқы көргенлер ертерек келген болса, Жаңадәрья қарақалпақлары да Хийўа ханы Муҳаммед Рахимниң ҳәмири менен көшип келип, Кегейли арнасының еки бойына орналасып атырғаны былтырдан берли екен. Олардың бийи Орынбай ески мәканында өзи салдырған қаласын таслап келипти. Оның ханға сөзи өтетуғын, абырайы бәлент көринеди.

Лар менен Қаракөлге қонысланған аўыл тынығып, өзине келди. Алыс жол азабын умытқандай болған Қулшы Орынбай бийди барып көриўди кеўлине түйип қойды. Шымбайдың дөгерегиниң бийлигин хан оған исенип қойыпты, деген гәпти де еситкен, сол ушын бийге сәлем берип, дийқаншылық ушын суўға тийик жер, мал ушын жайлаў жөнинде де гәп ашып, машқаланы бир жақлы етип алса шеп болмайды.

Орынбайдың үйиниң қай жерделигин билип, оған Қулшы бармақшы екенлигин хабарлаў ушын Бектемирди алдын ала жиберди. Соңынан жанына атқосшысын ертип, өзи барды.

Кегейлиниң көпири жоқ, Орынбай бийдиң үйи арнаның батыс тәрепинде, яки шеп жағада, сол ушын дәрьядан өтиў дәркар еди. Қулшы менен жанындағылар қайыққа минди, Ботабай менен Бектемир ат жалдап өтти. Арғы жағада ҳәмме атқа минип алды. Сәске пайыт бийдиң аўылына жетип барды.

Аўылдың қатара тигилген отаўларының ишиндеги ең еңкелиси — он еки қанат, ақ кийиз бенен жабылған ақ отаў бийдики, оң жағы менен шеп жағына қонғанлары балаларыники еди.

Кенегеслер менен маңғытлардың ақсақаллары: Бухарадан көшип келген қыпшақ бийин көремиз, — деп жыйналған еди, ҳүрмет жүзесинен үйлерден шығып, Қулшының атының жылаўын услап, зәңгисин басып, аттан түсирди. Жанындағыларға да сондай иззет көрсетилди. Атларды таяр турған хызметкерлер дәрҳал алып кетти. Қонақларға арнап отаў тигилген еди. Соған киргизилген қонақларды төрде отырған ақ сақаллы киси түргелип күтип алды. Ол Орынбай бийдиң өзи еди.

Қонақлар төрге өтип жайласты. Пәтия қылынды.

— Қулшы бий, хош келипсиз, таза қонысларыңыз жайлы болсын, — деди Орынбай бий сақалын сыйпап. Атыңызды бурыннан еситкенбиз, Бухар таманда қыпшақтың Артық сери атлы бийиниң улы Қулшы бар деп, «қулақ еситкенди, — көз көреди», дегени рас екен, мине несип етип, дийдар көристик.

— Биз де сиз ҳаққыңызда көп еситкенбиз, — деди Қулшы өз гезегинде. Ата-бабамыз Бухара дөгерегин, Кенимех пенен Тамдыбулақ, Миянкөлди жайлаған ел еди, бир себеплер ара түсип, бул таманларға да келип қалдық.

— Мақул келипсиз, үлкен дәрьяның аяғы, Шымбай менен Шахтемир буннан жүз жыллар бурын бабаларымыздың жайлаған жери, Түркстаннан кейинги ата журтымыз, — деп иркилди.

Хызметкер жигит қымыз әкелди. Әңгиме бөлинди.

Қымыздан кейин әңгиме жалғанды.

Орта бойлыдан узынырақ, аппақ сақалы қызыл шырайлы жүзин толық қаплап алған, ҳәр сөзин шақмақтың тасындай дана-дана етип айтатуғын Орынбай кенегес-маңғытлар киши жүздиң шабылыўынан кейин Жаңадәрья бойларына көшип барғанда есин емис-емис билетуғын нәресте еди. Әкеси — маңғыт бийи болып, кенегеслерди де ертип әкетти. Еси ене келе әкесиниң: қарақалпақ бир әўладтың өмиринде еки көшти, бир бөлеги Түркстанда жунғарларға бағынып қалды, бир бөлеги киши жүзге қарам болды, көпшилиги Сырдәрьяны

өрлеп Ташкентке, Бухараға, Қоқанға, Самарқандқа кетти. Бара-бара қонысланған жерлериниң халқына араласып, ақыр-аяғында қарақалпақ аты жоқ болып кетпесе жарар еди, — деп налынғанлары есинде қалған. Жаңадәрьяда ержетти, үйленип бала-шағалы болды, халық бир жағы дийқаншылық пенен айланысып, бир жағынан мал асырады, балық услап, аң аўлады, тойынды. Дәўран айланып өзи бийликке көтергенде қолынан келгенше жаңа мәканға қарақалпақларды көширип әкелиўди өзине миннет етип алды. Келгенлерге қолайлы орыннан жер берди, малсызға мал берди, аяғына турып кеткенше қарасты. Өз гезегинде ел арасында абырайы да арта берди.

Мына жағы Бухара, арқасы Орынборға шекем бир неше рет барды. Ел көрип, жер көрип уққаны, қайсы улт көп болса қолы бәлент, қайсы улттың шәҳәри менен қорғаны болса арқа сүйейтуғын тирепбердиси бар, қайсы улттың саўатлысы, уламасы көп болса тили менен қолы узын болар екен. Дәрья бойынан қала салдырды, базары, мектеби, моншасы бар, жаў келсе иркилгендей дийўаллары беккем еди. Бирақ бәлент ҳәм кең дийўаллар Хийўаға қарсы тура алмады. Қарақалпақ көп еди, бирақ ҳәр қәўимниң өз бийи бар, барлығы бир жудырық болып бирлесе алмас еди.

Ақыры бир күн келип гүлленген елатты, бағлар менен егислик жерлерди, қаразлар менен шығырларды таслап көшиўге мәжбүр болды. Қала да, қорған да үйилген кесек киби қаңырап, байыўлы мәканына айланып қала берди.

Бәрибир ғарры бийдиң көкирегинде қоламта күл астында қалатуғын, ўақты келип тамызық салып үрлесе жалын болып жанатуғын бир түйир сексеўилдиң қозы яңлы бир үмит елеге шекем сөнбеген, ол қалғып жатар, пайыт күтип жатар — ол өз ултының, халқының жәмлесиўинен қылынған үмит еди.

Қыпшақлардың бир аўылы көшип келип Қаракөлге қоныс-ланғанын еситкенде қоламта астында жатырған үмит шоқлары оянғандай болды. Енди қыпшақ бийиниң өзи қонақ болып келип отырғанынан төбеси көкке жетти.

— Қыпшақтың Бухараға аты мәлим Артық бийиниң улы Қулшы бий, аталарымыз мәкан қылған сахрадан көшиўиңизге бир себеп бар шығар, гүрриң етип бер, — деди әңгимениң ийни келип турғанын аңғарған Орынбай бий.

— Несин айтайын, биринши себепши бул жақтың буйырып турған дузы шығар, Орынбай аға, — деди гәп баслаған Қулшы. Алды Торықасқа атлы бир аттан басланды. Сол себеп пенен маңғыт бийи Хожамярды өкпелетип алдық, қан төгилди. Инимиз Шақшақты өзим жоқта услап әкетти, оның менен ҳәм турмай араға әзәзүллер араласты ма, билмедим, бизди әмирге жаман атлы етип, Шақшақты әмирге

тапсырды. Әмир оны ақ үйли қылды. Әне, сондай себеплер аға, — деди Қулшы әңгимени көп созбай.

— Хабарың бар Қулшыжан, «ақ табан шубырынды»да пүткил қазақ пенен қарақалпақ бүлинди, оның соңынан «орысқа арқа бердиң» деп Абылқайыр шапты, Барақ султан орта жүздиң сәрдары еди, Абылқайырды өлтирип, тахтты алғанда халық тағы бүлинди, аталарымыз соннан қашып Жаңадәрьяны мәкан еткеннен кейин еки әўлад өткенде Хийўа ханы «бағының», деди. Билесең, Жаңадәрья қайда, Хийўа қайда, кенегес - маңғыт пенен қытайдың бир бөлеги: «Бухар барып бағынайық», десе қыпшақ пенен қоңыраттың бийлери: «киши жүзди паналап, орысқа қарайық», деди. Әй, несин айтайын Қулшы бий, «алтаў ала болса аўыздағыны алдырады, төртеў түўел болса төбедегини түсиреди», дегени рас екен, арбаны арман тартсақ арба сынады, былай тартсақ өгиз өледи», дегендей алаўызлық түбимизге жетти, еки бий бир, тағы еки бий екинши тәреп болып сол жерде елди екиге бөлдик, — деп муңайған ғарры бий ядына әлле нелер түсип егленип қалды.

Тарийхта мәлим болғанындай 1809-жылы Жаңадәрья қарақалпақлары — он мың үйли қарақалпақлардың сиясий өмиринде үлкен бурылыслар болған еди.

Бул ўақытларға келип руслар Орта Азияға жылысып кирген, қарақалпақларға қоңсылас жасайтуғын қазақлар, оннан арырақтағы қалмақлар ақ патша пуқаралығына өткерилген, Жаңадәрья қарақалпақларына онша алыс болмаған жерден рус патшалығының шегаралары өтетуғын еди. 1740-жылларда қарақалпақлардың киши жүзге ғәрезли болған ханы Ешим хан улы Ғайып хан ҳәм оның балалары, қоңырат ҳәм қытай руўларының бир қатар бийлери менен ақсақаллары рус пуқаралығына өтиў ҳаққында ант бергенлиги ҳәм оның есесине бир неше аршын рус гезлемесин — жүннен тоқылған маўытты алғаны (пара десе де болады), қарақалпақлардың уламасы Мурат шайық ҳәм оның улларының келеси ўақытта ислейтуғын хызметлеринен тәме етилип, тархан атағы менен сыйланғанлығы алысты гөзлеген рус ҳәмелдарларының жүргизген сиясаты екенлигин сахрайы бабаларымыз анық түсинип жетпеген шығар, ким билсин?!

Арал теңизиниң қубласы, Әмиўдәрьяның тәбийғый салалары менен өзеклердиң, олар барып қуйылатуғын көллердиң бойларына «ақ табан шубырынды» ҳәм Абылқайыр шабылыўынан кейинги жылларда изи үзилмей көшип келип қонысланып атырған, ол жерлер қарақалпақлардың бабаларының мәканы еди, халықты пуқаралығына алған Хийўа ханын арқа шығыс шегарада Жаңадәрья қарақалпақлары, батыста тиреги Қоңырат шәҳәри болған араллылар тынышсызландырар еди.

Ақырында 1809-жылы Мухаммед Рахим хан ләшкер тартып Жаңадәрья таманға шыққанын еситкен Жаңадәрья қарақалпақлары қобалжыўға түсти. Орынбай бий айтқандай Хийўа алыс, оннан көре Сырдәрья линиясы, болмаса Бухара әмирлиги жақындай көринди. Он мың үйли қарақалпақтың төрт бийи келисе алмай, екеўи Бухарадан мәдет күтсе, екеўи қалмақ арасына көшиўди ойлады, ол жерге ханның қолы жетпес, деп пәмледи. Орынбай Бухараға көз тикти. Бирақ бир жағынан өзин хан деп жәриялаған Қоқан ханы Әлимханнан сескенсе, екинши тәрептен шегарада бекинип алған руслардан қәўипленген Бухара әмири қарақалпақларды қурықол қайтарды, егер жаңадәрьялыларды «пуқараларым» деп таныса, ләшкер тартқан Мухаммед Рахим менен жер таласқан болар ҳәм ақыр-аяғы урысқа алып келер еди, бәлким.

«Сасқан үйрек алды менен де, арты менен де сүңгийди», демекши бир топар Аралдың арқа тәрепине көшпекши еди, хан ләшкери алдын кеселеди, халық ханға «бендеңбиз» деп бас ийди, хан әпиў етип, көл бойынан жер берди, Орынбай бий басқарған кенегес, маңғыт, қытай, қыпшаққа Көкөзек пенен Кегейли бойларын берди, бийлигин өзинде қалдырды.

Орынбай бийдиң ишки шерлери қат-қабат еди, оны өзи маңлай терин төгип, абат еткен мәканынан айрылғанлар уғады. Жаңадәрьяны абат еткенше, «Орынбай қала»ны тиклегенше қаншадан-қанша терлер төгилмеди, дейсиз. Қаншама арналар қазылды? Қанша бағлар бина етилди. Оның ишки шерлерин өзи қусап ата мәканын таслап көшип келген Қулшы бий түсинеди, әлбетте.

— «Көшкен жерде көсеўиң қалады», демей ме халық. Жолда ҳәр төбениң басында баўырларымыздың қәбирлери қалды.

Өткенди еслеп Қулшының кеўли қабарды. Амантүбекте әкеси Артық серинин, анасының қәбирлери, жол бойы бир төбениң басында қасқыр талаған Әрепбайдың, аты белгисиз жерлерде бир неше адамлардың қәбирлери қалған еди. Өзин тиклеп, қолға алған Қулшы Орынбайды жубатыўға урынды.

— Өткенниң орны толмас, бий аға. Оны еслеп езиле бериўден не пайда. «Ендиги баланың баўы берк болсын», дегендей ендиги жағында бул қонысымыз қутлы болғай, алладан соны тилейик.

«Қулшының гәпи орынлы», деп ойлады Орынбай. «Шымбайды мәкан туттық па, усы жердеги халықтың ертеңги ғамын жемек дәркар. Ҳәр ўақта да халықтың киндиги — шәҳәр болған. Оның дөгерегине еллердиң көшип келмеги қуба-қуп, келеси жағында солардың бирлигининң, татыўлығының тәрепин алмақ дәркар». Бул ойларын бирден тилине шығармады. Өткен жылы Жаңадәрьяда маңғытлар

менен қытайлардан бөлинип, елин қазақ ишине, оннан ары қалмақ пенен орысқа, Жайық бойларына алып кетиўге бел байлаған Тоқполат бий менен Маман бийге тәўеллеге барғаны көз алдына келди. Хан жасаўылы баслаған топарда Айдос бий бар еди. Сонда Орынбай Тоқполат пенен Маман баслаған елди Хийўаға байлап бериў ушын емес, ал өзи аз санлы қарақалпақтың ормандай қалың орыстың ишине сиңип кетиўинен қорқып, өзинен киши болған еки бийге оңашада диз бүгип, жалынған еди. Сонда өжетлиги басым Маман:

— Сен өз билгениңнен қалмадың, халқыңды ханның аяғына жығып бердиң. Ол да аз болғандай бизди де қулға айландыражақсаң ба? Орыстың жери кең, Жайықтың бир жағынан мәкан берер, ол жерлер күни кеше атамыз бенен бабамыздың малын баққан, ат шапқан жери емес пе? Алдымызды тоспа, қаш былай, — дегенинде де, бүгилген дизин жазбаған жоқ па? Оны Муҳаммед Рахимхан жасаўылына, ямаса Көкөзекте ярым хан болып турған Айдос бий қоңыратқа жағыныў ушын қылып па еди? Яқ! Изиндеги бес мың үйли қарақалпақ пенен ханға мойынсынып Жаңадәрьядан Көкөзек пенен Кегейли бойларына көшип келген Орынбай халық тағы шабылмасын, еки бий баслаған бес мың үй орыс пенен қалмақ ишине сиңип, қарақалпақ атын жоғалтып алмасын, я Хийўа ләшкериниң аяғы астында қалмасын, қарақалпақ ҳаслында аз санлы емес, заман зайылы менен тарыдай шашылып, бир жерге жыйнала алмай жүргенде тағы сепсимесин деген нийетте соны қылған еди-ғой.

Еки бий сөзге турмады. «Алыста жүрсе киснесип, жақында жүрсе тислесип» алатуғын жылқы минезлилер бар дә! Ақыры желкесине қылыш тирелгенде барып ханның пуқарасы болды. Теңиздиң арқасынан қубласына көшип келди. Онысына да шүкир. Ертеректе, «ақ табан шубырынды»да Аштарханға, ноғай арасына көшип кеткен қарақалпақлардан бүгинде хабар еситилмейди. Кама дәрьясын жағалап, татар менен башқуртты мойынсындырған, көпшилигин зорлап шоқындырып召 дининен шығарып қойған орыслар менен атысып-шабысып жүрген қарақалпақлардың үрим-путақларынан бүгинде кимлер бар? Татарға сиңисти ме, башқуртқа сиңисти ме, қалмаққа сиңисти ме, чувашқа ма, ол жағы тағы қараңғы. Орынбай бий еситкен еди: қарақалпақлар Кама дәрьясын бойлап көшип-қонып, орыс бекинислерине топылып, казакларын тутқынлап жүрер екен. Орысларға қарам болған Қазан татарлары менен башқуртлар қарақалпақ батыры Мурат султанды хан көтерип, қасына татар ҳәм башқурт төрелерин қосып берип, Қырымға, оннан ары Түрк султанына жиберген екен. Орыслардан сескенген Қырым ханы менен Түрк султаны татарлар менен башқуртларға, қарақалпақларға қол ушын созыўдан бас

тартыпты. Әсиресе Түркиядан үлкен үмит еткен татарлар, башқуртлар, қарақалпақлар ғәрезсиз мәмлекет дүзгенде қарақалпақлар арқа менен қублаға тарыдай шашылып кетпеген болар ма еди, ким билсин? Тәғдирден кимлер қашып қутылыпты? Мурат султан алған бағытынан қайтпай, жанына жыйналған жети-сегиз мың адамы менен ақ патша ләшкерине қарсы, жанындағы жаўынгерлердиң ең соңғысы қалғанға шекем урысыпты, ақырында аўыр жараланып қолға түсипти ҳәм ақ патшаның дарында жан берипти.

Булардың бәрин кеўлинен кеширген Орынбай бий аўыр гүрсинди. Соң гәпке көшти.

— Айтқаның бөтен емес қыпшақлар бийи. Көкөзектен Шылпыққа шекемги аралықты хан бизге берген екен, әҳ-ҳәй бул жерлерге қаншама ел сыяды, тек аўызбиршилик болса болғаны.

Қулшы гәпти жалғастырды.

— Қудайға шүкир, Шымбайдай шәҳәр бар екен. Дөгереги кеңислик, дийқаншылық пенен мал асырыўға қолай. Халық толысса Кегейлиге көпир керек болады-аў, деп ойлайман. Берги жүзге бүгин ат жалдап өттик.

— Көпир де керек. Мектеп те керек. Базары да шағын ғана.

— Еле шәҳәрди аралап көрмедим, дийўалларын көрип ғана кеўлим көтерилип жүрипти, — деди Қулшы.

— Көп түкирсе көл болады, бармақлар жәмлессе түйилген муш болады, қудайға шүкир шәҳәр дөгерегине халық жыйналып атыр. Биригип жаплар қазылса, егисликке жер аз емес. Неше жыллардан берли дийқаншылықты сағынып атырғандай көринди...

Бираз гүрриңлерден соң Орынбай Қулшы бийди Хийўаға баслап баратуғын, кейин жер тақсымланатуғын, көпир салыў, жап қазыў усаған мәселелер шешилетуғын болып, келисип алынды.

Бул ушырасыўдан Қулшының кеўли толған болса, Орынбай бийдиң де еңсеси көтерилип қалды. Бирлесиў ҳаққында, халық болыў ҳаққында көкейин кесип жүрген әрманлары тас астында жатырған булақ киби ўақты келип көз ашатуғынынан үмитлендирди.

Кегейлиден қайта ат жалдап өтип, қас қарайғанда аўылға араласқан Қулшыны жағымсыз еки хабар күтип турар еди.

Дәслепкиси бийдиң қойлары Лардың ығында жайласқан қытайлардың қойы менен араласып кетип, айыраман деп жүргенде «бүйректен сыйрақ шығарған» қытай руўының тентек баллары: «жайлаў бизики, неге бул жерге қой жаясыз», деп Қулманның балалары менен мушласып қалыпты. Ақыр-аяғында еки аўылдан да балаларын қоллап үлкенлер барыпты да балалардың жәнжелиниң изи төбелеске айланып, бас жарылып, қол сынып дегендей еки таманнан да бираз адам жараланып, болдырып, тарқасыпты.

Екинши хабар қыпшақлар көшип келген Ақсуўаттан еди. Қуданың ҳәмириндей быйыл жыл қурғақ келип жайлаўлар шөпсиз болып, ески журтта қалғанлар малларының көбисин сепситип алған, суўсызлықтан дийқаншылықтың да сәти жоқ көринеди, ҳәзирден базарларда нарық көтерилип, дәнниң батпаны пәлен тилла болды, депти. Бул жағдайлардан албыраған Ақсуўатлы қыпшақлар «Қулшының изинен көшсек пе екен?»— деген ойда екенин Бухарадан Шымбайға сапар шеккен бир кәрўан басыдан аманат деп айтып жиберипти. Кәрўан ҳәзир Шымбайда иркилип турған қусайды.

Қулшы дәрҳал кәрўанбасыны таўып, шақырып келиўди тапсырып Бектемирди атландырды. Соң төбелестиң себепшилери болған Қулманның балаларын шақыртты. Көп өтпей Қулман балалары менен жетип келди. Дүсирлиден олардың келгенин сезген Қулшы отаўдан тысқары шықты.

Келгенлер айыплы адамдай басларын төмен салып турар, ал әзелден бойдан қудай кемис етип жаратқан Қулман бурынғыдан да бетер шөгип кеткендей еди.

— Биринши болып ким баслады жәнжелди? Жалған сөйлемең, туўрысын айта бериң.

— Мен кейинирек келдим. Мыналар биледи, — деди Қулман ийеги менен узынлы-қысқалы болып турған балаларын нусқап.

— Ким баслады?

— Биз асыққа берилип билмей қалыппыз. Қойлар олардың қойына қосылып кетипти.

— Кимдикине?

— Қытайлардикине.

— Соңынан не болды?

— Соңынан... Соңынан қойларды айыра басладық. Қытай баллар да келип өзлериникин бөле берди. Айырып болған соң биреўи келип, ишимиздеги дәпеңирегимизге алып топылды.— Неге бул жерге, қой бағасыз, бул бизиң жайлаўымыз, соны билип қойың келгиндилер! — деди. «Келгиндилер» дегенине бәримиздиң кегимиз қайнады, әсиресе Қайыр шыдамады. Сөйлеп турған баланың кеңсиригине қойып салды, оның мурнынан қан бурқ ете қалды. Соң ҳәммеси Қайырға жабысты...Мен иниме: — аўылға жуўыр, үлкенлерди шақыр, — деп буйырдым да Қайырды урып атырғанлардың бириниң басына қолымдағы таяғымды түсирдим . Изи үлкенлер араласқан төбелеске айланғаны бийге мәлим еди.

— Қайыр? Әрепбайдың баласы ма? Ол не қылып жүрипти сизлер таманда?

— Асық ойнаўға барған екен.

Мәселе түсиникли еди. Қоңсы еллер менен жер ҳәм суў мәселесин келисип алмаса болмас екен.

— Барыңлар, арқайын жатып дем алыңлар, — деди изи не болар екен деп қорқып турған Қулман менен оның балаларына. Ертең бәриниң есабын қыламыз. Бирақ «келгинди» деген сөзди умытып жибериңлер. Билип қойың, сизлер келгинди емессизлер, бул жер сизлердиң ата журтыңыз, қарақалпақлардың ата журты... Соны ядта сақлаңлар... Бул сөзлерди Қулшы бийдиң гәплерине қулақ түрип турғанлар еситсин деген мақсетте даўысын барынша көтерип айтты, жақын жерде турған жәнжел себепшилериниң қулақлары ләрзеге келди, бул даўысты ҳәттеки аўылдың ең шеткерисиндегилер де еситти.

Кешлетип кирип келген саўдагерди Қулшы өз отаўына мирәт етти. Туўысқанлары, тамырлары, қоңсылары қалған журт жөнинде көбирек еситкиси, билгиси келгенликтен саўдагер менен жүзбе-жүз отырып, пинҳамы сөйлеспекши еди.

Саўдагер быйылғы қурғақшылық жөнинде Бектемирге айтқанларынан асырып ҳештеңе айта алмады. Бирақ әмир Ҳайдардың қыпшақларға жүрис қылғаны, олсыз да қурғақшылықтан жәбир көргенлердиң аўҳалының қыйынласқаны Қулшыны терең ойға батырды. «Қалған қыпшақлар да көшеди-ғой онда», — деген пикир қыялына келди. Деген менен бул пикирлерди бир шетке сүрип қоятуғын, бәринен де, шапқыннан да, суўсызлықтан да, Бухара менен Қоқан арасындағы келиспеўшиликлерден де Қулшы бий ушын әҳмийетлирек болған, ол еситкиси келген ҳәм шыдамсызлық пенен күтип атырған бир хабар бар еди, ол сол хабарды күте берип сабыры таўсылды.

— Мениң иним Шақшақтан не хабар келтирдиң ҳәй жаҳанкешти саўдагер? — деген саўал аўзынан атылып шықты.

Саўдагер жуўап бериўге асықпады ма, я керекли сөзлерди ядына түсирип, қайсысын айтыў, қайсысын айтпаў кереклигин ойлап көрип, сөз саралады ма, қулласы егленип қалды.

Бийдиң сабыры питти.

— Не болды? Тири ме өзи?

Қаттырақ шыққан даўыстан саўдагер шоршып кетти. Сескенгенлигин жасырмақ ушын оң қолының жуўан бармақлары менен шоқ сақалын тутамлады. Шынында сескенгендей ҳеш нәрсе болмаған еди.

— Иншалла тири, — деди өзине келген саўдагер тез сөйлеп. Мен жолға шыққанда Шақшақ ағамыз жөнинде жаманат хабар еситпедим.

Саўдагер әмир Ҳайдар жанында ақ үйли болып отырған Шақшақ жөнинде жөнли хабар еситпеген болса не айтады?

— Елиңизге қашан қайтыў нийетиңиз бар?

— Жүклерди ийелерине тапсырып, көликлерге дем берип, дегендей бул жерде бир ай, он күн иркилсек керек-аў.

— Қай жерде иркилдиңиз?

— Шымбайда еле кәрўансарай жоқ. Сол ушын ҳәрдайым Ҳәбий саўдагерде иркилемен. Бул сапары да жиберген адамыңыз бизди сол жерден тапты.

— Яқшы. Қашан қайтатуғыныңызды хабарларсыз.

Қонақ асын жеген Бухара саўдагери шәҳәрге қайтты.

Бир күнниң ишинде болып өткен ўақыялар бийди бираз талықтырған еди. Әсиресе ески журттағы жағдай. Туўысқаны жөниндеги нағайбыллықтан қапаланды. Қандайдур ойын балаларының аўзынан шыққан «келгинди» деген сөз де басын қатырар еди. Аўыр жатарға шекем көзи илинбеди.

Қоразлар үшинши шақырымын баслағанда санасын шийрин уйқы жаўлап алып атырғанын аңғарды.

## 3

Шығыстан атқан таңның сағымы дәслеп қала дийўалларына түсти, оннан асырылып өтип, кишигирим базар майданына, соңынан ҳәўлилердиң ишлерине өтти. Терис әйўанда уйқылап атырған ири денели кисини таң сәўлеси оятып жиберди. Ол орнынан турып, шапанын желбегей жамылып, бағ бетке қарай кетти. Көп өтпей сыпаның төменинде турған жез қумғанды алып жуўынып-шайынды. Бул ўақытта басқалар да уйқыдан турып, күнделикли тиришилик ислери менен айланысып кеткен еди.

Көп өтпей терис әйўандағы төсек жыйналып, орнына дастурхан жайылды. Дастурханға биринши болып, узын бойлы, ири денели, шоқ сақалын ықшамлап дүкәртлеген, оны анда-санда оң қолы менен тарашлап қойғанда сук бармағына «жалт» етип көзге тасланып қалатуғын алтын сақыйна таққан киси отырды. Ол Шымбай қорғанының ишинде жайласқан санаўлы ҳәўлилердиң бириниң саҳыбы, көпшиликке таныс Ҳәбий саўдагер еди.

Ҳәбий саўдагердиң ата-бабасы түпкиликли араллы болып, ерте заманларда Әмиўдәрьяның арғы жүзинен көшип келип Шахтемирге орналасып, ҳәр ис пенен шуғылланған, соңын ала Шахтемирдиң дәўлети кетип, Шымбайға дәўран қарағанда биринширлерден болып усы жерге көшкен, арқадан келген кенегес-маңғыт, қытай-қыпшақ, қоңырат қәўими адамлары менен бирге қала қорғанының иргесин қалаған, дәслепкилерден болып ҳәўлилер салған, дүканлар қурғанлардан еди. Әкеси Бозай ат тағалаған, шыңғобыз соққан, орақ пенен белдиң, кетпенниң, пазнаның устасы — темирши еди. Ҳәбий

балалықта темиршиликти үйренди, әкесиниң жанында турып көрик басты, шөккиш урды, — деген дей бул кәсипке қанық болды. Темиршилик дүканының ийеси еди, бирақ кеўли негедур жаҳангештиликти қумсар, Шахтемирге келген-кеткен кәрўанларды кишкене дүканда турып гүзетер, алыс еллерден әкелинген буйымлар ақылын бийлеп алар, сол буйымлар соғылған жерлерди көриўди әрман етер еди.

Бир күни Шахтемирден келген саўдагер темирши дүканында көрик басып турған жигиттиң сын-сымбатына, айбаты менен ғайратына қызығып: «бизиң кәрўанға қорықшылар керек, Бухараға бирге бармайсаң ба?», — деп қалды. Мийнет ҳақысының үстинде де саўдаласып, керисип отырмады, жигиттиң дийдиндегисин айтқаннан соң көп ойланып турмастан «ҳәм дайымды көрейин, ҳәм тайымды үйретейин» дегендей, келисим берди.

Бухараға шекемги ярым ай, бир айлық жол, жолда көргенлери, үлкен шәҳәрдиң сарайлары менен минаралары, әлемниң шар тәрепинен Бухараға келген кәрўанлар жигитти өзине бәнт етти, жас еди, жолда гезлесетуғын қәўип-қәтерди, машақатларды елестирип отырмады, биринши сапардан қайтқаннан соң екиншисин асығыслық пенен күтти. Солай етип, кәрўан гүзетип Бухараға, Хийўаға бир неше мәртебе барғаннан соң өзиниң саўдаға да еби бар екенлигин аңғарды. Шымбай менен Шахтемирдиң, Қоңыраттың халқы не затқа мүтәж екенлигин аңғарды, сол зат Бухарада қанша турады, Хийўадағы баҳасы қанша, барластырып билип алып, ядында беккем сақлады. Мектеп, медиреседе оқымаған, саўаты кем еди, бирақ қатықулақ, зийреклиги менен нырқ пенен нырқтың парқын тез айырып, қай жерге не апарып сатса пайда келетуғынын қыялында анықлады. Сонда да бир жыл, еки жыл тәўекел ете алмай жүрди де, ақырында әкесиниң мүлки менен дүканын гиреўге қойып, еки түйелик жүк пенен кәрўанға қосылды. Хийўаға барып та затын өзгелер қусап бир күнде көтере берип, кәрўансарайға келип «қашан қайтамыз», деп пәтикке қарап жатпады, алдын базардағы ҳәр күнги нырқты билип, дийдине келген күни базарға таўарын шығарып, пайдасына сатты. Қайтарсынға да асықпай-албырамай саўданы питирип, еки түйеге теңлеп жүк артты, түйекеш жаллап отырмай түйелерин өзи тартып, кәрўан менен Шымбайға келди. Сол-сол екен, Ҳәбий саўдаға кирисип кетти, туўры сөзлилик, инсаплылық, ҳалаллық пенен «Ҳәбий саўдагер» деген аты жайыла берди. Бүгинлери ол өзине тийисли 40—50 түйе жүктен кем кәрўан тартып сапарға атланбайды.

Көкөзек, Аққала, Буйдалы, Қусхана, Дәўқара әтирапына қоныс басқан қарақалпақлар, қырды жайлаған қазақлар базар саўдасы ушын

Шымбайға келер еди. Ҳәбий болса қасқа жолдың шаңғытын көтерип арқасы Қазалыға, оннан ары тап Орынборға шекем кәрўан тартып барып қайтқан. Ақ патша сыртқа темир сатыўға руқсат еткеннен соң зергер менен мыскерге зәрүр болған қалайы, гүмис, мыс, қорғасын әкелип, мүтәж питкерген. Ҳәзир оның таныс саўдагерлери Хийўада, Бухарада, Қазалыда, Орынборда баршылық.

Уйқыдан турып, жуўынып-шайынған бухаралы мийман дастурхан басына келгеннен соң азанғы шай ҳалқас басланды.

— Бий не мақсетте шақырыпты, мийман, — деп сөз баслады Ҳәбий.

— Иниси әмир Ҳайдардың жанында қалған екен, соның дәрегин сорады.

— Дәрегинен хабардар ма един?

— Анығын айтсам узын қулақтан еситкенимнен өзге анық хабар билмес едим. Бул жылғы қурғақшылықтан да хабарсыз екен.

— Қайтып барғаннан соң бул исти жумысласаң болар екен.

— Әлбетте, оны қылмақ керек.

— Ертең базар. Қусхана таманнан, Көкөзектиң аяғынан, Есимөзектен кәрўанлар келген. Олар ең алды бурын дән әкеледи. Өткен жылы басыўға егилген дәнниң зүрәәти мол болды, сол ушын нарқы бәлент болмайды.

— Иншалла арзаншылық болғай, бизиң тилегимиз де сол, — деди бухаралы, қуўнақ шыққан даўысынан нырқ ҳаққындағы хабардан руўхы көтерилгенлиги билинип турар еди. Бул сапары кәрўанның жүгин дән менен толтырсам, деп отырман, ағайин, әлбетте сизиң көмегиңиз бенен, деп қосып қойды.

— Ол жағынан ғам жеме, алды бурын сизиң жүгиңизди питкеремиз. Соң қудай қәлесе суўық түспей турып биз де қырқ-елиў түйеге дән тийеп, барып қайтармыз.

— Дән қанша болса көплик етпейди, зыянға қалмаспыз.

— Иншалла... Пайда болса қашпас, бир жағы халықтың мүтәжи питсе, жол жүрсек саўабымыз жылаўымызда болады, Бахыйжан иним. Бир рәўият айтып берейин, бәлки еситкендурсаң, өзи аманат ҳаққында, қулақ сал, зыяны тиймес. Бурынғы заманларда бир кәрўанбасыға бир адам келип: «Пәлен шәҳәрдеги пәлен адамға тапсырарсыз» деп бир ҳәмиян тилла берипти. Кәрўанбасы: «Мақул жеткеремен», депти де өз жолы менен кете берипти. Қанша жүргени намәлим. Жолы елсиз жерлерден өтеди екен. Кәрўанбасы қыял қылыпты. «Ҳәмиянды-ғой биреў берди, пәлен шәҳәрдеги пәленше дегенге берерсең, деп. Оның аманат бергенин болса түйекештен басқа ҳеш ким көрген жоқ. Бир қысым тилла берсем түйекеш «ақ түйени көрдиң бе? десе,

көргеним жоқ» деп айтпас па екен?» деген қыялға келип, қойнында турған аманатты алып, оны ашып көрипти. Қараса көздиң жаўын алатуғын тиллалар емиш. Тағы: «Буны биреў маған аманатқа тапсырды, маған исенди, алланы араға салды, оған қыянет етсем қалай болар екен, бала» деп ойланып, аманатты бергенин көрген түйекешти шақырмай, тилла толы ҳәмиянды қойнына қайтадан салып қойыпты.

Кәрўан елсиз жерлерден илгерилеп кете береди, кәрўанбасы ҳәр күни бузық қыялға барады, бирақ түйешиге үлесин бериўди ойлағанда шайтанға ҳай берип, иркилип қала береди.

«Алтын көрсе периште жолдан шығады» дегенлер. Үшинши күни кәрўан қоныўға тоқтаған жерде кәрўанбасы түйекешти бир шетке шақырып, қолына бир уўыс тилла услатып, тис жармаў жөнинде оның сөзин алып, аманатты бөлисип, кеўлин жайлап уйқыға жатады. Таңда оянса бир топар атлының қылыш жалаңашлап төбесинде турғанын көреди. Кәрўан тоналады. Кәрўанбасы қарақшыларға:— ең болмаса ҳәмияны менен тилланы қайтарып бериң, ол биреўдиң аманаты еди, сорар болса не деймен? — деп жалынып, аяғына бас урады.

— Жаның өзиңе керек емес пе? Жаныңды саўға етип берейик, — деп күлиседи қарақшылар.

Қарақшылардың басшысы қарақшы болса да инсаплы қусайды. Ол кәрўанбасының сөзине күлмепти де, ойланып қалыпты. Әлленемирде басын көтерип, былай депти.

— Ҳәй кәрўанбасы, жаныңды тилемей аманатты тилеўиңе қарағанда сен бир инсаплы саўдагер көринесең. Егер мен сораған саўалдың әндийшесин түсиндирип бере алсаң, сен айтқан аманатты да, жүги менен бирге кәрўаныңды да қайтарып беремен, депти.

— Ол қандай саўал, сорай бер, — депти кәрўанбасы.

— Сизлерди тонаў ушын излериңизге түскенимизге минекей бүгин бир ҳәпте болады. Ҳәр күни жатар пайыт «енди тонаймыз», деп ат шаптырып келсек сыртыңыз бир темир қорған менен қоршалған болар еди, бизлер ҳеш илаж ете алмай изге қайтар едик. Өткен ақшам келсек темир қорғаныңыз жоқ еди. Оны қурыўды умытты, я қурыўға еринди, дейин десек жүгиңиздиң ишинде бир қулаш та темир жоқ. Бул исте қандай әндийше бар, ҳей кәрўанбасы?

Саўдагер әри ойланады, бери ойланады, берк қорғанда жатқанын, темир қорғанда жатқанын ядына ҳеш түсире алмайды. Сонда барып аманатқа өзиниң қыянет қылғаны ядына түседи.

— Ҳәй жигит, — депти кәрўанбасы қарақшылардың оданбасына. Маған ҳәмиян тилланы қайтар, мейли кәрўаным сеники болсын, мен гүнакарман.

— Себебин айт, гүнакарлығың жуўап емес, — депти оданбасы.

— Мениң кәрўанымды сақлаған, оған хеш ким өтпестей қорған болған аманат екен, деп болған ўақыяны баянлапты. Мен өткен ақшам инсапты, диянатты умытып, түйекеш пенен биреўдиң биреўге бер деген алтынын бөлисип алған едим. Сен көрген темир қорған сол адамның аманаты болса керек, диянат бузылғанда ол да бузылыпты, — депти саўдагер.

Сонда қарақшылардың оданбасысы саўдагерге тилла менен бирге кәрўанының жүклерин қайтарып берип: — Ҳәй бенде, ендигиден былай аманатқа қыянет етпе, бар жолыңнан қалма, — деп көзден ғайып болған екен, — деседи.

— Әлҳәббиз, — деп жиберди рәўиятты сабыр менен тыңлап отырған бухаралы таңланғанын жасыра алмай. Мәгар сол кәрўанға гезлескенлер Хызыр Ильяс, яки ғайып еренлердур?

— Солай болса солай шығар, — деди Ҳәбий асықпай. Не болса да биз саўдагерлер ушын үлги боларлық рәўият Бахыйжан, туўры ма?

— Туўры болғанда қандай.

Әңгиме усы жерде туўарылды. Шай ишип болынған еди. Мийман пәтия қылып, рахмет айтып тысқарыға шықты. Ертеңги базар күнине шекем ўақытты бийкар өткермейин деп есиклери ашық турған дүканларға қарай кетти.

Базар майданын дөгереклеп қонған ҳәўлилер отыз-қырқтан кем емес, деп ойлады саўдагер. Көз алдына Бухара шәҳәри келди. «Оған теңлесиў қайда?» — Туўры дә, отыз-қырқ ҳәўлиси бар Шымбай мың жыллық тарийхы бар Бухара менен теңлесе алмаса да, өткен XVIII әсирдиң 20-жылларынан тап XIX әсирдиң басына шекем жаўгершилик, алаўызлық, ашаршылық себеп болып жүз жыллар бойы қонысланған мәканларынан тоз-тоз болып көшкен қарақалпақлардың үлкен бир бөлегин арзымаған бир неше ҳәўлиси, оншелли бәлент ҳәм беккем болмаса да қоршаған дийўалы бар Шымбай өз әтирапына жәмлестирип атырған еди, келешекте бул шәҳәр қарақалпақлардың ата журтына айланатуғынын бухаралы саўдагер қыялына да келтирмеген шығар?!

Базар майданы, ол жерде жуғырласып асық ойнап атырған онлаған баланы есапқа алмағанда дерлик бос еди. Олардың ишинде он жаслардағы бойшаң, көк көзли, сары сынлы бала бул жердеги балалар менен танысып үлгерген Қулшы бийдиң баласы Ережеп болып, оны базар майданынан алыс емес жердеги темиршиниң дүканынан жуп көз бақлап турар еди. Ол жуп көздиң ийеси де китап оқыўшымызға таныс, дуғыжым қара, асық ойынның шебери болған Қайыр болса әжепленбеймиз. Қайыр әлле қашан бул жердиң тентеклери менен танысып алған, биразлары менен, әсиресе бойы менен қарыўы, керек десе тентек минези менен де өзине теңлес келетуғын узын бойлы,

бирақ сары сынлы Қожақ пенен досласып та үлгерген. Темиршиге шәкирт түскен. Көриктиң жибин төменге тартып жибергенде тери көриктиң аўзынан пәт пенен ысқырып шыққан ҳаўа үрлеген ошақтағы сексеўилдиң көмири қып-қызыл болып ғыжлағанын қызығыўшылық пенен тамашалап турған ол анда-санда ашық турған есиктен асық ойнап атырғанларға қарап қояды. Асық ойынға қумар Ережеп Қайырға ерип келген, сол ушын оған көз-қулақ болып турмаса болмайды. Оның үстине Ережептиң минези де тентек, наҳақлыққа шыдап турмайды, утылып қалып гирлегенлер менен үлкен-кишисине қарап отырмай алыса кетеди. Мурны қанап, көзи көгерсе де биреўге пайын жибериўге табы жоқ. Сол ушын Қайыр оны арашалаўға таяр турмаса болмайды. Изине ерип шыққан бийдиң баласының мурны бузылса, оны ертип келген Қайыр айыплы болмай ма?

Қәпелимде бир сақа асықтың шикке я бүкке түскениниң үстинде даў басланды. Ережептен көре жасы үлкенлеў бала еле балалар анық көрмей атырғанда өзиниң асығын жерден алып «бүкке түсти» деп турып алды.

— Бүкке түссе неге асықты қозғадың? — деди Ережеп.

— Қозғайман. Бүкке түсти. Гирлеме!

— Өзиң гирлеме!

Еки бала өз ара саўашқа түсиўге таярланған шөже қоразлар яңлы бир-бирине тасланыўға таяр, бирақ бул алысыўда бир-еки жас үлкен болғаны ушын Қәдирбай басым келе ме, я өжетлиги басым Ережеп басым келе ме, ол жағы аллаға ғана аян еди.

Устаханада көриктиң жибин услап, ашық есиктен балалардың ҳәрекетин бағып турған Қайыр истиң насырға шабажағын билип, есиктен шыға жуўырды. Бул пайытта еки бала бир-бириниң белбеўинен тутып, алысыўға қайымласқан еди.

— Тоқта Ережеп, тоқта, Қәдирбай, тоқтаңлар...

Қайыр кешиккен еди. Қәдирбай бойы менен күшине исенип ғапыл қалды. Кишкене Ережеп тойларда палўанлар беллескенде бир-бирине қолланған әмеллерин ядлап қалыўға тырысатуғын, сол ушын жамбас пенен арқаламайдың, қақпай менен тоғанақтың парқын айыратуғын еди. Арқайын еки қолын белине таяныпп, «келсең кел» деп турған Қәдирбай Ережеп қолланған жамбастан кейин Шымбай базарының тепсең болған алаңына қалай жығылып түскенин билмей де қалды. Балалар жыққанды қоллап-қуўатлап шуўласты.

Аң-таң болған Қәдирбай үстиниң шаңын қағып атырып тоң-қылданды.

— Гүресесең бе? Кел, қәне. Мен ғапыл қалдым.

— Яқ гүреспейди, — деди Ережептиң қызыў минезинен қорқып, оның билегинен услап алған Қайыр. Ол сеннен кишкене, теңиң емес.

— Онда неге маған асылады?

— Өзиң неге гирлейсең? — деди узын бойлы Қожақ. Уттырсаң гирлеме. Мен көрдим сениң сақаңның шикке түскенин.

Әдеўир ўақытта барып асық даўы басылды. Балалар тарқасты.

— Айттым-ғой жәнжелге, даўға араласпа деп, — деди Қайыр гийнели даўыс пенен Ережепке дәкки бермекши болып. Енди даў баслайтуғын болсаң қайтып ертпеймен, соны билип қой.

Ережеп те қайтпады.

— Ертпесең өзим де келе беремен.

— Бир өзиң келме, — деди Қайыр даўысын жумсартып. Егер бир ҳал-жағдай болып қалса бий ағам «сен ертип кеттиң, қорғамағансаң», деп бәрибир меннен көреди.

— Яқшы, — деди Ережеп қуўнақ даўыс пенен. Қәдирбай менен енди жәнжел қылмайман. Бирақ билип қойсын, ғәрремлик қылса үлкейген соң өзим жазасын беремен.

Булар темиршиден руқсат алып, көл бойындағы үйлерине қайтқанда Қулшы бий Лар бойындағы қытайлардың бийи Рысназар менен оның отаўында гүрриңлесип отыр еди.

— Жер алланики, оннан соңыра хан менен халықтики, — деди Рысназар қымыздан босаған тостағанды дастурханға қойып. Ол ҳәммеге де жетеди, Қулшы бий. Мал баққан баллар билмеслик еткен. Иншалла бүгин-ертең, маллар бир-бирине араласып кетпеслиги ушын жайлаўлар шегин белгилеп алармыз.

Қулшының кеўлине ким айтқан болса да, киши ме, уллы ма, бәрибир, «келгинди» деген сөз қатты тийген еди. Бири Түркстаннан, бири Бухарадан «ата журтым» деп, ат арытып келген болса, және бирине-бири «келгинди» десе қалай болғаны? Қулшы өз кеўлиндеги гийнени Рысназар бийден қыпсаламады.

— Ким айтса да ол адам сөздиң парқына бармағандур Қулшы бий, — деди Рысназар. Ҳәзир бул ата журтымызда биз де, сиз де тең. Көшип көргенсиз, билесиз, қарақалпақлардың көшиўден әрманы қалмаған шығар. Ендиги жағында мәкан дүзип ел болайық, «таўды-тасты жел бузған, адам затты сөз бузған», деп айтпаған ба, ата-бабаң. Шымбайдың дийўалына арқа сүйеп, Кегейли менен Лардың суўын бөлисип ишип, урпағымызды көбейтейик, Қулшы бий.

Рысназар мәгар Қулшы бий менен жасы қатар, яки бир-еки жас үлкендур, қалай дегенде де Қулшы оның гәплерин жасы үлкен адамның нәсияты сыпатында қабыллаған еди. Аўзы алалық, бақталаслық ҳәр қандай апаттың басы болатуғынлығын Қулшы өзиниң

узақ даўам етип киятырған кәтқудалық өмиринде талай көрген емес пе?

Аўқатқа қол жуўдырыўға келген жигит Рысназардың қулағына бир гәп айтпақшы болып еңкейип еди, бий оған қулақ аспай, дәлиден туўры хабар қылды.

— Расберген иним, қонақтың алдында қулағыма сыбырлап мени қысындырма, гәпиң болса ашық айта бер.

— Улыңыз Турым қонаққа сәлем бермекке келип тур еди, соны айтпақшы едим.

Рысназар бий Қулшыға қарады.

— Кире берсин, — деди Қулшы.

— Ассалаўма әлейкум, — жиңишке даўыс еситилди де соңынан түсириўли турған ший есик көтерилди ҳәм шапан кийип, белин буўған, басында пөпекли, қырмызы сабақтан тоқылған тақыясы бар, он-он еки жаслар шамасындағы бала кирип келип, әдеп пенен қолын көксине қойып, бас ийип, есикте иркилди.

— Ўәлейкум ассалам, молла бол, балам, — деди баланы бастан-аяқ сын нәзери менен бир гүзетип шыққан қонақ. Түпәләм, көз тиймесин, даўысың саз екен.

— Ҳәптүйекти адақлады, — деди Рысназар бий. Даўысында улы менен марапатланыў толқыны сезилди.

— Бәрекелла, бәрекелла, — деди қонақ. Иншалла оқыўын даўам еткей.

— «Орынбай қала»дан көшкели берли оқыўы үзилип қалды. Шымбайда ҳәзиринше мектеп жоқ. Хийўаға, Бухараға жибериўге еле ертерек. Қуранды толық шықпады.

— Қуранды шықтым ата, — деди бала марапатланып.

— Қуранды шықтың ба? — деди таңланған Рысназар бий.

— Сизге айтпадым. Бирақ тәпсирин билмеймен-ғой. Сол жағы бар.

— Бәрекелла, бәрекелла деди зийреклигине таңланған қонақ. Атыңыз ким, улым?

— Атым Турымбай!

— Иншалла улғайып Турым бай боларсаң, болмаса Турым бий боларсаң, я Турым молла боларсаң, кулласы кем болмассаң, балам.

Сүйсинген Қулшы бийдиң аўзынан бул гәплер ерксиз атылып шыққандай болды.

— Иншалла, иншалла айтқаныңыз келгей бий, — деп қуўанған әке орнынан турып кеткенин де аңғармады.

— Ал, енди барағой балам, тәңир сәлемиң ушын алланың рәҳмәти жаўғай, бара-ғой, деп Қулшы бий есикте қол қаўсырып турған балаға кетиўге руқсат етти.

Аўқат үстинде дәслепки балалары турмаған соң ырымға баланың аты Турымбай қойылғаны, Жаңадәрьядан көшкенде уламалардың хәр таманға өз руўлары менен тарқап кеткенлиги, Шымбайға мешит пенен медиресе кереклиги жөнинде айтысты.

Қулласы, қытайлар бийиниң үйине мирәтсиз, жүдә бир жағымлы болмаған ис пенен барған болса да Қулшы ол таманнан кеўлин бираз жәмлеп қайтты.

Көп өтпей Шымбайдың кишигирим базары сатыўшылар хәм қардарлар менен толып-тасты. Көкөзектиң тасқын суўынан жап тартып, боз жерге дән еккенлер, Қусханатаў ойпатына –Қарабайлының басыўы менен қайырына дийқаншылық қылғанлар базарды дән менен толтырды.

Хәбий саўдагердиң қәўендерлигинде бухаралы кәрўан жүгин, дән менен толтырды. Хәбийдиң өзи де кәрўан тартыўға таярлық көрди. Ол жақтағы қытшылықты еситкен Қулшы үш түйе жүги дән топлап, көлигин таярлады. Ақырында кәрўан жолға шығатуғын күни Бектемир менен Алламберген кәрўан менен бирге атланды. Қызығыўшаң халайық жүк артылған жүзлеген түйени бир-бирине тиркеген узыннан-узақ кәрўанды гүзетип қалды. Арқадан қублаға, қубладан арқаға атланған кәрўанлар жүз жыллар бойына қатнай берип тепсең еткен жоллардан жүрип баратырған кәрўанды алдында алыс хәм асыўлары менен асырымлары көп, суўлы өзеклери менен тайғақ өткеллери бисяр мәнзиллер күтип турар еди. «Жолды жүрген өндиреди», дегендей таңның атыўынан күнниң батыўына дейин қәдем изинен қәдемлер қойылғаннан соң оған жол шыдай ма? Бир айға жетер-жетпесте дән тийеген кәрўан сол жылғы болған қурғақшылықтан азап шегип атырған Бухара шәхәриниң дәрўазаларынан кирип барып, халықты қуўантты. Шәхәрге жетпей турып кәрўаннан бөлинген үш түйени жетеклеген Алламберген менен Бектемир Ақсуўаттағы ағайинлерине аман-есен жетип келди.

Сәске пайыт үйинде отырған Қулшыны есикте бир жигит пенен хаял сорап турыпты, деп хабарлады. Бий «кирсин» дегеннен соң жигит отаўға кирдидағы, хаял жаўлығын көзине түсириңкиреп қайта тартып, отаўға сүйенип отыра кетти.

Ишкериге сәлем бере кирген жигит босағадан атлап, сол жерге дизерлеп, соң бүкке түсип, жүзин жерге басып, өксип жылай баслады.

— Хәй жигит, не болды өзи? Сөйле, кимнен жәбир көрдиң? — деди бий таң қалғанын жасыра алмай.

— Тәғдирим сизиң қолыңызда нағашы, сизди паналап келдим. Бүкил қалпақта өзиңизден өзге қол жаўатын ешкимди көрмей турыппан, — деди жигит басын көтермей.

— Не болды өзи? Адам өлтиргеннен аманбысаң?

— Жоқ, адам өлтирмедим. Өлтирсе өзгелердиң биринши болып өлтиретини мен боламын.

— Көтер басыңды ҳей алланың бендеси, деди Қулшы бий. Даўысы қатал еди. Алланың буйрығысыз бир ҳәм бендениң мурны қанамайды. Ҳалыңды баянла, ақыр!?

— Қоңыраттан келемин, — деди жерден басын көтерген жигит бийдиң сөзинен кейин батылланыңқырап. Атым Балсары, әлим руўынан, Нәдирдиң улымын. Шоқай бий улы Жайықтың қалыңдығын алып қаштым. Енди бай улы руўы мениң соңымда. Қызда бурыннан көңлим бар еди. Қәйтейин жарлымын, жаўшы салсам әкеси «қуў кедейге беретин қызым жоқ», деп жиберген адамымды бос қайтарыпты. Амал қанша, тойынан алдын қызды алып қашқам. Енди барарға жер жоқ, батарыма көл жоқ. Қыпшақтар нағашым еди, алдыңызға келип отырғаным. Қарғасаңыз да, жарылқасаңыз да өзиңиз билесиз.

Қулшы ойланып қалды. Ата-енесин билмейди, өзин танымайды, әлленеткен биреў деп, жөнине айдап салса, я ертең изинен қуўып келгенлерге тутып берсе бийдиң бундай ҳәрекетин ҳеш ким қараламайды, қайта әдилликке жорыйды. Бирақ сүйген көңилде не айып, айтқаны болмаған соң алып қашыўға мәжбүр болғандур. Екинши таманнан есигине келип жәрдем сораған сорлыға жәрдем бермеў де мусылманның иси емес. Ертең изинен қуўғыншы келсе қандай ҳал, қандай жағдай болады?

— Мейли, — деди, ақырында бир шешимге келип, бир қарардың басына бас жип тағалмаған бий. Ҳәзирше усы жерде бола турыңлар. Дерегиңизди билип, изиңизден қуўғыншы келгенше бир илажын табармыз.

— Қоңыраттан шыққанымызға үш күн болды, — деди жигит басын көтермей. Кемеден өтип пияда келе бердик. Қуўғыншы дерегимизди билсе көп кешикпейди-ғой. Бир илажын қылың бий аға, биз қыршын кетпейик. Орта бойлы, нық денели, шашы тықырлап алынған басын орамал менен таңып алған, қызыл ширайы солғын тартқан, қыр мурынлы, қара көзлерине муң уялаған жигит бийдиң жүрегинде аяныш сезимлерин туўдырды.

— Алып қашқаның ким деген ниң қызы еди?

— Ғайыпназар бойрашы деген араллының қызы, — деди жигит. Төремурат суфийдиң алыс ағайиндери, деп еситем.

— Төре бийдиң бе?

— Ие, кешеге шекем Қоңырат әкими еди, ол.

— Төре бий менен Шоқай бийге исиң түсип турған болса дадыңды аллаға айтасаң ба?

— Сол ушын да өзиңизден қолдаў тилеп келдим.

Қулшы бий Сейтмуратты шақырып, қашқынларды атхана жанындағы үйлердиң бирине орналастырып, ҳәллендириўди тапсырды.

Қашқынлар жөнинде бираз бас қатырған бий ақыры бир шешимге келди. Оларды қуўғыншыларға байлап бергенимде Төре менен Шоқайдан алғыс аламан ба? Оннан гөре еки жасты қутқарсам саўап қылған боларман, мәгар? Сейтмуратты шақырып қашқынлардың аўҳалын сорады. «Бергенди ишип-жеп, бир-бирине телмирисип отырыпты, байғуслар» деген сөзлерди еситкеннен соң атбағарға: «миниске шыдамлы ябы атлардан бирин ертлеп, таяр қылып қой, ҳеш кимге даңғара қылма», деп пинҳамы тапсырды. Және: «түн жарпы болып, ел жатқаннан соң жөнеп кететуғын қашқынларға да айтып қой», деп зинҳарлады.

Ақшам атханаға бийдиң өзи келди. Балсарыға қалай қарай жүриўди, Ақсуўатқа барған соң қайтпаған болса Бектемирге, егер ол болмаса кимге жолығатуғынын, атты кимге тапсыратуғынын түсиндирип, ҳақ жол тиледи. Балсары бийдиң аяғына жығылып, миннетдарлық билдирди, ал келиншек бийдиң қолын сүйгенде жүзинен сорғалап турған ыссы көз жаслары бийдиң бармақларына тамып-тамып кетти.

— Өле-өлгенше сизиң атыңызды атамның атының орнына тәкирар-тәкирар айтып жүремен, — деди сыбырлап. Алла сизди өз панайында асырағай, қәдирдан атам.

Кеўли бузылған бий келиншектиң маңлайынан сыйпалап:

— Жолларың болсын, — деп сыбырлады.

Түн қойнында жалғыз аттың дойнағынан таралған дүбирли қатара қонған үйлердиң ийтлерин үргизип, алыслап кете берди, әлленемирден соң пүткиллей еситилмей қалды.

Көмекке мүтәж болғанлардың мүшкилин жеңиллестиргенине кеўли марқайып, отаўында арқайын жатырған бий аўыл ийтлериниң үргенинен бир топар атлының келгенин сезди. Көп өтпей қуўғыншылар есикте турған еди. Бийдиң руқсаты менен кирген жигит еле күн салқын тарта қоймағанына қарамастан үшқулақ бас кийимин таслamаған, әдепти билетуғын көринеди, сәлем берип, усынылған орынға дизе бүгип аманат ғана отырды.

— Қоңыраттан келемиз. Буйымтайымды айта отырайын, әлимниң бир тентеги бай улы Шоқай бийдиң баласына айттырып қойған қызды тойдан бир күн бурын алып қашып кетипти. Қашқындардың изи Шымбайға, одан шығып, сизиң аўылыңызға тақалып турыпты. Соны берсеңиз, Қоңырат бийи Төремурат та, Шоқай бий де сизден разы болар еди, — деп бир иркилди.

— Келсе келгендур, — деди бий еки-ушлы етип. Ел болған соң жолаўшы иркиледи. Ҳәр келген жолаўшылардан жол болсын сорасақ та, ата-тегин, қайда баратырғанын сорамаймыз.

— Сорай-сорай келемиз. Изи сизиң аўылға тақалды.

— Тақалса ас ишип, ҳәлленип тағы бир тәреплерге жол алған шығар. Бизиң қолымызда сиз айтқан адамлар жоқ екенлигине ант ишейин бе? — деди бий қатыўланып.

— Жо-жоқ, сизди бир сөзли, туўры сөзли адам деп еситигемиз.

— Жүдә исенбесеңлер тинтип көриңлер, сорастырып көриңлер.

Жигит наразылығын билдирмей-ақ сыртқа шықты. Аўыл аралап көрди, ким биледи, деп сорастырды, анық дәрек ала алмады. Үйме-үй тинтиўге жүрек етип батына алмады. Қоңырат пенен оның бийи алыс, бул аўыл болса Хийўаның сорамында еди.

Шымбай қаласының қасындағы Қаракөлдиң бойында қонысланған Қыпшақ аўылында қашқынлардың изин жоғалтып алған қуўғыншылар дөгеректен бир-еки күн сорастырды, ақырында қыз бенен жигиттиң жоқлаўын асырып, Қусхананың үсти менен алды бурын Қарабайлыны, соң Әмиўдәрьяны кешип өтип, Қоңыратқа қуры қол қайтты.

Шоқай бий Қоңырат қорғанына арқа берип, дәрья менен теңиз, болмаса Үстиртке шекемги аралықларда көшип-қонып жүретуғын қазақ руўларының бийи, Қоңырат ҳәкими Төремурат суфий менен тамыр еди. Сол күнлерде Шоқай бийдиң аўылы Қоңыратқа жақын жерге көшип келген, той күни белгиленип, алыс-жақынға хабар айтылып қойылғанлықтан қысыныспаға түсип, ҳал-аўҳалды Төремуратқа да хабарлап қойған еди. Қуўғыншылар қашқынлардың изин Бухара таманлардан жақында көшип келген Қулшы бийдиң аўылына барғанда жоғалтқанын, қыз бенен жигиттиң суўға батып, я қумға сиңген яңлы излери жоғалғанын еситкенде тақаты таўсылды. Кимең, Шоқай бий Төремурат суфий менен қуда болса, қашып кеткен қалыңлықтың я өлиси, я тириси табылмаса Шоқай бий қыйналмай ким қыйналады?

Атланып Төремураттың аўылына келди. Суфий аўылы бәҳәрден баслап жазлаўға шығатуғын, аяғы теңизге қуятуғын Көксуўдан саға алатуғын Бақырған өзегиниң бойында отыратуғын, Қоңырат қорғаны бир ат шаптырым жерде қарайып көринип туратуғын еди.

Шоқай бий аўылға киреберисте шеткериге тигилген ақ отаўлар дөгерегине қатара байланған атларды көрип: «суфий қонақ шақырған ба», деп ойлап қойды. Төремураттың отаўына жақынлағанда қураллы жигитлер бийди иркти.

— Мен қазақлардың бийи Шоқайман, Төремурат мениң тамырым ҳәм қудам болады, — деди Шоқай қатыўланып.

— Бас үстине, — деди басына дубылға кийген жасаўыл басы. Қоңырат ҳәкимине хабарлаймыз. Аттан түсип, қуралыңызды қалдырсаңыз болды. Солай буйырылған, — деп қосып қойды.

Шоқай илажсыз аттан түсти, белиндеги қуралын шешип, жасаўылбасыға берди. Пиядалап суфийдиң отаўы таман кетти.

Қоңырат ҳәкими Төремурат бул ўақытта аталас инисиниң қызын, Шоқай бийдиң болажақ келинин әллекимниң алып қашқаны менен өләмәтә қызықпас, оны қыйнап атыран басқа мәселелер менен бәнт еди, сонлықтан Шоқайды кеўилсиз қабыллады. Қашқынды излеп табыў жөнинде ҳеш нәрсе айтпады. Оннан көре бийдиң қанша нөкер бере алатуғынын сорады.

— Шарўа халқы мал изинде-ғой, — деди Шоқай бий. Ат жиберип шақыртсақ бир айда, болмаса оннан кемиректе 40-50 атлы жигит жыйнармыз, — деди өзин қыйнап турған мәселени қойып, басқа мәселе қозғалғанына наразы болып. — Не сөз, не гәп, қәўип Хийўа таманнан ба, я қалмақтан ба?

— Хийўа таманнан, — деди Төремурат суфий. Мухаммед Рахим хан: «бағын», деп елши жибергенинен хабарың бар. Енди әскер тартып, бери атланыпты.

— Өзиң не қыялдасаң?

— Бир кәлле көрсем бе деген ойым бар. Ләшкер жақын келсе қорғанға бекинемиз. Ҳәзир Хожа елине келип ат басын тиреди, деген хабар бар, жансызлар ахбарат жиберип турыпты.

Шоқай еңсесин көтерип, ойға шүмди.

— Меннен көмек керек болса таярман. Айтылған атлылар бир ай емес он бес күнде есигиңизге келеди. — Орыстан жәрдем сорамадыңыз ба?

— Арысланның атын еситкеннен қорқыныш бийлеп, қуйқаң жуўлайтуғындай ақ патшаның да аты қорқынышлы. Оннан жәрдем келгенше бизди шаўып болады, — деди Төремурат үмитсизлик пенен. Қусхана менен Көкөзектеги қарақалпаққа арқа сүйер едик. Айдостың сай-ҳәрекетиниң арқасында оннан да айрылдық. Енди көк найзаны қолға алып, ҳаққа тәўекел етпектен өзге шарамыз бар ма, Шоқай?!

Жасы әдеўирге барып қалған, узын бойлы, арық-турақ денесин қустай жеңил тутатуғын, ҳәрекети шаққан, нәзерим қайтады, — деп ырым ете ме, адамға тикленип туўры қарай бермейтуғын, басына жарасықлы жасыл сәлле ораған, белине бийлик белгиси болған, қыны зер менен кестеленген, сүйек саплы пышақ тағылған, көп руўза, таҳат-ибадаттың белгиси ме, қыр мурынлы, бийдай рең жүзи қансыз, ләблери жуқалаң киси Қоңырат ҳәкими Төремурат суфий еди.

Арғы нәслимиз Хорезм ханларына тақалады, деп мақтанып жүретуғын Төремурат қоңыратлы ақсүйеклерден болып, аталары Хийўа

ханлығына гә бағынып, гә бир неше жыллар бойына ғәрезсиз болып жасаған, ғәрезсизлигин қорғап неше мәртебе жаўласқан, Төремурат суфийдиң тусында Қоңыраттың батысында көшип-қонып жүретуғын қазақларға, Әмиўдәрьяның оң жағалығындағы қарақалпақларға арқа сүйеп Хийўаға салық төлеўди тоқтатып, ҳеш қандай көмеги болмаса да орыс пуқаралығындамыз, деп жүретуғын еди.

Жаңадәрья қарақалпақларын Шымбай әтирапларына көширип әкелип, ханлықтың арқа тәрепиндеги шегараларын беккемлеген Мухаммед Рахим хан Қоңыратты бойсындырыўға шынтлап киристи. Бул ўақытларда Қоңыраттың дөгерегине халықлар көшип келип, кем-кемнен толыса барды. Батыста қазақ қәўимлери Үстирт пенен Арал бойларына қырға мал жайып, қысқа қарай — ойға, шөби мол далаларға, көллер менен дәрья бойларына қулайтуғын, ал қубла тәрепте шарўа түркмен қәўимлери Қоңырат пенен Гөне Үргениш орталығын жайлап жүрди. Дәрья тармақларына жақын қонысланған араллылар менен қарақалпақлардың қоңырат арысы дийқаншылық егип, балық аўлады. Жоқарыда айтылғанлардың шарўасынан зәкат, дийқаннан кеспе салғырт жыйнаса бәрқулла зерге мүтәж болып туратуғын хан ғазнасы толып-таспай ма? Әлбетте хан да, қусбегилер менен сарай әмелдарлары да сол пикирде еди. Бирақ оған кесент келтиретуғын бир себеп бар, ол да Қоңыраттың, олардың бийи Төремурат суфийдиң хан әмирин мойынсынбаўы емес пе? Әне, сол себепти жолдан алып тасламақ ушын хан ақырғы шараға — Қоңыратқа жүрис қылыўға қол урған, солай етип Төремурат суфийды дөгерекке алаңлап, шара излеўге мәжбүр еткен еди.

Шоқай бий дәртине малҳам бола алмаған, керисинше өзи қоллап-қуўатлаўға мүтәж болып отырған суфийди отаўында қалдырып, үйден шықты. Хошласыў пайытында бий ўәде еткен 40—50 атлыны жыйып, оларды қураллandырыўды қайта-қайта өтиниўинен суфийдиң албырап атырғанын айқын сезди. Тил менен ўәде берген болса да, ис жүзинде «жигитлерди жыйнаўға асықпаў керек», деген ойға барды. «Хан ләшкери келсе, үлкен саўаш болар, саўашта ким өледи, ким қалады, ол жағы перде артына жасырынған. Шарўаға кең жайлаў болса жетип жатыр, аржағына бас аўыртып қәйтеди. Зәкатты кимге төлегенде не? Оны Төремуратқа төлеймен, деп жигитлердиң қанын төгиў жарай ма? Әлбетте жарамайды».

Белиндеги жарағын қалдырған үйге жетемен дегенше усындай шешимге келген Шоқай жасаўылбасы узатқан қылышын байлап атырып, өзиниң бунда келгендеги жумысын ядына түсирди. Төгилер абырай төгилди, төгилер қатық төгилип болды. Деген менен көкирегинде душпанға, бий Балсары әлимди әлбетте душпан деп есаплар, арын аяқ асты еткен сол бир қуў гедей болмағанда ким

душпан болар еди, деген кек бурынғыдан бетерирек ғыжлап жанар, қолға түссе ески дәстүр менен сол бузықларды тас боран етиў, я асып өлтириўди әрман етер, сол ушын да оларды услап алыўдан үмитин үзбеген бий енди аўылға барып, бул исти белгили из кесиўши ҳәм қарақшы Балмағамбетке тапсырыўды ойлады.

Төремурат жүзбасыларын ойласыққа шақырды.

Ойласықта: «Қоңыратты ханға тапсырыў керек пе, я саўашқа кирген мақул ма?», деген сораў ортада турар еди.

Жас ҳәм тәжирийбесиз, сол ушын сөзге батыр, екинши таманынан саўашқа түсип ығбалын сынап көриўге умтылып жүрген Балтақ жүзбасы хан ләшкерин қылыш ҳәм найза көтерип қарсы алыў дәркар, — деп даўрықты.

Қарашай батыр бул усынысқа қарсы болып, Қоңыратты ханға берип, Үстирт таманға шегиниў мақул екенин айтты. — Душпан келер, ҳеш ким қарсылық қылмаса қатын-балаға тиймес, оған кереги ел менен жер, төленетуғын салғырт емес пе? Он-он бес күн турып, әжели жеткенди өлтирип, биреўди ҳәким етип қойып, өзлери келген изинен қайтпай ма? Әне сонда шәҳәрге қайтып барып, қойған адамын урып-соғып қуўып салып, Төремуратты тағы ҳәким қылсақ, оған не дейсиз?

Бул пикирди жақлағанлар да, оған қарсы шыққанлар да болды.

Қарашай батырдың гәпинде жан бар еди. Көп саўашқа түсип, жан алып-жан берип көрген, қоңыраттың баймақлы тийресинен болған Қарашай батыр өз сөзиниң ийеси еди. Сонлықтан Хийўаның қуралланған ҳәм саўаш алып барыўға үйретилген, полат саўыт кийген үш мыңлық ләшкери алдында суфий жыйнаған базының қылышы, базының найзасы бар, жақсы қуралланбаған бир неше атлы қарсылық көрсеткенде не қыла алар еди? Тек бийҳуўда қан төгилгени қалмай ма? Дөгеректеги көшпели қәўимлер: қубладағы яўмытлар менен батыстағы әлим ҳәм адайларға, дәрьяның оң жағындағы қарақалпақларға арқа сүйеп болар ма еди? Олар ғайрат салғанда 100 атлы, 200 атлы жыйып келер, олардың саўашқа дәркар болған қурал-жарағы бар ма, я жоқ па, ол жағы да намәлим. Усылардың бәрин қыялынан кеширген суфий Қарашай батырдың гәпинде жан бар екенлигин аңғарды. Бирақ беглигин бузғысы, жүзбасылар алдында өзиниң күшсиз екенлигин әшкара мойынлағысы келмеди. Келеси буйрықты күтиўди тапсырып, ҳүзирине топланғанларға руқсат етти.

Араллы қоңыратлар көп заманлардан берли гәҳи көшпели қәўимлер менен, гәсинде өз қарамағына қосып алыўға бәркулла умтылатуғын хийўалылар менен өз ғәрезсизлиги ушын гүрес жүргизип отыратуғын еди. XIX әсирдиң Төремурат суфий тусында гүрес тағы да кескинлести. Бул дәўирге келип Хийўа шегараларына рус

империясы ақырынлық пенен, бирақ анаў-мынаў күш төтепки бере алмайтуғын дәрежеде табанлылық пенен жақынласып киятырған, сонлықтан ханлық оны иркиўдиң барлық шараларын көрмеске илажы жоқ, себеби рус империясының Орайлық Азияға қарай жылжый бериўи ханлықтың, оның халықларының ғәрезсизлигин қәўип астында қалдыратуғын дәрежеде қәтерли еди.

Қәтерли қәўипти сапластырыў ушын ханлық биринши нәўбетте өзиниң арқа батыстағы шегараларын беккемлеўге умтылды. Рус империясы қарамағына өткен қазақ жерлерине тийик жайласқан еллерди жақынырақ орынларға көшип қонысландырды, еле ханлықты мойынламағанлардың ханлық ҳүкиметине мойынсыныўын тәмийинледи. Әмиўдәрья ағысының оң тәрепинде бир ўақытлары араллы қоңыратлар ҳәм қарақалпақлардың орайы болған Шахтемир қаласының өмир сүриўине шек қойыў арқалы олардың бирлесиўине тыйым сала алды. «Ақтабан шубырынды» ҳәм Абылқайыр шабылыўынан кейин, Көкөзектиң аяғы менен Қарабайлы бойларына көшип келген қарақалпақлардың бийлерин қолға алып, өз таманына аўдарыўға еристи.

Дәслеп Есенгелди мәҳрем, соңынан Айдос бий қоңырат арысын Хийўаға пуқара етти. Бирақ көп қоңыраттың ишинде Айдостың изине ериўди қәлемейтуғын, Қоңырат қорғанына арқа сүйеген араллы қоңыратлар менен қарақалпақлардың өз салтанатын дүзиўди әрман етиўшилер де бар еди.

Ойласыққа келгенлер шығып кеткеннен соң үстине ҳеш кимди киритпеўди жасаўылбасыға тапсырған Төремурат суфий өз отаўында терең ойға шүмди.

Инсанның басына қыйыншылық түскенде ол ең алды бурын өз өмириниң жақсы күнлерин, бәрбад болған шийрин арзыў-әрманларын еслейди, сол күнлерди, сол пурсатларды қолдан шығарып алғанына пушайман болады. Мейли, ол ҳештеңеге турмайтуғын бос қыяллар жыйынтығы-ақ бола қойсын, деген менен сол алыста, өткен күнлердиң думаны ишинде жулдыз киби жарқырап турған қыяллар ушын пүткил байлығын, жақынларын, керек болса адам ата жаралғалы берли ҳәр инсан баласына дүньяда ең бийик болған алтын таўларынан ҳәм қәдирли болған шийрин жанын қыйып жибериўге де тайын турады. «Жоғалған пышақтың сабы алтын», деп сол ушын да айтқан болса керек.

Төремурат суфий биз жоқарыда баян әйлеген ҳалатты бастан кеширип отырмақта еди, десек қәтелеспеймиз.

Оның пикиринше Қоңырат ҳүкимдарлығын тиклеўге қол созым ғана жер қалғанлығы, әттең ол пайытты қолдан шығарып алғанлығын еслеп қатты өкинер, пушайман жер, тик-тик жүретуғын қәдди

бүгилген, басы ийилип, сақалы көкирегине тирелеп турар, анда-санда тисленип, тисин ғышырлатар, узын қолларының ақ сүйеклерге тән, бел услап, қабарыўды билмеген нәзик ҳәм узын бармақлары жудырық болып түйилген, қатты ызаланғаннан ба, я өкингеннен бе, көзинен ерксиз сорағалаған жас тамшылары жүзинен төмен ағып, сақалын ығаллар еди.

Жыллы сөйлеп, руслар таманға өтиўди үгитлеген қазақ төрелериниң гәпине кирген болып, көзабаға «рус пуқаралығын қабыл еттик», дегени менен Яссаўий тариқатына садық аталарының перзенти болған Төремурат ғайрыдинлерге әзелден исенген емес. Қазақ төрелери менен русларға жан басқан болып көриниўден гөзлеген баслы мақсети-ҳүкимдарлық ушын гүресте батыстан, яғный қазақ жерлери арқалы өтип руслардан ҳәм қалмақлардан келетуғын қәўипти болдырмаў, керек болса оларға арқа сүйеў еди, ал өзиниң ең садық аўқамласы, деп қоңырат арысын санайтуғын еди.

Енди болса жаў бастырып киятырған пайытта оны қоллаўшы қоңырат арысы оның қасында жоқ, олардың басында туратуғын еки баҳадыр, Айдостың еки бирдей иниси, арыслан айбатлы әскербасы Бегис мырза, жолбарыс жүрекли, пил тақылеттеги қарыў ийеси Мыржық батыр жоқ еди.

## 4

Кел, баба өтиңиз төрге,
Ҳақ Яратқан нәзеркәрда,
Теңгени бөлдик төрт жерге,
Бир үлеси Айдос баба.

*Бердақ*

«Айдос баба киятыр», деген гәп алды бурын Қулшы бийдиң аўылына жетип, соңынан тынып турған суўға таслап жиберилген кесектиң пайда еткен толқыны жайыла-жайыла суў бетиниң бираз жерин бийлеп алатуғыны киби Шымбай әтирапына жақында қонысланған аўылларға, соңынан шәҳәр қорғанының көбинесе ашық туратуғын дәрўазаларынан кирип, хәўлилерде жасап атырғанлардың да қулақларына жетти. Қаракөл менен Лар ортасында отырған Қулшы бийдиң аўылы да бул хабарды еситти, әлбетте.

Қарақалпақлар жайлаған жерлерде, оны қоя берип дәрьяның арғы жүзи Қоңыраттан тартып Маңғытқа шекем, барың, ҳәттеки Хийўаға шекемги аралықта жасайтуғын халықлар «Айдос бий» деген атты еситкен, еситип коймай оның ерлиги менен батырлығынан, абырайы менен даңқынан хабардар, ол жөнинде айтылып жүретуғын алды-қашты, яқшы-яман гәп-сөзлерден де ўақып еди.

«Жүз рет еситкеннен, бир рет көрген абзал», «Жақсыны көрмек ушын» дегендей бийдиң атын билип, мәртлиги тәрийиплеп айтылатуғын әңгимелерди тыңлағанлар оның өзи Шымбай таманларға киятырғанын еситип ғалаўыт тапты, қашан жетип келетуғынын, оны қонақ етип күтетуғын бахытлы шаңарақ кимдики болатуғынын сорастырып билип алыўға, бий келер пайытта сол кәраға келип, озса қолынан алып, сәлемлесип, көрисип қалыўға, ондай әўметке миясар болмаса да ең болмағанда атын жылаўлап-ақ өкиреӊ қағып, қапталласып жуўырыўға, ямаса зәңгисине қол тийгизип қалыўға, жүдә болмағанда қара көрлим жерден болса да бир мәрте көрип қалыўға имканият қарастыра баслады.

Инсанның бул ғайры әдети әлбетте қызығыўшылықтан туўылған, адамзат жаралғалы берли оған жолдас болып киятырғанлығы даўсыздағы, бирақ инсанның бул қызығыўшылығының арғы жағында қандай арзыўлар буғып атырғанын анық айтыў айтып бериў оғада мүшкил нәрседур. Ким биледи, ҳәр адамда бул қызығыўшылықтан мақсет ҳәр қыйлыдур. Әлқысса биреў дәўлетли, даңқлы, абырайлы адамды көрип, «ҳей, ол да өзиме уқсаған адам екен-ғой» деп қоя қалар. Кимдур әўметли адамды адайы көрип, «мен де сонындай болсам, яки мен болмасам ең қурығанда мениң перзентлерим әўметли болғай», деп тилек қылатуғындур, ким билсин. Қалай дегенде де аталарымыздан, мамаларымыздан мийрас болған бундай үрп елеге шекем бизиң қанымызда жасап киятырғанына гүман жоқ.

Қулласы кәлам, Айдос бий киятырғаны ҳаққындағы хабар өзгелерди қалай дүрликтирген болса, Қаракөл бойындағы қыпшақ аўылын да сондай етип дүрликтирди.

Көп ойлап отырмай бир шешимге келген Қулшы атланып шығып, гүз жақынлағанын сезген яңлы қатты ағысы әдеўир жуўасып қалған Кегейлиден ат жалдап өтип, Орынбай бийдиң аўылына келди. Бийдиң өзи де үйинде екенлиги жүзикке қас қондырғандай бола кетти. Оның үстине Орынбай да гүрриңге адам излеп, телезиңкиреп отырса керек, отаўдың жапсарындағы жез шийдиң арасынан сығалап, Қулшы бийдиң келгенин көрип қуўанышын жасыра алмады.

— Кел-ҳай қыпшақ бийи, тартынбай ишкерилей бер, мен ишкеридемен, деп қуўнақ даўыслады. Қонақтың өзи де көп өтпей «Ассалаўма әлейкум» деп, отаўдың ергенегин шықырлатып ашқан хызметкер жигиттиң изинен еңгезердей болып кирип келди.

Қулшының ҳүрмети ушын орнынан турған Орынбай бий қол алысып, аманлықты сорасқаннан кейин төрге мирәт етти.

— Ал, жол болсын қыпшақтың бийи, келетуғыныңды ескертпей ертелетип келиўиңе қарағанда қандайдур жаңа хабар әкелгенге уқсайсаң, — деди биринши болып гәп баслаған Орынбай.

— Дурыс таптыңыз бий аға. Кеше кешқурын хабаршы жетти. Айдос бий жиберипти. Таңда атланаман. Намазлыгер-намазшамға жетермен, бийлер жыйналсын, Орынбай бий әлбетте болсын, айтатуғын гәпим бар, депти.

— Кеше кешқурын, болмаса азанда-ақ бир хабаршы шаптырсаң болатуғын еди-ғой, деди бий Қулшының өзи келгенин жүдә қубақып көрип турса да.

— Ондай етсе де болар еди. Бирақ өзиңизге айтажақ бир буйымтайым болды, және бираздан көриспедик, сәлем берейин дедим, бий аға.

— Тәңир жарылқасын, өзиң келгениң жақсы болыпты. Айыпқа буйырмайсыз, мал сойыўға асығыс болатуғын шығар. Айдос бий таңда атланған болса оны күтип алыўдың тәтәрригин қылыўымыз керек. Буйымтайыңды да айта отыр. Сур гөшке қайыл боласыз енди, қыпшақ бийи.

— Қонақ асыны жегенбиз, оны қайғырмаң бий аға. Буйымтайымды айта отырсам: киятырған қонақты бизиң отаўға түсирсек, қалай болар екен, «алдымды кести, жасы үлкен едим-ғой», деп сиз өкпелеп қала ма деп абыржы болып турғаным, — деп кеўлиндегини ортаға төгип салды.

Орынбай бий бир пурсат ойланып қалды.

— Айдос бий үйимде қонақ болған, — деди араға шөккен азыкем үнсизликтен кейин Орынбай. Мейли, бул сапары Айдос сениң қонағың бола қойсын.

— Улларың бар ма?

— Аллаға шүкир, тәңриниң бергенлери бар.

— Жүдә мақул. Оларға уллы бийдиң пәтиясын әпересең.

Қулшы менен Орынбай бий буннан соң көп егленбеди. Қыпшақ бийиниң отаўына барып, Айдосты күтип алыўдың тәтәрригине кирисетуғын болды. Атланып келип бийдиң отаўына түсти.

Енди келетуғын қонаққа арнап отаў тигилди.

— Қонаққа не сойсам болады? Түйе де бар, бийе де бар, тай да бар, қайсысын ылайық көресиз, бий аға, — деп Қулшы Орынбайға кеңес салды.

— Малың қоңлы ма?

— Қудайға шүкир қоңлы. Лар менен Қаракөлдиң ортасы малға жайлы.

Ойласып-ойласып, ақырында еки жасар тай сойылды.

Көкөзектиң аяғындағы Айдостың қонысынан Шымбайға шекем таңда шыққан атлы кешке жетип келетуғындай жол, жүрмел минген адам оннан бурын келиўи итимал еди. Бий күн батпай жетип келераў, деп шамалаған қызығыўшаң халық, Қасқа жолдың еки бойына

топ-топ болып жыйылған халайық узақларға көз тигип, я ат туяғынан тараған шаңғытты, я күтилген атлылардың өзлерин көре алмағанлықтан тақатлары таўсылар, биразлары үйли-үйине тарқасар, олардың орнын қызығыўшылардың жаңа топары толтырып турар еди.

Күн еңкейип, Шымбайдың пақса дийўалларының аржағына батыўға бейимлесе баслаған пайытларда қайдандур «киятыр» деген хабар еситилди де, таңғы жаңғырық киби қайта-қайта тәкирарланып, қызығыўшылар топарын бир теңселтип қойды. «Киятыр» деген хабардың кимниндур аўзынан шығып кетиўине себеп болған, ямаса сол сөзди өзи еситтирген, астындағы аты ақ көбик болып терлеген салт атлының өзи көринди. Жийрен атты аямай, патырақлатып шаўып киятырған адам, «бий келгенде ғапыл қалмайық, аўыл сыртына шығып күтип алайық», деп Қулшы менен Орынбай жөнелткен жигитлердиң бири болып, өзи де қонақлардың төбесин көрмей-ақ, киятыр деген ғалаўыт пенен биринширлерден болып, тап байрақ алатуғын адамдай атын қамшылай берген қусайды.

— Киятыр, — деп даўыслады Қулшының отаўының жанында атының жылаўын тартқан хабаршы жигит.

— Қай жерге жетти?

— Бул ўақытлары, Теңгешашқанға жетип қалғандур.

— Неше атлы.

— Оны санай алмадым. Расында атлыларды да көрмедим. Буйдалыдан берide, Қасқа жол үстинде шаң көринген еди, — деди жигит изин гүмилжи қылып. Хабаршының шалалыққа жол қойғаны сонда билинди.

— Ҳәй Қарсақбай-әй. Сәл сабыр қылып, анығын билип, соңынан ат қамшыламайсаң ба? Әкеңниң қына тойына айтыўшы болғандай алды-артыңа қарамай қуйынлата берип! Иштен еситилген даўыс Қулшының даўысы еди. «Алғыс аламан», деп ат шаптырып келип, бийден тәмби еситкен жигит өкинип, астыңғы ернин тислеп алды.

Еки бий атланып, аўылдың туў сыртындағы бийигирек жерге шығып, атларынан түсти. Бәлент жер Қасқа жолдың бойында еди.

Көп узамай Қасқа жолдан көтерилген шаң созылып кем-кемнен бийлер турған төбеге жақынлап келе берди де, ақырында излеринде шаң қалдырып киятырған атлылардың өзлери көринди.

Атлары қара терге батқан топардың алдында боз жүрмелдиң үстинде ой сүрип киятырған, бөз көйлектиң үстинен жеңи қысқа, өзи жуқа ҳәм жеңил шекпен кийип, жүни селкилдеген өсик қозы терисинен тигилген қара бөрикти желкесине ысырып қойған, атта нық отырған, қонған шаңнан ба, я өзи солай ма сақал-мурты аппақ, қызыл шырайлы киси пүткил қарақалпақтың бийи — Айдос бий еди.

Мойнын алға созып, денеси атылатуғын сары жай шегиндей тартылып, ҳәр қәдемди шынт ықласы менен барынша алысқа таслап, баўыры жазылып, қулақларында гүўлеп ескен самал менен жарысып, пүткил бедeнинен тер тамшылап желип киятырған боз жүрмел алыстан топ-топ болып турған аламанды көргенде қаны қайнап, аўызлық пенен алысып, бурынғыдан бетерирек йош пенен алға тасланды. Буны аңғарған ат ийеси муртынан күлип, зәңгиге ширенип, кеўли дәрьядай тасып «ҳәй, жетер, жетер боз жүрмел», деп атты марапатлап, сәл ийилип, аттың мойнынан шаппатлап қойды.

Еки бий қасына жыйналған сол дөгеректиң бийлери ҳәм ақсақаллы адамлары менен төбеден түсип, Айдос бийдиң жылаўынан услаўға асықты.

Адамларға жақынласқан бий аттың жылаўын тартты. Жыйналған аламан «Ассалаўма әлейкум бий аға», «Хош келипсиз», «қәдемиңиз қайырлы болсын», деп шуўласар, телпеклерин аспанға атар, бирақ Орынбай бий баслаған топардан ҳәм сусты басым Айдостың өзинен тартынғанлықтан ғана зәңгисине асылыўдан өзлерин тыйып турды.

— Хош келипсиз бий баба, — деп Айдостың аттан түсиўине мүмкинлик берместен боз жүрмелдиң жылаўына асылған еки бий әдеўир жерге шекем ҳүрмет жүзесинен ат пенен тең жүрип отырды. Айдостың өзи: «Жетер, жетер, бийлер, жетер енди, бир көрисип алайық» дегеннен соң ғана, бири зәңгисинен басып, бири қолтығынан алып сүйеп, бийди боз аттан түсирди.

— Қәне Орынбай бий, кел бери, бир төс түйистирейик, көптен берли көриспедик, — деп Айдос Орынбайды баўырына тартты. Соңынан қос қоллап көристи. Аманлық сорасты. Көрисиў гезеги Қулшы бийге келген еди.

— Бул жигитти бурын көрмегенмен, Орынбай, ким болды, бул? — деп Қулшыны меңзеди.

— Бул ма? Бул жигит Қулшы бий. Бухарадан көшип келген қыпшақлардың бийи.

— Артық бийдиң баласы ма?

— Үстинен түстиңиз, бий баба.

— Артық сери жөнинде көп еситтим. Сазға, сәўбетке бейим адам деп айтысар еди. Өзин көриў несип етпеди, жайы жәннетте болсын. Ал, бизди аўылыңа басла, Орынбай бий, — деди Айдос бий. Жақын қалды ма?

— Еле бир ат шаптырым жер, бий баба. Атқа қайтып минесиз.

Өзимшил, сый-ҳүрметке бөленип үйренген бийге Орынбайдың «атқа қайтып минесиз» деген сөзи унамай қалды, бирақ устамлы бий оны билдирмеди. «Атқа қайтып минесиз», дегени неси? Аттан

түсип пе едим өйтип?». Ол өзи ийелеп киятырған бийлик ҳәмелин «атқа миниў», деп түсинетуғын, сол ушын да ырым етип «аттан түсиў» деген сөзди унатпайтуғын, набада оның бул сөзди унатпайтуғынын билмейтуғын «аттан түсип, қонақ болың, суўсын ишиң» дегенлердиң мирәтине қайрылмай кететуғын әдетин көпшилик аңлай бермес еди.

Таяр турған еки жигит Айдос бийди атқа миндирип, екеўи еки жылаўдан услап адым-адым жүрис пенен аўылға қарай бет алды, бул ўақытқа шекем атқосшылары услап турған атларына минген еки бий де Айдостың топарына жетип, изиректе келе берди.

Қонақ арнап тигилген отаўға түсти. Қымыз ишип, шөлин басып, жуўынып-шайынып алғанша үстине хызметкер жигиттен өзге ҳеш ким кирмеди. Жанындағы жигитлерге өзге үй тигилген еди.

Қонақ жол азабын умытып, өзине келди-аў, деген ойда намазшамды оқыған соң еки бий қонақтың үстине сәлем берип кирип барды. Дизерлеп отырып, қайтадан сорасты. Мисли хан алдында отырған киби Айдос бий мирәт етпегенше есигирек тамандағы орынларынан қозғалмады.

— Қәне, енди жайласып отырыңлар, — деди бийлердиң өз ҳүрметин жайына қойғанына кеўли толған Айдос.

Бийлер жайласып отырды. Көп өтпей тайдың писken ети салынған үлкен қара самарды көтерген жигит кирди. Ҳәр бийдиң алдына кишигирим ағаш табақлар қойылды. Таза бөз сүлгилер тасланды. Бийлер алдыларындағы ыдыстағы гөштен беллериндеги белбеўлеринен суўырылған пышақлар менен кесип алып жеўге киристи. Көп өтпей тағы бир табақта семиз қой ети, қошқардың геллеси, қой етиниң сорпасы әкелинди.

Қулшы бий атын көп мәрте еситкен Айдос бийге көз астынан қарап, бет-әлпетин, сын-сымбатын бақлар еди.

Орта бойлыдан бийигирек, аяқ-қолы жуўан, мығым денеси оның зор күш-қарыўдың ийеси екенинен дәрек берер еди. Үлкен басы, кең маңлайы ақыллылықтың белгиси, қалың қаслар жаўып турған, тикке қарағанда өңмениңнен өтип кететуғын, теренде жайласқан қара көзлер батырлықтың, ҳеш нәрседен қорқыўды билмейтуғын ержүрек тәўекелшиликтиң нышаны шығар? Шоқ сақаллы, қызыл шырайлы жүзине қыр мурыны жарасықлы, жуўан мойны бөз көйлектиң дөңгелек жағасына зорға сыйып турғандай көринди.

«Мойны жуўан, жаўырыны тутас бул адам өжет, айтқанынан қайтпайтуғын, көзлери қорқынышлы, өз мақсетлерине ерисиў жолында ҳеш нәрседен тартынып отырмайтуғын бул адамнан аўлағырақ жүрген мақул», деп ойлады Қулшы бий.

Тай етинен азғана татқаннан соң қой етине қол созған Айдос бий Қулшыға қарады.

— Қулшы бий, қулақ жейтуғын балларың бар ма, шақыр.

— Қуллық бий баба, — деди орнынан турып төжим еткен Қулшы бий. Соң есикте турған хызметкерге буйырды:

— Ережепти шақыр!

Көп өтпей шапанының сыртынан бууылған белбеўге кишигирим гезлик пышақ таққан, нағышлы тақыясын желкеси таман ысырған, бойы жасына сай емес узарып өскен Ережеп сәлем берип, есикте иркилди.

— Атың ким, — деди Айдос бий, балаға оны сөйлеткиси келип. Болмаса атын ҳәзир ғана еситкен еди-ғой.

— Ережеп, — деди бала шәңкилдеген даўыс пенен.

— Көп жаса балам. Бий қолына қошқардың геллесиниң бир қулағы ҳәм бир жилик ет салынған табақты көтерип, балаға усыныўға ыңғайласты. Қәне беррегирек кел, ҳә түпәләм, кем болмассаң. Мине бастан пайың, табақтан пайың, «бий баба асық жилик берди» деп өкпелеп жүрме, бүгин тоқпақ жилик әкеңе тийисли. Мә, ала-ғой енди.

— Қуллық ата, — деп Ережеп еңкейип келип Айдос усынған табақты алды. — Қуллық бий баба. Соң жанында турған хызметкер жигитке берди.

Қонақ баланың «бий баба» деп атағанына кеўли толып пәтияға қол жайды.

— Қәне, жай қолыңды, өсип-өнгейсең, әкеңдей, бәлки оннан да абырайлырақ бий болғайсаң, әўмийин! Ал, енди бара бер.

Бийлер ет жеп, соңынан қымыз ишти. Әңгиме пайыты келип жеткен еди.

— Енди кишигирим гәп бар, — деди қымыздан соң териси жайылып, миймандослыққа разы болып, кеўли толған Айдос бий. Орынбай менен Қулшы бий жолға таярланыңлар. Ертең бир күн жүремиз.

Еки бийдиң де тилине бир сөз келген еди: «Қайда барамыз?»

— Хан шақыртыпты.

— Ҳә-ә, — дести еки бий бирден. Тағыда «не ушын шақыртыпты», деген сораўлар көмекейде иркилип баслады.

Айдос бий гәпти алысырақтан баслады.

— Хабарыңыз бар, Муҳаммед Рахим хан маған өзине исенгендей исенеди. Сол ушын ҳәм усы күнге шекем дәрьяның бержағына салық жыйыўға мәхрем я найып жибермейди, мениң жыйып апарғаныма қайыл болып, өзимниң үлесимди қайтарып береди. Бул халыққа, елге жақсы, есигине «салғырт төле», деп жасаўыл келмейди. Дәрьяның

арғы жүзинде де қарақалпақ көп, олар да салық төлесе, хан разы болар еди, бирақ олар Қоңыраттағы Төремурат суфийдиң гәпине ерип, оған арқа берип, жаман пикирде жүрипти. Төремураттың нийети өз алдына арканий дәўлет дүзеп, салтанат қурмақшы. Ал бул исте оның тоны келтелик қылады, түркмен менен қазаққа арқа сүйеймен,— дейди, бирақ олар исенимсиз, орыс патшасы алыс, ол мисли аспандағы жулдыз киби, күндиз көринбейди, ақшамлары жалтырап турады, бирақ жолыңды тапқандай жақты да бермейди, жылыўы да жоқ. Аталарымыз бир рет, еки рет орысқа арқа сүйеп көрип еди, олар бизди Абылқайыр ханның қылышынан қорғады ма? Қорғаған жоқ. Он-он бес бийди шақырып,тилхат алып, соңынан сарпай жаўып, кеўлин хошлады да, соңынан орыс төрелердиң өзлери елине қайтты. Мине, Орынбай, өзиң Жаңадәрьяда орысқа пуқара болып көрдиң. Қандай жәрдеми тийди, тийген болса, айт. оларға кереги, өзлериниң Қытай менен Ҳиндстанға жиберетуғын кәрўанларының аманлығы еди, солай емес пе?

— Солай болды, — деп мақуллады Орынбай бий.

— Сол сыяқлы Төремурат суфий ҳәм тулыпқа моңиреп жүрипти. «Орыс пуқарасыман», деп мақтанатуғын қусайды. Ертең Муҳаммед Рахим хан ләшкер тартып Қоңыраттың босағасында турса, орыс не жәрдем берер екен?

— Ол туўры, — деп мақуллады бийлер.

— Әне солай. Хан Қоңыратты бағындырмақ ушын әскер тартыпты. Сол ушын бизди— исенимли бийлерин баслап, жаныма келсин деп шақыртыпты. Жолға шығыўымыз ушын неше күн керек болады?

— Ләшкер жыйыў шәрт емес пе?

— Яқ, ханның ләшкери жетерли көринеди.

— Ондай болса жолға ертең-ақ таяр боламыз, — деди Орынбай.

— Таяр болыңлар.

Ўақыт қуптаннан өтип барар, уйқыға жататуғын мезгил де болып қалған еди. Қулшы бий қонағына «қайырлы түн» тилеп, Орынбай бийди атландырып, соң өз отаўына киргенде қоразлар шақыра баслады.

Айдос бий қонақ үйде жалғыз қалды. Күн бойы ат үстинде сапар шегип, шаршаған болса да көзлерине уйқы келе бермеди. Ойлары өтмишке, қызғын ҳәм өкинишли мәўритлерге орала берди.

Айдос жаслайынан атқа минди, топ баслады. Көпшиликтен ерекшеленип көзге түсиў балалығынан баслап әрманы еди. Ержетип, толысып, бала бий болып көзге түсти. Хийўаға барды. Бәлент минараларды, бийик дийўалларды, салтанатлы сарайларды көрип, соларға кириўди, қонақ болыўды ҳәўес етти. Бир ўақытлары қолында

үлкен бийлик болмаса да қарақалпақ төрелери— Артықғазыхан, Ядгар хан, еки Абылғазы Хийўа тахтында отырған, бирақ ҳақыйқый ҳәкимият инақлар қолында болғанын еситкен Айдос ханлықты әрман етти. Арзыўға айып жоқ, дейди-ғой. Бирақ аты аталған ханлар Шыңғыс әўладынан есапланар, ал ол заманларда болса тек Шыңғыс әўладлары ғана хан бола алар еди. Қоңырат арысының Айдос бий шыққан қолдаўлы руўы хан әўладынан емес. Айдос хан тегинен емеслиги ушын қайғырмады, көзге түсиўге умтылыўды тоқтатпады. Бир сапары жолбарыстың жатағына да шимиркенбестен кирип барған. Жарақтан қолында найзасы, белинде қылышы бар еди, ҳәзир де Айдос сол көзсизлигин марапатланыў менен еследи.

Ўақыя былай болған еди.

Көкөзектиң аяғындағы көл бойында Айдос аўылы жазлаўда отыратуғын еди. «Қалың қопада жолбарыс бар», деген ғәўесет таралды. Айдос аўылда еди, жигирма бесте, күш-куўатқа толы пайыты. Аўыл адамлары: Жолбарысты көрдик, қалың қопаға кирди, қайтып шықпады, сол жерде, сол жерде... деп жабырласар еди. Дәслебинде Айдос бул сөзлерге исенбеди. «Қорққанға қос көринеди» деген, адамлар шағал көрсе, жолбарыс дейди, деген ойға барды. Сонда да көпшилик пенен бирге қопалық таман барды, адамлардың арасында бираз жоралары, иниси Мыржық та бар еди. Жоқ, шынында жолбарыстың қопалыққа кирген изи бар, ал қайтып шыққан изи көринбейди. Соған қарағанда басқа таманнан шығып кетсе итимал. Айдос сол ойға барды.

— Көргенińизге неше күн болды, — деп сорады ол адамлардан.

— Үш күнниң жүзи болды.

— Ҳеш кимниң малы жойтылмады ма?

— Яқ, жоғалмады,— дести.

— Сонда не, жолбарыс қопаға кирип алып, аштан аш жата бере ме? Я жолбарыстың балық аўлап жегенин еситтиңлер ме?

Жолбарыстың балық аўлағанын ҳеш ким көрмеген.

Айдос жолбарыстың кетип қалғанына тақыйық исенген еди. Сонлықтан ойына қорқыныш келмеди. Қолына дәстеси узын найзаны алып, жолбарыстың изи менен қамыслыққа кире берди.

— Тоқта Айдос аға, мен барайын, — деп иниси Мыржық изинен даўыслады. «Сонда мен сеннен көре жүрексиз болғаным ба», деп ойлады ишинен Айдос ҳәм бул пикир оны ерксиз алға жетеледи.

Әдеўир жер жүргеннен соң қамыс сийреклесип, не ушындур шөп өспеген бир алаң гезлести. Жолбарыстың изи билинбей қалды. Алдында қалың қопалық көринди. Жигит екиленди. Изге қайтса ма екен? Онда изиндегилерге не дейди? Олар: — Айдос қорққанынан кейнине қайтты! — демей ме? Сол пайытта қулағына ыңырсыған

сес еситилгендей болды. Турып тыңлады, алдындағы қопалықтан шыққан сести анық еситти. «Жолбарыс жараланған», деген пикир қыялынан кешти. «Жаралы жолбарыс оғада қәўипли болады». Бул сөзди қашанлардур, кимлердендур еситкен еди. «Қайтыў керек». Бирақ ар-намысы менен өжетлиги кейинге қайтыўға жол қоймас еди. «Ҳәр бенде алладан әжел келмегенше өлмейди».

Найзаны алға тутып илгерилей берди. Алдындағы қопалық әйўан-жайўан етип басқыланған. «Жолбарыс аўнаған». Аяқларының ушына турып, мойнын созып қарады. Тири жолбарысты көрмеген еди. Турқы ешектей келетуғын, алашубар мақлуқ төрт аяғы төрт жақта жатар, анда-санда аянышлы даўыс пенен ыңырсып қояр еди. «Жолбарыс жатыр, тири» деп изге қайтып барып, адамларға айтса да болар еди, бирақ ар-намыс оған жол бермеди. Не ушын екенлигин өзи де анық билмей-ақ алға илгирлей берди. Аралық төрт-бес адым қалған, бул жүдә қәўипли аралық еди, егер жолбарыс ҳүжим етпекши болса бир секиргенде-ақ бул ортаны басып өтип, Айдосқа тасланыўы мүмкин... Соннан қәўипленип ол найзаны тик тутып, иркилди. Жолбарыс топылыс қылмады, оның орнына аянышлы нәзер таслап, ыңырсыды. Көз-көзге түскенде Айдос тил менен айтып жеткерип бериў мүшкил болған қандай да бир ишки сезим менен жәниўардың инсан баласынан жәрдемге мүтәж екенлигин түсинди. Бир-еки адым атып, тағы иркилди ҳәм жолбарыстың қандай жәрдемге мүтәж екенлигин анықламақ ушын оны дыққат пенен көзден кешире баслады.

Жолбарыстың аўзынан шығып турған сүйек дыққатын аўдарды. Алды бурын: сүйек тислеп жатырған екен, — деп ойлады, бирақ сүйек тислесе неге ыңырсыйды, деп қыяллады. Сүйек тамағына тығылған— деген шешимге келди. Тәўекел, сүйекти алып таслаў керек.

Ғаррылар айтатуғын мынандай рәўиятты еследи. Жолбарысқа дусласып қалсаң изиңе қайрыла сала қашыўды ойлама. Ол қаст етсе еки секирип, адымыңды алты аштырмай жетип алады. Оған жарақ та оқталма. Жақсысы орныңда қалша турып жолбарысқа тигилип қара, қашан оның көзи менен көзиңди дусластырғанша тигиле бер. Көзиңди дусластырсаң дәрҳал: «шерим, шерим, мен өз жолымнан кетейин, сен де өз жолыңа кет, шерим, шерим», деп тәкирарлай бер. Әжелиң жетип турмаған болса иншалла аман қаларсаң,— дер еди.

Айдос сол ҳәмелди қолланды. Көз бенен көз дусласты. Аўырыў менен ашлықтан қанталасқан жолбарыстың көзлери аянышлы бағар еди. Жигит батыл ҳәрекет етти. Найзаны жерге шанышты. Бир шама ўақыт қәўип-қәтерди ядтан шығарды. Қонышынан бузай тил қамшысын алып, оның узын сабын жолбарыстың ярым ашық турған аўзына тығып жиберип, сүйекти екинши қолы менен услап тартып

көрди. Қазық тислерге илинип қалған қандай да ҳайўанның тоқпақ жилиги алына қоймады. Қамшы саптың көмеги менен аўзын кеңирек ашып, сүйекти әрли-берли қозғап еди, сүйек қазық тистен босап, аңсат-ақ алынды. Алқымы сүйек тығынынан босаған жолбарыс терең дем алып, жаны жай тапқандай болды, көзлериндеги жалынышлы нәзер миннетдарлық нәзерине алмасты.

— Әнекей шерим, сени апаттан қалас қылдық. Енди сен өз жолыңа кет, мен өз жолыма кетейин, — деп Айдос жолбарыстың көзинен көзин айырмай найзасын алып, ушын жерге қаратыўы менен изге шегине-шегине қәўипсиз жерге жетип алғанда барып қамшысы жолбарыстың аўзында қалғаны ядына түсти. Тамағына тығылған сүйектен дурыслап дем ала алмай ҳәлсиреген бе, я ашлықтан болдырған ба, әлленемирде өзине келген жолбарыс орнынан турды, аўзындағы қамшыны таслады, соң миннетдаршылық билдирген киби Айдосқа қапталдан қайрылып қарап-қарап қойды, ақырын қәдем басып қалың қамыслыққа кирип кете берди.

Айдос жолбарыс қалдырып кеткен қамшысын алды. Бул ўақытларда қамыслық басланатуғын жерде қалған аўыл адамлары, әсиресе, палўан денели Мыржық «ағама бир нәрсе болып қалмады ма», деп қәўетерлене баслаған еди, көп узамай оның: «Айдос аға, қаяқтасыз! Айдос аға!», деген ири даўысы көлди жаңғыртты. Шыдамы таўсылған аламан Айдос таман келмекте еди. Көп узамай алыслап баратырған жолбарыстың гүлдирмамадай етип ақырған сести адамларды шоршытып жиберди. Олар ҳәр қыйлы жаман пикирлердиң басына барып та үлгерген еди, қарсы алдыларынан шыққан Айдосты көргенде таңланғанларын жасыра алмады.

— Қудайға шүкир, тиримисең?

Усы пайытта жолбарыстың ақырғаны тағы да еситилди. Ол даўыста қәҳәр-ғәзеп, өш ҳәм ыза жоқ еди.

— Жолбарыс маған миннетдарлық билдирип атыр, — деди Айдос күлимсиреп.

— Тиримисең әйтеўир? Жолбарысқа дус келмедиң бе? Қолыңдағы сүйекти қайдан алдың? — деп жабырласты аўылласлары.

— Жолбарыстың басына бир түсириў ушын алған-ғой, — деди ҳәзилкеш биреў. Әттең жолбарыс дус келмеген. Дус келгенде бар-ғой, Айдостан сүйек жегенин өмиринше умытпас еди!

Сонда барып жигит жолбарыстың аўзынан алған тоқпақ жиликти еле тасламағанын аңғарды.

— Жолбарысты көрдиң бе? Қанша аралықтан көрдиң? Сораўлардың изи үзилмеди.

— Көрдим. Көргенде қандай! Мынаў жилик жолбарыстың тамағына тығылып қалған екен, дем жетпей, оның үстине аштан буралып, өлиўге келген көринеди, маған тик қарамай, өз жөнине кетти!

— Әй яғай!

— Тислеп алмады ма?

— Жанына қалай жолатты, өзи жабайы аң болса!

Қулласы бул ўақыяға биреў исенди, биреў исенбеди. Тоқпақ жиликти алып, онда тис излерин көрди, дүзде жатқан, сүйекти қайсы ҳайўан ғайзамайды, деп ғаўқылдасты, бирақ сүйек түйениң тоқпақ жилиги екенин анықлады.

Аллаш ғарры ғана бул ўақыяға исенди. Қай жерден дур қабақта алып келген суўға уўысын толтырып, Айдостың көкирек тусына серпип жиберди. Бул нәбада қорққан болса жүреги шоршынып кетпесин, дегени еди. Соң жүрек тусына қол салып көрди де, таңланғанын жасыра алмай:

— Балам, жүрегиңниң түги бар шығар, дүрсилдеп соқпай турыпты, ҳеш нәрседен ҳаўлықпағансаң, бирақ жолбарыс пенен ушырасқаның дурыс, сен алдамадың, нәзериңнен сездим, — деди көпшиликке еситтирип. Жолбарыс жараланса, шарасыз қалса инсаннан мәдет күтип, аўылларды айланшықлағанын талай еситкенмен. Ол жәрдем көрсеткен инсанға тиймейди, деп айтысады, деген менен ким билипти, ол өзи жабайы ҳайўан болса, оған исенип аўзына қолын салыў ҳәр кимниң қолынан келе бермес.

Айдос бул ҳәрекети менен көпшиликке ҳеш нәрседен тайсалмайтуғын жүрекли, айтқанын орынлайтуғын қайсар екенин дәлиллеген еди, оның үстине өзине деген исеними де артты. Мәртлик оның алға илгерилеўине, өзгелерден үстин турыўына жәрдем беретуғынын, халық батыр адамды сыйлайтуғынын, ҳәмелдар оның менен есапласыўға мәжбүр болатуғынын уғынып алды. Соңғылығында ол көзсиз мәртлигине қосылған озбырлығы, ҳүким жүргизиўге умтылыўы арқасында көплеген мақсетлерине қол жеткизди, қарақалпақ бийи болды, Әўез инақтың тусында, ол пайытларда қарақалпақ султаны Абылғазы Хийўада рәсмий тахт ийеси болса да, ҳақыйқый бийлик инақлардың қолында болды, пүткил қарақалпақтың бийлигин қолына киргизди.

Бул ўақытларда яғный Әўез инақ тусында қарақалпақлардың ески ата журтларына алдынғылары Түркстаннан, соңғылары Киши жүз ишинен көшип келгенлерине ярым әсирден аслам ўақыт өткен, халық көбейип толысқан еди, Есенгелди мәҳремниң тусында халықтың есабы алынбады, ханлар ел тойынсын, деп жердиң дәйегин өндирди де, салық салмады. Әўез инақ қарақалпақлардың ҳөктем бийи Айдосты

өзине жақын тартты, сарайға кириўин дархан етти, бийликке сүйеги жоқ, қумар екенин билип, «қарақалпаққа ярым хансаң», деп марапатлап, арқасынан қақты.

Бир күни хан сарайында жағымлы саз шертилип, қызлар сызылып ойын ойнап, бәзим қызып турғанда Әўез инақ Айдосты ымлап жанына шақырды.

— Келиң, келиң, деп жанынан жай көрсетти. Инақ қасынан жай алған Айдос марапатланып дөгерекке нәзер таслады. Саз тынып, екиншиси басланбастан бурын инақ Айдос таман еңкейип пәс даўыс пенен:

— Бийлигинде неше үйли қарақалпақ бар? — деди.

Айдос азғана егленди. Соңынан:

— Жигирма мың үйли қарақалпақ бар, — деп жиберди. Асырыңқырап айтқанын өзи де сезди. Себеби, бул ўақта Жаңадәрьядағы он мың үй Айдостың бийлигинде емес, ал Орынбай бийдиң бийлигинде еди, оны инақ та билер, қашанлардур оларды өз қарамағына киргизиўди ойлап жүрер еди, бул исте олар бир-бириниң жәрдемине мүтәжлығын ишлей уғынды.

— Ҳәр үйден бир тилла салық өндирсек аўырлық қылмас па?

Айдос тағы ойланды. Тилла үлкен тилла ҳәм киши тилла болып жүрер еди, «қайсы тилла, үлкен бе, киши ме?» деўге тили бармады.

— Аўырлық қылмас, — деди Айдос.

— Онда қарақалпақ ҳәр жылы бир үйге бир тилладан жигирма мың тилла кесме салғырт төлесин, — деди Әўез инақ. Бул кесме салғыртдур. Оны ҳәр жылы өзиңиз жыйып келесиз, адам жибермеймиз. Ханға сондай деп жеткиземен. Инақтың шоқ сақаллы, қызыл жүзинде мысқыллы күлки көринди. Ол Шыңғыс әўлады болғанлықтан тахт ийеси деп аталатуғын, бирақ басқарыў ислеринен жырақ Абылғазы ханды менсинбейтуғын, деген менен рәсмият жүзесинен оның атынан жарлық-ҳәмир жазып, оны тастыйықлатыўға мәжбүр екенлигине ызасы келер еди.

— Разыман, — деди Айдос бий өзине билдирилген исенимнен төбеси көкке жеткен қуўанышын жасырып.

Бир тараннан бул өзине жүкленген аўыр миннет екенлигин сезсе де, жигирма мың тилланы халықтан өндириўдиң машақатын ойлап отырмады, екинши тараннан инақ хан жерине дақыл еккенлерден өндирилетуғын дәйекти, малдан алынатуғын зәкатты тилге алмағанына сүйсинди, қарақалпақ бул алымлардан азат болады, деп ойлады.

Әўез инақ та бул иске Айдосты көндиргенинен разы еди. Ўақыт өтип, келеси ханлардың тусында он үйден бир нөкер, он нөкерден үш қазыўшы бериў усаған миннетлер де қарақалпақларға Айдос бий арқалы жеткизилди.

Қарақалпақлардың ярым ханы болып дәўран сүрип киятырған, келисилген жигирма мың тилланың атын айтып, халықтан өнгенининң кеўлинен шыққанын хан ғәзийнесине өткерип (анығында жыйналған кесме салғырт ҳеш қашан жигирма мыңға жетпеген еди) жүрген, хан сарайына қәлеген ўақта кирип бара беретуғын Айдостың еркинен тысқары, оның тынышын алып қыйнайтуғын нәрселер де бар. Ҳәзир де уйқысын қашырып атырған ҳәм хан өз қасына қыстаўлы шақырыўға себеп болған бир кимсе, өзи менен бақталас болып, сыртынан болмағыр гәплер тарқатып, дәрьяның арғы таманында ғәрезсиз журт дүзбекликке талапланып жүрген, бул жолда көп адамларды, ҳәттеки еки ханаласы Бегис пенен Мыржықты Айдосқа қарсы қойып, олардың әжелине себепши болған кимсе өзин хан әўладынан санайтуғын, сол ушын да Айдостан көре аллаға жақынырақпан, деп ойлайтуғын Төремурат суфий еди.

Дәлиден туўры келетуғын, сумлық пенен ептен аўлақлаў жүретуғын Айдос дәслепки көргеннен-ақ суфийди жини сүймей қалған. Неси унамағанын еле анық билмейди, бәлки узын ҳәм арық сын-сымбаты, я суўпынамай сыпайылығыдур, иштен тынған туйық минези ме? Не болса да ишки бир даўыс оннан аўлағырақ жүриў кереклигин уқтырғандай болды ҳәм оның питнелеринен минекей, қудайға шүкир, аман жүрипти. Бирақ инилери Бегис баҳадыр менен Мыржық батыр суфийдиң торына бир илинди де қайтып босана алмай, Айдостың ойынша суфий питнелериниң қурбаны болды, қурбаны ғана болып қалмай ағасы Айдосты да жаман атлы етти, өзи қылмаған бул қылмыстан, өзине тағылған жаман аттан қалай қутылатуғынын да билмейди, бәлки бул өмирде, ҳәттеки әжели жетип, бул жақты әлемди тәрк еткеннен соң да бул иплас өсектен қутыла алмайтуғын шығар, мәгар ол әўладларға аңыз болып тарқап кетер, олай болмаўына ким кепил?

Тынышсызланған бий бир қапталынан екинши қапталына аўдарылып түсти. Әх, Бегис баҳадыр! Жигербенти, изине ерсе айбаты, кеңессе кеңесгөйи еди. Услаған жеринен кесетуғын өжет, жүз әскерге тартынбай ат қоятуғын ержүрек, бирақ аққөкирек, «батыр аңқаў, ер гөдек» деген нақыл тап Бегиске айтылғандай, садалығы басым еди. «Суфийге ерме», деп қанша нәсиятлады, суфий дуўалап қойғандай, мүмкин дуўалағандур, ким билсин, көп илим-билимнен хабары бар, суфийдиң, соның айтқанына исенди, соның әскербасысы боламан, деп турып алды, туўысқанының айтқанына қулақ аспағаны аздай Мыржық батырды да өз таманына қаратты. Бирақ Мыржық бәрибир Айдостың гәпинен шығып кете алмас, жеме-жемеге келгенде изине ерер еди, соны билген душпанлар оны мерт етти.

Бий аўыр гүрсинди.

Бегис Төремураттың ләшкерине бас болды. Жеңилиў не екенлигин билмейтуғын еди. Түркменлер менен болған бир саўашта қарсыласлары басым келип, қасындағылар бас саўғалап қашса да Бегис шегинбеди, бир өзи алыса берди. Алдынан келгенлерди жер тислетип, алға умтылар еди, қарсыласып жеңе алмайтуғынын билген душпан Бегистиң арқа таманы қорғаўсыз қалғанын көрди, үстинде көзгенек саўыты бар еди, қылыш пенен, найза менен илаж ете алмады, сонда тәжирийбели бир яўмыт изинен келип, Бегистиң белине аўыр шоқмар менен үсти-үстине соққы бере берди. Ат жалын қушқан Бегисти аты топлымнан алып шықты. Душпан да мәртлик етти, я соңынан қорқты ма, аман кетиўине имкан берди.

Аман шыққаны қурысын, Бегис баҳадыр белден майырылған еди.

Нөкерлердиң, атқосшылардың көмеги менен дәрьядан өтип, аўылына келди. Бираз жатты. Тәўиплер бөтеке езилген деди, ем қылды, болмады, бети бермаған қарай қоймады, қайта кем-кемнен төменлей берди.

Ақырында еле күш-ғайратқа толы жасында дүньяны тәрк етпеклик пурсаты жеткенин аңғарып жетти, ағасы Айдосқа адам жиберди, ортадағы гийнелер ушын үзир сораўды ойына түйип қойды.

Хабаршы инисиниң күнлериниң санаўлы қалған болыўы итималлығын айтқанда бир сескенип түсти. Баўырдың аты баўыр, туўысқанының аты туўысқан емес пе? Соңынан ески гийнелерди ядқа алып, бираз суўынды, бәрибир дәти шыдап тура алмай жолға шықты. Еки аўылдың арасы бираз жер еди. Жорға ат жол танабын қуўырып, жетип барды.

Отаўдың алдында келинин гезлестирди. Ишкериге басқа адамды киргизбеўди буйырып, босағадан атлады.

Бегис сергектей көринген еди. Ағасына солай туйылды. Еплеп турып, арқасына еки көпшикти қойып, тикейип отырды.

Атланыста жараландым, сынған, шыққан жерим, тыйықтан жараланған жарақат жоқ, не кесел болса белимде, белим қозғалтпайды, деп болған ўақыяны баян қылды.

— Қулымбет тәўипке адам жибермедиң бе? — деди Айдос пүткил аймаққа аты-ҳаўазасы тараған, билгирлиги менен талай наўқасты аяққа турғызып жиберген адамның атын атап.

— Яқ, ол ядқа келмеген. Усы әтираптағы тәўиплерге қаранып атырман. Пайдасы сезилмей атыр. Әжелден хабар келип тур ма, ким билсин.

— Қаяқтағыны айтпа, ҳәзир-ақ Қулымбетке адам жиберемен.

— Тәңри жарылқасын, әўере болып не қыласыз. Соңғы күним жақын қалғанын сезип турман. Жаман айтпай жақсы жоқ, сизге

хабар айттырғандағы мақсетим: өзиңизди көрип, ортадан өткен жақсы-жаман гәплер ушын үзир сораў еди, аға, деди тосыннан еси енип оңлы-солын билип қалған бир бала киби жүзи жадырап. Суфийдиң жыллы-жыллы сөйлегенине, берген ўәделерине исенип, сизиң еркиңизге қарсы барғанман, бул бир аңғаллық па, аңқаўлық па билмедим, төсек тартып жатқалы ойлайман, қолыма Қоңырат қаласының бийлигин бергенде ҳәм сизиң гәпиңизден, туўысқанлық мәсләҳәтиңизден мойын таўламақ биз ушын айып екен...

Усы пайытта Бегисти аўырыўдың ғурыжы тутып, қызыл шырайы бозарып, жүзиниң қаны қашып, қара терге батты. Талай қаттылықты, өлимди көрип кеўли бершимек болып қалған Айдос туўысқанына қосыла қыйналды, жатып қалғанын еситиўден-ақ Қулымбет тәўипти ертип жетип келмегенине өкине баслады.

— Мен барлығын кеширдим, ҳәммесине шайтанды ҳәм арбай алатуғын Төремурат жөги айыпкер, — деди Айдос инисиниң кеўлин алмақшы болып.

— Жатып алып енди ойласам дүньяның тәшўишлери туўысқанлықтан, бирадарлықтан кешиўге арзымас екен. Бәлки енди бул жарық әлемде көрисиў несип етер, яки етпес, аға. Сол ушын кеўлимдеги тағы бир өтинишимди ишимде қалдырмай айтайын. Иниңиз Мыржықтың да гүнасын өтиң, мениң гәпиме ерип, ол да сизге қарсы келген, суфий таманда турып қылыш тартыўға мейил болған еди. Оның сөзинен қайтатуғынын, я қайтпайтуғынын, сиз таманға өтетуғынын, я өтпейтуғынын билмеймен, бирақ мен соңғы демимде, ата-бабаларымыз кеткен таманға атланар алдында сизиң аўзыңыздан «Мыржықтың гүнасын өттим», деген сөзиңизди еситсем, разы болар едим. Тағы бир өтинишим, бул ең соңғысы, Мыржық сөзиңизди қулағына илмей өжетликке барса, мениң сизден сораған үзиримди айтсаңыз, бәлки ақылы енер, тентектиң ақылы түстен кейин, дейди -ғой. Мен болдым, енди меннен разы болың, отаўға өтип қонақ асыңызды жең... Шаршадым, азғана дем алайын.

Айдос инисин «аўырмаған адам барма, еле турып, диң-диң ойнақлап кетесең», деп жубатса да отаўдан кеўли езилип шықты. Қоңсы отаўға кирип, суўсын ишип шөлин басты. Кетеринде Бегисти көрип, тағы да тәселле бермекши еди, ҳәзир уйқылады деген соң үстине кирмеди, атқосшысын ертип атланды. Бара сала тәўипке адам жиберемен деп ишинен түйинди. Бирақ енди кешиккен еди, отаўына түсип үлгермей атырып, изинен: «Бегис бенделикти бәржай келтирди», деген хабар жетти.

Күтилмеген өлим Айдостың қабырғасын қайыстырды, өлимге қосыла тарқаған бир пасық гәп ел арасында бийдиң жүзин төмен қаратып, жер менен жексен етти. Ол Бегистиң ҳаялының аўзынан

шыққан еди, өкшеси қанамаған, бирақ батырды жанындай жақсы көретуғын, Бегиске де сөзи өтимли болғанлықтан перзентсиз болса да үстине тоқал алдырмай киятырған ҳаялы суўсын алып кирсе батырдың жатысын қолайсызлаў көрип: «шабазым, суўсын әкелдим» десе сес бермепти, гүманланған ҳаял жүрек тусына қол салып көрсе жүреги соқпай қалған екен. Шашын жулып, отаўдан «шабазымнан айрылдым», деп пәрияд шегип шыққан ҳаялдан: «не болды, не болды» деп сорағанларға: «бий қайнаға келип еди, сөйлесип отырды, соң уйқыға кетти, қайтып оянбады, бир бәле қылмады ма екен, бир-еки жылдан берли есигимизди ашпайтуғын болып еди», деп еки ушлы гәпти жәрия етипти. «Гүман ийманнан айырады», демекши бул гәп тамызық пенен тутандырылған оттың лаўлап жанғаны киби тез арада тарқалып, Қоныратқа, суфийдиң қулағына да барып жетеди, ол да «Айдостың қолынан ҳәр нәрсе келеди, жаманлық қылғандур, мәгар», деген сөз айтады. Солай етип бир ҳаялдың аўзынан шыққан еки-ушлы гәп, аўыздан аўызға, елден елге тарқап, Айдостың аты айтылған жерде ядқа алынады, әсирлерден әсирлерге, әўладтан әўладларға өтеди.

Жақынынан айрылып, аза тутқан Айдос көп өтпей Мыржықты жанына шақырған еди, ондағы мақсети Бегистиң соңғы сөзин жеткермекши, суфийдиң шоқмарын көтериўден қайтармақшы еди, бирақ ҳаслы жалған болса да шынға мегзеп тарқалып кеткен пасық гәп бул жерде ҳәм өз исин иследи, «мәгар сөзине кирмегени ушын Айдос Бегис ағама жаманлық қылса қылғандур, себеби қәҳәри қатты, сөзине кирмегенди аяп отырмайды», деген гүман менен ағасының алдына бармады. Оның менен де турмай арадан көп өтпей сырлы өлим тапты, баласы Ерназар жетим қалды, Айдостың атына тағы бир жуўылмастай қара дақ келип түсти.

Мал-ҳалы көп үш ағайинли мал жайлаўына бола аралары алыс-алыс отыратуғын еди. Бегис батыр болса, Мыржық палўан, күш-қарыўды қудай берген, дөгеректе оның менен беллескендей адам болмағанлықтан гүрес тутыўды кәр қылмас, мал бақтырып қойған үш-төрт жалшының изин бақлап, жылқыларға көз-қулақ болып, аўылдан қашықламай жүрер еди. Қудиретли күш-ғайрат ийеси болған ол Айдос пенен Бегистен, батырлықта артып түссе, артып түсердағы, бирақ пышақтың қырындай ҳәм кемлиги жоқ, күшине исенгенликтен бе жарақ асына бериўди хош көрмес, сол ушын қылышы менен қалқаны отаўдағы керегениң басына илиўли, сары жайы менен садағы, саўыты менен найзасы жапсарда турар, аяғы жүдә үлкен болғанлықтан ба, көбинесе мал-ҳалды қараўыллағанда жалаңаяқ жүрер еди. Бир сапары ханға қарсы болған адам деп, хан жасаўылы жанында бес нөкери менен излеп келипти. Сораса, Мыржық көл таманға кеткенин

билип солай қарай ат айдаған жасаўыл көлге баратуғын жолдан барып, көл шетине иркилип, ол жердеги батпаққа түскен таза излерди көзден кеширип ҳайран болыпты. Излер ҳәдден тыс үлкен, жерде жабырайып жатар екен. Жасаўыл нөкерлери менен ойласып «бул издиң өзи мынадай, ийеси қандай екен, мәгар дәў шығар, ол бизге баш бермес, қайта өзимизди жазым қылар, оны излеп таппадық», деп айтайық деген шешимге келип изине қайтып кеткен екен, деп айтысып жүрер еди.

Бегистиң өлиминен соң көп өтпей жылқыны түўеллеўге сабатқа кеткен Мыржықтың денеси қалың қамыстың арасынан табылды. Желкесинде өткир тырнақ излерине уқсаған жаралар орны бар еди, басқа жерине қурал қолланып жеткизилген жарақат жоқ, желкедеги излер де, нәбада аттан жығылғанда қамыс шөңгесиниң жырып кеткенине мегзейди, дөгеректе бир аттың изи бар екен, из қуўып барып еди, Мыржықтың атланысларда минетуғын қараторы аты жайдақ, бас жипсиз, ноқтасыз отлап жүргенин көрди. Ат Мыржықтың жанында не қылып жүрипти, яки оны ийеси ерсиз, жайдақ минип киятыр ма еди, набада Торықасқа бир нәрседен үркип кеткенде Мыржық аттан жығылып мерт болды ма, дегенге усаған саўаллар көп болып, олардың бирине де анық ҳәм дәлилли жуўаплар табылмады. Пияда киятырғанда изинен жолбарыс топылған шығар, желкесине пәнже урғандур, тырналған жер сол пәнжениң изидур, деген гүманлар да ортаға шықты, я душпанлары киси билмес бирер ҳийле менен өлтирген дегенге усаған гүманлар да болды. Ҳеш бир дәлил болмаса да «Бегистен кейин Мыржықты да Айдос өлтирди, яки өлтиртти», деген гүман ҳәм жоқ емес еди.

Бәрибир Айдосқа хабар жибертти. Мыржықтың неден ҳәлек болғаны анықланбай-ақ денеси жер қойнына тапсырылды. Өлими жумбақлығынша қалды ҳәм Айдостың бул исте қатнасы бар болыўы итимал, деген гүманды тағы да күшейтти.

Қулласы бир жылда еки туўысқанынан айырылған Айдос бираз қапаланып жүрсе де, көп өтпей хан тапсырмалары ҳәм бийлик ислери менен жубанып, қайтадан баяғы ҳалына келди, ҳәр қашанғыдай қарақалпақлардан хан салған кесме салғыртты жыйды, оны қазнаға тапсырды. Жаңадәрья қарақалпақларын ханлық сорамына көшириўде Мухаммед Рахим ханның қасында жүрип, көп хызметлер көрсетти, алғысын, ат-тон, сарпайын алды, оннан берли де еле арадан жыл ғана өтип еди, хан Хожелиде турып ҳүзирине тағы шақырып атыр, бул сапар не хызмет тапсырмақшы екен?

Барлық ҳәрекетлерин бақлап отырған қыпшақ бийи Қулшы Айдосты сынаған еди. «Бул адам бийлик ушын ҳеш нәрседен

тайынбаса керек, шешими қатты, өзи өжет, ал жүреги жолбарыстың жүрегиндей, ызаланса нағыз жолбарыстың өзи болады, сол ушын бул адамнан илажы болса алысырақ жүрген мақул. Инилерин өлтирди, деген гәп бийкарға тарамаған шығар. Және ким билсин, қаталлығына бола адамлар тоқыған өсек болыўы да итимал», — деген шешимге келди.

Көп өтпей бийлердиң жол тәтәрриги питип, Орынбай менен Қулшы Айдос пенен бирге атланды. Хан Айдосты Хожа елинде күтер, ол ўақытлары Нөкис тусындағы жағыста атлар жайласқандай ушан кемелер жоқ, сонлықтан атлы-жарақлы адамлар Әмиўдәрьяның аржағына бирде Қоңырат тусынан, бирде Қыпшақ жағынан өтер еди. Қоңырат таманның жолы бираз машақат, жағысқа жеткенше Кегейли, Шортанбай, Қарабайлы қусаған бир неше мол суўлы дәрья салалары менен өзеклерди кешип өтиў дәркар, оның үстине Қоңырат ҳәкими Төремурат суфий ләшкер жыйнап, саўашқа таяр турыпты, сол ушын бийлер топары Қыпшақ жағысы таман ат сүрди. Көкөзектиң сағасына жетип бир қонды, кешқурын келип Қулшыға таныс дарғаның ҳәўлисине түсти. Дарға бир Қулшыны емес, Хийўаға ҳәр барғанда усы жағыстан өтетуғын Айдосты жақсы таныр, тамыр тутынып қатнасар екен, мал сойып қонақ қылды, асығыспыз, десе дәрьядан таңда өтиңлер, деп бәне тапты, қулласы бийлерди ақшам сыйлап, азанда ушан кемелер менен арғы жүзге өткерип, ҳақ жол тилеп қалды. Әлқысса қарақалпақ бийлери Хожа елине аман-есен келгенде Мухаммед Рахим хан оларды дилгир күтпекте еди.

Көп өтпей бийлерди хан шақырды.

Айдос ханға сәлем берип, кирип бара берди. Орынбай менен Қулшы сарай ресимлерин бәржай келтирип тәжим етип, хан руқсат еткенге шекем басларын түркмени гилемлерден көтермеди.

— Айдос баба, бунда келиң, — деп оң қол тәрепинен жай көрсетти. Еки бий оннан төмен жайласты.

— Қоңыратлы Төремурат суфийдиң аталары әўлийе адамлардағы, өзи майда сөзли ҳәм қытымыр адамға уқсайды, деди гәпти алыстан баслаған хан. Соң негедур он еки қанатлы хан отаўының баў-шуўларына тигилип қалды. Ол анығында баў-шуўларға сұқланбас, өзге таманға дыққат қаратқан болып, көз астынан бийлердиң ҳәрекетин бағар, олардың Төремурат жөнинде қандай ойда екенлигин аңлап алыўға урынар еди.

— Суфийға киси жиберген едик, бурынлары атаң бизиң есигимизге қуллық қылатуғын еди, оның аталары да сондай болған, марҳаматымыздан маҳрум болма, десек кисимизге жаман сөзлер айтып, қуры қол қайтарыпты. Сол ушын ләшкер тартып өзимиз булманларға

келдик. Бизге келтирген хабардан пәскеш Төремурат суфийди Қоңыраттың батысындағы қазақ қәўимлери, шәҳәр дөгерегиндеги қоңыратлар, дәрья арқасындағы қытайлар, қубласындағы текелер менен яўмытлар қоллайды емиш, деп еситтик. Онын үстине батыста орыслардың ақ патшасы бар екенлер. Бизге не кеңес бересизлер, қарақалпақ бийлери, — деди хан.

— Биз қарақалпақлар Сизиң хызметиңиздемиз, — деди Айдос бий. Буйырың, атланып Қоңыратқа барамыз.

— Төремурат саўашқа шай болып турыпты,— деседи. Бул машқаланы қан төкпей бәржай қылыўдың имканы жоқ па екен, Айдос баба?

— Бар, ондай жолы табылады, — деди өзинен кеңес сораганына кеўли өскен Айдос. Биз сонша жерден ат ҳарытып, сизге кеңес ушын келгенимиз жоқ па?

— Қандай жол екен ол?

— Тап бүгинниң өзинде, ҳәзирдиң өзинде ләшкерди атландырыў дәркар тақсыр, хан.

— Атландырыў... Қан төкпеўдиң жолы, жалғыз жолы сол ма екен, бий баба?...

Хан екиленди. Ләшкер қозғалса Қоңыратқа жол алады. Қоңыратты қамайды. Саўаш басланады. Саўаш басланса әлбетте, қан төгиледи.

— Жолы бар, әлбетте, — деди Айдос исенимли түрде. Қан төкпеўдиң, я болмаса оның аз төгилиўиниң шарасы ләшкерди орнынан көтерип, атланыўдур!

Хан арасатта қалды. Мухаммед Рахим хан неше жылдур ханлық шегараларын кеңейтиў, оны беккемлеў жолында ат белинен түспей келер, соған қарамастан ханлықтың пүтинлиги қыйын аўҳалда, қоңсылас әмирлик пенен питимлер дүзилген, ол тараннан айтарлықтай қәўип жоқ, бирақ қоңсы Иран ели менен урыс ҳалаты сақланып турған, ақ патша болса, яғный руслар шығыстан батысқа шекемги ханлық сорамына жақын келип қалған, Қоңыраттағы Төремурат суфийдиң артында ҳәм руслар турған, олар менен тынымсыз гүреслер алып барыў зәрүр, ал гүреслер ушын әлбетте сансыз ләшкер, ләшкерди сақлаў ушын есапсыз алтынлар керек, хан қазнасы болса кем-кем босап барар еди. Сол ушын да сиясатшыл хан қан төгиспениң алдын алыўға бәркулла умтылар, мүмкин болмаған жағдайларда ғана мәселени урыс пенен шешиўге тәўекел қылар еди.

Бул сапары да өткен жылы он мың үйли қарақалпақты Көкөзек, Кегейли бойларына қан төгиспесиз қамырдан қыл суўырғандай етип көширип әкелиўде көп хызмет қылған Айдостың көмегинен үмит қылған, сол ушын да бийди арнаўлы шақырған хан бийдиң тапқан жолына кеўли болмады, себеби ҳеш нәрсе ашық айтылмады. Әскерди

көтериўди Айдос айтпай-ақ өзи де билмес пе еди? Сонда Айдос бий тапқыр, дана деген гәплер бийкар болғаны ма?

Кеўли қарар таппаған хан келеси күни Айдосты тәнҳа шақырып кеңескеннен соң ләшкерди көтерип жолға шықты. Бағдары Қоңырат таман еди. Ләшкер қонып, түсленип ақырын жылжый берди. Гүздиң аяғы жақынласып, азанда жаплардағы суўдың шети қаймақласып қатып, қуяш нурларында шийшедей жылтырап туратуғын болды.

Көп өтпей Хожа елинен Қоңырат таманға ханның өзи баслаған қалың қол— ләшкер киятырғаны ҳаққында ғәўесет тарады, суфийдиң жансызлары бул хабарды барлық бийноқаясы менен жеткизди.

Кеңесгөйлердиң мәсләҳәтин еситкен, бирақ бири мақул келеди, деп ҳеш бириниң басына бас жип тақпаған Төремурат суфий албыраўда еди. Қазақ қәўимлери менен түркмен руўларынан жәрдем жетип келмеди, дәрьяның арғы таманынан, Қусхана менен Дәўқара әтирапынан көмек алып келгендей ҳеш ким жоқ.

Суфий ойлап ой түбине жете алмас еди. Бир ойы киятырған душпанның алдынан шығып, оларды мәрдана қарсы алып, жеңсе ғазий, жеңилсе шаҳид болып, алланың сүйген бенделери болған бабалары жанына барып, бақыйлық өмирден үмитдар болыўды қыял етти, бир ойы қасына жақынларын ертип, түркмен ишине кетиўди, оннан ары Иранға өтип, ҳаж сапарына кетпекликти әрман етти. Отаўдан шықпай өз қыялы менен бир неше күнлерди өткерди. Сондай күнлердиң биринде, сәске пайытында «жаў киятыр, жаў киятыр» деген хабарды сүрен етип қышқырған жасаўыл суфийдиң отаўына ат басын тиреди.

Қарашай батыр, басқа да жаў жүреклер суфийдиң аўзынан шығатуғын шешиўши қарарды күтип шаршаған, сонлықтан өзлери ойласып, ҳәр итималға қарсы урыс болса урысыў, болмаса қорғаныў тәтәрригин қылып, бир қанша жаўынгер халықты қорғанға киргизип, қалғанларын дәрья бойындағы тоғайларға, жайлаўларға жиберип, ҳәрнешик душпанды күтип алыўға таяр турған еди.

Көп өтпей суфий менен оның жанындағы бир неше атлылар атларын жорттырып, асықпай-саспай, салтанат пенен қорғанға келип кирди.

Қорғанға жетпей хан ләшкери де тоқтады.

Хожа елинен атланар алдында ҳүзирине Айдосты қайта шақырған хан: — Баба, бизге ашығын айтың, атланбақтан мурат қан төкпеклик пе? — деген сораўына мынадай жуўап алған еди.

«Алланың ҳәмири болмай бир адамның бир тал шашы жерге түспейди, хан аға. Ким биледи, тәўекел қамарын белине байлаған бендени алдында не ислер күтип турғанын? Сол сыяқлы биз ҳәм перде артындағы ислерди қолға услатқандай етип айтатуғын көзи ашық емеспиз. Халқымызда гәп бар: «Көп қорқытады, терең батырады» деген.

Сол айтқандай биз буннан атланып барып, Қоңырат қорғанының дәрўазасы алдында турайық. Суфий ҳийлекер, сөзге де шебер. Бирақ ол ойлар еди, Хийўа алыс, ортада сонша жол бар, дәрья бар, өзек бар, хан қызылбас пенен душпан, Сырдың аяғына ақ патша әскерлери орналасып атыр, мениң арқамда ақ патша бар, ол биз таманға ләшкер тартып келе қоймас, деп. Ертең бизди есиги алдында көрсе ойланар, қорғанға бекинер, шығып урысыўға тәўекел қыла алмас. Қалғанын алланың көмеги менен сол жердеги жағдайға қарап ҳал қылармыз, хан аға. Иншалла Қоңырат қан төгилмей бизики болар»...

Мине енди қуралланған үш мың ләшкер қорғаннан бир ат шаптырым жерде ат басын иркип, шатырларын тигип, саўашқа емес, ал қонаққа келген туўысқанлардай дөгерекке орналасып алып, сақлықты да умытпай, өзлери турған жерден жиб дүзетип, қорғандағылардың кеўлине ғулғула салар еди.

Ләшкерге бул жердеги халықтың пышығының мурнын қанатпаў жөнинде пәрман берилди. Соған қарамастан нөкерден қайсыдур бири сүриўден қайтқан кимниндур отарынан бир ылағын услап алып, «ҳадал малым, ҳақысын бер», деп жабысқан ийесин ийтерип жиберип, ылақты сойып жеп үлгермей-ақ жазасын алды. Еңгезердей нөкерди тыр жалаңаш етип шешиндирип, қызыл жыңғылдан кесип алынған шыбық пенен жигирма дүрре урғызғанда бийшараның қулындағы даўысы шыққан шығар. Оның менен де иркилмей, нөкердиң моянасынан он ылақтың қуны шегирип қалынатуғыны еситтирилгенде «бир ылақ ушын соншелли ме?», деп дүрре жегеннен бетер қыйналды. Ашшы сабақтан тәжирийбе арттырған нөкерлер буннан кейин өзгениң таўығын, мәйегин алыўға тартынатуғын болды.

Қорғандағылар топылысты күтер, оны қарсы алыўға таярлықлар көрип қойылған еди. «Әне топылады, мине топылады» менен бир күн, еки күн өтти. Бирақ ҳәр күни атларына минип, сапқа турып, қылышы менен қалқаны, найзасы менен дубылғасын жалтыратып, көз-көз қылатуғын ләшкер қорғанға оқ жетер жерге шекем жақын келмес, бир орыннан я илгери жүрмес, я изге қайтпас еди.

Сырттағылардың азығы жетерли, жетпесе дөгеректе халық бар, оларда арпа-бийдай, мал-ҳал бар, ханның қазнасында нөкерди аш қылмастай алтын бар, тартып алмайды, сатып алады, сол ушын қамалдағылар менен салыстырғанда булардың аўҳалы патшалық десе болғандай, қамалдағылардың болса азық-түлиги есаплы, қәўип-қәтер қол созымда, қалың ләшкер бир ат шаптырса есикке келеди, сыртты орап алса бул жерге ушқан қус та өте алмайды. Бул ҳал сетемшил ҳәм гүманшыл суфийдиң жүйкесин егеўлеп, тынышын алар, ләшкердиң тезирек қорғанға жақынлап келиўин қәлер, қыялында

қорған беккем, оны ханның алыўы қыйын, соны түсинип, келиссөз жүргизип, көп қолдың келген изи менен қайтып кетиўинен үмитин үзбес еди. Бирақ сырттағылар асықпады. Олардың алысырақты гөзлеп ис тутып атырғанын суфий ойына келтирмеди.

Ақырында атлылар қорған дийўалларына оқ атым жерге шекем жақынлап келди. Бирақ олар қылыш пенен найза көтерген ләшкер емес, Айдос бий баслаған бир топар атлылар еди.

Балтақ жүзбасы дийўал басында болып, ол саўашқа умтылар, өзин көрсетпеклик ушын отқа да, суўға да түсиўге таяр, ал урысыў ушын келгенлер болса тап дайысының аўылына қыз айттырып келген, бирақ сулыў қызды көргенде албырап, тили кәлиймаға айланбай атырған тартыншақ өспиримлер киби өзлери тиклеген жибтен шықпай жатып алды. Бул ҳал намысына тийген Балтақ дийўалдан төмен түспес, сарыжайы менен пәр қуйрық оқ толы оқданын жанынан қалдырмас еди.

Бир топар атлыларды көрген жүзбасы жанланды ҳәм бир ис табылғанына қуўанып кетти. Дәрҳал сарыжайын қолына алып, оған пәрқуйрықлы оқлардан бирин жайлай баслады. «Ҳәзир кимниңдур әжели жетип, пайманасы толады», деп ойлады ишинен. Атлылар сарыжай оғы жетер-жетпес жерде иркилди. Олардың арасынан ойнақлаған атқа қуйып қойғандай жарасып отырған, шоқ сақалы ағарған, қызыл шырайлы киси алға суўырылып шығып, қышқырды:

— Қорғандағы туўысқанлар! Биз сизиң менен урыспаққа келмедик! Жараспаққа келдик! Билесизлер ме, аталарыңыз бенен бабаларыңыз Хорезм пуқарасы еди! Енди Төремураттың сөзине ерип, адаспақтасызлар...

Балтақ Айдостың атын талай еситсе де, өзин көрмеген, мәгар танығанда оған қарай садақ гезенбеген болар ма еди, ким билсин, қулласы сөйлеп турған адам өзи оқданға жайлаған оққа ылайық деп шамалады, оны атып жығатуғынынан марапатланып та қойды, бирақ, астындағы ат бир орында турмас, бираздан берли байлаўда турғанлықтан ба, суўлыққа таслап, шыргүбелек айланар, үстиндеги адам атының бундай әдетлерине көнлигип кеткен бе, пәрўа қылмай сөзин даўамлар еди...

Жүзбасы сарыжайдың өгиздиң қам терисинен шыйратылған гирисин қарыўлы қоллары менен тартты, алыстағы арқадан әкелинген еменнен жонылған жайға тартып байланған, серппеси анаў-мынаў қолларға баш бермейтуғын қатты еди, соң ат үстиндеги саўытсыз адамды нышанаға алды, оның бир орында тақат таппай атырған сары атын бәләҳәтлеп қойды, соңғы мезгили жетти, деп ойлаған ўақытта оқтың пәр қадалған жеринен қысып услаған қарыўлы бармақларын

жаздырып жиберди. Зуўлаған оқ ысқырған сес шығарып нышанаға қарай асықты. Бийдиң әжели жетпеди ме, оған астындағы аты себеп болғандур, бәлки, ысқырған садақ қулағы тусынан өткенин аңғараман, дегенше сәл изиректе турған қайсы бир бийдиң атқосшысының ийнин жалап өтип, өткир қырлары менен түйе жүн шекпенди пышақ пенен кесип жиберген киби тилип өткеннен соң алыс емес жердеги төбешикке барып қадалды.

Балтақ өзи жоллаған әжел оғы ҳеш кимге зақым қылмағанына ызаланып, қорған диййўалын тепкилеп сөгинди, айыбын сөз бенен ақламақшы болып дөгерегине қарады. Азғанадан соң еле окданда оқ көп екени ядына түсип, қол созған еди, кимдур билегинен сығымлап тутып алды. Басын көтергенде алдында Қарашай батыр турар еди.

— Жибер қолымды, душпанға оқ атып тийгизе алмаған ашыўымды кимнен аларымды билмей турыппан, тағы бир рет көрейин бахтымды сынап.

— Кимге оқ атқанынды билесең бе өзи?

— Ким екен ол? Ким болса да душпан емес пе?

— Ол қарақалпақлардың Айдос бабасы! Онда не қастың бар? Оның үстине сениң менен мениң қаным бийкар төгилмесин, деп жан аўыртып атыр.

— Маған бәрибир, ким болса да. Жибер қолымды, — деп жулқынды. Бирақ енди оның бул ҳәрекетлери биймҳуўда еди, өзлериниң оқ жетер жерде турып қалғанын абайлаған атлылар орынларын өзгертти.

— Мен қарақалпақ бийи Айдоспан! Бийкарға қан төгилмесин, бирадарлар! Шақырың Төремуратты, биз бенен тиллессин!

Қорған таманнан жуўап берген ҳеш ким болмады. Атлылар излерине қайтты.

Бундай көринис бир неше күн қатарына жүз берди. Атлылар ҳәр күни келер ҳәм тәслим болыўды усыныс етер, жуўап ала алмай излерине қайтар еди. Бул ҳәрекет урыста ерлик ислеўге қумар, мақтаншақлаў Балтақ жүзбасының жанына әбден тийип болды. Көзге түсиўге қумарлығынан басқа оның көзсиз ерлиги, жүз атлыға қарсы бир өзи шаба алғандай аққөзлиги, мәртлиги де бар, сумлықтан да қуры алақан емес еди.

Балтақ қыял қылды. Душпанға шаўып, ығбалымды бир сынап көрейин, шешинген суўдан таймайды деген емес пе? Сол ой менен изине еретуғын 40—50 атлыны хабардар қылып, таярлап қойды, «атлан, деген ўағымда изимнен ересизлер», деп. Пурсаты келгенде қараўылларға дәрўазаны аштырып, атларын қуйынлатып шаўып, тасқын суў киби шығып келди ҳәм жибтиң топырақтан бәлент үйилген қашысына шекем жетип барды. Жанындағылар қашыда

иркилди, не қыларын билмей шоғырласып, әтирапқа бағып, Балтақтан ҳәмир күтти.

Шешиўши мәўритлерде өзгелердиң ҳәмирин орынлап үйренген жүзбасы арасатта қалды. «Алға» дейин десе алдында топырағы нығызланбаған қашы, оның артында жарақлы жаў күтпекте, олардың өзлери көринбесе де булардың дәрўазадан шыққанын көриўден-ақ, қылышларын жалаңашлап турғаны анық. Зәҳәрленген асты ишип болып, оның зәҳәрли екенлигин билгеннен соң ғана қайт қылыўдың шарасын излеген адам қусап ақыл-хуўшын жыйнап алғанша қымбатлы мәўритлер қолдан берилген, изиндегилердиң жалаңашлап алып, төбелерине көтерилген қылышлары силтенбей қалған, алдына басылған бөгети алынған суў киби жөңкилген атлардың пәти қайтқан еди. Бул аўҳалды жүзбасы кеш түсинди, бирақ өжетлиги тутып «изге» деп айтыўға намысы жол бермей, «алға» деп қышқырды, өзи атын қыстап, қашыға өрмеледи, жумсақ топыраққа дизесине шекем батқан ат омбалап-омбалап бәлент қашының үстине шықты ҳәм пәтин ирке алмай төмен қарай қулдырады...

Пәсте, жиб ишинде көп ләшкер қылышларын алға тутып, атлыны күтип турар еди.

Иркилген атлылар азғана егленди, жүзбасының изинен барыўға жүреклери даўамады, бири изине қайтып айланып еди, қалғанларда оның изинен бекинис таман ат шаптырып, Балтақ жүзбасыны душпанға берип, дәрўазадан ишке кирди.

Арадан бираз ўақыт өтти. Қорғанға қайтып киргенлер уялғанынан өзлерин қай жерге қоярын билмей дийўалға шығып жиб таманға үмитли көзлерин тигиўден өзге илажлары қалмаған еди.

Хан ләшкери паналаған жибтиң бәлент қашысында адам сүлдери көринди. Бийикте көп иркилмеди, ақырын жүрип бекинис таманға келе берди. Мойнында салбырап бир нәрсе көринди. Жақынлап келген адамның Балтақ жүзбасы екенин таныған оның нөкерлери еки оттың ортасында қалды. Бир жағынан жүзбасының аман-саў, қол-аяғы пүтин, ат-жарағынан айрылғанын есапқа алмағанда өз аяғы менен қайтқанына қуўанса, екинши таманнан оны жаў қолына тапсырып қайтқанына уялып, өзлерин қоярға жай таппады.

Ўақыя былай болған еди.

«Болары болды, ең қурыса дастығымды алып өлейин» (тап бир олар буның әкесин өлтиргендей), деп қолындағы қылышын әллеқашан көтерилип турған қалқанларға силтеди, бирақ ҳәрекетлери бийхуўда кетти. Қылыштың темир қалқанларға тийип шақылдап еситилген сестинен өзге нәтийже шықпады. Кимдур атының жылаўынан услады, кимдур көз илеспес шаққанлық пенен жүзбасының аяғын зәңгиден шығарып, аттан аўдарып алды, кимдур зилдей шоқмар менен

оншелли ислей бермейтуғын басына салып қалып еди, Балтақтың көзлеринен көп-көмбек ушқын «жарқ» етти, темир дулығасы болмағанда пискен әнжир киби езилип кетиўи турған гәп еди, кимдур қылышын, кимдур қалқанын олжа етип тартып алды, кимдур атын жетелеп кетти. Көп өтпей Балтақ жүзбасы мыңлаған ләшкердиң маймылды тамашалағаны киби қызығына айланып, көптен берли бекинисти қамаған ләшкер зериккен еди, әлбетте, шоқмар зарпынан мең-зең болған басын услап, көйлек-ыштанда турар еди. Кимдур ески кәмарын әкелип мойнына таслады, жеңилген жаўынгер ески әдет бойынша кәмарын мойнына салып, бенде түсер еди, енди Балтақ бенде болды.

Көпшилик күлисер, ыштаншаң жүзбасыны қолын шошайтып көрсетип, бир нәрселерди айтар, оны түсингендей аң қалды ма Балтақ батырда? Ақырында тамашаға кенелген адамлар негедур тыншып қалды, баслар ийилди, көп өтпей бул тынышлық себепшиси ортаға шықты. Ол жибти басына көтерген тамашаны өз көзи менен көриўге келген хан болмай ким болсын? Бойы ортадан зыят, шоқ сақалын қына менен бояған, ақ көйлек сыртынан жеңсиз, қырмызы шапанның сыртынан буўылған кәмарына алтын қынлы қанжар тағылған қызыл жүзли хоширей адам Мухаммед Рахим ханның өзи еди.

— Атың ким шабаз? — деди хан зилсиз, жай-парахат даўыс пенен.

Мең-зең геллесине өз аты зорға келди.

— Балтақ жүзбасы...

— Жибке, сансыз ләшкерге жалғыз кирипсиз, мүддәҳаңыз не еди?

Балтақ дәлиден туўры келди.

— Саўаш қылмақ ушын!

— Сонша ләшкер менен жалғыз өзиң я?

— Изимдегилер қорқақлық қылды.

Балтақтың көзсизлиги, ким биледи, бәлки батырлық дегени де сондай болатуғын шығар, ләшкер алдында баҳаға, әдеўир қымбат баҳаға ийе еди, оны хан өз ләшкерине үлги еткиси келди ме, ким билсин?

— Өзиң, жалғыз өзиң қалғанда сескенбедиң бе?

— Сескениўге үлгермедим.

Хан Балтақтың кейинги тәғдири жөнинде бир шешимге келиў үстинде азғана бас қатырды. Жазалаў керек пе? Не ушын, көзсизлиги, ойсызлығы ушын ба? Ол ушын жазасын алып болған көринеди, ат-тоннан, жаў-жарақтан айрылғаны жаза емес пе? Ертең тағы қылышын алып, қарсы шықса ше? Онда не болады? Душпан ләшкери бир алаңғасарға көбейеди-дағы.

...Босатып жибериў... Душпанды босатып жибериў аўшының дузағына түскен аңын босатыўдай гәп болмай ма? Аўшы мийримли болғанда дузақ қурар ма еди? Яқ, бул жерде басқа гәп бар!..

Балтақтың ғуўлап турған басына өзиниң тәғдири қыл үстинде турғаны кирип те шықпады.

— Азат етилсин! — деди хан гүзги салқын ҳаўада жеңил кийимде турып қалтырай баслаған тутқынды көрсетип.

Еңгезердей еки нөкер әлле қашан қылышларын жалаңашлап ханнан ҳәмир күтпекте еди, олар ойлағанындай ханнан қылыш жумсаў пәрманын еситпегенлерине өкинди ме, я қуўанды ма ол жағы белгисиз қалды. Қылышларды сатыр-сутыр қынларға жайлаған нөкерлер Балтақты еки қолтығынан алып сүйрелеклеп, көз ашып-жумғанша қашының басына шығарып, изинен бир теўип қоя берди...

Балтақ болса өз тәғдирин тигип болса да бахтын сынап көриў жөниндеги мақсетине ерискен еди. Оның батырлығы ҳәм алаңғасарлығы көп ўақытқа шекем аўыздан аўызға өтип, айтылып жүрди. Және ол ўақыяны биреў көзсиз батырлыққа үлги ретинде баян қылса, тағы биреў ақмақлықтың белгиси сыпатында баянлады. Қайсысы дурысырақ екенлигин айырып отырыў да бираз машақат екенин сиз де аңлап жеткен шығарсыз.

Алаңғасар жүзбасыны азат қылып хан өз мақсетине қарай қәдем басқан еди. Енди қорғандағылардың көпшилиги бир ат шаптырымда көринип турған жибти жаў қорғаны, деп емес, ал тентек балаларды урып-соғып жазалап, соң қан төкпей қайтып кететуғын тәртип орнатыўшыларға мегзете баслады.

Айдос баслаған елшилер бекиниске нешинши мәртебе жақынлап келгенде иштегилердиң талабына бола Төремурат суфийдиң өзи қорған дийўалына көтерилип, Айдос пенен тиллесиўге мәжбүр болды.

— Төремурат, — деди Айдос салмақлы даўыс пенен, хан менен нени бөлисе алмайсаң, не өкпе-гийнең бар, қәне айт еситейик, ханға жеткизейик.

— Ол узақ гәп, және сиз пәсте, биз дийўалда?..

— Онда түс төменге, ақ кийизде отырып арқайын әңгиме қурайық.

— Мәрт болсаң өзиң кел!

Бул Айдосқа тасланған шақырық еди.

Азғанадан соң Айдос бий шақырықтың жуўабын берди.

— Аштыр дәрўазаңды, барғаным болсын!

Хан менен кеңескен Айдос қорғанға, Төремурат суфийдиң алдына Орынбай менен баратуғын болды.

Көп өтпей Қоңырат дәрўазасы алдында турған бийлер ушын дәрўазалар ашылды. Төремурат бийлерди салқын күтип алды.

Елшилердиң талабы да кескин еди. Суфийдиң ҳәкимияттан шетлетилиўи — қойылған шәртлердиң дәслепкиси болды.

— Мени шетлетип, өзиң болмақшымысаң? — деди суфий мысқыллы даўыс пенен.

— Сен дәрьяның арғы жағы менен берги жағынан, арқа менен қубладан жәрдем күткен един, өзиң хан, көлеңкең майдан болыўын аңсап қалдың, Хорезмниң тиреги менен сүйениши болған ханға бас ийгиң келмеди, ақыбетте есигиңе хан ағамыз ләшкер менен келмекке мәжбүр болды.

— Тек ғана мен емес, өзиң де арқа сүйер таўыңды өзиң жыққандурсаң, Айдос бий!

Айдостың тас мүсин киби болып көринген жүзине қан теўип, қызарды. Соң қаны ишине тартылып сурланды. Төремурат атқан зәҳәрли оқлар нышанға дәл тийди. Ол Айдос бийди еки бирдей инисин өлтиргенликте айыпламақта.

— Мениң сүйенишим әлемпанаҳ ханымыздур.

— Сол ушын ҳәм өзге сүйениш керек болмағандур. Суфий шаяндай шағып атырған еди.

Айдос шыдады. Өзге шарасы да жоқ емес пе?

— Ҳаял гәпти қояйық, суфий. Есигиңе келген үш мың ләшкердиң ҳәр бириниң қолында шопанның таяғы емес, кескир қылышы менен найзасы бар, соны билип қой. Мусылманның қанын төктирме.

— Мениң қолымды байлаған сен емес, сол ләшкердур.

— Соны биледи екенсең, тәслим бол.

Қоңырат қан төгиспесиз бағынды. Дәрўазадан ләшкер кирмейтуғын, қала талан етилмейтуғын болды. Төремуратты тутқынға алмады. Келисим солай еди, оның туўған-туўысқанлары менен қорғанның артқы дәрўазасынан шығып кетиўине имканият берилди.

Суфийдиң жанындағы атлы-жарақлы атқосшылар менен нөкерлердиң алдына еки шәрт қойылды: ол қәлесе хан ләшкери таманға өтиў, оны қәлемесе аты менен қурал-жарағын тапсырып өз жөнине кетиў еди.

Ҳеш ким, ўақтынша қазақ шарўаларын паналай турыў ушын көшип шыққан Төремурат та, нөкерликтен ўаз кешкенлер де қуўдаланбады. Суфийдиң бир улы хан хызметине алынды. Бул суфий келешекте мойынтаўлық етпесинлиги ушын көрилген шара еди.

Ләшкер өз мақсетине ерискеннен кейин халық тынышланғанша бир неше күн иркилип турды да, Қоңыратқа хан адамын қойып, сапар шығынларын қоңыратлылардан өндирип, излерине қайтты. Хожа елине келгенде хан қайырласпақ ушын бийлерди ҳүзирине шақырды.

— Келиң бий баба! — хан Айдосты орнынан турып қарсы алды. Бул ўақыя соңғылығында хан Айдосты көргенде орнынан турып кеткенин билмей қалыпты, деп айтылыўына себепши болды.

Хан бийлерди ылайықлы сыйлықлады. Сарпайлар берилди.

— Сораң тилегиңизди, — деди хошласар пайытта.

— Арзым бар, тақсыр ханымыз, — деди Қулшы мүлайым даўыс пенен. Маңлайы жерге төселген гилемге тийди.

— Сораң қыпшақ бийи.

— Биз, қыпшақлар Бухар сорамынан жақында келдик. Ҳәзир Шымбай жанында, қытай менен маңғыт руўлары ишиндемиз. Өз алдына жер берсеңиз, жайлаў берсеңиз.

Хан есикте турған дийўанбегиге ишара қылды.

— Жазып қойың!

Соң Қулшыға жүзленди.

— Қай жер мақул?

— Қытай менен маңғыт руўлары арасы мақул. Хан тағы да дийўанбегиге ишара қылды. Ол қағазға белгилер түсирди.

Қыпшақ жағысынан өтип, Шымбайға жеткеннен соң Айдос бийди еки күн қонақ қылды. Сарпайлап қайтарды. Қасқа жолға шекем гүзетти.

Айдос бий баслаған бир топар атлылар изинде буўдақ-буўдақ шаң қалдырып, өзлериниң Көкөзектиң аяғындағы мәканларына қарай ат сүрип барар, алдында шайпатылған боз жүрмелдиң үстинде қозы телпеги селкилдеп, астындағы ат пенен бирге туўылғандай бир-бирине жарасып қарақалпақ бийи, ярым хан Айдос барар еди.

Қонақларды узатып, төбешикке көтерилген бийлер өз ара нелердур ҳаққында, мәгар атланыс ҳаққында, яки боз жүрмел ҳаққында әңгимелесер, бирақ бул әңгимелердиң нелер ҳаққында екенлиги топар ишинде бир адамның — Қулшы бийдиң қулағына кирмес, қызықтырмас, ол Айдос ҳаққында ойларға шүмген еди.

«Түркстаннан көшкен, киши жүзден көшкен қарақалпақлардың ата журтқа келгенлерин бирлестирген усы адам екен. Әлбетте сол, басқа ким болар еди? Төремурат уқсап өз алдыма салтанат дүземен дегенде не болар еди? Әлбетте, қан төгилер, ел бүлинер, өзи бөлине-бөлине азайған халық тағы азаяр, сөйтип тоз-тоз болып кетпесин ким билген? Жаңадәрьядан он мың үйли қарақалпақты бир түгин түсирмей көширип келгени ше? Күни кеше өзи гүўа болған ўақыялар көз алдына келди. Қалың ләшкер, онша үлкен емес қорған. Қамал қылғанда неше күн төтепки берери бир аллаға аян емес пе? Жол бойы суфийдиң тәслим болғанынан хабарсыз қалған бир топар

жанкешти адамлардың ләшкерге тасланып ҳәлек болғанын есапламаса, қорған қан төгиспесиз алынды. Ол да Айдостың тапқырлығы».

Айдос бийдиң хызметлерин еслеген сайын оған деген ҳүрмети артар, бирақ муҳаббаты артпас еди. Оның шырайлы келбетинде, жүзинде, ҳәрекетинде кеўилшегирек адамды өзинен аўлақлататуғын қандайдур бир салқынлық бар еди. Кеўилшек Қулшы бий оны сезиўин сезсе де не екенин айыра алмады. Мәгар ол өзимшилликдур? Бәлки менменликдур? Бәлким өз күш-қүдиретине деген шексиз исенимдур? Яки жаўызлық па екен? Я салтанатқа, бийликке умтылыў жолында ҳеш нәрсени аямайтуғын, өз мәпи ушын жақсылықты, мийрим-шәпәәтти қурбанлық етип жибериўден тайынбайтуғын нәпси бәлесидур?

Қулласы ол кисиниң ишки әлемин түсинип алыў қыйын екенлиги көпти көрген Қулшы бийге аян болды.

«Ең қыйыны қәҳәри қатты. Оннан аўлағырақ жүрген мақул», деген пикирге келди.

## 5

Қулшы бий әмир қолында қалған Шақшақ жөнинде ханнан тилемегенине соңынан өкинди.

Бектемир бул пайытларда ески журтқа жетискен, өзи апарған аслықтан тысқары, Ҳәбий саўдагер апарған буўдайдан ҳәм сатып алған, қулласы бунда қалған жақынларының қарынлары тойып, ашлықтан қутылыўына себепши болған еди.

Әсиресе Тамдыбулақтың шарўа халқы: «Шымбай деген шәҳәр бар, ол жер қарақалпақлардың бурыннан соңға ата журты екен», деген сөзлерди узынқулақтан еситип жүрсе де, бул хабарды өз аўылласының аўзынан еситип таң қалысты. Ол жерде бир түйе жүги бийдай пәлен теңге емиш, дегенге исенгилери келмеди.

Шақшақтың дәрегин сорады. — Әмир хожалығы менен көширип әкелип, шәҳәрде сақлап отырған, — деген хабарды еситип, аманлығына қуўанды, бирақ көриў имканияты жоқлығын билип қыйналды. Оны қутқарып алыўдың, урлап қашыўдың жолларын ойлап көрип еди, келистире алмаслығына көзи жетип, пушайман болды.

Аўылда аўнап-қуўнап, бир ҳәпте, он күн болғанда бир топар үлкен-киши аўыл адамлары сорап келди. Өзи наўқас болғанлықтан үлкен көштен қалып қойған Айтбай деген яр-досының отаўында еди, сегиз қанат үй келгенлерге тарлық қылды.

— Изиңизден көшип барсақ қалай болар екен, бул жөнинде Қулшы бий бир нәрсе деди ме, жоқ па соны билмекши болып келдик, — деди келгенлердиң жасыуллысы.

— Қулшы ағам өзимизден хабар болмағанша жыллы орынларынан қозғалмасын, күтсин, бирақ таярлығын көрип жүрсин, «ал көштик», дегенде ғапыл болмасын, деп жиберди, деди не айтажағын алдын ала ойлап қойған Бектемир.

— Қашан? Қашан жетеди, ол хабар. Жүреклери ентигип соғар еди.

— Күтиңлер, жетеди бир күни. Бектемир жыйналғанлардың ҳалатын түсинер, ол күнниң келетуғынын билер, бирақ қайсы күн екенин билмес еди. Келгенлер алыс таманларда өз ағайинлери бар екенлигин кеўиллерине түйип, ол таманларға жетип барыўдан үмитдар болып тарқасты.

Үй ийелери, соның ишинде Бектемир де уйқыға жатыўға қолайласқан пайытта сыртта ийтлер тынымсыз үрип, есикке кимниндур келгенин хабарлады. Тысқарыға шыққан үй ийеси бийтаныс жигитти ертип кирип келди.

— Сени сорайды, — деди үй ийеси Бектемирге қарап.

Бектемир оттың алакөлеңке жарығында тигилип қарап, келген адамның ким екенлигин ядына түсире алмады. Ким болды екен, бул?

— Бектемир деген өзиңиз бе? — деди сол ўақытта кешлетип келген қонақ дизе бүкпей, тикке турған қәлпинде.

— Аўа, мен.

— Мен Шымбай тәрептен келемин. Сиз, әлбетте мени көрмегенсиз. Оңашада айтатын сөзим бар еди.

Үй ийелерин сыртқы шығарып жибере алмайды-ғой. Екеўи қатарласып отаўдан шықты. Жигит шетиректе турған ат таманға баслады.

— Меннен сескенип отырмаң Бектемир аға, — деди жигит жол-жөнекей, сырымызды ҳеш ким еситпеўи керек, сол ушын сыртқа жетелегенимди айып көрмейсиз.

Аттың жанында тағы бир қара көринди. Келген екеў иркилди.

— Маған сиз бенен гезлесиўди Қулшы бий айтты, — деп баслады бийтаныс жигит. Астыма ат пенен азық берип бул таманға жиберип, жақсылық қылған да сол киси, берекет тапсын. Расы, биз баспана излеп, қашып келемиз, аржағын айта берсем узайып кетеди, деп қорқаман ағатай. Ендиги айтарым, қолдан келсе жәрдем берсеңиз, ол келмесе мынаў атты алып, Қулшы бийге қайтып тапсырсаңыз деген едим, сизди тапқанымның өзине қуўанышлыман.

Бектемир ишки туйғы менен жигиттиң жанындағы жолдасы ҳаял екенин, олардың қуўғыннан қашып, Қулшы бийдиң силтеўи менен бул таманларға келип қалғанын, оларды мәгар излеп жүргенин, ал

бул таманларда қәўендер болғандай ҳеш кими жоқ екенлигин аңлаған еди.

Бектемир егленди. Ҳәр қыялдың басына барды. Жигитке не деп жуўап бериў керек? Қолынан қандай жәрдем келеди?

Ядына өзиниң буннан көп жыллар бурын қалдырып кеткен аўылы, қәдирдан досты Журынбай келди. Шешимди тез қабыллады.

— Атың ким еди, иним, атыңды тартынбай маған билдир, — деди Бектемир.

— Атым Балсары, ултым қазақ, деди жигит әтирапта ҳеш ким болмаса да басқалар еситип қоймасын, деген қыялда. Қарындасыңыз араллы қоңыраттың қызы.

— Тыңла Балсары, уғып ал, деди Бектемир. Буннан қублаға кетиң еки-үш күнлик жолда Ақтүбек аўылы бар. Сонда барып, ақырын ғана сорастырып Журынбай деген адамның үйин таўып алыңлар. Соң пайытын таўып кимниң жибергенин тек Журынбайдың өзине ғана айтыңлар. Ол әлбетте сизлерге баспана берер, бир жыл, ярым жыл оңыстырар, қалғанын талайларыңыздан көре бересизлер. Бастан кешкенлериңизди маған айтып отырмаңлар, елге барып еситермен, ҳәзир мәўрити емесдур. Қулшының аманатын қалдырып кеткенлериң мақул. Өзлериң ҳәр итималға қарсы ел гезген ағалы-сиңлили дәрўиш бола қойыңлар, ерли-зайып екениңизди билгенлер ҳәр қандай гүманның басына бармасына ким кепил болады? Бирақ Журынға оңашада расын айта бериң, ол түсинер.

Соның менен бийтаныс қонаққа «хош болың», демекши еди, «мәгар азығы жоқ шығар» деген ой басына келип «сәл ғана гидире турыңлар» деп изине айланды. Ишке кирип, қоржынынан нан-пан алып шығып жигитке берди, соңынан хошласты, жулдызлар сағымында еки көлеңке көзден ғайып болғанша излеринен қарап турды, тез арада ишке киргиси келмеди. Санасында өтмиш елеслери жанланды, көзлеринде жас дөңгелеген Журынбай, аппақ жаўлығын ҳеш қашан кир шалдырмайтуғын анасы, ең ақырында тобығына түсетуғын қызыл көйлек кийген Зулқумар көз алдынан өткендей болды. Ҳәкимқулды еслегиси келмеген еди, ол қолынан келмеди, сүйкимсиз асты кеўли айныса да жеўге мәжбүр адамдай қыялына бастырып кирген Ҳәкимқулдың жексурын, сүйкимсиз (негедур енди Бектемирдиң балалықтағы достының елеси сүйкимсиз көринер еди) келбети көп ўақытқа шекем көз алдынан кетпеди. Азғана болса да өзгеге көмегим тийди, деген сезим кеўлин сергитти.

Ақсуўаттан үш түйе менен бир атты жетелеп, қайтып келгеннен соң қашқын жигит пенен қыздың ўақыясын Қулшыдан еситти, кисиге ислеген жақсылығы Қулшының кеўлин хош етер еди, Бектемирдиң жақсылығын тап өзи ислеген киби қуўанды. Пайыты келгенде

Бектемир де көптен берли кеўлине түйип қойған муддәҳәсин айтып үлгерди. Ол: — өзиниң еле үйленбеген бойдақлығы, егер мүмкин болса үйленбекши екенлиги ҳаққындағы гәп еди, «кимге?» деген саўалға да жуўап, жолда қасқыр талап өлтирген Әрепбайдың ҳаялы Сәрбийке екени айтылды. Баласының разылығын алыў кереклиги ортаға шығып, тек Қайыр менен тиллесиў мәселеси басы ашық қалды, себеби Қайыр енди сол хожалықтың ийеси, ата-бабалардың дәстүри бойынша ҳаял адамның ықтыяры ер адамның руқсатында болар еди.

Қашқынлар да Бектемир айтқан ҳалатқа кирсе керек, еле Бектемир Ақсуўаттан атланбай атырып-ақ ерленген атты қосарға алған Балмағамбет қашқынлардың изи суўымай аўылға келди.

— Жоғымның изин усы аўылға киргиздим. Көргениң-билгениң бар ма? Дерегин айтқанға сүйиншим бар. Сиңлимди излеп келемен. Бир қарақшы зорлап алып қашыпты, — деп үйме-үй кирип, тимискиленди. Қашқынлар кеште келгенликтен көпшилик оларды көрмеген, нәбада келгенин көргенлер қай таманға кеткенин көрмеген, аўылдың төрт тәрепи жол, онда ҳәр күни атлы менен пияда қурдай қатнайды. Қулласы Балмағамбет изине түскен қашқынларының изин сол жерде жоғалтып қуры қол қайтыўға мәжбүр болды.

Бий менен сәўбеттен соң еки-үш күнди өткерип Бектемир ел жатпай атырғанда Әрепбайдан қалған жолым үйдиң есигин ашты. Үйде анасы менен Қайыр бар екен, жигитке кереги де сол емес пе?

Бектемир гәпти алыстан айландырып отырмады.

Енди Қайырдың ержетип қалғанын, өлмектиң изинен өлмек жоқ екенлигин, анасына жалғыз жасаў қыйынлығын айтқан болды. Тийкарғы мәселеге келгенде екиленип қала берди. Оны қыйыншылықтан берекет тапқыр Қайырдың өзи қутқарды.

— Мен разыман, — деди ол түйеден постын таслағандай топаторыстан.

Бектемир де, Сәрбийке де не айтарын билмей сам-саз болып қалды.

Бул қолайсызлықтан оларды Қайыр екинши рет те қутқарды.

— Мен Қоныcбайдыкине барып қайтаман, — деп орнынан турды.

— Ҳаў, түн жарпы болды ғой. Сәрбийке тилге келген еди.

— Зыяны жоқ, арқайын гүрриңлесе бериң.

Әлленемирге шекем жолым үйде қалған екеў ортадағы ошақта жанып турған оттың жарығында бир-бирине қарап үнсиз отырды.

— Шай ишесиз бе? — деди ақыры Бектемир келгенде отқа басылған қара дүмшениң ыңылдап қосық айта баслағанын тыңлап отырған Сәрбийке.

— Ишсек ишейик.

Өзлери көшип шыққан тәреп шарўаларына шай ишиў оншелли үрдис емес, олар шөллесе, айран-шалап, суўсын ишип шөлин қандырып жүре берер еди. Бул жерге келгели шәҳәр жақын болғандыки ме, адамлар шай ишиўди үрдис етип киятырғаны жөнинде Бектемир ишинен ойлап қойды.

Шәйнек жоқ еди. Ҳаял қай жердендур, қаршыннан ба, боғжамадан ба, қоржыннан ба қытайдан келтирилген шайды алып дүмшеге азырақ салды. Пақырлап қайнай баслаған дүмшени тутқыш пенен услап оттан алып, әташтанға қойды. Қоржыннан шынықапты алып, оннан шыны кесе шығарып, шай қуйды. Әдеп пенен Бектемирге усынды.

Жигит кесе менен қосып ҳаялдың бармақларын услап алды. Еки жуп көз бир-бирине қадалып, көп ўақытларға шекем дөгерекке бақпады. Әлленемирде кесени екеўиниң де услап турғаны ядына енди түскен киби:

— Қолымды жибериң, — деди өлпең ҳаял даўысы.

Олар бир-бирине муҳаббет айтысып отыратуғын жастан өтискен еди. Деген менен қырқ жасқа енди аяқ басқан Бектемирдиң тамырларында еркектиң қаны қайнап тасар, отыз жасларға енди келсе де ер адам менен жасаў ләззетин татып үлгерген ҳаялдың жүзлерине қан жуўырып, от жарығында жалт-жулт етип ойнаған көзлеринде қумарлық оты тутанғаны айқын сезилип қалды.

Орнынан турар пайытта жигит ҳаялдың қолынан батылсызлаў услап еди, ҳаял:

— Алдын некеден өтейик, кейин... деп сыңғырлап күлип қойды.

Көп өтпей Бектемирге некеси қыйылған Сәрбийке оның отаўына көшип өтти. Қайырдың жолым үйи менен Бектемирдиң отаўы қатар тигилген еди.

Қайыр енди әдеўир есейип қалған, әкеге еркелик қылатуғын қара бала емес, бир қатар жоғалтыўларды бастан кеширген өспирим еди. Темиршиге шәкирт болыўы оны ўақтынан бурын есейиўге ийтермелеген шығар, ҳәр күни устаханаға өзлериниң мүтәжы менен келетуғын адамлардың сәўбетин тыңлаў, көриктеги темирдиң алдын қызарыўын, соң көкшил жалын менен жана баслаўын, темир төс пенен темир балғаның арасында ҳәр қыйлы буйымға айланыўын тамашалаў заўықлы еди.

Бул жерге ҳәр қыйлы адамлар келеди. Мәселен, күни кеше келген бөз көйлектиң сыртынан жүннен тоқылған шекпен кийип, белин буўған, қалың қара сақаллы дийқанның уста менен гүрриңи ядында қалды.

— Ассалаўма әлейкум уста, деп даўрығып кирип, қоржынын жерге таслап темирши менен қос қоллап көристи сақаллы киси. Соң қоржынының баўын шешип ишиндегилерди ақтарды. Шақырлап түскен

темир буйымлардың арасында уңғысы кеткен бел менен кетпен, тислери кетилип батыл болған орақ, қайралыўы тийис шот пенен балта, кепсери кеткен пазна, тағы әлле бир темир буйымлар бар еди. — Жаз бойы келемен деймен, келе алмайман, бир күн гүзлик егиў керек, бир күн жүўери орақ, бир күн тары орақ, бир күн түйек айдаў дегендей «шопан өлгенде тынады, дийқан жамғырда тынады» деп бийкар айтпаған қусайды ата-бабам, пақыр. Қулласы уста жора, мыналарды саған әкелип оңлатаман деп нийет еткеним қашан, келиўге буйырған күни бүгин қусайды, әйтеўир.

— Ўәлейкум ассалам, Үмбетбай дайы, ҳаў бармысаң, әйтеўир, көптен қарайман, көринбей кетти деп. Аўылдағы дайыларым тегис аман ба, бизики де усы талап, байлап қойылғандай бизге де былай-былай шығыў буйырмаған. Быйыл дийқаншылық қалай?

— Ҳәрне, ҳәрне, — деди дийқан. Бәҳәрги тасқында Қарабайлы кәнарынан шығып, әдеўир жерлерди суў басты, ҳәр қашанғыдай басыўға еккен дийқаншылық шеп болмайды, және алла биледи, қашан қапқа түспегенше анаў-мынаў деў қыйын, уста жийен. Соң дийқан жерде үйилип жатырған өзиниң буйымларына қарады.

— Әне уста жийен, мыналардың кеткен жерлерин оңлап, кепсерлеп, шарлап дегендей, келеге келтирип бересең.

— Бизиң кеўсенди қашан бересең, аўылыңа дән тийеп қайтатуғын арба жибере берейин бе? — деп қояды уста жийен бир жағы ойын, бир жағы шын. Оның үстине жийен пайымды барлық қытай жыйналып қоссаңыз, әҳ-ҳәй қанша болады?

— Кеўсенди барсаң аласаң. Көригиң менен балға-төсиңди мына шәкиртиңе көтертип барсеш, Қусхана бетлерге, «ҳәм тайымды үйретемен, ҳәм дайымды көремен», деп. Дәнди кәрўан менен алып қайтпасаң, маған кел.

— Муз қатсын, барғаным болсын, — деди терге малынған бөз көйлектиң сыртынан булшық етлери билем-билем болып көринип, аўыр балғаны ҳәр көтергенде бултылдап ойнап турған темирши. Дән мол болса кәрўан да жоллайман.

— Шәкиртиң қалмасын, — деп гәпти нығызлады, дийқан.

— Әлбетте қалмайды.

— Бул жигитшени танымадым, иниң емес пе? Аўылдан кеткениңизге де бираз болды, инилериң де бар еди ғой? Жийеншелер...

— Бул жигит те иним, өзимиздиң қыпшақ тайпасынан, бирақ тап Бухар шәҳәриниң өзинен келген десек те болар, бул жақтағы туўысқанларын излеп келипти.

— Алма алмадан алысқа түспейди, деген-ғой. Бул жигит те саған уқсайды. Соған қарағанда барлық қыпшақ бир атадан тарқағаны рас

қусайды, деп ҳәзиллести дийқан. Соңынан қосып қойды, — Биз қытайлардың да бираз ағайинлеримиз Жаңадәрья деген жерден Кегейлиниң бойына жақында көшип келди, деп еситип атырмыз. Аты қарақалпақ қәне енди бир жерге топланып бирлессек, бизге ҳеш ким тырнақ батыра алмас еди.

— Несин айтасаң Үмбетбай, айтқаның дурыс, деп суўық демин алды. Әкемниң туўысқанлары «көшпеймиз», деп киши жүз ишинде қалып кеткен екен, әкем пақыр өлеринде «туўысқанларымды көремен бе», деп көзи ашық кетти. Ағайинниң қатар қонғанының өзи ғәниймет пе, деген қыялға бараман, гейде, әсиресе кешеги аталарымыз басынан кеширген алғаў-далғаў заманда...

— Ҳәй жийен, ҳәр ким өзиниң өлисин айтып жылайды, дегендей адамның кеўлин бузып жибердиң. Кел, жақсысы мен өзиндей бир уста бабамның басынан кеширген ўақыясын айтып берейин, шәкирт балаң да қулағына қуйып алсын, мәгар сабақ болар келешекте, — деди дийқан қуўнақ даўыс пенен. Ал, тыңлаң...

— Арғы бабамыз Мәмбетқул қытайдан тараған Өтеғул менен Адақ деген иниси екеўи ел гезип темиршилик қылады екен. Өтеғул балғасы менен төсин арқаласа, иниси көрик пенен көмирин арқалап, бир жерде қонып, бир жерде түсленип, гез келген аўылда ҳәр кимниң мүтәжин питкерип, бергенин алып киятырса бир аўылда бир ғарры гезлесип, буларды иркеди.

— Мүтәжим бар, балаларым, — темиршисизлер шамасы, дейди ғарры көкирегин жапқан аппақ сақалын тутамлап, аппақ кирпигиниң аржағындағы көзлери сығырайып. Маған бел оғада зәрүр, бел соғып бериңлер.

Темиршиниң талабы бел соғыў емес пе, дәрҳал төсти жерге қойып, көмирди тутандырып, көрикти басып жигитлер иске қумбыл кириседи, көп өтпей ғаррының берген шаппаттай темири белге айланады. Бел таяр бола келгенде ғарры устаны иркеди.

— Балам, сәл, еглене тур, ғаррылық қурысын, есимнен шыққанына қарашы, маған бел емес пазна керек екен, мынаны соған айландыра-ғой, дейди күлимсиреп.

— Ләббай, қардардың гәпи биз ушын буйрық, деп Өтеғул маңлайының терин артып қойып, таяр белди шөккиш урып пазнаға айландырыўға кириседи. — Қәне, бас көрикти,— дейди инисине.

Әлқысса таяр бел бир заматта пазнаға айланады. Енди таяр буйымның қулағын темир шеге менен кепсерлейин, деп уста шегеге қолын узатқан пайытта ақсақалдың пейли тағы айныйды.

— Ўаҳ, — деп жамбасына бир урып қояды ғарры тағы да. Алла бәрекелла, бизге пазна емес, орақ керек екен-ғой. Гүз келди, бийдайлар

писти, мынаў қолындағы темирдиң суўғарылыўдан иси питти, ол полатқа айланды. Қыйналма балам, бабаңа бир кескир орақ соғып бере-ғой, дейди.

Уста сәл егленип, белин жазып, маңлайының терин сүртип алады да, пазнаны отқа салып инисине: «көрикти бас, Адақ», дейди.

Түринен бул ғаррының қылықларына ашыўлы екени билинип турса да көрикти баса береди, оттың қызыўынан ба, я қәҳәрден бе жүзи бозарып, терлей баслаған екен.

Қулласы кескир орақ та тайын болады, оны уста бираз суўысын деп «ўаж» еттирип қабақтағы суўға батырып алып саплаўға қолайласса ғарры тағы өзгереди. Енди оған орақ емес, биз керек болып қалған емиш.

Өтеғул «ғың» деместен балғаны қолға алады. Иниси көрикти басады. Бизди саплайман десе, ғарры тағы өзгерипти.

— Көрдим темирши балам, қолыңнан қәлеген буйым соғыў келер екен, тән бердим, тағы алжастым, ҳаслында бизге биз емес, ал биздиң баласы «бизбилдик» керек екен.

Сол жерге жеткенде устаның көрик басып турған иниси көриктиң жибин жерге ашыў менен тартып урыпты.

— Бул не қылған алжыған ғарры. «Биз баласы бизбилдик», дегенди ким көрип, ким еситипти. Мен ондай нәрсениң болатуғынын өмирим туўып еситпегенмен, — депти.

Бул ўақытлары «биз баласы бизбилдик» соғыў ушын таяр бизге шөккиш ура баслаған Өтеғул бас шайқап:

— Ҳәй иним Адақ, питип турған исти бузажақсаң, гәпти қой, бас көрикти, деп инисин тынышландырмақшы болып атыр екен, ғаррының өзи Өтеғулды тоқтатыпты.

— Жетер, шеберлигиң, сабыр-шыдамың менен үлкен сынақтан өттиң, Өтеғулжан, — депти көкирегин жарып турған аппақ сақалын тутамлап. Иншалла даңқың менен кеңпейиллигиң журттан-журтқа тарағай, жай қолынды, тиле тилегинди, пәтия берейин, деген екен.

Сонда Өтеғул атамыз: «Жети әўладыма шекем аш та қылма, тоқ та қылма, жаў қолында ҳеш бирин бенде қылма», деген тилек тилесе «әўмийин» деп пәтия берипти де, Адақ атамызға қарап: «Ҳәй бир шыдамың жоқ бала екенсең, Адақ бол, бир ярым қадақ бол», деп көзден ғайып болыпты. Шамасы ғарры сүўретинде келген Қызыр ата болса керек, деп әңгимесин тамамлады Үмбет.

Бәлки көпти көрген темирши уста бул аңызды бурын да еситкендур, бирақ әңгимени қызығып тыңлады.

Қайыр болса биринши еситиўи еди. Әпсанаўий уста, оның сабырсыз жәрдемшиси жөнинде ойлап қойды.

Усы пайытта шәҳәрдеги ҳәўлилердиң биринде туратуғын, жасы әдеўирге барып қалған, бир ўақытлары сәрўи талдай тип-тик қадди ўақыт салмағынан әдеўир ийилген, жаслығында шырайлы болғанынан дәрек беретуғын бадам қабақлары салынып, наразы кейипте жүретуғын кәйўаны есиктен сөйленип кирди.

— Уста бала, қолың бос па, мынаў аты өшкир әтөшкирдиң бир жери қыйылған көринеди, шоқ алып, күлге көмемен, десем қолымның айтқанына көнбейтуғын болды, көрөс, — деп қолындағы әтөшкирин устаның дәскесиниң үстине таслады.

Қулағы келгенлерге түриўли болса да ис пенен бәнт уста дәрҳал қолындағы қысқыш пенен услап турған темирди отқа қойып, әтөшкирди алып, ол жақ, бул жағын айландырып көре баслады.

— Еки жақлаўын бириктирип туратуғын сымтемир қыйылыпты. Ҳәзир жөнлеймиз, деп уста кемпирдиң алдында пәйик болды. Оның себеби бар еди. Кәйўанының өзи де озбыр, тийген жерин жулып алатуғын, оның үстине шәҳәрдеги ең азада ҳәўли усы кемпирдиң улына тийисли, ал ул болса анаў-мынаў емес, шәҳәрдиң ийеси болса не дейсең?

Аўа, шәҳәрдиң ийеси бар еди. Ҳәр жылы болмаса да, ўақты-ўақты дийўаллардың жамғыр ҳәм қар ызғарынан ылайға айланып, кетилген жерлери оңланып, дәрўазаның жарамсыз ҳалға келген тахтайлары алмастырылар, бундай жумысларды орынлаў ушын усталар жалланар, оларға ҳақы төленер, қала турғынларынан дәрўазаға сақшылар белгиленер, булардың бәрине қәрежет керек болар, қәрежет жыйнаў да, айтылған ислерди орынлаў да қала ақсақалына жүкленер, ақсақалдың аты Юсупбай еди.

Ақсақалдың әкеси дәслепкилерден болып, туўысқанлары менен Кегейлиниң бойына көшип келип, арқадан қублаға, түсликтен батысқа тартылған жоллар кесиспесине бир-бирине тутастырып атпа ылайдан жайлар салып, орналасып алады. Бара-бара жайлар салына-салына бул мәкан сырттан қараған көзге бир қорған сыяқлы болып көринеди. Ол заманларда қарақалпақлар атпа ылайдан жай салыўды оншелли үрдис қыла бермес, үйреншикли отаўларында қысы-жазы жасай берер еди. Соңын ала Бухара менен Хийўа дийўалларын көрген шымбайлылар атпа жайлардың сыртын дийўал менен қоршап, қорған ишине ҳәўлилер салып, базар менен дүканлар, кәрўансарай қурып, ақсақал сайлап, өз заманына сай кишигирим шәҳәрге айландырады.

Юсупбай ақсақал базар менен кәрўансарайдың ийеси, ал дүканлар Ҳәбий саўдагерге тийисли еди.

Ҳаслында базар менен шәҳәр Қызыр дарыған жерде бинә болады, деп айтысады. Бул болжам итималдан алыс болмаса керек, қалай

дегенде де Шымбай кем-кемнен толысып, базары да кеңейип Хийўа сорамының арқа таманындағы әҳмийетли орынға айланып барар еди.

Шәҳәр турмысына кем-кемнен сиңисип баратырған шөл перзенти, шөлде туўылып өскен Қайыр ушын шәҳәрдеги бир ҳәўли, сол ҳәўлиде өскен бир әжайып гүл барған сайын қәдирдан болып баратырғанын мойынламасқа илаж бар ма?

Устаханаға әтөшкир алып келген кәйўаныны көргенде Қайыр негедур бир жағынан қысынып, бир тәрепинен кеўли алып ушып өзин бийжағдай сезе баслады. Ақыры ол шәҳәр ақсақалының, анасы, Юсупбайдың еркетай қызы Шәҳрибаниўдиң кемпир апасы едидағы!

Қызды дәслепки рет көрген пайытларын Қайыр ентигип-ентигип еследи.

...Аўа, сол сапары да көриктиң жибинен тартып-тартып қойып, бир көзи менен базар майданында асық ойнап атырған Ережепти бақлап турып еди, тосыннан устаханаға қарама-қарсы тәрептеги ҳәўлиниң есиги ашылып, оннан көк көйлек кийген, көкирегиндеги ҳәйкел қоңыраўшалары менен шашбаўдағы гүмис теңгелердиң шыңғырлысы қулақлардың қурышын қандыратуғын сазға мегзеп, айдай жүзи адамды ақылдан аздыратуғын дәрежеде гөззал, мәгар Қайыр менен жасы тетелес, я бир-еки жас киши бир қыз суўқабағын ийнине салып шығып келе берди.

Мурнына самал енип киятырған өспирим бундай сулыўды көрип таң қалғанлықтан ба, негедур гә жылағысы, гә күлкиси келип, ҳеш бирин келистире алмай гөззаллықтан көз үзбей аңырайып қатып қалды.

— Көрикти бас, — деген темирши устаның өзине келген даўысынан өспирим соннан баслап бир көзи әдеттегидей базар майданында асық ойнап отыратуғын Ережепти емес, ал қарама-қарсы ҳәўлиниң есигине бағатуғын болып қалған.

Боласынлы Ережеп бағатуғын малы, қылатуғын басқа талабы болмағанлықтан, көбирек базар майданын толтырып асық ойыны менен қумбыл болатуғын шәҳәр балалары менен әжик-гүжик болып үйренген, бирақ өжет минези, наҳақлыққа шыдамайтуғын туўрылығы себепли өзи қатарлы, базда өзинен үлкенлер менен де мәмлеге келе алмай, таласып-тартысатуғын пайытлары көбирек болатуғын еди. Бул пейли оған ап-аңсат ғана «Қулшы бийдиң тентеги», «тентек» деген бий-ҳазар, бәлки ҳазарлы да шығар, ол жағы бизге оншелли мәлим емес, лақапты «Ережеп» деген атына қосып жапсырды.

Бул лақап ойын майданында тез-тез ақланып, гирлеў, наҳақлық шыққан жерде Ережеп өзинен үлкен яки, ақсақалдың я саўдагердиң баласы болыўына қарап отырмастан сөзи өтпеген жерде даў-жәнжелди

жудырық пенен шешип туратуғын, сол ушын анда-санда мурны қанап, яки көзи көгерер, оны бала әкесинен жасырар, өзиниң тентеклиги ушын Қайырдың дәкке жеўин қәлемес еди.

Бир сапары кимниңдур силтеген мушынан көзи көгерип қайтып киятырғанда алдынан әкеси Қулшы бий шығып қалмасы бар ма?

Әкеси оны жол үстинде тергеп отырмады. Кешқурын отаўына шақырды.

— Ал, не болды, сөйле, бул сапары да даўды жудырық пенен шештиң бе? Әкесиниң даўысында ашыў, қәҳәр я ғәзеп жоқ еди.

— Солай болды, ата. Шыдап тура алмадым.

— Әне, сол шыдап тура алмағаның шатақ, балам, — деди әкеси меҳрибан даўыс пенен. Мениң сеннен дәмем зор. Сен болсаң қойдың бир асығының үстинде таласып я биреўдиң мурнын бузыўға, я өзиңниң мурның бузылыўына таярсаң.

— Сонда не қылайын ата, зорлыққа шыдайын ба?

Бий ойланып қалды. Не деп жуўап бериў зәрүр. «Шыда, шыдай бер», десе бәрине шыдай-шыдай ҳеш нәрсениң парқына бармайтуғын көмпис болып қалса! «Шыдама», десе адым сайын алыса беретуғын шәддес болса? Орта тусы қай жерде өзи?

— Адамда ақыл бар улым, — деди әлленемир ойланып бир шешимге келген Қулшы. Мениңше азғана шыдап, ақылды ислеткен шеп болмайды.

— Ақылды қалай ислетиў керек?

— Ақыл ислетиўдиң мың да бир усылы бар. Оны кейинирек уғып аласаң. Туўры сөзиң, ҳақыйқатлық ушын жан күйдиргениң жақсы. Бирақ бастан бурын қолды ислетпе, бастан кейин ислет қолды, соны ядыңда тут. Енди бар, жараларыңа мәлҳәм бастыр.

— Ата, — деди босағада иркилген Ережеп, мениң ушын Қайырды жазаламаң, оның айыбы жоқ. Ол бәрқулла мениң қолымды услап тура алмайды.

— Яқшы, жазаламайман, ондай етиў ойымда да жоқ.

«Балаға тәрбия керек», деп ойлады отаўда жалғыз қалған бий. «Еле ойын баласы, азғана ойнасын», деген екинши ой бириншисине қарсы шықты.

«Баланы бастан, қатынды жастан» деген пикир мақулырақ көринди.

Өзиниң өспирим пайытында атқа минип, бийлик еткени ядына түсти.

«Тәрбия керек. Оқытыў керек. Мектеп жасынан өтип баратыр, еле асық ойнап, тентеклик етип жүрипти».

Ядына қытай руўының бийи Рысназардың баласы Турым түсе кетти. Ережептен сәл үлкенирек, бирақ оқыўы әдеўир бар. Баласын

соған қосса қәйтер екен? Ережеп тек шәҳәр балалары менен ғана емес, Лар бойында отырған қоңсы аўыл балалары менен де бирге ойнап, танысып алған еди. Өзинен сәл үлкенирек Турым, өзи менен тетелес Тампы устаның балалары Бекназар, оннан кишкене урныққыр Сейтназар менен Еркинбайды өзине жақын тартар, мәгар олардың да өзине мегзеген өжетлиги унайтуғын шығар. Тағы да сол аўылдан Өмирбек деген  бала тили өткир, рети келсе әкесин де аямайды. Бир сапары Қасқа жолдан киятырған жолаўшы ойнап атырған балалардың жанында көлигин иркип,  жолды көрсетип:— Балалар, мына жол қаяққа барады? — деп сораған екен, балалардың ишинен суўырылып шыққан қыйық көзли қара бала:— бул жол ҳеш жаққа бармайды, усы жерде жата береди, депти. Ренжиген жолаўшы:— Ҳей бир қырсық екенсең, десе Өмирбек:— қырсық болып арбаңның көшерин сындырдым ба?— деген қусайды.

Көп өтпей Қулшы бий баласы Ережепти Турымға қосты. Алысырақ аўыллардың биринен Бухарада медиресени оқыған бир молла сол жерден оқыўға ықласлы үш-төрт баланы қосып, дәрис бере баслады. Ережеп молланың шыбығын бир-еки мәрте жегеннен соң мойынтаўлық ете баслаған еди, әкесиниң райын жыға алмады.

Енди молладан сабақ алыў менен бәнт болған Ережеп асық ойынына жума ҳәм екшемби күнлери баратуғын болды. Бойы да өсип, санасы да жетилисип барар, Қайырдың ғамхорлығынан да қутылған, Қайыр енди арқайын көригин басып, базда устаның руқсаты менен балға услап, сом темирди шөккишлеп ҳәр қыйлы буйымға айландырар, үстинги ернинде мурты тап берип, бойының узынлығы менен жаўырнының кеңлиги кәмалына келген жигитлердикинен қалыспас, булшық етлери билеўленип, нағыз дәпең темиршиге айланып бармақта.

Шәҳрибану де ержетип келмекте. Анасы түркстанлы уйғыр қызы еди. Пуқталығы менен дуўпыязлығы, үркек қуралай көзлерине мегзеген қыйық қара көзлери, қыр мурыны менен сәл түрилиңкиреген ләблери анасына тартқан, узын бойы менен қыпша беллигин, бийдай ренди ўақтында қайың жигит болған әкесинен алған. Анасын Шәҳрибану емис-емис ядлайды, уйғырша хәййиў айтқанлары қулағында қалған, сондай бир шырайлы ҳаял еди, қыз енди бес жасқа шыққанда туўған анасы қайтыс болып, өгей ананың тәрбиясында қалды.

Қыздың тәрбиясы менен өгей анадан гөре көбирек Юсуптиң анасы, биз устаханада көрген кәйўаны ҳаял шуғылланды. Еркелетип ҳәм узын атқа тилим келмейди, деп «Бәниў» деп атаған да сол. Өгей ананың бир неше ул-қызлары, яғный Шәҳрибаниўдиң үкелери бар еди, әкеси бәрқулла өзиниң жақсы көретуғын қызы Бәниўге

өзге ул-қызларынан гөре көбирек меҳрибан болыўға умтылар, сол ушын ең жақсы кийим, ойыншықлар, жақсы сөз ең дәслеп Бәниўдики болыўын қәлер еди, ал өгей ана әкеге қастпа-қас оның керисин ислеўге тырысар, сол ушын да әкеси үйде жоқ пайытларда өгей ана оған қысым көрсетер, қыздың ананы жаманлай алмайтуғынын билип соны қылар еди. Бундай пайытларда, әкеси қандайдур жумыслар менен сапарларда көп болды, Бәниў үкелеринен бөлинип, кемпир апасының жанынан пана изледи. Кәйўаны көп ертеклер билер еди, қыс күнлериниң узақ кешлеринде дәўлерди жеңген батырлар, мәстан кемпирлер, мақсетлерине жеткен ашықлар жөнинде ертеклерди тыңлап уйқылаўға үйренген қыз әрманшыл болып өсти. Кемкеўил, өгей анадан жәбир көрген қыз өзин алып денели, ақ көкирек, ҳеш қашан алдамайтуғын батыр жигиттиң жанында көриўге, оннан пана табыўға умтылар еди. Өгей ана өзи туўғанларды Бәниў менен бақталас, деп есапласа да қыз өзиниң үкелерин сондай жақсы көретуғын, олар десе ишкен асын жерге қоятуғын меҳрибан болды.

Бир сапары сиңлиси Бәниўдиң алтын балдақлы, перуза көзли сырғасын тағып ойынға кетипти де, қалай болса да шомыламан, деп шешип қойғанда жоғалды ма, я сүңгиймен, дегенде қулағынан түсип қалды ма, биреўин жоғалтып алыпты. Әкеси сапарға кеткен, кешқурын сыр ашылды, сиңлиси ойыннан келгенде анасы оның қулағындағы бир сырғаны көрип, «екиншиси қәне?» деп сорайды, қызы сонда барып әжапасының сырғасын тағып кеткенин ядына түсирип, сырғаны жоқлап, шомылған жерине жуўырады. Оның менен сырға табыла ма? Перзент ушын ҳәр нәрсеге таяр ана Бәниўге келип жүгинеди. «Бәниў қарағым, сиңлиң сырғаңның биреўин жоғалтып алыпты, билемен сырғаны сен жақсы көретуғын едиң, анаңнан қалған көз еди. Әкең бул ислерди билсе сиңлинди аяп қоймайды, таяқтың бир ушық маған да тийиўи сөзсиз, илажы болса бул ислерди әкеңе билдирмейик, нәбада билсе, өзим жоғалттым, деп айта-ғой», деп асты-үстине түсти.

Шынында да уйғыр зергерлери соққан, анасынан мийрас болып қалған сырға Бәниўдиң көз қарашығындай сақлаған мүлки еди. Илаж қанша? Енди сиңлисин әкеси жазалаған менен, өгей анасы жәбир көрген менен жоғалған сырға табылар ма?

— Яқшы апа, — деди қыз иши ийт жыртқандай болып турса да. Бул сырды ҳеш кимге айтпаймыз. Ҳәттеки кемпир апама да. Егер жазатайым сыр паш болып қалса, «өзим жоғалттым», деп мойныма аламан.

Өгей ана усындай меҳрибан қызды ишинен жек көрип келгенине пушайман болып, қыздың маңлайынан сүйип алды.

— Қойш апа, жойтылса, сырға жойтылыпты, соған да сонша ма? — деп көзлерине қуйылып келип қалған жасларды көрсетпеў ушын жүзин бурды.

Қайыр Бәниўди ҳәр күни көриўди аңсар, қыз суўқабағын көтерип, шашбаўындағы гүмис теңгелер менен ҳәйкелиниң қоңыраўлары шыңғырлап ҳәўли есигинен шықпаған күнлери қымбатлы буйымын жоғалтқан адам киби өзин бийжағдай сезе баслар еди. Қыз ҳәўли есигинен шыққаннан соң жигит бурынғыдан да бетер тақатсызланар, қабақ көтерип, жүрип емес, ал мисли суўда жүзген қус киби сырғанап баратырған, узын көйлеги жерге тийип турғанлықтан аяғының тобықлары да көринбес еди, қызды көзи менен дәрўазаға шекем гүзетеди, тоқтап қалмаслық ушын керек болмаса да көриктиң жибин тез-тез тартады, оны аңлаған уста ишинен «жигит ашық болды» деп ойлап, муртынан күлип қояды. Уста да жигит болған шығар, ақыры, жас ўақтында кимлер ашық болмаған, кимлер сүйип қалмаған, дейсиз.

Бир күни ҳәўли есиги ашылып, Бәниў шықты да темирши дүканына қарай туўры келе берди, ийнинде негедур суўға барғанда алып шығатуғын қабағы көринбеди. «Дүканға киятыр», деп ойлады жүреги қанасынан шығатуғын киби қатты соғып кеткен жигит.

Әне, ол дүканның ашық турған қапысынан ишке кирди. Жигит әтираптағы ҳәрекетлерди: көрикте жанып турған отты, оның үстиндеги лалаптай қызарған темирди, төс жанында турған устаны, қулласы көзине көринген ҳәм көринбеген барлықты умытқан, пүткил әлемде темиршиниң шәкирти болған өзи ҳәм босағадан атлап атырған қыз ғана қалған еди.

Бәниў есиктиң алдында көриктиң жибин услап туратуғын жигитти ҳәр күни көрип, өзиниң басқан ҳәр бир қәдемин көзлери менен гүзетип туратуғынын сезип жүрсе де, қуралай көзлерин кең ашып, мисли бул жигитти биринши мәртебе көрип турғандай басынан аяғына шекем бир қарап алды. Бул нәзерден жигиттиң жүреги шадландыма, қапаланды ма, оны өзи түсине алмады, бирақ орнынан қозғалып, мисли төмен түсип кеткендей болды.

— Мынаның шыңғасы түсип қалыпты, — деди сазендениң қолына түскен дуўтар сазындай жағымлы даўыс.

Қыздың даўысын биринши мәртебе еситкен жигиттиң таңланыўында шек болмады. «Қандай сүйкимли, қандай жағымлы!».

Бәниў көк көйлегиниң узын жеңинен кишкене ғана қырғышты шығарды. Ҳәр бир үйдиң қазан-табағының дөгерегинде жүретуғын, қаршында қасық пенен пышақтың қасында сақланатуғын, үй бийкесиниң ҳәр қандай ас писиргенде дәртине жарайтуғын, қәдимгидей темир қырғыш еди.

— Қәне, әкел, деп қолын созды Қайыр.

Бундай күш ҳәм батыллық бойына қайдан келип қуйылғанын жигит елеге шекем билмейди.

Қыз қырғыш услаған қолын Қайыр таман узатты. Қабарған қолларға Бәниўдиң нәзик саўсақлары тийип кеткенде жигит естен айрыла жазлады.

— Қәне жигит, оншелли қыйын нәрсе емес екен, өзиң иске кирис. Устаның даўысы жигитти өзине келтирди. Қолындағы қәдимгидей темир қырғыш емес, ал қандай да бир қәдирли зат киби абайлап ғана төстиң жанына қойды. Сымтемирди ошаққа салып, көриктиң жибин услады.

— Мен бир айланып келейин бе, — деди қыз сыңғырлаған даўыс пенен.

— Ҳәзир таяр болады, айланып келип жүрмей-ақ әкетесең, — деди уста.

Сым темир бир заматта қызарды. Қайыр оны қысқыш пенен алып төске қойды. Соң атаўызды алып, шөккишлей отырып, сымға шеңберге айландырды. Шеңберди қәдирли қырғыштың темир сабына орнатып, бир-еки мәрте шөккишлеп, сым шеңбердиң бир-бирине тийип турған жерин бириктирди. Қабақтағы суўға батырып еди, ыссы темир сес шығарып, азы-кем пар көтерилди.

Жигит өзин исенимли тутып, көз илеспес шаққанлық пенен иследи, бундай шапшаңлыққа көпти көрген темирши де таң қалды.

— Рахмет, — деди қыз сазланған дуўтар сестиндей даўыс пенен. Ҳақысын атам төлейди, ғам жемең.

— Яқ, яқ, ҳеш қандай ҳақы керек емес, — деди Қайырдың орнына темирши.

— Яқшы, — деп бас ийзеген қыз Қайыр таманға пинҳамы қарап қойды.

Жигит қуўаныштан секирип жибериўге сәл ғана қалды.

— Ашық болып қалыпсаң бала, — деди салмақлап сөйлеген темирши Бәниў кеткеннен соң. Қыздың да сенде кеўли жоқ емес. Бирақ айтарым, күйип қалма, соңынан бир өмир ядыңнан шықпайды. Билесең, қыз ақсақалдың қызы. Халықта: «тең теңи менен...» деген гәп бар. Өзим басымнан бир мәртебе кеширгенликтен айтып атырман, кеўлиңе алып жүрме, тағы...

Бул сөзлерден Қайырдың қуўанышы қызып турған темирди суўға басып алғанда қандай ҳалатқа келетуғын болса сондай ҳалға келип, тез басылды.

Темирши ашшы болса да ҳақыйқатты айтқан еди.

Әдеттегидей өз жумысы менен машқул болған Қайыр аўыр ойларға талды. Шынында бул бир жесир ҳаялдың улы болса... Бәниў кимсең, шәҳәр ақсақалының қызы. Деген менен ақшам алыстан жымыңлап көринген от жақтысының түнги жолаўшының кеўлин жубатып, белине мәдет болатуғыны киби жигиттиң қапа кеўлиниң бир мүйешинде қандай да бир үмит, қандай да бир жылыў бар еди. Жигит қыялында бул үмитти мәпелеп өсирди, нығайтты ҳәм оған исенди. Ол «Бәниў де мени жақсы көреди», деген үмит еди.

## 6

Шәҳәрден баслап Лардың аяғы, Теңгешашқаннан өтип Буйдалы атаға шекем қытай руўы менен иргелес жерлер Қулшының ханға қылған арызынан кейин Бухарадан көшип келген қыпшақларға берилди. Еки руў бириге отырып, ол әтираптағы өнимдарлы жерлерге суў апарыў ушын Ларды жағалап «Тағжап» деп аталып кеткен жапты қазды. «Тағжап» Кегейлиниң шәҳәрден өрирегинен саға алды. Аяғы Теңгешашқанға шекем баратуғын шәҳәрден төменириректен саға алған «Бесжап» аралас қонған руўлардың жерлерин суўландырды.

Орынбайдың басшылығында барлық руў жыйылып, Кегейлиге көпир салды. Енди Қусхана таўының дөгерегиндеги дийқан басыўға еккен дәнин Шымбай базарына, ешекли, атлы, я арбалы дегендей иркинишсиз әкелетуғын болды.

Жаплардың қазылыўында, оның қай жерден тартылыўы кереклигиниң үстинде көп даўлар болды. Ҳәр ким, ҳәр аўыл, ҳәр руў үлкен жаптың өз жериниң үстинен я жақын жерден өтиўине мәпдар еди. Сол ушын тартыслардың изи үзилмеди. Қандай жол тутса мақул болатуғынын ойлап, бийлердиң басы қатты. Жаңадәрьядан келгенлерден өзгелердиң көпшилиги шарўалар, жаңадәрьялылардың тиси дийқаншылықтан шыққан, олар дақыллардың адамлар билген түриниң бәрин егеди, десе лап болмас, мәгар. Мүмкин, дүньяда дийқаншылық дақылларының биз билмегенлери де бар шығар. Жаңадәрьядан көшип келген дийқанлар болса мәш, лобия, кендир, гүнжиден басқа жүўери, тары, бийдай, қаўын менен ғарбыз, асқабақ пенен палаўқабақ, гешир менен пияз, бурыш, ҳәттеки темеки жетистириўди де меңгерген еди.

Жердиң бәлент-пәсин, ойлы-бийигин билетуғын мураплар да дийқанлардан шыққан. Олар суў жолын абайлар, жап пенен салмалар қай жерден қазылса, атызға суў қулақтан жарайтуғынын билер еди. Сол ушын да маңғыт руўынан шыққан Әбдиўәлий мурап қысы-жазы қолдан-қолға тиймей жүрди.

«Тағжап»ты қазыў пайытында Әбдиўәлий услатпады, сол жыллары Әмиўдәрьяның бир тармағы болған Қусхананы айланып ағатуғын Қарабайлының бир саласы батыл болып, ҳәр жылы басыў болатуғын суў тартылып, сол дөгеректегилер жап-салма қазыўға мәжбүр болғанлықтан, Әбдиўәлийди бир жылға пәлен бас мал берип жаллап алып, ҳеш жерге жибермей, ҳәр күн бир үй қондырып, жумсап атырған екен.

Қулшы Әбдиўәлийге адам жиберсе, «сондай-сондай, бара алмайман», деп үзирин айтыпты. Ўақыт тығыз, тоңжарма өтип баратыр, егислик жерлер бөлинген, көпшилик дийқаншылық қыламыз, деп жең түрип, билек сыбанып отыр, жаптың қай жерден жүретуғынын, сағаның қай жерден алынатуғынын анық айтқандай мурап жоқ. «Тәўекел алла» ис баслаған менен ертең жабың ақпай қалса сонша мийнет босқа кетеди. «Ана жерден жарайық, мына жерден қазайық», деп өз жерине жаптың жақын болғанын қәлеп, көз тигип турғанлар тағы бар.

Сонда Қулшы бийдиң ядына Таңжарбай менен баласы Орынбай түсе кетти. Олар бул жерге келгели бир де қудық қазбаған, қурал-сайманларын тат басқан, Таңжарбай әдеўир қартайып, еңкейип қалған, баласы мал-ҳалына қарап, базар күнлери мал базарға барып, дәлдалшылық қылып, базар сорпа таўып қайтатуғын еди.

Қулшы адам жиберип шақыртты.

— Таңжарбай аға, суўдың жүретуғын жолын билесең бе? — деди сәлем-әликтен соң тиккелей ўәжге көшкен бий.

— Не дедиңиз бий аға, қайсы суў жолы? Таңжарбайдың қулағы аўырласқан ба, қолын шекесине апарып, бийге тигилди.— Қудық қаздыражақсаң ба?

— Алла бәрекелла, мынаў қулақтан қалған көринеди, — деди бий. Соң даўысын көтерип:

— Қудық емес, жап қазажақпыз, қай жерден саға алайық, қай жерден жүргизейик, соны билесең бе?

— Ҳе-е, жап па? Мен қудық керек пе, десем. Қулағым сәл аўырласты. Сонда да кемпирдиң сөйлегенин еситемен.

— Сениң менен сөйлесиў ушын кемпиринди шақырайық па енди?

— Суўдың жолын мынаў биледи, — деп баласын нусқады Таңжарбай. Гәптиң не ҳаққында екенин енди укса керек. Мен не билсем, дерлик бәрин үйреттим, Орынбайға.

— Мейли, тәўекел етип көрейик, — деди усы ўақытқа шекем үлкенлердиң гәпин тыңлап отырған Орынбай. Бағдары қай жақ екен?

— Жап Кегейлиден саға алып, бизиң аўылдың тусынан өтип, арқаға Теңгешашқанға шекем қазылыў керек.

— Болыпты. Қашан кирисемиз?

— Тап бүгиннен баслап... Қай жерден қазыўымыз кереклигин көрсет. Қазыўды баслай берейик...

— Онда маған бир неше жигит, бир неше арба қада керек.

— Ҳәзир етемиз, барлығын.

Орынбай ең алды менен шәҳәрдиң өринен жаптың саға алатуғын жерин белгиледи. Жанындағы жигитлердиң бирине:

— Қада әкелип, мына жерге көмиң, — деп буйырды. Соң арқа тәрепке адымлап жүре берди. 40—50 қәдемнен соң иркилди. Аяғы менен жерди тепкиледи.

— Көмиң қаданы!

Солай етип ол хәр 40—50 қәдемде иркилер, жигитлер қаданы көмер, Орынбай гезектеги қада көмилетуғын жерге шекем адымлар, сол орында турып әтирапты қырағы көзлери менен бақлап алар, қасындағылар нәўбеттеги қаданы көмген соң тағы алға илгерилер еди. Қуяш еңкейип, қас қарайғанда арбадағы соңғы қадалар көмилди.

— Бий аға, қазыўды баслай бериңлер, қалғанын ертең өлшеймен, — деди Орынбай. Бул жуўапкерли исти баласына жүклеп, өзи машақаттан бас тартқан болса да Таңжарбай қудықшы үйинде тыныш жата алмады. Көк ешегине минип баласының изинен келген, ерде отырып баласының көмдирген қадасына тигилер, соң сығырайған көзлерин кеңирек ашып, әтираптың ойлы-бәлентлигин бақлар, базда бас шайқап қояр, бундай пайытларда негедур оның қабағы үйилип, жүзи түнерер, базда улының ҳәрекетин мақуллаған киби басын екшеп-екшеп қояр ҳәм түнерген жүзи жадырап сала берер еди.

Кеўли жеңилленген Қулшы қазыўды баслаўға ҳәмир берди. Енди ҳеш ким «өз көйлегим өзиме жақын» деп, жапты қай жерден жүргизиў жөнинде даў айта алмас еди, оның үстине суў жолы дурыс табылды деп ойлаўға да имканият бар, бул имканият соңғылығында ҳақыйқатлыққа айланды, арадан әсирлер өтеди, суў жолын дурыс таңлаған мураптың атын әўладлар умытып кетедидағы, бирақ сол пайытлардағы атын сақлап қалған «Тағжап» егислик майданларды бийминнет суўландыра береди.

Қазыўшылар руў-руў, ямаса аўыл-аўыл болып өзлериниң бөлигин қазар, бөликти бөлиў енди мурап болған қудықшының, яки Орынбай мураптың пайына тийген еди. Арқадағы қытай руўының өжетлик пенен аты шыққан шәддес тайпасы «бөлик бизге көплик етеди, қазбаймыз», деп еки қаданың арасы қазылмай қалып кетти. Тәўелле қылған «таза мурап»ты, сөгип жиберди.

Бул ўақыя қулағына тийген Қулшы даўкеслерге өзи келди.

— Ал, не гәп.

— Бизиң егетуғын жеримиз аз. Бөликти ҳәмме менен теңдей бөлипти.

— Бөлик хожалық санына қарай бериледи. Тап ҳәзир кимниң неше танап жер егетуғынын ҳеш ким билмейди. Сол ушын бирликке турыңлар, ағайинлер!

— Яқ, бизге жеримизге қарай бөлик берсин. Болмаса қазбаймыз.

Мәселениң алды жарға тирелген еди. Бий ойланып-ойланып бир шешимге келди.

— Жасыүлкениңиз ким?

— Мен, — деп көпшиликтен жаўырыны қақпақтай, билеги тоқпақтай, жасы қырққа жетпесе де көкирегине түсирип сақал қойған жигит суўырылып шықты.

— Атың ким?

— Сәденбай, адамлар Сәден деп айтысады.

— Ал Сәденбай иним, гәп былай, — деди атынан түсип, жылаўын Ботабайға услатқан Қулшы қазыўшыларға жақын келип. Тоң кетип атыр, жақында жазлық бийдай егиси басланады. Шамасы бәриңизде де аз ба, көп пе, егислик жер бар, солай ма?

— Солай, солай, деп ғаўқылдасты өжет тайпаның адамлары.

— Егер қазыўдан бас тартып, таслап кетсеңиз мынаў жаптан суў бермеймиз?

— Ол қалай? Неге бермейсиз?

— Жап оны қазғандики болады, туўры ма?

— Туўры, туўры, деп жиберди көпшилик гәптиң төркинин аңламай-ақ.

— Әне, туўры болса азығыңызды арқалап аўылларыңа қайта бериңлер.

Өжетлер гәптен утылған еди. Көпшилик тиллерине сөз келмей тубалап қалды.

Ишиндеги дилўары Сәденбай болса керек, асықпай сақалын оң қолы менен таррашлап алды.

— Яқ, биз қазыўдан кетпеймиз, — деди ол. Бизге бөликти кемейтсин.

— Бөлик мениңше ҳәммеге тең, хожалық санына қарай берилген, керек болса өзим де өлшеп көремен. Зыят болса кемитемиз. Қалдырған бөлигиңизди де қазасыз.

— Яқ, қазбаймыз, — деди Сәденниң өжетлиги тутып.

— Онда гәпим мынадай. Бөликти басқаларға қаздырамыз. «Есаплы дос айрылыспас», деген ғарры сөзге әмел қыламыз. Ертең барлық аўылыңа тек бир саға суў беремиз. Үлкен жапқа, яғный мына қазылып атырған жапқа жериңиз алыс па, жақын ба, оның менен исимиз жоқ, барлық аўылыңа бир саға, екинши саға аштырмаймыз, соған қайылмысыз?

Көпшилик жым-жырт болды. Ақыры бул жап қай жерден өтеди, намәлим. Бир сағадан суў ишиў— әспек деген гәп. Әспектиң не екенин дийқан жақсы биледи. Бий жан жерден тутты. Көпшиликте дәлил қалмаған еди. Өз ара кеңести, гүңкилдести, тартысты, ақыры бир шешимге келсе керек. Сәденбай екинши мәрте алдыға ентеледи.

— Бизди уттың қыпшақ бийи, — деди Сәденбай күле шырай берип. Әспектен қудай сақласын. Бизлер де жаптың ийелери болыўды қәлеймиз. Түни менен қазсақ та бөликти ортада қалдырмаймыз.

— Аталарыңа рахмет, — деди мәселени шешкенине кеўли толған бий.

Жаптың қазыўы ойланғанынан да тезирек питти. Бәҳәр есик қағып турған, дийқан жерге туқым шашпақ ушын асықпақта еди.

Күнлердиң биринде Сәденбай бас болған өжет тайпаның бир топары өз бийлерине гәп тыңлата алмай Қулшыға келди. Боласынлы денели Сәден шүберек пенен таңылған қолын мойнына асыпты. Жанындағылардың да жағы, басын таңып алғанлары, таңылған шүбереклер сыртына қан шығып турғанлары да жоқ емес. Шамасы булар ўәжди қойып, жудырыққа зор бергендур, — деп ойлады Қулшы. Бәлки қарсыласлары бурын муш жумсаған шығар, ким билсин.

Сәденбайдың аўылласлары менен жәнжеллескенлер де өзлерин көп күттирип отырмады. Өгиз арбаға басы жарылып, қолы сынған жарадарларын мингизип жетип келди. Олар да қытайдың бир тайпасы болып, бир-бирине қоңсы отырар, туўысқанлығы да жақын, сол ушын қыз берип, қыз алыспас еди.

Қазыў пайытындағы гәп бойынша өжетлер тайпасының дийқанлары егислигине, ҳәр бири бир саға ашып, өзлерине өзлери қылыпты. Олар жаптың аяғы таманға орналасқан еди. Буны көрген өрдегилер де соны қылыпты. Жаптың рашы еле нығаймаған, саға ойнатып кетип, күнде болмаса күн ара, дийқаншылық суў талап еткен пайытта аяқтағылар тез-тез суўсыз қала берген соң өрдегилерге келипти. «Сағаны көбейтпең, бирадарлар» десе, Қулшы бий қазыў пайыты сизлерге айтқан гәп бизге де тийисли, қанша саға керек болса, сонша аламыз», деп турып алады. Қулласы сен не дедиң, мен не дедим менен жәнжелдиң аяғы төбелеске айланып, бас жарылып, қол сынады, бирақ мәселе шешилмей бурынғыдан ҳәм тереңлеседи.

— Жапты қаздырған өзиң, Рысназар бизиң сөзимизди сөйлемейди, енди бул даўды өзиң шешип бер, — деди Сәденбай белсендилик етип.

— Бизде гүна жоқ, олар бизиң сағамызға келип төбелес шығарды, биреўимизди белсап пенен урып, басын жарды, өз аяғынан жүре алмайды, әне арбада жатыр. Булардың озбырлығы жанға тийди, —

деди қарсылас тәрептиң топар баслығы орта бойлы, жуқа жүзли, шәпени, дилўар дийқан.

Жәнжелдиң неден шыққаны мәлим болған еди.

— Мениң қолымнан келетуғыны сизлерге кеңес бериў, оған ҳәмел қыласызлар ма, жоқ па, ол жағы өзлериңизе тийисли. Көрип турыппан, бириңиз бастан, бириңиз қолдан жараланғансыз, ҳеш ким жазым болмапты, әйтеўир. Гәп бар: «бас жарылса— бөрк ишинде, қол сынса — жең ишинде» деген, өз жарасы өзинде питип кетер иншалла. Ендиги жағында жаптан саға алсаңлар инсап пенен алың, абзалы усы жаптың суў жолын көрсеткен Орынбай қудықшыны мурап етип сайлайық, ол «Тағжап»қа мурап болсын, соның менен ойласып отырып жерлериңе баратуғын жапқа саға алсаңлар ертең өзлериң де тыныш, жаныңда отырған ағайиниң де тыныш болады, буған не айтасызлар?

Көпшилик не айтар еди. Болар ис болған, сынар қол сынған, айтылар сөз айтылған. Биреўдиң биреўде аласысы жоқ, тири болса олардың ҳәр бири ертеңги күни де суў ашып, егин егиўи керек, қоңсы отырған соң ағайин менен де өли-тирисине қатнаспай отыра алмайсаң, дегендей... Қулласы көпшилик, бийдиң сөзине тоқтап, излерине қайтты. Қайсы бирлери Орынбай қудықшыны, енди «мурап» десе де болады, излеп таўып салмасының сағасы жөнинде кеңесиўди ойларына түйип қойды.

## 7

Атларын қамшылаған шабандозлар киби дүбирлесип арадан жыллар өтти. Атлардың туяғынан көтерилген шаң-тозаң ҳаўада бир замат турып, соңынан басылып қалатуғыны яңлы, бул жерден кимлердиндур жүрип өткенин еслетип жататуғын излер киби, оларды да келеси жолаўшының излери өширип жиберетуғыны киби бул жыллар ишинде өзлериниң ата журтларына қайтадан келген қарақалпақ аўылларында, соның ишинде Бухара тәрептен келген қарақалпақлар— Қулшы бий аўылында да болып өткен бираз ўақыялар атлылар изинен көтерилген шаң киби басылды ямаса ат туяқларының излери киби өшип кетти.

Бул ўақытлар ишинде Қулшыға яшыуллы болған Орынбай бий әлемнен өтип, улы Дәўлетназар орнын басты.

Мухаммед Рахим ханның жумсаўы менен Бухараға елши болып барған Қулшы иниси Шақшақты әмир Ҳайдардан сорап алды, Қыпшақ аўылының ол таманда қалған жарым-жартысы да көшип келип Шымбайдың шығысына — Лар менен «Тағжап» арасына қонды.

Шымбайдың қорған дийўаллары орнында қалды, кеңеймеди. Бирақ шәҳәр дөгереги кем-кемнен толысып барар еди. Ол жерлерде шәҳәрде саўда қылатуғын баққаллар, өнерментлер, ағаш усталары, дәлдаллар, дән, мал алып сататуғын саўдагерлер, тағы да кәсиби белгисиз болған адамлар да жасады. Қысқа ҳәм узақ базар күнлери Кегейли көпири арқалы арқа батыстан, Қасқа жол арқалы арқа тәрептен лек-лек базаршылар келетуғын болды. Шәҳәр кем-кемнен әтирапқа ен жайып, толысып, кеңейип ҳәм байып барар еди.

Шымбай базарынан Оренбургтан алып келинген темир ҳәм темир буйымлары, қытай жипеги менен ҳинд әтир шөплери, қытай шайы, Бухара ханатласы, Хийўа шапанлары, ахалтеке атлары, парсы ғашырлары, оқдәри, набатлар, халўалар, қулласы тутыныўға керек болатуғын буйымлар табылатуғын болды. Айланыста Хийўа менен Бухара ханларының тамғасы басылған алтын ақша-тиллалар, гүмистен қуйылған гүмис теңгелер, мыс ямаса қоладан жасалған бақыр теңгелер менен бирге аббаз шайы аталатуғын теңге ақшалар жүретуғын еди. Ол заманларда не арзан — дән арзан, мал арзан, ал өгиз қымбат болды. Турғын дийқанлар, көпшиликтиң арасынан шығып киятырған жери көп байлар бир неше жүзлеген танап жерлерди өгиз қос пенен сүрмесе, не менен сүрсин?

Есте қаларлық ўақыялардың бири— Шымбайдан арқада, Көкөзектиң аяғына, ары қарай қазақ далаларына, оннан ары рус қалаларына өтетуғын кәрўан жолы— Қасқа жолдың Көкөзектеги өткели Ақжағысқа, соңғылығында «Айдос қала» деген ат алған қорған салып, қарақалпақтан алынатуғын кесме салғыртты ҳәр жылы өзи жыйып, қазнаға өзи тапсыратуғын қәҳәрли ҳәм айбатлы Айдос бийдиң адам асқаны болса, екиншиси— Бухарадан көшип киятырғанда Қызылқум ишинде жабайы аң-қасқырдың қурбаны болған Әрепбайдың изинде қалған ядгары Қайырдың ҳәм оның жақсы көргени Бәниў атлы қыздың ўақыясы еди. Бул ўақыялар қорқынышлы болғаны себеплидур, яки аянышлы болғанлығынандур, өз ўақтында ҳәр қыйлы мыш-мышларға талшық болған болса, соңынан да узақ ўақытларға шекем халықтың ядында сақланып, әпсана болып жүрди.

Мениңше гүрриңди екинши ўақыядан баслағанымыз мақул, себеби ол маған биринширсине қарағанда ҳәм аянышлырақ туйылды.

...Әлқысса, солай етип темиршиниң шәкирти Қайыр шәҳәр ақсақалы Юсуптиң қызы Бәниўге ашық екенлигинен оқыўшымыз азы-кем хабардар еди, оннан соң арадан жыллар өтти. Бир данышпанның «пинҳамы сырлар бир күн келип әшкара болады», дегениндей күнлер келип жигит қызға кеўлиндегисин айтыўға миясар болған еди. Оның мың машақатлар менен иске асқанын, қыз суўға барғанда жигит аңлып турып, зорға дегенде: «жақсы көремен», деген

сөзди айта алғанын, айтылмаған сөзлердиң болса нәзерлер, тигилиўлер, инсанның ишки дүньясының айнасы болған көзлер арқалы баянланғанын айтып отырмасақ та болады.

Енди қыз ержетип, көзге түсип қалған, ақсақалдың қызын айттырыўшылар да Юсуптиң ҳәўлисиниң есигине келип турған, қыздың да, әкениң де абырайын сақлаў ушын сақлық шаралары әлле қашан көрилген, енди Бәниўдиң ҳәр бир басқан изи аңлыўға алынған еди.

Бийбипатманың тайпасынан болған ҳаял-қызлардың ерлерден гөре тапқырлығы бир ели зыят болады, десе жигитлердиң кеўлине келмесин, себеби бәрибир олар ойлап тапқан сумлықты биз ойлап таба алмаған болар едик.

«Қымызды ким ишпейди, қызды ким айттырмайды», ҳәр күни ҳәўлиден Бәниўдиң шығыўын темирши дүканынан бир жуп көздиң аңлып туратуғынын, темиршиниң шәкиртиниң қызда кеўли бар екенлигин Юсуптың ҳаялы сезди ме, я қәйиненеси ме, я биреўлер гәп жеткерди ме, қулласы, енди Бәниў суўға барса да, отқа барса да жанында қараўыл болып сиңлиси, я өгей ана, яки кәйўаны ҳаял жүретуғын болған. Сол ушын Қайыр да бахтын сынап көрмекши болып, өгей әкеси Бектемир менен сөйлесип, Бәниўди айттырып барыўға көндирди.

Бектемир қуры қол қайтты. Қыз әкеси қыпшақтың бир жетимине қызын бериўге қайыл болар ма еди? Қыздан бир нәрсе, деп сорап та отырмапты.

Қайыр арасатта, гүманлар менен екилениўлер искенжесинде қалған еди. Қыз өзи мени жақсы көреме? Жақсы көргенинен не пайда, бәрибир ақсақал қызын Қайырға бермесе? Не қылыў керек? Ойласатуғын ким бар, сырласқандай ким бар?

Ақырында бул сырын Ережепке айтып шағынды.

Ережеп оны түсинди. Дәртине шерик болғысы келди.

— Алып қаш. Ески ата мәканыңа, Ақсуўатқа кет! Өзим жәрдемлесемен!

Қайырдың ойында алып қашып кетиў жоқ емес еди. Бирақ мәселениң екинши таманы да бар. Бәниў оған көне ме? Қайыр «жақсы көремен» деген сөзди мың машақат пенен жеткизгенде қыз жуўап берген жоқ, басын екшеп те мақулламады, төмен қарады, нәзерин жерге қадады, уялған шығар, бирақ көзлери, көзлери «мен де сени жақсы көремен», деп турған жоқ па еди? Бул гәп тилинен шықпадығой!

Көп өтпей қыздан жуўап алынды. Дурыс, ол «мен де сени...» деп тиллеспеди, бирақ жүрек төринен шыққан жалынлы сезимлер кестелеп тоқыған орамалда айқын сәўлеленген еди.

Есейип, түйе жүн шекпен кийип, белине кәмар байлап, оған гезлик пышақ тағып жүрсе де Ережеп балалықтағы досларын тез-тез излеп келер, олар базар майданында жыйналыўын қоймас еди. Сондай күнлердиң биринде, Қайырдан Бәниў менен тиллесиў жөнинде пинҳамы тапсырма алған Ережеп Бәниўдиң қабақ көтерип есиктен шыққанын көрип, барлық дыққатын сол таманға қаратты.

Қабақ арқалаған бир-еки қыз қорғаннан шығып, Кегейлидеги суўатқа бетледи. Ережеп алысырақтан келе берди. Бәниў артына қайрылып, оны көрди, балаға Қайырдың ғамхор болып жүретуғынын, екеўиниң сырлас екенин билетуғын еди. Избе-из киятырған Ережеп қыздың қолынан қандай да бир зат түсип кеткенин абайлап қалды. Қызлар затын жоғалтқанын абайламады шамасы, жүре берди. Ережеп те даўысламады, себеп пенен қолына тапсыраман деген ой менен түскен нәрсени жерден көтерди. Ол жийеклерине моншақлар тағылған, ортасына қырмызы жипек сабақ пенен ашылып турған гүл, оған қонып турған бүлбилдиң сүўрети тоқылған жипек қол орамал еди.

Бурын бундай шырайлы нәрсени көрмеген саҳра баласы орамалға суқланып, ҳайран болып иркилип қалды. Қудай жарылқап жақын жерде ҳеш ким жоқ еди. Сумлықсыз өспирим қыздың түсирип қалдырған бул қәдирли нәрсесин өзине қайтарыў ушын асықты, қызлардың изинен жетип, «тоқта, Бәниў» деп сес берди, өз атын еситкен қыз иркиле берип, жалт етип сораўлы нәзер менен қарады, гөззал қыздың нәзеринен өспиримниң албырт жүреги туўлап, көкирек қанасынан шығып кете жазлады.

— Бәниў, мына нәрсеңди...

— Яқ, деди қыз өспиримниң тилиниң ушына келип турған сөздиң изин айтқызбай, таўып алған затың өзиңдики, өзиң ал, я басқаға бер... «Басқаға бер» деген сөзде сырлы мәни бар еди, Ережеп бир нәрсени уққан яңлы болды.

— Яқшы...

— Ҳаў, әжапа, орамал сеники емес пе? Сениң кестелегениң...

Бәниў сиңлисиниң гәпин ақырына шекем айттырмады.

— Яқ, меники емес. Бул сиңлисин гүманландырмаў ушын исленген еди.

Ережеп түсинди. Орамалды қойнына салып, изине бурылды. Темирши дүканынан Қайырды таўып шетке шақырды.

— Хабарластың ба Бәниў менен, не айтты?

— Айтарлықтай ҳештеңе, — деген жуўап Қайырды әрманлар аспанынан жерге қайтарған еди.— Мынаны түсирип қалдырды, — деп орамалды шығарып еди, Қайырдың жүреги шәўилдеп, үмит оты қайта тутанды.

— Маған жеткиз деди ме?

— Яқ, олай деп айтпады. Жолда қолынан түсирип жиберди.

— Неге қайтарып бермедиң?

— Меники емес, — деп турып алды. Таўып алған затың өзиндики, өзиң алмасаң басқаға бер, — деди.

— Басқасы ким екен?

— Сен дә, сеннен өзге ким болар еди. Мениң пәмимше ормалды мени саған жеткизеди-аў, деген ойда әдейи түсирди.

— Рас па? Негедур жүрегим шәўкилдеп, қуўанып баратырман.

— Айтпашақ, үкесинен еситтим, Бәниўди кимгедур узатпақшы қусайды, — деп салды Ережеп.

— Кимге, қашан? Бул аўыр соққы Қайырды есеңкиретип жиберди. Басын услап, жерге отыра кетти.— Кимге айтаман дәртимди, мен Бәниўсиз өлип қаламан. Кимим бар, қол ушын созғандай? Даўысы қаттырақ шығып кетти.

— Әстерек, биреўлер еситип қояр, — деди Ережеп естияр адамдай, неге қайғыра бересең? Мен не, сениң иниң емеспен бе?

— Сениң қолыңнан не келеди? Бий атаңа айтпасаң?

— Мүмкин айтармыз, — деди өспирим. Бирақ мақулламаса не қыламыз? Әкесиниң минезине қанық бала бийдиң жәнжелли ислерге ашықтан-ашық араласа бермейтуғынын аңғарған. — Алып қаш, мениңше ең туўрысы сол!

— Бәниўге оны қалай айтаман? Оның менен қалай тиллесемен?

Ережеп ойланып қалды.

— Ол жағын маған қойып бер, — деди ақырында өспирим. Исене бер, қыз бенен сөйлесиўдиң жолын өзим табаман. Ал сен таярлығыңды көр. Өзим саған жолдас боламан.

Өспиримниң даўысы исенимли еситилди, ол албыраған Қайырдың белине белбеў байлағандай тәсир етти. Он жети-он сегиз жаслардағы, қол-аяғы узын, бойшаң, қайыңнан келген, денеси нық өспирим енди кешеги урныққыр, тентек бала емес, ересек адамға айланып қалғандай еди. Ережеп «Бәниў менен тиллесиўдиң жолын табаман», дегенде өзинен төрт-бес жас киши, Бәниўдиң үкеси, Юсуп ақсақалдың баласы Әбиўтәлипти нәзерде тутты. Тил алғыш, батырлық пенен мәртликти жақсы көретуғын Әбиўтәлип пенен Ережеп жаслар арасындағы әдеўир парыққа қарамастан бир-бири менен инақ болып өсип киятыр еди. Қызыққыш Әбиўтәлип Қайыр менен Ережептиң Бухарадан көшип киятырғанда Қызылқум ишинде бастан кеширген ўақыяларын қызығып тыңлайтуғын, қасқырлар менен болған айқаслар, Торықасқа ат пенен Тағаберген сейистиң тәрийпи ақыл-ҳуўышын урлар, сол гүрриңлердиң тәсиринен бе, Қайырды да батырлығы ушын унатар еди.

Көп өтпей Ережеп Әбиўтәлип пенен тиллести, ол да ақ пенен қараны айыратуғын болып, еси енип қалған, әжапасы менен сөйлесип, узатылажақ жигитти жақсы көрмейтуғынын, Қайырды сондай жақсы көретуғынын билип алды ҳәм Қайыр тәрепине өтти.

Той күни де жақынласар, оннан сайын қыз бенен жигиттиң шыдамлары таўсылып барар еди. Усындай күнлердиң биринде Әбиўтәлиптиң қорықшылығында Бәниў суў алмаға шықты. Гүздиң «шөмиш кеппес» пайыты, күн батысқа тез еңкейип барар, оның қызыл шапағы тынып аққан Кегейлиге түсип, суў бетин қызылға бояр еди. Алдын ала суўатқа жақын жердеги көпирдиң астына келип паналаған Қайырдың еки көзи қорғаннан суўатқа келетуғын жолға тигилип, шыдамы таўсылды. Әне, жанында бир қыз бенен Бәниў көринди, изиректе киятырған әлбетте Әбиўтәлип, оннан өзге ким болар еди.

Көпирдиң астынан шығып дәрья қайыры менен киятырған жигиттиң қыялынан нелер кешпеди, дейсиз? Қыз бенен еле тиллеспеди, орамал бергени рас, бирақ өз аўзынан «жақсы көремен» деген сөзди еситпеген Қайыр қатты абыржыды. Әне, қабақ көтерген еки қыз суў алыў ушын раштан төменге, суў кәнарына түсе баслады. Атасына мегзеген талдырмаш, узын бойлы, көзлери азғана қыйық, писте мурынлары менен бадам қабақлары уйғыр анасына мегзеген гөззал қыз раштан төменге ҳәр бир қәдем қойған сайын шаш-баўындағы гүмис теңгелер бир-бирине урылып әжайып сес таратар, сабыр-тақаты тамам болған жигитти делбе қылар еди.

Еки қыз кәнарда иркилди, қабақларын жерге қойып, әтирапқа қарады, сол алысырақта турған жигитти көрсе де көрмегенге алып, әлле нелерди айтысып, сыңғырлап күлисти. Соң нағыслы көйлек-лериниң жеңлерин түрип, гүздиң салқын суўына нәзик бармақларын малып, жүзлерин муздай суў менен жуўып, бир-бирине суў шашыўдан өзлерин тыя алмады. Кейин қабақларын суўға толтырып, негедур узақ-узақларға созылып кеткен тынық суўлы дәрья аңғарына тигилип егленди. Не қыларын билмей турған Қайыр қызлар таманға бир-еки қәдем таслаўға жүрексинген еди, тап соны күтип турғандай Бәниўдиң қасындағы қыз қабағын көтерип, майда адым менен рашқа қарай жүре баслады. Жигиттиң жүреги қатты-қатты соғып кетти. Шешиўши пайыт келген еди.

Алды бурын нәзерлер гезлести, көзлер гезлести. Соңынан қоллар табысты. Тиллерге негедур сөзлер келе бермеди. Екеўине ўақыт тоқтап қалғандай туйылды, ақырын ғана тынып аққан дәрья кәнарында усылай етип жыллар бойы турыўға қайыл еди. Тек екеўин бир-биринен айырмаса болғаны.

Бирақ ўақыт тоқтап қалмаған, ол еле адамзат пайда болмастан бурын, еле ўақытты күн менен түнге, ай менен жылға бөлиўди

үйренбестен алдын қандай етип тынымсыз шапқан болса, соннан зәрре өзгермеген, тап сондай, мәгар оннан да жылдамырақ шаппақта еди, оны умытқанларға пинҳамы табысқан еки ашықты жат көзлерден асыраўды қәлегенлер: суўқабағын көтерип әлле қашан дәрья рашына шыққан қыз, оннан сәл қашығырақта көзабаға өзин әлле нәрсе менен бәнт етип көрсетиўге урынып атырған Әбиўтәлип тез-тез еслетип турар еди.

Ўақыт тиллерди сөзге келтирди.

— Мен жақсы көремен, — деди жигит қыздың нәзик бармақларын балғаның сабын ҳәр күни сығымлай берип күс басып, қабарып кеткен алақанларында услап турып.

Қыз ийменди. «Мен де» деп тилиниң ушында турған сөзди айта алмады.

— Сени узатпақшы, деп еситтим. Мен не қыламан?

Қыз нәзерин төменге алды. Гүрсинди. Нәзерин көтергенде қыйық көзлериниң узын кирпиклеринде таң пайытында гүлге түскен шық киби тамшы жаслар жылтырады.

— Мен сени әкетемен, алып кетемен...деди жигит батыл түрде.

Қыз бирден жуўап бермеди, тағы төмен қарады. Ийинлери селкилдеп кетти. Соң басын көтерип жигиттиң көзлерине жаслы көзлерин қадады. Кейин бас ийзеди. Ақырында өлпең даўыс еситилди.

— Қайда басласаңыз да сиз бенен кетемен. Оны жақсы көрмеймен, мейли қолға түссек мени өлтирсе өлтирсин...

Жигит бул сөзлерге қуўанып кетти, әлбетте, оннан бетерирек таңланғаны, қыздың қыйық көзлери ғәзепке толы еди...

***

Усы пайытларда Әмиўдәрья бойындағы Қыпшақ жағысына қарама-қарсы турған бәлент төбеге бир атлы көтерилип, қаратерге батқан торы атының жылаўын тартып төменде жайласқан кишкене аўылға, соң әтирапқа қарады. Батып баратырған қуяш нурларына малынған атлының өзи де, астындағы аты да қып-қызыл болып көзге тасланар еди. Әтирапта ҳеш ким көзге түспеди, атлы изине қайрылып, қолын бәлент көтерип, қамшысын былғады, бул шәртли белги болса керек, көп өтпей төбешикке онлаған атлы көтерилип, анығында атлар атлылардан гөре көп болып, ҳәр бир салт атлы ерленген бир-бир аттан қосарға алған еди, төменге түсе баслады. Олар бул әтирапта жасайтуғын адамларға түсиниксиз тилде өз ара ақырын ғана сөйлесип бара берди.

Аўыл сыртындағы алыстан қарағанда көринбейтуғын буйынтық жерге иркилип, атларынан түсти. От жақпады. Атларының шылбырларын қолларына услап отырып бир нәрселер жеп-ишип ҳәлленип алды. Соң гезекпе-гезек көз илиндирди.

Қуяштың дәслепки нурлары жер бетин жақтырта баслаған пайытта атларына минген топар дөгеректи бақлап, адым-адым жүрис пенен аўылға жақынлап келе берди.

Китаптың биринши бөлиминен бизге таныс болған, палўан денели дарғаның қойларын бир жас өспирим жигит бағып жүретуғын еди. Узын бойлы, қызыл шырайлы өспирим ҳәр күнги әдети бойынша дарғаның дийўал менен қоршалған ҳәўлисинен отарды таң нурлары әтирапқа тарала баслаған пайытта айдап шықты. Ол ҳәр дайым қойларды жайып жиберип, өзи бәлент төбешиктиң басына шығып, әтирапты тамашалаўды, кең аспан, шексиз қумларға, алыста, жағалықтағы қалың тоғайлар арасынан ағып атырған уллы дәрьяның анда-санда қыннан суўырып алынған қанжар киби «жалт» етип көринип кететуғын ағысын бақлаўды унататуғын, алып шыққан азғана арпа нанын жеп, қойдың қарнынан өзи тигип алған ыдыстағы айранды ишип алған соң, гейде хош ҳаўазы менен тал таяғын дуўтар етип шалған болып, қысқа ғана өмириниң ишинде бир-еки мәрте тойға барғанда бақсылардан еситкен қосықларының ядта қалған қатарларын айтып, кеўил көтерер еди.

Өспирим жигит атлыларды алыстан көрмеди, себеби олар қой айдап киятырған адамды көрип өзлерин пана жайға алған ҳәм отар менен шопанның жақынырақ келиўин күтпекте еди.

Қум төбешик артынан пайда болған атлыларды көрген өспирим қорқып та үлгермеди. Еле суўық түспегенине қарамастан негедур желкесин жаўып турған тери бас кийим кийген, курал-жарақлары шақыр-шуқыр етип бир-бирине соқлығысқан атлылардың дәслепки олжасы қолында тал таяғы, қойнында наны, ийниндеги дорбада местеги айраннан өзге ҳеш нәрсеси жоқ шопан болды. Басына келип тийген шоқмақ соққысынан есин жоғалтқан өспирим есин жыйнағанда санасына келген дәслепки саўал: «Не ушын?» болды. «Қойлар әне, не ушын мениң қолымды байлады? Не ушын атқа мингизип атыр?». Әлбетте, бул сораўларға бийшара өспирим ҳеш кимнен жуўап ала алмас еди. Бақырып, жәрдем де сорай алмады, аўзына тығылған шүберек дем алыўын қыйынластырды.

Атлылар көп егленбеди. Семиз қойлардан екеў-үшеўин услап алдыларына өңгерди. Соң атларын шаптырып кете берди. Түс пайыты шамаласып қалғанда атлылар иркилди. Кимниңдур жетегиндеги аттың ерине кесе тасланған шопанды жерге түсирди, қол-аяғы байланған өспирим таңнан берли жортып киятырған аттың үстинде жатып бийзар

болған еди, жумсақ қумға созылып уйқыға кетти ме, тым-тырыс болып қалды.

Қарақшылар, олардың қарақшылар екенлиги әлбетте гүмансыз еди, түсиниксиз тилде сөйлесип, атларын байлап, түсликтиң тәтәрригине киристи. Әдеўир өзине келген өспирим әтирапқа қулағын түрип, нәзери менен бақлап жатты. Тиллерин түсинбеди. Әне, желкеси гүжирейген биреўи басындағы бас кийимин шешип қумға таслап жиберди, аяғы байлаўлы қойдың жанына барып екиншисин шақырды. Қысық көзли, қарапәрең жигит жетип келип еди, оған биринщиси бир нәрселер деди, екиншиси бас ийзеди де қойдың аяғын шеше баслады ҳәм алдынғы еки аяғын еки қолы менен услап, төсин ашты. Биринщиси кийиминиң жеңин түрди, белинен пышағын алып, жерде тыпырлап атырған қойдың төсин тилип жиберди, соң қан шашырап ағып атырған төстиң тесилген жеринен қолын суғып, қойдың өкпе-жүрегин суўырып алды.

«Булар мусылман емес, кәпирлер», деп ойлады шопан. «Мусылманлар қойды баўызлайды».

***

Тойға шекем бир-еки ҳәпте бар. Әбиўтәлип арқалы қыз өзиниң Қайыр менен кетиўге таяр екенлигин билдирди. Жигит тез тәтәррик көрди. Алыс жолға мықлы атлар керек еди. Азық ғамланды. Шәкирт түсип тапқанларын тиллаға алмастырып алды. Бухардан көшип келгендеги жол менен жүрмеўди шешти, себеби қуўғыншы излерине түссе аңсат ғана жетип алыўы итимал еди. Сол ушын алдын Қасқа жол менен жүрип отырып қазақ ишине кирип барыў, соң Сырды жағалап Қоқан таманларға кетип, еки-үш жыл сол таманда бас саўғалаўды ойлады. Ережеп Қайырға жолдаслық қылатуғын болды.

Ақлығы өзи қәлемеген адамға кеткеннен көре өле қалғаны абзал екенлигин айтып, аўлақта зар-зар жылағаннан соң кәйўаны ҳаял— Юсуп ақсақалдың анасы Бәниўдиң Қайыр менен кетиўине разылық берген еди. «Өмиринше сүймегени менен бир дастыққа бас қойып хорланғаннан көре атасынан терис пәтия алса да өз бахтын тапқаны мақул», деп ойлады ол. Илаж қанша, темиршиниң шәкирти жаман бала көринбейди, бирақ қыз әкеси оған разы емес, «тең теңи менен, тезек қабы менен», дегендей баласын да айыплай алмайды, ол да өз теңи менен қуда болғысы келеди.

Атлар да, азық-түлик те таяр, ўәдели күн жақынлап келер еди.

Төбеден түскендей тосыннан келген бахытсызлық дүньяны астан-кестен етип жиберди.

Күн батыўға шамаласып қалғанда Кегейли көпири қасында онлаған атлы пайда болды. Топарын жазбастан, аспанда айланып жем излеген қузғынлар киби атларын желдирип, әтирапты бир-еки айланды. Тап сол мәҳәлде қабақларын көтерип Бәниў менен қасында бир қыз екеўи суўатқа қарай келе берди, әдеттегидей алысырақта Әбиўтәлип те көринди. Қызларды көрген атлылар бир замат топланып, түсиниксиз тилде әлленени сөйлескендей болды, соң атларын желдирип келип суўға киятырған қызларды жерден көтерип алып, шыңғырып жылағанларына қарамай ат алдына мингизди, оны көрген Әбиўтәлип «ўай-ўай, әжапамды алып кетти», деп бақырыўы менен изге, шәҳәрге қарай жуўырды, бир-еки атлы топардан бөлинип, изине түсип еди, аяғын қолына алып шыбындай ушып баратырған бала дәрўазаға жақынлап қалғанын көргеннен соң атларын изге бурды.

Әбиўтәлиптиң шаўқымы шәҳәрди тик аяққа турғызды. Бирақ шәҳәр ғапыл отырған, «ҳә» дегенде атланып шыққандай жигит те, жигит болса мине шабатуғын таяр турған ат та жоқ болып шықты.

Әлбетте, сум хабарды қыздың суўдан қайтыўын күтип, устахана есигинен көшени гүзетип турған Қайыр еситти.

— Не дейсең? Ким әкетти әжапаңды? Неге әкетеди? Ол Әбиўтәлипти белбеўинен услап силкилер еди.

— Билмеймен ким екенин... Онлаған атлы... Қурашларын бастырып кийген. Жетелеген атлары да бар еди...

Бул хабардан жигиттиң жүреги жарылып кете жазлады. Не болғанын бир дегенде түсине алмай басы ғуўлады.

— Алып қашқан? «Алып қашқан» деген сөздиң мәниси санасына әлленемирде барып жетти. Устахананың жапсарына илиўли турған әкеси Әрепбайдан мийрас қалған қылышты алып, мисли урысқа атланған адам киби белине байлады. Көзлери менен найзасын, әкеси Бөрибасар менен алысқан бөрини шаншып алған найзаны изледи. Ол үйинде қалғанын, керегеге сүйеўли турғанын умытқан еди. Соң атланбақшы кисидей сыртқа шықты. Атланбаққа аты жоқ, Қаракөл бойындағы аўылға барғанша ўақыт өтип кетеди, бул дөгеректе ат көринбеди. Атын усы жерге минип келмегенине өкинди. «Неге минип келмедим», деп гижинди. Шәҳәр ҳәўлилеринде ат аз, барларын ҳәр ким минип кеткен, басқалары сыртта бағылады, ҳәўлилерге кирип те көрмеген.

— Маған ат бериңлер!— деп қышқырды. Қәҳәрли даўысы шәҳәр дийўалларын ләрзеге келтирип жаңғырықлады. Мәгар, жараланған жолбарыс сондай етип ақырса әжеп емес. Қыялында «ат керек, ат керек» деген ой айланар, ат болса Бәниўди әкеткенлердиң изинен қуўып жетиўди, олар менен алысыўды, бир тамшы қаны қалғанша

қылышласыўды, бәрин гелле қылып, қызды қутқарыўды, егер қутқара алмаса шәҳәр дәрўазасынан тири кирмеўди, алысып, шабысып өлиўди әрман қылар еди.

Тез арада бир неше адам жыйналды, әлленемирде бес-алты ат та табылды. Шәҳәр ақсақалы сапарда еди, қуўғыншы қурал-жарағын асынып, алдынғысы издегисине қарап жолға шығаман дегенше шәҳәрге аўыр қараңғылық шөгип үлгерди.

Әлленемирде өзине келген Қайыр кимниндур атын сорап алып, аўылға шапты. Керегеде сүйеўли найзасын, қазықта байлаўлы турған Бектемирдиң атын алып шәҳәр жолына түсип атты аямай қамшылады. Шәҳәрге келгенде Юсуптиң анасы, ҳаялы, қызларының шуўлап жылағанларын еситкенде Бәниўден айрылып қалғанын тереңирек уғынғандай болды. Ҳаяллардың «тирилей ғана айрылдық», деп айтынып жылаған даўыслары қуўғыншылар Кегейлиниң көпиринен өтип, шәҳәрден әдеўир узап кеткенге шекем еситилип турды.

Қарақшылар бул пурсатта қашықлап кеткен еди.

Қуўғыншылар да түн бойы ат шаптырды. Ертеңине Қусхананың тусындағы Қоңырат жағысына жетти. Кемешилердиң биразы өлтирилген, биразы жараланған, оның үстине қарақшылар өзлери дәрьядан өткен соң кемелердиң түбин тесип, батырып жиберген еди, соған қарағанда  изимизден қуўғыншы жетип алмасын деген болса керек.

— Кеме жоқ, биз дәрьядан өткенше қарақшылар үйлерине жетип алама, деп қорқаман, — деди қуўғыншылар сәрдары. Қуўғынды тоқтатсақ қалай болар екен? Бәрибир изинен жетиўимиз қыйын.

— Неге тоқтаймыз. Сонда қызлар жаў қолында кете бере ме?

Бул Қайырдың гәпи еди.

— Онда не қылайық? — деди сәрдар жигитке тигилип.

— Алға. Қарақшылардың изинен.

— Дәрьядан қалай өтемиз?

— Ат жалдаймыз.

Қуўғыншылар сәрдары «мына жигиттиң еси-ҳуўшы жайында ма өзи?» деген киби Қайырға гүманлы нәзер таслады.

Ақырында бир-еки кеме табылды. Кемешилер жыйналды. Дәрьядан өтиў бир-еки күнге созылды. Қуўғыншылар ат шаптырып отырып Айбүйирдиң қубласынан шығып Үстиртке жетти. Ушы-қыйыры жоқ қаңыраған шөл далада излер жоғалды. Қалған жағына тәўекел етиўге көпшиликтиң жүреги даўамай қалды.

— Көрген-билгенлердиң айтыўына қарағанда қарақшылар қалмақлар тәрептен келген көринеди, — деди сәрдар. Және олардың ҳәр бири жетегине ат алған, шаршаған аттан түсип, қосардағы тың атқа минеди де шаптырып кете береди. Мине, азығымыз да таўсылды.

Қарақшылардың излерин жоғалттық. Енди Қоңырат таманға жүрейик, сол жерден Юсуп ақсақалға адам жиберип, ойласық салайық, деп атларды Қоңырат шәҳәри таманға бурды.

Көпшилик гүзги суўық урған шөплери қуўрап, сырдандай далаға айланған Үстирттиң қумшаўыт топырағын ат туяғы менен шаңғытып арқаға — Қоңырат таманға жол алған пайытта Қайыр олардан бөлинип, изде қалып еди. Атлылар оған дыққат аўдара қоймады. Қоңыратқа жеткеннен соң барып қуўғыншылыққа куштар болып қулшынып турған жигиттиң араларында жоқ екенлигин аңғарды. «Изде қалғандур, аты ҳарығандур, келер», деген ой менен жигиттиң жоғалып қалғанына үлкен итибар бермеди.

Шымбайға адам жиберилди. Пурсат қолдан берилген еди. Юсуп ақсақал сүйикли қызының жоғалғанына исенгиси келмес, дөгеректеги қоңсылас руўлар, болмаса адайлар, яки әлим руўының бир тентеги алып қашқандур, тири болса болар, әйтеўир, деген ойдан ары бармас, қуўғыншылар кеткен таманға көз тигип турар еди. Хабаршыдан қызларды алып қашқан қарақшылардың кемеши дарғаларды өлтиргенин, излери Үстиртте жоғалғанын, оларды көргенлер қарақшылардың тилин түсинбегенин еситкенде қызын мәңги жоғалтқанлығына көзи жетип, бозлап жылап жиберди. Бул жылаўға бала-шағалар: кейўаны ана, өгей ана, сиңли менен ини қосылып, ҳәўлини азан-қазан етти.

Әлленемирде өзлерине келген үй-иши «кепин кийген келмес, кебенек кийгеннен үмит үзбе», деп басыў айтқанлардың тәўеллелери тәсир етти ме, я өзлери жылай-жылай болдырды ма, солығын басып, Юсуп ақсақал жасы-үлкен, жасы киши менен ойласыўға отырды.

— Сөзлерине ҳеш ким түсинбегинине қарағанда қарақшылар Аштархан әтирапы менен Жайық дәрьясының бойларынан арқаға қарай созылған Дешти қыпшақты гезип, көшип-қонып жүретуғын қалмақлардан келген болыўы итимал, — деди көпти көрген Ҳәбий саўдагер.

— Ендиги жағында қандай шара қылмақ дәркар, — деди есеңкиреп қалған Юсуп ақсақал.

— Аштраханға, оннан ары қалмақ пенен ноғайға кәрўанлар барып турыпты. Кәрўанларға қосып сол таманға жансызлар жиберген мақул болады, — деди Ҳәбий саўдагер сақалын тутамлап. Жансыз саўдагер сүўретинде астыртын түрде ис жүргизип, тутқын болған қыз жөнинде сорастырады, дәрегин тапты, деген нен бул таманға хабар жибереди, олар қызларды сатып, дүнья табыў мақсетинде урлаған, деген гүманым бар, егер бул гүманым дурыс шықса, дәреги табылғаннан соң барып, тиллаға жығып алып қайтамыз.

Бул пикир көпшиликке, сондай-ақ, қыз әкесине де мақулдай туйылды. Оннан артығын ойлап табыў да қыйын еди, шамасы. Жансызларды таўып, кәрўанларға қосып жибериўди қызын жоғалтып қабырғасы қайысып отырған Юсуп ақсақалды аяғанлықтан Ҳәбий саўдагер мойнына алды. Жигитлерди тапты. Кәрўанды күтти. Ўақтысәти жетип, кәрўан менен бирге саўдагер сүўретинде еки адам жолға түсти.

Бул ўақытларға шекем Қоңыратқа иркилген қуўғыншылар Шымбайға қайтып келген, бирақ олардың ишинде ири денели, қол-аяғы тоқпақтай темиршиниң шәкирти жоқ еди.

***

Қайыр атының басын тартып, топылымнан қалмайман деп умтылған дөненди еркине жибермеди. Үстирт даласының шаңын тозғытқан атлылар излерине қайрылмады, әлленемирде көзден тасаланды. Меңиреў далада жалғыз атлы ғана қалды.

Жигит Шымбайда пайытында-ақ Бәниўди алып қашқан қарақшылар менен жүзбе-жүз келиўди, алысыўды-шабысыўды, олардан үстем келиўди, туўры келсе ҳеш бир қайғырып отырмастан жан бериўди, қулласы Бәниўсиз шәҳәрге қайтпаўды мақсет еткен еди. Әне, қуўғыншылар излерине қайтты, Қоңыратта бир-еки қонып, ҳеш нәрсе питирмей-ақ, ат арытып Шымбайға барады. Олардың ишинде қыздың урланғанына жаны шынтлап ашыйтуғынлары шамалы, Қайырға уқсап Бәниў ушын өлимге басын тигетуғынлары болса, жоқ.

Бул пайытларда жигит өзиниң жанынан да артығырақ көретуғын Бәниў атлы қызсыз изге қайтыўды, көп өтпей Үстирт аспанын толтырып жиберетуғын сансыз жулдызларды, ҳәр күни белгили ўақытта шығып, әлемди жақтыртатуғын, белгили ўақытта уясына жасырынатуғын қуяшты да көриўди қәлемес, керек болса жасағысы да келмес еди.

Гүз қуяшы меңиреў далалардан асырылып, сүйиклисинен айрылып, қайғыға батқан жигитти қып-қызыл шапағы менен көмип жиберди, соң жигиттиң шексиз қайғысын көрип, оған жәрдем қолын соза алмағанына қысылған киби көк жийекке жасырынды. Гүзги дала қара мақпал киби түнди жамылды. Көп өтпей далалардың ийесиз емес екенлигин дәлиллеген киби, ҳәр жер-ҳәр жерден сағаллар улый баслады.

Жалғызлық жигитти қорқыта алмас еди. Бул ялғаншы дүньядағы инсан ушын ең аўыры ҳәм қорқынышлысы өлим болса оны излеген, оның қараңғы ҳәм жексурын қушағына өзин атыўға тәўекел еткен адам ушын не нәрсе қорқынышлы болыўы тийис екен, әлемде?

Қараңғы түсиўден көрине баслаған жулдызлар көп өтпей арқадан қублаға, шығыстан батысқа созылған шетсиз-шексиз аспанды толтырып жиберди. Мисли көктен жерге тигилген сансыз көзлер киби жулдызлар емис-емис жақты шашып, жымыңлай баслады.

Топардан қалыўын қалса да жигит бирер шешимге келмеген еди. Қай таманға жүриўди, қарақшылардың тутқыны болып кеткен сүйикли Бәниўин қай таманнан излеўди, қайдан табыўды, ҳәтте қайсы бағдарға қарай жүриўди де билмейди.

— Қәне енди Қызылқум ишиндеги аш қасқырлардың көшти қамағаны киби ўақыя жүз берсе! Қәне енди Қайыр аты менен бирге аш қасқырларға жем болса! Әҳ, иске аспайтуғын әрманлар.

Тосыннан астындағы ат әлле неден сетем алып, қулақларын, қайшылады, алдынғы аяғы менен жер тарпып оқыранды, изге қайрылып басы аўған таманға қарап шаўып кете бериўге умтылды, бирақ күшли қоллар дизгинди еркине жибермеди. Ат ийеси ҳәзир дүньядағы ҳеш қандай қәўип-қәтерден сескенбес, бир мың бир қасқыр ҳәмле қылса да қашыўды ойламас еди.

Қәўиптиң жақын қалғаны, қол созым жерде қулағы тикирейип турғаны аттың туяғы менен жер тарпып, киснеўинен билинди ҳәм көп өтпей дөнен жәниўарды шоршытып жиберген қорқынышлы мақлуқтың өзи де көринди. Туўырағы өзи емес, ал алыс аспандағы жулдызлардың сәўлеси түсип, көкшил көзлери от шашқан киби жалт-жулт еткен мақлуқ кешки аўға атланған сыртлан қасқыр еди.

— Қәне, жарықлық Көкжал! Шапшы мен таманға, — деп тиледи ишинен жигит. Көксимди, Бәниўден айрылып қалса да соғыўдан тоқтамай турған жүрегимди өткир азыўларың менен пәрше-пәрше етип тасла! Қәне бол, сен қанға той, мен азаптан қутылайын!

Көкирегин кернеген ыза, қайғы, руўхый түскинликти баян етиўши сөзлер тилинен айтылмады, ал өкпесинен қандай да бир ҳәсиретли, қорқынышлы өксик болып атылып шыққан еди! Ол сондай терең налаға толы болып, оны еситкенде қандай тасбаўыр адам болса да «әҳ» деп жиберген болар, ҳәттеки тилсиз ҳайўанлар да бул гүрсиниўдеги теңиз киби терең дәртти түсинип, улыған болар ма еди, ким билсин!

Қасқыр аш емес еди, сол ушын бул мәканда гезлескен намәлим атлыға ҳүжим қылыўды қыялына да келтирмес, керисинше күтилмегенде қарсы алдынан шыққан адамнан сескенип бир қапталға секирип түскен, қанындағы ҳайўаный сезимлер оянып, қәўипти қарсы алыўға таярланып қулақлары тикирейип, желке жүнлери үрпейген еди.

Дөнен ат қасқырдан қорқар, оның менен бетпе-бет келмеген, бирақ нәсилден-нәсилге өтип киятырған ийис сезиў қәбилети арқалы

қасқырдың жүдә қәўипли маклуқ екенлигин аңлап үлгерген. Сол ушын бул жерден, қәўиптен тезирек қашып қутылыўға умтылды. Өзин тежеп турған полат аўызлық пенен алысып, артқы аяқларына салмағын салды да алдынғы аяқларын тикке көтерди, буны өзине қылынған ҳүжим, деп түсинген қасқыр қуйрығын қысып, изге бурылды, ат та шыдап тура алмады, бир орында шыргүбелек айланды, полат аўызлықлар еки езиўин жыртып жиберетуғын дәрежеде тартылғанына қарамастан басы аўған таманға патырақлап шаба жөнелди.

Ат үстиндеги адам да көп өтпей негедур дизгинин жиберип, атты өз еркине қоя берди. Дөнен ат қула далада баўыры жазылып, бираз жолды басып өтти, алды бурын зуўлаған самалды қапталынан өткерип турған қулақларының түби терледи, соң қолтықлары, бара-бара омыраўы менен саўыры терлеп, ақырында пүткил денесинен тер тамшылай баслады, әлемде болып атырған ислерге бийпәрўа болып қалған жигиттиң қолы негедур сүрнигип кеткен аттың жалына тийип еди, қолы суў болды. Көкирегинде қандайдур сезимлер оянғандай туйылды, бирақ оның парқына барғысы келмеди, мәгар ол аяныш сезими болса керек, себеби ат ҳаққында ойлаған еди: «жаниўар қара терге батыпты». Бәрибир жылаўды тартпастан, торы дөненниң шабысы кем-кемнен тосаңлап, ақырында таққа тоқтап қалды.

«Ат жаниўар болдырды, оның не гүнасы бар. Көп өтпей денесине қатқан тер суўып, аязлайды. Бектемирдиң аты бул...»

Ерксиз аттан түсип, бөктергидеги жабыўды алды. Атты жабыўлап, әтирапқа көз таслады. Жулдызлардың сәўлесинде жүдә бир узақ жер көринбейди, сағаллар менен олардан басқа қандайдур аңлардың сеслери еситиледи.

Атқа қайта минди, ат ақырын жүре берди, жигит оны қыстамады, қайда кетип баратырғанын дөнен ат та, үстиндеги адам да билмес еди.

Алысларда жылт-жылт етип жанған от сағымы көзге шалынғандай болды.

«Ким ол адамсыз далада, түн ишинде от жаққан? Мәгар мен излеген қарақшылардур!»

Соңғы ой кеўлиниң бир мүйешинде үмит ушқынларын пайда еткендей еди.

Қанша жүргенин билмейди, от жеткермес еди. Ақырында отқа даўыс жетер жерде иркилип, әтирапты бақлай баслады.

Оттың дөгерегинде ҳеш ким көринбеди.

«Жинниң жаққан оты емес пе?».

Еле де жақынырақ барыўды шешти.

Усы пайытта отқа жақын жерден ат оқыранды. Қәўип жақынлап киятырғанын сезди ме, я өзи теклес жаниўарға өзи ҳаққында хабар бергиси келди ме, ақырын киснеп қойды. Демек от әтирапында адамлар бар еди. Бирақ негедур олар көринбеди. Соған қарағанда от әтирапындағылар Қайырдың киятырғанын көрмесе де билип отырған шығар.

Жигит қуўанып кетти. Қарақшылардың үстинен түскенине қара! Өзи емес пе еди Бәниўсиз Шымбайға қайтпаўды мақсет қылған. Әне, қудай жарылқап я өлиў, я сүйиклисин қутқарыў пурсаты жетти.

Қайыр ҳүжимге таярланды. Таңға шекем күтиўге тақаты жетпес еди. Оның үстине от жаққанлар әлбетте өзи излеп киятырған қарақшылар екенине исенди.

Алдына кесе услаған найзаны тақымына басты. Әкеси Әрепбайдан мийрас қалған, ийнине салыўлы турған дыр қамшыны орнында турыппа, деген яңлы қолы менен барлап көрди. Қамшы жалғыз жаўынгер көпшилик пенен алысар болса әсиресе қол келер еди, оны қамшы жумсаўдың сырларын үйреткен Бектемир айтқан. Бәрибир қылышын суўырды, көптен берли қында турған қылыштың полат тыйығы жулдызлардан сәўле урлап, жылтырады. Соң душпан үстине, яки қула дүзде жанып турған отқа қарай ат айдады.

Ат от жанып турған жерге келип шыргүбелек айланды. Қараңғыда ҳеш ким көринбес еди.

— Қәне, ким бар болса шықсын бери, шабыссаң шабысайық, алыссаң алысайық, мәрт болсаң көрсет өзиңди!— деген қышқырық меңиреў далаларды жаңғыртты.

Жаңғырыққа жуўап болмады. Аттың оқыранғаны ма, кимниңдур күлгени ме қулаққа шалынғандай болды. Қайыр излеген Бәниўди алып қашқан қарақшылар топары жоқ еди. Жигит олар қашып кетти-аў, деген ойға барып, өкиништен оң қолының бас бармағын тислеп алды.

«Олар алысқа кеткен жоқ, олар усы дөгеректе, әтирапқа жақты түсиўден олардан таўып аламан», деп ойлады жигит. Әдеўир тыныққан аты оттың дөгерегин тынбай айлана берди. Отын тасланбаған от жалынлап жанбас, қызарған шоқ әтирапқа емиски жақтылық түсирип турар, ал, бул пайытта шексиз далада қызарып ғана турған жақтыға жарысқан яңлы шығыс таман лалаптай жанар, гүздиң таңы атып келер еди.

Аттан түспей таңды күтип алған Қайыр қарақшыларды көриў, ең болмағанда олардың излерин табыў, қалай қарап кеткенлигин билиў үмитинде дәслеп әтирапқа тигилди, таң қараңғысында алысты көриў мүшкил еди, ал қумшаўыт жерде аттың изи менен от дөгерегинде адам излери сайрап жатар еди.

— Таптым! — деп бақырып жиберди Қайыр тап қарақшылардың өзин гезлестирген киби қуўанып.

Усы пайытта алыс емес жерде ат оқыранды.

Әтирапқа таң нурлары таралып, көз жетер жердеги қараны көриў мүмкин болып қалған еди. Онша қашық емес аралықта атлы адам турар, анығырағы, төмен салынған басы ерге тирелген, оның қалғып кеткени, яки көз астынан әтирапты серлеп атырғанын билип болмас еди.

Жигит көк сүңгини гезенип, айдалада басын ердиң қус тумсығына сүйеген жалғыз атлыға қарай атын жорттырып келе берди.

Ат үстиндеги адам сергек отырған болса керек, өзине қарай киятырған атлының дүбиринен оянып кетип, басын көтерди.

— Ҳәй бала, деди ат үстинде бойын тиклеген еңгезердей ири денели киси тулғасына жараспаған жиңишке ашшы даўысы менен.— Түнги уйқымды бузып, үстиме ат айдап келдиң, таңғы уйқыны тағы қашырдың, ол да азлық қылғандай найзаңды шошаңлатып, топылғаның неси?— Қәне тоқта, түсир найзаңды! Сен излеген қарақшылар мен емес, олар бул ўақытта Жайық дәрьясына жетип қалды. Ал мен байланған баўды кескен Бекбаў қарақшыман!

Күтилмеген ушырасыў жигиттиң үмитлерин пушқа шығарған еди. Қайыр нәбада силтенген жарақ өзине де, жекке жортқан қарақшыға да жетпестей жерде иркилди ҳәм бийтаныс атлыға дыққат пенен тигилди. Оның алдында мурты орақтай, жалпақ бетли, ат үстинде отырғанның өзинде бойы анаў-мынаў бойшаң адамнан бийик палўан денели кимсе турар еди.

— Сәлемиң қәне бала, — деди қарақшы мысқыллы даўыс пенен. Я ата-анаң өзгелерге сәлем бериўди үйретпеди ме? Я қорққаныңнан тилиң таңлайыңа жабысып, кәлиймаға келмей қалған шығар? Шаппаттай болсаң да бул жақларға ат жорттырып келисиңе қарағанда жүрегиң аттың басындай дәўжүрек болсаң керек-аў! Өзиме де сендей бир шәкирт керек еди. Сени қудай айдап келген шығар, сирә!

— Қарақшыға шәкирт түспеймен, — деди жигит ызаланып.

— Билемен. Денеңниң нықлығына, қолыңның қабарыўына қарағанда темиршиге шәкирт болғансаң. Бул таманларға сени не айдап келди екен? Мал-дүнья ҳәўеси ме? Жер гезип, ел көриў ықласы ма? Яки... Жоқ, жоқ. Сендейлер мал-дүнья ушын қурал асынып шықпайды. Ҳә, билдим, сен ашықдурсаң! Бирақ енди маған шәкирт болып, қарақшылық кәмарын белиңе байлайсаң!

— Бийкар айтасыз. Жигиттиң даўысы негедур исенимсизирек шықты. Жиңишке ҳәм ашшы даўыс ийеси қандайдур бир сырлы себеплер менен Қайырға негедур унап барар еди. Мүмкин адамсыз

саҳрада жалғыз өзи жортқан дәўжүреклиги менендур! Бәлки жигиттиң жүрегиндеги шексиз дәртлерин түсинип жеткен биринши адам болғанлығынан шығар?

Қулласы Қайыр оның сөзлерин негедур еситкиси келип, қулағын түре берди.

— Бийкар емес, — деди Бекбаў қарақшы. Соң азғана ойланып алып сөзин даўам етти. — Тоқта, тоқта! Еки-үш күнликте Үстиртте гезлестирген атлыларым — яғный қалмақлар... Олардың олжасы сениң сүйген қызың ба еди? Әҳ, әттең! Әҳ, әттең! Аўа, олар көп еди. Онлаған атлы, бәлки оннан да көбирекдур, мен өзлерин көре алмадым, қараңғы еди, атларының дүбиринен қанша екенлигин шамаладым, ал сөзлеринен қалмақлар екенин аңладым. Қуўғыншы топарды да көрдим, бирақ сизлер кешиккен едиңиз. Әҳ, не шара!

Қарақшының сөзлериндеги мысқыл жигитке кәр етпес, ол дүзде гезлескен атлының гәпин жан қулағы менен тыңлар, сүйиклиси жөнинде айтылған хабардың ушлығы оның көңлинде үмит ушқынларын оятар, қуяш нурларында ғана жалтырап көринетуғын өрмекши аўының талалары киби үмит Қайырды өмирге әсте-ақырын қайтармақта еди.

— Қәне жигит, деди ақырында қарақшы, мен ашықтым, бәлки сен де жүрек жалғап алыўға қарсы емесдурсаң. Түнги оттың жанына қайтып барайық, мүмкин, шоғы еле сөнбегендур.

Қайыр еле анық билмейтуғын бул дүньяның ислери жүдә қызық тә! Буннан бир неше саат бурын дүньядан, өмирден гүдерин үзген жигит дүзде гез келген, сөзине исенсе болатуғын яки исенип болмай-туғынын ҳеш ким билмейтуғын бир қарақшының хабарына үмит байлап, аш болып, жүреги үзилейин деп турғанын, кирпиклерине уйқы тирелгенин сезди.

Шабыраў болып өскен қарабарақ сындырып әкелинди, от алдын пысқып түтеди, алысқаннан соң көп өтпей лаўлап жана баслады. Жүрек жалғаған жигиттиң уйқысы келип, басы төмен ийиле берди, ақырында уйқы жеңди, төсеўли ат жабыўға жығылып, уйқыға кетти. Қарақшы тонын ийнинен алып жигиттиң үстине таслады.

Кең Үстиртти гүздиң қысқа күни менен тас төбеге көтериле қоймайтуғын қуяшы әлле қашан өз қушағына алған, көз жетер жерде көкшил сағымнан өзге я бирер тири жан, яки төбешик көринбес еди. Азғана самал турып еди, изи қумлы боранға айланып, жүз қәдемнен алысты көрсетпей таслады. Көктеги қуяштың жүзин сарғыш думан жапқан еди, күн мисли айға мегзеп қалды, әлемди сарғыш сәўле қаплады.

Қайыр әлле недендур сетем алып, ояныпкетти. Бекбаў қарақшы әллеқашан жолға таяр, жигиттиң ояныўын күтип турар еди.

— Атлан, кеттик! — деди қарақшы.

— Қаяққа? Қалмақлардың изинен бе?

Қарақшы мысқыллы күлип қойды.

— Сүйиклинди тапқың келе ме?

— Әлбетте.

— Онда изимнен ер.

Атланып, екеўи белгисиз таманға атларын жорттырып кетти. Үстирттиң сырлы соқпақларынан хабардар адам ғана гөзлеген мәнзилин адаспай табыў итимал, болмаса бул жерлерде адасып қалыў ҳеш гәп емес көринеди. Бир мезгил жүргеннен соң кешке таман алды бетте қарайып қандайдур қорған көринди. Қарақшылар ийесиз қалған кәрўансарайға қонбақшы болды. Ағаш шелеги менен арқаны аўзында турған қудықта суў бар екен. Алды бурын атларды суўғарды. Соң қорған дийўалын паналап от жағып, ат жабыўлары үстинде көз илиндирди. Таңда тағы атланды.

Қайыр кешеги саўалын қайталаўға мәжбүр болды.

— Қаяққа?

— Изимнен ер! — деди кескин даўыс.

Шексиз кеңислик, елсиз дала, аңлар да көзге түспейди.

Тосыннан көз ушында топар-топар маллар падасы көринди.

— Маллар көринди, — деди Бекбаў қарақшыға өзиниң көзиниң өткирлигин айтып мақтанғысы келген киби, жигит. Кимдики екен? Изинде шопаны көринбейди.

— Олар алланыки, — деди қарақшы геўдесине сәйкес келмейтуғын жиңишке даўыс пенен. Ақбөкенди көрмеген бе едиң?

— Ол не нәрсе?

— Сен көрип турған маллар сол ақбөкенлер. Олар адам көрмеген, сол ушын да бизден қорқпайды. Бүгин кеште етке тоятуғын болдық, жигит, қәне, сен атынды желдирип, ақбөкенлерди мен бетке айда, атып аламыз. Қуўып алсақ етиниң мазасы кетеди, сол ушын садақ пенен... Қәне, шаққанлас!

Қула дүзде топар-топар болып жайылып жүрген, ҳәр бири еки жасар баспақтай келетуғын бийтаныс ҳайўанларды көрип ҳайран болған жигит атын жорттырып ақбөкенлерге жақынлады. Алысырықта иркилип қалған, зиңирейип турған атлы таман айдалған ақбөкенлер падасы Үстирт қойнын дүбирлетип, қәўипти сезбей дүркиреп барар еди. Жекке турған атлы жанынан ақбөкен падалары өтип атырғанда сарыжайдан еки мәртебе садақ атылды. Падалар өтип болғанда шаңғыт ишинде еки жәниўар жанталасып, тыпырлап жатар еди.

Шаң басылды. Дәўдей қарақшы атынан түсип, белинен пышағын алып, ақбөкенди баўызлады. Екиншисин Қайыр ҳадаллаған еди. Көп өтпей қанлары сорғалаған ақбөкен бөктерилген еки атлы жортып кете берди.

Үшинши күн дегенде дала гезген еки атлы кәрўан излерине гезлести. Бекбаў қарақшы атынан түсип, жылаўын қолынан жаздырмай, излерди көзден кеширди. Соң орнынан турып, самалдың бағдарын анықлап алып, өр бетке қарады, мурнын көтерип ҳаўаны ийискелеп, түтин ийисин изледи. Әдетте, оттан көтерилген түтин әтирапқа ийис таратады, сол арқалы жақын әтирапта от жағылғанын, от дөгерегинде адамлар барын талай мәртебе анықлап алжаспаған Бекбаў бул сапары да кәрўанның қай таманға кеткенин, алыс-жақынын дурыс болжады.

Дүзде қонған еки атлы Үстирт қуяшы қумшаўыт даланы жақтыртар-жақтыртпастан ерте турды. Ҳәлленип алып, қурал-жарақларын көзден кеширди. «Қаяққа? Не ушын?» деген сораўларына оңлы жуўап ала-алмайтуғынын аңлап жеткен жигит, енди Бекбаўға саўал қойыўды тоқтатты, санасында оянған «Бәниўди табаман» деген үмит, оның дәрегин «әлбетте Бекбаў қарақшы биледи», деген ой жигитти қарақшының изине ериўге, айтқанларын сөзсиз орынлаўға мәжбүрлер еди.

— Алдымызда кишигирим кәрўан баратыр, изинен жеткен жерде оны қолға аламыз, — деди қарақшы жағымсыз даўысы менен. Қылышты бар күшиң менен силтеўди умытпа. «Душпанын аяған жаралы», деген...

— Сонда не... Изин айта алмай иркилди жигит.

— Айтпадым ба? Сүйиклиңди табыў ушын қарақшы боласаң, — деп...

Жигит үнсиз қалды.

Сәскеде алыстан топар көринди. Бир-бирине тиркелген түйелер асықпай, маң-маң қәдем таслар еди. Қапталға бурылған еки атлы күн батар-батпас пайытта кәрўанның алдын тосты. Саўаш узаққа созылмады. Қурал-жарақ асынып, қолына найза услаған кәрўанбасыны Бекбаў қарақшы узын ҳәм мықлы қоллары менен ат үстинен бес жасар баланы көтергендей етип көтерип алып, жерге ылақтырып таслады. Ол орнынан тураман дегенше қарақшының узын саплы найзасы көкирегине қадалған еди.

Қуралланған екинши адам менен Қайыр бетпе-бет келди. Қылышын қыннан суўырған жигит негедур егленип қалды. Оның бул адамда даўы да, кеги де жоқ еди ақыры, қалайынша биринши болып қылыш силтейди.

Ўақыт күтип турмайтуғын пайыт, өлим менен өмирдиң жанталасып алысатуғын пайыты еди, оны қарсыласы биринши болып силтеген қылыш сол қолын жарақатлағанда түсинип жеткен жигит жан айбатта қылыш силтеди, мойны шабылған саўытсыз қарсыласы қанға боялып, тикке шапшыған аттың аяғы астына домалап түсти. Оның пайманасы толған еди.

Кәрўандағы үшинши адам изде пияда келер еди, шамасы түйекеш болса керек, көз алдында болып өткен ўақыялардан есеңкиреп қалды ма, не қыларын билмей бир орында қаққан қазықтай қақайып қатып қалды, әллен ўақытта өзине келип, изине қарай қаша жөнелди. Бекбаў оны қуўып ҳәлекленип отырмады, ийнинен сарыжайын алып, асықпай садақ жайлады, бир неше қәдемлер таслаған адамның изинен ысқырған оқ жетип барып, оны жер тислетти.

Солай етип, кәрўандағылардың барлығы өлтирилген, үстиндеги ийелеринен босанған еки ат шылбырларын сүйретип бир айланып шапқаннан соң әтирaптағы шексиз кеңисликтиң қәўип-қәтерлерге толы екенлигин сезди ме, түйелер жанына қайтып, шөлдиң шөбине мойын созды. Буйдасынан тартса алға қарай ентелеўден басқасы менен иси жоқ кәрўан түйелер жантақлардың басын шалып жей баслады.

Қайдан пайда болғаны намәлим, қан ийисин сезген яңлы Үстирт шаңынан сарғыш тартқан аспанда қузғынлар пайда болды. Даланы қараңғылық қаплайман, дегенше атлар менен түйелерди жетекке алған қарақшылар кәрўан жолдан бурылып, әдеўир алыслады. Бекбаў қарақшының тас мүсиндей қатып қалған жүзинен оның қуўанғанын яки қайғырып атырғанын билиў мүшкил ис еди. Алдынғы түйени жетелеген Бекбаў алдында, атларды қосарға алған Қайыр изде келе берди.

Саўаш болып өткен майданда қәдирли нәрсесин қалдырып кеткен яңлы Қайыр артына қарайлай берди. Көкирегинде өзине деген аяныш па, қәҳәр ме, ғәзеп пе, соған усаған түсиниксиз бир нәрсе оянған, енди сол сезим жигитке тынышлық бермес еди.

— Мыналарды не қыламыз? — деп Қайыр өликлерди нусқағанда қарақшының айтқан сөзлери жигиттиң ойында, қыялында мың мәртебе қайталанды.

— Оларды көмиў ушын ўақыт ҳәм күш сарыплаўға не ҳәжет, — деген еди қарақшы өзиниң жағымсыз ҳәм жексурын даўысы менен. Әне, олардың ийеси пайыт пайламақта. Ол ҳаўада қанат қақпай пәлпеллеп турғанларды меңзеген еди. Еле көзге көринбегенлери қанша? Таң атқанша олардың сүйеклери ғана қалады, исене бер!

«Бәрибир олардың гүнасы жоқ-ғой. Не ушын?»

Булар жөнинде, Бекбаў қарақшы да ойлағандур, ол да адам-ғой, ким билсин? Бирақ олжа етип алынған кәрўандағы дүнья-мүлкти көрип қуўанды ма, өлгенлердиң көмиўсиз қалғанына қайғырмады ма, қарақшының қатып қалған жүзинен бир нәрсе аңлаў мүмкин болмады.

Көп өтпей қарақшы кәрўаны қоныўға иркилди. Атлар байланды, түйелер шидерленди, от жағылмады, себеби олар кәрўан жолынан алыслап кете алмаған, сол себепли от жағыўға биреў көрип-билип қала ма, деп қәўипсинди.

Ат жабыўларды төсеп, гезекпе-гезек уйқылады.

Таң ағарып киятыр еди. Гезеги келип, сақшылық қылып турған Қайыр атын жетелеп, шеткериге шықты. Соң атына минип кешеги саўаш болған жерге қарай кетти.

Жигит қайтып келгенде таң атқан, уйқыдан оянған қарақшы Қайырды күтпекте еди.

— Мен сени жүреги кишилик етип, қашып қалған шығар, деп едим, — деди Бекбаў.

— Яқ қашып қалыў ойымда ҳәм болмады.

— Қайда барғаның маған түсиникли, себеби сеникиндей ҳалатты менде басымнан кеширгенмен.

— Қызды қашан излеймиз?— жигит тилине келип турған саўалды бериўден өзин тыя алмады.

— Мине, сүйиклиңди излеўге киристик — деп санай бер, — деди қарақшы шыйқылдап күлип.

— Қалайынша?

— Бери қара бала, — деди жүзине өзгермес нықабын кийип алған қарақшы азғана ойланғанынан кейин. Бизлер кәрўан тартқан саўдагерлермиз, ҳәзирден баслап... Аштарханға барамыз, саўда қыламыз ҳәм сениң сүйиклиңниң дәрегин сорастырамыз. Түсиндиң-ғой! Басқа жағында аўзыңа қулып урасаң, ол өзиңе жақсы, ҳәр ўақыт адамның тили басына жетеди.

Гәп түсиникли еди.

Кәрўан жолынан шеткериректе, бирақ сол бағдарда қарақшының кишигирим кәрўаны сегбир тартты. Таң атқаннан күн батқанша түйелер менен атлар иркилместен жол басар, кешқурынлары ғана қоныўға иркилер, күн суўытып кеткен, азанда түйелердиң танаўына аппақ қыраў қатып турар еди. Қарақшының гәпинен соң Қайырдың кеўлиндеги үмит ушқынлары тутанып, бир отқа айланған, сол отты жалын етиў мақсетинде ол қарақшыға айланып үлгерген, керек болса бир Бекбаўға емес, он қарақшыға бас ийиўге таяр еди! Муҳабаттың күш-қүдиретин қоя бер, сирә!

Қайыр Бекбаў менен сөйлескиси келип, оны сөзге тартар, бирақ қарақшыдан артық гәп шықпас, «кеттик», «иркилдик», «кел», «бар» дегенге уқсаған сөзлерден артығына бармас, сол ушын кәрўандағылар, әлбетте ол жерде Қайыр менен қарақшыдан өзге ҳеш ким жоқ екенлиги бизге мәлим, зеригер еди, мәгар.

Бир ақшам қарақшылар кәрўаны иркилген жерден он-он бес қәдем арыда булар жаққан оттың сәўлесине жарысып, үш-төрт жин шырақ жылт-жылт етип жана баслады. Олар гә көзге көринер, гә өшип қалар, соңынан тағы жылтырап көриниўин даўам етер еди. Дүзде өскен Қайыр ҳештеңеден қорқыўды билмейтуғын еди, бирақ бундай қубылысты көрмегенликтен таңланды, жин айландырды ма деген гүман кеўлине уялап, ҳаўлыға баслады. Бекбаў шырақларды азғана гүзетти де күтилмегенде ҳәзил қылды.

— Анаў шырақлар алдымызда болғанда ма, от жағып әўере болмаған болар едик!

— Олар не екен өзи? Бизди айланшықлаған жинбе, не нәрсе?

— Ҳе, ҳаўлықтың ба бала?

— Азғана қәўетерли. От жанып тур, әтирапында ҳеш ким жоқ.

— Қорқпай-ақ қой, булар жин емес, мәгар бул кәра қойымшылықтың орны болса керек. Ҳеш ким ядына алмаған марҳумлардың рухлары өзлериниң бар екенлигин билдирип атырған шығар, ким билсин.

Бекбаўдың Қайыр менен ушырасқалы биринши мәртебе шешилисип сөйлеўи еди.

— Әрўақлар дейсең бе? — деди жигит қәўетерли даўыс пенен.

— Мен буннан да зорырағына гезлескенмен, бала.

— Буннан зорырағы не екен өзи?

— Жинлер бәзимине қатнасқанман.

— Келистириң өтирикти, — деп жиберди өзин ирке алмаған жигит.

— Ырас.

— Жинлер қандай болады екен, өзи? Аўзынды қыйсайтып кетпеди ме?

— Қыйсаймағанын көрип турғаның жоқ па, бала?

— Қыйсаймағанын көрип турыппан. Бирақ көргениңизге исениў қыйын.

— Басқалар да исенбеген. Бирақ бул ўақыя болған, ертеде.

Жин менен ушырасыў? Исениў қыйын. Алдап атырған жоқ па, я мени қорқытпақшы ма? Жигиттиң қыялына ҳәр нәрселер келди.

— Қалай болды, өзи? Қашан?

Қарақшы әдетинше, сөйлеўге асықпады. Отқа отын таслады, соң қумға төселген ат жабыўға жайласып отырды. Тисиниң арасынан

«шырт» еттирип түкирип қойды. Жөткеринип, тамағын қырынып алды. Соң әңгимеге кирисVти. Даўысы да ҳүрейли еситиле баслады. Бурынғыдан гөре жағымлырақ па еди, қалай-қалай?

Бир сапары түнлетип жолға түстим, ай көринбейди, тас түнек еди, жулдызға қарап, бағдарды анықлап, атты жорттырып киятырсам алыстан оттың жарығы көринди, есабым бойынша бул әтирапта елат болмаўы керек еди, шарўалар көшип келди ме екен?» деген ой менен ат айдап келе бердим. Жақынласам мен ойлағандай шарўаның бир-еки отаўы емес, ал пүтин бир аўылдың адамындай адам топланған, ортаға лаўлатып от жағылған, от дөгерегинде қызыллы-жасыллы кийинген қызлар, негедур жигитлер көринбес еди, ойын ойнап, дәп қағып атыр. «Адасқан қусайман, тойдың үстинен шықтым-аў», деп ойлайман ишимнен. Шынында да бир топар адамлар мени қоршалап алып, қараңғыда жүзлери көринбейди, «пәленше аға, той үстине келдиңиз, аттан түсип, бир заман қонақ болып кетиң, сөзимизди жерде қалдырмаң», деп қыйылып, жалынып, кимдур жылаўға, кимдур зәңгиге асылып жүргизбейди, ат жәниўар қәўип-қәтерди аңлап-сезгиш-ғой, өзинен-өзи нелердендур сетем алып, пысқырып, әлле қайларға бас алып, шаўып кетпекши болып, умтылады, дизгинге, зәңгиге жабысқан кимлердиңдур қоллары атқа бермейди, мирәт етип атырғанлардың ишинде кимлердиңдур даўыслары таныс сыяқлы, бирақ кимниң даўысы ҳеш аңлай алмайман. Ядлай алмайман, ал «тойға түсиң» деўшилердиң жүзлери көринбейди. «Кимниң тойы», деймен, даўысымды әтирaптағы шаўқым себепли өзим де еситпеймен, бирақ дөгеректегилердиң барлығы мениң сөзимди еситкен сыяқлы. «Кимниң тойы», деп қайталайды, ол маған «жинниң тойы» деген яңлы туйылады. Бәзим қызып, қызлар «Кел, биз бенен ойынға түс», дегендей ымлайды, наз бенен ҳәр қыйлы ҳәрекетлер, ишаралар қылады, оны тил менен айтып бериў уят, ақырында негедур мениң ықтыярым өзимде емес екенлигин сезе баслайман. Әтирaптағылар: «Кимниң тойы, кимниң тойы» деп қайталай бергеннен қулақларым еситпей қаларлықтай шыңылдай баслайды, ақырында кимлердур аяғымды зәңгиден босатып, кимлердур қолтығымнан сүйеп аттан түсиреди, ат болса еле елирип, бир орында турғысы келмей тепсинеди, тикке-тикке секиреди, бирақ сансыз қоллар оны өз еркине жибермейди, алдын-ала таяр турған қазыққа байлайды. «Жүриң, Бекбаў, қонақ болың, хош келипсиз», деп бизди қоярда қоймай отқа жақын жерге төселген кийизге отырғызады. «Атымды биледи, мени танıйды, бирақ не ушын мен оларды танымай отырман», деп ойлайман. Қызлардың ойыны ҳәўижине шығып, дәп пенен оған қосылған қоңыраўдың қандайдур сыйқырлы, жағымлы даўысы майдай жағып, елитип баратыр, мениң де оларға қосылып ойнағым келеди,

бирақ беглигимди бузғым, уяты жоқ қызлар менен ойынға түсип, көпшиликке күлки болғым келмейди. Мәгар сол сезим мени бәлелерден сақлағандур, еситкен адамлар да соны айтады, қулласы кәлам, бизди отырғызып болып кимдур қолға суў қуйып, қол жуўдырды, кимдур «тойдың аўқаты, қуўырдақтан жеп отырың», деп бир өзиме бир табақ әкелип, алдыма қойды. Дәстүр бойынша «бисмилла» деп табаққа қол узатқанымды билемен, көз алдымдағы барлық көринислер: лаўлап жанған от, дөгерегинде тынбай ойнаған адамлар «гуў» ушып кетти, бәлки ушып кеткендур, ол жағын анық айтыўым қыйын. Қулақты ләрзеге келтирип турған шаўқым да пышақ кескендей тынған еди. Әллен ўақта өзиме келдим, есеңкиреп қалған қусайман. Әтирапымда ҳеш ким жоқ, қула далада, үйилген тезеклердиң үстинде жалғыз өзим отырыппан. Аспанда жулдызлар шағырайысып көринеди. «Әкелген аўқаты қәне?» деп қолымды узатсам үйилген тезекти усладым. «Әстапыралла» деп жағама түкирип, кәлийма қайтарып, билген дуўамды оқып, атыма қарасам, жанымдағы бир түп жигилдикке сондай етип шандып, шийелеп байланыпты, «жинниң байлағанындай», деген гәп рас қусайды, зорға жаздырдым, ат әдеўир тыншыған, саўырын услап көрсем қара тер, еле қалтыраўы басылмаған. «Жинлер бағыўлы турған атларды минип шабады екен, қан сорпа қылады екен», деген гәплер ядыма түсти.

Атқа минип, әтирапыма қарадым, от та жоқ, аўыл да жоқ, адам да жоқ, қәдимдегидей қула дүз, жулдызларға бақсам бағдарым туўры қусаған. Атымды тебинип жиберип, илгери кете бердим....

Бекбаўдың гәпин ҳүрейленип тыңлап отырған Қайыр қарақшының сөзине исенерин де, исенбесин де билмес еди.

Қалай дегенде де қарақшының кәрўаны жолда күтилмеген ўақыяларға дус келмей-ақ Аштарханға жақын жердеги Ақсарайға жетип, Бекбаў қарақшының таныcы, бир ноғайдың үйине түсти. Оның менен бурыннан байланысы бар болса керек, көп өтпей, атлар да, түйелер де, затлар да алтын тиллаға, рус шырўанларына айланды.

— Мә ал, сениң пайың, — деп Бекбаў бир неше тиллаларды Қайырдың алдына таслады.

— Керек емес.

— Растан ба? Қарақшы елеге шекем алтынлардан бас тартқан адамларды көрмеген болса керек, таңланғанлығын жасыра алмады.

— Рас, маған сүйиклимниң дәреги керек, соған жәрдем бер, алтынлар өзиңе.

— Сен алтынлар ушын қан төгилди, сол ушын оннан бас тартаман, демекши емесписең, бала?

Қарақшының даўысында ызғар ҳәм кекетиў бар еди.

Қайыр үндемеди.

— Ертең бир адам менен гезлесемиз, — деди қарақшы жигиттен жуўап болмаған соң. Ол адам билсе-билер, сүйиклиңниң дәрегин.

Ертеңине булар барып пинҳамы ушырасқан қалмақ, тапалтас бойлы, қыйық көзлери бир орында турмайтуғын киси, жигиттиң сөзин еситпеген, яки түсинбеген киби тура берди, жуўап бермеди.

— Оған бир нәрсе бер, — деди Бекбаў.

Жигит оған бир тилла алтын берди.

— Мен билетуғын әтирапта қыз әкелип сатқан ҳеш кимди билмеймен, еситпедим, деди де тағы үнсиз қалды.

Бекбаў «тағы бир нәрсе бер», деген киби жигитке ымлады. Қайыр усынған тилланы алған қалмақ ҳеш сөз айтпады.

— Сорастырып бил, тағы келемиз, — деди Бекбаў тилсиз адамға.

Ол тағы үндемеди. Қайырда енди оған беретуғын алтын жоқ еди. Кеше қарақшы берген теңгени алмағанына иштен өкинди.

Үмит үзилмеген, тапалтас бойлы қалмақтың көп нәрсени билетуғыны анық еди. Оны сөйлетиў ушын, мақсетке ериспек ушын көп алтынлар керек...

Бундай ҳалат бир неше мәрте тәкирарланды.

— Шамасы бул қалмақтан жартыўлы бир нәрсе биле алмаймыз, — деп тоңқылдады жигит гезектеги ушырасыўдан кейин.

— Тағы бир қарақшы бар, бәлки сол билер?

— Соған барайық!

Ол ноғай еди. Қарақалпақшаны қәдимгидей түсинеди.

— Ағажан, көмек бер, дәрегин билсең айт, мениң бар тапқаным сеники болсын, — деди жигит диз бүгип.

— Хорезм таманнан әкелинген қызлар менен жигитлер қул етип сатып жиберилген. Шамасы олар қалмақ даласының шарўларына кеткен. Бәлки ноғайлар әкеткендур, олар болса Қап таўы таманда, — деди жүзинен не ойлап турғанын аңғарыў мүшкил, тап Бекбаў қарақшыға мегзейтуғын киси гәпин еки ушлы етип.

Бир-еки жылға шекем әўере-сарсаңға түсип, Бекбаў қарақшы менен бирге тонаған кәрўанларынан түскен тиллаларды сарыплап, сүйиклисиниң дәрегин таппаған жигит, бир түнде жоғалды. Азанда шеригин орнынан таппаған Бекбаў жигиттиң қашып кеткенин шамалап билди, азғана аққөңиллиги менен садалығы болмаса, өзине уқсаған ғайратлы избасардан айрылғанына әдеўир қыйналды. Соң: «айланып келер, қайда барады, дөгеректе ҳеш кимди танымайды, тек ат тонын алдырғаны қалар», деп қолын бир силтеди.

Қыздың дәрегин кисиден сораўдан нәтийже шықпаған соң жигит тәўекел қайығына минип, ең ақырғы шараға қол урған, Аштархан әтирапы, оннан арқадағы қалмақ саҳрасына барыўды нийет етип, қарақшыны тәрк етти.

## 8

Бул ўақытларда қайдан келгенлиги намәлим болған онлаған салт атлы адамлар урлап кеткен Юсуптиң қызы Бәниў, оны излеп шыққанлар ишинен ушты-күйди жоқ болып кеткен темирши устаның шәкирти Қайыр ҳаққында қайғылы ўақыяны Шымбай адамлары өз ғалмағаллары ҳәм тәшўишлери менен болып, умыта баслады. Әлбетте Бәниўди әкеси Юсуп пенен кәйўаны ҳаял, сиңлиси менен иниси бул өмирде умыта алар ма? Олар алыслардан келген ҳәр бир кәрўаннан, ҳәр бир жолаўшыдан хабар күтер, жақсы хабардан үмитлер үзилген, мейли жаман хабар болса да, жараларға мәлҳам басылса, сызлағаны тоқтайтуғыны киби, белгисизлик, намәлимликке шек қояр еди-аў деген үмитте көзлери жолға тигилер еди. Кәрўан менен атланған «жансыз»лар дерек таппай қайтты.

Жоғалғаннан үмитин үзбеген бир адам бар еди, ол да болса шәҳәрге жақын жердеги көл бойына тигилген отаўда жасайтуғын ертели-кеш жолға қарап, бир күни болмаса бир күни баласының отаў ергенегинен кирип келетуғынына исенимин бир заматқа да жоғалтпаған, шашларына ертерек ақ аралай баслаған ҳаял — Қайырдың анасы еди. Сол ушын да ол өзи Бектемир менен бирге жасайтуғын отаў менен қатар тигилген, еринен мийрас болып қалған, соңынан Қайыр жасаған отаўды «мыс қайнаған ыссылар менен қар-жамғырларда күйреп қалмасын, бәрибир ҳәзир ҳеш ким жасамайды-ғой, Қайыр келген соң қайтып тигермиз», деп ҳәзирги күйеўи Бектемирдиң үгитлегенине қарамастан, отаўды жығып, жыйнап қойыўға келисим бермеди, ишинен: «үйи жығылса перзентиме де бир нәрсе болып жүрер, үйи жығылмасын, билемен, ол Бәниўди табаман, деп соның жолында жүрипти, мәгар таўып та алар, ыссы менен қар, жамғырларда күйресе күйресин, бирақ жығылмасын, жалғызыма тилеклес болып турсын», деп ырым етти. Әҳ, ана жүреги, мәгар ол перзентиниң тири екенлигин, өзи сүйген, жаў қолында бенде болып кеткен қызы жолында дәрбедәр болып жүрген перзентиниң тири екенин жүрек-баўыры менен сезди ме екен?

Жас өспиримликтен өтип, мурты тап берип, толысып, бойына күш жыйналып, ержеткен Ережепке уқсап Шымбай шәҳәри де кем-кемнен толыса берди. Қала әтирапында отырықшы аўыллар пайда болды. Олар ҳәўлилер салмас, ал пәскелтек-пәскелтек етип атпа ылайдан тикленген өжирелерде жасады, бул өжирелер кең ҳәм қолайлы болмағаны менен ҳәрқалай ыссы менен суўықтан, қар менен жамғырлардан қорғанып, бас саўғалаўға әбден болатуғын, қалың дийўаллар жазда ыссыны, қыста суўықты өткермейтуғын еди.

Ережеп өзи менен тетелес өскен, өзине бәркулла ғамхор болып жүретуғын Қайырдың жоғалғанына өзгелерден бетер қыйналды. Ҳәтте шәҳәрдеги бир-еки жорасын ертип, излеп кетиўге де мейили бар еди, қартайып баратырған бий әкесиниң «бармайсаң», деген сөзинен соң райын жыға алмады.

Жаслық, албыртлық пенен ўақыт ҳәмме жараларды, тән жараларын да, жүрек жараларын да емлеўши екенине адамлардың көзи жеткен. Ережеп те: Қайырды умытты, десек қәте болар, бирақ бирте-бирте оның көкирегиндеги қайғы менен ғамды келешекке болған умтылыўлар кеўил түпкириниң бир мүйешине таман ысырып барар, оның орнын дослар менен бирге өткизген шадлы демлер қуўанышы, бәлки муҳаббат, ышқы, жигитликтиң ынтығыўлары ийелемекте еди.

Ережепти оқыў көп қызықтырмады. Рысназар бийдиң баласы— жас молла Турымнан, соң оның устазы болған Пана ахуннан сабақ алды, хат танып, оқып-жазғандай дәрежеге келди, қыйыншылық пенен «Ҳаптяк»ти де адақлады. Бирақ оннан ары өте алмады, қыялын атлар, сондай-ақ өз теңлеслери ортасындағы оданбасылық бәнт еткен, оның үстине еле киширек пайытынан-ақ лақап болып бойына жабысқан «тентек» аты өзине де унайтуғындай, өжетлиги менен ҳәр сапар өзгелердиң дыққатын қарататуғын еди.

«Тентек» сөзи қарақалпақларда көбирек балалар менен өспиримлерге қарата еркелеткенсымақ болып айтылады, мысалы: бизиң тентегимиз, бизиң үйдеги тентеги, — деп баласы жөнинде әкеси айтады, ямаса, «тентегинди тый» деп өзгелерге балаларының ерси қылығы ескертиледи.

Қулласы, еле тал таяқты ат қылып минип жүргенде жеңгелери атын айтыўға ийменип «тентек бала» деп айтқанынан ба, ямаса расында да нәресте пайытында билип-билмей, еркелик етип, ақыры ол Қулшы бийдиң перзентке зар болып жүргенде туўылған туңғышы еди, сол ушын ол ерке болмай ким ерке болсын, биреўдиң бир гүзе қатығын яки айранын төкти ме, ол жағы анық емес, әйтеўир бойына жабысқан тентек аты өспирим пайытындағы өрескил қылықлары менен ушласып кетти.

Бир тойда атлылар тәреп-тәреп болып ылақ ойынға түсти. Қытай жигитлери бир тәреп болса, қыпшақлар бир тәреп болды. Өспирим Ережеп те олардың қатарында еди, Бектемирдиң темир көк атының нәсилинен аты ылақшыл ҳәм қарыўлы, қолы тийген адам ылақты жаздырмаса тақымына көкпар басылған адамды ат-паты менен бирге сүйреп кеткендей жағдайы бар. Атына исеними мол Ережеп қытай жигитине жетип, ылақты алып қашты, ылақтан айрылған жигит арланды ма, аты да қарыўы менен қайымшылығы жағынан ҳеш кимдикинен қалыспас екен, Ережептиң изине түсти. Көкпар оң

тақымға басылып, таралғыдан өткерилген, оны ҳеш кимниң тартып ала алмаслығына исенген жигит қыйқыўды салып, қызыл-жасыл кийинип, ылақ тамашалаўға келген қызлар минген арбаға таслаўға қайымлап киятыр еди, изиндеги атлы тақымға көкпар басылған оң тәрептен емес, ал сол таманнан қапталласты да Ережептиң атының саўрысынан асырылып, узын қоллары менен көкпарға жармасты. Жармасып та қоймады, бар күши менен силкип тартып еди, Ережеп аты менен бирге теңселип кетти. Тәртипте көкпар тартысыў ылақ турған үзеңги тәрептен басланыўы керек еди. Жигит оған қарап отырмады, көкпарды тарамыс пәнжелери менен беккем услап, силкип тартпаға қарады, ҳәр тартқанда қанша патлы болса да көк ат жаниўар теңселип кетер, нәбада қапталға қарай омақазан атып жығылыўы турған гәп еди, ал көкпарды биреў Ережептиң қыялында да жоқ. Сонда өспирим өзинен әдеўир жасы үлкен жигиттиң ғәрремлигине ғәрремлик пенен жуўап бериўге мәжбүр болды, бузаўтил қамшының тобылғы сабы менен қарсыласының көкпарға асылған қолына бар күши менен урды, бирақ кәр етпеди, болмаған соң өзиниң оң тәрепинде қапталласып шаўып киятырған қарсыласының мойнына қамшысы менен тартып-тартып жиберди, қам териден өрилген бузаўтил қамшы өз исин иследи, жадағай шапанының жаўырны өрим-өрим болып, мойнынан қан сорғалаған қытай руўының жигити илажсыз қолларын жаздырды.

Ережепти марапатлап, шуўласып атырған арбадағы қызлардың үстине көкпарды ылақтырған Ережеп, аттың басын қапталға бурып атырғанда изинен:

— Ҳә әкеңниң тентеги, сени ме? — деп сөгинген ызалы даўысты еситип, аттың басын иркиўге асықпады, себеби көкпар тартыста қаны қызған, өз ойынша шаппаттай баладан жәбир көрген жигиттиң де қолында өзиникиндей бузаўтил қамшы барын ҳәм ол да силтениўи итимал екенлигин өспирим Ережеп жақсы билер еди.

Қамшы жеген жигиттиң сөзин ҳәмме еситти. Дөгерегине бир неше руўласлары топланды. Қыпшақ жигитлери де өз аўылласын, руўласын, Қулшы бийдиң баласын қорғаўға таяр, жәнжел шығыўға сәл қалған еди. Рысназар бийдиң даўысы ҳәммени иркти.

— Қәне, тарқасыңлар, — деп қышқырды ол. «Бүйири тартпағанның бүйири ширисин», деген менен кимниң биринши болып көкпар тәртибин бузғанын көрип турыппан, оң үзеңгидеги көкпарға сол тәрепте турып қол созған қытай руўының жигити, әне сазасын алды. Айтыңлар қәне, көкпар тартаман деп топлымға кирип, қамшы жемей шыққанларың бар ма араңызда?

Топланып турған еки тәрептен де сес шықпады.

— Үндемейсиз, үндей алмайсыз, Ақыры, ол жерден қамшы тиймей шығыў қыйынлығын өзим де жақсы билемен. Сол ушын кисиге өкпелемен. — Ҳәй қызлар, — деди бий соңынан арбалар турған тәрепке қарап. Жигитке салымын берип, көкпарды узатыңлар.

Қызлар сыңғырласып күлип, көкпарды тасласа да, саўын пул бериўге асықпады, жигитти жақынырақтан көргиси келди ме, я таяр түйиншиги жоқ па еди, ол жағы намәлим. Жигит қызлардың жеңгесинен саўын пул алыў тәмеси менен ҳәм қызларға жақынырақтан көз таслаў мақсетинде арбадан алысламай, атын гездирер еди.

— Ҳәй қыпшақтың тентек жигити, мә, ал орамалыңды, тартынба, қызлардың қайсысын қәлейсең айт қәне? — деди қызлардың бир дилўар жеңгеси. Бийдиң баласына түсиўди қәлемейтуғыны болса, өзим келистиремен.

Ережеп тартыншақ емес, өзи де қызларды жақыннан көриўге қумар еди, атын айдап арбаға жақын келди, қыз жеңгеси узатқан орамалға қол созды, еки көзи нәзерлери өзине тигилген қызларда болды.

Басына қырмызы айдынлы жамылған, өңир ҳәйкелине тағылған гүмис қоңыраўлары сыңғырлаған бийдай реңли, қыр мурынлы қыздың үрккен кийиктиң көзлериндей сәл ғана қыйық көзлерине көзи түскенде жигиттиң жүреги силкинип кеткен яңлы болды.

— Жеңге, сизди излесем қайдан табаман? — деди орамалды қойнына салып атырып Ержеп, еки көзин сәл ғана қыйық көзлерден айыра алмас еди.

— Бизди таппақ қыйын болып па, жигит. Алды бурын қызлардың қайсысы унағанын айт!

— Оны қулағыңа ғана айтаман, жеңге!

— Мына аппақ бийкешим емес пе? — деп қыз жеңгеси жанында турған қызды түртип. Қыз болса нәзерин дәрҳал төменге алды.

— Айттымғой, қулағыңа ғана сыбырлайман, деп. Аўылың қайсы тамандa?

— Ларды ығына жағаласаң бизиң аўылға барасаң. Қытайдың шериўшиси.

— Болады жеңге, әлбетте таўып бараман. Жигит атын тепсинип, көкпар тартысып атырғанлар таманға бурылды. Изине қайрылып қарап еди, жүрегин силкиндирген нәзерлер менен тағы дусласты.

«Тентек» лақабын бурынлары қыпшақ аўылы ғана билетуғын болса, көкпар ўақыясынан кейин бул әтираптағылардың көбиси билетуғын болды. Үлкен-киши мерекелерде «бийдиң тентек баласы» десе, көкпар ойынларда «тентек шабандоз» деп оннан ылақ алыўға биразлар жүрексинбейтуғын болды.

Көп өтпей жүрегине от салған көзлер ийеси менен де танысты. Сол тамандағы жораларының үйинде қонып-түсленип жүрип, пинҳамы ушырасты. Өзине берк қыз екен, қашан үйленбегенше поса да бермеди, белинен де услатпады.

Келеси гүзде сол қызға үйленип тынды.

Оннан соңғы жылы нөкер алмаққа ханнан жасаўыл келди. Қыпшақ жигитлери әмир хызметинде нөкер болып көзлери үйренген, нөкерликтен қашпады. Ережептиң нөкерлигине еки адам қарсы еди. Биринshиси келиншеги болса, екинshиси тилеп алған туңғыш улын қәўип-қәтерге толы нөкерлик жолына қыймайтуғын өз әкеси, Қулшы бий еди.

— Бий ата, руқсат тилеп келдим, — деди атасының алдында дизерлеп отырған Ережеп.

Бий әдеўирге шекем тис жарып ҳеш нәрсе айтпады. Жигит орнынан қозғалмады.

— Мениң разы емеслигимди көрип отырсаң. Сол пикириңнен изге қайтыўыңды қәлер едим, деди әке.

— Мени иркпең бий ата. Сизлерге алла яр болғай. Нөкер болмаған қайдан жүзбасы болсын? Жүзбасы болмағанның мыңбасы болғанын көрдиңиз бе? «Әжели жетпей бендеси өлмейди», деген өзиңиз емес пе?

Бийдиң басы төмен ийилди. «Сөзге шорқақлаў, даўды күш пенен шешиўге умтылатуғын «тентек»тиң гәпи ме, мынаў? Не қылмақ керек? Көз алдымда жүрсин, деп руқсат бермесе не болады? Шаўып баратырған аттың жылаўынан услап, иркkендей болмай ма?».

Бий бир шешимге келди. «Пайманасы толған бендени әжел оғы жети қат қорған артына жасырынса да таўып алады. Алланың өзи аман ийнинде асырасын».

— Мақул болыпты, Бабаларыңның руўхы қоллағай сени, Қызыр ата оқ қағарың болып жүргей, әўмийин!

Солай етип қурал-жарақ асынған Ережеп жигитлер менен Хийўаға атланып кетти. Оған балалықтан жанында болып, бирге өскен жасы үлкен досты Қайыр жетиспес еди. Оның тири екенлигине исенетуғынлардың бири Қайырдың анасы Сәрбийке болса, екинshиси Ережептен басқа ким болар еди, деп ойлайсыз?

## 9

Бекбаў қарақшыдан айрылған Қайыр бәрқулла қыялын урлап туратуғын кәрўан жолына түсти. Тонап алған мүлклерди сатып алатуғын ноғайдан Жайық дәрьясының өринде отырықшы қарақалпақлар, қалмақлар, қазақлар, оннан да арыда башқуртлар менен

татарлар жасайтуғынын еситкен, қалмақтан өзгесиниң тилин түсинсе болады, сол ушын олардың арасынан урлап кетилген Бәниўдиң дәрегин сорастырыўды үзил-кесил шешип алған, енди ол сол мақсетин иске асырыў ушын атланған еди.

Сорастыра-сорастыра ноғай менен қарақалпақ аўылларынан сүйиклиси жөнинде жөнли хабар еситпеди. «Урлап кетилген сүйиклим» деген сөз тилинен шықпас, ал «жоғалған қарындасым, кәрўанға ерип кеткен болса керек», деп қыздың атын да атамас еди.

Бир-еки айда Жайық бойындағы өз тилин билетуғын қәўимлерди адақлады. Қыс та жақынлап қалды. Сүйиклисин табыўдан үмит үзиле баслаған еди, күтилмегенде әлле бир саўдагер ноғайдан Жайық бойындағы кең далаларда мал бағып көшип-қонып жүретуғын шарўа қалмақлар ишинде бир қарақалпақ қызын көргенин, ол бир байдың шорысы екенлигин, ҳәтте оның менен тиллескенлигин, бирақ атын сорамағанлығын еситип, сөне баслаған үмит оты қоламтада қалғып отырған соңғы шоққа тамызық басланған киби «лап» ете қалды. Аттың басын изге бурмай, алға умтылды.

Көп өтпей қалмақ шарўалардың түбекке қонған қыслаўына дус келди. Қойларды жыллы қораға қамап атырған ғарры қалмаққа хабарласты. Жүни қырқылған қой териден тигилген, желкеси менен қулақ шекесин жаўып турған тумағын ысырып қойып, қыйық көзлери менен жигитти бир барлап шыққан ғарры ноғайша менен қалмақшаны қосып сөйледи.

— Хайдан келеди?

— Алыстан, алыстан, қонақ, қонақ, — деди жигит қолын из бетке силтеп, өзиниң алыстан киятырғанын көрсетпекши болып.

— Хонах анда, атты байла, — деди ғарры шетиректеги отаўды көрсетип. Айтарын айтса да жигиттиң атына, қурал-жарағына гүманлы нәзер менен тигиле берер еди.

Жигит көп қазықлардың бирине атын байлап атырып, дөгеректи пинҳамы көзден кеширди. Гүдик туўдырғандай ҳеш нәрсе көзге тасланбады. Бир-бирине тығыз тигилген, қарақалпақлардыкине қарағанда шаңарағы пәсирек, ал көлеми кеңирек отаўлар, қазықларға байланған пәскелтек атлар қандай қәўиптен дерек берсин, Екиншиден, жигит бул қәтерли сапарға басын өлимге тигип шыққан жоқ па?

Қайыр көп еглене бермей, босағадан атлап ишке кирди. Төбеси пәскелтек отаўдың шаңарағына тийиўге сәл қалды.

Жапсарына кийиз тутылған отаўдың бир мушында жүн түтип отырған шүйкедей қара кемпир қонақтың шақырылмай келгенине ҳайран болды ма, я кирип келген адамның бой-сыны, бәлентлиги таңландырды ма, қулласы қоллары жүн түтиўден тоқтап, нурсыз

көзлери жыпылықлап, тислери кетик аўзы жабылмай, бақырайып, әлленемирге шекем тилине сөз келмей отыра берди.

— Сәлем бердик, шеше, — деди Қайыр салқында ат үстинде жүре бергенликтен тамағы шамаллаған ба, қырылдаған даўысы менен.

Өзине келген кемпир жигиттиң тилине түсинбеген болса керек, мойнын бурып, шамасы ғаррысының атын айтып, тысқарыға даўыслады.

Ғарры тысқарыда, кемпир ишкериде турып бир-еки аўыз сөйлести, жигит «жожы» деген сөзге ғана түсингендей болды, басқалары түсиниксиз еди.

Соң кемпир орнынан түргелип, жигитке үйдиң сол жапсарына төсеўли турған кийизге отырыўға ишара етти. Өзи тескери бурылып жумысын даўамлаўға киристи.

Көп өтпей үйге ғаррының өзи де кирди. Кемпир орнынан түргелип дастурхан жайды, қайдандур айран әкелип, ағаш зеренлерге толтырды. Жигитти дастурханға мирәт етти. Писирилген суўық гөш самар табақ пенен ортаға қойылды. Ишилип, желинип, дастурхан жыйналғанда отаўға нық денели, орта бойлы, белинде қылыш, қосбаўында қалмақы пышағы бар, жүзиндеги тыртығы әжептәўир, қыйық көзлери бир жерде иркилмей жыпылықлап турған жигит жедел кирип келди. Ғарры оған орын көрсетти. Қайыр кемпир менен ғарры ҳәм жигиттиң жүзинен бе, көзинен бе, я даўысынан ба, анық аңғара алмаса да олар арасында қандай да бир уқсаслық көрди ҳәм бул жигит мына кемпир менен ғаррының баласы шығар», деп шамалады. Ортадағы гүррińге қулақ түрди, бирақ хеш нәрсе уға алмады.

— Хайдан келеди, — деди ақырында ғарры. Ким? Нохай, хазах, башхирд?

— Қарақалпақ, — деди жигит.

— Харахалпах?!

Ғаррының баласы ойнап турған көзлери астынан жигитке бир замат гүманлы бақты. Соң ғаррыға бир нәрселерди айтты. Сөзлери суўық еди.

Дорджи ғарры да, аты солай екенин Қайыр кемпирдиң аўзынан еситкен еди, қаттырақ сөйледи. Гәптиң рәмиўзинен әке менен улдың ортасында тартыс баратырғанын аңғарса болар еди. Жигит өзи жөнинде түсиникке анықлық киргизбекши болды. Дорджийдиң улы иркилгенде сөз баслады.

— Мен харахалпах, мен жошы, «жошы» дегени «жолшы, қонақ» дегени шығар деп шамалаған жигит соны сөзине қосты, алыстан келемен, сиңлим, сиңлимди излеймен, Түсиндиңиз бе? Мен жошы, маған көмек бериңлер.

Ғарры Қайырдың сөзине түсингендей болды, басын төмен салып ойланып қалды. Баласы бүйиринен түртип, ғаррыға: «бул не деп атыр?», деген яңлы сораўлы нәзер менен бақты. Ғарры хошламаған түр менен бир нәрселер деди. Екеўи гезекпе-гезек, даўысларын көтерип қатты-қатты сөйлесе баслады, Ақырында Дорджи кескин даўыс пенен баласын иркти. Оң қолын қылыш яңлы тутып, ҳаўаны кести, яғный төмен силтеди. Бул жақсылыққа ма, жаманлыққа ма, Қайыр ол жағын айыра алмады. Соң жигит, ғаррының улы-аў деп шамалаған жигит үйден шықты. Ғарры «жатыў керек, уйқылаў керек», дегендей ишара қылды, Қайыр өзи отырған кийиз үстине аяғын созып, тонын жамылды. Әтирапы кийиз бенен оралған үй иши оншелли салқын емес еди, ат үстинде жүрип шаршаған жигит қылышының сабын оң қолы менен услап, уйқыға кетти. Оннан алдын атына жем бериўди умытпады.

Таңда ерте турып ғарры менен хошласты. Атына минип атырып көзлери менен ақшам көрген жигити «қайсы үйде екен», деген ой қыслаўда қатара тигилген үйлерди барлап шықты. Қәўетерли ҳеш нәрсе көзге шалынбады.

Аўылдың шетинде қудық көринди. Жигит қудыққа қайрылып, ағаш шелек пенен суў тартып, атын суўғарды.

Тап усы пайытта аўылдың шетиндеги бир үйден еркекше кийинген, жүриси ҳаял адамның жүрисине мегзеген сүлдер ийнине қабағын салып, қудық таман келе берди.

Жигиттиң сыншыл нәзери сүлдердиң ҳаял екенин аңғарды. Қыялында қабақ көтерип Кегейлиден суў алыўға киятырған қызлардың елеси жанланды. Негедур еркекше кийинген сүлдердиң ҳәрекети: қабақ арқалаўы ма, қәдем таслаўы ма, оны Қайыр билмейди, неси менендур Бәниўге уқсап кеткендей болды ҳәм ерксиз «Бәниў» деп жиберди, оны қудық таман қабақ арқалап киятырған сүлдер анық еситсе керек, албырағанынан ба, әлле қорыққанынан ба, қаққан қазықтай бир орында иркилип қалды ҳәм «ағажан» деп бақырып жиберди. Көз ашып-жумғанша жақын жердеги отаўдың ергенеги ашылып, оннан бир еркек атылып шықты ҳәм ийниндеги қабағы түсип кеткен сүлдердиң жанына жетип келди де, оны бүркиттей бүрип алып, отаўға сүйреп киргизди. Жандалбасада жулқынған сүлдердиң еркекке күши жетер ме еди, «ағажан» деген сөзди тағы еситемен бе, деп қулақ түрген Қайыр ҳеш нәрсе еситe алмады.

Ўақыя сондай тез болып өткенликтен жигит бир шешимге келип, сүлдерди қутқарыў ушын бир адым атып та үлгермеди. Оның үстине сүлдердиң ҳәм оны мисли шайқустай илип кеткенниң ким екенлиги Қайырға емес, тек аллаға ғана аян еди, ким биледи, бири ҳаялы,

бири ери шығар, яки шорысыдур, ҳәрқалай «ер менен қатын ортасына еси кеткен түседи», деген емес пе? Бирақ көкирегине бир татлы гүман жасырынып кирип алған еди. «Ағажан» деген сөзди анық еситти, буның «Бәниў» деген сөзин де таңғы сүлдер еситкен болса керек. Қалай дегенде де бул ўақыяда жасырынған бирер сырдың бар екенлиги анық еди. Оны бирден билмекликтиң де ҳеш бир илажы жоқ, Қайыр жат жерлерде жүргенлигин, ҳәр адым сайын қәўип-қәтерге дус келмеклиги итимал екенин умытпады, көкирекке уялаған татлы гүманның шынлыққа айланыўын көрмек ушын Қайыр еркин ҳәм саў-саламат болмағы дәркар.

Қалмақ қыслаўынан алыслап баратырған Қайырдың ойынан қудық жанындағы ўақыя кетпес еди. «Ағажан» деген сүлдер Бәниўдиң өзи болса ше? Не ушын қутқармадым оны? Ҳәзир ҳалы не кешип атыр екен? Қаҳәрли еркек оны өлимши етип, таяққа жықпады ма екен? Қандай гүнасы ушын? Ким еди ол? Саўалларға исенимли жуўаплар жоқ еди.

Бир ойдың басына жип тағып, бир шешимге келе алмаған жигит алға илгерилей берди. Мәгар, алдынан қарақалпақ, ямаса ноғай аўыллары гезлесер, мәгар, биреўлерден дәрек сорар?...

Бул пайытларда оның изинде бир топар атлы аңлып келер, қараңғы түсиўин күтер, бир ҳәмле менен қолға түсириў ушын пайыт пайлар еди. Атлылардың алдында жүзин орамал менен таңған, тумағын көзине түсирип кийген, бизге ақшамғы қонақ жайда таныс болған қалмақ жигит, мәгар Дорджи ғаррының баласы, десек таңланбассыз.

Жол тосып, қарақшылық ететуғын, қураллы қорғаўшылары болмаған кәрўанларды талаўды кәсип еткен Дорджидиң улы ақшам өз әкеси менен қонақтың үстинде тартысқан, әкеси «жошыны» баласының тонаўына үзил-кесил қарсы болып, «усыннан мына жигитти тонар болсаң мениң сендей улым жоқ», деп гәпти кесип айтып, қолын силтеген еди, бирақ «үйренген әдет қалама, көтере бер мушыңды» деген яңлы қарақшы ғарры уя Дорджидиң гәпин тыңламады, үйден шыға сала қыслаўдағы өзи усаған төрт-бес шеригине барып, жаманлық ушын дүзилген режесин олар менен бөлисиўге асықты. Олардың бири отаўының саңлағынан сығалап таңды атырды, Дорджи ғаррының қонағының атланғанын, атын суўғарыў ушын қудыққа барғанын, соның арасында өз хожайынының шорысы суў алмаға қабақ арқалап шыққанын көрип отыр еди. Шорыдан көз жазбаў аңлыўшы кисиге тапсырылған, бийтаныс атлыны көрген шорының бир нәрсе деп бақырғанынан ҳаўлығып кеткен жансыз шорының аўзын басып, отаўға киргизди, соң көп өтпей Дорджидиң қонағы атланғанын шериклерине хабарлады...

Енди басқыншылар топары жигиттиң изинде қара көрим жерде, урланып киятыр. Тиккелей шабыўыл жасаўға бул қылмысын басқалардың көрип қойыўынан ҳәм Дорджи ғаррыға хабар жетип барыўынан тартынады, оның үстине қарыў-жарақ асынған, ири денели Қайыр менен жүзбе-жүз келип, алысыўға жүреклери даўамай киятыр.

«Шөмиш кеппес» деп аталатуғын гүз айының қуяшы уясына батты. Дөгеректи әсте-әсте қараңғылық қаплай берди. «Алдымнан ел шықса, қудайы қонақ боларман», деген ой Қайырды алға жетелер еди. Түн жарпы шамаласқанда «алдымнан қыслаў гезлесер» деген ойдың пушқа шыққанына көзи жеткен Қайыр жымыңласқан жулдызлардың сәўлесинде, отқа жаққандай путалар қарайып көринип турған бир ылдыйда атының басын тартты. Узын шылбырды қолынан шығармай, путалардың ушын сындырып, бир жерге жәмледи, кисесинен шақпақ тас алып, отты тутандырды. От пысқып түтеди, қурғақ тамызық жас путаларды кептирди, ақырында жалын лаўлап жана баслады. Ашыққан ат әлле қашан путалардың басын шалып отлаўға қараған еди, отты сөндирмеў ушын отын ғамластыра баслады, таң атқанша ўақыт көп...

Тосыннан ат оқыранды, жақынлап келген атлыларды сезген екен. Көп өтпей басықыншылардың өзлери де көринди. Қайыр қылышты қыннан суўырып қорғаныўға таярланды. Дастығын алып кетпекши еди. Топылып келген атлылардан үркken ат шылбырды тартып жибергенде бундай ҳәрекетти күтпеген жигит дизерлеп жығылды. Өзин тиклеймен, дегенше желкесине келип тийген аўыр соққы зарпынан ет бетлеп қулады. Оннан соңғы үсти-үстине жаўдырылған соққыларды Қайыр сезбеди, биринши мәртебе берилген соққыдан есин жоғалтқан еди.

....Арадан қанша ўақыт өткени намәлим, Қайыр оңында ма я түсинде ме, анасын көргендей болды. Аўзына суў тамызып атырған қусайды, қақырап кеўип қалған тамағынан суў өтпейди, тамсанады, бирақ суў тамызыўын тоқтатпайды. «Оҳ, улым, шөллепсең, ишсең-о, меннен басқа ким аўзыңа суў тамызар еди, қулыным», деп анасы аҳ урады, тамағынан болса бир тамшы да өтпейди, жез қумған қуяш киби жалтырап көзлерин қамастырады, жүзин жылытады. Ақырында зилдей аўыр қабақлары ашылып кетти, аспанда алағат бултлар жүзип жүрипти, еркин ушқан қуслар көринеди, гүздиң жағымлы қуяшлы жүзин қыздырмақта, қулаққа урған танадай, әтирап дым-жырт. Таңлай қурғап, тили аўзына сыймайды. «Қай жердемен, не қылып атырман» деген саўаллар ойына келди, орнынан турмақшы болып умтылып еди, түргеле алмады, желкеси «шым» етип есин жойытты, өзине келгенде қуяштың нурлары жүзине түспеди, гүздиң қысқа күни ақырына жетпекте еди. Бирақ қулағына бир жағымлы ҳаўаз

шалынғандай болды. Кәрўан қоңыраўына мегзес сес еди, әдетте ҳеш нәрседен қорқпай, қарақшылардан тартынбай, оларға өзлериниң қорғаўлы екенин билдирип келетуғын мәрдана кәрўан киятырған ба екен? «Мүмкин қыялым шығар» деп ойлаған жигит көзлерин жумды, бирақ еситилген сес пәсеймеди, керисинше кем-кемнен жақынырақтан еситилгендей болды.

Кәрўан киятыр, кәрўан. Соң өзине не болғанын еслей баслады. Ҳеш нәрсени ядына түсире алмады. «Жыңғыр, жыңғыр, жыңғыр» етип тоқтамастан даўамданып киятырған сес кем-кемнен жақынлар еди. Кәрўан киятыр, олар мени көрмей қалыўы мүмин. Ақырғы күшти бойына жәмлеп басын көтерди, қолы менен желкесин услап көрди, басында тумағы жоқ екенлигин билди, мәгар басынан түсип қалғандур, әтирапын қармалап көрип еди, қолына илинбеди, алға жылжыў кереклигин пәмледи, жылжый баслады, соншелли ҳәлсиз еди, ҳәр умтылғанда мәгар бир қарыстан артық жылыслап, алға умтыла берди, илгерилей берди, таңлайы кеўди, желкесине, жүзлерине қан қатып қалған, қол-аяғы пүтин сыяқлы, себеби аўырмайды, және бир қарыс, және ярым қарысқа болса да тынбай алға умтылды. Ең соңғы күшин сарыплап умтылып еди, қоллары кәрўанлар жүре-жүре қазылып қалған ески гүзар жолдың ернегине тийди, көп өтпей жигит тағы ҳуўышынан кетти. Әдетте кәрўанның басындағы түйени жетелейтуғын жол баслаўшы ешек яки ғашыр минер еди. Мойнына жез қоңыраў байланған қоңыр атанның буйдасынан тартып киятырған жол баслаўшының ешеги еки қулағын тикирейтип, иркилди де қалды. Ешек үстиндеги адам қараңғылыққа көзлерин қанша қадаса да жолда жатырған ҳеш нәрсе көринбеди. Бирақ қаншелли қыстап, тебинип, ыйығына қына батырса да қырсық ешек орнынан қозғалайын демес, ескертиўсиз-нетиўсиз қырқ-елиў түйели кәрўанның алды иркилип, издегилер алдыңғыларға келип соқлығып, түйелер бозлап, түйекешлер «ҳайт-ҳайтлап» гүз түнин азан-қазан етти.

Көп өтпей кәрўанбасы жетип келди:

— Не болды? Кәрўан неге иркилди, — деди ол ҳәмир етиўши даўыс пенен.

— Жолда бир зат барға уқсайды. Ешекти қанша қыстасам да жүргиси келмей турыпты, тақсыр, — деди жолбаслаўшы.

— Не екен ол? Ҳәй, жүзбасы, көрши қәне, ешекти үркиткен не екен, өзи? Егер әлленеткен саяқ-сандырақ болса, сыбағасын берип қой.

Белиндеги қылышының жез қынабы жез үзеңгиге тийип, шақылдаған сес шығарып, жүзбасы атын тебинип алға өтти. Оның аты да әлленеден сетем алып, төрт аяқлап турып алды.

— Мадамин, — деп даўыслады жүзбасы, мә атты усла. Өзим көрейин түсип.

— Абайла, жолбарыс-полбарыс болып, «ҳәп» деп бойыңа асылып жүрмесин, тағы. Жүзбасының атын услаған нөкер ҳәзиллести.

— Қәне көрейик. Жолбарыс болғанда әлле қашан бул жерден жөнеген болар еди. Ҳаў, бул жерде адам жатыр-ғой. Шом әкелиңлер! Өлген бе? Жоқ, тири көринеди. Шом әкелип тутыңлар!

Кимдур жағылған шом әкелип тутты.

— Тири екен. Бирақ жарасы аўыр көринеди, шамасы бастан соққы алған.

— Ким екен ол, — деди ҳәр қандай қәўиптен қашығырақ болыўды ойлап алысырақта турған кәрўанбасы.

— Түр-түсине ҳәм ат-тоны жоқ екенлигине қарағанда тоналған мусылман болса керек. Бул жер орыс сорамындағы қалмақлардың жери. Жигиттиң бет-әлпети қалмаққа мегземейди.

Кәрўан бәрибир иркилген еди. Аз ғана ойласықтан кейин жарадар адамды алып кетиў шешилди.

— Кебежели түйени келтириң, — деди кәрўанбасы. Қандай-қандай жағдай болады, деген ой менен кәрўанбасы бир түйениң үстине кебеже орнатып қойған еди, түйени шөктирип жигитти соған жайғастырды, пәлекетли жер, деп ырым еткен кәрўан ўақыт түн жарпына шамаласқанына қарамастан жолды даўам еттирип, таң алдында ғана қоныўға иркилди.

— Ҳәй бирадар, тиримисең?— деген даўыстан Қайыр өзине келди. Кебежеге кәрўанбасы үңилип турар еди. Мәгар қарын аш болған шығар, жүрек жалғап аларсыз?

— Суў, — деген ҳәлсиз даўыс еситилди.

— Суў? Суў ишкиң келди ме? Ақшам кәрўан иркилип, соңынан таң атқанша жол басыўына себепши болған жигиттиң бети берман қарап, өзи қылған саўап истиң зая кетпегенине қуўанған кәрўанбасы хызметкерлерине даўыслап буйырды.

— Ҳәй жигитлер, жарадарға суў бериңлер, соңынан жүрек жалғатыңлар. Ҳәй, Әбдимумин, қаяқтасаң?

Кәрўандағылар «тәуип» деп шақыратуғын, ҳәр қалай жетик болмаса да тәуипшиликтен хабары бар, жасы қырқлардан асқан, сақаллы киси жуўап берди

— Ләббәй тақсыр. Биз бундамыз.

— Жигитти бир көрип қой. Жаралары аўыр емес пе екен. Тексерип анықла, зәрүр болса мәлҳам қой. Маған дәрек дәри-дәрмақтан биймәлел пайдалана бер. Мусылман бенде екен,

жолымыздың бийкәтер, пайдамыздың мол-молақай болыўына саўабынан шарапат дарыр, иншалла.

— Бас үстине тақсыр. Маған кимдур биреў жәрдем бериўин буйырсаңыз, алп жигит екен, шамам келмес.

— Шамаң келмей оның менен гүрес түспекшимисең, — деди шөктирилген түйе әтирапында гүйбеңлеп жүрген көсенамай қуўақы киси. Қорқпа, өзим қол-аяғын услап тураман.

— Әне, бийминнет жәрдемши табылды, — деди кәрўанбасы күлип. Сен көсе, саўап исти көбирек исле, нәбада жүзиңе түк шығып кетер, иншалла.

— Қудай қәлесе шығар, деген тәмем бар, — деди дәлкекке ҳәзил менен жуўап қайтарған көсе. Бирақ аллаға өкпем де жоқ емес. Болмаса мынаў Әбдимуминге қудай көлдиң қопасындай қылып бере салған. Сақалын ат тарақ пенен тарамаса анаў-мынаў тарақтың күши жетпей, тиси сынады, бизде я бет-аўызға болып, я басқа болып бир түк питпеген, тап Үстирттиң тақырындай тып-тыйпыл. Тәўиптиң түгиниң жартысын бергенде де жетип атыр-аў. Жабысқақтай жабысып алған «көсе» атынан қутылар едик.

— Ҳәй көсе, қудайға ҳәси болма, саўап исиңди қыла бер, берер иншалла — деди кәрўанбасы ҳәзил тереңлесе берсе бир шети өзине де тийип кетиўинен қәўипсинип.

Қайыр аз ғана өзине келгени менен жағдайы аўыр еди. Басы жарылған, желкеси зақымланған, жүзи адам танып болмастай, қарақшылар, атын, қарыў-жарағын, сыртқы тонына шекем шешип алған, өзин өлди, деп, болмаса жарақаттан өледи, деп таслап кеткен. Қайыр ат-тонына, ҳәттеки исфаҳаны қылышына да қыйналмады, тек әкесинен қалған, қартайып, өз әжелинен өлген Бөрибасар менен алысқан қасқырды шаншып өлтирген көк сүңгиден айрылып қалғанына өкинди. Жигит еле атта отыра алмас, кебежеде барып-келип теңселиўден басы айланар, өзин жаман сезинер еди, Әбдимумин тәўип зақым оншелли қәўипли емеслигин, бирақ кеминде қырқ күн бир орында қозғалмай жатыў дәркарлығын айтқан менен не пайда, Маматқул кәрўанбасы тартқан кәрўан Хорезмнен болып, елге асығар, дөгерек болса бийтаныс, жат журтларда бул ҳалатта қалыўдың илажы бар ма екен?

Таңды түнге уластырып жол басқан кәрўан Атыраўда қоныс басқан қазақтың адай урыўларының жерине кирди. Орыс пуқаралығына өткен менен өр минезли адайлар ҳеш кимге бас ийиўди қәлемей, бир шети Маңғыстаўға, тағы бир тәрепи Қоңыратқа шекемги кең далаларда көшип-қонып, шарўашылық етер еди. Кәрўанбасы өзиниң бурыннан

тамыр адамы, мың қойы менен жүзден аса түйеси, үйир-үйир жылқысы қырды жайлаған Жарқынбайдың жолға жақын қонған қыслаўына ат басын иркти. Мал-ҳалы мол шарўа кәрўанбасыны қушақ жайып қарсы алып, тай сойып күтти. Үш-төрт күн тыныққан кәрўан жолға шығар пайытта Қайырдың үстинде сөз болды.

— Усы туўманы бизде қалдырып кете бер, — деди Жарқынбай кәрўанбасыға. Үстирттиң суўығына шыдамай жазым болып жүрер. Ет жеп, ағарған ишип, өзине келсин, соң ерки өзинде, қайда бараман десе бара жатар, сениң де жигитке бираз еңбегиң сиңген екен, қарымын мен қайтарайын, ҳәзир бунының өзинде дым да жоқ, гези келсе «ер мойнында қыл арқан ширимес», есап айырыса жатар, қәлесең жүк артатуғын атан ал, қәлесең боталы түйе ал.

— Ўай-бой ҳештеңениң ҳәжети жоқ, бизики қудай ушын, жигит қаламан, десе қала берсин, қарымыңды қәйтемен, деп кәрўанбасы азар-безер болып еди, Жарқынбай ҳәзил-шыны аралас:

— Ой баўырым-ай, сен пайда ушын жүрген адамсаң-ғой, ел гезип, жол басып, мениң малымның бас санын бақташы билмесе, өзим де билмеймен, берген гезде алып қалсеш, оның менен Жарқынбайдың түйеси кемип қалмас, деген соң атан түйе алыўға разы болды.

Ертеңине қар жаўып шықты. Шетсиз-шексиз Үстирт далаларына кирип баратуғын жолға из салған кәрўан Хорезм ойпатына асығар, Қайырға бир неше күн бойы ҳәм жатақ, ҳәм үй хызметин атқарған атан үстиндеги кебеже бос келер, ал кәрўанға жүксиз бир түйе қосылған, ол ашық қол Жарқынбай берген қоңыр атан еди.

## 10

Қарақалпақлардан ханның нөкерлигине алынған еки жүз атлының жүзбасыларынан өзгелери, дерлик жигирма бес жастан өтпеген жаўжүрек жаслар, олардың басым көпшилиги қыпшақлар, қалғанлары қытай, қоңырат, кенегес, маңғыт руўларынан еди.

Нөкерлер Хийўаға жақын жердеги Қарнақ деген аўылдағы ханның мүлкине қоныс басқан, таярлық ушын атларға минип, саҳраға шығып кетеди.

Ата-бабасы жаўынгер қыпшақлардан болған, қол-аяғы мықлы, ат үстинде жерге аяғы тиреўли турғандай өзин еркин сезетуғын, алдында қандай қамал болса да жарып-бузып өтиўден тайынбайтуғын жигерли, сөзин шаймаламаўды билмейтуғын мәрт ҳәм өжет минезли Ережеп туўма әскер деп атаса болатуғын жигит еди. Қырағы нәзери, тез шешим қабыллаў, жағдайды дурыс баҳалай билиў уқыбы соңғылығында оған талай мәртебе жәрдем етти.

Жүзбасылар менен оннан үлкенирек әскербасылар аўылдағы өз хожалықларында, ал нөкерлер ылайық қурылған имаратларда, хожалықлы, бала-шағалылары аўылдан ижараға өжире алып жасайды.

Аўылға демалысқа келген Ережепти ата-анасы ашық жүз бенен күтип алса да, келиншеги негедур наразыдай көринди. Кеш болып, отаўына киргенде барып жигит қостары менен жалғыз қалып, тиллесиўге пурсат жетти.

— Бул не, Айқыз, маған өкпелидей көринесең? Қәне, жаныма отыр, — деп билегинен услады.

— Мен саған емес, ал мынаў отаўға ерге шыққан қусайман, — деди келиншек қамсығып, Көзлеринде жас тамшылары көринди.

— Ол не дегениң. Адам отаўға да ерге шыға ма екен?

— Ақшамлары шаңараққа қарап, жалғыз өзим жатаман. Сени сағынаман. Түнде оянып кетип, «жанымда жатырған шығар», деген қыялда қапталыма қол созсам, муздай төсек... Сениң жоқ екениңди, алыста жүргениңди ойлап, көңлим телезийди. Тағы шаңараққа тигилемен, қыялыма ҳәр нәрселер келеди.

— Ҳәр нәрсени ойлама. Мен нөкермен, ақыры. Айтқандай, саған саўға әкелдим.

Жигит қойнынан түйиншик шығарып, Айқызға узатты.

— Бул не?

— Ашып көр, қәне?

Түйиншикти ашқан келиншек таңланғанын ҳәм сүйсингенин жасыра алмады.

— Ўай-бу, бунын сулыўлығына қара! Жулдыздай жанады. Хан атлас... Шымбай шәҳәрде қайсыдур байдың қызының үстинде көргенмен. Буны қалай кийемен?

— Қәдимгидей, көйлек тигип...

— Туўры, — деди келиншек сыңқылдап күлип. Көйлек тигип, ҳайтта, тойларда бешпенттиң ишинен кийсе, көзге оншелли тасланбайды.

— Енди көңлиң жазылғандур?

— Ҳе, бәле... Мени көйлек пенен алдай алмайсаң.

— Онда муддаҳаң не, өзи?

— Кейин айтаман.

— Айта бер, ҳәзир.

— Мени өзиң менен бирге Хийўаға әкетесең.

— Ҳаў... Ережеп Айқыздан буны күтпеген еди. «Пухталығына қара», деп ойлап қойды ишинен. Ата-енең руқсат берер ме екен?

— Өзиң мақул, десең ата-енем қарсы болмайды.

— Оны қайдан биле қойдың?

— Бир өзим, сени сағынып, отаўда жылап отырсам, үлкен енем кирипти, мен абайламай қалған қусайман. Ийниме қолын қойып: «Неге жылап отырсаң, ким кеўлиңе тийди?», деп сорады. Мен үндемедим. Сорай берген соң ақырында: «Сағынып кеттим», дедим. Ертеңине үлкен отаўда атам менен сөйлесип атырғанын қулағым шалды. «Бүйтип бир өзи жылап-сықлап жүргенше бирге кеткени мақул ма еди, деймен», — деди атам.

— Бул ҳаққында атамның өзи гәп басламаса үндемеймен, — деди Ережеп.

Келиншек ишинен тынып, ойланып қалды. Бир-еки күннен соң отаўға кирген жигит ҳаялының өз кийимлерин түйистирип атырғанының үстинен шықты.

— Бул не? Қаяққа? Төркинлеп қайтажақсаң ба?

— Төркиним қол созым жерде. Руқсат қылсаң бир күнде бараман да келемен. Бул таярлығым басқа таярлық, — деди мыйығынан күлип.

Хийўаға атланар күни әкеси менен хошласпаққа үлкен отаўға кирип еди. Қулшы бий жөткиринип қойып, гәпти алыстан баслады.

— Билесең, басында нөкерликке кетиўиңе қайыл емес едим, бир гәпиңнен соң разылық бердим. Сонда тағы бир адамнан қайылшылық сорамаған екенбиз. Бул жерде жалғыз өзи зериккенинен не ислерин билмей қалды. Сол ушын келиншегиңди де өзиң менен бирге жөнетиўди ойласып, шешип отырмыз, оған қалай қарайсаң, балам?

«Ишинен тынған Айқыз әлле қашан бийди де көндирип қойыпты-ғой», деп ойлады ишинен. Бул ойын тысқа шығарып отырмады.

— Ойланып бир шешимге келейин. Ол жақта тайын үй жоқ. Үй таўып, соң әкетиўге биреўди жиберсем қалай болар екен?

— Яқ, әкетсең өзиң әкетесең, оның ийеси өзиң, әлле кимге исенип нашарды тапсырып болар ма еди?

Мәселе шешилген еди. Ережептиң екинши аты Хийўада қалған, бул таманға салт атлы болып шыққан. Өзгелерди әўере етип отырғысы келмеген Ережеп азық-түлигин қоржынға салып, ҳаялын артына мингестирип, жолға түсти.

Астындағы аты жорға-жүрмел, ҳөнерли емес, урыстың аты, сол ушын да бели мықлы ҳәм қайымшыл, бирақ жортақ. Қазықта тыныққан, суўлыққа таслап турыпты, дизгинди еркине жиберсе, алдын адым-адым жүрип, соңынан қорсылдап жорта баслайды. Жағдайсыз жүристен қолайсызланған келиншек рети келип турғой, деп әдейи қыла ма, ол жағы белгисиз, жигиттиң белинен беккем қушақлап алады. Суўлыққа таслап турған аттың жылаўын тартыўға асыққан Ережеп келиншегиниң белине жабысып баратырғанын нәбада биреў-сиреў көрип қоймады ма, деп әтирапқа урланып көз таслайды, соң: «Белимди қыса берме!», деп сыбырлайды. Келиншеги де пәс даўыс

пенен: «әдейи қылдым ба, өйтип өлип баратырғаным жоқ, асылмасам жығылып кетемен», деп сыңғырлап күлип қояды. Қулласы бир атқа ерли-зайып мингесип, Қыпшақ жағыстан өтип, Хийўаға жетип алды да, Қарнақтан бир өжире таўып орналасты.

Гүз күнлеринин биринде Қарнақта: «Хийўаға жаў келипти» деген қәўесет тарқалды.

— Хийўаның босағасында турыпты!

— Кимлер екен?

— Яўмытлар болса керек.

— Қанша екен?

— Қарамы жүдә көп,— дейди, keминде он мың атлы болса керек!

...Усындай гәплерди ҳүрейленген дийқанның да, өнерменттиң де, саўдагердиң де аўзынан еситиўге болатуғын еди.

Әскерге «атлан», деген буйрық берилди.

Қәўесетти аўылдың барлық ҳаяллары киби Ережептиң келиншеги де еситип үлгерген еди. Жигиттиң асығыс атланып атырғанын билип, зәңгисине асылды.

— Мени таслап кетпекшимисең? Жаў келсе не қыламан?

— Қорқпа, — деп тәселле берди жигит, ҳаялын аяўды яки оған ашыўланыўды да билмес еди, алланың басқа салғанын көрермиз. Аўыл қорғаўлы, сонда да өжирени илип, иште отыр.

Көп өтпей хан ләшкери топ-топ болып жыйналды. Тосыннан келген жаў шәҳәр әтирапындағы бирли-ярым аўылларды шаўып үлгерген, адамлар бәлент-бәлент дийўаллар менен қоршалған ҳәўлилерине кирип, дәрўазаларды беккем жаўып, қуралын қолына алып турар еди. Ханның дөгерегиндеги ләшкери өзи менен бирге шәҳәр қорғанына бекинген, енди Қарнақтан жәрдем келиўин күтип шыдамы таўсылмақта.

Қарнақтан мың атлы ләшкер қозғалды. Бир неше жүзлегени аўылды қорғаўға қалды. Мыңбасы яўмытлардың қанша атлы екенлигин еле билмес еди, сол ушын шапаўылда барлаўға жиберип, ҳәр қандай күтилмеген жағдайға таяр ҳалатта қырын жылжый берди. Көп өтпей шапаўылдан хабар келди. «Шәҳәр дәрўазасы алдындағы яўмытлар мың атлы, еки мың атлыдан көп емес», деген. Душпанға бир ат шаптырым аралық қалғанда қара булттай болып түнерип, жаўға айбат көрсетип иркилди. Қуяш нурларында мыңнан аслам дубылғалар менен аспанды тесип жибережақ сыяқлы шаншылған найзалар шәҳәрге умтылып турған душпанның кеўиллерине қорқыныш урығын септи. Көпти көрген мыңбасы қан төгиспениң алдын алмақшы болып, дәрҳал жаў менен сөйлесиўлер жүргизиў ушын елшилер таярлады. Найзаларының ушларына ақ жалаўлар қадаған бир неше атлы

ләшкерден бөлинип, яўмытлар таман жортып баратырғанда излеринен мыңлаған жуп көзлер ҳүрей ҳәм үмит пенен бағып қалды.

Қас қараймай атырып елшилер қайтты ҳәм өзлери менен мынандай хабар алып келди. Түркменлер сардары: Мухаммед Рахим хан түркменди көп шапты, бизиң пухара менен жаўласатуғын мүддәҳамыз жоқ, сол ушын ханыңыздың қол-аяғын байлап берсеңиз, биз кетемиз, депти. Бул орынланыўы мүмкин емес талап еди. Сол ушын елшилер әлемпанаҳ хан атынан бундай шешим қабыллай алмайтуғынын айтыпты. Сардар: «Онда урыссыз изге қайтпақ жоқ, саўаш жайын таңлаң», деген соң елшилер Қарнақ пенен шәҳәр ортасындағы ашық аланды саўаш майданы етип белгилеп, ертең сәске пайыт сол жерден табылғайлы, деп ўәдени бир жерге қойып қайтыпты.

Әскерлер бекинип алыў ушын алдын ала қолайлап қойған жерлерге шегинип, қоныўға таярлыққа кирисrequire. Ол заманның дәстүринде «жаў келеди-аў» деп гүман етилген таманға топырақтан бәлент қашы үйилип, исленген ўақытша бекинис — жиб деп аталар, бундай бекинис нәбада жеңилиске ушыраған тәреп шегинер болса паналаўға да қолай еди. Атларын байлап, ҳәлленген соң еки таман да жиб қазыўға киристи. Таң азанда қараған адам тақыр жерден өсип шыққан замаррықтай болып, бир ақшамда бир-бирине қарама-қарсы тикленген еки топырақ қорғанды көрген болар ма еди?

Сәске пайытта жиблерден атланып шыққан ләшкерлердиң қарыў-жарағы таңғы қуяшта жалтырап, белгиленген орында ҳәзир болды.

Саўаш басланбастан бурын ҳәр еки таманның батырлары күш сынасатуғын дәстүр бул әтирапта Мәңгиберди заманынан бар болып, Синд дәрьясы бойында жекпе-жек алысқан монгол батырларының ҳеш бири Мәңгибердиге дады мәмле айта алмай, жер тислегенине арланса да, жанындағылар өлип, жалғыз қалған мәрт шаҳзаданың Синд дәрьясына ат қойып, Шыңғысханның көз алдында қутылып кетиўи тарийхтан мәлим. Жаўызлықта өз улын да аяўды билмейтуғын Шыңғысханның жекке қалған Мәңгибердиге оқ аттырмай, қурық таслатпай, нәтийжеде оның қутылып кетиўи тарийхтың шешилмеген жумбағы болса әжеп емес. Шыңғыстың душпанға ийилмеген басы мәртлик алдында ерксиз ийилген шығар бәлки, ким билсин? Қулласы сол заманлардан қалған дәстүр бойынша ортаға жаршы шығып, қышқырды:

— Қан майданға талабан ким бар? Қан майданға талабан болса шықсын, ким бар?

Тап: «ортаға шығып гүресетуғын палўан бар ма?» дегенге уқсап кетер еди. Бирақ «палўан жығылса жер көтереди», қан майданда жығылса оны орнынан турғызғандай, әжелден арашалап қалғандай күш бар ма екен?

Ҳаўаз тағы жаңғырықлады.

— Тойханаға талабан ким бар?

— Әскерлер қозғалыс тапты. Жүйкелер тартылмақта, менмен деген жаўынгерлер нөкерлер арасатта еди. Не қылмақ керек? Мәртлик етип ортаға шыққанлар ушын еки жол бар— бири әжел, екиншиси жеңис. Жаралы болып аман қалыў саўға алыў менен барабар болса, не әжеп?

Жаў тәрептен «гуў» етип кимдидур алғыслаған даўыслар ҳаўаға көтерилди. Олар жекпе-жек бел байлаған өз батырын алғысламақта еди. Бир кесе суў ишим ўақыт өтпей, тәўекелшиниң өзи де көринди. Узын найзасын алға гезенген атлы саўаш майданына атылып шықты. Тағы да хошамет шаўқымлары саўаш майданын жаңғырықлатты.

— Яша, ала атлы палўан!

— Балли! Балли!

— Яғыйны ер тишлат!

— Яша, яша!

Жекпе-жек майданының ортасына келип, ала атының басын ирккен оны, еки тәреп те анық көрди.

Қуйрық-жалы қысқа, ала аяқлары узын ҳәм мықлы, буўдан ат пенен салыстырғанда оғада ири көринетуғын ахалтеке затлы арғымақтың үстинде узын саплы найзасын алға қарата гезенген, мисли дәстанлардағыдай алп денели адам отырар еди. Басында темир дулыға, ийнинде жеңи шығанағына жетер-жетпес көзгенек полат саўыт, белиндеги қылышы шамасы қулаштан кем емес узын, үзеңгине ширенип: — Ким бар? — деп гүркирегенде саўаш майданы ләрзеге келип, бир силкингендей болды. Оған яўмытлар қосылып қышқырғанда майдан үстинде ушып жүрген қуслар албырасып, бағдарларын өзгертти.

Хорезмлилердиң руўхы түсе баслағанын аңғарған мыңбасы алға умтылды. Әскердиң алдында турып, қарсыласларының даўыслары сөниўден, зәңгиге ширенип қышқырды.

— Қәне, ким бар талабан! Шықсын алдыға!

Мәрттиң мәртлигин сынайтуғын саат келген еди.

ҳеш кимнен жуўап болмады.

Қусбеги тағы қышқырды.

Қәне, Хорезм мәртлери! Ким бар жекпе-жек алысатуғын!

Матти палўан, Саттар түркмен, қайдасызлар, шықпайсыз ба ортаға, неге мойынды ишке тартасызлар!

Саттар менен Маттиден арсландай ақырған қәҳәрли даўыс, урысқа таярман, деген даўыс шықпады. Еки батырдың жанындағылар ғана олардың қандайдур бәҳана айтып гүңкилдегенлерин еситти, болғаны.

— Ким бар қарақалпақтан! Бар ма талабан!

— Мен бар! Ақырында мыңбасы өзи күткен даўысты еситип, қуўанып кетти!

— Қәне, мәрт жигит! Шық бери! Атың ким!

Астына қара буўдан ат минген, мурты енди тап берген жигит шығып келгенде мыңбасының өз әскерлеринен күткен үлкен үмити пушқа шыққандай туйылды. «Усы ма ала атлыға бас келетуғын батыр? Талай саўашларда қан төгип, өлимге көзи үйренген мәртлер душпанның сустынан дизелери қалтырап турғанда, еле саўаш көрмеген мына жигиттиң қолынан бир нәрсе келе қояр ма екен?» деген гүман жүрегин қанжардай тилип өткен мыңбасы өзгелерди рухландырыў ушын қаттырақ даўыслап сорады:

— Атың ким бала?

— Қулшы улы Ережеп!

— Бәрекелла!— деп марапатлады мыңбасы бурын Ережептиң атын еситпеген, өзин танымаған болса да ҳәм жигиттиң шығыўынан пайдаланып, сыналған жаўынгерлерине тағы шақырық таслады.

— Жигитшениң нәўбетин өзине алатуғын мәрт бар ма? Марҳамат!

Ҳеш кимнен «мен бар», деген сада шықпады.

Батырларды буннан артық жекпе-жекке шақыра бериў — олардың иззет-нәпсине тийиўи итимал еди.

— Ала атлы менен жекпе-жек қарақалпақ, Қулшы бий улы Ережеп шығады!— деп даўыслады мыңбасы. Айтарын айтса да ишинен «жас жигит, ҳеш нәрсе көрмеген, өлип кетсе обал», деп ойлар еди.

Пурсат тығыз, алп денели ала атлы майданды гезип, нөкерлериниң руўхын түсирмекте. Қанша сабырлы болса да соны ойлаған мыңбасы саўашқа асықпақта еди.

— Бери кел, Ережеп, қәне жекпе-жек алысыўдан алдын айтатуғын қандай тилегиң бар, айт. Биз еситейик, — деди мыңбасы даўысын пәсеңлетип. Бул өлимге баратырған адам менен ырзаласыўдай гәп еди. — Бул жигиттиң жақынларынан ким бар, жақынырақ келип, сөзин биз бенен бирге еситсин!

Торы ат минген жигит алға шықты.

— Атың ким?

— Жуманазар. Ережептиң аўылласы ҳәм руўласыман.

— Тыңла онда. Айт жигитше. Мыңбасы ишинен аяп турғанын жигитке билдирип қоймаў ушын көзлерге баға алмай қапталға қарады.

— Набада жазым болсам Қарнақта келиншегим қалды, екиқабат, ондай екенлигин Айқыз Ережепке күни кеше айтқан еди, соны елге аман қуўыстырыңлар, тағы бир тилегим, жазым болсам елге жеткенше оған айтпасаңыз, билдирмесеңиз. Басқа тилегим жоқ, деп аз ғана екиленип турды да қойнына қол суғып, сырты былғары менен қапланған кишкене китапша шығарды: мен...мен, мынаў китапты

Рысназар бий улы Турымға табыс етерсизлер, «Ҳәптүйек» еди, оқып жүр деп берген, аман қалсам оқырман әлбетте...

Ҳеш ким тис жарып ҳеш нәрсе айта алмады, тәселле де бере алмады.

— Мениң қанша ўақтым бар? Аттың ер-турманын бир көзден кеширсем..., — деди Ережеп араға шөккен үнсизликти бузып.

— Әбден болады, ала атлы ҳеш қайда қашпайды...

Ережеп аттан түсти, жона менен терликтен өзгесин жерге таслады, қайта ер басып, сийнементлеп, бел айылды тартып байлады. Аттың мойнына шаппатлап, «бос келме жаниўар, исенимим сенде», деп марапатлап қойды.

— Мен таярман!

— Алла мәдет бергей, әўмийин, деп мыңбасы шешек дағынан бужыр болған жүзин сыйпады. Бул сөзди мыңлаған ләшкер қайталап еди, майдан ләрзеге келди. Буннан хорезмлилердиң руўхы көтерилгени байқалды.

Ала атлыға уқсап, узын саплы найзасын алға гезенген Ережеп майданға кирип келди. Душпан күшине исенип бирден алға тасланбады. Атын изге қайырып, мықлы қара аты адым-адым жүрис пенен киятырған узын бойлы, денеси толыса қоймаған, қайың жигит пенен бетпе-бет келсе де, қәҳәрли көзлери менен сынай тигилиўден арыға өтпеди. Екинши мәртебе де солай болды. Майданның шетине ат жорттырып барып, изге айланған ала атлы мәртлик етип «сақлан» деген даўыс берип, ҳүжимге өтпекши екенлигин ескертти. Майданның екинши шетине жеткен Ережеп даўысты еситип, дәрҳал атын изге бурды.

Шамасы жүз-жүз елиў қәдем аралықтан я жеңис шарабын, я әжел шарабын симириўге бел байлаған еки атлы бир-бирине қарсы ат салды. Жылаўлары жаздырылған атлар пәт пенен желип киятырып, бир-бириниң тусынан өтип кетти. Екеўи де жарақ силтемеди. Еки тәреп те демлерин ишлеринен алып, қанлы ўақыяның басланыўын күтип, силтидей тынған еди.

Ўақыя бир заматта басланып, ақырына жетти.

Екинши мәртебе бир-бирине қарсы ат шапқанлар тек ҳүжимди ойлады. Беллердеги қылышлар қыннан сыўырылмады. Узын саплы найзаларды гезенип қарсы келди.

Еки ортада найза бойы аралық қалғанда Ережептиң астындағы қайымшыл ат табаннан изге қайтты, өзлигинен айланған жоқ, ийеси белги берген еди, ат жалына жатып алған жигит пәт пенен бир таманға аўған менен ат үстинде қалды ҳәм көз ашып жумғанша өзин бийлеп, қәддин тикледи. Бул пайытта үстинде еңгезердей яўмыт отырған алаяқ

ахалтеке  ат жаныўар пәт пенен қара атлының жанынан жулдыздай ағып өткен еди.

Үстиндеги ийесиниң ишарасы менен шыр айланған ат иркилмеди, қайта пәт алып алаяқ аттың изине түсти.

Не болғанын пәмлеп үлгере алмаған ала атлы жылаўды тартты. Ким биледи, мәгар әжели жеткендур, көз ашып жумғанша болып өткен ҳәдийсеге ақылы алысып үлгеремен дегенше еки ара қысқарып, найза бойына жетти. Сонда...

Сонда ала атлы батырдың сол тәрептеги бүйирине, қабырғаның астына  күшли қоллар тәрепинен силтенген найза қадалған еди. Қызып алған атлар тоқтамады. Ережеп найзаны тартып алыўға урынды, қан тутып қалса керек, найза алынбады, қоллары найза сабын сығымлап қатып қалғандай еди. Ҳәлсиреген менен өзин жоғалтпаған душпан не болғанын енди ғана аңғарса керек, силтеў имканияты қалмаған найзаны ылақтырып жиберип, узын қылышты суўырып алып изге қайрыла турып силтеди, қолы узын ба, әдеўир изде, найза бойы аралықта киятырған Ережепке қылыштың ушы  жетип, маңлайын сызып өткендей болды. Тамырларда қайнап ағып атырған ыссы қан көзлерине қуйылды. Бир заматта жан берип, жан алынып атырған жекпе-жек саўаш майданы, қылышларын жалаңашлап, бир-бирине тәп бериўге таяр турған душпанлар, ат туяғынан көтерилген тозаң, алағат бултлар алғаў-далғаў болып көшип баратырған гүзги көк аспан— барлығы қырмызы түске, қан реңине айланды.

— Көзим, көзлерим көрмей атыр, — деп қышқырды Ережеп. Бирақ оның қышқырығын ҳеш ким еситпеди. Ала атлы батырдың туўысқанлары менен қәўимлеслери өзлериниң алп баҳадырының аты еситилгенде душпаны шоршып түсетуғын Матти палўан яки Саттар түркменнен емес, ал аты-жөнин ҳеш ким еситпеген бир жигитшеден алданып, жазым болғанына ишлери өртенип, бар даўыслары менен өкирип жылар, оның ушын өш алыўға бир-бирин ийтермелер, ал хорезмлилер өз батырын алғыслап, жеңиске еристик деп, марапатланып, бир-бирин қуўатлап, ҳүжимге өтиўге шақырар еди.

Не болғанын түсинип жетпеген жигит қара аттың басын өзлериники таманға бурды. Қара ат жаниўар топлымға өзин урып, иркилди. Аўылласлары жараланған жигитти ат үстинен түсирип алды.

Бул мәҳәлде саўаш майданында жығылған яўмыттың аты ийесиз ойнақлап шыққан еди. Атты услап, ийесин майданнан алып шыққан яўмытлар өз батырының кегин алмақ ушын қылышларын жалаңашлап, таяр турған сапқа ат қойды.

Саўаш көп даўамланбады, тез өтип кететуғын бәҳәр нөсери киби тез тамам болды. Урысқа таярланған Хорезм ләшкерине, желигип атқа минген яўмыт жигитлери төтепки бере алмады. Өлгенлер ҳәм

жараланғанларды саўаш майданында қалдырып, изге шегинди. Сумлығы менен көргени көп мыңбасы қашқынларды қуўмақ ушын буйрық бермеди. Ҳәзиринше жеңис хорезмлилер таманында екенлиги анық. Сол ушын аз да болса барына қанаат қылып, жеңис жемисин татпақ керек. Қашқан жаў, әлбетте, жеңилген есапланады.

Қусбеги дурыс ойлаған еди. Ҳаслында ҳәр бир әскербасы душпан әскерин көплеп қырыўды емес, ал өз әскерлерин аман сақлаўды, имкан болғанынша аз шығын менен жеңиске ерисиўди гөзлесе керек.

Көп өтпей яўмытлардан елшилер келди. Ўақытша питим дүзилип, өлилер менен жарадарларды алып яўмытлар Қарақум ишиндеги өз жайлаўлары менен арналар бойларындағы өз мәканларына, әскерлер Хийўаға ҳәм Қарнаққа қайтты.

Саўаш питкенше Ережеп пенен ҳеш кимниң иси болмай, ҳәрким қылыш силтеў менен машқул болған еди. Жеңистен соң ҳәммениң дыққат-итибары тағы да жеңисти баслап берген жас батыр — Ережепке қаратылды.

Аўылласлары қоршаўында маңлайдан алған жарақатына шүберек басып алған Ережеп отырар еди. Саўашта душпанын жер тислетип, өзи аман қалғанына қуўанса да, қан қуйылған көзлери ҳеш нәрсени көрмес, пүткил әлем қып-қызыл сүўретте көринди, сол себеп «мәгар көзим көрмей қалатуғын шығар», деп ҳаўлықты. «Егер көрмей қалсам ертеңим не болады, Айқыздың тәғдири не болады?». Ләшкер тәўиби бул гүманлардың барлығына шек қойды.

Саўытсыз, жеңсиз жүн шекпен кийип, белин қамар менен байлаған, бирақ белине солақпандай қылыш яки еки қарыс қанжар емес, ал ҳәр қыйлы мәлҳам дәрилер салынған шийшелер ҳәм қутышаларды белине илдирген, узынлығы төрт елиден аспайтуғын алмас пышақ байланған, шала ағарған, өзине жарасымлы шоқ сақалын анда-санда тутамлап-тутамлап қоятуғын, жағымлы даўысы тап, ата-анаңның даўысындай меҳрибан болған тәўип аўыр жараланғанларды көзден өткерип, тийисли ем буйырып болғаннан соң барып, жараланғаны көзге көринип турса да, тик аяқта жүргени ушын «жарасы аўыр емес» деп саналған Ережептиң жанына келди.

Жез шылапшын менен жез дүнде жыллы суў әкелген хызметкер шылапшынға суў қуйды, ийнине салынған ақ сүптен бир бөлегин алып жыллы суўға батырды да тәўипке берди.

— Бисмилла, тәўиплер пийри Луқман ата яр болғай, деп тәўип қан қатып қалған жараны, жигиттиң көзлерин жуўды. Маңлайды қылыштың ушы тилип өтипти. Қан көбирек ағып кетипти, ақыры сениңдей жигиттиң тамырында қан қайнап, көпирип турады. Ҳеш гәп, тез питип кетеди, бирақ ендиги жағында бәдқабағырақ болып

қаласыз улым, бир ҳесаптан бәдқабақлық батырға жарасады. Соңынан өзине айтты ма, я жәрдемшисине айтпақшы ма еди, ол жағы белгисиз қалды, былай гүбирленди:— Тигип қойғанда болар ма еди? Оған жәрдемши анық жуўап берди.

— Тақсыр, сабақ таўылды. Азлаў алып шыққан екенбиз.

— Ҳе, әттең, ҳе әттең. Мейли, солай ҳәм пите береди, айттым-ғой, бәдқабақлық батырға жарасады, деп.

— Тақсыр, сизди де көрмей атырыппан. Көзим ашыла ма?

— Көзге ҳеш қандай зақым келмеген. Оның тамырлары терeнде, бәдқабақлық-қабағы үйилген болады, уғлым.

— Көрип кете ме?

— Иншалла. Көзге қуйылған қан уйысып қалған. Ыссы суў менен ҳәр күни шаясыз. Белиндеги ыдыслардан бирин алып, жараға пахта менен мәлҳам қойды. Қан дәрҳал тыйылды. Соң ақ сүп пенен беккем етип таңды.

— Әне улым, алла шыпасын берсин.

— Көзиң аман ба?...

Ережепти көргенде Айқыздың аўзынан шыққан дәслепки сөз сол болды.

— Аман, шабазым, аман. Қорқпай-ақ қой мәзи жырып кеткен. Ережеп екиқат келиншегин шоршытпаў ушын, солай деген еди.

— Не жырыпты?

— Қылыштың ушы.

— Қылыштың ушы мәзи жыра ма? Қудай асырап аман қалыпсаң әйтеўир, деп келиншеги мойнына асылып жылап жиберди. Алдын жаман түс көриппен, кейнин жақсылыққа жорып едим... Соңынан тағы ериниң көзи ҳаққындағы мәселеге қайтты.

— Онда сени не ушын биреў жетелеп келди. Келиншектиң қурый баслаған көз жаслары тағы сорғалады. Ерин аман көрип турғанлығы ушын қуўанып па, гә жылап, гә күлер еди. Онда неге?

— Айттым-ғой мәзи жырып кеткен, соннан көзге не қуйылып, келиншегин қорқытпаў ушын әдейи қан қуйылғанын айтқысы келмеди, аз ғана қамасқан ба, адамның көзи жақтыға қамаспай ма? Сондай болған.

— Сени өлтирип қойса, не қылар едим? Келиншек тағы көзлерине ерк берди. Соңынан барып, мәгар ериниң аш болғаны, яки шөллегени, оның жараланғаны ҳәм оған айрықша күтим кереклиги ядына түсип, ошаққа от жағып, аўқатқа киристи.

Жара жазылғанша бираз ўақыт керек, оның үстине екиқат Айқыздың аяғы аўырласып баратыр, нәбада босанып қалса оған ким қарайды. Ережептиң өзи ме? Қылыш пенен найза, қамшы услап

үйренген қоллар нәрестени жөргеклеўге келисе қояр ма екен? Усындай қыяллар басына келе берип, гүдиги артқан Ережеп көзи көре баслаўдан-ақ, руқсат алып, елге қайтты.

Маңлайын ақ сүп пенен байлаған баласын көрген Жанымқыз бенен Айбийбиниң жанлары қалмады. Бул пайытқа шекем ҳәммелер «тентек» деп айтыўды унататуғын, еле көпшилик бала санайтуғын жигиттиң жекпе-жек саўашларда мен-мен деген батырлардың басына жеткен, атын билмесе де, «ала атлы батыр» деген лақап пенен тәрийпи Хорезмге таныс болған яўмыт пенен жекпе-жек алысып, «ала атлыны» жеңгени жөниндеги хабарды Қулшы менен оның үй-иши, пүткил Қыпшақ аўылы, ҳәттеки Шымбай шәҳәриниң турғынлары да еситип үлгерген еди.

Баласының саўаштан аман шыққанына қуўанған Қулшы бий үйирден туў байтал услатып сойдырды, елди жыйып ас берди, той деп айтпады, садақа деди.

Көпшилик «ала атлыны» жеңген Ержепти көргиси келер еди. Жоралары да жыйналған. Турым молла да келди. Күни кеше Шымбай шәҳәриниң көшелеринде асық ойнап, асыққа таласып мушласқан жораларының бәри де жигит болған еди. Ережептиң көзлери келгенлердиң ишинен бир адамды излер, ол адамды гезлестире алмайтуғынын алдын ала ишки туйғы менен сезип турса да өз туйғыларының алдамшы, өтирик болып шығыўын, күткен адамы зыңғыттай бойын ийгенде басы есиктиң маңлайшасына тийип, «ҳәй тентек, мени умыттың ба?» деп кирип келиўин қәлер еди. Бирақ жигитти ишки сезимлери алдамаған, ҳәттеки ол адамның өзи түўе, өли-тирисинен дәрек беретуғын жартыўлы хабардың өзи де жоқ, ол адам, ҳүрметли оқыўшы Сиз өзиңиз ойлағандай, темиршиниң шәкирти болған, Ережептиң жасы үлкен досты, Қайыр еди.

Ақырында: «Қайырдан дәрек еситилмеди ме?» деп сорады. Кимдур Маңғыстаў деген жақларда, қазақлардың адай руўының ишинде бир адамды көргенбиш, деген еки ушлы ҳәм гүмилжи хабарды айтты. Кимдур: «Ол жигит әлле қашан Үстиртте адасып өлип кеткен шығар», деп дусмаллады.

Арадан бир-еки күнди өткизип Ережептиң Бектемирдиң үйине бас суғып, Қайырдың анасын көрди. Сәрбийкениң тип-тик қədди әдеўир бүгилип, шашларына ақ аралай баслапты. Жигитти төрге отырғызып, сыр билдирмей, ҳал-аўҳалын сорады.

— Аман-саў жүрсең бе, бий атамның баласы. Ерлигиңди еситип, Бектемир екеўимиз отырып, қуўандық.

Усы пайытта бес-алты жасар бала қара үйдиң ший есигинен сығалады.

— Апа, үйге қонақ келди ме? Мен де кирейин.

— Кирейғой, қарағым, көре-ғой.

Кишкене қара бала томпаңлап кирди, есикте иркилип ашық даўысы менен Ережепке сәлем берди.

— Ассалаўма әлейкум, тентек әжаға!

— Беў-беў, қурған маңлайым, уяттағы-ай, мени тирилей жерге көмдиң-ғой балам, қайдан таптың ондай гәпти.

— Айтқан өзиң-ғой, тентек әжағаң бар, сол келсе, Қайыр әжағаңды излеп барады, деген. Аўылдағы балалар да «Ережеп тентек түркменниң батырын жеңипти» деп...

Тосыннан кирип келген Бектемир Сәрбийкени қолайсызлықтан қутқарды. Ол Ережеп пенен бурын көрискен еди. Иштеги жағдайдан хабары бардур шамасы, сөйленип кирди.

— «Қолда өскен аттың тай аты қалмады», деген Ережеп балам, сени ойын баллары «тентек» дейтуғын, енди ержетип, батыр болсаң да балалықтағы лақабың қалмай киятыр, оған өкпелемессең. Сәрбийке де атыңды айта алмай сыртыңнан «бий қайнағаның тентеги», деп отырады. «Балалы үйдиң урлығы жатпайды», дегени усы шығар, келип-келип мынаў қара баланың анасын қысындырыўын қара, деп баланы қолына алып дизесине отырғызды.

— Қурышбекжан, енди әжағаңды «тентек», деме, уят болады, «батыр әжаға» де.

Ережептиң өзи ержеткенин билмей киятыр ма еди, я Бектемир әдеўир қартайып қалған ба, жигиттиң алдында, қара үйдиң жапсарында отырған адам баяғы хәр ийнинде бир адам отырса жайласатуғын, нық денели, шашы менен сақалы қап-қара жигит емес, қарны шығыңқы, бойы да бурынғыдан пәскелтегирек, шашлары менен сақал-мурты, хәттеки қалың қаслары да ағара баслаған, егеде адам сүўретинде көринди.

«Арадан көп ўақыт өтипти-аў», деп ойлады Ережеп. Көз алдына Қызылқум ишинде көшти баслап киятырған, ат үстинде отырған, қәхәрли Бектемир елеследи. Қулағына бөрилердиң улығаны да шалынғандай болды. «Рас, оннан берли бираз ўақытлар өтипти»...

— Қайырдан қандай дәрек бар? — деди шыдамы таўылған жигит ақырында. Бул саўал Сәрбийкениң ески жараларын жаңалайтуғынын билсе де Ережеп Қайыр жөнинде бирер анық хабарды Сәрбийке билетуғынын аңлар, сол ушын саўал бермеске илажы жоқ еди.

Хаялдың шүңирейген көзлери ығалланды. Ийинлери ақырын селкилдей баслады. Бектемир төмен қарады. Сәрбийкениң ески жараларының ашылыўына себепши болған Ережепке ренжиў орынсыз. «Бәлки оның өзи Қайыр жөнинде бирер хабар еситкен шығар».

— «Кепин кийген келмес, кебенек кийгеннен үмитиң үзилмесин» деген екен дана бабаларымыз. Мине, кеткенине бес-алты жылдың майданы болды, өли-тирисинен хабар жоқ-ғой, мырзағаў. Көпшилик өлдиге шығарса да да, кеўлимниң шетиндеги бир даўыс: «ол тири, тири» дейди де турады. Топырақтан тысқары болғанда анасын күйдире бермей бир хабарын бермес пе еди? Бирақ ақсақалдың қызын жанындай жақсы көретуғын, оның үстине намысшыл еди.

Сол жерге келгенде тамағына жас тығылып сөйлей алмай қалды.

— Мәгар өзиң бирер дәрек еситкендурсаң, Ережеп? — деди Бектемир араға шөккен үнсизликти бузып.

— Мениң еситкенлерим де көпшиликтикине мегзес.

— Сонда да сеники анығырақдур, балам?

— Хийўалы бир саўдагер қалмақ арасынан жараланған бир жигитти алып келипти, деген гәпти мен де еситкенмен. Алды бурын оншелли итибар бере қоймаппан. Соңынан излестирип барсам ол адам Орынборға кәрўан тартыпты. Кәрўанда болғанлардан ҳеш кимди излеп таппадым. Ол Қайыр болғанда елге қайтпас па еди? Усындай пикирден кейин саўдагерди излемедим.

— Ондай хабарды биз де еситтик, бирақ сәл өзгешелеў. Жигит қазақ ишинде қалып кеткен, деп айтысады, аты-жөнин, ултын ҳеш ким анық айта алмайды, биреўлер араллы екен, десе, биреўлер қыпшақ екен, деседи. Хабарың бар, қыпшақ руўы көп халықта гезлеседи.

— Хийўаға табыным тийсе сол саўдагерди излеп тапқаным болсын, — деди Ережеп.

— Әкесинен қалған үйди ҳәр жылы бәҳәрде тиклеймен. Тикпесем: «ғайыптан улым келип,— апа, мениң үйимди неге тикпедиңлер?» дейтуғындай. Ҳәр күн азанлы-кеш көзим есикте, биреў-сиреў жол сорап, я өз жумысы менен келип, есик қақса «Ақжигит емес пе екен?», деп елеңлеймен, яки балам жөнинде бирер хабар еситемен бе деп қулағым түриледи, деп сарсылды кейўаны ҳаял.

Сәрбийкениң қайғысынан езилип кеткен Ережеп енди бул жерден тезирек кетиўдиң жолын изледи. Ядына бир себеп түсе кетти.

— Айтпақшщы Қулман атамның қара кемпири қайтыс болыпты, еле пәтияға кирмедим. Соған бирге кирип шықсақ, қалай болады, Бектемир аға?

— Мейли, — деди Бектемир.

— Тоқтап тур, мырзаға, тоқтап тур, деп асықты Сәрбийке. Бий атамның баласын қалай қуры аўыз жиберемен. Ҳеш болмаса бир кесе қатық ишип кетсин.

Көп өтпей ортаға бир гүзе қатық әкелинди. Қатық ишип, туражақ пайытта Сәрбийке Ережепке:

— Қулағынды түрип жүре-гөр, мырзаға, деп қалды. Илайым, жақсы хабар жеткизгейсең...

— Иншалла...

Арадан күнлер өтип, Хийўаға атланатуғын пайыт жеткенде Ережеп әкесиниң алдына келип, пәтиясын алды.

— Енди бизлердиң ўақтымыз оншелли көп емес. Сол ушын аўыл бетке қарайлап, қулағынды түре жүр. Тағы бир айтарым, аккөзлик етип ҳәр иске өзинди ура берме. Алла: «Сақлансаң-сақларман», деген екен, деп руқсат етти.

Үлкен отаўдан шығып, өз отаўына кирип еди, айы-күни шамаласқан келиншеги қамсығып отырғанының үстинен шықты.

— Ҳе, не болды Айқыз, ким қапа етти?

— Ҳеш ким, өзим-ақ...

— Жолға керек-жарақ, азық-түликти түўеллединң бе?

— Әне, ҳәммеси таяр, — деп үйдиң жапсарында турған қоржынларды нусқаған келиншектиң көзлеринен моншақ-моншақ жаслар төгилди.

— Ертең атланасаң, қайдасаң Қарнақ, деп. Келиншектиң даўысынан наразылық па, наз ба, әлле қызғаныш па, қулласы Ережеп түсинип ала алмайтуғын ишки толғаныслардың дебдиўи сезилер еди. Бәлки еле келмеген күнлердиң, болажақтағы сағыныштың, узақ айралықтың басланыўындағы күйгелекликдур?

— Билесең, бармасам болмайды!

— Мени әкетпейсең, солай ма?

— Қалай әкетемен. Ол жақта өзим босандырып, өзим киндик шеше, өзим қәйинене болып, бөбек жубатаман ба?

Келиншек өксигин баса алмай, бираз үнсиз қалды.

— Мен сени сағынаман.

— Мен де сағынаман.

— Мәгар...

— Не мәгар?

— Ол жақтан биреўин таўып, үйленип те аларсаң?

Ережеп таңланғанынан жуўап таппай қалды.

— Үндемейсең, мәгар көңлинде бар. Ол жақта жүрген биразлар жасырып үйленип, бала-шағалы болыпты...

— Қаяқтағы гәплерди табасаң, — деди жигит мыйығынан күлип. Шығып атбағарға айт, ат жемине бир-еки батпан жүўери таярласын.

— Кеш болды, мына турысымда қаяққа бараман, деп келиншек қарнын көрсетти.

— Ҳе, яқшы, онда өзим хабарлап келейин.

Ережеп ертеңине атланбақшы болып турғанда жанына бир неше жораларын ертип Өмирбек келди.

— Ҳаў тентек жора, хошласпай, нетпей атланып кете бермекшимисең? — деп ҳәзиллести Өмирбек.

— Әне, енди хошластық. Саў бол Өмирбек. Шымбайдың тар көшесин басқыға толтырып жүре бер, жора.

— Яқ, енди Шымбай шәҳәрдиң көшелери маған тар болып қалды. Соның ушын Хийўаға барып, ол жақта да көше шаңғытып қайтажақпан.

— Ол таманға ким менен бармақшысаң?

— Сениң менендағы, басқа ким менен? Мен бир Хийўаға барып көрмесем. Гәп бар: түйениң жамбасына байланған бизиң Сәсәнем шешемниң май қабағы да шәҳәрге барыпты, деген, сол айтқандай, тентек жора биз де сениң арқаңда Хийўаға барып шалқып қайтайық. Жайың бардур, оңысармыз бир мүйешинде.

— Ҳәй жоралар, мынаў усы гәплерди шыны менен айтып турып па?

— Рас айтып тур, рас айтып тур, деп жабырласты қасындағылар. Ҳәтте «жол ғәрежетке», деп Ниязбек сүтхордан өсимине он теңге алып шықты.

Өмирбектиң мына сөзине исенерин де, исенбесин де билмей Ережеп ҳайран. «Әкетсе де болар еди, бес-алты күн шәҳәр гезип, теңгесин таўысып қайтар еди, бирақ усы жердиң өзинде «тентек» деген сөз аўзынан неше мәртебе шықты, барған соң-ғой, бул сөзди адым сайын айта берип, пүткил Хорезмди лақабым менен таныс қылар», деген ой қыялында айланды.

— Апарар едимдағы, бирақ, деп Ережеп ойланып қалғандай шырай танытты, бирақ...

— Не бирағы бар, айтсеш, — деди Өмирбек те шыдамсызланып.

— Өткен сапар қатынымды мингестирип барып едим. Бул сапары сени мингестирип барсам, көргенлер: «қатынын мынаў еркекке алмастырыпты», деп жүрмес пе екен?

Өмирбек аз ғана егленип турды да, ҳәзилдиң мәнисине түсинип күлип жиберди.

— Әкел қолды, тентек жора!

— Не ушын?

— Әкеле бер. Мени бир түсирдиң, ядымда болар. Өзим-ақ рети менен Хийўаға бара берермен. Бапладың.

— Лаққы жора, мени де тыңлап ал. Ертең Хийўаға барсаң ҳәр көшениң мушында «тентек» дей берме, бул жақтағысы да аз емес еди, ол жаққа да таралып кетер.

— Яқшы, тентек жора.

Ҳәммелер күлисип дағысты.

Ережеп бир өзи атланды.

## 11

Қыраттың баўрайына, ығырақ жерге тигилген, кийиз бенен ишисырты жабылған қара үй уядай жыллы еди. Уйқыдан оянған Қайыр қулағын түрди. Тысқарыда малларды өриске айдап, олай-былай ерсили-қарсылы жүргенлердиң аяғы астында қар ғарш-ғарш етип, сес шығарып, күнниң әдеўир аяз екенлигинен дәрек берди.

Жигитти жол үстинен тапқан хорезмли саўдагер адайлар ишиндеги Жарқынбай атлы тамырының үйинде қалдырып кеткенинен берли бир-еки қыс өткен болса керек, қанша екенин Қайыр еслей алмайды.

Ҳәзир жаралары жазылып, өзин тиклеп жүре алатуғын болған, атта да отыра алады, тепсе темир үзгендей күш-ғайраты да өзине қайтты, тек өзине ең кереклиси, оны инсан етип танытатуғыны— ол да болса ақыл-еси өзине қайтпады. Бул турысында оны ақылы кемис деп те айтыў қыйын, себеби ыссыны-суўқты, ашшыны-душшыны, керек болса жақсы-жаманды да парқлай алады, кемислиги: өзи ким, кимниң улы, туўған-туўысқанлары ким екенлигин, аўылели қайдалығын ҳеш еслей алмайды.

Қыслаўдың ақсақалы Жарқынбай баўыры кең, сақый адам екен. Жигит өзине келип, аяғына турғанша «кимсең», деп сорамады, ол пайытларда жазылмаған жаралары оның қарақшылар таманынан тоналғанын, жәбир көргенин айтып турар еди. Бәрибир жөн-жосақ соралыўы дәркар, «адам тиллескенше, мал мөңирескенше», деп бийкар айтылмаған.

Шарўа жазлаўға шыққан күнлердиң биринде жылқыларды түўеллеп, барлаўға атланған Қайыр, бул ўақытлары оған қолынан келгендей жумыслар тапсырылған, төбешикке шығып, әтирапқа көз салды. Жылқылар қысы менен қар, жамғыр суўлары жайылып ызғары мол болған, сол ушын бәҳәрде көк шөби қалың өскен түбекте жайылар еди. Аттан түсип, пәске қарап отырып қыял сүрди. «Мен киммен өзи, ата-анам ким, Ўатаным, журтым қай таманда?» деген ойлар қыйнады. Қарақалпақ екенлиги, қалмақ ишинен таўып алынғаны, саўдагер кәрўанбасының сөзинен мәлим, бирақ қарақалпақлардың мәканының қай таманларда екенлигин өзгелердиң айтқанына қарай дусмаллайды. Шалқалап жатып, узақ түнлер ең болмаса узақ балалығынан, бәлки бул да бала болғандур, ол гүмансыз, бирер ўақыяны есине алғысы, анасының, әкесиниң келбетин ядына алғысы келип ойласа да ҳеш нәрсени ядына түсире алмай, қыйналады. «Ҳеш

нәрсени», десек пүткиллей дурыс емесдур, рас сондай пайытларда көз алдына өңир моншақ таққан, тулымшағы салбыраған, орта бойлы, талдырмаш қыздың сүўрети елеслейди, қыялы менен қыздың бет-әлпетин еслегиси, атын ядына түсиргиси келип қыйналады, бирақ шырайлы ма, шырайсыз ба жүзи сәўлеленбейди, аты ядына түспейди. Барлы-жоқлы санасы зорығып, ақырында уйқыға кетеди. Ким екенлигим, қыздың елесиниң ким екенлиги түслериме кирер, деп үмит етеди, бирақ қалмақ ишиндеги ўақыядан берли түс көрмейтуғын болған.

Аттың оқыранғанын еситип, изине бурылып еди, Жарқынбайдың дәдеги екен.

— Ҳей қалпақ, деп даўыслады төменде турып. Сени Жарқынбай шақырып жатыр.

— Ҳәзир қай жерде ол?

— Қай жерде болар еди? Отаўында. Жазлаўда. Өзиң жол таўып бара аларсаң?

Хызметкердиң сөзлеринен буны есаўас санап турғанын аңғарған жигиттиң ашыўы келди. Бирақ хызметкерге ҳеш нәрсе демеди. Ишинен «өз атын еслей алмаған адамды есиўас демей ким десин?» деп ойлап:

— Болады. Ҳәзир келеди, — деп айт. Тоқтап тур, усы сениң атың ким еди?

— Шалабай! Сениң нешинши сораўың, мениң нешинши айтыўым, еслеп қал! — деди өзине «Шалабай» деп ат қойған ата-анасына наразы болған хызметкер жигит.

— Енди еслеймен, Шалабай.

Бирақ Жарқынбайдың үйин таўып барса да, есикте хызметте турған Шалабайдың атын тағы умытты.

— Кел жигит, дизе бүк, — деди Жарқынбай Қайырға.

Соң даўыслады.

— Қымыз әкелиңлер.

— Ҳәзир, ҳәзир...

Киширек ыдыста қымыз әкелинди. Изинен гүмис теңгелердиң сыңғырлысы еситилип еди, ийеси де есикте көринди, узын бойлы, ақсары, шамасы он жети-он сегизлерге кирген қыз дастурхан жайып, ағаш зеренлерди қойып, шығып кетти. Гүмис теңгелердиң сыңғырлысы жигиттиң ядына әлле нәрселерди түсиргендей болды. Қайырдың қыялындағы, лийкин жүзин көре алмайтуғын қыз бенен ақсары қыз ортасында қандайдур уқсаслық бар сыяқлы, туйылды.

— Шалабай, қайда кеттиң? Қымыз қуймайсаң ба?

«Бағанағы жигит», деп ядқа алды Қайыр. «Атым Шалабай, деген еди».

Шалабай кирип, қымыз қуйды. Жигиттиң жүзинен наразылықты аңласа болар еди.

— Қымыздан ал, жигит, — деди Жарқынбай. Жылқы көкке тойынды, шамасы, қымыздан көк шөп ийиси кете баслапты. Өзиме, садағаң кетейин қымыз бенен шубаттан бурқырап шығатуғын қыр шөбиниң ийиси унайды. Өзгелер не ушын «көктиң ийиси шығып тур», деп мурын жыйыратуғынына мен түсинбеймен. Үй ийеси бул гәплерди кимге қарата айтқаны намәлимлигинше қалды.

— Ал, жигит, деп гәп баслады қымызға қанған Жарқынбай, сени ҳештеңени еслей алмайды, өз атын да билмейди, деп жүрипти. Адам баласының басына нелер түспейди, бәлки өзиңниң ким екенинди, өтмишинди жасырып жүрген, әлле қандай ис қылып, душпанларыңнан қашып, бас саўғалап жүрген шығарсаң? Ондай болса шынын айт, мен сени ҳеш кимге байлап бермеймен. Жарқынбай өз сөзиниң ийеси, сөз айтса орынлайды, исенебер. Ол жигитке сораўлы нәзер менен тигилди.

Жигиттен жуўап күтер еди.

— Жасыратуғын сырым бар ма, биреўлерден қашып бас саўғалап жүриппен бе, ең болмағанда өзимниң атым ким екенлиги ҳаққындағы саўаллар мени де ҳәр күни қыйнайды, — деди Қайыр басын төмен салып. Билгенимде жасырып отырмас едим.

— Айтпақшы жаңа қымыз қуятуғын ыдыс әкелген қыз сизиң қызыңыз ба, аты ким?

— Мениң қызым. Аты Жарқынай, — деди жигиттиң ҳәрекетине таңланған Жарқынбай.

— Өтмишимнен қыялымда бир қыздың елеси қалған, оның менен сизиң қызыңыз ортасында уқсаслық бардай, — деди жигит.

— Қандай уқсаслық екен?

— Билмедим.

— Мейли, — деди өтмишин умытқан жигитти шын кеўилден аяған Жарқынбай. Өтмишинди бир күн саўалғанда еслеп аларсаң. Ҳәзир мениң қонағымсаң, емин-еркин усында жасай бер, зериксең жылқыны айланып, көңил сергитерсең.

Өз қыяллары менен бәнт болған жигит Жарқынбайдың сөзин мақуллап бас ийзеди.

Отаўдан шығып баратырып сыртта, ошақ дөгерегинде анасына көмеклесип жүрген қызды тағы гезлестирди. Не ушындур оған тигилип турып қалды. Соң шеткеридеги өзи туратуғын үйге қарай кетти.

— Еси енип киятыр ма деймен, — деди қыздың анасы, бийшара әнедей жигит-ақ.

— Оның еси жайында, — деди қыз. Тек өткендегилерин ядлай алмайды. Маған тигилип қалғанын көрдиң бе? Биреўге шырамытты ма екен?

— Қәйдем?

— Яки мен оған унап қалдым ба? Қыз сыңғырлап күлди.

Әдеўир алыслаған жигит күлкини еситти. Иркилип, изине қарады. Ненидур еслегиси келген сыяқлы басын услады.

— Бийшараның үстинен күлме! — деди анасы қызға. Қудай мийнет берген шығар.

— Күлип атырғаным жоқ, ана, — деди қыз. Сениңше мени ҳеш ким унатпаўы керек пе?

— Сени оннан да зорлары унатады, алтыным. Алаңламай, етти атаңа алып кир.

Ишкериде, ана менен баланың сөйлескенин еситип отырған Жарқынбай муртынан күлип қойды.

Жарқынбай өтмишин еследи.

...Жарқынбайдың анасы табынның ең сулыў қызларынан еди. Аўлақта ушырасып, кеўлиндегисин айтып еди, Толғанай адайдың бир тентегине атастырылғанын айтты. Той-тойлап, ән шырқап, төгилген сазы менен журтты аўзына қаратып жүрген Жарқынбай қызды алып қашты. Аўылын ерегирекке, теңиз таманға көширип, той берип, хожалық болды. «Жесиримизди бер», деп келгенлер азшылық екен, қуры қол қайтты, қыз ушын төлеген қалыңын қайтармақшы еди, «Қалынды саған төлемедик, қыз атасына төледик, берсең жесиримизди әкетейик» дегенлер ишлеринен тислерин қайрап кеткен екен. Арадан көп өтпей, қызық қуўалап кеткен Жарқынбай араға еки-үш ай салып, аўылға оралса сүйиклиси Толғанай жоқ. Жылап-сықлап отырған анасынан сорады:

— Толғанай қәне?

— Барымталап кетти!

— Ким?

— Баяғы жесир қуўып келгенлер.

Ол пайытларда Жарқынбай Толғанайсыз өмирди көз алдына келтире алмас еди. Тамырларында қаны көпирип қайнады, өзи басласа

өлимге де туўры барғандай дослары менен аўылласларын атландырып, өзи бас болып, Толғанайды излеўге кетти. Сорастыра-сорастыра дәрегин тапты, аңлып жүрип аўылға бас салды, келиншегин әкеткен жигитти таяққа жығып, басқаларына қол қатпай, бир тышқақ ылағын ҳәм талан қылмай елге қайтты. Аўылын қарақалпаққа әкетпекши болды, душпанынан гүманлы еди, ақсақаллары менен ақылласты, «айтқаның жөн, ол жақта да ағайин көп, деген менен бир қазақ бир қазақтан қорқып, журт алмастырды», деген сөз қалмасын деп, усы таманларға келген еди.

Арадан көп өтпей екиқабат Толғанай жас босанып, қызлы болып, атын Жарқынай қойды.

Қайтып алып келинген Толғанай алдыңғы күнлери есинен аўысқандай болып жүрди. Арадан бир-еки ҳәпте өткенде кешқурын келиншегиниң жанына кирип еди, Толғанай:

— Мен саған ҳарам болдым, — деп жылап жанына жолатпады.

Бундай ҳал көпке шекем даўам етип, жигит те, келиншек те көп азапларды бастан кеширди.

Анасы аўыл ақсақаллары менен ойласыпты. Кешқурын баласын шақырып алып:

— Билемен, келин де, сен де азап шегип жүрипсең. Байғаний ақсақал менен ойласып едим. Мусылманшылықта бул истиң шешими бар екен, молланың алдында келиншегинди талақ қылып, соңынан гүўалар алдында қайта неке қыйдырса барлығы орнына түсер екен. Солай етейик, уллы истиң уяты жоқ, балам, деп ақыл айтты.

Байғаний ақсақалдың ақылы пайда берди ме, я жигит пенен келиншек: «өткен иске салаўат», деп жаман күнлерге қол силтеп, өтмишти умытты ма, әйтеўир қайта неке қыйдырған соң ерли-зайыплылар татыў-татлы жасап кеткен еди. Туңғыш қыз Жарқынай туўылғанда келиншегинен көре жигит көбирек қуўанды. Арадан жыллар өтти. Жарқынайдан соң да талай перзент көрди.

Бир күни анасының: «Усы Жарқынай кимге усаған өзи, қыз бала бола тура ул баладай өжет», деген, әйтеўир айтыла салған сөзи Жарқынбайдың  жүрегин тилип өткендей болды.

«Жарқынай кимге усаған!?».

Гүманлы, кеўилсиз күнлерди ядқа салатуғын аўыр саўал еди.

Анасы менен қызының әңгимеси Жарқынбайдың ядына сол гүманлы саўалларды әкелип, ашық аспан яңлы кеўлинде бәҳәрдиң аўыр бултларындай салмақлы ойларды пайда етти.

Оннан берли де арадан бир-еки жыл өтти. Қәдимгидей адамларға араласып кеткен менен өзиниң өтмишин еслей алмағаны Қайырға аўыр батар, шашларына гүмис теңгелер тағылған, өңириндеги ҳәйкелде гүмис қоңыраўлары шыңғырлаған қыз қыялынан кетпесе де, онық жүзин еслей алмас еди.

Бир сапары алысырақ жайлаўдағы қоңсы аўылға тойға атланды. Қасында өзи теңлес қызлар менен жигитлер болса да Жарқынайдың әкеси қыздың жанына гүзетши ҳәм хызметши сыпатында Қайырды қосып жиберди. Бул ўақытларда жигит өзиниң туўры сөзли, ҳадаллығы менен көпшиликтиң исенимине кирген еди.

Қайтарсын әдейи иркилди ме, көпшилик жөнеп кетпегенше қандайдур тағыншағын жоғалтқан Жарқынай қонақ болған отаўында иркиле берди, асықтырғанларға: «ҳәзир изиңизден жетемиз, жөней бериңлер», деген соң жигит-желеңлер қосық айтып, әнлетип, кең даланы басына көтерип, кете барды. Отаўдың ишинде Жарқынай, тысқарыда атларды услаған Қайыр қалды.

— Әзер таптым, жоғалтқаным мынаў еди, — деп қуйма гүмис билезикти услаған қыз отаўдан шыққанда тойдан қайтқан қыз-жигитлер қыр асып кеткен еди.

Булар да атларға минип, жигит алдында, қыз изинде келе берди. Кеткенлердиң қарасы көринбеди.

Жолға шыққанда аспан ашық еди, қәпелимде әлле қайлардан самал айдап келген қап-қара түнерген бултлар көкти қаплады, алысларда жарқ-журқ еткен найзағай бултлардың көксин тилип-тилип өтти, изинен гүркиреген сес жерди титиркендирип жибергендей болды. Аз ғанадан соң булардың төбесинде аспан қақ жарылғандай, көк гүркиреди дейсең, шақмақтың жасыл сәўлесинен жолаўшылардың көзлери қамасып, ҳәдсиз шыққан қатты даўыстан атлар үркип, дизгин тартқанына қарамастан басы аўған таманға қарай шаба жөнелди. Жигит пенен қыздың жүзине дәслепки тамшылар тамғаны да сол, изинен сондай етип нөсер қуйды. Атлар да қулақларын жымыйтып бир орында турып алды. Әтирап ашық, айдала, паналағандай ҳеш

нәрсе көзге тасланбас, егер ондай нәрсе: ески дийўал, пута, жар болғанда да әтирапты өз қушағына алған нөсердиң қалың пердесиниң артына жасырынғанлықтан оны көриўдиң илажы болмас еди.

Әлемде ўақыт та, қуяш та, жуўырған аңлар менен адамлар да бир орында тоқтап қалғандай, ҳәммесиниң үстинен тек бәҳәр нөсери ғана ҳүкимдарлық ететуғындай туйылды. Арадан қанша өткени белгисиз, мәгар қолға усланған кесе толы қымызды симирип, жең менен муртқа ерген қымыз жуғын артып қойыўға қанша ўақыт сарыпланатуғын болса, сонша ўақыт нөсер жаўғандур, бәлки оннан көбирек ўақыт даўам еткендур, қулласы нөсер қалай етип күтилмегенде басланған болса, тап сондай күтилмегенде тосыннан, тап пышақ кескендей тыйылды. Буларды жаўратып өткен қара булт төбеден көшип барар, найзағай алысларда көкти тилкимлер, дөгеректе бәленттен пәске қарай аққан жамғыр суўларының шарылдысы қулаққа шалынар еди. Айдалада тоқтаған еки атлының үстиндеги кийимлери сығып алғандай, тәбияттың бул тентеклигине ҳайран болып бир-бирине қарасып қойды.

Жигиттиң түйе жүнинен тоқылған жуқа шекпени суў болса да етине жабыспапты. Қыздың қынама бел мақпал бешпентиниң астындағы жуқа ҳәм нәзик матадан тигилген ақ көйлеги етине жабысып, толысып, жетилискен сийнесиндеги анарлары көзге тасланып, басындағы үкили сәўкеледен шығып турған бурымларынан суў тамып турар еди.

— Ағатай, — деди қыз сыңғырлаған қуўнақ даўыс пенен. Көзден панарақ жай қыдырайық, үстимиздеги кийимлеримизди сығып алмасақ болмас.

Аз ғана жүрип, бир төбешиктиң етегинде иркилди. Ҳеш бир тири жан көзге тасланбас еди.

— Атты усла, — деди қыз аттан түсип атырып. Өзиң де кийимлериңниң суўын сықпайсаң ба?

— Ҳәзир. Жигит аттан түсип, еки атты услады.

— Ары қараңыз, уяламан, әйтпесе...

Жигит терис қарады. Қыз бешпентин сықпақшы еди, суў сиңип, аўырласып қалған мақпалды сығымлаўға нәзик қоллардың күши келмеди. Ақырында бешпентти жигитке усынды.

— Мә, сығыңызшы.

Қыз таманға арқасын қаратып турған жигиттиң күшли қоллары ҳөлленген матаны сығымлап-сығымлап, қызға узатып еди, узатылған бешпентти услағандай қол созылмады. Ақырында жигит қыздың ескертиўин умытып, мойнын арқа таманға бурды.

Етине жабысып қалған бәтийин көйлегин үстинен шешип алып сығып турған қызға көзи түскен жигит лал болып қалды. Қыз жигиттиң бурылғанын, жалаңаш денесине көзи түсип турғанын абайласа да, тикленип қарамады. Көйлегин сығымлай берди.

— Бешпентинди ал, — деди ақырын даўыс пенен.

— Аттың үстине таслай сал, ағатай.

Қыздың жағымлы даўысынан өзине келген жигит еле жақсы таныс болмаған бир гөззал әлемге қәдем қойғандай болды, жүреги алып ушып, тилсимли, әжайып әлле нәрсеге талпынар еди. Ол не нәрсе еди, өзи? Көз алдына өңир моншағы сыңғырлаған қыздың келбети келип тура қалды. Жүзи, жүзи қандай еди?

Күтилмеген ўақыя жүз берди. Жыллар бойы қандайдур думанлы перде артына тасланып, жүзин көрсетпей киятырған, өңир моншақларындағы гүмис қоңыраўлары жағымлы сыңғырлайтуғын қыз Қайырға күлимсиреп қарап турар еди. Сол, сол қыз...деп ыңыранды жигит. Бәниў-ғой! Аўа оның аты Бәниў еди! Қайыр кең даланы басына көтерип қышқырды.

— Таныдым! Таныдым! Ядыма түсти! Оның аты Бәниў!

Жигиттиң шаўқымынан шоршып түскен Жарқынай бәтийин көйлегин кийип алды. Қос анары ығал матаны көтерип, анық билинип турар еди.

— Нени таптың ағатай? Бәниў дегениң ким?

— Бәниў, Бәниў!— деп тәкирарлар еди жигит. Мен оны излеп қалмақ ишине барған едим. Дорджи қалмақ. Оның уры көзли баласы, сол мени тонаған. Әлле нелерди ядына түсирип, иркилди. Думан перделеген көзлерин Жарқынайға тикти.

— Сениң атың ким?

— Мениң атым ба? Жарқынай-ғой!

— Жарқынай! Қандай сулыў ат! Жарқынай, сениң әнарларың...

— Қайдағы әнарды айтасыз, — деп қыз пинҳамы күлди. Соң жигиттиң кең қушағына өзин таслады.— Тоңып кеттим, ағатай, жылытыңызшы!

Өтмиши, қайғылы өтмишин неше жыллар бойы жоғалтып, жоғалтқан суңқарын тапқан саят киби далбыған жигит жыларын да, күлерин де билмес, ер адамның нәзери түспеген, бойжеткен қыздың денесин көргенде санасында қалғып жатырған ықлас пенен меҳир оянған ба, қушағына кирген қызды баўырына басып толғанар еди.

— Мен таптым, таптым, билесең бе Жарқынай?

— Нени таптыңыз, ағатай?

— Өзимди таптым, Жарқынай, өзимди!

— Өзимди дегениңиз неси?

— Атымды таптым!

— Атыңыз ким, ендеше?

— Қайыр, мениң атым, — деди мақтаныш пенен Әрепбайдың улы, Қайыр, темиршиниң шәкирти, Қайыр!

— Мен сизди ағатай деп билемен, Сизди ағатай деп айта берсем өкпелемейсиз бе?

— Яқ, өкпелемеймен, Жарқынай.

— Ондаше атланайық, — деди өзине келген қыз.

— Дурыс айтасаң, атланайық. Өзгелердиң биз ҳаққында нелерди ойлап атырғанын қудай билсин?

Қай жерледур пошша торғай сайрай баслады. Атланғанлардың жүзин жыллы самал сыйпап өтти. «Самал көп өтпей үстимизди кептиреди», деп ойлады Қайыр. Соң Бәниў ҳаққында ойлады. Қыялында қабақ көтерип, шашбаўындағы гүмис теңгелер шыңғырлап, суў алмаға баратырған қыздың келбети жанланды. Енди ол жүзин Қайырдан жасырмас, қыр мурыны менен сәл қыйықлаў қара көзлерин анық еследи. «Қайларда екен Бәниў, әҳ Бәниў?»

Жарқынбай аўылының еситкен дәслепки жаңалығы қоңсы аўылда болып өткен тойдың тамашасы ҳаққында емес, ал буннан бир неше жыллар бурын қонысқа келип, ҳәммелерге таныс болып кеткен, бирақ аты-жөнин ҳеш ким, ҳәттеки өзи де билмегенликтен журт «қалпақ», деп шақыратуғын жигиттиң өтмишин ядқа түсиргени ҳаққындағы жаңалық болып, оны Жарқынбай ақсақалға өз қызы хабарлаған еди.

Қызының жүрис-турысынан, оның кеўлинде қандайдур өзгерислер болғанын байқаған әке: «Жарқынай жигитке ашық болып қалмаса жарар еди», деп ойлады. Соңынан: «ашық болса неси бар» деген ой келди.

Жигитти отаўына шақырып әңгимелескен аўыл ақсақалы оның өтмишин тыңлап отырып, гә басын шайқап түнерер, гә көзлеринде жас айланар, әдети бойынша еле басым болмаса да ақ араласып үлгерген сақалын тутамлап қояр еди. Бой-сыны келискен, палўан келбетли, баладай ақ кеўил жигиттиң өтмишин ядына түсирип, өзине келиўи ақсақалды қуўандырды. Шымбай шәҳәриниң ақсақалы Юсуп қызы Бәниў ҳаққында  ойлады, соң өз ойын жигитке баян етти.

— Қыздың тәғдири қыйын болған екен, не илаж, оны кимгедур сатып жиберген, қалың қалмақтың қай шетинен табасаң? Арадан жыллар өтти, енди оны тапқанда да баяғыны қайтарып болмайды. Бас аман болса, қыз табылар, — деп жубатқан болды. Соң Шалабайды шақырып, тапсырма берди.

— Үйирден қысыр бийе әкелип сойыңлар, Қайырдың еси өзине оралыўын тойлаймыз. Атыңды азлап өзгертемиз. Бурын Қайыр болсаң, енди Қайырберди боласаң, қудирети күшли аллағой, ақыл-сананды өзиңе  қайтарған. Жаңа атың қутлы болсын, деди Жарқынбай ақсақал толқынланып.

Көп нәрселер өзгерген еди. Ойлап-ойлап, Жарқынбайдың айтқаны туўры екенлигине көзи жеткендей болды. Кеўлиниң бир жағы босап қалды, деген менен Бәниўди умытыў кереклигин, аўылда қалған, мәгар неше жыллар улын күтип есикке телмирген анасы ҳаққы, ең жақын қәдирданы Ережеп ҳаққы қыялындағы қызды умытыў кереклигин уғынғандай еди. «Анам сорлы тири ме екен? Ережеп узын бойлы жигит болғандур? Юсуп ақсақалдың ҳалы не кешти екен? Ақыры ол сүйикли қызы Бәниўден тирилей айрылды», деген ойлар ақшамлары мазасын алып, уйқысын қашырар еди.

Жарқынбай ақсақалдың ерке қызы Жарқынайдың Қайырға ашық болып қалғанын көкирек көзи соқырлардан басқалардың барлығы аңғарған, жигит оны тойдан қайтқан күни-ақ билип алған, сол ушын, бул жөнинде ойламағаны мақул.

Аўыл ет жеп, қымыз ишип, бир жепинип қалды. Жигит-желең Қайыр менен қайтадан танысып, «енди қалпақ деп емес, ал Қайырберди деп шақырамыз!», десип, көкирек түйистирип, көрисип атты. Олардың ишинде Жарқынайдан тәмедарлар да баршылық болып, олар ишлеринен: «есине келмегени жақсы-ақ еди», деген ойға барған болса да әжеп емес.

Мереке қызған пайытта, палўанлар алысып, әншилер менен күйшилер кимиси көмекейинен, кими домбыраға жан ендиретуғын он бармағынан төгилген әсем сазы менен көпшиликтиң қулағының қурышын қандырып атырған майданға Жарқынбайдың өзи де бир топар ақсақаллар менен кирип келди.

— Халайық, қулақ салыңлар, деп даўыслады мерекени басқарып турған жигит. Жарқанбай ағамыздың айтатуғын сөзи бар екен. Соны тыңлайық!

Қосықлар менен сазлар тынды. Палўанлар алысыўдан тоқтады. Қулақлар түрилди.

— Халайық, деп жағымлы даўысы менен тынышлықты бузған Жарқынбай сөз баслады. Қазақ атамның дәстүрин билесизлер, жылына бир-ақ рет, онда да Наўрызда төс тийгизип көриседи. Қайырберди, бери кел, сен қайта туўылдың, соның ушын уллы дәстүрди бузып, сениң менен көриссек ҳештеңемиз кетпес!

Узын бойлы, қайың денели, жасы қырқтан асқан, сақал-шашына ақ араласса да қыймылы жеңил Жарқынбай менен узын бойлы, оның үстине темиршилерге мегзеген ири денели, жигирмадан енди өтип жүрген жас жигиттиң қушақласып көрискени көпшиликтиң кеўлин елжиретти.

— Әне, көрисип те алдық, — деп сөзин даўамлады Жарқынбай. Көпшилик биледи, бул жигитти хорезмли тамырымыз жарасы аўыр болғанлықтан бизге қалдырып кетип еди. Соннан берли де арадан жыллар өтти, бирақ алланың ҳәмири менен күни бүгинге шекем оның қарақалпақ екенинен өзге ҳеш биримиз, ҳәттеки оның өзи де, ол ҳаққында ҳеш нәрсе биле алмадық. Бирақ қарақалпақ бойында, тәғдиринде қут, берекети бар адам болып шықты, ол келгели малымыз шығынсыз, жут пенен уры-қарыдан аман, жайлаўларымызда от мол,

өзимиз де ул перзентли болып, атын «Қалпақбай» қойдық. Енди ол аты-жөни жоқ «қалпақ» емес, ал бүгиннен баслап Қайырберди болды, өзин таныды, өтмишин ядына түсирди. Алла аяған шығар. Қалған жағында арамызда қаламан десе, еситип қойыңлар, биз бенен қаламан, десе өзим отаў тигип, мал бөлип берип, оң жағыма отырғызаман, ал елиме қайтаман, журтыма қайтаман десе, оған да қарсылығым жоқ, деп аз ғана иркилди. Соң даўамлады.

— Уллы истиң уяты жоқ, — дейди бабам қазақ. Қудайдан жасыра алмаған соң, адамнан жасырып қәйттик. Қызым Жарқынайдың Қайырбердини унататуғынын жалғыз мен емес, халық билип отыр. Егер оған Қайырбердиниң ықласы болса, пәтиямды бериўден басқа ойым жоқ, көрип турғаныңыздай ол бир ҳаялды хор қылмайтуғындай жигит, деп исенемен...

Соңғы гәпти биразлар хошлап, биразлар наразы кейипте күтип алды. Қыздың қолынан тәмедарлар аз емес екени айқынласты. Жарқынбай оң қолын бәлент көтерип, шаўқымды басты.

— Билесизлер, мениң сөзим сөз, Жарқынбай сөзин желге айтпайды, ол өз сөзиниң ийеси...

— Билемиз, билемиз, — деп ғаўырласты көпшилик.

Буннан кейин саз-сәўбет бурынғыдай шалқымады. Әңгимениң тийкарғы аңғары Қайырберди атын алған Қайыр менен ақсақалдың ерке қызы Жарқынай дөгерегине бурылған еди.

Тойдан соң Қайыр өзи ушын тигилген үйдиң шаңарағына тигилип, шалқасына жатып, узақ ойланды.

Өтмиш алысларда қалған еди. Бәниўди умыта алмаслығын аттан анық түсинди. Бирақ Бәниўдиң енди санада, шийрин әрманлар менен азаплы еске түсириўде ғана жасайтуғыны, оннан қандайдур жақсы хабар еситиўден үмитдар болыўдың өзи қыйын екенлиги түсиникли емес пе? Шетсиз-шексиз далалардың қайсы мүйешиндеги жайлаўда шоры болып жүрген екен, сорлы Бәниў? Қайырдың өзи емес пе еди, Бәниўсиз жасамаўды шешип, әжел излеген? Хорезм кәрўаны қалмақ арасынан таўып алмағанда өз шешимин иске асырған, дала қузғынлары көзин шоқып, белгисиз өликке айланып, аң-құсқа жем болғанда әрманына ерискен болар ма еди? Я алланың өзи оны кәрўанға

гезиктирип, Жарқынайдай сулыўдың дийдарын көриў бахтын сыйлады ма екен?

Қайсы ойының дурыс екенлигине көз жеткере алмай уйқылап кетипти. Түс көрди. Өтмишин ядқа түсиргеннен берли көрген биринши түси еди. Дордж қалмақтың қыслаўы емиш. Не ушындур бир неше мүйешли пәскелтек отаўды көрипти, отаўлардың мүйеши болмайды, мүйеш дийўал өжирелерде болмайтуғын ба еди, деп ойлап үлгергенин, ишкериден қолына ыдыс көтерип, қандай ыдыслығын анық айыра алмады, дүң бе, гүзе ме, қабақ па, намәлим, бир ҳаял шығып өзине туўры келе берди, қараса Бәниў!

— Бәниў, деп еки қолын созып умтылады, ал ҳаял ҳаўадан да жеңил ме, яки бир елес пе, қолын созып қаншелли жуўырса да еки ортадағы аралық қысқармайды, я узармайды, елес жуўап та бермейди, сәл қыйықлаў қара көзлер тилсиз сөйлей баслайды, илажсыз, шарасыз тигиледи. Жигит елестен: «Қутқар, мени қутқар!» деген сөзди еситемен бе, деп пүткил денеси қулаққа айланып, күтеди, бирақ елес кем-кем алыслап, көзден ғайып болады. Жигит қолын созып, жер тепсинип жылайды, «Бәниў, Бәниў!» деп қышқырады. Өз даўысынан оянып кетеди.

Түргелип, түсин ядына түсирип, өзи жорый баслады. Не ушын Бәниў елеске айланды? Не ушын атын айтып қанша қышқырсам жуўап бермеди? Не ушын? Көкирекке ақырынлап суўық ҳәм қорқынышлы гүдик урланып кире берди. Ол, ол өлген... Бул пикиринен өзи шоршынып кетти. Жоқ, ол өлмеген. Сүйикли, гөззал, ең қәдирдан адамын өлимге қыйғысы келмеди. Санасында бир саўал бас көтерди. Күңликке, шорылыққа, тоқаллыққа қыяр ма един?

Оннан жаслай болса да өлип кеткени абзал, — деген шешимге келди. Заман әдалатсыз ба? Я адамлар ма? Анық жуўапты табыў аңсат емес еди.

«Ол өлген, ол елеске айланыпты... Тири болғанда сес берген болар еди». Ол өлген деген шешим басында орнығып қалды.

Арадан ҳәптелер өтти, қыз жигиттен үмитин үзбеди. Әкеси сырды сәл ертерек паш етпеди ме екен?

Ақырында жигит бир шешимге келди. Сәскеде анасының қасында, ошақ басында жүрген қызды ымлап шақырды.

— Мен саған үйленбекшимен, — деди сыбырлап. Разымысаң?

Қыз басын төмен салды. Жүреги дүрсилдеп, тайдай шапқылап соға баслады. Ол жигиттен бул сөзлерди күткени қашшан. Бирақ «разыман», деп жигиттиң мойнына асылыўға қызлық намысы жол қоймады. Билинер-билинбес етип, бас ийзеп қоя қойды.

Қыздың разы екенлигин аңғарып үлгерген жигит Жарқынбайдың отаўына қарай кетти. Жигит кеўлиндегисин түўел айтты. Гүзде елине атланып, тойды сол жақта бермекши екенлигин қосып қойды.

Жарқынбай қызын жүги менен узатты. Бир түйеге отаў жүкленди. Бир үйир жылқы, боталы түйе, бир отар қой айдаған көшти аўыл жигитлери бир неше күнде Үстирттен аман-саў өткерип, Қоңырат шәҳәриниң төбесин көрип, излерине қайтты.

Сүйиклиси ушын қурбан болыўды, онысыз Шымбай шәҳәрине тири оралмаўды шешип, әжелге басын тиккен кешеги Қайыр— бүгин Қайырберди болып, бай көшти баслап, Қаракөл бойындағы қыпшақ аўылына асығар еди. «Пәлектиң исине пәлен деп болмас», деп аталарымыз бийкар айтпаған қусайды...

## 12

Қусханатаўдан таң алагеўгимде жолға түскен бир неше өгиз арбалар излеринде бир тегис шаң қалдырып, асықпай жүрип отырып, гүздиң қысқарып баратырған күнин батырып, алагеўгимде Мынжырға жетип келди. Ҳәрдайым келип түсетуғын шарбағына кирип, арбалардан өгизлерин шығарып, қазықларға байлап, алдыларына от салынғанша ўақыт қуптанға тақалды.

Үй ийеси шарбаққа соңғы арба кирип, дәрўаза жабылған пайытта алыстырып жиберген от гүрлеп жанып, отқа басылған қара дүмшелер пақырлап қайнай баслады.

— Ҳа Хошмурат, деп даўыслады арбалардың ийеси, бизге Шымбайдың мал базарынан таныс болған қопа сақаллы дийқан киси ошақ басына жайласып атырып, бала-шағанды оятып қыйналып жүрме, бизге ҳеш нәрсе ҳәжет емес, белимизге байлаған бийдай нанымыз бар, қайнаған суў менен нан жеп, уйқыға жатамыз. Таңда базар, еле дәнди Кегейлиден өткериўимиз керек, жол қағып ҳарып-талдық...

— Болады, болады, Пиримбет, хәлекшилиги жоқ, шертектиң астындағы сыпаға кийиз төсеўли, өзиң билесең, бизде ҳәммеге жеткендей көрпе жоқ, — деди узын бойлы, арық-турықтан келген көсенамай киси балаларым оянып кетпесин деген ой менен даўысын пәсеңлетип. Бул сапары базарға қандай дән әкелдиңлер?

— Бийдай әкелдик, — деди қопа сақал басық даўыс пенен.

— Быйыл бийдай болық болды, — деп еситтим, деди көсенамай хожайын. Әттең, қолым босап, ораққа бара алмадым, балаларым бийдай нанға тойған болар еди. Даўысынан кеўлиндеги өкиниш, ишки ҳәсирет сезилип турды.

— Көз тиймесин, зор болды, — деди қопа сақал хожайынның даўысындағы реништи елестирмеген болып.

Көп өтпей, жол басып ҳарыған дийқанлар кийиз үстине жайласып, тонларын жамылып, уйқыға жатты.

Таң ағарғанда арбаға жегилген өгизлер Кегейли көпириниң алдында иркилген еди.

— Ең болмаса арба өткендей көпир болғанда, дән базарға туўры кирип барған болар едик, — деп тоңқылдады қопа сақал. Ҳәй, Бердимурат, бери келиңлер, ҳәр ким бир-бир қапшықтан арқалап базарға жетиң, дәнниң басында биреўиңиз қалып, екиншиңиз тез қайтың.

— Бул дәнлерди қашан тасып болар екенбиз, — деп гүңк етти Бердимурат.

— Гәпти қой, қәне ийниңе салып жиберейин қапшықты, бол, бол! Талдырмашлаў өспирим жигит Бердимурат аўзы тигилген ала қапты ийнине қойғанда теңселип кетти.

— Бек бол, дәрьяға жиберип алма, деп ескертти қопа сақал.

Ийинлерине дән мингизилген еки жигит жүктиң салмағынан ийилип, аяқларын ғаз-ғаз басып, Кегейлиниң аманат ғана көпирине қәдем қойды. Бир пайытлар көплеп-көмеклеп, көпир қурылып, оннан атлы да, пияда да, арба да өтетуғын еди. Жылдың басында, қызыл суўдың ўағында, сең тирелип көпирди алып кетти. Сеңнен аман қалған өрелерге ағаш таслап, ҳәзирги аманат көпир тикленди, енди оннан «жығылып кетпеймен бе», деп пияданың өзи зорға өтеди.

Қопа сақал дийқан жигитлердиң ийнине қапты салыўын салса да, алла-алла менен «жигитлер қапты түсирип алмаса болар елди», деген гүман ишин өртеп турар еди.

«Алла яр болғай»...

Усы сөзлерди бир неше мәртебе қайталаған Бердимурат жары ортаға барып қалды. Кеминде үш батпан, болмаса төрт батпан жүк ийнин басып, аяғын көтериўи қыйынласып кетти. Сәл қозғап қойса жеңиллесер ме, деген ой менен қапты бир силкип еди, көпир шайқалып, қап аўа баслады, дәнди жибермеймен, деп жабысқан Бердимуратты үш батпанлық салмақ жөнине қойсын ба, бирге алып кетти. Қопа сақалдың көз алдында әдеўир бәлент көпирден дәслеп

бир қапшық дән, оның изинен қорқыныштан ба, ғәзептен бе «ҳәй» деп қышқырып жиберген Бердимурат төмен қарай ушып барар еди.

— Бек бол, бек бол, — деп қопа сақал да таңғы ҳаўаны жаңғыртып қышқырды. Бул сөзди қапшықтың изинен Кегейлиниң муздай суўына ерксиз шомылыў несип еткен Бердимуратқа карата айтты ма, я шеригиниң суўға жығылғанын көрип, не қыларын билмей иркилип қалған екинши жигитке қаратты ма, ол жағы намәлим еди.

Суўға бир сүңгип шыққан Бердимурат нәбада бийдай толы қапшық көринбей ме, деген қусап, дөгерегине алақлап қарады, салмақлы қапшықтың бул ўақытлары қай жерде екенлиги жалғыз аллаға ғана аян еди. Соң шекпениниң қара зил болып, аўырласып кеткенине қарамастан Қарабайлының ағысына қарсы жүзип үйренген өспирим қулаш сермеп, жағаға қарай жүзе баслады.

Қопа сақал жағада турып, шыр-пыры шығып, Бердимуратқа бир нәрселерди айтар, ҳәм өзин, ҳәм ийниндеги шапанын қутқарыў тәўиши менен бәнт болған өспирим оны еситпес, еситсе де не айтып атырғанын түсинбес еди.

Көз ашып жумғанша қасындағы Бердимураттың суўда жүзип баратырғанын көрген екинши жигит дизеси қалтырап кетти ҳәм ийниндеги қапты аяқ астында теңселип турған көпирдиң үстине таслап жиберди.

— Бир қап бийдай суўға кетти, суўға кетти, ҳәй әттегене, ала қап та кетти, қапты Сейтимнен ат-түйе қылып сорап алғанымды қәйтерсең, ўах-ўах, деп дийқан қопа сақалын тутамлай берди. Суўға жығылған жигитти де ядтан шығарған, ҳәзир оның қыялын суўға кеткен ала қап пенен оның ишиндеги дән бийлеп алған еди.

— Қапшық суўға кетти! Суў сиңген шекпенин қолына услап, дийқанның жанына келген Бердимурат қопа сақалдың жарасына дуз сеўип еди. Услап қала алмадым.

— Өзиң аманбысаң, әйтеўир, — деди дийқан ақырында. Не илаж, буйырмаған шығар. Әўелден дән базардан ҳаммалларды жаллағанда болар екен! Ҳәй әттең...

Таң сәҳәрде көпир үстинде болып өткен кеўилсиз ўақыядан көпшилик хабар тапты, дән базарында оны еситпеген ҳеш кимсе қалмады, десе лап болмас. Бираз дәннен айрылған қопа сақал Кегейлиниң көпирин оңламаған Юсуп ақсақалды бир неше мәртебе

тилге алды. Базарда өз тәрепи, Қусхана әтирапындағы қытай бийи Төремурат гезлесип еди, оған арзын айта баслады.

— Төремурат бий аға, мынаў көпирди қашан келеге келтиресизлер. Бүгин бираз дән менен қаптан айрылдық.

— Еситтим, еситтим Пиреке, деп мақуллады Төремурат. Бул исти ойласып шешпек дәркар, дәрья менен көпир орталық. Бирлесип ислесе, мойын тартып турмассаң, өзиң- де. Бий гәпиниң изин еки ушлы етти.

— Көпирден дән алып өтетуғын мениң бир өзим емес екенин билесең. Сонда да қарап қалмаспыз, «қолдасып көтерген жүк жеңил», деседи.

— Базар, тарқарға таман Юсуп ақсақалдың шарбағының алдында гезлестик онда. Арызды өзиң басла, биз хошлаймыз.

Күн аўа-күн аўа арызға келгенлердиң саны бир нешеге жетти. Олардың ишинде Төремурат бий, Рысназар бий, Дәўлетназар бий, Кегейлиниң аржақ-бер жағынан қурғын дийқанлар бар еди.

— Дәрьяға көпир керек-ақ, деди Рысназар бий. Қулақ түрсеңлер, тағы бир муқым гәп бар.

Жыйылғанлардың қулақлары елеңлести.

— Ол не гәп екен?

— Гәпим сол, деп баслады Рысназар, Бухар менен Хийўада медресе бар, Қырантаў деген жерде Имам ийшан мешит ашып, бала оқытып атыр, деп еситемен. Шымбайды «шәҳәр» деп мардыямыздағы, бирақ бала оқытқандай мешитимиз, мектебимиз жоқ.

— Дурыс, дурыс, деп ғаўқылдасты жыйылғанлар.

— Дурыс болса мақул гәп. Бирақ мешит, мектеп ашыў өзиненөзи бола берер дейсиз бе! Ылайықлы имарат керек, бала оқытатуғын жетик молла керек, оған қәрежет керек.

— Салықты жыйып-терип ҳәр жылы ханға қос қоллап узата бергенше, мектеп пенен көпирге бир үлесин қаратса болмас па еди?

Бул гәп ҳәр жылы салық жыйғанда «жериң көп, табысың көп», деп салықты басыңқырап салып жүргенинен наразы Төремурат бийден шықты.

— Оны Айдос бийге айтың, — деди кимдур.

— Ол тыңламайды-ғой. Жарлы-жақыбай төлей алмайды, — деп аўқатлы адамларға аўырманлық салады. Және бәрин ханға...

— Енди ақсақалды көрейик,— әдеўир адам жыйылды-ғой, деди кимдур. Адам келгенинен хабардар болса керек, шарбаққа киргенлерди аўызда Юсуп ақсақал өзи қарсы алып, терис әйўанға баслады.

Ылайдан тикленген имараттың бир тәрепи дийўалға жабыстырып, бир таманы мықлы өрелерге тирелип қурылған терис әйўанның сыпасының үстине Хийўа гилемлери төселип, ортаға дастурхан жайылған. Әтирапты гүз қуяшы әдеўир қыздырып турғанына қарамастан ҳәўли салқын, қол созым жерде миййе дарақлары теңселип тур.

— Марҳамат, хош келипсизлер, арқайын жайласып отырыңлар, — деди ҳүрмет жүзесинен қол қаўсырып, тикке турған ақсақал.

Жайласып отырып атырғанлар әтирапқа бир, ақсақалға бир қарасты. Әсиресе, Юсуптиң ҳәўлисине биринши мәрте келген қопасақал дийқан әтираптың пайызына, оннан да бетер ҳәўли ийесиниң кишипейиллигине таңланғанынан аўзы ашылды.

Дизе бүгип, пәтия қылып, жүзин сыйпаған қоллары менен сақалын тутамлаған Рысназар бий, келгенлердиң ишиндеги жасы уллысы да өзи еди, шәҳәр ақсақалының илтипатын бурын көре берип көзи үйренип қалды ма, Юсуптиң «наннан алың, нан сындырың» дегенин оншелли елестирмей, қулағының тусынан өткерип жиберип, тийкарғы гәпке көшти.

— Нан болса жей беремиз, бизден алды бурын жол болсын сора, Юсупжан, — деп иркилди Рысназар.

— Жасыуллылар, жол болсын, — деди Юсуп ақсақал сынын бузбай. Көпир мәселеси әлле қашан қулағына келип жеткен, оның үстине азы-кем бас қатырып та үлгерген еди.

— Арзы дад айтпаққа келдик, Юсупжан. Иншалла, Шымбай шәҳәриниң ақсақалысаң, сол ушын арзымызды сизге айтпай, кимге айтар едик.

— Хуп, хуп. Бас үстине яшуллы. Қулағым сизде.

— Қулағыңыз бизде болса, мынаў қопасақал киси, Қусхана әтирапынан келипти, сатыўға дән әкелипти. Көпирдиң жағдайы өзиңизге мәлим, бәҳәрдеги қызыл суў бузып кеткели дүзелмеген. Бул киси таң алагеўгимде көпирден өтемен деп бир неше қап бийдайын суўға жиберипти.

— Тақсыр бир қап еди, — деп дүзетти қопасақал.

— Бир қап болса бир қап, — деп сөзин бөлген дийқанға тигилген Рысназар даўам етти. Гәп кеткен бийдайдың неше қап екенлигинде емес, ал көпирдиң бузықлығында, солай емес пе?

— Солай, солай, дести отырғанлар.

— Солай болса көпирди дүзетпектиң ҳәмелин қылмақ керек. Гүзде суў тартылады, сол пайыттан пайдаланып тиклеп қоймасақ, өлмеген кисиге және бәҳәр бар, жаз бар...

— Дийқанның бийдайы суўға кеткенин еситтим, Юсуп гәп баслап еди, қопасақал сөзди бөлди.

— Бийдайдан бетер ала қап... Сейтимнен сорап алып едим...

— Яқшы, илажын қыలармыз, деди ақсақал сөзин қопасақал бөле бериўинен қәўипсинип. Қаптың илажын қылармыз.

— Бес батпан кеткендей, үлкен еди, — деди қопасақал өзин ирке алмай.

— Қассапқа ет қайғы, қара ешкиге жан қайғы, деген усыдағы. Рысназар шыдамай дийқанға тәселле айтты. −Қоятур енди...

Дийқан өзиниң артығырақ кеткенин енди түсинди ме, жабадай қоллары менен аўзын басты.

— Көпирдиң бузылғанынан да хабарым бар, қызыл суў алып кетти. Усталарды жыйып сол пайыт дүзетпекши болдық, бирақ өрелерди суў ағызып алып кеткен, өреге дүзиў ағаш таппадық, бары менен базар қылғанымыз еди. Көпирге ақтерек өрелер керек. Ондай ағашлар я Хийўадан, я болмаса Маңғыт пенен Гүрленнен табылады. Ақыр аяғы келип ғәрежетке тиреледи.

— Салықтың бир үлесин қаратқанда болмас па еди? — деди Төремурат.

— Оны хан ҳәзиретлери шешеди. Көпир салып бериң, деп ханға қалай айтамыз?

— Онда не қылдық?

Ақсақал алдын ала «қысынғанда не айтаман?», деген ойдың басына барып, реже дүзип қойған болса керек.

— Көпир ҳәммеге керек. Халықтан жылыў жыйнасақ қалай болар екен?

Көпшилик ойланып қалды, ҳеш ким «мақул» я «намақул» деген сөзди айтыўға жүрексинбей, жанындағылардың аўзына бағар еди.

— «Көп түкирсе көл болады», деген ғарры сөз бийкар айтылмаған шығар деди ақырында жуўапкершиликти өз мойнына алмақлықты шешкен Рысназар. Жылыў жыйнаў болса, жылыў жыйнаў...

— Онда ертең қысқа базарда жар шақыртамыз, — деди ийнинен бир аўыр жүк түскен сыяқлы бойы жеңилленген ақсақал. Ҳеш биримиз бул қайырлы истен шетте турмаспыз, иншалла. Бул отырғанларға қаратылған еди.

— Көпир салынып питкенше базарды арғы жүзге көширгенде қәйтер еди? Күни менен «илла» деп аўыз ашпай отырған, Орынбай бий өлген соң әкесиниң орнына бий болған Дәўлетназар.

Оған Рысназар бий қарсы шықты.

— Берги жүздегилер не қылады, сонда?

Бириниң аўылы Кегейлиниң күншығарында, бириники болса күнбатарда еди.

— Базарды көширгенше көпирди питирейик, — деди Юсуп. Көпир ҳәр күни керек. Ҳәбий саўдагерге өрелик арғыт әкеле бериўди ертең-ақ тапсыраман. Ҳәзирше несийеге. Астында қалмаспыз.

— Тас ядымнан шығыпты, ядыма да салмайсыз-аў, — деди Рысназар қобалжып. Бағана мешит-мектептен гәп қозғап едик...

— Рас-әй, деди орынсыз сөйлеп қояман ба, деп отырған қопасақал сөздиң орны келгенине қуўанып. Мектеп керек... Үш улым бар, бәри де «әлипти таяқ» деп таныйды. Молла болмаса да... «хат танысын», деп айтпақшы еди, бузып аламан ба, деп қабарған алақаны менен аўзын көлегейледи.

— Мешит болса оған жай тиклеймен, дегенше өзимниң шарбағымнан бир өжире беремен, ҳәзиринше... Молла табыў жағын ойластырып көре бериңлер, деп Юсуп гәпти қысқа қылды.

Айтылажақ сөз айтылып болған еди. Ортадағы нанды сындырып, аўыз тийгеннен соң ақсақалдың мирәтине қарамай, келгенлер Рысназар бий турған соң орынларынан қозғалды. Қопасақал суўға кеткен ала қабы жөнинде тағы сөз қозғаўға оқталып еди, ҳәтте «ала қап» деген сөз аўзынан шығып та үлгерип еди, бирақ көпшиликтиң ғаўырлысы басып кетти, көзи дөгерекке түсип, ишинен «пах, пайызлы ҳәўли екен, усындай ҳәўли салмақ, ишинде отырмақ несип етсе...» деген ҳәўес пенен изине қарай-қарай шарбақтан шықты.

## 13

Жарасы жазылып, Қарнаққа барған Ережепти көп өтпей ханның дийўанына шақыртты.

— Сиз бе ала атлыны жеңген баҳадыр? Ережепти қарсы алған жүзинде қаны жоқ, узын бойлы дийўанбеги жигиттиң бастан аяғына өткир ҳәм урланып бағатуғын ала көзлери менен сынап бақты. Қайда кеттиңиз, хан ҳәзиретлери мукафатлаўды буйырған еди, елге кеттиңиз бе?

Бул Ережептиң аўылына кеткенин билсе де дийўанбегиниң қылып отырған сиясаты еди. Ала көзлерин пәтикке тигип турып, дийўанбеги қолын-қолына урып еди, перде артында таяр турған хызметкер ҳәзир болды.

— Ләббай тақсыр!

— Баҳадыр жигитке сарыпай келтириң!

— Ҳәзир, ҳәзир...деп хызметкер артқа бәсип, перде артына ғайып болды. Көп өтпей баҳалы шекпен менен алтын тоғалы, енли кәмарды алып шықты.

— Мәрҳамат тақсыр.

— Мүбәрек болсын, — деди Ережептиң ийнине сарыпайды жаўып, не ушындур ала көзлерин басқа таманға тигип турған дийўанбеги. Ҳәзирети ханымыз ушын хызмет қылсаңыз, оның марҳаматына сазаўар боласыз, билип қойың, баҳадыр!

— Қуллық, қуллық...

Сарайдан шыққан Ережептиң аяғы жерге тиймей, мисли ҳаўада пәлпеллеп ушып баратырған киби, кеўли көтериңки еди. Жыллы ҳәм саўлатлы, түркмен шеберлери тоқыған шекпенди сыйпап көрди. Сыртынан байланған кәмардың муздай салқын, бирақ жалтырап турған алтын тоғасына бармақ тийгизди. «Жораларым көрип не дер екен? Мақтанатуғын Айқыз алыста, аўылда қалды», деп ойлады ишинен. Атханада қара атты алдына жетелеп келген атбағарға көз қырын таслап, оның қызығыўшылық ҳәм ҳүрмет пенен нәзер салып турғанын аңлады, ишинен марапатланды. «Көрип қойың, ала атлыны жеңген жигитти»...

Атқа ғарғып минип, жорттырып кете берди. Белиндеги қылыштың қыны жез үзеңгиге соқлығысып, ара-тура «шың-шың» еткен сес шығарып барар еди.

Қарнақта Ережепти бир жаңалық күтпекте еди. Жолына дилгир болып отырған жүзбасы жигитти мүбәрекбад еткеннен соң, тиккелей иске көшти.

— Бүгиннен баслап онбасысыз, — деди орақтай муртын бир сыйпап қойып жүзбасы. Қасыңа жүзликтен өзиң таңлаған жигитлерди ал да Хийўаға атлан. Қупыя гәп бар көринеди. Анығын сол жерде түсиндирсе керек, қәне, шапшаң қыймылда.

Жигит нөкерге келген күннен-ақ өзин кеминде онбасы санайтуғын, дөгерегине жыйналғанлар да солай ойлайтуғын еди, ҳәзир бул гәпти жүзбасының аўзынан еситкен Ережеп исенимли жигитлердиң атын даўыслап айтты.

— Жуманазар, Барлықбай, Айназар, Мәткарим... Олардың ишинде өз аўылласлары менен бирге хорезмли батырлар да бар еди.

Хийўада бир неше күн күтип жатты. Ақырында сәти түсип жолға шықты. Ханлықтың Иранға жоллаған елшилерин гүзетиў тапсырылды. Басларына сәлле ораған, сақалларын муқыятлап гүзеп, көгис реңге бояған үш-төрт жасыуллы адамлар менен олардың хызметкерлерин гүзетиў, бас-аяғы кишигирим кәрўан болған, Иран шахына аталған саўғалар артылған түйелерди қорықлаўлары дәркар еди.

Хийўаның палўан дәрўазасынан шығып, ақырын жылжып отырған кәрўан, шәҳәрдиң шаўқымға толы тар көшелери менен таң азанда муаззинниң айтқан азанын жаңғырықлатып, алысларға тарататуғын бәлент минаралары менен Дишан қаланың саз ылайдан тикленген, қуяш нурында қызғыш дөнип туратуғын айбатлы диййўалларын изде қалдырып, кәрўан жолы менен қубла таманға, Қарақум арасына сиңип бара берди.

Елшилер кәрўаны Иран шахы менен келис сөзлер жүргизиўге атланған, әсиресе шах ушын қымбат баҳалы саўғалар: алтыннан, ҳасыл таслар қадап исленген зеб-зийнет тағыншақлар, ыдыслар менен қурал-жарақлар, түркмени гилемлер менен паласлар, тағы зергерлердиң қолынан дөреген, әлле қандай көздиң жаўын алатуғын буйымлар алып баратырған, сол ушын да елшилер менен түйешилердиң қурал көтерип алған хызметкерлеринен басқа түркменлердиң ала атлы баҳадырын жекпе-жек алыста жазым қылған Ережептиң басшылығындағы, жүз қарақшы келсе де тайсалыўды билмейтуғын жигитлерге елшилерди қорықлаў тапсырылған.

Еле кәрўан ханлық қарамағындағы жерлерден өтип барар, сонлықтан ҳәммелер: елши көк сақаллар да, олардың хызметкерлери де, түйешилер де, қорықшы жигитлер де әдеўир арқайын келер, түйе

айдаған түйекешлер найзасын жездиң үстиндеги жүкке кесе таслай салған, атқосшы хызметкерлердиң биразы ат үстинде мүлгип отырар, тек сақшылар ғана, әсиресе олардың басшысы Ережеп «бәле-қада қайда жоқ, бассаң аяқ астында», деген нақылды умытпай, өзин сергек услап келмекте еди.

Ақырында Қарақум шоқалақлары изде қалып, таслы алаңлар гезлести. Шамасы Иран елиниң аймағы басланса керек. Сақшылар сардары солай ойлады.

Кешқурын аўылға жетип келди. Жол бойында бир ақсақаллы, бир қара сақаллы қызғын гүрриңлесип турар, даўыслары қатты-қатты еситилер еди, Ережеп: олар не ҳаққында бәсекилесип атыр екен, — деген ой менен қулақ түрди, бирақ ҳеш бир сөзине түсинбеди, сонда өз ойының дурыс екенлигине әмин болды.

Елшилер менен бирге киятырған тәжик жигити кәрўан яшыуллысына қулағын түрип турды да соң атын тебинип, топардан бөлинип шығып, жол жүрип киятырғанларға түсиниксиз тилде бир нәрселерди айтып бақырып бара берди. Жол бойындағылардан биреў иркилип, тәжик пенен тиллести, соң қолы менен әлле таманды қайта-қайта нусқады.

«Аўыл ақсақалын сорастырса керек», деп ойлады Ережеп.

Көп өтпей кәрўан дилмашы сақал-шашы ағарған, қырғый мурынлы кисини ертип келди. Ол аўыл ақсақалы екен.

Елшилер аўылдың шетинде таўға тутасып турған жанбаўырға қурылған кең ҳәўлиге орналасты. Ақсақалларға ҳәўлиниң ишиндеги кең бөлме тийисти де, нөкерлер менен хызметкерлер ашық ҳаўада түнейтуғын болды.

Аўыл иши оншелли қәўипли емес, қарақшылар шахқа киятырған елшиге бул жерде топылыўға жүрексинбес еди.

Бир жигит ҳәўлиниң қоршаған тас дийўалларға жақын, қатара байланған атларды қараўыллады, қалғанлары түйелерден түсирилген қымбат баҳалы жүклерди ортаға алып, ат жабыўларды төсеп, үстине жайласты. От жағылды. Ыссы суў ишилип, аўқат болынған соң хәр ким өз ат жабыўының үстине қыйсайып, кийимлери, белиндеги қылыш-қанжарларын шешпей көз илиндириўге жатты. Ережеп уйқыға беккем, сергек еди.

— Қәне уйқылап алыңлар, өзим ояў жатаман. Қораздың екинши шақырымында Жуманазар атларды қараўыллап турған Барлықбайды алмастырады. Еситтиң бе, Жуманазар?

— Еситтим, — деди тонын жамылып, көзи илинип баратырған жигит манаўсырап.

Атларды қараўыллап атырған Барлықбай жигитлердиң ишинде ең жасы кишиси, Ережептен де киширек, сол ушын өзи онша жүрекли

болмаса да мәртлик көрсетиўди әрман қылар, оның үстине аўылласы болған Ережептиң ала атлыны жеңгени менен көринген адамға мақтанар, буған исеним билдирип, ертип шыққанынан төбеси көкке жетип киятыр еди.

Қоразлар биринши шақырғанда көзи илинип баратырған Ережеп «селк» етип шоршып түсти, уйқылап қалмадым ба, деп дөгерегине қарады. қарады. Қыс кирип киятырған, оның үстине таў тәрептен ескен салқын леп пенен үстиндеги тонның жағасына қатқан қыраў қолына муздай болып тийди. Соң ойлап-ойлап қораздың буннан бурын шақырғанын еслей алмады. «Биринширси шығар» деген ой менен тынышланды, бирақ урланып санасына кирип киятырған уйқыға жол бермеўге талапланып, ҳәр нәрсени ойлап көриўге умтылды, дөгерекке қулақ түрди. Сәл алысыраққа шөктирилген түйелердиң гүйис қайтарғаны еситиледи, таў бетте әжептәўир етип бир қус шақырды, қуйқасы жуўлап кетти. «Байыўлыға усамайды, ол қандай қус екен бала?» Салқын самал дөгеректеги тереклердиң шақаларын шуўылдатып, уйқыға елтти, бирақ онбасы әбден уйқысы келгенде ислейтуғын әдисин қылып, шунақтай бармағын аўыртып тиследи, ғайратлы тислер батыңқырап кеткен болса керек, аўырыўдың зарпына шыдамай, ыңыранып қойды, уйқысы да шайдай ашылған еди.

Қоразлар екинши мәрте шақырып, күткен мезгил болғанын хабарлады.

— Жуманазар, ҳа, Жуманазар, — деди өзгелерди оятып алмаў ушын Ережеп пәс даўыс пенен. Бирақ уйқысы қатты Жуманазар кийиминен услап жулқылағанда барып оянды. Түргелип отырып, әлленемирде өзине келип, Барлықбайды алмаслаўға кетти.

Атлардың қасында жулдызларға тигилип қыял сүрген Барлықбай ерлик етиў ҳаққында қыялларынан арыла алмай, сыбырлап сөйлеп, Ережепти сөзге тартпақшы болды, бирақ онбасы: «Жатып уйқыла, танда атланамыз, ерлик ислеў ушын жақсылап тынығыў керек», дегеннен соң барып, нәйлаж орнына қыйсайып тонын бүркенди. Сақшылықта турып ойынан кеширгенлерин ерксиз еследи...

Жол жүрип ҳарыған атлар тикке турып мүлгир, түслеринде ме, я оңында ма тепсинип-тепсинип қояр тастан өрилген пәскелтек дийўалдың арты тас қараңғы, Барлықбай мисли қара мақпалдай қойыў қараңғылықтан көзлерин үзбей тигилер, оң қолы белиндеги қылышының сабын сығымлай берер, қыялында қараңғылықтан кимдур еки көзи масаладай жанып шыға келиўин, ким екенлиги, ол атларды алыўға келген қарақшы ма, я адасқан жолаўшы ма, әрўақ па, жин бе, шайтан ба, Барлықбайға бәрибир сыяқлы, тек өспирим жигиттиң мәртлик көрсетиўине имкан берсе болғаны... Сонда... Сонда Шымбай шәҳәриниң Қаракөл бойы аўылынан келген қыпшақ жигити,

бәринен бетер ала атлы баҳадырды жер тислеткен Ережеп онбасының аўылласы қылышты қыннан суўырып алып жар салады: «Тоқта, қозғалма орныңнан, болмаса қылыш пенен шаўып таслайман!». Ал қараңғыдан шығып келген, шамдай жанып турған еки көз ийесиниң қандай ҳәрекет қылатуғыны жөнинде ойлап көрмеди, бирақ ол иркилмесе өспирим не қылатуғынын биледи, қылышты суўырып алады да шаўып таслайды. Шаўқымнан оянған ҳәмме адам тик аяққа турып, ўақыя болған жерге келсе, қолына қылыш услаған Барлықбайды көреди, олар: «жарайсаң баҳадыр, ҳәммемизди қутқарып қалдың!», деп арқасынан қағады, мәгар Хийўаға қайтқаннан кейин Ережепке уқсатып онбасы көтерер... Ал, бул ўақытлары жигит қылыш силтеген жерде... әлбетте қанға боялған қарақшы ма, кимдур жатыўы керек. Бирақ, «бирақ жин-жыпыр болса оянғанлар мениң үстимнен күлип жүрмес пе екен?», деген гүман ойына келип, иркилип қалды.

Ақырында ерлик ҳаққындағы шийрин арзыўларды татлы таң уйқысы жеңген еди.

Сәҳәрде уйқыдан оянған жолаўшылар шайҳалқастан соң жолға түсти. Хорезмлилердиң көзлери үйренген қумлардың орнына таслы, таўлы жерлер көбиректей көринди.

Кәрўан таўлар арасына киргенине еки күннен асты. Төбелер оншелли бийик емес, деген менен жыралар ишинен өткен жол бойында аспанға қарасаң тикжар таслардың төбесине көзиң жеткенше басыңнан телпегиң түседи. Шамасы қәўип-қәтер де күшейди. Көк сақаллардың жасы үлкени онбасыны шақырып, сақшыларға кәрўанның алдында бир ат шаптырымда жүриўди буйырды. Ережеп пенен қасындағы жигитлер шыйрақласты. Ҳәр күни таў ишинде, жолдан бурыўырақ шығып қоныўға туўра келер еди.

— Таў жолы ақырына шамаласты, — деди үшинши күни тәжик дилмаш.

Дуўтардың жипек тарындай болып тартылған жүйкелер аз ғана босасқандай болып еди. Жол да тар жыралардан кеңликке шыға баслаған жерде кәрўан дығырықтан айланып, кең жазыққа шыға бергенде жүз-жүз елиў қәдемдей жерде шоғырласып турған жигирмалаған атлы көринди. Оларға көзи түскен Ережептиң кеўлине «қарақшылар емес пе екен?», деген гүман келип үлгеремен дегенше шоғырласып турғанлар түсиниксиз тилде қышқырысып, шамасы даўыс берип, бирин-бири жигерлендирип, ҳүжимге шақырған болса керек, атларының дизгинлерин жаздырып, бар пәти менен кәрўанға тасланды.

Күшлер тең емес еди. Қарақшылар еки есе көп екенин көрген Ережеп изге шегинип, кәрўандағыларға арқа бериўди ойына да келтирмеди.

— Қылышларыңыз суўырылсын! Аллаху акбар, издегилер де еситсин, ғапыл қалмасын деген ойда бар даўысы менен кең жыраны жаңғырықлатқан Ережеп алдына кесе услап киятырған узын саплы найзаны тақымына басып, жалмажан қылыш суўырды.

Еки орта он-он бес қәдем қалғанда топылған қарақшылар онбасы ойлағандай бетпе-бет қылышласыўдан тайсалып, еки топарға бөлинди булардың тусынан зуўылдап, қыйқыўлап өте берди. Шеткериректе ат шаптырып киятырған Барлықбайдың «а-а-а-а!», деп бақырған сести бир жаңғырықлап тынды.

«Изге, изге қайтыў керек! Қарақшылар пәнт берди» деген ойлар Ережептиң қыялында шақмақтай шағылды. Дизгинди қапталға қағыўы мәттал, қара ат жәниўар табаннан қайтты. Бул ўақытта қарақшылар әдеўир узап кеткен, ал өтип баратырып шеткеридеги Барлықбайға қурық таслап, сүйреп кеткен атлы изиректе баратыр еди, оң қолындағы қылышты қынға салмақлық ушын пурсат жоқ, қоллары узынлығы пайда берди, сәл еңкейип шеп қолын узатып, тақымындағы найзаны алды, көп гөзлеп отырмады, қолы қәлип алған, көзи шен еди, қәддин тиклеп, аяқларын үзеңгиге тиреп, бар күши менен найзаны атты, пәтли қол менен атылған сүңги аттан жүйрик болып шықты, изинде Барлықбай сүйретилип киятырған қурықтың жибин таслай берген шәўкер атлы қарақшының нақ жаўырнына қадалған найзаның ушы көкирегин тесип шықты, ат ийеси жылаўды тартты ма, яки оған бир бәле болғанын сезди ме, шәўкер ат шабысын пәсейте-пәсейте, ақырында адым-адымға өтти, аяғы сиресип үзеңгиден шықпай қалған қарақшының салбыраған қоллары жерге сүйрелди. Оның күни питкен еди.

Бул ўақытларда ҳәр қандай қәўипти күтип алыўға таяр киятырған кәрўандағылардың қурал-жарақлары қарақшыларға қаратылып үлгерди, өзлери дәслепки соққыдан аман қалыў ушын қалқаны барлар қалқанын, ондайлары жоқлар түйелер менен атларды паналады.

Олжаны қолға киргизип, бул жерден тезирек қараларын батырыў тийкарғы мақсети болған қарақшылар хызметкерлердиң бир-екеўин жаралап, түйелердиң буйдасына жармасты ҳәм қатты қәтелести. Көз ашып-жумғанша атларын изге бурған жаўынгер онлық қылышларын жалаңлатып қарақшылардың желкесинде турар еди.

«Мол дүньяға қолымыз жетти», деп қуўанысып, жалаңаш қылышлар демин ядтан шығарған бир неше қарақшының баслары ҳәп-заматта ат туяқлары астына домалап түсти. Жағдайды аңғарған қарақшылар басшысы Ережепке түсиниксиз тилде қышқырған еди, басы ийнинде аман турғанлары қолларына илинген буйдалар менен жүўенлерди ылақтырып таслап, әўел баста қолланған әдисин қайталап, еки бөлинип, өзлери шығып келген жыралар таманға ат шаптырып кете берди.

Изине қайрылмай қаша жөнелгени оларды өлимнен аман алып қалған болса, әжеп емес.

Ережеп қашқынлардың изинен қуўып отырмады. Оған әлле бир қарақшыларды қуўып тутқынлаў емес, ал кәрўанды қорықлаў тапсырылған еди.

Әлленемирде кәрўандағылар еслерин жыйып, өли-тирини түўелледи. Еки адам жараланған екен, жерде домалап жатырған басларға иркилмеди, Барлықбайдың денесип алып, бул пәлекетли мәканнан алысыраққа кетиўге асықты.

Қарақшылар топары қайта ҳүжимге өтпес пе екен, деп гүманланған Ережеп қылышын қынына салмай, кеткенлердиң изинен қарап турды, жыра ишинде ат туяқларының гүмбирлеген сеслери тынғаннан соң Барлықбайдың жанына келип, аттан түсти жараланғанлар менен басқалар шуғылланып атырғанда, көк аспанға тигилип ашық қалған көзлерин алақаны менен ақырын жапты. Дыбыс шығармаса да аўыр қабақлары дерлик жаўып турған көзлеринен тер тамшылары ма, әлле жас тамшылары ма сорғалар, жигит бул ҳалатты өзгелерге көрсетпеўге тырысар еди.

Кимдур, урыста өлгенлер менен жараланғанларды көре-көре кеўли бершимек болып қатып қалған биреў, денени «жаны жоқ па?», деп барлап көрди, соң пәс даўыс пенен:

— Мойын омыртқасы үзилип кеткен, — деди. Көзлерин жас пердеси қаплаған Ережеп сөйлеген адамның Мәткарим екенлигин сестинен таныды. Пурсат тығыз, қарақшылар күш топлап, қайта шабыўыл етиўи әбден итимал, саўашта өлген жас нөкердиң денесин алып, бул жерлерден алыслаў дәркар. Бос жүрген атын услап келип, денени артты, кимдур жетекке алды, ийесиз басларды жерлеўди қарақшыларға қалдырып, кәрўан жолға түсти.

Жедел жүрип отырған кәрўан алдыларынан дәрьяны ма, сайды ма жағалап қонған елат шыққанға шекем иркилмеди.

Бул сапары ақсақалды излеў ушын дилмаштың бир өзи емес, ал елшилердиң бири қосылып кетти. Жағдай қыйын ҳәм қәўетерли еди. Қарақшылар усы елаттан шыққан адамлар болыўы да мүмкин-ғой. Оның үстине өлини жерлеў керек.

Елаттың ақсақалы қарақшылар топылған кәрўан Иран шахына саўғалар менен киятырғанын еситип, әдеўир жумсарды, шамасы бул әтираптағы жоллардың қәтерсизлигин тәмийинлеў өзиниң мойнына жүкленген болса керек, қарақшыларды тутып, жазалайтуғынына исендирмекши болды, қонақжай ҳәм жолдың қалған жағының қәўетерсизлигин тәмийинлеўди ўәде етти, өлини жайластырыў мәселесинде ойланып қалды. Соң елшилерден сорады:

— Сиз қайсы мәзҳабтан боларсыз, бирадарларым?

Тәжик дилмаш хорезмлилердиң қайсы мәзҳабтан екенин айтты.

— Биз бәримиз мусылманлармыз, аҳли исламнан. Имамға айтылады.

Қонақ жайға түскеннен соң биринши ис өлини жайластырыў болды. Имам менен тәжик дилмаш ортасында әдеўир бәсеки кеткендей болып көринди. Ақыры мәселе шешилди. Алыс Шымбайдан келип, Иран елиниң таў-таслы жолларында қазаланған қарақалпақ жигити Барлықбайға жол бойындағы шиалар қәбирстаныныӊ шетинен, имам өзге мәзҳаб майитин бөлегирек жерлеўди мәсләҳәт қылған еди, еки адым жер буйырды. Қәбирге соңғы топырақ тасланғаннан соң онлықтың жигитлери дөгеректен адам көтергендей тасларды жыйып келип, алыстан көрингендей етип белги қойды.

Буннан кейинги жағында жоллар қәўипсиз еди. Бир неше күннен соң алыстан бәлент миналалар көринип, кем-кемнен жақынлай берди. Ақырында Иран пайтахты Теҳранның сарайлары менен мешитлери, кәрўансарайлары елшилерди күтип алды.

Иран жерлери ертеде, еле адамлар арқа менен қубланы зорға ажырататуғын заманларда Ассирия деген патшалыққа жүгинипти, соң заманлар өтип Ахаманийлер, Кодоманлар әўлады Жер орта теңизи жағалаўындағы Европа еллери менен жаўласып, шетсиз-шексиз жерге, ҳәдсиз күш-қүдиретке ийе Персия патшалығын жаратыпты. Олардың бири Қуруш (Кир) сақ-массагет қәўимлериниң ҳаял патшасы Томруздан жеңилип, геллеси хан толы меске батырылғаны ҳаққында аңызлар айтылады. Моңғоллардың әлемди титиреткен сардары Шыңғысхан шабылыўынан бурынырақ Иран ели Хорезмшахлар салтанаты мүлки еди. Арадан жыллар өтип, уллы Әмир Темур Иранды өз дәўлетине қосты. Қулласы тарийх самалы қай таманнан ҳәм қалай қарап ессе де, талай басқын менен шабылыўларды бастан кеширген бул ел Хийўа ханлығының пуқаралары болған түркмен руўларының жерлери менен шегараласып жатар еди.

Жүклер менен сақшыларды кәрўансарайларға жайластырған елшилер сарайға барып, шахты көрди. Оларды жақсы қабыллады ҳәм бир қанша ўақытлар тийисли адамларды тайынлап қонақ қылды, нәзик сөйлесиклер жүргизди. Олардың не ҳаққында айтысқанын Ережеп билмейди, әлбетте, сөйлесиўлер елшилердиң иси емес пе? Сақшылар кәрўансарайларда қонып, зериккенде шәҳәр аралап, кеўиллерин көтерер еди. Қарап жатқаннан семирип кетти, елди сағынды.

— Елге қашан қайтамыз,— дер еди онбасыға я Жуманазар, я Маткарим дерлик ҳәр күни.

Ережеп болса ийнин қысып қояр еди. Қашан қайтатуғынын хеш ким билмес, елшилер сарайда, оларды ҳәр күни көре бермейди.

Қысты өткерип, Наўрыз қары ерий баслағанда елшилер сөйлесиўлерди ме, миймандаршылықты ма питирсе керек, жолға

таярланыўға ҳәмир берилди. Сақшылар да, түйелерге артылған саўғалардан қутылып, жүги жеңиллесип, бирақ изге қайтыўға руқсат болмай, зериккенлигинен улыўға таяр турған кәрўандағыларда әлле қашан сол ҳәмирге мүнтәзир едилер. Көп кешикпей кәрўан жолға шықты. Түйелерге Хорезмнен келгеннен зыят болса зыят, бирақ кем емес жүк артылды, ҳәр қалай сақыйлықта ханнан изирек турыўды өзине мүнәсип көрмегендур, Иран шахы саўғалары мол еди. Кәрўанды баслап барыўға жолбасшы менен бес-алты нөкерден ибарат сақшылар да қосылды. Солай етип сәтине түскен күни елшилер кәрўаны «қайдасаң Хийўа», деп жолға түсти.

Бир неше күн жол басқан кәрўан бизге таныс болған елатта қонбақ ушын иркилди. Таңда атланған кәрўаннан бөлинген онбасы жол бойындағы қойымшылыққа қайрылды. Барлықбайдың қәбирине үйилген таслар алыстан көзге тасланып турар еди. Мәткарим менен Ережеп аттан түсип, қуран оқыды, сәл егленип турды да, атланып жүре берди. «Барлықбайдың ата-анасына не деймен?», деген ой менен бәнт болған Ережеп изге қайрылып қарамады, қайрылғанда да душпан менен алысып, мәртлик көрсетиўди әрман еткен жас жигит қәбирден турып, хошласа алмас еди.

Бәҳәрге салым Хийўаға жеткен кәрўаннан шығып, жигитлери менен қайтқан Ережепти Қарнақта қуўанышлы хабар күтип алды. Ҳәммелер әлле қашан жоқлаўын асырған, жақты әлемде оның тири жүргенлигине тек еки адам: анасы Сәрбийке менен балалықтағы досты Ережеп ғана исенетуғын Қайыр аман-есен елге оралыпты.

— Сүйинши, сүйинши, — деп бақырысты аўылласлары Ережепти көриўден жабырласып.— Қайыр ағаң қайтып келипти!

— Қайсы Қайыр, — деп жиберди өз қулағына исенерин де, исенбесин де билмей қалған Ережеп.

— Темиршиниң шәкирти Қайыр дә! Аўылласлары Қайырды билер еди, әлбетте.

— Қайыр келипти? Қашан?

— Ол хабар бизге жеткенше қанша өткенин билмеймиз. Сизлер кеткен соң көп өтпей еситилди.

— Меннен бир зыяпат, мойныма аламан, деди қуўанғанынан езиўи қулағына жеткен Ережеп...

## 14

Кегейлиге көпир салыў жөниндеги, Төремурат бийдиң «салықтың бир үлеси» ҳаққындағы гәплери көп өтпей Айдостың қулағына жетип барды. Әўез инақтан кейин тахтқа отырған Мухаммед Рахим менен табақлас болып киятырған Айдос бий инақ тусында белгиленген

салықты ҳәр жылы жыйып, ханның дийўанына өз қолы менен тапсыратуғын еди.

«Төремураттың бул гәпти айтыўында жан бар», деп ойлады Шымбай базарына базарлап барып, бул гәплерди еситкен адам жанынан әлле нелерди қосып-шатып жеткерген күни, отаўда жалғыз қалған бий. Өткен жылғы салық оған батыңқырап кеткенин Айдос аңғарған, оның да өзине тән себеплери бар еди.

Бий ойға шүмди.

«Әзел баста жигирма мың тилла дегеним әнтек болды ма?»

Есенгелди мәҳремнен соң атқа минген Айдос жыйылып келип, Әмиўдәрьяның еки тәрепине қонысланған қарақалпақларды қәлесе ханлық пенен деңгел келетуғын күш сыпатында көрсеткиси келип, шаңарақ санын сәл асырып көрсеткени бүгин ядына келди. Соннан ҳәр үйге бир үлкен тилла кеспе салық, еки мың атлы нөкер, алты мың қазыўшы саны келип шықты. Көптен қорқатуғын, күшке бас ийетуғын заман еди, өзге шарасы болмаса не қылсын? Ол пайытларда қарақалпақлар қазақ ишинен, дәрьяның өринен – Қоқан менен Бухарадан аўыл-аўыл болып ҳәр жыл сайын көшип келип, көбейип атырған еди. Қулшы бий баслаған қыпшақлар, Жаңадәрьядан қытайлар менен маңғытлар келип қосылған соң, Қоңырат шәҳәри дөгерегин-дегилер бойсындырылғалы шаңарақлар саны көбейди, деген менен ҳәр жылғы салық жыйнаў аўырлап баратырғанын сол салықты жыйнап жүрген Айдос аңламай ким аңласын?

Ҳәр шаңарақтың бир үлкен тилланы төлей алыўы қыйын. Гей жылы жап қазылмай, дийқаншылықтың суўы болмайды, гей жылы суўық ерте түсип, дақыл көк қалады, «дийқандики жылда әрман», дегендей, дийқаншылық етиў ушын туқым керек, күш-көлик керек, дийқанның маңлайын қыршып, қолында барын алсаң келеси жылы аш қалады.

Алысты ойлаған Айдос оның да қыйсынын келистирди. Қурғын хожалықлар менен бийлерден еки-үш хожалық ушын пул алып, қарызын келеси жылларда төлейтуғын қылып қойды. Солардың бири Төремурат бий болып, оған бул ис қолай келген еди. Қарызын төлей алмағанлардың жерлерин тартып ала-ала, бүгин Қусхана әтирапында «кимсең Төремурат», дейтуғын бий болды. Енди ашкөзлик қылып, еки-үш тилла зыят төлегенин көтере алмай, Айдосқа аўыз салмақ нийетинде жүрген емес пе екен?

Бий беллерине қылыш байлаған нөкерлер менен аўылма-аўыл жүрип, салық жыйнайтуғын метерлерди көз алдына келтирди. Олар әлбетте ханның ғәзийнесин толтырыў ушын ҳеш кимге кеширим берип, аяп отырмайды. «Еле ондай күн ҳәм келер, көрермен сонда халықты қалай сөзге турғызғаныңызды», деп ойлады өзин сыртынан сайған Төремуратқа ғәзепленген Айдос.

«Шымбайға көпир керек болса ақсақалы бар. Салық даўлы нәрсе». Бий тағы да хан метери алдында жигирма мың тилланың кемисин төлеўди изге қалдырыў ушын қандай сөзлерди айтатуғынын, керек болса озбырлық қылып, я алланың өзи кеширсин, ялғанларды қаластырып қоятуғынын көз алдына келтирип, муртынан күлди.

Салықтан бир үлесин «Айдос қала»ны тиклеўге қаратқаным рас, Көкөзектиң көпири де соның есабынан питти, оны Төремурат қайдан билсин, дурыс шамалайды, бирақ бәрибир ол үлес Айдостың өзине тийисли, ақыры».

Ойларын аўыл ийтлерин үргизип, дүбирлеп келген атлының шаўқымы бөлди.

Хызметкердиң:

— Аўа, бий баба үйде, деген сеслери еситилди.

Көп өтпей аттан түскен хабаршы есикте турған еди.

— Ижазат бериң, бий баба?!

— Марҳамат, кириң!

— Ассалаўма әлейкум бий баба! Келген жигит есикте зиңирейип турып қалды.

— Дизе бүк, қайдан келесең! Ғаррыларға тән болған әдет пенен көзлерине қолын көлегейлеп қанша тигилсе де Айдос келген жигитти танымады.

— Қоңыраттан келемен, — деди шабарман.

— Не гәп?

— Өткен ҳәптеде бир қарақшы қолға түсти. Қоңырат ҳәкими айтты:

— Қарақшы дәрьяның берги жағасының адамы, соны не қылсақ екен, бизге кеңес берсин, — деди.

— Ким екен ол?

— Байлаған баўды кескен Бекбаў, деседи.

— Бекбаў?

— Аўа.

Айдос ойланып қалды. Көз алдына ири денели қарақшының келбети келди. Көп заманлардан дәрьяның берги жағынан кетип, Үстирт үстин мәканлап, кәрўанларды тонап жүргени ҳаққында хабарларды еситетуғын еди. Бир пайытлары оны услап, Хийўаға жибергени де ядында. Жолда сақшыларды өлтирип, қашып кеткени бар, сонлықтан оны услаған жеринде дарға тартыў жөнинде ханның шығарған жарлығы өз күшинде.

— Қымыз келтириң!— деп даўыслады бий ишкериден.

Көп өтпей хызметкер қымыз әкелди. Еки ыдысқа қуйып дастурхан шетине қойды. Шабарман шөллеп келген болса керек, салқын қымызды рәҳәтленип симирди. Бий негедур ыдысқа қол созбады, жантайып

жатқан ҳалатын бузбады. Екинши мәртебе толтырылған ыдысты да симирип таўысқан шабарман муртын жеңи менен сыпырып, бийдиң аўзына бақты. Бийден сес шықпаганнан соң бир жөткиринип алып, ортадағы үнсизликти бузыўға мәжбүр болды.

— Ҳәкимге не айтайын, бий баба?

— Хан ҳәмири бар, дарға тартсын.

Шабарман қобалжып, басын ийди, соңынан:

— Қоңырат ҳәкими ҳүзиримди жеткериң, қарақшы арғы жүздиң адамы, мен араласпайын бул иске, деген еди, бий баба.

— Салмақты бизге тасламақ болған екен дә! — деди Айдос тисиниң арасынан. Онда Хийўаға алып барың.

Соның менен гәп кесилди.

Шабарман отаўдан шығып атланды.

Бир аўыр истен өз басын сахыт қылмақшы болған Қоңырат ҳәкими арасатта қалды. Дарға тартыўға жүреги даўамады. Ертеңинен ҳаўлықты. Хан ҳүзирине жибериўге алыс жол, қашып кетеди-аў деп гүман қылды. Нәйлаж Хийўаға атлы жиберди.

Арадан ҳәптени өткерип, Қоңырат ҳәкиминиң жиберген хабаршысының дәреги Айдос аўылынан шықты. Бул сапары хабаршы ханнан келди. Хан: Айдос бизиң қарақалпақтағы сүйенишимиз, хан жарлығын орынлаўды оған буйырамыз, қарақшыны Қоңыраттан алдырып, дарға тартсын, — деп ҳәмир берипти. Ҳәмирин хатқа жазып, мөрин басқан соң, ғарры бий оны орынлаўға мәжбүр еди.

Көп өтпей Хийўа тахтында жигирма жылға шамалас толысы төгилмей, ортасы шайпалмай отырған Муҳаммед Рахим ханның тақаны таўсылып, ол дүньяға рихлат қылды, ақыретин алла абад қылғай, тахтқа Аллақул хан отырды, бул XIX әсирдиң 25-жылында болған еди.

Тез арада бир топар атлының қоршаўында, қолы артына байланған Бекбаў қарақшы қалаға алып келинди, терең етип қазылған орға тасланды, аштан өлмесин, деп анда-санда нан менен суў берип турылды.

Қарақшының изинде ийин тиресип турған ағайин-туўғаны жоқ, жесир ҳаялдың жалғыз улы еди, кимнендур наразы болды ма, я бузықлық туўысы қанында барма, яки қара күшке исенип жаман жолға кирди ме, ол жағы жалғыз аллаға аян, қулласы гүнаға белшеринен батқан, қолы қан, жаўыз кимсеге айланып болғаны анық, «бүкирди гөр дүзейди», дегендей ҳалатқа келип қалған бенде еди.

Жаза күнин белгилеп, қаланың сыртында шабылыўдан аман қалған, қарақшының өзине усаған баҳайбат, бәлент ҳәм жуўан торaңғылдың тарайған шақаларының бирине дар арқанын илдириўди ойласып атырған күнлердиң биринде Айдос қалаға ханның өлими жөнинде хабар жетти, изин ала тахтты ким ийелегени де мәлим болды.

Хан алмасыўы ҳәр қашан жеңил кешпейтуғынын көпти көрген Айдос билетуғын еди. Бундай пайытта халық, әсиресе сарай

дөгерегиндеги, тек ол ғана емес, алыс-жақындағы ҳәмелдарлар тәшўиишленетуғынын өз көзи менен көрген ғарры бий қолы суўып, екиленди. Қарақшыны дарға тартпаса, атамның ҳәмирин мойынсынбады, деп жас хан гийне қылса, дарға тартса бул ҳәмирди мен бермедим, Айдос бий өзбасымшалық қылды, деп айыпласа не болады, деген ойлар искенжесинен шыға алмай, арасатта күнлер өткизди. Дөгерегиндеги бийлерге ойласыўға кеўли яр бермеди, өзи менен тетелес Орынбай бий әлемнен өткен, Шымбай жанындағы қыпшақ бийи Қулшыны еследи, «соған ақылласам ба», деп турып, тағы «Төремурат бий менен Юсуп ақсақалдың досты болып алған шығар, ол», деген қыял санасына келди. «Оларға өзимниң күш-қүдиретимди танытып қойсам қалай болар екен? Бәлки бул ис жас ханға да унайтуғын шығар», деген шешим барлығынан үстем шықты.

Солай етип, ертеңине зәңги қойылып, Бекбаў қарақшы ордан алып шығылып, аяғындағы кисен шешилмеген еди, сол ушын да оның қолын онлаған адам зорға байлады, арқан менен тартып, жараған буўраны услағандай етип, палўан денели адамды сүйрелеклеп баҳайбат торaңғыл жанына алып келди.

— Ғапыл қалдым, ғапыл қалдым, шеригим услап берди, заңғар, деп гүбирленер еди қарақшы.

Күн батып баратырған, ала геўгим пайыт еди, адамлар көп жыйналмасын деп екинди, елес-қапас ўақыт әдейи таңланды, соған қарамастан «Бекбаў қарақшы дарға тартылады екен», деген хабарды айырымлар гездейсоқ, өтип баратырып, бурын бул дөгеректе көз көрип қулақ еситпеген ўақыяның гүўаларына айланды ҳәм бул ҳәдийсе аўыздан аўызға өтип, тарийхқа түсиўине себеп болды.

Тораңғылға зәңги тиси сыяқлы етип қағылған ағашлар арқалы өрмелеген адам жуўан шақалардың бирине қыл арқанның ушын беккем етип байлады. Соң әўелги минген жеринен пышықтай шаққанлық пенен төменге түсип, бәлентке секирип ҳәлекленип, зорға дегенде арқанның ушынан услап, бар салмағын таслап төменге тартты, буның менен ол арқанның ҳәм шақаның қанша салмаққа төтепки беретуғынын сынап көрмекши болса керек, арқанға асылып, аяғын жерден үзип, ҳаўада тербелип бираз турды, төбеге қарады, жуўан шақа да, тораңғыл да адамның салмағына дәрпенип, теңселмеди, сонда барып жақын жерде турған арбаны ийтерип келип үстине минди, қыл арқанның ушын гүрмек шалып байлап илмек етти, соң арбадан секирип түсти. Оған негедур ҳеш ким жәрдемлеспеди, бир өзи бежерди.

Қарақшыны арбаға мингизди. «Түбинде бир әжел», деп өлимин мойнына алды ма, көп қарсылық көрсетпеди, аяғының астынан арбаны алып жиберген пайыт, аяғы жерге сәл-пәл тиймей турар еди.

Жыйналғанлар ерксиз «әҳ» деп жиберди. Негедур адамлар пәс даўыс пенен сыбырласып, сөйлесер еди.

— Қандай гүна қылыпты?
— Қолға қалай түсипти?
— Қарақшы екен. Шериги услап берипти.
— Эҳ, әттең...
— Палўан денели екен. Бойының бәлентлигин айтпайсаң ба? Тораңғыл менен барабар.
— Қайсы аўылдан?
— Руўы не? Аты ким?

Ертеңине таң сәҳәр пайыты Бекбаў қарақшының дарға тартылғанын, марҳум ханның ҳәмири Айдос тәрепинен бәржай келтирилгенин хабарлаў ушын Хийўаға атланған шабарман қорған сыртындағы бәлент тораңғылға қорқа-қорқа көз қырын салып, ол жерде асылып турған қарақшыны көремен бе деген гүманы пушқа шыққанына негедур қуўанды, ағаштың мыңлаған жапырақлары гүз самалында шуўылдап, ҳеш кимге түсиниксиз, бирақ жүректе сағыныш ҳәм муң оятар еди.

## 15

— Қәне тезлетиң! Түсир арғытларды, ултанға!
— Ал, ҳәмме жабылып көтерейик! Бир-еки-үш, көтердик!

Кегейлиге көпир салыўға усталардан өзге көп аламан жыйылған, ислеп атырғанлардың қызығына қараўшылар оннан да көбирек еди. Шәҳәр ақсақалынан тартып, бир неше бийлерди де усы жерден табыўға болады.

Мынжырдың аррағырағынан көтерилген шаң көзге тасланды. Кимдур, көзин қуяштан көлегейлеп қараған менен шаңғытты әл-ҳаўаға көтерип киятырғанлар көзге тасланбады.

— Бул не шаңғыт? Узақ базарға шекем ўақыт көп, қысқа базарға еки күн бар. Қайсыдур бай Қарабайлы бойынан ертерек мал айдап киятырма екен?— дести көпшиликтиң ишинен бир даўыс.

Аламанның нәзери Мынжыр беттен көтерилген шаңғытқа тигилди.

— Қәне, гәпти қойың, жумысты тоқтатпаң!— деп қышқырды Төремурат бий қамшысын таўлап.

Әтирапта бир замат иркилген шотлар менен балталардың тақылдысы қайтадан еситиле баслады. Тамашагөйлердиң нәзери шаңғыт көтерилген таманда болса, қоллары ис пенен бәнт болып, қулақлары түриўли турды.

— Ким екен киятырғанлар?

Бул сораў Кегейли бойына жыйналғанлардың ҳәр бириниң көкейинде турған саўал еди.

Ўақыт жылжып өте берди. Ақырында шаңлы арба жолдың бойында бир үйир жылқы, оның изинде жүк артылған түйелер ҳәм бир неше

атлы, олардың изинде майда мал, қой-ешкилерди айдап биреўлер келер еди.

— Көш киятыр! — деди кимдур даўысының барынша қышқырып.

— Көш... Көш киятыр!

— Кимниң көши?

— Қайсы байдыки!

Усы пайытта көштен ажыраған бир адам астындағы атын тебинип, көпир қурып атырғанлар бетке келе берди.

— Ассалаўма әлейкум, иске сәт, ақсақаллар, — деди аламанға ат басын тиреген жигит. Көпир қурып атырсызлар ма?

— Ўәлейкумуассалам, — деп сәлемге сәлем менен жуўап берилген болса да көпшилик палўан денели, жүзиниң бир таманында қасының үстинен баслап ийегине шекем созылған тыртығы бар жигитти танымады.

— Қай баласаң? Танымадық! Бул сөз Қусхана әтирапын мәканлаған қытай руўларының бийи Төремураттан шыққан еди.

— Танымағаныңыз дурыс, мен Қайырберди боламан, қазақ ишинен келемен.

— Қайырберди, қайсы Қайырберди? Ондай атты еситпедик!

— Жүзин шырамытаман, бирақ анық ким екени ядыма түспей тур.

— Қой, қазақ ишинен келсе қайдан танықсаң?

Көпшиликтен усындай даўыслар еситилсе де оны ҳеш ким таный қоймады.

— Тоқта, тоқта! — деп қышқырды аламан ишинен суўырылып шыққан орта бойлы, қарапәрең жигит.— Сен өзимиздиң Қайыр емессең бе?

— Қаяқтың Қайыры? Баяғы темиршиниң шәкиртин айтасаң ба? Оның жоғалып кеткени қашан? Оған сирә да уқсамайды, — деп тастыйықлады екинши даўыс.

— Яқ, оллагер мынаў сол Қайыр, — деди қарапәрең жигит. Бирақ аты неге Қайырберди? Я мен алжастым ба? Ҳай жора, сен сол темиршиге шәкирт түскен Қайыр емесписең? Мениң асықларымды утып алғанларың ядыңда ма?

— Ядымда, ядымда, — деди ат үстиндеги палўан денели жигиттиң жүзине күлки жуўырып. Сениң шәддеслигиң де ядымда, бирақ атыңды умыттыппан.

— Әне, айттым-ғой, деди қарапәрең жигит сөзиниң дурыс шыққанына ма, ямаса жоқлаўы асырылған Қайырдың тири қайтқанына ма, қуўанышын жасыра алмай езиўи қулағына жеткенше күлип. Қәне жора аттан түссең бир көрисейик. Айтпақшы атың Қайыр еди-ғой, неге Қайырбердимен, дедиң?

— Онын тарийхы узақ, шəддес жора, кел өзиң айтқандай бир қушақласып көрисейик!

Балалықтағы таныслар апақ-шапақ болып көрисип атты. Аламанның ишинде таныс жигитлер баршылық еди, бирақ əлле қашан көпшилик умытып жиберген адамның аяқ астынан тири болып шыға келиўи инсанның түслерине кире бериў мүмкиндағы, оңында гезлесиўи жүдə сийрек, сол ушын да бул ўақыя жылдырымдай тезлик пенен таралды, Қаракөл бойында отырған қыпшақ аўылындағы Бектемир менен Сəрбийкениң қулағына да еситилди, бундай хабардың қайдан шыққанын анықлаў ушын Қайырдың анасы Бектемирди атландырыўды ойлап отырғанда хабаршы да жетти.

— Сүйинши, — деп бақырды дүбирлетип ат шаўып келген жигит сыртта турып,— Сүйинши, балаңыз Қайырберди киятыр! Көш пенен киятыр! Тирилип киятыр! Сүйинши!

Бектемир де, Сəрбийке де отаўда еди. Жыллар бойы бул хабарды еситиўди əрман етип жасаған болса да «сүйинши» деген сөз қулағына тийгенде ана пақыр өзин жоғалтып алды, көз алдына улының жоғалған пайыттағы келбети емес, ал қум ишинде дузақ қурып жүрген он бир-он еки жаслардағы келбети келди, мисли ол қойнына жарты зағараны салып, қурып қойған дузақларын қараўға кеткен ҳəм олжасын анасына көрсетип мақтаныў ушын отаўдың ергенегин сықырлатып ашып, «апа, мынаған қара, қандай қоян усладым!», деп кирип киятырғандай туйылды ҳəм жүзинен ерксиз сорғалаған көз жасларын сыпырыўды умытып: «Қайыр, Қайыржаным келдиң бе?», деп гүбирленди, қуўаныштан тула бойы мумдай ерип, көкиреги егитилер, көз жаслары тамағын буўып, даўысын анық еситтирмеди.

— Жылама, оның орнына шадлан, қуўан, күл, — деди Бектемир зайыбына тəселле бергиси келип.

— Сүйинши, Сүйинши! Өлди дегениң тирилип келди! Сүйинши! дер еди хабаршы жигит ат үстинде турып. Сүйиншимди ата!

Сəрбийке əлленемирде өзине келди. Хабаршы ат үстинде турар еди.

— Сүйиншиңе жалғыз бийениң изиндеги қырқпа тайды атадым, — деди Сəрбийке даўыслап. Ертең келип алып кетесең!

— Тəңири жарылқасын! — деди сыртта турған жигит. Тойға таярлана бериңлер, Қайырберди қалыңлығы менен, көши менен киятыр!

Көп өтпей хабаршының атының дүбирлиси алыслай берди.

— Қайырберди... Не ушын Қайырберди деди? Қайыр емес пе? Я хабаршы алжасты ма екен? Көш? Қалыңлық? Ол не дегени?

Төбеден жасын «жалт» етип түскен киби тосыннан келген қуўанышлы хабардан Бектемир де, Сəрбийке де есеңкиреп қалған, əсиресе Сəрбийке өзин мисли ылғый жақсы түслер көрип, соның

тәсиринен шыға алмай атырғандай сезинди. Базда бул хабарды түсинде еситкен, хабаршы түсинде келген, соның ушын да Қайырберди, деп айтқан, енди ең болмаса сол түстиң узақ даўам етиўин, набада оянып кетип, барлық үмитиниң пушқа шықпаўын жан-тәни менен қәлер еди. Ҳәттеки, сүйиншиге тай бергенин де түсинде болған, деп ойлады.

— Сәрбийке, — деди Бектемир жайпарахат даўыс пенен, мәгар сен ҳәзир ғана еситкен қуўанышлы хабардан есеңкиреп қалсаң керек. Қорқпа, бәри оңында, хабар расқа уқсайды, илайым бәри оңынан келгей, көз айдын болсын, Қайырымыздың аман қайтқаны. Енди сен өзинди қолға ал! Мен қоңсыларға шығып, аман қайтқан ғайыбымызды күтип алыўдың тәтәрригин қылайын, сен Қайырдың отаўын таярлап қой, — деп орнынан турды.

Хабаршыдан анасы менен Бектемирдиң аманлығын, өзиниң дәреги жетип барғанын еситкен соң аяқларын сүйреп басып киятырған жүги аўыр көш ҳәм падалар топарының алдында жайпарахат жүрип отырыўға Қайырдың дәти шыдамады.

— Жарқынай, деди ат үстинде өзи менен қатарласып киятырған келиншегине, қәне изиме ер, илбип жүриў жаныма тийди, сени тезирек қәйиненең менен таныстырайын.

— Мен де айтыўға тартынып киятыр едим, — деди келиншек гүлдей ашылып, аўылды билетуғын адам қоссаңыз мал менен көш бара береди-ғой. Биз ертерек анамызға сәлем берейик.

Кегейлиниң көпирине келгенде қыялында өтмиш сүўретлери қайта жанланған, Бәниўдиң сүўретин көз алдына келтирип, жанындағы келиншегине бийпәрўалаў болып киятырған жигитке Жарқынайдың еле көрмеген адамын «анамыз», деп атағаны жағып қалды ҳәм әдепли және түсимпаз келиншегин жақсы көрип кетти.

Еки орта бир ат шаптырым жер. Қайыр аттың жылаўын жаздыра берип, қамшы басты. Бир неше күн бойына адым-адым жүре бериў жанына тийген ат қуйынлатып шаба жөнелди. Саўрына қамшы тийген боз ат та изинен илести. Жол бойы көргенлер: «Булар қайда асығады? Денлери саў ма өзи», деп ойлаған шығар, ким билсин, бирақ ат шапқанлардың ойына өзлериниң бул қылықларының ерсилиги кирип шықпады, бири неше жыллар бойы жолларына телмирген анасының дийдарына, екиншиси еле көрмеген қәйиненесиниң қушағына асығар еди.

Атлылар аўылға киргенде Сәрбийке Қайырдың отаўын жыйыстырып, өзи болмаса да неше жылдан берли баласының үйин жыйып, ийеси ҳәзир келетуғындай етип қойыў ҳаялдың әдетине айланып кеткен, босағадан атлап еди. Атлылар келе сала атларынан ғарғып-ғарғып түсип атырғанда да келгенлердиң бири улы, бири келини екенлигин билмеди, булар ким болды жаным, деген қыялда қызық-сынып босағада иркилип қалды.

Узын бойлы жигит атының жылаўын екиншисине услата сала кеӊ-кеӊ атлап, қулашын жайып жиберип өзине қарай келе берди. «Мынаў улыӊ!» деген ишки даўыстан жүреги силкинип кетти.

— Ақжигит! Балам! Келдиӊ бе?

— Апа! Келдим... Даўысы қарлығып шықты.

Жыллар бойы көкиреклерге шер болып қатқан сағынышлар менен азаплы күтиўлердиӊ аўыр машақатларын ийинлеринен ылақтырып таслаған ана менен ул үнсиз емиренисер, тил менен айтып жеткизиў мүмкин болмаған айралық дәртлерин бир-бирине үнсиз баянлар, бир-бириниӊ дийдарына тоя алмас еди.

— Апа, жылама, болды, мен келдим...деди өзин қолға алған палўан денели жигит анасына тәселле берип. Оннандағы келиниӊ менен таныс, Жарқынай, бери кел, атлар ҳеш қайда бармайды. Кел!

«Көргеннен қушағына тасланаман», деп ойлап киятырған келиншек бийтаныс ҳаялдыӊ қушағына енип кетиўден тартынды ма, я шынында да дизгини еркине тийсе атлардыӊ жөн алдына кетиўинен қәўипсинди ме, аз ғана егленип қалды, сол пурсат ишинде бир шешимге келсе керек, қолындағы дизгинлерди жибере берип, батыл қәдемлер менен жүрип келип, Сәрбийкени қушақлап алды.

— Көз айдын, көз айдын, енекей!

Келиншекти баўырына басып, бир шама турған Сәрбийке өзин қолға алды.

— Түпәлем, тил-көзим тасқа, бойыӊ-сыныӊ келискен нашар екенсеӊ, бахытлы болыӊлар. Бүгин мениӊ қуўаныштан жүрегим жарылып кетпесе болғаны-ғой, әйтеўир. Қүдирети күшли алланыӊ бул күнлерге аман жеткизгенине мыӊ қәтле шүкир. Келинимниӊ бой-сынына көк қошқар садаға, — деди көз жасларын тыя алмаған бахытлы ана.

Бул ўақытқа шекем қоӊсы-қобаныӊ, аўылдыӊ жигит-желеӊлери менен қыз-келиншеклери қуўанышлы хабарды еситип, Бектемир менен Қайырдыӊ отаўы алдына жыйналып келген еди. Сағынысқан перзент пенен ананыӊ дийдарласыўыныӊ гүўасы болып, кеўиллери бузылып, өзлерин зорға тутып турған гейбир кейўанылар баласы менен келиниӊ қушағынан босаған Сәрбийкени қушақлап көрисип, көзлеринде жас пенен көз айдын айта берди.

— Көз айдын Сәрбийке, көз айдын! Қос қуўанышыӊ көз айдын! Оӊ жағыӊнан туўған айыӊ көз айдын! Алла көпсинбегей, әйтеўир.

— Келинимниӊ аты ким, — деди өзин басқан Сәрбийке жанында турған Қайырға.

— Жарқынай!

— Жарқынай? Атыӊнан айналайын.— Жарқынай қарағым, халайық, сизлер де қулақ қойыӊлар! Мынаў баламныӊ атасынан қалған шаӊарағы еди, неше жыл перзентим келеди, деп отаўды ҳәр күн сыпырып, таяр етип қойдым, тилегим қабыл екен, мақсетиме жеттим,

отаўдың ошағының оты өшпеди, енди келин де өз үйине кирсин, оны киргизип алыңлар!

— Қәне, келинди киргизиўге биз таяр, жолдан қашыңлар жолдан қашыңлар, ортаны ашыңлар, — деп дилўар келиншеклер дилўарсып киятыр еди, жигитлер алдын кеселеди.

— Ҳай, тоқта, тоқта. Келинниң бетин ашпай қаяққа киргизесизлер. Алды бурын бетин ашып алайық.

— Ҳаў еле соягы бар екен-ғой, бай-бүў! Той күни ашпайтуғын ба еди?

— Той күни де ашылады. Бүгингиси басқаша.

— Ким ашады сонда. Ҳәй мырзаға, өзиң-ақ ашағоймайсаң ба?

— Яқ, Өмирбек ашады.

— Қайсы Өмирбек.

— Арқа аўылдағы Өмирбек ше?

— Ол Хийўаға кетипти, деп еситтик.

— Алла бәрекелла!

— Онда ким ашады?

— Анаў пәкене қайнағаның баласы ашпас па екен, пәкене дегенимизди еситип қояр-аў, — деп тартынғанынан қызарып кеткен ақбозлақ келиншек жүзин жасырды. Сол баланың аўзында шаққысы бар, ҳәр сөзине күлип өлесең.

— Сабырбай ма?

— Аўа, солай.

Кимдур ақбозлақ келиншектиң өзи менен Сабырбайды қыдырып, кимдур таза түскен келиншектиң бетине салыўға ақ излеп кетти. Ел ишинен не табылмайды, Сабырбай да табылды, ақ та табылды, матаға тал шыбықты байлап, бет ашыўға кирискен бала жигит ағып турған дәрьядай бәле екен, аўылын, елин, руўын, руўының бийи Қулшыны, Бектемир менен Әрепбай марҳумды, қалаберди Ережеп тентек — батырды тәрийиплеп ала жөнелди. Кәмбағал Қулман қойшыға келгенде:

Өзи шымшық мүшели,
Бойы бир қарыс, үш ели,
Қулман қойшы қайнағаң
Оған бериң бир сәлем,

— деп көпшиликти қыран-күлкиге жыға жазлады.

Көйлегиңниң етегин қыйып апсаң,
Путыңа еркек шалбар кийип апсаң,
Болсаң да еркекшора, ерке жеңгем,
Қайыр палўан ағама тийип апсаң,

— деп келиншектиң өзине аўыз салғанда барып, күни мененги абыр-сабырда ҳеш нәрсени елестирмеген халық Жарқынайдың атқа мингенде қолай болсын деп кийип алған шалбарына көзи түсти.

— Айналайынның шалбары өзине қуп жарасып турыпты, — деп күлди Сәрбийке. Бул оның неше жылдан берли биринши мәрте шын жүректен ашылысып күлиўи еди.

Көп өтпей жас келиншеклер менен кейўаныларлардың қолынан жаздырылған Жарқынай отаўдың жапсарына Сәрбийкениң қурып қойған шымылдығына кирип, маңлайының терин сыпырып, еркин дем алды. Аз ғана қолы босаған Бектемир:

— Қулшы бий бабаға сәлемге кирип шықпақ дәркар, — деди Қайырға.

— Бас үстине. Өзиңиз баслаң, Бектемир аға.

Екеўи руқсат сорап отаўға киргенде Қулшы песин намазын ада қылып, жапсарда жамбаслап жатар, Әрепбайдың жалғыз перзентиниң ушты-күйди жоғалғанына, әсиресе Ережепке аға болар, деп жүрген Қайырдың тәғдирине ўақтында қабырғасы қайысып қыйналған бий аўылдағы ала сапыранан жигиттиң аман-саў қайтқанын, оның үстине қуры алақан емес, қайдандур мал-дүнья таўып, үйленип те келгенин қулағы шалып отырған, Қайырдың келип сәлем бериўинен дәмедар болып, оны күтпекте еди.

— Ассалаўма әлейкум, деп киргенлердиң дәслепкиси Бектемир екенлиги аттан анық, ал бетинде тыртығы бар, дәпең, бойы шаңараққа тийемен, деп турған бәлент жигиттиң Қайыр екенлигинен хабар таўып отырған болса да, бирден танымай қалып қыялына «бул қай бала еди?», деген пикир келип кеткен болса әжеп емес. Шынында бий бүгин алдында өзи күни кеше көрген дәпең қара баланы емес, ал еңгезердей болып толысқан, тепсе темир үзетуғын, пүткиллей өзгерген азаматты көрди. Бирақ зийрек бий оның келбетинен, жүзинен, ҳәрекетинен Әрепбайға, ямаса анасы Сәрбийкеге уқсаслықларды дәрҳал тапты ҳәм қәтержам даўыс пенен:

— Алейкум ассалам, келсин, диз бүгиң, — деп отырыўға мирәт қылды. Қонақлар түс кийиз үстине жайғасқан соң оларға қутлы қәдем тилеп, пәтия етти.

Аз ғана үнсизликтен соң жасы қайтқан бий нәбада Қайырды танымай отырмасын, деген ой менен гәпти Бектемир баслады:

— Бий аға, таныған шығарсыз, мынаў неше жыл бурын Юсуп ақсақалдың қызын қыдырыўға кеткенлер менен кетип, елге дуз тартып бүгин келип отырған Әрепбай менен Сәрбийкениң жалғызы, Қайырбай болады, — деп бир иркилди.

— Өзимиздиң Қайыржан ба? Қәне орныңнан тур, бой-сыныңды көрейин, — деди Қулшы бий.

Қайыр орнынан ушып турды.

— Түпәлем, көз тиймесин, жаўға шапқандай жигит болыпсаң, — деди бастан-аяғына көз жуўыртқан Қулшы. Тегинди, елинди умытпай аўылға қайтып қуўысып, ананды қуўантыпсаң. Ал, усы ўақытқа шекем қайларда едиң? Қол-аяғың бос па еди, я бенде болдың ба?

— Бастан ҳәр нәрсе кешти, бий баба, — деди жигит басын төмен салып. Алды бурын ҳәўестиң бендеси едик, соңынан жаўға тоналдық, дегендей, жақсылар көп екен бул тар әлемде, соларға гез болдық, адам етти, қызын берди, мал берди...

— Ер азығы менен бөри азығы жолда, — деп ата-бабаң қалып айтпаған, жортып жүрип, аяғыңа жормал илинген болса, ол да бахтың шығар. Билемен, тарийхынды айтсаң узақ сәббе болар, оны кейинирек асықпай тыңлармыз, ҳәзир аман келгенинди ел менен тойла, барағой, — деди бий кеўли босасып. — Ал, сен аз ғана еглен, деп Бектемирге ишара қылды.

— Баланың көзинше айтқым келмеди, — неси кемис болса бизден ал, мал ма, теңге ме, тартынбай жумсап, Сәрбийке менен Қайырдың қуўанышын нышанлаңлар.

— Бас үстине, бий аға, мал да бар, теңге де табылады. Жигиттиң өзиниң айдап келген малы да аз емес. Өзиңиз айтқандай еле дәрегин сорай алмадық, ҳей мейли, сораў бир жаққа қашар дейсиз бе?

— Туўры, туўры, — деп мақуллады бий.

«Елден кеткенине неше жыл болды өзи? Арадан көп ўақытлар өткен қусайды-аў? Қулшы бий баяғы емес, шаш-сақалы ағарып, жүзин әжимлер қаплаған ба? Мени бирден таный алмады, шамасы, растан да қартайып қалған ба? Анам ше? Оның шашларына ақ аралап қалыпты». Отаўдан шыққан жигит усындай ойлардың қоршаўында қалған еди.

## 16

Қайырдың келгенин еситкен Ережеп аўылға қайтыўдың ҳеш бир илажын таппады, үстине-үстеме хан өлип, орнына жаңа хан тахтқа отырған соң нөкер орнынан қозғалмады, Қарнақтан ҳеш қаяққа шықпаў буйырылды.

Ақырында темир тәртип аз ғана босасқан яңлы болып еди, аўылласлары, қалаберди Иран сапарында бирге болған жигитлер Ережептиң бәзим беремен, деген ўәдесин ядына салды, бир киши тилланы қәрежет қылған онбасының үйине бес-алты жигит кешқурын жыйылып келди.

Дастурхан дүзелген, онда бийдай нан, гүнжи ҳалўа, шақа набат, нишала, қырмызы гүлаб қуйылған ыдыслар дизип қойылған, қазан

басында аўқат таярлаўға еби бар Жуманазар машқул болмақта. Ҳәммеси таяр болып, жигитлер дастурхан басына отырса да, палаўды демлеп, астындағы отты тартып қойған жигит иркиле берди.

— Дастурханға кел, Жуманазар, — деди Ережеп.

— Ҳаял иси менен машқул адам келе алмайды, палаўға қарамаса, түбин күйдиреди. Бул сөзлер хорезмли Мәткаримнан шықты.

Ақырында Жуманазар қатарға келип отырып, сырлы лаўабы кесеге гүлаб қуйып симирди.

— Бул суў мазалыдағы, бирақ қымызға жетпейди, — деди қысқа муртын сыйпап қойған Жуманазар.

— Қымыз таппадың ба?

— Бул дөгеректегилер бийе саўмайтуғынын өзиң де билесеңғой. Хийўада да, Қарнақта да «аттың айраны» деп қымыз ише бермейди, — деди Жуманазар ақланып.

— Ережеп, — деди барлық дыққатты өзине қаратқан Мәткарим. Бул отырысың болмайды, жора.

— Қайсы отырыс? Ережеп түсинбей дөгерекке бақты.

— Ҳаялсыз отырысыңды айтаман.

— Ҳаял аўылда, қолында баласы...

— Баласыз қызлар көп емес пе?

— Көп болса қәйтейик?

— Биреўине үйленип ал. Саған қәлеген қарнақлы жан деп қызын береди, бүгин онбасысаң, ертең қудай қәлесе жүзбасы боласаң. Кеште машықлардан ҳарып-шаршап келгениңде ең болмаса бир кесе айран қуйып беретуғын адам болмаса... Ямаса бир ҳаялдың кеўлинен шығыўға қуўатың жетпей ме, яки ақшаң...

— Айқызға не деймен?

— Баламысаң? Ҳәзир үндемейсең. Бир күн келип өзи-ақ үйленгениңди еситер, азы-кем жылап-сықлайды, соң көнип кетеди.

Ережеп ойланып қалды. Көпти көрген Мәткаримниң сөзинде жан бар еди.

Соннан берли ҳәр сапары машықлардан, яки атланыстан ҳарып-шаршап от жанбаған муздай өжиреге кирип келгенде Мәткаримниң айтқан гәпи ядына түсип, пәтикке тигилип жататуғын бәлеге ушырады. Ўақты-сааты келип, жүзбасы деген лаўазымды да ийеледи. Соның ҳүрметине берилген зыяпатта умытылып баратырған гәпти ядына салып, Мәткарим және делебесин қоздырды.

Жигирма беске толмаған, тамырында қызыў қан ойнап турған Ережеп ақырында тәўекелге бел байлады. «Айқыз түсинер, ол аўылда, ата-енесине хызмет қылып атыр, оны бәрибир қолындағы баласы менен бирге бул таманларға әкеле алмайман», деген ойларға арқа сүйеген жигит бир күни Мәткаримниң есигин қақты.

— Үйлениўге бел байладым, бәлки әкем наразы болар, деген менен жалғызлық жаныма тийди, кеңес бер.

— Мен Қарнақта кимниң үйинде бойжеткен қыз бар екенлигин бес бармақтай билемен, — деди мәрт жүзбасының өз аяғы менен келип жәрдем сорағанынан марапатланған жигит. Таярлана бер, жаўшылыққа екеўимиз барамыз.

Мәткарим айтты, орынланды. Араға ай салмай атырып Ережеп қарнақлы дийқан қызы Гүландамға үйленди. Қыздың әкесине Мәткарим арқалы он алтын қалың төледи.

Алдынғы пайытларда бирин-бири жети уйқылағанда түслеринде көрмеген жигит пенен қалыңлық үйренисе алмай жүрди, соңынан көнлигип кетти, көп өтпей ҳаялының екиқабат болғанын көрген Ережеп, бул мәселелер үстинде бас қатырып ушлығына шыға алмаспан, деди ме, барлығына қол силтеп қоя қойды.

Үйленгенине арадан жыл өтпей Ережептиң басшылығында нөкерге атланыў ҳәмир етилди. Қандай сылтаў ойлап таўып, әкеси менен Айқызды сөзине тоқтатыўды ойлап, Қайырды қаншелли сағынған болса да елге барып келиўди кейинге қалдырып киятырған Ережеп аяқ астынан табылған атланысқа қуўанды, өзи жүз нөкерге басшылық етип сапарға атланғанына марапатланыў да кеўлинде жоқ емес, әлбетте.

Еки күнлик таярлықтан кейин ләшкер жолға шықты. Гүландам екиқат еди, Ережеп сапардан келгенше әкесиниң үйинде жасайтуғын болды, басқа қаяққа барар еди, солай етип жүзбасы аз ғана болса да тәшўишлерди умытып, атланды. Қарақумның өркешленген көшпели қумларын изде қалдырған атлылар егленбей жүрип отырып, бир күн бир түнде қандайдур Сағанақ деген түркмен аўылына жетип келди.

«Бухара таманнан қәўип туўылыўы итимал, шегарада турасыз, егер қурал-жарақлы атлы я пияда болса иркесиз, кәрўанларды тексерип өткересиз», деген тапсырманы алған Ережеп бул сырлы ўазыпаны өзгелер менен ортақласып отырмады. Аўылға да араласпады, кәрўан жолдың бойындағы тақырлықта иркилип, шатырларды тигиўге буйрық берди.

Таң ата онбасыларды жыйнады.

— Бизге усы жерде «қайтың» деген ҳәмир келгенше турып, жол қорыў тапсырылған, буннан бул жағы Бухара сарҳады. Ҳәзирден баслап ҳәр бир онлық шек алып, жиб тиклеўге кириседи. Еситтиңлер ме? Жиб тиклеймиз. Ким биледи, анаў таманнан, ол оң қолын шығысқа силтеп, алыста мунарланып көринип турған елатты нусқады, бизге қандай қәўип-қәтер келетуғынын. Қәне, иске кирисиңлер!

Ҳәлленип алған нөкерлер көп өтпей иске киристи. Шегелең топырақтың шаңы аспанға көтерилип, бирте-бирте ҳәрекеттиң нәтийжеси көзге көринди, топырақтан кишигирим қорған тикленип

барар еди. Узағырақтан мойын созып: «булар не излеп атыр екен?» деген ой менен жүрген аўыл адамлары ояқ-буяғы бир ҳәптеге жетер-жетпес аралықтан соң бой тиклеген топырақ қорғанға көзлери түсип, ҳайранлықтан жағаларын услады.

Жиб те питти, қорған ишине шатырларын тигип, орналасып алған нөкерлерге «ал топыламан», деген душпан көрине бермеди, машықлар да күнине бир рет болды, әскер зеригип, не қыларын билмейтуғын еди, оның үстине айға жетпей атырып алып шыққан азық таўсылды, шабарман жиберилип еди, ол да негедур келмей, иркиле берди.

Онбасылар жыйылып, жүзбасыға келди.

— Не қыламыз, азықлар таўсылды, әскер аш, аўыл менен араласпаў жөнинде ҳәмир берилген. Бул жерлер ҳәзирети Хийўа ханының сорамында, халық ким болыўына, қайсы улттан болыўына қарамастан ханның пуқарасы, нөкер ҳәр айда иркинишсиз ҳақ алады, атланып шығар пайыт ҳәр бириниң моянасы я тилла менен, яки гүмис теңгеде төленген. Сол ушын Сағанақ па, Саңлақ па, қулласы қол созым жерде турған аўылға барып дән-пән, тиске талшық болатуғындай ет ушын қой-пой алып қайтсақ, қалай болар еди? Онбасылардың қайсысы сөйлесе де айтылажақ сөз, әлбетте бир жерден шығар еди.

Тыныш отырған ел есигиниң алдына ийнинде найзасы, белинде қылышы бар адам келип турса не ойлайды, және иси ериккен нөкерлер бийбастақлық қылса ақыры қандай ақыбетке әкеледи, әсиресе бул жердегилер шегаралардағы ел, — деген ой менен мыңбасы әскердиң, онбасының аўылға кириўин қадаған етип ҳәмир берген, сол ушын жүзбасы да илажсыз, оны басқалар да биледи, бирақ нәйлаж, изинде ашыққан он адам турса өзиң не қылар едиң?

Ережеп басын төмен салып ойланды. Аўылға қарай бир из салынса изи соқпаққа айланады, соқпақтан болса адам жүрмей турмайды. Азық бүгин келер, бүгин келмесе ертең келер.

— Ҳәмирдиң аты ҳәмир. Биз бул жерге иси ериккеннен келгенлер емес, ал ханымыздың ҳәмирин бәржай келтирмек ушын келген нөкерлермиз. Ким оны бузып, аўылға қәдем басса, олардың мал-мүлкине қол созса, жазаланады. Тарқалыңлар ҳәм гәпимди нөкерлерге жеткизиңлер. Шыдасын, азық әлбетте келеди.

Атлар менен бәнт болған нөкерлерден тысқарылар ҳәр күни пияда сап дүзеп, жибтен шығып, топырақ қорғанның етегинде қылышласыў, найзаласыў машқы өткерип, күнди батырған соң жибке кирер еди, сол күни жүзбасы нөкерлердиң шатырларына таман қайтыўын әдейи ирке берди, буның менен ол ашлардың азық жөнинде ойларын аз да болса өзге нәрселер менен шалғытыўға урынғандур, ким билсин. Қас қарайып, силтенген найза менен қылыштың не жарақ екенлиги айрылмастай болып, қараңғы түскенде өзгелерди баслап жибке кирген

Ережептиң мурнына пискен еттиң жағымлы ийиси келип урылғандай болды. «Көпшиликтен гизнеп, ет сақлап жүрген бул қайсы пухта болды, бала», деген қыял менен өзиниң шатырына жақынлап еди, қай жерден ийис тарап турғанын да аңлады, қойды. Ол не деп ойлаўға да ақылы жетпей, босағада иркилип қалды. Ет ийиси өз шатырынан таралып турар еди, ақыр!

«Ҳәмме аштан буратылып жүргенде, мениң қосыма ет әкелип, кимдур абырайымды төкпекши шығар? Ким екен ол, билсем әлбетте атасын танытаман», деген ғәззеп пенен шатырға бас суққан жүзбасы дастурхан басында турған Жуманазар он басыны көрип, оны өз орнына жақында онбасы етип таярлаған еди, ҳайран болғанлықтан тилине кәлийма келмей, лал болып қалды.

— Жуманазар, — деди ақырында ашыўға буўлыққан Ережеп, қәҳәрленгенде даўысы ақырын, бирақ көкирек төринен ысылдап шығар еди, айт, етти ким әкелди?!

Таза етке тоятуғын болғанына қуўаныўдың орнына жүзбасының ғәзеп атына мингенин көрип, албыраған Жуманазар тутлықты.

— Мен, мен... билмеймен.

— Сонда табақтың өзи жүрип келди ме булманға?

Аўылласының қәҳәрленгенин де, күлгенин де талай көрип, минезине қанық болған, жасы үлкенирек екенлиги ушын «иним», деп жүзбасыны өзимсиниңкиреп жүретуғын Жуманазар өзин қолға алды.

— Жүзимин же, бағын сорама, — деген -ғой, жүзбасы иним, деди жигиттиң ашыўы тез арада тарқай коймайтуғынын биле турса да. Табылды, қудай бизди өлтирсин бе, қула дүзде кимниңдур алдынан әжели жеткен жағал ылақ шыққан шығар, оның кимниң алдынан шыққанының не парқы бар? Кел, өзиңди бас, көптен ашығып жүргениңди билемен, нөкерге күш-қуўат қанша керек болса, саған оннан еки есе көп керек, ҳәр ким қудайға шүкир, күнин көрип атыр...деп өзинен бир-еки көйлек бурын тоздырған Жуманазар алдап-арбаўға өтти.

«Өзиңди бас, өзиңди бас, өзиңди ашыўға жеңдирме», деп гүбирленди Ережеп тисленип. Әлленемирде қәҳәри басылып, сабасына түсти. «Писик ас, оны ийтке таслатсам обал болады, бирақ өзим бир шертип аўзыма салмайман», деген шешимге келди.

— Мейли, — деди ақырында өзин қолға алған жүзбасы, етти өзиң же. Ҳәзир дәрегин сорап та отырмайман, даўысындағы суўық ысылдыдан белги де қалмаған еди, бирақ билип қой, кимдур малын жойтып келип, айыбың мойныңа қойылса, аўылласым еди, деп аяп отырмайман, буйырған жазаңды аласаң...

Изге бурылып, шатырдан шығып баратырып:

— Не әкелген болсаң ҳәммесин жыйнап әкет, мени өзиңе шерик қылып отырма! — деди жайпарахат даўыс пенен.

— Сениң ғамыңды ойлап жүрсем, — деп өзинше тоңқылданды Жуманазар. Бүгин бир тояйын етке, ертең асатуғын паллағыңа аса бер. Бул сөзлерди Ережеп нәбада еситип қоймасын, деп мурты астынан мыңғырлады, қойды. Соң пискен гөш салынған самарды өзгелер көрмесин деген нийетте шекпениниң шалғайы менен жаўып, елесқапаста өз шатыры таман урланып кете берди.

Ертеңине жолына қараған қара көзлерди талықтырған азық-аўқат кәрўаны жетип келди. Оның изин ала жоғалғанын излеген, қозы тери бөрки селкилдеген Сағанақ аўылының турғыны да жетти.

— Ылағыңды ким алғанын көрдиң бе, яки кимнен гүманың бар, — деди Ережеп мал жойытқан адамға.

— Анық танымайман, бирақ ешки бағып жүрген балалар пададан шетлеген ылақты услап, ийнине салған адамның жибке киргенин көрипти, — деди ылақ ийеси.

— Кеше ким ет асты, — деди азық бөлисип алыў баҳанасы менен бир жерге топланып турған нөкерлерге.

ҳеш ким үндемеди, бир-бирине көз астыларынан нәзер салды, Жуманазардың нәзери жанындағыларға емес, жерге тигилди, басы төмен салынды.

— Онбасылар, жаныма келиңлер! Жүзбасының даўысы қатал шықты.

Онбасылар көпшиликтен ажыралып, Ережептиң жанына жыйылды, Жуманазар да келди.

— Шатырларды тинтип шығыңлар!

Көп өтпей онбасылардың биреўи қолына ешки терисин услап шықты.

— Мынаў емес пе?

Силкпе бөрик кийген жоқшы асықпады. Еле кеўип үлгермеген ешки терисин онбасының қолынан алып, ояқ-буяғын муқыятлап көзден кеширди. Анық бир шешимге тоқталған болса керек, пәс даўыс пенен: — Меники, — деди.

— Шатыр кимдики?

— Балаштики, — деди Жуманазар онбасы гүмилжилеў. Шатыр онбасыники менен иргелес тигилген еди.

— Балаш қәне, шық илгери.

Қысқа бойлы, қағылез жигит тартына-тартына жүзбасының алдына келип турды. Бәлки күтилмеген ўақыя жүз бергенликтен шығар, я қорқыныштан ба, ийеги кемсеңлеп, қолы қалтырап турар, басын жерден көтермес еди.

— Анаў шатыр сеники ме?

— Ме..ни...ки, — деди жигит еситилер-еситилмес етип.

— Мынаў терини таныйсаң ба?

— Т... таныйман...
— Ол сениң шатырыңа қайдан келген?
— Бил... билмеймен, — деди жигит ийеги кемсеңлеп.
— Неге билмейсең? Оның өзи жүрип келмеген шығар, ақыры.
— Бил...
— Жуманазар, — деди Ережеп қатал даўыс пенен. Сен билмейсең бе? Балаштың шатыры менен сеники қоңсы, өзи сениң онлығыңда.
Жуманазардан биразға шекем үн шықпады. Ақырында ерни қыбырлады.
— Билмедим.
— Билмесең, Балаштың шекпенин шеш. Қашан анығын айтпағанша, қамшыла,
Жуманазар орнынан қозғалмады.
— Бол, неге турыпсаң?
— Мен... мен...деп Балаш жылап жиберди.
— Ҳәмирди орынлаңлар!
Буйрық күтип турған онбасылар көз жаслары ийегине сорғалап турған Балаштың шекпенин шешип алды. Боз көйлек ишинде жигиттиң денеси жапырақтай қалтырар еди.
— Жуманазар, қәне басла! Мә, қамшыны ал. Айыўға намаз үйреткен таяқ, мына қалтыраўына қарағанда жаўырнын тилип өткен үш қамшыдан соң тили шешиледи, биз ҳақыйқатты билип аламыз!
Жуманазар қамшыны қолына алды, жоқары көтерип Балаштың жаўырнын нәзерледи, соң негедур көтерилген қолы төмен түсти.
— Яқ, мен ура алмайман. Балашта гүна жоқ. Жағал ылақты сойған өзим... Мойынлайман, Ережеп мен қайылман. Жазаңды қоллана бер.
— Қунын төлейсең бе? — деди жүзбасы.
— Төлеймен.
— Ылағыңның қуны неше теңге, билесиз бе?
Силкпе бөрикли киси «қайдан билейин», деген киби ийнин қысты.
Шынында да бул жер базар болмаса, қайдан билсин.
— Мейли, — деди жүзбасы силкпе бөриклиге қарап, үш теңгеге разымысаң?
Ылақ ийеси сәл ойланып турды, соң бас ийзеди.
— Разыман.
— Жуманазар, үш теңгеге шамаң келе ме?
— Келеди, бирақ...
— Неге бирақ...
— Теңгем гизнелген еди, ҳәзир бере алмайман.
— Мейли, — деди Ережеп тағы да, орныңа мен беремен, сен кейин маған. Бирақ буның менен ис питти, деп ойлама. Жибден шығып, жыңғыл шыбықлар әкелиң, — деп буйырды ол онбасылардың биреўине.

Көп өтпей бир тутам сыйдам қызыл жыңғыл шыбықларын сындырып алған онбасы келди.

— Енди мениң ҳәмиримди еситиң, — деди Ережеп бәлент даўыс пенен. Өзгелерге сабақ, гүнакарға жаза болсын, Жуманазар онбасыға он дүрре урыўды буйыраман. Иске кирисиң, шекпенин шешиң, көйлегин шешпеңлер, көйлек сыртынан... Орынлаң!

Онбасылар аз ғана екиленди, ақыр Жуманазар да өзлериндей онбасы, жүз бар, қәтер бар...

— Орынлаңлар!

Ҳәмир қатал еди. Жигитлер Жуманазардың шекпенин шешти, қарыўлы екеўи еки қолтығына алып, мықлы денени алға еңкейтти, үшиншиси жерге тасланған қызыл шыбықлардан биреўин таңлап алып, көйлекшең қалған жаўырынға пәт пенен урды. Жазаға гириптар болған онбасы аўырыў зардабынан «әҳ», деп жиберди, дәрҳал екинши соққы тийгенде даўысын шығармаў ушын тисин-тисине қойып алды. Шыбық силтеген жигит те биринши соққының күшлирек урылғанын сезди, неге қатты урдым, деп өкинген болса керек, ерксиз астыңғы ернин тиследи ҳәм шыбықты биринshидегидей бар епкини менен емес, әдеўир ақырынырақ түсирди, үшинши соққы оннан да ҳәлсиз шықты.

Таңланғанынан көзлери кең-кең ашылған ылақ ийесиниң көзлериндеги қызығыўшылық енди аяныш пенен алмасты, бесинши силтенген шыбық пенен оның ҳаўазы қосыла шықты.

— Жетер, жетер!

Өзине тапсырылған ис пенен машқул болып, даўыстың кимнен шыққанын аңғара алмаған онбасының қолындағы шыбық ҳаўада бир заматқа асылып қалды.

— Даўамла! — деди ҳөктем даўыс.

Ҳаўада иркилген шыбық «өп» деген өлпең ҳаўаз шығарып, тегис бозден тигилген көйлек кийген Жуманазар онбасының гүнакар жаўырнына барып тийди, бирақ жигит сес шығармады, жақлары қарысып қалған, шыбық орны алды бурын ашыған болса енди қол күйдирерликтей болып қызып кеткен, көзлеринен ерксиз сорғалаған көз жаслары қумшаўыт жерге тамшылап, ығал дақлар ҳасыл еткен еди.

Онытшы шыбық «өп» деген ҳаўаз бенен жаўырнына тийгенде онбасы оның нешинши шыбық екенин аңлай алмады, кирпидей жыйрылған денеси келеси соққыны күтти, бирақ шыбықтың ҳаўаны тилген сести еситилмеди, аз ғанадан соң бәриниң изде қалғанын, өзиниң есаптан алжасқанын аңғарып жетти.

Жаза орынланған еди.

«Бул ендигилерге сабақ болады, Жуманазар мени түсинер», деп ойлады қабағы үйилип, тунжыраған жүзбасы. Соң ақырын буйырды:

— Көйлегин ҳөллеп, жаўырнына басыңлар, дүррениң орны көгерип кетпесин.

Жигитлер қолтығынан қолларын алғанда теңселип кеткен Жуманазарды сүйеп шатырына алып кирди.

Аўырыў зарпынан геллеси ғуўлаған Жуманазардың қыялына биринши болып «шыдадым, шыдадым, ыңыранбадым» деген мақтанышлы ой келген болса, екиншиси «бир тойғаным ушын аўыр емес пе?» деген ой еди.

## 17

Жапырақлар сарғайып, қарақалпақ далаларына гүз келди. Малы көп шарўадан өзге халық гүреңлерге көшип келе баслады. Ол ўақытлары, халықтан алынатуғын салық еки түрли: ҳәр шаңараққа бир тилла кесме салық, мал басына қарай зәкат алынатуғын, олар екеўи де гүзде топ-топ гүрең ел болып отыратуғын руўлардан жыйналар еди.

Жас ханның суўық мүнәсибети кеўлине мәлел келип, қапа болып қайтқан Айдос еле кийиз жабылмаған салқын отаўда постынын ийнине таслап, ойларға батты.

Хан суўық қабылласа да ҳәр жылы жыйналатуғын салық жөнинде тис жарып ҳеш нәрсе айтпады, сонлықтан неше жылғы дәстүр бойынша бул миннетти орынлаўға кириспек керек. «Быйыл дийқаншылық жаман болмады, салықты молырақ жыйнаў керек, қандай-қандай заман болады, ертең. Және қайсы тараннан баслаған мақул? Көкөзек пенен Кегейлиниң ортасында жайласқан Буйдалы гүреңинен өтип Шылпыққа шекем барып, Әмиўдәрьядан өтип, Хожели менен Шоманай, соң Қоңырат тамандағы гүреңлерге барған мақул ма?».

Бир шешимге келмей-ақ хызметкерди шақырып, жолға шығыў таярлығын көриўди буйырды, соң тағы ойға батты. «Бәлки Қусхана әтирапынан баслап, Қоңырат таманға өткени дурыс болар ма екен?». Ақырында Буйдалы гүреңинен баслап Шымбайға шығыўды, оннан ары Шылпыққа шекем барыўды, соң Қыпшақ жағыстан арғы жүзге өтиўди ойлады.

Марҳум Муҳаммед Рахим хан тусында дәстүрге айланған қарақалпақлардың ҳәр жылғы төлейтуғын кесме салығы менен зәкат минекей неше жыллар гейде аз, гейде белгиленген муғдарға жақынлап жүрер, мейли қандай муғдарда болса да Айдос таманынан, болмаса ол жиберген адамлар тәрепинен жыйналып, ханның дийўанына табыс етилер еди. Озбыр бий гей жыллары салықтың жартысын, ал базы жыллары үштен бирин өзи алар, сол ушын көбирек жыйналыўынан мәпдарлығы жоқ емес. Быйыл салық жыйнаўға өзи атланбақшы, ҳәр

бий менен жаңадан тахтқа отырған хан жөнинде тиллесип көрмекши, буннан мақсет не екенлиги тек бийдиң өзине ғана аян.

Ақжағыстан атланып, көп өтпей Буйдалы гүреңине келип, Сарымсақ бийдиң отаўына түсти. Бул жердеги халықтың саны менен малының басын Сарымсақ бийден өзге ким билсин? Және Айдостың өзи үйме-үй салық жыйнап жүре ме? Айдосты үш күн қонақ еткен қыпшақ бийи кимнен жыйнап, кимниң мойнына қойып, шаңараққа бир киши тилла есабынан кесме салықты жыйды, несийесин «соң жыйып аламан», деп өзи қосты, зәкатты мал менен алды, тиллалар менен теңгелер түйилип, атқосшының қоржынына салынды, зәкатқа алынған малды Сарымсақ бий сатып, теңгени Айдос қалаға жеткеретуғын болды, атланар пайытта бий Сарымсақтың көкирегине қол салып көриўди шешти.

— Жас хан: салықты көтер,— десе не айтайын?

Сарымсақ бий ойланып қалды.

— Өзиңиз көрип отырсыз, — деди ақырында Сарымсақ бий шайналып. Жүз бар, қәтер бар, деп усының өзин зорға жыйып, жыйналмағанын несийе қылып, өзимиз қосып отырмыз. Шарўаның жаны емес, малы қәдирли, дийқанның дәни арзан, теңге қәдирли. Сол ушын, бий баба салықты көтериў емес, түсириў дәркар.

— Жас хан ҳүзиримизди инабатқа алмаса, қәйтемиз?

— Билмедим, билмедим, — деди Сарымсақ гүмилжи етип.

— Әне, сол жағы бар, — деди Айдос. Мейли, зәкаттың қалғанын жеткер. Мен оны ханның ғазнасына табыс қылмағым дәркар. Хош, аллияр, аманлықта көрискеймиз, Сарымсақ бий.

Айдос атқосшылары менен сәскеде Қаракөл бойындағы Қулшы бий аўылына жетти. Қулшы бийтапланып жатыр еди, деген менен «Айдос киятыр, салық жыйнаўға шығыпты», деген хабар келип жеткен, салықшыға арнап отаў тигилген, бийлерге қулақ-қағыс етилген еди.

Шымбай гүреңине қоныс басқан руўлардың бийлери жыйылды, салық муғдары белгиленип, оны жыйнаў басланды. Айдос: Қулшы бий турып сәлемге бир келер, жасы бизден киши-ғой, деп қарайлап еди, еки-үш күнге шекем төбе көрсетпеген соң, кеўлин сорамақ ушын өзи барды.

— Алла шыпасын бергей, — деди Қулшының отаўына келген Айдос аманлық-есенликтен соң, аўырып турдың, аўнап турдың, аяққа турып кетерсең, иншалла.

— Айтқаның келсин, — деди бийдиң ҳүрметине омыраўын көтерип, көпшикке сүйенип отырған Қулшы. Қудайға шүкир, биз жасарымызды жасадық, қәўимимизди елге қуўыстырдық, ендиги тилегимиз балаларымыз ушын... Бий ентигип, еки ийнинен дем алып отырар еди. Бул наўқас пенен жас ўақтымда бир аўырған екенмен, енди жас бир жерге барғанда тағы шықты, әй, бул бизди алып тынарма, деп қорқаман.

— Ҳәр нәрсе алладандур, ҳәр дәрттиң шыпасы да алладан, шүкирлик қыл, деп тәселле айтты Айдос.

— Усы наўқас себеп сәлемге бара алмадым, — деп қысынған болды Қулшы.

— Кеўилди ортайтпа. Мине, өзимиз келдик. Енди бизге руқсат, турамыз, — деди Айдос.

— Көрмесек, разы болғайлы. Сизди тәңрининиң өзи жарылқағай..

Айдос көкирегинде турған, айтыўды ойлап қойған гәплерин жәрияламады. «Ырзаласып атырған адамнан не қайыр?»

Салықшылар ислерин питкерип, бирси күни атланды.

Ойға алған гүреңлерди, дәрьяның аржағындағыларды да аяққа турғызып, Қоңырат тусынан өтип Қарабайлы бойларын, Қусхана әтирапы менен Дәўқара жағаларын қоныслаған еллерден салық жыйнап, өз аўылы Ақжағысқа келгенде дәрьяға музатлы түўе түйелини де көтеретуғын болып қатқан еди.

«Бийлер мениң төбемди көрген соң кими уялып, кимиси сыйлап дегендей салық жыйыўды тезлетти, болмаса бир топар салықшы бул жолларда алты ай жүрген болар ма еди?» Айдосқалада қыслаў ушын тигилген уядай жыллы отаўға кирип, «өз үйим, өлең төсегим» деп төрдеги кийизге жамбаслаған ғарры бийдиң қыялына усындай ойлар келди.

Бир ҳәпте тынығып, соң тиллалар менен гүмис теңгелер толтырылған қоржынларды атларға артқан бир топар атлылар Хийўа жолына түскенде оларды шайқатылған сәмен жорға минген, күн суўық болыўына қарамастан түйе жүнинен тоқылған шекпенининң ашық омыраўын жапқан аппақ сақалын самаллар тараған Айдос бий баслап барар еди.

Хийўаға жеткен соң өзгелер кәрўан сарайда қалды да, Айдос бий ҳәм қоржынларды көтерген еки жигит Палўан дәрўазадан кирип, хан сарайы таман жол алды.

Бурын Айдос бийди көргенде орнынан өрре турып: «Келиң бий баба», деп епелеклейтуғын дийўанбегининң метери салқынлаў мүнәсибет билдирди, қуллық қылса да, көз астынан жаўқарас қылып қарады.

— Қәне метер, қағаз-қәлемиңди ал, алашаңды жай, алтынын бир бөлек, гүмисин бир бөлек қой да үшке бөл! — деди озбырлық етип үйренген бий.

Метер еденге алаша жайды. Қоржындағылар: гүмиси бир бөлек, алтыны бир бөлек төгилди.

Дәслеп үйиўли алтын таман қол созған метер тиллаларды уўыслап алып, санап, төрт төбеге бөле берди. Көп өтпей алаша үстинде кишигирим төрт төбе алтын адамның есин аларлық дәрежеде сәўле шашып турар еди.

Метер гүмис теңгелерге қол узатқан еди. Айдос оны тоқтатты.

— Не ушын төртке бөлдиң? Үшке бөлмейсең бе?

Саўал бериў гезеги метерге келди.

— Не ушын үшке?

— Соны билмейсең бе? Жөгиленбе, өзиңди билмегенге алып. Айдос төрт төбе алтынды қәҳәр менен бир-бирине қосып жиберди. Қолы белиндеги қылыш дәстесине барып қалды.

— Тақсыр менде не гүна? — деди қалтыраған метер. Диййўанбеги төртке бөлмекликти буйырған.

— Диййўанбегиң биледи. Ҳәр сапар үшке бөлинеди. Бир үлес хандыки, бир үлес ғазнаники, бир үлес меники. Бөл, үшке!

Ҳәр түги тебендей шаншылған, жетписти қаралаған болса да қәдди тик ҳәм ҳәрекети шаққан, оң қолы қылыш дәстесинде турған бийдиң ғәзепке мингенинен сескенип, метер қалтыраған қоллары менен алтынды уўыслап үш жерге бөле баслаған еди, қаптал есиктен ийнине зер шапан, басына қамары телпек кийип, белин буўған, арық-турақтан келген, дуўпияз киси келип, гәптиң не ҳаққында кетип атырғанын бирден аңғара алмай босағада егленип қалды.

— Ҳәй диййўанбеги ҳәзирет, — деди хан ҳәмелдарынан айылын жыймаған Айдос бий, қашаннан берли салық пулына сизлер бир пай болатуғын болдыңыз. Ҳәзир метериң теңгени төртке бөлгенинде көзлериме исенбедим. Бул не ҳал?

Муҳаммед Рахим хан менен сырлас ҳәм табақлас болып келген Айдос бийдиң озбырлығына көп жыллар бойы шыдап баққан диййўанбеги енди қарақалпақтың өжет бийиниң дизгинин тартып қойыў пайыты келгенин аңғарған, жаңа хан айырым тәртиплерден ўаз кешип, таза тәртиплер енгизетуғынынан үмитдар еди. Сол ушын баяғыдай қызыл тилди жалдап жорғалай бермей өзиниң: «кимсең диййўанбеги» екенлигин танытыўға бел байлады.

— Билмейсең бе, хан өзгерди, тәртип өзгерди, бий баба, хан ҳәмири солай. Салық пулы төртке бөлинеди, сиз бир пай.

— Қулақларым мени алдамады ма, соңғы пайытлары бираз аўырласқан еди, деди қәҳәрли даўыс пенен Айдос бий. «Еккенде жоқ, тиккенде жоқ, қырманда таяр», деген киби төртинши пайдың ийеси салқын сарайдан шықпаған сенлер екендағы!?

— Ҳәрқалай бул дәўлеттиң аяққа турыўында бизиң ҳәм үлесимиз болса керек, бий баба. Өзин жерге урылған деп есаплаған диййўанбегиниң даўысынан гийне сезилди. Өзине жетерли сумлығы бар болса да өкпешил адам еди. Бийдиң сөзи әдеўир батты.

— Яқ, салықты жыйнаған мен, марҳум хан ҳәзиретлериниң пәрманы үш бөлик, мен тири екенмен, оның бузылыўына жол қоймайман, сизлер моянаны қазнадан алып жүрсиз. Қәне, метер, бөл

үшке! Мени қәҳәрге мингизбең, сонда басың ийнинде турады, бил соны.

Оң қол қылыш дәстесинде турар, айтқаны болып, кеўли өскен бийдиң қуралды қыннан алыўы көз ашып жумғанша, деген қыялға барған сезимтал дийўанбегиниң көз алдында жерде думалап жатырған гелле елеслеп кеткендей болды, ол метердиң басына мегзеп кетти. Көзлерин кең ашып, алдында ғәзеп атына минген бийди, оның алдында қол қаўсырып, қорқыныштан қалтырап турған метерди көрди, басы еле орнында, еки ийниниң үстинде қалқыйып турар, бирақ ол жерде думалап жатыўы да әбден итималлығына исенбеске илаж жоқ, егер мынаў өжет бабаның айтқанын тыңлағанда ғана ондай қанлы ўақыяның алдын алмақ мүмкин.

— Үшке бөл! — деди дийўанбеги. Бирақ оның даўысын метер түўе өзи зорға еситти.

— Үшке бөл! — деди ҳүрейленген даўыс. Болды бий баба, үзир, «биз алжастық. Сизиң сөзиңиз сөз, теңге үшке бөлинеди. Жыпылықлаған мүлайым көзлери қылыш дәстесин сығымлаған ғарры бийдиң қолларынан үзилмес еди.

— Бол! — деди Айдостың қәҳәрли даўысы.

Дийўанбеги қәҳәрли бийдиң аш нәзери тиллаларға тигилип турғанынан пайдаланып, сес-семирсиз өзи шығып келген есикке кирип, көзден ғайып болды.

Метердиң қалтыраған қоллары алды бурын алтын теңгелер үйиншигин, соңынан пәтиктеги кишигирим тесиктен түсип турған жақтыдан нур алып, сыйқырлы сәўле шашқан гүмис теңгелерди бөлек-бөлек, үш үлеске бөлди.

— Әне бий баба, — деди өзине келген метер маңлайының терин сыпырып, мүлайым даўыс пенен. Әкелиң қоржыныңызды!

Қоржынның бир басына тиллалар, екинши басына гүмис теңгелер салынды. Қоржын көтерген бий дийўанханадан шығып, айылын жыймай, кеңнен қәдем таслап, кәрўансарайға қайтты.

Бул ўақытлары дийўанбеги хан ҳәзиретлериниң ҳүзиринде турар, хан ас жеўге отырған, сол ушын еглениўге мәжбүр болғанына ишинен ғәзепленер, қарақалпақ бийиниң озбырлығы ядынан кетпес «ол өзин сизге теңлестиреди екен», деп шағыныўдың пурсатын күтип, тынышсызланар еди...

Бул Айдос бийдиң Хийўаға соңғы сапары болды. Келеси күни ханның ҳүзирине барды, хан хошы жоқлығын бәне етип, қабылламағанынан дийўанбеги үстинен арыз еткенин аңлап жетти. Көп егленбей елине қайтты.

Келеси гүзде салық жыйнайтуғын пайыт келгенде қулағы түриўли еди. Көп өтпей Хийўадан салық жыйнаўға шыққан, жанында қураллы нөкерлери бар үш топар ҳаққында хабарлар келип жетти.

Бир топары туўры Шымбайға келип, ол жерде адамын қалдырып Қусхана әтирапындағы еллерден салық алыўды баслады.

Қарабайлының бойынан басыўға бийдай егип, аўқатлы дийқан ертеректе Шымбайдан сатып алған он бас қойын бес жүз басқа жеткерген, жүзден артық қарамалы менен, еки-үш үйир жылқысы көлатта жүрген Пиримбет қопасақал сол әтираптағы байлар қатарына қосылған еди. Соңғы жылларда еге алмайтуғын ғәрип-қәсердиң жерин өзиниң есабына өткерип, өнген зүрәәттиң бир бөлегин ийелерине берип, өзиниң қайыр-сақаўаты менен де ат шығарып үлгерди.

Пиримбет Қоңырат пенен Шымбайға, оннан ары Хийўаға барса биринши жумысы, базар айланып тұқым алар, сол ушын оның жеринде өспейтуғын дақылдың өзи жоқ. Жазлық бийдайдан тартып, салыға шекем, палыздан гешир-пияз, асқабақ, қаўын-ғарбыз, ең ақыры суўқабаққа шекем екти. Басқа дақыллардан өнген зүрәәт: бийдай, жүўери, тары, мәш пенен бирге ҳәр жылы Шымбай базарын суўқабақ пенен толтыратуғын да Пиримбет қопасақал. Қатара қойылған суўқабақтың баҳасы теңге емес, дән менен өлшенеди. Аўзы өткир пышақ пенен кертип ашылған қабаққа дән толтырылады. Дәни сатқандики, қабақ дән бергендики. Сонда қабақтың баҳасы көлемине қарай, қайсысы ярым батпан, қайсысы онсери, қайсысы сийсери, үш ағары, бес ағарылық кишкене қабақ жоқ, ондайлары базарға келмейди.

Әне, сол Қарабайлы бойындағы қытай аўылына сәске пайыт бир топар атлылар: ишинде қурал асынғанлары да бар, келе қалды. Алдын Төремурат бийдиң үйин сорады, соң байдың үйин анықлап, Пиримбет қопасақалдың отаўына ат басын тиреди.

Қонақларды отаўға түсирип, жол болсын сораған Пиримбет, Төремурат бийди излеп таптырды. Жылда салықтың пулын кисесинен төлеп, Айдос бий менен қырын қабақ болып жүрген Төремурат бий бул сапары иштен тынып, сумлық ойлады. «Бий болсам не болыпты, Пиримбеттиң байлығы меннен кем емес, ғамхорлыққа алған хожалықлары ушын кесме салықты өзи төлесин». Ол қопасақалдың отаўының босағасынан усындай пикирде атлаған еди.

Жылдағы салық дәптер ашылды, енди Төремурат сөйледи.

— Пәленше, төленшеден өзгеси Пиримбет байдың жалшылары, жерин бай егип, зүрәәтин алып отыр, қалған жағын бай менен ойласып шешиңлер.

— Бай аға, дәптердеги ески есап бойынша қырқ еки шаңарақ сизиң жалшыңыз екен, ҳәр шаңараққа бир тилладан кесме салық, барлығы қырқ еки тилла, өзиңиздиң бир тилланы кешемиз, — деди хан метери, сақалын бир сыйпап қойып. Соң хаткерге буйырды.

— Жазың, Пиримбет бай 42 тилла.

— Тақсыр, — деп Пиримбет алдын Төремуратқа, соң метердиң сақалына қарады. Қалайынша, ақыр 42 тилла... Мен оларды... Көпшилиги жарымжан... жарлы, кәмбағал... Аштан өлмесин, деп...

— Усы пайытқа шекем өзим төлеп келдим, кисемнен... Ендиги жағында қапты қолдасың, Пиримбет бай, — деди Төремурат мысқыллаған киби.

— Ондай тилла жоқ, менде...

— Малыңды сатасаң, дәниңди сатасаң...

— Дәптерге түсти, — деди метер. Он күн мәўлет. Кейин хаткерге бурылды.

— Қәне, зәкат дәптериңди аш. Қарамалдың, жылқының, қойдың санын айтың, мухтарам бай аға, есаплап қоя берейик.

Пиримбет байдың жерден-көктен қызғанып, берекети кетеди, деп санын адам бар жерде еситтирип айтпайтуғын қой падалары менен қарамалларының, жылқысының саны хатқа түсип, көп өтпей олардың биразы қолдан кетип, я базарда сатылатуғын, я жасаўылдың алдына салынатуғын болды.

Метердиң: «Түйе жоқ па?», деген сөзи қолдан кетейин деп турған мал ашыўының жарасына дуз сепкендей туйылды.

— Жоқ тақсыр, — деди бай сынық даўыс пенен.

— Зәкат төлеўде берекет бардур, — деди метер сақалын тутамлап, Сөздиң парқын аңлаўға шамасы келмеген үй ийеси ҳештеңени көрмей, мағанасыз баққан көзлерин шоқ сақалға қадады. «Ҳәссений, сақалды биримлеп-биримлеп жулар ма еди?», деп ойлады ғәзеп пенен.

Он күннен соң, өзи мийман болып келгенге шекем, қырқ еки тилла кесме салық пулы, миймандаршылығы ушын бир тилладан кешкенлигин, оны салық дәптерине жазып қоятуғынын айтыўды умытпады, таяр болыўын, зәкатты ҳәм ядтан шығармаўын тапсырған сақаллы метер ертеңине атланып кетти.

Пиримбет кешқурын отаўға кирип жатса да уйқысы келмеди. Өткен өмири көз алдына елеследи. Жаслығы жоқшылықта өтти. Әкесиниң жеринен өнген өним қыстан шығыўға зорға жетер, күн жылып, жерге көк шөп шықса турмыс аз ғана жеңиллесер, ерте бәҳәрде шыққан сүйриктиң шыйқылдаўығын, соңынан сүтилмек, тағы қандайдур шөплердиң тамырын, қумда қылтыйған кәраганайдың түбирин жеўге болар, соңынан жерден өнген ҳәр қыйлы жемислер жетилисип, буларды аштан өлиўден аман алып қалар еди. Өзи ержетип, бир танап жерге ийе болды, дийқаншылықтың көзин билетуғын, базарға барса саўданың да ебин билетуғын еди, сол ушын базарға апарған дән бе, басқа зүрәәт пе, алдынан жалаңлап шығатуғын алыпсатарға арзан гиреўге бермей, өз баҳасын шығарып сатты, тис-тырнақлап тапқанын жыйып жер алды, мал алды, жоқшылықты енди умытып, нанын уўайымсыз жеймен дегенде

аяқ астынан қырқ еки тилла... Оны жыймақ ушын қанша муғдарда дән сатыў кереклигин көз алдына келтирип еди, жүреги арқасына тартып кетти, телекте дән қалмайды-ғой онда, тағы ашлық па, аржағы? Төремураттың «жалшы», деп бунық мойнына илдиргенлеринен бир нәрсе өндирсе ше? Олардан не өнер дейсең? Айырымларының ҳарамнан пышығы, ҳадалдан таўығы жоқ, үйинен бир теңге табылыўы гүман. Оның үстине быйыл дақылды суўық ерте урып, жүўери менен тары көк қалды. Айтмурат «жаманаўыздың» быйыл суўық ерте түседи», деген болжамы туўры келди. Малдан беретуғын зәкаты ойына түсип еди, жатқан жеринен турып отырды. Қанша машақат пенен жыйналған малдың оннан бири қолдан кете жазлап турғанына қыйналғанынан көкирегиниң шеп тусы ашый баслады.

«Не қылмақ керек?» Бул саўалға шешим таба алмады.

Арадан бир неше күнлер өтип, бир тилла салықты сақыйлық етип, кешип жибергени ҳаққында дәптерге жаздырып қойған мүриўбетли хан метери екинши мәртебе миймандаршылыққа келгенде Пиримбет қопасақал оны кишипейиллик пенен күтип алған жоқ. Метердиң шекпениниң жағасы жыртылды, бәрқулла қәстерлеп, ҳәр сапары сыланып-сыйпалып туратуғын шоқ сақалының әпшери қашып, жулынып, ярымы Пиримбеттиң пәнжесинде қалды. Өзи жанындағы хаткер менен тағы әлле кимниң көмегинде байдың тарпыўынан зорға жаздырылып, таяр турған атына мине қашты. Метерден ишара күткен нөкерлерине де қарамады, себеби аўылдың ишинде ҳәр жер, ҳәр жерде кимиси айырбақан, кимиси кетпен, кимиси таяқ көтерген адамлар топланысып турғанын көрип, «питне көтерилмесе жақсы еди», деген гүман ишине кирип алған, Пиримбетке нөкерлер жармасса, әлбетте аламан көтерилип кетерин салық жыйнап көзи пискен тәжирийбели метер жақсы билер еди.

Атына минип, қашып баратырған метердиң изинен нөкерлер де кетти. Изине қарай-қарай баратырған метер: «барлық бәле Айдостан, дийўанбеги соннан сақ бол, демеп пе еди?» деп ойлар еди.

Пиримбет ашыў менен не қылып қойғанын енди аңғарғанда кеш болған, пәнжесине жабысқан жүнлер қайдан келгенине таң қалып, жабадай қолларына тигилип қалды. «Не болары болды, мал ашыўы, жан ашыўы», деп ойлады ол. «Дәрҳал Төремурат бийге барып ойласыў керек».

Бул ўақытта бай үйиниң жанында шаўқымды еситкен адамлар қолына илинген таяғын көтерип топарласып Пиримбеттиң есиги алдына жыйналмақта еди. «Булар не қылып жүр», деп ойлады басына тепкен қаннан мийи ғаўлаған Пиримбет. Бир жағынан анаў-мынаў жағдай болса арқа сүйегендей адамлар бар екенлигине қуўанды.

Шаўқымнан хабардар болған Төремурат Пиримбетти салқын қарсы алды. Сондай-сондай ҳәдийселер болды, енди не қыламан?— деген байдың жарасына бурыш септи.

— Ханның метерин урыпсаң, ақыры жаман болады, енди. Өзиңниң басың кетип, әўладың туқымқурт болады, ең бери айтқанда мал-дүньяңды алып, өзиңди бәдарға қылады.

Төремураттан қайран жоғын аңлаған, оның сөзлеринен жүреги жарыла жазлаған Пиримбет қопасақал Айдосқалаға атланды.

— Сен қытай руўларын көтер, мен өз ағайинлерим менен ҳәзир боламан, — деди Айдос бий. Көкиректи кернеген ызаны жалынға айландырып, душпанды күйдириў мәўрити келди, — деп ойлады ол. Бул ўақыя 1827-жылы жүз берген еди.

## 18

Арадан бир жыл өтти. Бул ўақыт ишинде Қулшы бийдиң аўырыўының бети берман қарамады, төменлей берди, Ережепти шақыртса, ол Сағанақ аўылындағы жибти таслап келе алмас еди.

Аўырыўы жеңиллескен мәўритлерде келген-кеткеннен еситкен алды-қашты хабардан бий жасы өзинен үлкенирек Айдостың шейит болғанын билсе де, ўақыяны көрген, ишинде болған кимнендур еситиўди қәлер еди. Ақыры аўыздан-аўызға өткен әңгимелердиң базда ярымынан көбиси асырып я кемитип айтылатуғынын Қулшы талай аңғарған, сол ушын өзи теңлес Айдостың тәғдирин исенимли адамнан еситиўди әрман етти.

Бундай имканиятты жақты дүнья менен хош айтысып атырған Қулшыға алла жеткерди, десек те болар еди, күнлердиң биринде, кеш қараңысы түскеннен соң бийтап бий төсек тартып жатырған отаўдың есигинен ескертиўсиз, урланып келген, палўан денели адам хабар алып келди.

«Ассалаўма әлейкум, бий баба!», деп ақырын сәлем берип, жапсарға дизе бүккен кешки мийман Қайыр еди.

— Кимсең?— деген ҳәлсиз даўыс еситилди. Қайыр емесписең? Бул бийдиң ҳаўазы еди.

— Қайырман, — деп мақуллады кешки қонақ.

— Жол болсын, Қайыржан улым, қайдан келесең? Не ушын есиктен урланып кирдиң?

— Жат көзлерге түспеслик ушын солай иследим, бий баба. Алысларға кетип бараман. Ҳаялым менен улымды көриў ушын аўылға қайрылдым. Сизди наўқас, деди. Мәгар көмегим керекдур?

— Тәңир жарылқасын, маған енди алладан өзгениң көмеги дәркар емес, көринеди. Бираздан аўылда жоқ, десип еди. Енди шамаладым,

қайда кеткениңди. Ер басы ғаўғалы келеди. Ҳәзир тысқарыға шығып хызметкерге тапсырма бер, үстимизге ҳеш кимди жибермесин, ҳеш биреў мениң тынышымды алмасын. Буйрықты жеткерип жаныма кел.

Қайыр отаўға айланып киргенде ғарры бий пөстек көпшикке көксин тиреп, еки қолына таянып отырар еди.

— Дүньяның исине таң қалмағыл!— дейин десем ол сен түўе мениң де қолымнан келмейди, улым, деди бий ентигип. Мен сеннен мәгар өз көзлериң менен көрип, гүўасы болған, болмаса исенимли тилден еситкен ҳәдийселерди айтып бериўиңди өтинбекшимен. Билемен, оны айтыў саған аўыр шығар, ямаса ишиңдегини биреўге айтып, бойыңды жеңиллетиўди қәлейтуғындырсаң, ол жағы маған намәлим, бирақ бәрибир сен болып өткен уллы ислердиң гүўасы екенлигиңди кешлетип жүрисиңнен аңғарып отырман. Аз ғана иркилип, ентигиўин басқан бий сөзин даўам етти. Бул жақты дүньяда тататуғын несийбем жүдә аз қалғандур, мен бир дарым Айдостың тәғдириниң қалай шешилгенин билип көз жумғым келеди. Басла, Қайыр, даўысыңды бәлентлетиўиң шәрт емес, көзим әззилесе де қулағым жақсы еситеди...

Қараңғы отаўда Қулшы бий менен палўан денели Қайырдан өзге ҳеш ким жоқ, отаў сыртында да оларды аңлыған кимсе көринбес еди.

Қайыр ийилген басын көтерди. Көкирегин толтырып дем алғанда темиршиниң көригиндей кең төси бир көтерилип басылды. Болып өткен ўақыялар сүўрети көз алдынан дизилип өтер еди.

Сол сапары аўылын сағынып келген Қайыр бир неше ай елде болып, зериге баслағанда өзи бир-еки жыл изине ерип, жақсы-жаман күнлерде дүз-дәмек болған Бекбаў қарақшыны дарға тартпақшылығын еситип, сол таманға кетти. Бийшараның баҳайбат тораңғылға асылғанын да көрди. Айдос аўылынан таңда атланып, Хийўаға хабар жеткизиўге асыққан жолаўшының шақада салбырап турған қарақшының денесин көре алмаўына себепши болған да сол Қайыр еди.

«Айдос адам жыйып атыр», дегенде, өзиниң үйренген кәри темиршиликке не ушындур заўқы соқпаған Қайыр қурал-жарағын асынып, атын ерлеп, келиншеги Жарқынайға да шынын айтпай Ақжағыс таманға атланып, Айдосқа қосылды.

— Бизлер көп едик, — деп даўам етти Қайыр жайпарахат даўыс пенен. Бирақ ишимизде нөкер аз, бирли-ярымынан басқасында қурал жоқ, атлы я пияда, асып кетсе шоқмар таяқ, болмаса қамшысы ғана бар... Қулласы, узыннан узақ ойласық пенен той тойлап жүргендей жаўды көрмей-ақ, топар-топар болып, теңселисип жүрер едик. Хийўадан әскер шықса Қасқа шөл менен Айдосқалаға демде жетип келеди, деген қыял менен жолдан жырақ жерге, Жаңадәрьяның аяғында Сары атаў деген жерге орналасып, дөгеректи арбалар менен қоршап, қамал дүзедик. Бирақ душпан келе бермеди, Айдостың руўласлары менен қытай

қәўимлери адамларынан өзгелер бизге қосылмады. Екилениў, қәўипти күтиў, қорқыныш пенен үмит арасында өтип атырған күнлердиң биринде Айдос бий еки бирдей азамат, батыр уллары Ырза менен Төрениң жанына топар-топар атлыларды қосып: «Қоңыратты алың», деп атландырды. «Танымасын сыйламас», дегени дурыс қусайды, «мен де сизлер менен бараман», дегениме қулақ аспады.

Атлылар кетти, қулақлар түрилген, ҳәр күни хабар күтер едик. Ақырында хабарлар да келе баслады, олар бири-бирине қайшы келетуғын еди. Бир хабар: «Қоңыратты алдық», деген мазмунда болса, екиншиси: «Ырза батыр Таллық дәрьясына ат салып өтемен, деген пайытта суўға кетти, Төре батыр қолға түсти, оны Хийўаға жиберди», деген хабар болды.

Қайсы хабардың дурыс екенлигине исенеримизди билмей бир неше күнлерди өткиздик. Ақырында соңғы хабардың дурыс екенлигин Айдос бий аңлап жетсе керек, қамалды таслап, шөл ишине, Сыр бойын бағдарлап көшиўге ҳәмир қылды.

Арбалы, атлы, түйели көш ырыл-тырыл орнынан қозғалғанға дейин бир-еки күн тағы өтти. Телеген арбалар шыйқылдап, жылқылар киснеп, балалар жылап, қозғалған көш шөл ишине кирип бара берди, билетуғынлардың айтыўынша алдымызда өзек, дәрья жоқ, белли-белли қудықлар ғана бар еди. Адамлар арасында гәп тарады: «Көшип қайда барамыз? Қоқанға барамыз. Ол жерде бизди күтип отырған кимимиз бар? Әлбетте, ҳеш кимимиз жоқ. Бул жақта кимнен қашып баратырмыз? Ханнан ба? Оған душпан болса Айдос душпан, биз емес. Сонда неге қашамыз?».

Ақшамлары көш бөлинип-бөлинип, қойнаўларда қалып барар, бир неше күннен кейин көш әдеўир киширейип қалды. Бийден көп жақсылық көргенлер менен оның ағайинлери кими қорқып, кими уялып, Айдосқа ерип жүре берди.

Тағы бир гәп шықты. Айдос айтыпты: «Көш орнынан қозғаларда қудықларды көмбек керек. Жаў изимизден келер, қудықты көмсек, шөлге гезигип, қуўғынды тоқтатып, артына қайтар», деп. Көш ҳәр сапары шөл қойнында бир пайытлары кимлердиңдур қазған, ҳәзир де ҳәм суўы гүмбирлеп туратуғын қудықлар басына қонар еди. Тағы еситтик, буны Айдостың бәйбишеси, еки бирдей батыр уллары Ырза менен Төрениң анасы айтыпты: «Қудықларды көмбесин, еки бирдей жигербентим бий атасының пәрманын орынламақ ушын атланды, олар әлбетте душпанын жеңип, изимизден жетеди, Сары атаўдан берги жағы шөлистан, суў жоқ, қудықты көмсек, олар суўды қайдан алады? Атын қайдан суўғарады?».

Қулласы, қудықлар көмилмеди. Олар көмилсе көштен бөлинип қалып атырғанлардың да ҳалы таң болар еди.

Көп өтпей изимизден атлы әскер киятырғаны мәлим болды. Көш Черик Рабат қудығының басында қонып атырғанда бул хабар келип жетти. Бий арбалардан қамал қылыўды буйырды. Қашыўға имкан жоқ, атлының алдына түскен арбалы қашып қутылыўдан үмит етпесе де болатуғынын билесиз.

Әтирапыма қарасам жаў келер болса қылыш силтегендей бирди-ярым ғана адам бар, өзгелери қурал көрип таяқ көтерген ҳаяллар менен айырбақан услаған дийқан. «Бир өзим не қылмақшыман, көпке топырақ шашаман ба?», деген қыялға келдим. Жаўдың қарасы көринген мәҳәл ат айдап, қамалдан шықтым. Қылышымды жалаңашлап, қашықлаўда, қалың путаны паналап, жаўды күттим.

Үш жүз-төрт жүз атлы, бәлки оннан да көпдур, ким билсин, саўытлы қурал-жарақлы нөкерлер қамалда иркилди. Қуяш қум төбешиклерден аржағына батып баратырған мәҳәлде келди.

— Бизге Айдос бий керек! Өзгелер журтына, изге қайтады, ҳеш кимге зыян жеткизбеймиз!— деп даўыслады қусбеги.

— Айдосты бермеймиз, — деп қамалдағылар гүў ете қалды. Көпшилиги қуралсыз аламан еди.

Айдос алдыға умтылды:

— Ҳәй қусбеги, — деди ғарры бий. Менде не исиң бар?

— Сизди хан ҳүзирине жеткеремиз, болғаны.

— Зыян тийгизбейсиз  бе?— деген даўыслар еситилди.

— Халайық! Орныңыздан жылжымаң. Мен хан менен тиллесемен. Бийдиң жанынан бир ели қалмайтуғын Арзыбек батыр ере шығып еди, Айдос: — әжелим жетсе илаж жоқ, сен де қал, Арзыбек, деген соң ол да иркилди.

Ақ сақалы көкирегин жапқан, үстине жуқа шапан кийип, басына сәлле ораған бийдиң қәдди тип-тик еди. Қамалдан шығып, атлы топар таман қәдем таслаған бий менен атлылар ортасында бир неше қәдем қалғанда «аллаҳуакбар», деген сес еситилди, оны Айдос айтты ма, я нөкерлерден биреўи ме, анық билмеймен. Сес еситилиўи мәттал, атлылар топарынан биреў бөлинип шығып қарт бийдиң төбесинде қылыш көтерди, полат тыйық батып баратырған қуяш нурларында мисли қан түслес қып-қызыл реңге боялып «жарқ» етти де сәлле ораған бастың желкесине урылды. «Ўаҳ», деп жибергенимди билмей қалыппан. Қамалдағылар шуўласып, Арзыбек баслап, қылышлар жалаңашланып ким атлы, ким пияда атлылар топарына умтылып еди, көп өтпей бийдиң қасына, қумшаўытқа жығылып түсип, топырақты өз қанлары менен суўғара берди.

Көзлеримнен парлаған жасты сыпырыўды умытып, бақырып жиберип, соңынан ғәзебимди сөгис пенен шығарыўдан, я жалғыз өзим көзсизлик етип ет қызыў менен әскерге қарсы шабыўдан тартынып, тисимди-тисиме қойып, ишимнен қан жылар едим.

 Көп өтпей қараңғы түсти. Жылаў-сықлаўдан гүңиренип қаралы

көш турған бул жерден аттың басын бурып, зарлы сазаны еситпеў ушын басым аўған таманға кете бердим. Соңғы жылларда әжелден қорққан емеспен, оның менен неше мәртебе жүзбе-жүз келип, сескенбегенмен. Бул сапар не ушын өзимди иркип қалғанымды түсине алмайман, базда бул ушын пушайман жеймен.

— Ҳәр ким әжели жетпегенше өлмейди улым, — деди жарғақ дастыққа тырс-тырс тамып атырған көз жасларын қолы менен сыпырып қойыўды қыялына да келтирмеген Қулшы бий. Сениң әжелиң жетпеген, ал Айдос бий менен оның улларының бул жарық әлемнен шөплейтуғын несийбелериниң таўсылған жерлери сол шығар, алла руўхларын рәҳмет қылғырлардың, — деди ҳәлсиз даўыс пенен. Тийеберсин, Айдос шешими қатты, айтқанынан шегинбейтуғын, өжет адам екенлигин дәслепки көргенде аңғарған едим, не шара, өжетлиги өзи менен кетпей перзентлерин де ҳәлек етипти.

Арағa шөккен аўыр үнсизликти ғарры бийдиң ҳәлсиз даўысы бузды.

— Енди не қылмақшысаң?

— Енди ме? Адайлар ишине кетемен. Еситкенсиз, келиниңиздиң төркини сол таманда. Бир жыл, ярым жыл қайнатамның елин паналайман.

— Дурыс қыласаң, жаман айтпай, жақсы жоқ, ғалаўыттың изи басылғанша баспаналап турғаның мақул.

— Солай етемен. Жигит кетиўге мейилленгенин сезген ғарры бий қобалжыды.

— Әкең Әрепбай хызметимди көп қылып еди, — деди ҳәлсиз даўыс. Руўхына тийберсин, көп өтпей бизде оларға қосыламыз, оның қәбири Қызылқум ишинде жалғыз қалғаны қабырғама еле батады. Олай-булай болып, көзим жумылса разы бол, әкең Әрепбай ушын да... Ғарры бийдиң ишиндеги көп жыллық түйин шешилгендей болды. Және билип қой, бул жер қарақалпақлардың әййемги ата мәканы, сениң де ата журтың, аллаға мың қәтле шүкир, енди сизлер, ата журттасыз, ҳәзир алыс Амантүбек пенен Ақсуўатты сағынғанлар биз қусап бирим-бирим әлемнен өте береди, ал соңғы әўладлар алысқа кетсе Шымбайды сағынатуғын болады.

— Көңилиңизди көп бузбаң бий баба, еле тик аяққа турып кетесиз, — деди Қайыр өзин басып. Онда бизге руқсат. Ҳәзиринше бала-шағамды әкете алмайман.

— Оннан ғам жеме, — деди ентигин басқан бий. «Ел иши— алтын бесик», деген. Оларға ҳештеңе болмайды. Өзиң де жат жерде көп жүрме. Бул жақ тыншыған соң, иркилмей қайт.

— Әлбетте, қайтаман.

Қайыр отаўдан шықты. Көп өтпей аўыл сыртында жалғыз атлы батыс таманға ат жорттырып барар еди.

***

«Әкең өлди!» деген хабар жеткенде Ережеп артық еглениўге тақат қылмай, Сағанақтағы жибте орнына Мәткаримди таярлап, өзи Хийўаға атланды. Қыс түсип еди. Қалаға келип, қусбегиге жолығып, қайтыўға руқсат алып, Жуманазар менен Әмиўдәрьядан өтип аўылға келгенде, қыпшақ аўылы жолына айдай қарап отырған екен.

Кеше ғана өзин еркелетип, басынан сыйпаған әкеси бүгин жоқ, енди ол: «келдиң бе, Ережеп», деп айта алмас, соңғы мәрте тиллесип, разылығын алмағанына жигиттиң иши өртенип, көз жасларын тыя алмас, еди. Жасыүлкенлер: «өлимге шара жоқ», деп тәселле айтқанлары қулағына кирмеген Ережеп, еки күн өзине келе алмады.

Қулшы бийди соңғы сапарға атландырыў ушын ҳәмме нәрсе таяр, аўыл-ел тек Ережепти күтпекте еди, туңғыш улы келген соң, еки күн өтип, жаназаға жыйналғанлар ғарры бийдиң намазына турды.

Қыпшақ бийи өлеринен алдын басқа балаларын алдына шақырып, мәйитин туўылып өскен Бухара тамандағы Амантүбекке, әкеси Артық сери жатырған қойымшылыққа жерлеўди ўәсият қылған екен. Оған Ережеп ҳеш нәрсе айта алмады, әкесиниң соңғы сөзин орынлаў дәркар екенлигин уқты. Ертеңине Бектемир баслаған кәрўан, бир түйеге орнатылған арнаўлы жезге Қулшының денесин артты, «Амантүбек қайдасаң», деп жолға түсти.

Ережеп кәрўан менен бирге Қыпшақ жағысқа шекем бирге барды, аржағына кете алмас, себеби кәрўанның дийдилеген мәнзилине қашан жететуғыны белгисиз, жүзбасы бир ҳәптеге ғана руқсат алған еди, сол ушын жағыстан өтип, Қарнақтағы үйине кетти, жаназа себепли аўылда Айқыз бенен де оңаша қалып, тиллесе алмады, өз отаўында бир түнеўге үлгерди, ал Қарнақта болса оны екинши ҳаялы менен улы күтип отырар еди.

## 19

Арадан жыллар өтти.

Самал көтерген шаң-тозаң тепсең болған жолларда қалған кәрўан излерин ақырынлап көмип отыратуғыны сыяқлы ўақыт өткен сайын Айдос пенен болып өткен ўақыялар да бирте-бирте умыт бола баслады. Қайыр аўылға қайтты. Төремураттың бийлигин алып қойды. Басы кеткен Айдостан кейин көбирек жәбир көргенлердиң бири метер менен жәнжелди баслаған Пиримбет қопасақал еди. Оның жерлерин

тартып алып, өзин теңиз жағасына көширип жиберди. Зәкат бериўге қыйналған, жанындай етип асыраған қой сүриўлери менен үйир-үйир жылқылары талан-тараж болған еди.

Ережептиң нөкерликтен кеўли суўый баслады. Әсиресе ерлик көрсетиўди аңсаған өз иниси хызметке барып, бир урыста шейит болып, Мәткарим де онбасылықтан кетип, ата кәсиби ширепазлықты таңлаған соң, қайтыўды көңлине түйип жүрип еди, Хийўаның шар базарында гезлескен ширепаздың гәплери оған қамшы болды.

— Ҳә, тентек жора, бәдқабақ жүзбасы!— деген даўысқа изине қайрылған Ережеп алдында турған адамды танымай қалды. Кең-мол жипек шапан кийип, белин байлаған, сәлле ораған мығым денели, мойны жуўан, қарны шығыңқы адамның жалпақ жүзи таныс киби еди, бирақ ядына түсире алмай көзлерин жаўып турған қабақларын оң қолының бас ҳәм сук бармақлары менен көтерип, тигилди.

— Танымадың ба, жүзбасы?

Даўысынан таныды.

— Мәткарим онбасымысаң?

— Аўа-дә, өзге ким болар еди? Енди онбасы емес, Мәткарим ширепаз. Бизиң Хийўада ҳәр кимниң атының изине кәсиби қосып айтылады, Ережеп жүзбасы. Нешиксең?

— Жүриппиз.

— Жүргенинди көрип турыппан. Мыңбасы емессең, еле жүзбасысаң.

— Аўа, оны қайдан билдиң?

— Көзге көринип тур. Мыңбасы болғанында алдында еки нөкер «пош-пош»лап жол ашып, изинде екеўи бағып жүрген болар еди, олар жоқ, соннан-ақ билдим.

— Несип етсе, болармыз.

— Ҳә, қарақалпақ, — деп қойды Мәткарим кисесинен наскәдисин шығарып атырып. Нәс атасаң ба?

— Як, үйренбеген кәрим.

— Үйренбегениң якшы. Жүр, шайханаға барып, бир әңгиме қылайық. Жигитлерди сағындым, олар жөнинде айтып бересең.

— Мейли, бир кесе шай ишсек, неси бар, — деди Ережеп ақ кеўиллиги менен сумлығы барабар Мәткарим менен гүрриңлесиўге иштейленип.

Олар шайханаға кирип, шеткеридеги сыпаға өтти. Алакөлеңке болып турған өжире салқын, нағыс ойылған ағаш сүдинге илдирилген тор қәпесте отырған бөдене анда-сана төбеден түскен киби «бытпылдық, бытпылдық», деп даўыс берип қояды.

— Қәрежетим жеткенде шайхана ашпақшыман, — деди пөстек дастықты Ережепке ысырып қойған Мәткарим ширеши. Шире өзимнен питеди, терис әйўанды сыпалап, мыс ыдыслар алыў керек, аңғарасаң

ба, шай ишиў бизиң Хийўада үрдиске айланып баратыр, сен туратуғын Қарнақта адамлар айран-шалапқа қәнәәт етип жүре береди.

Анадан-мынадан айтылған гәп айланып келип, Ережептиң жүзбасылығына тақалды.

— Еле үмит үзилмей киятыр. Болмаса бийлигим бар.

— Не дедиң? Бийлигим бар? Атаңыз қаза қылды ма? Неге бирден айтпадыңыз.

— ?!

— Алла рәҳмет қылғай атаңызды, — деди Мәткарим басын төмен салып. Соң: «Бисмилләҳи-әррахман-әррахим...», деп билген сүресинен бир-еки аятларды оқып, дуўа қылып, қолын жүзине тартты.

Ережеп пәтия ушын рахмет айтып, мыңбасылықтың жөнин сорады.

— Жалғыз үмит пенен ис питпейди, бирадарым, — деди Мәткарим даўысын пәсеңлетип. Соң гәпимди биреў-миреў еситип турған жоқ па екен, дегендей әтирапына қарап алды. Булар отырған сыпада өзге адам жоқ, тек екеўи, арғы сыпада бир-еки төре қор-қор тартып, гүрриңлесип отыр, хызметке таяр даяшы есик алдында ҳәмир күтип отырыпты. Булардың сөзин ҳеш ким тыңлап турмағанына исеним ҳасыл қылған Мәткарим сөзин даўамлады.

— Айттым-ғой, жалғыз үмит пенен ис питпейди, — деп. Мыңбасылықты хан ҳәзиретлери береди. Соңғы хан ислериңнен, ерликлериңнен хабардар ма?

— Ол жағын билмедим.

— Әне, сол жери қыйын. Я көзге түсесең, я ата-бабаң сарайға мәлим адамлар болса... Болмаса мыңбасылық ҳаққындағы қыялларың бир пулға қымбат. Ол ўақытлары, айтарлықтай урыс-жәнжел саўашлар жоқ еди, Ережеп қалайынша көзге түсе қойсын?

Арадан тағы еки жылды өткизип, мыңбасылықтан гүдер үзген Ережеп жүзбасы Гүландам менен баласын ертип, аўылға қайтты. Қаракөл бойындағы аўылы да Лар аяғындағы Сырым бийдиң қатты қоллығынан налынып, қайта-қайта адам жиберип, елге келиўди өтинип турған еди.

Көш-қораны менен келген жүзбасыны Айқыздан өзге ҳәммелер қушақ ашып күтип алды. Қулшының отаўының оң қол жағына Ережепке арнап үй тигилген еди. Аўылға биринши мәрте қәдем қойған Гүландам көпшиликтиң итибарын өзине қаратты. Айдынлы орамалы менен жүзин бүркеген келиншектиң көзинен өзге жери көринбегени өзгелерге қызық көринди. Журт қатары көрисиўге бейимлесип қушақ ашқан хийўалы келиншектиң жайыўлы қоллары қаўсырылмады, Айқыз оның менен көриспеди, бастан аяғына ғамлы көзлери менен нәзер салды, соң жүзин қоллары менен басып жылап жиберди де өзиниң

отаўына кирип, иштен тәмбилеп алды, есик қаққанларға жуўап қайтармады.

Ел жатқан соң есикке келген Ережепти де отаўға киргизбеди.

Арадан күнлер өтти. Жанымқыз ортаға түспегенде бул жағдай қаншаға шекем даўам ететуғынлығы намәлим еди.

Ҳәптеден кейин бәйбише үлкен келинин өз отаўына шақырды. Өзине сүйеў көрди ме, яки ол арқалы өзгелердиң көбирек меҳир қойыўынан үмит қылды ма, қулласы Айқыз жасы онлардан өтип, есейип қалған баласын изине ертип келди.

— Бар, сен ойнай бер, — деди бәйбише ақлығына.

— Жақ, ҳеш қайда бармайды, ол усы жерде отырады, деп қасарысты бурынлы-соңға бетине тик келмеген келини. Еси енип қалды, идаралды перзенти, еситсин, не болғанын!

Жанымқыз келинине айтқанын тыңламағаны ушын жек көрип емес, мийрим менен бақты. Ақлығының шығып кетиўин талап етпеди, өзи айтса да ақлығы тилин алатуғынлығын билер еди, оны да қылмады.

— Яқшы, — деди бәйбише пәс даўыс пенен. Енди сениң анаң екеў болды, балам, — деп қосып қойды. Тыңла, келиним, — деп даўамлады бәйбише. Билемен, ериңди өзгеге бериў аўыр, буны өз басымнан бир мәртебе кеширгенмен. Бирақ ериңди де кешире билиўиң керек, мәгар ол зәрүрияттан үйленгендур, ол узақ өтмиште жүз берген ўақыяны ҳәм оған өзи себепши болғанлығын еслегендур, бирақ ол жөнинде айтып отырыўды мақул көрмегендур, қалай дегенде де бәйбишениң ойға талып, баслаған әңгимесин бөлип таслағанынан ҳәм әжимлер қаплап алған жүзиндеги қубылыўлардан оның қыялынан нелер кешкенин аңлаў мүмкин еди.

— Мәгар зәрүрияттан усылай ислегендур, — деп сөзин жалғастырды Жанымқыз бәйбише, ким билсин, адамның басына ҳәр қыйлы ислер түседи. Бирақ қалай дегенде де Ережеп сениң көз ашып көрген ериң, оның сөзи, оның ислери сениң ушын нызам, оны булжытпай орынлаўың керек. Дурыс, ериң үстиңе өзге ҳаял алыўы қатты аўыр батады. Көнлигип бағасаң, шыдайсаң, бул бастан нелер кешпейди, дейсең қызым, тас қатты ма, бас қатты ма, деседи, мениңше бас қатты, бара-бара бәрине көнлигип кетесең. Ериңе наразы болып, қатты сөз айтып кеўлин қабартып, өзиңнен суўытпа, мени тыңласаң айтарым сол, — деп үнсиз қалған бәйбише келининен жуўап күтти. Ақырында тағы сөйледи:

— Билемен, мениң айтқанларым кеўлиңе мақул келсе де, өзгелерге еситтирип «мақул», деп айтқың келмейди, бирақ ақырында айтқанларым дурыс екенлигине көзиң жетеди.

— Билмеймен, ене, деди,— әлленемирде келини көзлерине тирелип турған ашшы жасларды төкпеўге урынып. Неге бир аўыз айтпайды?

Жалғызсыраса мени неге ол жаққа шақырмайды? Үндемей үйленип, перзент те арттырыпты.

Қаншелли тисленсе де келиншек көз жасларын иркип тура алмады. Қыйық көзлерин жаўып турған узын кирпиклеринен төмен қуйылған көз жаслары көк көйлегиниң нағыслы жағасын ҳөллеп жиберди.

— Арттырса не болыпты, ол да сениң перзентиң, мына баланңның изине  ини болып ереди.

Келиншектиң көз жаслары көкирегин кернеген ыза, өксиниўди өзи менен бирге сыртқа шығарды ма, кеўли аз ғана жеңиллеп, басылғандай болды.

— Мен не дейин ене, қудай салса биз көндик. Шымбайдағы қыз апам: «Күндестиң күни қурсын», деп отырады, мен де соның күнине түсемен бе, деп қорқаман, деп еңиреп жиберди. Көз жаслары кеўил шерлерин тарқатты, көкте топланып, түнерген қара бултлар нөсерге айланып, көп өтпей қуяш шығып, әтирап қулпырып шыға келетуғыны сыяқлы жаслары қурыған қыйық көзлеринде қаяқтан келгени намәлим қуўнақлық излери көринди,  езиўиндеги күлдиргишлери билинди, баласы ашық турған дастурхандағы бийдай нанға ықласы аўып, «алып бер», деген киби бүйиринен түртип қойып еди, мыйық тартып, баласына: «ақ жигит, өзиң алып жей берсе», деген пайыт жүзлери жадырап кетти, ҳаяллар бир жылап алса, кеўил дәртлери жуўылып кетеди, дегенлери рас болса керек, көп өтпей бәйбише менен келини қәдимгидей ол-бул нәрсе жөнинде әжик-гүжик әңгимеге кирисип кетти.

— Әне, ақлығым, инили болдың, енди оны изиңе ертип, өзиң ойнатасаң, балларға урғызбайсаң, еситтиң бе, — деди келини менен тил табысып, оны қыйын ислерге көндиргенине кеўли толған бәйбише.

— Апа, үкемниң аты ким?

Бул жерге келгели биринши мәрте сөйлеген ақлығының сораўына жуўап бере алмай қалған бәйбише күлип:

— Еле оның атын да сорамаппыз-аў, мен де билмеймен-ғой, — деди. Жақсысы өзиң сорап ала-ғой, яқшы ма?

— Яқшы, — деди нан жеў менен машқул болған бала. Ол мынаў қолайсыз әңгимелер, анасының көз жаслары менен ҳаўасы аўырласқан отаўдан сыртқа шығыўға, алысырықта шаўқымласып ойнап жүрген аўыл балаларының   топарына қосылыўға асықпақта еди.

— Оны урмайсаң-ғой, я? Бул сораўды ақлығына бере тура бәйбишениң нуры қашқан көзлери келинининиң жүзине бақты. Тоқалдан туўылған балаға деген мүнәсибетин аңлағысы келген шығар.

Келинининиң қайғысы тарқаған, көзлери күлип турар еди.

«Барлығына көнеди, — деп ойлады бәйбише,— Көнбей қайда барар еди, биз ҳаяллардың маңлайына жазылған көргилик сол болса, сорлы

Айқыз көнбей қайда барар еди?». Өзиниң өтмиши, бир тырнаққа зар болып, Қулшы бийдиң Айбийбиге үйлениўине өзиниң себепши болғанын тағы бир еследи, оған қуўаныў яки қыйналыў ойына келмеди, еследи де қойды. Бәри өтмиш еди, еслегенинен не пайда?

Ережептиң аўылға қайтқанлығы, әкеси Қулшы бийдиң орнына бий болып, ханнан жарлық пенен ақ пышақ алғанлығы Шымбай сорамына демде тарқалды. Жақын-жуўықлар, балалықтағы дос-яранлар, Қаракөл бойындағы Қыпшақ аўылына келип тирелетуғын соқпақлардан ағылды.

Бир күни аўыл жанынан өтетуғын Қасқа жолда қойыў шаң көринди. «Булар ким екен, көп атлы», деп таңланғанлар дәрегин анықлайман дегенше өзлери аўылға кирип, Қулшы улы Ережеп бийдиң отаўына атларының басын тиреди. «Пәленше, төленшелер келер-аў» деп тәме қылып, отаўда жатырған Ережеп оларды күтип алыўға өзи шықты.

— Қәне, отаўға мәрҳамат, хош келдиңиз!

Қонақлар он еки қанат отаўдың жапсарына жасына, ҳүрметине, қарай қатара жайласты. Ережеп бий олардың базы бирин таныр, базы бирин танымас еди.

Ең төрде ҳәммеден жасы үлкен болған Қабыл бий кенегес, оның жанында Орынбай бийдиң улы Дәўлетназар, соңынан қоңырат Оразмуҳаммед, оннан пәсиректе молла Турым қытай, оннан төмениректе өзиниң ең изде отырғызылғанына наразы кейипте қыпшақ Сырым бий отырар еди. Көп өтпей жетип келген Шымбай ақсақалы Юсуп ҳәммелерден жасы үлкен болғаны себеп төрге өтти.

— Бийлик мүбәрек, Ережеп бий, — деп кеш келген болса да дәслепки сөзди Юсуп баслады. Дүзди көрдиң, ел көрдиң, жер көрдиң, енди атаңнан қалған қәўимге ийелик етесең.

— Қуллық, Юсуп аға.

Буннан кейин қалған бийлер кеўлиндегилерин билдирип, Ережепти қутлықлап атты.

Отырғанлардың ишиндеги бир бий тил ушынан жақсы сөзлер айтқан болса да, бул отырысқа, Юсуп ақсақалдың сөзине наразы еди. Оған дәслепки көргеннен-ақ негедур Ережептиң жайпарахат, сабырлы даўысы, үйилген қабақлары, ала атлы менен саўашта алған жарақаттан соң оның қабағы ашылмайтуғын болып қалған, узын қоллары, қулласы бийдиң ҳәр бир ҳәрекети унамай қалған, енди ҳәр бир қыймылынан бир нуқсан тапса қуўанар, оны табыўға ҳәрекет қылар еди.

Ережептиң көкирек аўзына келгендей ғана қысқа бойлы, бирақ толық денеси менен шекпен сыртынан билинип, ойнап туратуғын булшық етлери оның күш ийеси екенлигинен, ал қысқа ҳәм жуўан мойны менен гүжирейген желкеси айтқанынан қайтпайтуғын

өжетлигинен, қырғый қабақ астындағы от шашқан көк көзлери менен жалпақ жүзиниң сусты жүреги үлкен, ҳеш нәрседен тайынбайтуғын батырлығынан дәрек беретуғын бул адам Буйдалы бойын жайлаған қыпшақлардың бийи Сарымсақ бийдиң улы Сырым бий еди.

Елдеги гәплер, Айдос бий ўақыясы сөз болды.

Әңгимениң аяғы Шымбай шәҳәрине келип иркилди.

Саўданың, өнерментшиликтиң раўажланыўы менен шәҳәр енине ҳәм узынына кеңейип, үлкейе берди. Бирақ тәртипсиз салынған үйлер қалаға кирип-шығыўды қыйынлатты. Базарлар тарылып қалды. Сол себеп шәҳәрди жаңа орынға көшириў зәрүрлиги де пайда болған еди.

— Бий ағалар, — деп баслады шәҳәр ақсақалы мәжилистиң гүрриңи қызған мәҳәлде. Мениң бир айтажағым бар, қулақ асып, мәнисин уғып алсаңлар, соң ойласып-кеңесип бир ўәжге келсек. Оған қалай қарайсызлар?

Ҳәммеден жасы үлкен ақсақалдың гәпине қулақлар түрилди.

— Мен ес билгенимде Шымбай онлаған ҳәўлиден ибарат болған жол дәрбентиндеги бир қорған еди. «Елге бир нәўбет, жерге бир нәўбет», деседи, халық. Оның дурыс екенин шәҳәр тымсалынан көрдик, халық келди, ел келди, рысқы-несийбе келди, енди қарасаң базарларымыз, ҳәси кетпейикдағы, көрер көзге тарлаў болып атырғандай. Айтажағым, бий ағалар шәҳәрди ескисинен жаңа орынға көширсек, көшелери менен базарларын кеңейтсек, ҳәзир көпшилик қут-берекети бар, деп базарларға жақынырақ отырыўды қәлейди, солай етип базарға арба менен кирмек түўе пияда кириў мүшкил болып қалады.

— Мақул, мақул көшелер менен базарлардың кең болғанына не жетсин, журттың мүтәжлигиниң бир жағы базардан питеди, бай да, жарлы да жоғын излесе сол жерге барады,... деп ғаўқылдасты бийлер.

— Мақул десеңлер тағы бир гәпим бар, — деп иркилди Юсуп. Жасырып не керек, бәрибир аўырыў әшкара етеди, биз қартайып киятырмыз, ендиги жағында шәҳәрдиң бийлигин ҳәм биреўлериң алсаңлар.

— Юсуп аға, оны хан ҳәзиретлери шешеди, оған хабарлаў керек, соң ҳәмирин күтпек дәркар. Ҳәзир, таза қаланы айта берейик, деп отырғанлардың жасы үлкениреги Оразмуҳаммед бий ақсақалдың сөзин бөлди.

— Онда ше, деп гәпин жалғастырып шәҳәр ақсақалы, таза қаланың жобасы менен орнын таңлаўды Ережеп бийге буйырсақ, не дейсизлер?

— Мақул, мақул, — деп отырғанлардың Сырымнан өзгеси. Дыққат-итибардың өзине емес, ал Қулшы улына қаратылғанына наразы еди. Ишинен «не питирипти сол Ережеп?», деген ойға барды. «Бир душпанның басын кескени ме?».

— Мен бе? — деди өзине билдирилген исенимнен аз ғана албыраўға түскен Ережеп. Бул жерде меннен жасы үлкенлер де баршылық, солар...

— Бийлер, мен Ережеп бий таза қаланың жобасын дүзип берсин, жерин таңласын деп бийкар айтпадым, — деди Юсуп тағы да. Ол неше жыллар Хийўада болды, шәҳәрдиң әдди-үддин билди. Болмаса қайсы бириңиз шәҳәрде Ережептен көре көбирек жасадым, деп айта аласыз?

Ҳеш ким үндемеди.

Қонақлар аўқат жеп, тарқасар пайыт таза шәҳәрге жер таңламақ ушын бирси күни ушырасатуғын болып келисип алды.

Қысқа базардан соңғы күни шәҳәр көшелери менен базарлары дерлик босап қалар, сүйеги ағаштан қурастырылған, қамыстан бууўылған шомлар менен қоршалып, соңынан ылай менен бир неше рет сыбалған пәскелтек, бир-еки бөлмеден ибарат, шөпкер жайлардың турғынлары өз машқалалары менен машқул болар, көншилер үлкен-үлкен ағаш наўаларға батырылған қарамал, жылқы терилериниң үстине басылған аўыр қақпақларды ысырып қойып, көнлердиң ийлеўге таяр яки таяр емеслигин барлап көрер, егер терениң жүни аңсат жулып алынса, ол ийлеўге таяр деп есаплап, наўадан шығарып алып, ийлеўге кирисер, бул ўақытларда терилерден тарқалған бәд ийис адамлардың мазасын қашырар еди. Темиршилер өз дүканларында ошақта ғыжлаған сексеўил көмирлердиң үстине қойылған темирлерди төсликке қойып, әтирапқа ушқын шашыратып балғалаўға кирисер, ағаш усталары кесиў ҳәм жоныў менен машқул болар еди.

Усындай күнлердиң биринде бийлер Кегейлиниң бойына жыйылып, ойласық қурды.

— Баяғы айтқанымдай орын таңлаў еркин Ережеп бийге берсек, — деди Юсуп ат үстинде турып.

— Әўели жаңа қоныс болатуғын жерди көзден кеширейик!

— Әлбетте.

Атлылар адым-адым жүрис пенен Кегейлиниң күншығыс жағалығын көзден кеширди, соңынан көпир арқалы күнбатар жағына өтип, ол жақты да барлап шықты. Көншилер көшесинен көтерилген қолаңса ийис атлылардан айрылғысы келмеген сыяқлы бийлер қай таманға барса да танаўларға жетип барар еди. Көпшилик оннан бийзар болды.

— Биринши гезекте көншилерди шетирекке көшириў керек, — деди Оразмуҳаммед.

— Дурыс айтасыз, деп оны мақуллады Юсуп.

— Онда исти дәслеп көншилерден баслаймыз. Билиўимше самал көбинше арқа батыс таманнан еседи, көншилерди Кегейлиниң батыс жағасына ҳәм ийис келмейтуғындай узағыраққа көширген мақул.

— Өзгелер буған не дейди? Бул сөз Юсуп ақсақалдан шықты.

— Мақул гәп.

— Олардан бериде халлажлар менен көкшилер болғаны мақул шығар, — деди Ережеп. Пахтадан тоқылған жипти, көкши бояйды, сыбайлас қонса ислесиўге жақсы.

Қулласы Кегейлиниң батыс жағына көншилер менен тоқыўшылардан басқа да бирқатар кәсип ийелери қоныс басатуғын болды. Шығыс таманға арбашылар, зергерлер, темиршилер, қассаплар менен мал алды-саттысына қатнасатуғын дәлдалларды орналастырыў шешилди. Мал базары Қасқа жолдың бойына жақын жерге шығыс жағада, дән базары батыс жағада қоныс тепти. Булардың бәри саз ылайдан салынған Шымбай қорғаны дийўалларынан тысқарыға жайласатуғын болды.

Бийлердиң көбисиниң аўыллары шәҳәрден қашық, сол себепли бул қонысландырыўларға бийпәрўа еди, ишлеринен: «базар қай таманда болғанда не, бәрибир жүрип келемиз», деди қойды, тартысып отырмады, тек Сырым ғана ишинен Ережептиң бийлик еткенине наразы еди, оған мал базар менен дән базардың орны негедур унамады, пикирин ашық айтыўға «өзгелер мақулламаса абырайым төгилер», деген ой менен тартынды. Қулласы өзгелердиң шешкенлигине наразы болып, мирәтке қайрылмай Буйдылыға қайтты.

Көп өтпей еки бий — жақында ғана нөкерликти тәрк етип, атасының орнын ийелеген, еле журт аўзында айтылып жүрген ерликлеринен өзге қырлары ашыла қоймаған Ережеп пенен өзин ҳеш кимнен кем санамайтуғын, өркөкирек Сырым бий ортасында даў пайда болатуғынын ҳеш ким қыялына келтирмеген еди.

Қулшы заманында қазылған, Кегейлиден сағa алатуғын Тағжап Қаракөл дөгерегиндеги егислик жерлердиң төбесинен қуйып туратуғын, ал аяқ бети қалың жайласқан қытай руўлары жерлерин суўландырып, аяғы Буйдалы бойына жетип жығылатуғын еди.

Буйдалыдағы қыпшақ аўыллары Кегейлиде суў мол болған жыллары суўды Тағжаптан, кем болған пайытларда Есимнен алып келди. Суў мол болған бир неше жылларда не болса да Есимөзектен келетуғын жап қазылмай, батыл болып қалды. Қырсығына сол жылы Кегейлиниң мол суўы азайып, дийқанлар суўсызлық зардабын тартып, әспек болды.

Тағжаптың аяғындағы қыпшақ аўылларының дийқаншылығы көзге көрингенде салмалардың ултаны таңқыйып, журттың жүрегин суўлатты. «Қос аўыр болса, өгиз-өгизден көреди», дегени яңлы қыпшақлар жән-жағына қарап, ақырында «Сағадағы суў ишер, аяқтағы уў ишер», деген пәм менен бир топар болып жапты жағалап, суў келмей қалғанының себепшиси ким екенлигин анықламақшы болды.

Еркинбайдың еки танап жери жаптың аяғына таман еди. Белбуўарға келип, астына сая түсире баслаған жүўерилер шөллеп турғанына ҳәптениң жүзи болса да, суў келе қоймады, өрдегилер өзиндей, гезек пенен алып отыр, күн ыссы, солардың жери қанғанша күтиўге туўра келеди.

Сәскеде саратан қуяшы әтирапты аямай қыздыра баслады. Бир аўызқабақ салқын айранды симирип, белин ийнине салған Еркинбай ылашығынан шығып, үйреншикли соқпағы менен жап таманға жол алды. «Қудай сақлағай, мынаў мыс қайнаған ыссы күйдирип жибережақ-ғой», деп ойлады қуяштың көзи түсип, қыздырып баратырған желкеси таман жамаўлы тақыясын ысырып қойып. «Суў келеқойғайдағы. Болмаса жүўериден айрыламыз, қыс азық, деп исенип отырғанымыз усы жүўери» деген қәўетерли ойлар менен жаптың рашына көтерилип еди, көптен күткен суў келипти, қуўанғанынан «түпәләм», деп жағасына түкирип қойды. Жулқынған ағысы болмаса да тынбаға мейил берген ақаба суў буннан бир-еки күн бурын жаптың аңғарына кесесине басылған бөгетке иркилип, ақырынлап көтерилмекте, және азырақтан жүўери жердиң сәл бәлентирек қулағына жарайтуғын түри бар.

Жаптан саға алған, жүўери жерге баратуғын салманың ултанына түскен Еркинбай тереңлетиў ушын бир неше бел топырақ алып, сыртқа таслады. Жаз қуяшы төбеге қарай көтерилиўин даўам етип, ыссылық кем-кемнен ҳәўижге минер, оның үстине «елп» еткен самал еспес, қапырықтан дем алыў қыйынласып бармақта еди. Дийқан ултаннан шығып, азғана болса да салқын жоқ есабы еди, бөгетке тирелген суў кем-кемнен көтерилип, жуўери салмаға аға баслады. Суўға тигилген дийқанның кеўли сергийин деди, бөз көйлегиниң жеңи менен маңлайының терин сыпырды, узақ-узақларға нәзер таслады. Бәҳәрги суў менен ажырық өскен, жаптың арғы жүзиндеги жайлаў үстинде пошша торғай көринди. Жасыл ажырықта өзиниң боз реңи менен көзге анық түскен торғай қанат қағып ҳаўаға көтерилди, бир арқан бойы, мәгар еки арқан бойы, яки оннан да бәлентирекдур, дийқан анық есаплап шыға алмады. Қулласы жерден көкке пәрўаз қылған пошша торғай, оны биразлар реңкине қарай «бозторғай», деп те атасады, ҳаўадан қанат қақпай, пәлпеллеп турып сайрай баслады. Ол, алды бурын қурға жыйналған халайық алдына шыққан бақсылардың бир-еки қайтарымды жеңилирек намадан баслап, соңынан «сен яр гәдәли» ямаса «гәлгәлай» усаған қыйынырағына өтетуғыны сыяқлы, бир-еки мәртебе қосығын қысқарақтан қайырдыдағы, соңынан сондай етип сайрады, дейсең, мисли тил алмайтуғын баласына ненидур шыр-пыры шығып түсиндирип атырған муштипар анаға мегзеп кетти. Әл-ҳаўада қанат

қағып, я қақпай, сондай бир әжайып муқамларды баянлар еди, күни мененги тәшўишлерден кеўли шөккен дийқанның кеўилханасына торғай намасы мәлҳам болып қуйылды. Бир заматқа аямай қыздырып атырған қуяш, жасыл отлақ пенен дийқанға түсиниксиз тилде күйип-писип сайрап атырған пошша торғайдан өзге ҳәмме нәрселер умытылғандай туйылды. «Не деп атырғанын түсингенде ме?», деп ойлады. «Неси бар, Сулайман пайғамбар қустың тилин билген, дейдиғой!». Бир есаптан пошша торғайдың қысметине қызықты. «Тап ҳәзир сондай торғай болып кетерме, един! Сайраўдан өзге қайғысы жоқ». Балалықта еситкен рәўаяты ядға түсти. «Олардың душпаны жылан деседи. Жылан жерде шалқасына жатып, көкте сайраған пошша торғайды көзлери менен арбап турармиш, торғай жаниўар жылан көзлериниң сыйқырлы арбаўынан қутыла алмай, ақырында жүреги жарылып, жыланның зәҳәрли аўзына келип жығылар емиш».

Бул ўақытларда жапқа кесе басылған бөгеттиң ең жоқарысына шекем көтерилген суў жүўери атызға қарай жөңкилер еди. Раштан түсип, оншелли тынық болмаған суўды қосыўыслап алып, үш-төрт мәрте симирди. Бир аўызқабақ айран алып шықпағанына өкинди, ыссыда ишилген суў шөлин қандырмады.

Самал шақырып, «Қамыс басы қалтырар, жекен басы жылтырар, айдар-айдар», деп гүбирленип, тағы рашқа көтерилип еди, алысырақта беллерин ийинлерине салған үш-төрт адамның жап жағалап киятырғанын көрди. «Кимлер болды екен, бала?»

Киятырғанлар қоңсы аўылдағы қыпшақлар еди. Жақынлап келгенде аңғарды, түрлери өрт сөндиргендей түнеринки, қабақларынан қар жаўады. Алдында киятырған еңгезердей биреўи өңменлеп келип жапқа кесе басылған бөгетке иркилди. Ийнинен белин алды да аша баслады.

— Ҳә әкеңниң... Бизлер аяқта «суў келеди», деп жапқа қараймыз, олар болса жапты кесе бөгеп, суў ишип атыр, — деп сөгинди екиншиси.

Қулласы кәлам, келгенлер жүзлери қуяштың өткир нурларында жарқырап турған беллер менен иске кирисип, көзди ашып-жумғанша бөгетти ашты, үйилген суў жап аңғарына қарай жөңкилди, Еркинбайдың жүўерисине суў ақпай қалды.

Булардың барлығы тез болған еди, Еркинбайдың тили кәлиймаға келмей, келгиндилердиң қолларындағы белге асылды. Соңынан:

— Жигитлер, жигитлер... Тоқтаң, не қылып атырсызлар, деп ҳәр бирине жалына баслады. Жүўерилер шөллеп атыр, тағы бир-еки күн суўсыз қалса, шөллеп өледи... Мен, мен, ақыры... Атызды бир толтырып алайын, ҳеш болмаса... ҳәр кимниң қолына асыла берди. Қыпшақлардың ири денелиси Еркинбайды суўға ийтерип жиберип, сөгинди.

— Бизиң жүўеримиз не, шөлден өлмей ме? Сениң атыз суўғарғаныңа қарап, қол қаўсырып отырайық па, ҳә әкеңниң...

Суўға бир сүңгип шыққан Еркинбай қырға көтерилмекши болып, умтылып еди, екинши адам көкирегинен тепки берип, суўға тағы қулатты.

— Жигитлер, жигитлер, деп Еркинбай бөгетти ашып атырған беллерге жармасты. Сол пайытта кимдур Еркинбайдың кең жаўырнына белдиң жалпағы менен бир түсирип еди, дийқанның көзлеринен ушқын шашырап кеткен яңлы болды.

Алысыў даўам етип атырған бөгеттен сәл қашық жерден «аға!», деп қышқырған жиңишке даўыс еситилди. Ол Еркинбайдың изинен хабар алыўға келген он бир-он еки жаслардағы баланың сести еди.

— Беркинбай, жуўыр аўылға, адамларға хабарла! Жәнжел шықты!— де, тез ... деп қышқырды белдиң екинши мәрте силтениўинен сескенип, бөгеттен өрирекке жылжып, суўдан шықпаўға бекинген Еркинбай.

«Ҳәзир аға...» деп ҳүрейлене қышқырған даўыс кем-кем алыслай берди. Бул ўақытларда жедел қыймылдаған үш-төрт адамның ҳәрекети менен бөгет ашылған, жыйылған суў аяққа асығып, алдын тереңлиги көкирек аўызға келген жер, енди белбуўарға да келмей қалды.

Келгенлер Еркинбайдың изинен суўға түспеди, қуўдалаўға да талапланбады, суў ушын қандай гүрес болса да таяр кейипте, раштың үстинде беллерине сүйенип, ағысқа тигилип, өз ара гүңкилдесип тура берди.

Көп күттирмей қытай руўының бир топар адамлары жәнжел көтерилген бөгет басына жетип келди, кимисиниң қолында бел, кимисиниң қолында кеспелтек.

— Не болды Еркинбай!— деп қышқырды топардың алдында киятырған қара сақаллы, бойы келте болса да денеси мығым киси.

— Қыпшақлар зорлық қылды! — деди бул ўақытлары жап ултанында дизден келип қалған суўдан қырғаққа шыққан Еркинбай.

Қыпшақлардың бағанағы пәтлери жоқ, «көп қорқытады, тереӊ батырады», дегендей, көпшиликтен сескенди ме, орынларынан қозғалмады.

— Қәне, ким сөкти мениң әкемди, ким белдиң жалпағы менен жаўырныма түсирген? — деп Еркинбай қыпшақлар топарына кирди. Көрсет, енди күшиңди! Сен бе? Ол алды бурын дәпең жигиттиң жағасынан тутты. Мине, саған! Қулашлап силтенген тоқпақтай жудырық ийегине келип тийген дәпең шалқалап барып, жығылмай қалды, мықлы екен. Еркинбай екинши мушты оған емес, белдиң жалпағы менен урған адамға силтеди, ол мурттай ушып, раштан пәске қарай домалап кетти.

— Бас бөгетке әкеңлерди! — деп қытай таманынан биреў қышқырды. Ким белин, ким кеспелтек таяғын көтерип умтылып еди, суў даўы менен келген қоңсы аўыл дийқанлары өзлериниң аз екенлигин көрип, тым-тырақай қаша жөнелди. Еркинбайдың екинши силтеген жудырығынан жығылған жигит қаша алмады. Оны көтерип әкелип, жаптың ултанында услап турып, ҳәр ким ҳәр жерден топырақ таслап, бөгет баса баслады. Тез ўақыт ишинде жигиттиң белине шекем көмилди.

— Жигитлер, жүрегим жаман, — деди бөгетке басылған адам ҳәлсиз даўыс пенен. Мениң не гүнам бар, өлтирип қоясызлар-ғой, шым-шырқадай балаларым бар, ақыры.

Түсликке көтерилген қуяш нурлары, сондай-ақ қаяқтандур көкиреклерге келип қуйылған өш алыў сезими қанларын қайнатқан адамлар оның сөзлерин еситпеди. Оның орнына:

— Қәне, тасла топырақты, бол! Қытайларға зорлық қылыўдың не екенин қыпшақлар билип қойсын, — деп шаўқымласар, «ол да өзимиздей дийқан, жазатайым өлип қалар», деген ой қыялларына да келмес, мисли өлимтик үстине қан ийисин сезип үймелескен қузғынлар киби қарқылдасар еди.

Бөгетке басылған топырақ адамның ийинлерин жасырып, мойнына шекем келди, көп өтпей жиңишке мойны да көринбей қалды. Бөгет үстинде қалқайып турған тақыясыз басты саратан қуяшы аямай күйдирер, ал ет қызыў менен үлкен бир жынаятқа қол урған аламан ыссыны елестирмей атырған сыяқлы еди.

Сол пайыт кимдур: — Бийшара өлип қалмасын! — деп қышқырды.

«Ҳаў, еле өлип қалыўы да мүмкин екен-аў» ой қыялларына сап ете қалған аламан көз-ашып жумғанша өзлерине келди.

Балағын дизесине дейин түрип алған бир адам ылайға айланып үлгерген бөгетке түсип, қоллары менен қалқайып турған бастың әтирапындағы ылайды жан ҳалатта гүреп, каза баслады, екинши биреў оған көмекке келди, адамды ылайдан суўырып алды, өзлери де батпаққа белшесинен батып, бийшараны қурғақ жерге шығарып жатқарды. Оның дем алғанын яки алмай атырғанын ажыратыў қыйын еди.

Ертеңине Еркинбай дийқанның аўылына ат шаптырым жердеги қоңсы аўылдан «ўай-ўай» салып жылаған даўыс тал-тал еситилди. Ол суў үстиндеги жәнжел ақыбетинде әлемнен өткен дийқан жигиттиң үйинен шығып турар еди.

Бир ҳәптеден соң Оразмуҳаммед бийди алдына салып, Сырым бий Ережеп бийге даў менен келди.

«Арба күнде емес, күнинде сынады», дегенлериндей оған жесир даўы да келип қосылды. Қытай руўының бир жигити қыпшақлар

қалың төлеп қойған қызды алып қашып, көзден ғайып болыпты. Жигит тәрепи келип, қыз алып қашқанның ата-анасын таяққа жығып, «балаң менен қалыңлығымызды таўып бер», деп көп топалаң шығарған. Қосылғанлардың қайда кеткени намәлим, Сырым бий бул даўды Ережептиң мойнына мингизеди, айтатуғыны: «Бухар ишиндеги ағайинлерине жиберген шығар».

Еле даў шешип, бийлик етпеген кешеги жүзбасы арасатта еди. Қытайлар өлген жигиттиң қунын төлесин, еки тәрепти жарастырайық, десе Сырым «қанға-қан, жанға-жан» деп төрт аяқлайды, жесириңнен хабарым жоқ десе, «жасырып қойыпсаң»ды айтып, аўзын аштырмайды.

Ақырында еки бий ашық душпан болып тарқасты. Булардан жасы үлкенирек Оразмуҳаммед бий Сырымды сөзине турғыза алмай, оның алдына түсип келгенине пушайман болып, бармақ тиследи.

«Қандай шешимге келиў керек?» Бул саўал жатса-турса жас бийдиң санасына орналасып алды.

Усындай күнлердиң биринде Сыр бойынан Жантай батыр келди.

Лардың шығысында Аққудық деген жерге үйин тигип, кәрўанларын Шымбайға аслық алыўға жөнеткен, Сыр бойындағы қазақлар менен қарақалпақларға бийлик жүргизип отырған өзимшил адам болса керек, «қонақ болып елиңизге келдим, қарақалпақ бийлери бизге сәлемге келсин», деп киси жиберипти.

Бир топар бийлер: «неде болса көрейик, қандай батыр, не кәраматы бар?», деп сәлемге барыпты да, қайтарсын қапаға мегзеп, баслары төмен салынып қайтыпты, «батыр не айтты, не кәрамат көрсетти?» деп сорағанларға «әй», деп қолларын силтеп қоя берипти.

Қабыл бий менен Дәўлетназар бийдиң басшылығында, Ережеп пенен Сырымның, қалаберди Турымбийдиң қосшылығында бир топар атлы Лардың жасқа жеринен ат жалдап, арғы жүзге өтти. Алыстан төбеси шошайған жолым үйлер көринди, кишигирим бир аўыл қарамындай бар еди, түтин көтерилип, атлардың киснегени қулаққа шалынды. Киятырғанлардың кеўлине: «Жантай әскер тартып келген жоқ па, өзи? — деген гүман келди.

Қатара тигилген үйлер аўылды еслетер, қазықларда атлар байлаўлы турар, бирақ әдеттегидей аўыллардың қорықшылары болған ийтлер үрип шықпады, көзге де таслана қоймады.

Киреберисте шеттеги үйден жуўырып шыққан бир жигит, қонақларға  ат байлайтуғын қазықларды нусқап көрсетти де, өзи ортаңғы үйге сүңгип кирди. Көп узамай қайта шығып:

— Бирим-бирим кириңлер, — деди. Даўысында мирәт етиўден көре ҳәмирге мегзес бир нәрсе бар еди.

Бирінши болып Қабыл бий «Ассалаўма әлейкум», деп ишкериледи.

— Саўға-сәлемиң қәне?— деген ҳөктем даўысты сырттағылар анық еситти. Ондай нәрсе ҳеш кимде де жоқ еди. Ишлеринен қысынып, ҳайран болысты.

Көп өтпей, реңки жуўылған бөздей ағарып кеткен Қабыл бий шықты. Көз жаслары аппақ сақалын ҳөллеген еди.

— Қабыл аға, не болды? — деди Ережеп батыл даўыс пенен, өзгелер еситеди, деп тартынып отырмады.

— Сәлемге қол узатсам аяғын берди-ғой, бул не деген төмен тутыў...деп гүбирленди қартаң бий.

Жасы бойынша сәлемге кириў нәўбети Дәўлетназардыки еди.

— Мен киремен, — деди Ережеп шешиўши түрде. Жантай батырға беретуғын саўға-сәлемим бар...

Албыраған бийлер алдына кесе тура алмады.

Ший есикти серпип ашқан жас бий «Ассалаўма әлейкум», деп сәлем берип, ишке енди.

Төрге төселген кийиз үстинде түйениң жарты етиндей боласынлы, мурты, орақтай жалпақ етлес бетине тәңки мурны батып, зорға көринип турған, басына қазандай темир дубылға кийген, қол жетер жердеги қылыштан көзин айырмай, жамбаслап жатырған адам Ережепке нәзер салмастан, балтырын жүн басқан шеп аяғын сәл көтерип, сәлемге усынды.

— Тарт аяғыңды, Жантай батыр, — деп Ережеп узатылған аяқты теўип жиберди. Сен Жантай болсаң, мен Ережеп батырман. Жаў-жарағыңды асын да майданға шыға бер. Болмаса хызметкериңнен ўақты менен орнын айт та, хабар жибер, усы менменлигиң ушын жекпе-жек те қаныңды ишпесем, тентек атым қурысын!

Не айтар екен, деп азғана егленди, бирақ Жантай батырдан дыбыс шықпады, батық мурны орналасқан табақтай беттен өзгерис аңғарылмады, ярым жумық көзлерин қылыштан айырмады, бирақ қылышқа қол созбады, олай етсе төбесине дөнип турған Ережеп оннан бурын ҳәрекет ететуғынынан гүман қылғандур. Не болғанда да жолым үй ийеси бий сәлем берип киргенде қандай ҳалатта болса, сол ҳалатта, сынын бузбай қала берди.

— Атасының аўзын... Жантай батырыңның, басым ийнимде саў турғанда бундай төменликке шыдамайман, жекпе-жек шығаман, десе жиберер хабарын. Қорқса, үйин жығып қайтар елине, кеттик бийлер...

Ережеп қыннан қылыш суўырып алып, атлар байланған таманға қарай жүре берди, ҳәр қалай сақлық ушын қылыш суўырды, бийлердиң бир-еки атқосшылары атлар жанында турар еди.

Бийлер атланып жүре берди. Олардың жолын ҳеш ким тоспады.

— «Жалғыз аттың шаңғы шықпас», деген нақылды Жантай батыр билмей ме, не ушын биз таманларға бир топар атқосшысы ҳәм кәрўаны

менен, ләшкерсиз келе тура, буншама менменлик қылады? — деди Оразмуҳаммед бий.

— Бизиң халқымызды сынап көрмекши, саўға-сәлем берсек, қорққанға жорып, жолы түскенде айланып соқпақшы...

— Ертең жекпе-жек десе не айтасаң? Өзиң...

— Адам дүньяға бир мәрте келип, бир мәрте кетпей ме? Ережеп жуўап күтип жанындағыларға қарады.

— Әлбетте, әлбетте, дурыс, — деп мақуллады олар.

— Сол сыяқлы өлим де бир мәрте. Мен таяр, алладан әжел келсе өлермен, Жантайдың әжели жетсе жер тислетермен, саўаш екиниң бири.

Турымбийдиң аўылы жақын еди. Бийлерди мирәт етти.

Айран-шалап ишип, шөллерин басып өзлерине келген соң Ережеп сөз баслады.

— Бул гәпти еситпегенлер арамызда жоқ шығар, деп пәмлеймен. Және ол қытай руўы менен қыпшақ руўының, ямаса бизиң менен Сырым бий ортасындағы ғана гәп емес, ал усы дөгеректеги еллер менен бийлерге тийисли. Биз екеўимиз де қыпшақ бийлеримиз, Лар таманда Турымбий бар, қытай менен қыпшақ суўға таласып, бир адам ортада жазым болыпты, еки тәрептен де көпшилик, анық гүнәкар белгисиз. Ақсақал бийлер, сол мәселени шешиўди ортаға тасласам қалай көресизлер. Анығырағы, шешимимди айтайын, ойлап, ойласып, мақулға келермиз.

— Айт, айт, еситейик, — дести Сырым бийден өзгелери.

— Мен айтсам, қытайлар өлген жигиттиң қунын төлесин, жас балалары ержеткенше ҳәр жылғы азығын берсин.

— Бул айтқаның мақул сөзге мегзейди, — деди Қабыл бий сақалын тутамлап. Сырым төмен қарап, ойланды.

— Сырым, неге ойландың, — деди Ережеп бий. Өзимиз аўылма аўыл атысып-шабысып отыратуғын болсақ Жантайдан пәсиреклери де келип, сәлем берсең, аяғын усынбас па екен?

— Қыпшақтың жесирин айтпадың? — деди Сырым жуўап орнына. Балтамтап айтысып, ўақытты созбақшы, соның арасында «тал қармап», қандайдур сылтаў я себеп таппақшыға усап көринди.

— Мен қылыштай туўры гәпти айттым, билесең қылыш жарақат жеткизеди, тыйық жарасы тез питпес болар.

Даўысынан абай-сиясат аңғарылды. Буны отырған бийлер де, Сырым да абайлады.

— Сонда не? Қылышыңды қынабынан суўырмақшымысаң? Бул Сырым бийдиң сести еди.

— Мен суўырмасам мәмилеге келмесең, қәйтейин. Инсанның ызасы, өш алыўға, кек қайтарыўға бәрқулла таяр труўы мисли

жалаңаш қылыш емес пе? Ол бәрқулла силтениўге ҳәзир. Еки аўыл ортасындағы ҳалат — көтерилген семсер киби, бири рети келип, өшимди алсам, дейди, екиншиси соннан қәўипсинип, сарыжайдың шегиндей тартылады.

— Мениң айтқаныма қытайлар турмаса не қылайын?

— Туратуғын қылып айт!

Қабыл бий қолын көтерип, екеўиниң сөзин кести.

— Былай қылайық, — деди жасыүлкен бий. Ережеп қытайларды сөзине турғызсын, сен Сырымбий қыпшақларды турғыз. Сөйтип, елди жарастырың. Қолларыңнан келмесе Турым менен Ораз аралассын. Алды менен екеўиң келисип алың, соңынан елди.

— Жесир даўын қәйтемиз?

— Бул истиң болғанынан берли қанша ўақыт өтти? — деди Қабыл.

— Еки айдан өтип атыр, — деди Сырым тоңқылдап. Қыздың өлиси я тириси намәлим. Алып қашқан қытай жигити Ережеп бий сорамағынан.

— Ертең-ақ шәҳәрге жар урдыраман. Бирақ: «Келсеңиз сизлерге ҳеш ким тиймейди, кепиллигин мен, Ережеп бий, мойныма аламан», деп айттыраман.

— Ким берипти саған ондай кепилликти? Тағы Сырым еди бул.

— Еки ай биреўге қатын болған нашарды алғаннан, жигитиң қыз алсын. Қалыңын төлетемен. Соған турарсаң, Сырым?

Сырым үнсиз бас ийди. Гәп кесилди.

— «Мени жеңип, абырайыңды көтермекши болдың ба? — деп ишинен гижинди Сырым бий. «Бир рети келер, орға жығарман сени»...

## 20

Арадан күн өтпей Ережеп Еркинбай дийқанның аўылына келди. Қасында ири денели, жүзинде тыртығы бар атқосшы ерип жүрер еди. Оқыўшы оның ким екенлигин аңлаған, яки шамалағандур.

Аўылдың ақсақалларын жыйнап, өзиниң шешимин айтты. Қыпшақ аўылынан адам жәнжелде жазым болған, енди оның қунын төлеп, имараға келмек керек, әлбетте адам баласының баҳасы жоқ, деген менен изинде қалғанларының мал-дүнья ҳәжетине жарар, соларды разы етпегенше даў шешилген есапланбайды.

— Бул ислерге себепши болғаным рас, мойныма аламан, балларым оңысар, жетимлерге саўын сыйырымды беремен, басым жерге киргенше ҳәр жылғы зүрәәттен үштен бирин соларға атайман, — деди Еркинбай.

Өзге қытайлылар да ким бир жанлық, ким бир баспақ дегендей, бир заманда әдеўир мал ортаға жыйылды. Қытай ақсақаллары Ережеп пенен бирге малды айдап қыпшақ аўылының жолына түсти.

Қыпшақ ақсақаллары Ережептиң айдап барған малына разы болып, даўдан кешти. Сырым бийди шақыртып еди: «өзлери келисе берсин», деп келмеди.

Баласы өзгениң қалыңлығын алып қашқан жигиттиң ата-анасы қалыңды қайтарыўға қайта-қайта разы болды. «Жалғызымыз аман болса, қәлегени менен қосылса не әрманымыз бар», деп аўыл-елден қарыз көтерип, зияты менен төледи.

Ертеңине қысқа базар еди. Шар базарда Пирман жаршының ҳаўазы еситилди: — Ҳей халайық, халайық, пәленшениң улы пәленше менен қашып кеткен төленшениң қызы жасырынып жүрмесин, Ережеп бийдиң қанатының астына келсин, бий қанатлыға қақтырмаў, тумсықлыға шоқытпаўға кепиллик береди... Еситпедим демеңлер, ким оларды көрсе хабарласын, саўабы алладан... деп қышқырар еди.

«Егер олар қайтып келсе, жигитти көшеге шығарып он дүрре урғызаман», деп ойлады Ережеп. «Өзгелерге сабақ болмағы ушын, ел дәстүринен өзгелердиң атламаслығы ушын».

Сырым Ережептиң қылып атырған ислеринен хабардар болып турды. Солар себеп, жас бийдиң абырайы артып баратырғанына пушайман болып, бул ислерди өзи қылмағанына өкинди.

Лар бойындағы Жантай батырдың жолым үйине барғандағы ўақыяны бийлер умытпаған еди. Әлбетте, берген лебизин Ережеп те умытпады, қулағын түрип, қандайдур хабар келиўин күтти. Мүмкин, Сыр бойының батыры жекке алысыўға таярланып атырған шығар, бәлки хабар жибериўге асықпағандур. Қалай дегенде де жекпе-жек алыспақ еки таманның бирине әжел, ең кем дегенде аўыр жарақат жеткизиўи турған гәп, бирақ күни кешеги нөкер, бойына күши сыймай турған жүзбасы алысыўдан тайсалыўды ойына да келтирмеди.

Жантайдан хабаршы келмеди, күнлердиң күнинде дән тийеген кәрўан менен бирге қайтып кетипти, деген хабары жетти. Рас болса, «қарақалпақтың мына тентек бийи саў болса елине аға болар», деген көринеди, қалай десе де сол бир ўақыя тилден-тилге көшип, елден-елге таралды, Ережептиң бийлигиниң дәслепки жылларында ел ишиндеги абырайын көтерди.

Әңгимемиздиң басында бир таныс тулға ҳаққында айтыўға оқтала турып, оны изге сүрген едик, енди сол жөнинде азы-кем баян қылсақ.

Айдос ўақыясынан соң қазақ ишине барып, қәйин атасы Жарқынбайды паналап, еки-үш жылдай жүрген Қайыр бала-шағасын сағынып, бул таманның тынышлығын еситкен соң, қәйин атасының жийен ақлықларына атап бөлип берген малын айдап, елине келгенине бир жыл болмай атырып Ережеп Хийўадан қайтты.

Ережептиң ерликлерине қанық, деген пенен көпшилигин кисиниң аўзынан еситкен, арадан неше жыллар өтсе де жүзбе-жүз көрисип,

дийдарласыў несип етпегенине өкинип жүрди. Хийўаға изинен излеп барсам ба, деп оқталды, бирақ тартынды, оған себеп те жетерли еди. Биришиден, ол көтерилисшилер менен бирге болды, екиншиден сонша жыл көриспеген иниси не дейди, қушағын аша жуўырса не жақсы, «бул ким еди бала?», деп тиксинип турса, ол жағы да қыйын.

Бул ойын келиншеги Жарқынайға айтып еди, ол:

— Қызықсаң-әй, Қайырберди, ҳаялы бәрқулла «Қайырберди» деп күйеўин өз әкесиниң берген аты менен атаўға үйренип кеткен еди, батыр қәйним ондай адам жатырқайтуғын жигит емес шығар, мен болғанда сол Хийўаға әлле қашан изинен излеп барған болар едим, шыдап жүргениңе ҳайранман. Ҳәр нәрсени көре берип, баўырың қатып кеткен сениң! — деп бопса қылды.

— Онда жолға азық-түлик таярла, ҳаял, барғаным болсын инимниң изинен.

Әне-мине менен арадан ҳәпте өтти. Бириси күни атланаман, деп отырғанда көш-қолаңы, жанына ерткен ҳаялы, баласы менен Ережептиң өзи келип, қарап тур.

Шынында Ережеп Қайырды бир көргенде таный алмады. Өзи де өзгергени есабында жоқ болса керек. Қушағын жайып киятырған узын бойлы, палўан денели, маңлайынан басланған тыртықтың изи ийегине жетип тоқтаған адам жигиттиң көз алдында балалық пайыттағы сүўретлерди елеслетти, бирақ ол Қайыр менен емес, ал өз отаўын қыйратып, әжағасы Шақшақтың желкесине шоқмар менен урып жыққан Майлыхожа жүзбасыға мегзеп кетти. Ойына: «Майлыхожа қайдан келип қалды», деген пикир келди.

— Ережеп танымадың ба? Мен Қайыр... Ядына әлле нелер түсип, кеўли бузылды.

Даўысынан таныды. Ириленип, тарғылланып кеткен болса да оның сестинде Ережепке балалықтан таныс болған қандайдур бир толқын бар еди.

— Қайыр аға!

Дәўдей еки адамның қушақласқанына, көзлеринен жас тырқырап аққанына екеўин танымағанлар таңланып бағар еди.

Дәслеп Қайыр өзине келди.

— Аллаға шүкир, — деди ақырында ол, минекей аман-саў көристик. Дәслеп танымай қалдың-я? Оған өкпелемеймен, билемен, ҳәтте туўған анам танымайтуғын дәрежеде өзгергенмен, керек болса атым да Қайырбай емес, Қайырберди болған, бирақ мен бәрибир баяғы Қайырман!

— Қайыр екенлигиң көринип турыпты, — деди Ережеп. Мүмкин, мен ҳәм өзгергендурман.

— Өзгергенин анық. Ҳәр қалай Шымбай базарында асыққа таласып, төбелес шығаратуғын Ережеп емессең, — деди езиўине күлки жуўырып.

Арадан неше жылларды өткизип, көрискен аға-инили дослар бирбиринен ажыраса алмас еди.

Соннан берли олар ажыраспады, Ережеп Қайырды атқосшы, деп санамады, ал ақылласатуғын жасы үлкениндей көрди. Сол ушын Ережеп Қайырға атын байлатыў, атланарда алдына кесе тартыўына жол қоймады. Буларды өзи қылды.

Қалыңы төленген қызды алып қашқан жигитти Ережеп бий өз қорғаўына алатуғыны жөниндеги хабарды жәрия қылған соң, бир күни бийдиң есигине еки адам урланып келди. Олар, ата-аналары менен душпанларынан жасырынып, ел ишин паналап жүрген қашқынлар еди.

— Ережеп бийден пана излеп келемиз, — деди ийни түскен жигит. Бийге хабар берилди. Ол жигит-қызға бүгинше баспана бериўди тапсырып, мәселени кейин шешетуғынын айтты.

Ақшамы менен қыз ҳәм жигиттиң ертеңги тәғдири жөнинде бас қатырып шықты. Олардың ата-анасы алдына сымпыйып кирип барыўының да қыйын екенлигин көз алдына келтирди. Ел бар, халық бар, «елдиң аўзын тыймаға елли қары бөз керек», өсеклер менен бопсалар әлбетте ашық-машықларды тынышына қоймайды. Жақсысы, олардың шәҳәрде жасағаны дурыс, баспана қылар, кимгедур шәкирт түсер, ҳәзир әтирапта өнерментшилик ҳәўиж алмақта. Көнши ме, көкши ме, темекиши ме, ағаш усталары менен темиршилер, үйшилер менен арбашылар аўыл-аўыл болып жаңа шәҳәр дүзип атыр, солардың арасынан бул ләйли-мәжнүнлерге де орын табылар. Соңынан алдын ала ойына түйип қойған мақсетин еследи. «Әлбетте, жигитти дүррелеў керек, өзгелерге сабақ болсын!».

Узақ базар күни Пирман жаршының даўысы тағы жаңғырды:

— Халайық, еситпедим демеңлер, ертеңги қысқа базар күни ағаш базар жанында пәленше қызы пәленшениң пәленшеге атастырылған қызын алып қашқан пәленше улы пәленшеге ата-бабаларымыздың дәстүрин бузғаны, қыз алып қашқаны ушын он дүрре урылады, еситпедим демеңлер!

Арадан үш күн өтип, қысқа базар күни қыз алып қашқан жигитти келтирди. Қол-аяғы бос жигит қашыўды қыялына да келтирмес, он дүрре менен бостанлыққа шықса, сүйиклиси қасында қалса оннан да зыятырағына шыдамаққа таяр еди.

Көп заманлардан берли Шымбай шәҳәринде бундай тамашаны көрмеген (кимге тамаша, кимге жаза) базаршылар, дийқанлар, өнерментлер, қассаплар, дәлдаллар, сарраплар, кәсиби белгисиз болған,

иси ериккенлер ағаш базарын толтырды. Жигиттиң өзи шекпенин шешип, дүррege жаўырнын тутты, жигит дегенимиз он сегиз-он тоғыз жаслардағы, мурты енди тап берип киятырған, узын бойлы, арық-турақ қара бала еди, ол әлленетип, жыртылып қалмасын деди ме, ийниндеги бөз көйлегин де шешпекши еди, тамашагөйлердиң бири: көйлегинди шешпе сорлы, дүрреден қағыўыл болады, деген соң ийнинде қалдырды.

Жигитти ҳеш ким усламады, өзи жаўырнын тутып турған соң зорлап не қылсын? Еки жигит қызыл жыңғыл шыбықларын сазлап турғанда қазы келип, ўаз оқыды.

Шәрият талапларын баян қылған қазы:

— Әне, халайық, көрип қойыңлар, шәрият талапларын орынламаған муҳминлер усындай жазаға гирипдар болады, — деп сөзин таўысып, жигитлерге ишара қылды.

Бундай тамашаға заўқы болмаса да шеткериде ўақыяны гүзетип турған Ережеп бий жалғыз көйлегиниң жаўырны өрим-өрим болып жыртылған жеринен қанталап кеткен ети көринип турған жигитти алдына шақырды.

— Мә, мынаны ал, — деп бий бир неше гүмис теңгелерди жигиттиң алақанына басты. Шамаң келгенде қайтарарсаң. Ақылымды алсаң, аўылыңа  кетпе, шәҳәрде қал, күниңди көрерсең ҳәммеллеп.

Жазаны қабақ шытпай мәрдана қабыллаған өспирим жигиттиң көзлерине жас айланды.

— Сизди тәңри жарылқасын, Ережеп аға. Өлмесем, әлбетте қайтараман, деди толқынланып.

Бий өспирим жигиттиң бастан-аяғына бир нәзер таслап, базардан алыслады. Көз алдына Сырым бийдиң өзине жаўқарас қылып баққаны, суўық көзлери елеследи.

Сырым бий Ережептиң ислерине сырттан қызғаныш пенен бағар еди. Оның абырайының өз бийлигиниң сорамы менен бийлер арасында ғана емес, шәҳәрде де өсип баратырғаны не ушындур Сырымға тынышлық бермеди. Бул не бақталаслық па? Олай деўге ҳәр бириниң бийлик сорамы өзге. Биринши көргенде көкиректе пайда болған Ережепке деген кеўли толмаслық, жеккөриўшиликке айланып үлгерди, оны муқатыў, сүриндириў пикири бәрқулла үстин келе берер еди.

Биреў менен кеңесиў итияжы туўылды. Оразмуҳамед қолдаўлы ойына келип еди, Ережептиң ҳәр гәпин мақуллап отырған бир пайытын еслеп, оннан бас тартты. Турым ше? Балалықта дос болғанын ядлады, қулласы бийлердиң ишинен өзине шерик табыўы қыйын болды. Ақырында қытай руўынан биреўлердиң Қулшы бий менен Тағжаптан алынған салма үстинде айтысып, тартысып жүргенин еслеп, оның атын таппай бираз қыйналды. Сол адамды пинҳамы шақыртты. Өзгелерден сорастырып атын билди. Отаўда тәнҳа сәўбет қурды.

— Пайдалы аға, бизиң ата-бабабымыз Түркстаннан келгели бир неше әўладлар өтти, туўды-питти усы жерлик болдық. Мен бир нәрсеге ҳайран қаламан ҳәм жаным ашыйды. Турым молладай бийиңиз турып алдын Бухарадан көшип келген Қулшыға қуллық қылдыңыз, енди ел басқарыўдан хабары жоқ Ережепке бас ийесиз, ол кеше жүрген нөкер еди. Жақыннан берли болған еки даўды пара алып, өз пайдасын гөзлеп, надурыс шешти. Еситип атырман, өлген қыпшақтың қунына төлеймиз, деп аўыл адамларынан мал жыйып алыпты. Қалыңын қайтардық, деп қашқан қызды өзине тоқал, алып қашқанды есигине малай етипти. Бул да аз болғандай қарақшының шериги, ханның душпаны болған бир ағайинин өзине ақылгөй етипти. Билмедим, усы барыстан бара берсе сизлердиң аўҳалыңыз не кешеди? Ол келместен бурын әнейдей татыў-татлы отырған ел емеспедик? Буған не дейсең? — деп Пайдалының көзине тигилди.

Пайдалы дийқаншылықты да жарытпай, мал асырыўды да келистире алмаған, саўдагершиликтен иси жүриспеген, бирақ исиниң сәтсизлигин кисиден болды, деп өзгелерге аўдарып жүретуғын, жаптан алған салманың қулағы ойлығы менен жериниң бийиклигин бийден көрип, Қулшыға арыз ете-ете иси питпегенликтен, «ҳәссений» деп өз-өзинен тисленетуғын еди. Оның үстине пайызлы отаўында ҳүрметли қонақ болып, бий менен тең ишип-жеп отырғанынан кеўли көтерилип, өзин сыйлаған бийге хызмет қылыўды парыз санап отырған кисиге бул гәп сарымайдай жақты.

— Несин айтасаң, Сырым иним, — деди ол тершиген маңлайын шапанының жеңи менен артып. Әкең Сарымсақ бий төрели, аўзы дуўалы адам еди. Мына, Қулшы бийден көрдик биз көресини. Суўды өзиниң қыпшағына береди, қытайға бермейди. Жапты бөгесек патлы барған суў шеге қумды ағыза-ағыза жеримиз жаптан бәлент болып қалды. Мал бақсаң, жайлаў соныки, Қаракөлдиң сабатына мал бақтырмайды. Тийеберсин Қулшы өлип еди, орнына баласы тайын турған екен. Жаңағы айтқандай ҳәзирги иси сол болса, бунық бара-бара әкесинен де өтип, теримизге топан тығар, еле...

Пайдалы көзлерин жыпылықлатып, тар пешанасын жеңи менен тағы бир мәрте сыпырып, шүңирек көзлерин бийге қадады. «Айтқанларым унады ма?».

— Туўры айтасыз. Жерлериңизди тартып алып, өзлериңизди Лардың аяғына көширип жибериўден қайтпайды.

— Буннан қутылыўдың шарасы бар ма? Өзи батыр, деседи. Ала атлыны жер тислеткенин шар базарда адамлар айтысады, өз қулағым менен еситтим. Аўылды қарсы көтерсек болар еди, бирақ таяқтан өзге жарағымыз бар ма? Бизди ат айдап келип, гелле қылар, шым-шырқадай бала-шағамыз бар. Өзиң жәрдемге келесең бе?

«Еле суў жүрек қорқақ па един Пайдалы?!» деп ойлады Сырым. Өзиниң де Ережепке қарсы келиўге жүреги даўамас, сөз бенен болса да оның абырайын төгиў жолларын излегени ушын Пайдалыны шақырып отырған жоқ па?

— Мен ҳәм «Ережепти кеспелтек пенен урып жығың», деген сөзди айтпайман, оның батырлығы да рас. Eң баслысы абырайына зыян жеткизиў. Соны ойла.

Базылар бирер исти еплей алмаса да пысмық гәпке шебер болады, Пайдалы да сондайлардың қыйлынан емес пе? Сырымның исенимин ақламақ ушын басын қасып, узақ ойланды. Ақырында қум геллесине жөнли бир пикир келген киби, қуўанып кетти.

— Ережептиң жанында жүретуғын тыртықлы жигиттиң қарақшыға шерик болғаны рас па?

— Сондай гәп айтылып жүр. Ал, Айдостың қасына ерип, Черик Рабатта оны таслап қашқанын ҳәмме биледи. Қазақ ишине кетип, айланып келгенине онша көп ўақыт болған жоқ.

— Болды. Онда бир оқ пенен еки қоянды атамыз. Бир ушы қарақшының шериги, ханның душпанына тийсе, екинши ушы оны паналатқан Ережеп бийге барып тийеди.

— Оны қалай әмелге асырмақшысаң, Пайдалы?

— Жүзимин жедағы, бағын сорама. Алды бурын бес-алты теңге узат, көбирек бола бергени мақул. Изинен қандай гәп болғанын еситe бересең.

Кисесинен ҳәмиян шығарған бий бир қолының уўысы толы гүмис ҳәм бақыр теңгелерди Пайдалыға узатты.

Кеўли көтерилген Пайдалы отаўдан шықты. Өзине өзи өмиринде биринши мәрте разы болғандур. «Кимсең Сырым бий менен табақлас болды, билип қойың, бул Пайдалы дегениңиз сизлер ойлағандай әнейи емес, ертең оның қандай ислер қолынан келетуғынын билесизлер», деп бақырғысы келди.

Базар күни Пирман жаршының көпшиликке таныс даўысы ҳеш кимди таңландырмады, бирақ сөзлери дыққатты тартар еди.

— Халайық, еситпедим демеңлер! Байлаған баўды кескен Бекбаў қарақшының шериги изленбекте. Белгилери мынадай: Узын бойлы, палўан денели, шеп жүзинде қасынан басланып ийегине шекем жеткен тыртығы бар. Көрген-билген, ханға хабар қылсын! Мол саўғасы бар! Халайық, еситпедим демеңлер! Байлаған баўды кескен Бекбаў қарақшының шериги... шеп жүзинде қасынан ийегине шекем тыртығы...

Шала еситкенлер «Ол ким болды екен, ондай ким бар, бала?», деп бас қасысар еди.

Аўзы гүржиленген қоржынын ийнине таслап, бос қапшықларын қолтығына қысқан бир дийқан басындағы телпегин көтерип қойып, жанындағы жолдасына:

— Жаршы айтқан қарақшының тыртығын биреўдиң жүзинде көрген сыяқлыман, — деп даўыслады.

— Палўан денели, жүзинде тыртығы бар, — дей ме? Қазақ ишинен мол дүнья менен келген ким еди, соның белгилери емес пе? Аты ким еди? Қайырберди ме еди, Қайыпберди ме?

— Қәдирберди?

— Яқ, ядыма түсти. Қайырберди!

— Ҳаў, ол Ережеп бийдиң жанында жүретуғын, дәпең атқосшысы емес пе? Дийқан қоржынын ийнинен алып, жерге қойды, ойланып қалды.

— Сонда Ережеп бий қарақшының шеригин ертип жүргени ме?

— Солай болған-дә.

— Хабар бериў керек!

— Қаяққа?

— Қаяққа болатуғын еди. Ханғадағы!

— Ханға барыў аңсат па? Шымбайды базарлап қайтыўға зорға жырыламан. Қазыў бар, жерге төгин шығармақ керек.

— Сонда қарақшының шериги...

— Ақсақал бар... Басқалар бар...

Сол күнги базаршылардың еситкен жаңалығы да, айтысқан өсеклери де жүзинде тыртығы бар қарақшының шериги ҳаққында, оның Қайырға мегзейтуғынлығы, тыртықлы жигиттиң көп мал-дүнья менен келгенлиги ҳаққындағы еки ушлы, гүманлар менен шамаламай гәплерден ибарат еди.

Базарда жүрген Ережеп қулағы шалған гәпке алды бурын итибар бермеди. Базаршылардың ғаўырлыларын басып, тал-тал еситилип турған сөзлерден аңлағаны: узын бойлы, жүзинде тыртығы бар адам изленбекте еди. «Ким екен ол?». «Қайырға мегзеп кетпей ме?». Соңынан адамлардың сөзинен ишаралар кимге қаратылғанын аңлағанда жүреги изине тартып кетти. Дәрҳал шәҳәр ақсақалын излей баслады. Оны ҳәўлисинен тапты.

— Юсуп аға, қарақшының шеригин қыдырыў жөнинде жар айттырыўға сиз ҳәмир бердиңиз бе?

— Яқ, бул сизге келген ханның жарлығы шығар, — деп отырыппан деди Юсуп.

Екеўи де ҳайран еди.

— Пирман жаршыны алдырың! Бул ақсақалдың буйрығы еди.

Көп өтпей-ақ қышқыра-қышқыра даўысы қарлыққан Пирман жаршыны алып келди.

— Қарақшының шериги ҳаққында жар салыўға ким ҳәмир берди? Юсуп жаршыдан жуўап күтти.

— Хан ҳәмири, — деди... Пирман төменге қарады. Соң Юсупке қарап:

— Бир саркум суў ишсем, мейли ме? — деди пәс даўыс пенен.

— Мейли, ишип ал.

Хызметкер суў әкелип берди. Даўысын сақлаў ушын сууды бөлип-бөлип, уртлап ишкен Пирман саркумды әлленемирде босатты. Ақсақал менен Ережеп тислерин-тислерине қойып, шыдап бақты.

— Ким айтты?

— Кимдур айтты!

— Атын ата!

— Айта алмайман. Пинҳамы болсын, — деди.

— Пирман, — деди ашыўланып шәҳәр ақсақалы. Шәҳәрден кимдур изленсе, алды бурын мен билиўим дәркар. Айт шынынды.

— Мен... мен айта алмайман, сөз бергенмен.

— Ҳәзир тилинди шешетуғын илаж қыламыз. Кимдур теңге менен тилинди кесипти. Қәне, пашшапты шақыр!

Хызметкер ҳәўлиден шығып, көп узамай белбеўине қылыш илдирген, ири денели пашшапты шақырып келди.

— Жаршының тилин шеш!— деп буйырды ақсақал.

Аңғал пашшап Юсуптиң астарлы гәпине түсинбей, аңырайып ҳәр кимниң жүзине бир-бир бақты.

— Ләббай?

— Жаршының тилин шеш, билмейсең бе айыпкерди қәйтип сөйлетиўди?

Сөйлемеген гүнакарды сөйлетиў пашшаптың кәсиби ҳәм үйреншикли иси еди. Истиң қәўетерли түс алып баратырғанын сезсе де, тилин тислеп, бәрине шыдаўға бел байлап жерге тигилип турған жаршыны темиршиниң қысқышындай қатты пәнжеси менен желкесинен услап, жерге етпетинен жатқызды да, қонышынан сабы көринип турған бузаўтил қамшысын суўырып алды. Сол замат қамшының ҳаўаны тилип өткен сести еситилип, Пирман жаршы «ўаҳ» деп қышқырып жиберди. Екинши, үшинши қамшы да көп күттирмеди, ақсақалдың астарлы сөзине түсинбей қалған айыбын жуўмақ ушын пашшап шын кеўилден қумарланып қамшы салар еди.

— Болды, болды, пашшап, айтаман, ким екенин айтаман, тилим шешилди, — деп Пирман жаршы аянышлы даўыс пенен зарланды.

— Болды! Тоқтат!

Пашшаптың қамшы тутқан оң қолы ҳаўада иркилди.

— Қәне, Пирман жаршы, саған жар урғызған адамның аты ким?

— Пайдалы...деди ҳәлсиз даўыс. Ол жеген үш қамшы мәжалын қуртқаннан ба, я ҳүжданы қыйналып, ақсақал менен бийдиң жүзине

қараўға  батылы жетпегенликтен бе жерге созылып жатар, түргелиўге асықпас еди.

— Ким ол, Пайдалы?

— Бир мәккар, билмеймен кимде өши барын... Қолыма бес-алты теңге услатты, пәлен-пәлен деп жар салып бер жора, изинде турған ҳеш ким жоқ, қорқпа, деп исендирди. Бундай боларын қайдан билиппен. Кешириң мени, ағалар!

— Ол адам қаяқта жасайды.

— Жақын жерде, қытай аўылында.

— Көрсең таныйсаң ба?

— Танымай көзим шығып па? Көргеннен жазбай таныйман.

— Тур орныңнан, тилиңди шешкен үш қамшы азлық етти ме?

— Яқ, яқ жетти, жетти, — деп зарланды жаршы.

— Пашшап, — деп даўыслады ақсақал. Жаршының изине ер, Пайдалы дегенди алдыма келтириң.

— Қуллық, қуллық! Қамшысын қайырып шерим етигиниң кеңмол қонышына салып атырған пашшап еңкейип тәзим қылды. Әлбетте келтиремен. Соң Пирман жаршының қолынан тартып, орнынан турғызды.— Басла, жаршы!

— Буны ким, не мақсетте қылған, деп ойлайсыз, — деди ақсақал пашшап пенен жаршы шығып кеткен соң Ережепке жүзленип.

— Билмесем... Тоқта, тоқта бул жерде бир гәп барға уқсайды.

— Қәне төсекке өтейик! Бәрибир Пайдалы намәртти күтиўимизге туўра келеди, — деди Юсуп.

Олар Хийўа гилемлери төселген терис әйўанға өтти.

Күн аўа пашшап Пирман менен Пайдалыны алдына салып, ҳәўлиге киргенде бир нәрселер жеп, ҳәлленип алған бий менен ақсақал олардың кешиккенинен тынышсызланбақта еди.

— Пайдалы дегени сен бе? — деди аўқаттан кейин ашыўы басылып, сабасына түскен ақсақал. Оның жан аўыртыўына айтарлықтай себеп жоқ, бул ислерди Ережептиң кеўли ушын қылып атырман, деп ойлады.

— Аўа, мен Пайдалыман, — деп жуўап берди, маңлайын шекпениниң жеңи менен сыпырып.

— Пирманға ҳақы берип жар салдырған сен бе?

— Әжелден хабарым бар, олла-билла оннан хабарым жоқ, деди аңырайып.

— Рас па?

— Олла-билла. Көзлери бир жерде турмай, гә пәтикке, гә жерге бақты.

— Пирман, усы адам ба?

— Усы адам. Ҳәй, адам, өзиң-ғой, бес-алты гүмис теңгени қолыма салып, айтатуғын гәплерди қулағыма сыбырлаған.

— Мойынлайсаң ба?

Пайдалы гә пәтикке, гә жерге тигилип үнсиз тура берди.

— Жаршыны таныйсаң ба? Ережеп ортаға араласты.

— Танымайман, биринши рет көриўим.

— Рас па?

— Яқ, яқ, жар салып жүргенин көргенмен. Оны шәҳәрдиң ийтине шекем таныйды.

Сораўлар менен қыйнаўлар нәтийже бермеди. Пайдалы ҳеш нәрсени мойынламас еди.

— Қамаққа сал, — деди шыдамы таўсылған ақсақал ақырында. Нан менен суўдан өзге ҳеш нәрсе берилмесин.

Ири денели пашшап жаўырнынан ийтерип баратырған арық-турақ Пайдалы баладай-ақ көринер еди. Ҳәўлиниң бир мүйешиндеги терезесиз, қараңғы жайға ийтерип киргизип, сыртынан қулыплады.

Пайдалы ақырына шекем шыдады, айыпты мойнына алмады. Оннан пайда да таппады, бир неше күн ишинде қараңғылыққа көнлигип қалған көзлери күндизги жарыққа шыққанда ақ пенен қараны зорға ажырататуғын болып, әззилеп қалған еди, алдында кеселеп жатырған жаңқаға сүрнигип кетип, жығылыўдан сәл қалды, сонда ол зарланып даўыслады: «ағайинлер, мен көрмеймен, көзлерим көрмей қалды, ким бар мениң аўылымды билетуғын»...

Базарлаўға келген аўылласлары оны үйине алып кетти.

«Айтылған сөз — атылған оқ», дегени рас екен. Бираз ўақытларға шекем адамлар Қайырды көргенде кеўиллеринде «қарақшының шериги» деген, ал оны Ережеп бийдиң қасында көргенде «бий қарақшының шеригин қанатының астына алған ба», деген ойлар бас көтерер еди. Бирақ тарқалған өсек Юсуп ҳәм Ережеп бийдиң ҳәрекетлери менен өршимей қалды, бара-бара умытылды.

Аўылы алыс болса да не ушындур Ережепке бүйири бурып, оның тилегинде жүретуғын қолдаўлылар бийи Оразмуҳаммедтиң қулағына Пирман жаршының тарқатқан өсеги жетип барғанда, ол ойлай-ойлай бул гәплердиң кимнен шығып, кимлерди муқатаўға қаратылғанын аңлап жеткен еди. Аўлақта сөйлесиў ҳәм жас бийдиң шөккен кеўлин көтериў нийетинде адам жиберип, Ережепти аўылына мирәт етти.

Ережеп Турым бийге хабаршы жиберип, сапар ҳаққында Сырымды хабардар қылыўды да тапсырды.

Жаз күнлери еди. Күн ыссы пайытта жолға шыққанларына өкинди. Үш атлы, Қайырдан басқа атқосшы бар еди, Қасқа жолдың шаңғытын көтерип, Турым бийдиң аўылына келемен дегенше ҳәсеттиң ҳәўири басыла қоймады.

Ыссы менен жол жүристен қара терге шомылған атлар бастырмалардың астына байланды. Жолаўшылар ҳәўиздиң бойына

қатара егилген қараталлардың саясына, ылайдан салынған сыпаның үстине жайласты.

— Бүгин бизикинде қонақ боласызлар,— ертең ертелетип шықсақ ыссыда атларды сабылтып аламыз, ишлерине ыссы түсиўи де итимал, сол ушын жолға алдымызды салқынға, кешке алып шыққанымыз мақул ма, деп отырман, — деди Турым бий қонақлар менен сорасқаннан соң.

Ҳәўиз бойы салқын, ҳәсет қуяшының өткир нурларын суўға жақын тигилген қара таллардың қойыў жапырақлары иркип, сыпаға теңге көлеминдей нур түсирмес, оның үстине қараталлардың жапырағы ҳаўаны суўытып турады, деген сөзлер де жүреди.

Ертеңине күн түсликтен аўғаннан кейин жолға түскен бес-алты атлылар қас қараймай-ақ Буйдалыға, Сырым бийдиң елине жетти, оларды Сырым қарсы алды.

— Имканияты болса бирге атлансақ, — деп хабар жиберген едим, Оразмуҳаммед бий уллы болыпты, бир таманынан оған мүбәрек болсын айтсақ, екиншиден ел көрип, көңил көтерип қайтар едик, — деди Турым ат үстинде турып.

— Алдын аттан түссеңлер, бир-бир кесе айран ишип, қонақ асы жесеңлер, — деди Сырым.

Қонақлар аттан түсип, отаўға кирди. Айран-шалап ишип, шөл қандырған соң Турым бий:

— Сырым бий, жолды жүрген өндиреди, деген ата-бабамыз, жол тәтәрригин қылып қойған шығарсаң? — деди.

— Алла бәрекелла, — деди жамбасына бир урып Сырым, айтыўды ядтан шығарыппан. Баяғы бала гезимде аттан жығылып, жамбасты сындырған едик. Сол сарсық шығып жүр, атта узақ отыра алмайман. Шамасы, Оразмуҳаммед бийге қутлы болсынды менсиз айтатуғын шығарсыз. Қонып жатып қонақ асыңызды жесеңиз төбем көкке жеткен болар еди, бирақ.

— Биз кешки салқын менен жол жүриўге келискенбиз, қонақ асыны буйырған күни жей беремиз, — деди Турым бий.

Жолаўшылар жолға түскенде жулдызлар аспанды толтырған, жети қарақшы тас төбеде, темир қазық жулдызы емис-емис көзге тасланып турар еди. Күндизги ыссыдан соң әтирап қоңыр салқын тартқан. Ыссыдан бийзар болған жанлы-жаниўарлар менен қурт-қумырысқаларға шекем шөплерге түскен шықтың салқынынан ләззетленип, мың жыллардан берли өткен әждадлары тәрепинен айтылып киятырған болса да тек ғана өзлери түсинетуғын қосықларын баслап жиберди. Шық түскеннен соң шөплер қандайдур жағымлы ийис тарқатар, Қасқа жолдың орпаң топырағы ызғарланып, шаң күндизгидей көтерилмейди.

Қасқа жолдан қайрылған түнги жолаўшылар қолдаўлы аўылына

бурылатуғын арба жолға түскенде шығыстан қызыл шапақ тарқалып, әтирапты түсиниксиз емески бир сәўлеге бүркеди. Киятырған арба жолдан бурылып, соқпаққа түсиў дәркар еди, шамаланған орында соқпақ көринбеди, қалың шөплер көзди тасалады ма, я жол баслаўшы Турымбийдиң атқосшысы алжасты ма, атлылар өзлери дийдилегенинен узағырақ жүргендей болды, ақырында өзлери излеген соқпаққа түсти, бул пайытларда шығыс таманнан ай мисли таңда көтерилген қуяшқа мегзеп шығып киятыр еди.

Атлылар бираз жол басып, бир сайға түсти де адым-адым баяў жүрис пенен келе берди, сайдың болса изи көринбес еди. Тосыннан «баҳ, баҳ» деген, текениң маңырағанына мегзес даўыс шықты. Атлылардың ҳәр бири өзинше «қулағыма солай шалынғандур», деген қыялға барды, ақыры елсиз дүзде бөри менен сағал улыса бир сәри, ал текениң маңыраўын ким қыялына келтире алады, дейсиз?

Ат туяғы дүбирлисинен асып түскен бақыл анық еситилди.

«Баҳ, баҳ, баҳ» деген даўыстың қай таманнан шығып турғанын аңғарыў қыйын еди, бирде атлылардың алдынан жаңғырықласа, бирде из беттен тал-тал келди.

Алдында киятырған Турым атының жылаўын тартты.

— Даўыс қай таманнан шығып тур өзи? — деди жанында иркилген Ережепке жүзленип. Жаниўар, күндиз пададан адасып қалғандур, енди сағалларға жем болмайын, деп дүбирлимизди еситип, бизди ес көрип турғандур?

— Қай таманнан шыққаны намәлим, мисли қудықтан шығып турғандай, — деди Қайыр. Бизди жолдан адастырмақшы болған әжийнелер емес пе өзи?

— Ол ертеклерде айтылатуғын, яки балаларды қорқытыў ушын тоқылатуғын нәрсе емес пе? Әжийнени ким көрипти, — деди кимдур.

Усы пайыт сырлы даўыс қаптал таманда, жақын жерден еситилген янлы болды. Ай көтерилип киятырғанлықтан сайда өскен қалың путалар менен шөп-шардың көлеңкеси узайып, сайдың иши алакөлеңке, алыс-жақында көзге шалынғандай нәрсе болса да қарайып, тикирейип, әжептәўир көринер еди.

Тосыннан «баҳ, баҳ» деген сес атлылардың алды бетинен, жақын жерден еситилди, бәршениң нәзери алға тигилди.

Алакөлеңкеде тип-тикке шақлары шошайған, сақалы селкилдеген, қара ма, қоңыр ма намәлим, баспақтай келетуғын ешки турар, қуйқаны түршиктиретуғын қандай да бир жағымсыз даўыс пенен «баҳ, баҳ, баҳ, баҳ» деп тынбай бақылдар еди.

— Айттым-ғой, — деди Турым өз-өзине разы болып. Пададан адасып қалған теке болса керек, бақылдаўы усайды. Бизди ес көрип турыпты.

Текениң «бах-бах» деген сести «бақылдаўы уқсайды» дегендей еситилди.

— Қәне жигитлер, бөриге жем болмасын, араңызда оны алдына өңгерип алғандай мәрт бар ма?

Еңгезердей, бәҳайбат киси атын тепсинип алға өтти. Атынан түсип отырмады. Мықлы қолларын созып, бақылдап турған жаниўардың шақынан услап жерден көтерип алып, алдына өңгерди.

— Буншелли жеңил,— сөйленди атлы. Ол Қайыр еди.

— Сақалы дым узын-ғой!

— Әкеңдикинен қалай екен? — деген сөзди еситип, ашылған аўзы жумылмай қалды. Сөз текеден шыққан янлы туйылды. Қулақларына исенбей, дөгерегине қарады.— Кимдур, маған бир нәрсе дегендей болды ма?

— Яқ, ҳеш ким ҳеш нәрсе айтпады,— дести әтирапындағылар.

— Әстапыралла! Ешкиниң сөйлегенин биринши еситиўим...

— Лапты қой, — деди Турым бий. «Ешки сөйледи», дегенди еситпедик...

— Ҳәзир ғана мынаў теке...деп қус тумсық ерге кесе тасланған жанлықты  барламақшы болып созған қолы ердиң басына тийди. — Ҳаў, деп жиберди ҳайран болып, есинен айырыла жазлаған Қайыр. Ешки қәне? Алдына кесе тасланған, ҳәзир ғана адамға уқсап сөйлеген жанлық жоқ еди...

— Қой, ҳәзир ғана шақынан услап, алдыңа өңгерип единң-ғой деди Турым гүманлы даўыс пенен. Қәне? Шынында да ғайып болыпты заңғар, жин бе, шайтан ба?

Тосыннан, атлылардың из бетки таманынан шыққан «бах, бах» деген таныс сести ҳәмме еситти.

— Ашҳаду анна илаҳи иллалаҳу, ашҳаду анла Муҳаммад расулулаллаҳи... Турым бий кәлийма қайтарып, қураннан бир-еки аят оқыды. Даўыс еситилмей қалды, шекшеклердиң шырылдысы, сағаллардың улығаны, атлардың пысқырыўынан басқа сес қулаққа шалынбас еди.

— Алланы тилге алмаппыз, алдымызды шайтан кес-кеслеген көринеди, кеттик, ендиги жағына алла яр болғай, — деди Турым бий.

Ат туяқлары дүбиринен ләрзеге келген сай жууўғарада таўсыла қоймады. Әтирапты гүмис реңге бояған ай нурларын қызғыш шапақларға айландырған, бирақ көп өтпей бас көтеретуғынынан дәрек берген қуяш нурлары дөгерекке тарала баслағанда атлылар арба жолға шықты. Өзлери узақ ўақыт ишинен жүрип отырған сайдан белги де жоқ, әтирап шоқ жыңғыллар менен путалар қаплаған теп-тегис

даланлық, онда ат туяқларының излери сайрап жатыр, айланып жүре бергенликтен жол болып қалыпты.

— Мынаў излер кимдики, бизиң алдымыздан адам шықпады-ғой, — деди кимдур таңланып.

— Излер бизиң изимиз, — деди Қайыр. Бизди мәмелек айландырыпты. Түни менен усы тақырды айланып жүре бериппиз.

— Әй, яғ-әй, — деди атқосшылардан бири. Биз тақырда емес, ал сайдың иши менен жүрдик.

— Сөйлеген теке жөнинде не дейсең? — деди Қайыр.

— Сөйлегенин сеннен өзге ҳеш ким еситпеди.

— Бақырғанын ҳәммемиз еситпедик пе?

— Еситтик... еситтик дести басқалар.

— Аттың алдына көтерип алғанымды көрдиңлер-ғой?

— Көрдик... көрдик...

— Онда мынаў из бизиң излеримиз екенлиги де тақыйық, — деди Қайыр. Дүзде адамның алдынан ҳәр нәрсе шығыўы мүмкин. Ал, биз излеген аўылға бурылатуғын соқпақ изимизде қалған. Аўыл болса мына тәрепте, — деп арқа таманды қамшы менен нусқады. Түтин ийиси келди, шамасы аўыл оншелли узақ емес, жедел жүрсек азанғы ҳалқасқа жетип барамыз.

Қайыр туўры болжаған еди. Буларды мәнзилине жеткизетуғын соқпақ изде екен. Атлылар жетип келгенде жазлаўға қонған аўыл мал саўып, бийе саўып, отарларды өриске айдап, жамыраған қозы-ылақ әтирапты азан-қазан шаўқымға толтырмақта еди.

Қонақлар суўсын ишип, шөл басып, отаўда қалғый баслағанда қонақ асы таяр болғанын хызметкер жигит хабарлады.

— Қонақлар, көз шырымын алдыңлар ма?

Есиктен атлаған, жийрен сақаллы, сын-сымбаты келискен, адырақ көзлери адамға мийрим менен бағатуғын бул адам қонақ ийеси, қоңырат қолдаўлылардың бийи, соңғылығында аталық лаўазымын алған Оразмуҳаммед бий еди.

Бийдиң аўылы жазда бир тәрепи дийқаншылық, бир таманы көл жағалап мал бағып, аң аўлап күн көреди, бул таманларға дәслепкилерден болып келип орналасқан, ғурғынласқан, тек Айдос ўақыясы олардың толысын төгип, ортасын шайқаған еди.

Аўқат үстинде Турым бий ақшамғы ўақыядан гәп ашты.

— Айтып отырған жериңиз Айманның тақыры, — деди Оразмуҳаммед бий. Өзи бир кийели жер, ҳәрдайым ҳәр ким-ҳәр ким ақшамларда жолдан шығып кетип, адасып турады, бирақ алдымнан усы пайытқа шекем адасқан ешки шыға қоймады, болмаса мени де тақырда мәмелек айландырған.

— Бул ўақыяға өзи гүўа болмаған адамның исениўи қыйын, — деди Қайыр. Маған усыған уқсас бир ўақыяны айтып бергенде, оллагөр, өзим исенбегенмен.

— Ол қандай ўақыя еди? — деп қызықсынды отырғанлар.

Күни кеше ғана «қарақшының шериги» деген гүман қылынғаны ядына түскен жигит Бекбаў айтқан әпсананы баян қылғысы келмеди. — Әй, бир ертекке уқсаған гәп, деди де қойды.

Отаўдың шийи түрилген арқа жапсарынан салқын леп келип турар еди, күнниң ыссысында бундай салқынлық қайдан келгенине қонақлар қызықсынды.

— Күнниң ыссысы оғыры, — деди Ережеп, бүгин де әнейи емес, бирақ арқадан жеткен салқын леп отаўды салқынлатып турғаны әжеп екен, оның сыры неде? — деп Оразмуҳаммедке қарады.

Арқа жағымызда көллер мол, — деди бий. Кишигиримлеринен өзге Дәўқара айдын шалқар болып жатыр, әтирапы жайлаў, айдыны толы балық, оннан аржағы теңиз, берги атаўларды балықшы мүйтенлер ийемленген. Ҳәпте, он күн қонақ боласызлар, елди көриң, жерди көриң, көлди көриң...

Ертеңине атланып шықты. Жағалай қонған аўылларда аттан түсип, айран-шалап ишип, илгерилей берди. Ақырында Дәўқара көлиниң жағасына жетти.

Тикжар жағыстан төменде арқадан ескен болар-болмас епкин менен шайқатылған суў толқынлары жағысқа келип шалпылдап урылар, ушы-қыйырсыз суў айдынларында аппақ шағалалар шарқ урып, жағымлы самал жүзлерди аймалар, терге малынған аппақ бөз көйлеклердиң жағаларынан кирип, оны желқом киби қомпайтар, көл үстинен ескен жанға жағымлы самалға көкирек керип тура бергиң келер еди.

— Әжайып, бейишке мегзеген жер екен, — деди бурын бундай үлкен суўды көрмеген Ережеп толқынланып. Бизиң Қаракөл бунының қасында кишкене бир шуқанаққа мегзейди. Көлге қайсы дәрьялар қуяды, өзи?

— Анық айтыўға қыйналаман, — деди Оразмуҳаммед. Көкөзектиң, Есимөзектиң, Қарабайлының салалары қуйса керек. Олардың аңғарлары тез-тез өзгерип турады. Суў мол жыллары таза аңғар таўып ақса, суў аз болған жыллары тартылып қалады.

— Билмейди екенбиз, ата журтымыз кең екен-ғой, — деди Ережеп толқынланып.

— Еле көрмегенсең, анық кеңлигин! Теңизге шекем қанша аралық бар, алла биледи, бирақ ол таманларға қайықта барған мақул.

— Қайық табыла ма?

— Бәримизди көтергендей қайықтың табыла қойыўы қыйын, көл бойындағыларда сал менен кус қайық ғана болады. Ушан кемелер дәрья жағаларындағы дарғаларда, — деди Оразмуҳаммед.

— Онда теңизге дейин бара алмас екенбиздағы, — деп өкинди Ережеп шын кеўилден.

— Солай болмақшы, — деди Турым бий ишинен Ережептиң бул гәпин  хошламай турса да.

Бир неше күн Оразмуҳаммедтиң қонағы болған бийлер елине қайтқанда күнниң ысыўы да әдеўир пәсейген еди.

Қыпшақ аўылы Ережепти: «Хийўаға ат-жарағы менен тез жетсин» деген ҳәмир менен күтип алды.

Бир қанша таярлықтан соң Ережеп атланды. Жалғыз өзи емес, жанында ат үстинде бийик тулғасы менен алыстан көзге түсетуғын Қайыр да бар болып, ол басына темир дубылғасын кийип, белинен қалмайтуғын қылышынан өзге узын саплы найзасын ат ерине кесе таслаған еди. Оның:

— Хийўада қанша ўақыт боламыз, — деген  саўалына Ережеп:

— Алла биледи, мәгар бир ай болармыз, мәгар жыллап сол жерде қалармыз, оны билмеймен, егер, «қайтаман» , десең иркип отырмайман, деп жуўап берди.

— Қайтсақ бирге қайтамыз, — деди Қайыр жай-парахат даўыс пенен. Қаракөл бойында дийқаншылығым қалып баратырған жоқ.

## 21

Ережептиң Хийўа жолындағы болжаўы оңынан келди. Олар Хийўада бир неше жыллар қалып кетти. Ләшкерди баслап, яўмытларға жүрис қылыўға барды, әскерди саўашқа таярлады, бул исте оның абырайы менен тәжирийбеси қол келди, сарайда хызметте болды, арадан жыллар өтти, ханлар өзгерди, сақал-шашқа ақ енип, жаўынгерге тән қызыў қанлықтың орнын сабырлылық пенен салдаманлылық ийеледи. Бухараға, Иранға, Русияға елшилик сапарларында бәрқулла жанында қәдди-қәўмети бүгилиў не екенлигин билмеген, жас жигиттей тип-тик, қасының үстинен басланып, тап ийегине шекем созылған тыртығы айбатлы ҳәм қәҳәрли етип көрсететуғын Қайыр гүзетип жүретуғын еди. Сапарлардан қайтқаннан соң Ережеп сарайда болса, Қайыр бийдиң балаларын қорықлады.

Ережептиң бул узақ сапары ҳәммелерден бетер Сырым бийге қол келди. Жуманазарды көзге илмей, оны Ережеп өз орнына тайынлап кеткен еди, сарай ҳәмелдарларының тилин таўып Буйдалыдан Қаракөлге шекемги бойды өзине қаратыўға еристи, аўылласлары оның үстинен шағым етсе, Ережеп оларға: «Шыдаңлар, тезде қайтаман», деп ўәде қылар, бирақ қайтыў мүддети ҳәрдайым созылып кете берди.

Хийўада өтип атырған күнлердиң биринде Қайырға анасы Сәрбийкениң қайтыс болғаны ҳаққында хабар жетти ҳәм Қаракөл бойына келгенде ол бир неше ислердиң гүўасы болды.

Жаназадан ҳәпте өтип, Бектемир Қайырды өз отаўына мирәт етти. Енди ол Сәрбийкеден туўылған жалғыз улы, өспирим жигит болған Қайырдың иниси менен қалған, бул пайытларда Жарқынайдан туўылған балалар да оған теңлескендей еди.

— Ўақыт мисли уўыстан суўсылдап төгилген қум киби өтип баратыр, оны иркип труўға ҳеш ким де қүдирети жетпейтуғын қусайды, — деди қәдди бүгилген, буннан онлаған жыл бурынғы тулғасынан айрылған ақ сақаллы киси, ол Бектемир болып, оның ўақыт ҳаққында айтқан тымсаллы гәпиниң туўрылығын ҳәзирги шөккен келбети дәлиллеп турған сыяқлы еди, ҳәлсиз даўыс пенен. Алдымызда арысландай болып жүретуғын Қулшы бийдиң әлемнен өткени қашшан, анаң Сәрбийке де өтти, оған Лар бойы топырағы буйырған шығар, илаж қанша. Бул пәлек айланып турса, бир күн бизге де нәўбет жетисер, соннан бурын бир гәп айтпақшыман, тыңлап ал.

— Тыңлап атырман, Бектемир аға, — деп Қайыр төмен салынған басын тикледи.

— Билесең, өмиримше Қулшы бийдиң хызметин еттим, оның баслаўы менен ата журтқа келдим, өткен өмириме өкинбеймен, айтайын дегеним ендиги жағында ата-анам, Қулшы бий жатырған таманларға кетсем, олардың қәбирин зыярат етсем, билесең, ол таманда қалып кеткен туўысқанларымыз бар, соларға кетсем, өлсем қәбирим бийдиң қасында болса деген нийетимди мине, саған паш еттим. Баламды, ол сениң иниң-ғой бирге әкетпекшимен, оған қалай қарайсаң, не айтасаң?

Тамағына көз жаслары тығылған Қайыр бирден жуўап бермеди. Бектемирдиң сөзлерин ақыл тәризине тартып көрмекши болып еди, ойлары шатасып, ҳеш бириниң басына жип таға алмады.

— Мен разыман, — деди ақырында.

Нәбада инисин ертип кетиўине Қайыр наразы бола ма, деп гүманланып отырған Бектемир жеңил дем алды.

— Иниң себепли ол тәреп пенен де байланыс үзилмей, жалғанып турар, — деди Бектемир. Айтпақшы, саған байланыслы тағы бир жаңалық бар, оны Жарқынай келиннен өз қулағың менен есите берерсең.

Қайыр Бектемирдиң отаўынан шығып киятырғанда үйлер арасында асық ойнап атырған бир топар балалар орынларынан өрре турысып, дизелериниң шаңларын қағып, жабырласып сәлемлести.

— Ассалаўма әлейкум!

— Ўалейкум ассалам, молла болыңлар.

Балалардың арасындағы өзиниң перзентлерин таныса да, көпшилигин әлбетте танымас еди, қайдан билсин, өмири атланыслар менен сапарларда өтип атырса... Олардың шырайларына қарап, өзи билетуғын атасына я анасына мегзетип, ким кимниң баласы екенлигин шамалап билеқоятуғын әдети бар еди, Қайыр бул сапары да сәлем бергенлердиң жүзлерине дыққат пенен тигилип, биразын шамалады, бирақ жигит болып қалған, қыйық көз, орта бойлы қарапәрең өспиримге нәзери түскенде көкирегинде неше жыллар бойы қалған қандай да бир жасырын туйғы оянып кеткендей болды ма, өзи де ҳайран еди? Өспиримниң қыйық көзлери кимлердикинедур мегзеди, ядына түсире алмады. Тосыннан оянған туйғыдан руўхы тынышсызланып, өз отаўына кирип еди, жалғыз өзи отырған ҳаялы Жарқынайды көрди.

— Кел шабазым, қымыз алдырайын ба? Енемниң мерекеси себеп, парахат отырып сөйлесиўге де ўақыт таппадық, — деп орнынан турып, дастурхан жаза баслады.

«Отырыс-турысы аўырласқан, салдамлы, кейўаны ҳаял болыпты», деп ерксиз ойлады Қайыр. «Кеше ғана ушып-қонып жүрген, шоқ қыз еди. Көз алдына нөсер жамғырда көйлеги денесине жабысып, дүзде атты паналап турған Жарқынайдың келбети елеследи. «Талдырмаш ғана қыз еди, енди бәйбише».

— Өзиңиз жоқта ойласықсыз бир ис қылып қойдық, — деди Жарқынай қыз ўақтында өз жасаўы менен бирге алып келген, тек Қайыр келгенде ғана сабаяқтан шығарылып, қымыз қуйылатуғын ыдыс-саплы аяққа бабында ашыған, көпирип турған қымыз толтырып атырып.

— Ўақыя төбеден түскендей, қызық жағдайда жүз берди, ойласыў ушын пурсат та, имканият та жоқ еди, ақыры өзиң қаяқта, алыс Хийўадасаң, киси жиберип, пәлен-төлен, деп түсиндирмек ушын қанша ўақыт керек...

Гәптиң не ҳаққында кетип атырғанын пәмлеп алыўға ҳеш қандай имкан жоқ еди, «ойласықсыз қылынған», дейди, не өзи ол? Ақылы ҳайран болған Қайыр өзин қызықтырған нәрсени тезирек билип алыўдың жалғыз исенимли жолы ҳаялының сөзин бөлмей ақырына дейин тыңлаў екенлигин аңлап жетти. «Усы гәп балалардың ишиндеги бийтаныс өспирим, қыйық көзлери өзине әлле кимди еслеткен бала жигит ҳаққында емес пе екен?»

Жарқынай Қайырдың жүзине қарап отырып, гүрриңин даўам қылар, арасында «қымыз иш», деп еслетип қояр, жүзине бағып, оның сөз болып атырған ўақыяға деген мүнәсибетин билиўге урынар, бирақ тас мүсиндей болып саққа жүгинип отырған адамның тыртық излери

бар, сусты басым жүзинен оның не ойлап отырғанын аңлап алыў мүшкил еди.

— Быйыл Наўрызда анамды көрип қайтпақшы болып балалар менен қырға атланғанымнан хабарың болды, айтып жибергенмен, қулағыңа тийген шығар, әкем өлгели, анам көп аўырады, солай етип бир неше атлы Атыраў таманнан қыслаўдан жайлаўға көшип қонған аўылымызды таўып, он-он бес күн қонақ болдық.

Қайтарсын, жол бойы Қоңыратта иркилип, базарын базарладық. Қорған ишиндеги базардан шыға беристе қыйық көзли өспиримниң қолынан услаған, үстиндеги қалмақы кийимлериниң тозыўы жеткен, садақа сорап қол созған ҳаялдың муңлы даўысы өзине қаратты. Оның даўысында сондай тереӊ муң менен сағыныш, тағы мен түсине алмайтуғын, бирақ ҳаял жүреги уғатуғын бир нәрселер бар еди, мен оны айтып бериўге сөз таппайман. Қулласы, оның жанына барғым, баўырыма басып, қайғысын бөлиским келди, солай етип жети уйқылап түсимде көрмеген ҳаялдың жанына мени қандайдур бир күш жетелеп барды ҳәм мен оның қолынан услап жубатпақшы болдым.

— Сиңлим, — дедим мен оның қолынан услап турып, даўысың маған таныстай еситилди, басыңа не ис түсти, айт, қолымнан келген көмегимди берейин. Кимсеӊ, қайсы елден киятырсаң, қайсы елге баратырсаң? Тартынбай айт, мүмкин, мениң жәрдемим тийип қалар?

Ҳаялдың көз жаслары жүзин жуўып кетти, мениң де көз жасларым сел-сел еди.

— Апажан, — деди әлленемирде солығын басқан ҳаял муңлы қыйық көзлериндеги жасты сыпырып. Несин айтасыз, қайғым шексиз, ол артсаң мың түйеге аўыр жүк болар еди, буны сиз алыстан-ақ аңғарыпсыз, ҳаял жүрегиндегини ҳаял түсинеди, дегени рас екен, деп ийниме басын қойып тағы егитилди.

Ҳаялдың айтыўынша ол ҳаслы Шымбайдың қызы екен...

Усы пайытта тысқарыдан еситилген даўыс Жарқынайдың гүрриңин бөлди.

— Қайыр үйде ме? — деди кимдур. Бул Турым бийдиң даўысы еди.

— Үйдемен, киребер, — деп даўыслады Қайыр.

Турым бий ишкериледи. Қуран сүўрелеринен аят оқып, пәтия қылды. — Изиниң қайырын берсин, мен сапарда едим, еситип келе бердим, деп Қайырға кеўил айтты. Жарқынай оған қымыз қуйды.

— Сенлер Хийўада көп жүрип кеттиңлер-ғой, қайтыўды ойламайсызлар ма? — деп қойды босаған ыдысты Жарқынайға усынған Турымбий. Бул жақта қурдасқа да аңсат емес, ямаса Ережепке уқсап ол таманда биреўине үйленип алдың ба?

— Мәгар солай да шығар қурдас, араға жыл салмай аўылға айланбай жүр-ғой, — деди Жарқынай да күлип. Ережептен бир неше жас үлкенирек болған Қайыр менен Турым бир-бирине тетелес еди.

— Иши майлы бунЫң, — деди Турым бий.

— Елге қайтыў болса ушпаға қанатым жоқ, Ережеп те солай. Не илаж, еркимиз өзимизде емесдур, хан ҳәмир қылса оннан мойын таўлап болмас екен, өз балаларымды өзим танымай қаламан, базда...

— Хан ҳәмири алла ҳәмири, — деп Турым Қайырды мақуллады. Солай қурдас, сол себеп бурын бермеген болсаң усы сапар руқсат бер Қайырға, ол тамаңнан да үйленип ала-қойсын.

— Оны меннен сорап отырмас, еркектиң бас жиби мойнында. Жарқынай да ҳәзилге ҳәзил менен жуўап берди, бос келмеди.

Көп узамай Ережепке дуўай-дуўай сәлем айтыўды тапсырып, Турым бий атланды, асқа иркилмеди.

Отаўда Жарқынай менен Қайыр оңаша қалды. Жигит ҳаялының бөлинип қалған әңгимесиниң аяғын тыңлаўға асығып отырар еди.

— Солай етип, даўам етти ҳаялы, оны қолынан услап шеткерирекке алып шықтым. Өткен-кеткен базаршылардың нәзеринен қашып, солай иследим. Көз жаслары қурғап, местен қуйып берген суўсынымды ишип, өзине келген ҳаял басынан өткенлерди баян қылған еди.

Атасы Юсуп Шымбайда ақсақал екен, оны өзимиз де көрдик, өлди-ғой, руўхларына тийеберсин. Солай етип, Бәниў атлы сол нашар қалмақларға тутқын болып кетеди, ол жағын өзиң меннен жақсы билесең.

— Сонда сен Қоңыратта гезлестирген, жанында жигит болған баласы бар ҳаял Бәниў ме? — деди усы жерде шыдамы таўсылған Қайыр. Ол ҳаял анық сол ма?

— Сениң бул саўалларды беретуғыныңды әўел бастан билгенмен, сәл ғана сабыр етип, әңгимени ақырына шекем есит, соңынан мен бул ислерди дурыс иследим бе, я қәте ме, ол жағын айта берерсең, — деди Жарқынай ашық даўыс пенен.

— Яқшы, айта бер.

Урлап қашқан қалмақлар оны малы көп биреўге сатыпты да гүлдей қыз пайытында Бәниў бийшара шорыға айланыпты. Арадан жыллар өтипти, ҳаялдың азатлықтан үмити үзилмепти, изимнен әкем, ямаса сүйген адамым излеп келер, елиме алып қайтар, деп тәғдирге мойынсынып, жасай берипти, сонда бир сапар оның үзилиў алдында турған үмитлери қайта жалғана жазлаған екен...

— Тоқта, тоқта... Күтилмегенде орнынан өрре турған жигиттиң бәлент бойы сегиз қанат отаўдың шаңарағына тийе жазлады. Сонда ол... Ол мен барған Дорджи қалмақтың аўылында ма екен, оның уры көзли баласы... Әҳ, әттең!..

— Қайыр, олардың барлығы енди изде қалды, өкингеннен пайда жоқ, — деди Жарқынайдың муңлы даўысы. Бәрибир билгенде де сен оны қутқара алмаған болар единң. Өзинди қыйнама, изин тыңла, — деди ҳаялы салдаманлы даўыс пенен.

Жигит әңгимени тыңлаўға куштар еди, устазының буйрығын мойынсыныўға мәжбүр шәкирт киби орнына жайласты.

— Рас, ол сени шынында да Дорджи қалмақтың аўылында көрип қалыпты, изинен не болғаны, есинди жоғатқаның, оннан кейинги ўақыяларды әлбетте еслейсең.

— Соңынан...

— Соңынан оның дәрегин әкеси Юсуп ақсақал еситип қалып, қызының өлисин я тири дәрегин билиўди шымбайлы Ҳәбий саўдагерге тапсырған екен. Ол Бәниўдиң дәрегин таўыпты, сорастыра-сорастыра Дорджи қалмақтың аўылына барып, көп алтынға шоры келиншекти сатып алыпты, бул пайытта ол бир балалы болған екен, қалмақлар баланы бергиси келмегенде саўдагер оның ушын да бар алтынын берипти.

— Ол қашан болған?

— Оннан бери жети-сегиз жыл, бәлки оннан да көбирек ўақыт өтсе керек.

Бирақ Бәниў бийшараны әкеси менен туўған-туўысқанларына аман-есен қуўыстырыў Ҳәбий саўдагерге несип етпепти, оның кәрўаны таланып, өзиниң изсиз кеткенин Шымбай шәҳәринде көпшилик биледи. Оны сен де билесең.

Қулласы таланған кәрўанда Бәниў де бар екен, оның маңлайына екинши мәртебе шорылық жазылған болса керек, тәғдирден адам қашан қашып қутылыпты. Арадан тағы да жыллар өтипти, ақырында азатлыққа шығып, елме-ел гезип, Қоңыратқа жетипти. Бийшара Юсуп, оның баласы да бул ўақытлары жарық дүньяны тәрк еткен еди.

Сени узыннан-узақ әңгимем менен бираз талықтырған шығарман, шабазым. Енди сөзимди қысқартайын. Қуллас кәлам ол бир ўақытлары өзиң жақсы көрген Бәниў болып шықты. Мен оны жуўындырып-кийиндирип, соңынан Шымбайға, оннан аўылдағы үйимизге келиўге көндирдим. Қалған жағын қалай шешиў өзиңе байланыслы.

— Қайда ол? — деди тап ҳәзир Бәниўдиң алдына бармақшы адам киби.

— Баласы менен екеўине үй тигип бердик. Шәҳәрде жақын адамлары да қалмаған көринеди.

Бектемирдиң отаўынан шыққанда бул жердегилерге уқсамаған, жас өспирим қыялына келди. «Ол Бәниўдиң перзенти, қалмақтан

туўылған перзенти. О, пәлек! Қандай қәлер едим, Бәниўден перзентли болыўды. Тәғдирдиң ойынына қара!»

— Өзиң ойлап, өзиң шеш, — деди бәбийше. Мен өзгеден төсек қызғанатуғын жастан өтип баратырман, енди.

Қайыр отырған орнынан қозғалмады. Қылған ислери ушын, хорзар болған, үйсиз-жайсыз бир ҳаялды ғамхорлығына алғаны ушын ҳаялына не айтыўды да билмеди.

Ертеңине сәске пайытта шетки отаўға бир өзи барды. Жарқынай Қайырдың киретуғынын ескертип қойған болса керек, бир жөн кийинген, кексейип қалғандай көринистеги, жүзи солғын ҳаял орнынан жеңил ғана ушып турды, бирақ нәзерин көтерип, жигиттиң жүзине тикленип қарамады, әндийше қылғандур, ким билсин.

— Отыр Бәниў, отыра бер, — деди жигит пәс ҳаўаз бенен.

Ҳаял жигиттиң қарсысында диз бүгип, саққа жүгинип, боялған бөзден тигилген узын көйлегиниң жеңи менен аўзын жасырып отырды.

Араны жыллар бөлип таслаған, олар үмит пенен әрманға сағыныш пенен ҳәсиретлерге, хорланыў менен азап-ақыретлерге толы айралық жыллары еди, өз ўақтында муҳаббат атлы сезимниң татлы қушағына ғарқ болған ҳәм мақсетлерине жете алмаған еки жүректиң бир-бирине баянламақшы арзыўлары, айтпақшы сөзлери көп еди. Бирақ арадан өткен жыллардың көзге көринбейтуғын, ҳеш кимге асырылып өтиў имканиятын бермейтуғын мийтиндей беккем дийўаллары оларды бөлип тура берди.

— Бәниў, — деди ақырында үнсизликке шек қойған Қайырдың даўысы. Хош келипсең, аман қайтқаның үлкен дәўлет, өткен иске салаўат, барлығын умыт, естен шығар, тек жақсыларын ғана ядында қалдыр.

Қыйық көзлер Қайырға «жалт» етип тигилди. Бул көзлердиң ийеси бир ўақытлары қандайдур сыйқыры, мийрими менен бағып, жигиттиң жүрегин бәнт еткен баяғы Бәниў, бирақ сол көзлерге шөккен терең муң оның ийесиниң басқа Бәниўге айланғанынан дәрек берип турар еди.

— Яқшы, — деди ҳаял жигиттиң көзлерине тигилиўин даўамлап. Умытыўға ҳәрекет етемен, бирақ умыта алларман ба екен, оған күшим жетер ме екен?

— Еситтим, атаң менен иниң өлген екен. Тартынбай усы үйде бола бер.

— Қалайынша? Шоры болып па? Нашар басым менен...

Азғана ойланған Қайыр шешиўши жуўап берди.

— Келисим берсең саған үйленемен.

Ҳаял үнсиз басын ийди.

Ертеңине Қайыр молла шақырып, Бәниўди некесин қыйдырып, өзине ҳаяллыққа алды.

Бир неше күннен соң ҳаяллары менен балаларын Қаракөл бойындағы аўылда қалдырып, Қайыр атланды. Шымбайды өткир сөзи менен басына көтерип жүретуғын Өмирбек оның менен бирге кетти. Ережеп Хийўада еди.

## 22

Ережеп танда турып сарайға, Өмирбек базарға жол алады, ал Қайыр үйде қалады.

— Азанда базарға кетесең, ол жерде не алып, не сатасаң, сонда, — деди бир күни Ережеп Өмирбекке.

— Сөз алып, сөз сатаман, — деди лаққы ҳеш екиленип турмастан.

— Сөздиң баҳасы қанша?

— Ҳәр қыйлы, — деди Өмекең тағы да иркилмей, Мәселен: бир муш туратуғын сөзлер де бар.

— Ҳәй жүдә! Қәне, айтшы, қандай сөз бир муш пенен баҳаланады.

— Жолды ашып қойыңлар, деди ол есикти ашып сыртта ойнап атырған балаларға.

— Сол ма, бир мушлық сөзиң?

— Яқ, енди айтаман, ҳәзир сол мушты жемеслик ушын қашыўға жол таярлап атырман.

— Қәне сөзиң?

— Айта берейин бе?

— Айта бер.

— Тыңла, бәдқабақ гешше, таңнан кешке шекем қабағыңды бир ашпайсаң, ақмақ болмағанында...

— Ҳәй Өмирбек не деп сандалап турсаң? — деди оның минезине қанық Ережеп, я өлгиң келип турып па?

— Өзиң емес пе, бир мушлық сөз деген. Лаққы қашыўға бейимлесип, қырынлар еди.

— Әй, сениң тилиң өткир ораққа мегзейди, былай келсе де, былай келсе де орып түсесең, — деди Ережеп күлип.

— Билесең бе, мен бүгин базарда кимди көрдим? Қарақалпақ палўаны Ерназар бийди!

— Ерназар бий? Атын еситсем де өзин көрмеген едим. Базарда не қылып жүр екен?

— Палўанлық қылады. Тутысатуғын ҳеш ким табылмаса, жүк көтерип тамаша көрсетеди.

Ертең бирге барамыз базарға, — деди Ережеп.

Келеси күни базар майданының бир шетинде топланып турған адамлар таман киятырған Ережеп пенен Өмирбек алысларға тарқалып турған даўысты еситти:

— Қарақалпақ палўаны менен тутысыўға талапкер бар ма? Ортаға шықсын, жығылғанды жер көтереди, жыққанның байрағы бир тилла!

— Ерназар палўан усы, — деди Өмирбек. Кеше бир-еки талабан табылып еди, Ерназар оларды жер қабыстырды. Бүгин жүрек етип, оның менен тутысқандай кимдур табыла қояр ма екен?

Адамлар қоршап турған қурдың ортасына төселген шапанының үстинде жағасына ийленген териден таспа тигилген, жеңсиз, келте шекпен кийип, белине енли кәмар байлаған, ири денели адам малдас қурынып отырар, шашы тықырлап алынған басына тақыя киймеген, жалаңбас, гүжирейген желкесине қуйып қойғандай қысқа мойны менен тоқпақтай дуғыжым билеклери оның қүдиретли күш ийеси екенлигинен дәрек берип турар еди.

«Мына турқын көрип турып, оның менен беллесиўге ҳеш кимниң де жүреги даўамас», деп ойлады қурға жетип иркилген Ережеп. «Той жоқ, байрам жоқ не ушын гүрес тутады?».

Жаршы қурды айланып, қышқырар еди. Бахтын сынап көриўге ҳеш кимсе шыға коймады.

Жаршының гезектеги мәртебе: «Талабан бар ма?» деген қышқырығына әлжуўазғана даўыс, «мен бар!» деп жуўап берип еди, ҳәмманиң нәзери сол таманға қаратылды.

Қурда отырғанлардың ишинен ақ сақалы көкирегин жапқан, бир ўақытлардағы қайындай тик денеси оқжайдай бүгилген ғарры алға шықты. Адамлар арасынан күлки менен қосыла: «мына ғарры ким менен гүреспекши?», «алды бурын қәддин тиклеп алсын», «ақлық-шаўлықларың менен ырзаласып па единң, баба?», дегенге усаған мысқыллы сөзлер еситилди. Бирақ, ақсақал ҳеш кимниң сөзин елестирип отырмады, қолтығындағы түйиншигин жерге қойып, шапанын шешти, қурда отырған бир баланы жанына шақырып, оған шапанын узатты, кейин түйиншикти асықпай ашып, ишинен тери таспа салып тигилген, Ерназардикине мегзейтуғын шолақ жең шекпен шығарып, қағып-силкип, ийнине кийди, соң пирлерге дуўа қылып, қоллары менен жүзин сыйпап, ортаға шыға берди.

— Атаназар, Атаназар палўан, жаўырны жерге тиймеген... деген сөзлер алдын сыбырлап айтылды, соң даўыслап айтылып, жаңғырықлап қурды басына көтерди.

Қурға шыққан кисини қызығыў ҳәм таңланыў менен гүзетип отырған Ерназар Атаназар палўанның даңқын еситкен болса да өзин, яки қурда гүрес тутқан пайытын көрмеген еди. Ҳүрмет көрсетип, орнынан турды, жүзбе-жүз келип, қос қоллап сәлемлести.

— Ҳәй қарақалпақ палўаны, деди ғарры шаўқым басылған соң, ҳәмме еситкендей көтериңки даўыс пенен. Мен Атаназар палўанман. Қай жерде гүрес тутқан болсам, ҳүрмет етип, мийман палўанға әмелин бергенмен, сен де Хийўаның қонағысаң, ал әмелиңди!

Ғаррының оқжайдай бүгилген қәдди тикленген, аппақ қаслары астындағы шүңирек көзлеринен от шашырар еди.

— Атаназар палўан — деди Ерназар өз гезегинде. Әмелимди бергениң ушын рахмет, бирақ жасыңыз ҳәм даңқыңыз ҳүрметине әмел қолланыў гезегин өзиңизге қайтардым. Алың әмелиңизди.

Ерназар еки қолын алға созып, Атаназар палўанға әмел берди. Ол қарсыласының белиндеги кәмарынан услап, алға тартты, жасына тән болмаған ғайрат ҳәм шәпиклик пенен «я бақ», деп жамбас салып қайырды, Ерназар тамыры тереңге кеткен гүжим киби нық турар еди, Атаназар палўан силкип тартып,  тоғанақ салды, Ерназар дәрпенбеди, оны да қоя берип, белинен қапсыра қушақлап көтермекши еди, көтере алмады, Атаназар палўанның дәўраны әлле қашан өткенин жыйылған аламан да, өзи де Ерназар да билер, ол аттың қасқасындай көринип турған еди.

Шабысын таўысқан тарлан тулпар жанынан атлар дүбирлеп өткенде арланып, жаниўар шыңғырып киснейтуғыны киби Атаназар палўан: «Әмелиңди ал, қарақалпақ», деп қыйғырды.

Бундай пайытта әмелден ямаса гүрестен бас тартыў қарсылас палўанға деген ҳүрметсизлик болар еди, сол ушын Ерназар қолын алға созып, қәлеген әмелди ислеўге имкан берип турған палўанды белинен қушақлап, бир силкип, қыйыншылықсыз көterip алды, соң қурды бир айланып шықты, аламан: «ғарры палўанды Ерназар қайсы жерге тартып урар екен», деп силтидей тынып, қәўетерленбекте еди, халық гүрескен пайытларында жаўырны жерге тиймей қурды тәрк еткен Атаназар палўанның бүгин не ушын тағы қурға шыққанының себебин түсинбесе де, бул жығылыў оның ушын аўыр бататуғынлығын ойлап, қайғырып турды.

Адамлардың ойлағанынан керисинше болып шықты ҳәм барлығы жақсылық пенен питти.

Қурды бир айланып шыққан Ерназар ортада иркилди, соң Атаназар палўанды «дик» еттирип, тик аяғынан жерге қойды, қол қаўсырып, бас ийип алдында турды.

— Бүгин байрақ сизики, деди бәлент даўыс пенен. Қурдың шетинде жатқан шапанын алып, ғарры палўанның ийнине жаўып, қутлы болсын айтты, соңынан өтинди.

— Қәне, пәтияңызды бериң, Атаназар палўан.

Атаназар пәтияға қол жайды, гүўлеп турған аламан силтидей тынып, олар да пәтияға қол ашты:

— Илаҳи иллалоҳи Муҳаммад расули аллаҳи, қурға шығып тутыссаң, жылаўында қырқ шилтен ғайып еренлер жүрип, қоллағай, Қыдыр ата жолдасың болғай, дәўлетиң өрлегей әўмийин!

— Әўмийин! — деген сеслер әтирапты жаңғыртты.

Атаназар шапанды жанындағы ақлығына услатып, ийниндеги гүрес шекпенин шешпестен, қурдан шығып кете берди, мәгар бул оның бел бууып, гүрес тутпақлық ушын соңғы мәртебе қурға шығыуы болған шығар.

Жыйылғанларға тамаша керек, олар ҳақыйқый алысыуды көрмей, Ерназардың күшин сынамай тарқасыуды ойына келтирмес еди, бирақ беллесиуге жүрек еткен ҳеш ким болмады.

Сонда Ерназар палуан жол тапты.

Көзи менен тамаша ушын керекли болған ири денели, дуғыжым жигитлерди таңлап алды да, өтиниш етип, қурға шығарды. Олар: «Ерназар бизиң менен тутыспақшыдур, мәгар», деп ҳаулығысып еди, олай болмай шықты.

— Қәне, еки ийниме еки жигит отырың, — деди дизесин бүккен Ерназар.

Денеси жерден пишип алғандай, домалақ жигит пенен шамасы оның салмағы деминде бес-алты батпан келер еди, узын бойлы, толық жигит палуанның кең ийинлерине қәдимги күрсиде отырған киби, жайласып отырды.

— Қәне болдыңлар ма, — деди Ерназар. Я пийрим Дауыт, деп орнынан тик аяғына турғанда теңселмеди де, тәрезиниң еки басын тең услауға тырысқан адамдай қурды бир айланып шығып, ийниндегилерди жерге түсирди. Адамлар таңланғанынан қышқырысып, алғыслар айтты. Бул пайытта Ерназар палуанның ийнинде отырып, қурды айланып шығыуға талабан болған, кимиси семиз, кимиси арық адамлар гезекке дизилип турар еди. Ийнине гезекпе-гезек адам мингизген Ерназар қурды бир неше мәртебе айланып шықты. Ақырында «жетер», деп қолын көтерип, белги берди де, маңлайының терин сыпырып, келте шекпениниң етегин қайырып, қурды айланды. Ким бир бақыр, ким бир гүмис теңге дегендей ҳәр ким кеулинен шыққанын шекпениниң пешине салар, палуан оларға бас ийип, миннетдарлық билдирер еди.

Сонда барып Ережеп Ерназардың тойсыз, байрамсыз гүрес тутпақ ушын қурға шыққанының мәнисин аңғарды. Хийуада ақ үйли болып жүрген Ерназар бийдиң күн көрисиниң дәреги тамаша көрсетиуден түскен табыс болса керек, деген пикир келди қыялына.

Қур тарқаған соң жанына барып, Ерназар менен көристи.

— Қабағыңның үйилиуине қарағанда қыпшақлардың Ережеп тентеги болсаң керек, деди палуан ала көзлери менен тик бағып. Қарақалпақта жүргенде атыңды көп еситсек те, көрисиу несип етпеген еди, келип-келип ушырасқан жеримизди қара!

— Биз алакөз екениңизди әлле қашан билдик! — деди Ережеп өз гезегинде.

— Шамасы, бир шапанға жетпейди, — деди қолындағы теңгелерге қарап Ерназар.

Ережеп ҳәмиянын шығарды.

— Мен, ҳәзир...

— Қайыр-садақа алмайман, — деди Ерназар.

— Шапансыз қалай? Гүрес шекпенде жүресең бе?

— Есабы болар. Қәне, бизиң үйге жүриңлер, мынаў теңгелер шапанға жетпесе ҳәм сизлерди қонақ қылыўға жетер, қалай да. Оның усынысына қарсы трүў қыйын еди, соны сезген Ережеп, Өмирбекке «изимнен ер», деп ымлады да палўан менен қатарласып жүре берди.

Ерназар палўан Ийшан қаладан тысқарыдағы бир аўылда турады екен. Өжиреде жалғыз отырған ҳаялы қонақларға төсек салып, суўсын келтирди.

— Хабарыңыз бардур Ережеп бий, бунда ақ үйли қылынғанымыздан берли бир неше жыллар өтти, күн көрис ушын тамаша көрсетемиз. Ханнан хызмет сорап барғанымызда үстимизден күлмек ушын: «бар, самал ҳамалын бердик», деген еди, ҳамалды жүргизгенимизди көрип, оны да қайтып алды.

— Оны қалай жүргизгениңди айтып бер, — деди Ережеп халық ишине тарап кеткен бул ўақыяны Ерназардың өз аўзынан еситкиси келип.

— Ол жөнинде мынаў лаққы айта қойсын, сөзге шебер-ғой, меннен жақсы айтады, — деп Ерназар бий Өмирбекти нусқады.

— Айт, десеңиз айтаман, шетке шықсам дүзетерсиз.

— Айта бер, сениң айтқаныңды ким дүзетеди.

— Әлқысса, хызмет сораған Ерназарға хан самал ҳәмелин береди, ҳәзир өзи айтқандай буның менен ханымыз бийдиң үстинен күлмекти нийет қылғандур, бирақ бул керисинше болып шығады, яғный гүз келеди, дөгеректиң бәри дийқан, бийдайы менен жүўерисин орыпжыйнап түйеклейди, соң дәнди тазалаў ушын оны гүрек пенен атып суўырады, бундайда самал керек, самал дәнниң қаўығы менен шаңтозаңын ушырып әкетеди. Дийқан қырман атса, қолтығына алаша қыстырған Ерназар келеди де, самалдың өрине алашаны тутып тура қалады. Самалды жибермейди. Ақырында бийзар болған дийқанлар ханға арыз қылады: «Тақсыр, самал ҳамалын бийкар қылмасаңыз ҳалымыз қыйын» деп. Сонда Ерназарды мазақ қылмақшы болған хан өзиниң мазақ болғанын түсинип, бийден жарлық пенен самал ҳәмелин алып қояды. Шеткерилеп кетпедим бе, палўан жора? гәпин тамамлаған лаққы Ерназарға қарады.

— Шетлемедиң, — деди Ерназар.

— Әне, солай.

— Және бир гәпти өз аўзыңнан еситким келеди, — деди Ережеп. «Қалмақ руўы даўа қылды», деген қәўесет қулаққа шалынды.

— Ялған даўа еди ол.

— Жанғазы жөнинен еситкеним ше?

— Жанғазы ма? Ол менменлик қылды. Мен қарап тураман ба? Жанғазы болса, хан әўлады болса өзине, белимнен гезликти суўырып алып...

Ережеп пенен Өмирбек Ерназардың кишкене өжиресинен шығып, үйлерине қайтқанда аспанда жулдызлар шағырайып, тәрези түн жарпынан аўған мәҳәл еди.

## 23

Сарахс таманға тартылған Хийўа ләшкери менен атланысқа кеткен Ережеп жылға шамалас ўақытты араға салып, Хийўаға оралғанда Өмирбек Хийўаны тәрк еткен еди. Өзгелердиң айтыўынша базардағы бир ўақыя лаққының елге қайтыўына себепши болған көринеди.

Айтыста жеңиле берген хийўалы лапгөйлер қалай қылса да утылған соң бир күни азаннан баслап лаққының изине түсипти. Қай жерге барып қалса изинен жетип, оған ҳәр жағынан келип сүйенип алармыш. «Ары турың жоралар», десе «сениң қалпағың үлкен, саялайық жора», дермиш. Ақыры болмаған соң пайыт аңлыған лаққы еки қапталынан жақынлап келген жигитлердиң маңлайларына қулашлап турып берипти. «Ҳә лаққы, бул не қылғаның, жудырық бизде ҳәм бар, жеңилгенинди мойынла», десе лаққы айтармыш: «Сизлер саялап турған шертектиң бақаны тайып кетсе, мен не қылайын!» Маңлайларына жудырық тийген жигитлер қанша ашыўланайын десе, болмапты. «Әй лаққы, тағы жендиң, енди елиңе қайт, бизлер де Хийўамызда журтты күлдирип жүрейик, ақыры», деп зыяпат берип елине қайтарған қусайды.

Ерназарды дән базарынан тапты. Күн көрис ушын он батпан, жигирма батпан дәнди ийнине қойып, қурды айланып тамаша көрсетип жүрер еди.

— Ҳә, Ережеп бий, атланыстан қайттың ба? Сәлеминен соңғы Ерназардың сөзи, сол болды. Қашан келеди, деп жолыңа қарап жүрер едим. Жараланып, нетип қалмадың ба? Саўаштың аты ким болсаң да саўаш, садақ пенен қылыш ким екенинди таңлап турмайды, тесип өтип, кесип өте береди.

— Аллаға шүкир, аман қайттым, — деди Ережеп.

— Б ир гәп бар.

— Қулағым сенде.

— Бул жерде емес. Үйде, ямаса аўлағырақта.

Екеўи Ерназардың Ережепке таныс, хийўалы келиншеги менен туратуғын кишкене өжиресине келди. Есикти иштен жапты, ҳаялын да киргизбеди.

— Жай гәп пе? Ережеп Ерназарға тигилди.

— Жай гәп емес, бажа, биреўди дардан кесиўимиз керек.

Екеўи де хийўалы қызға үйленгенлигин есине салыў ушын айтқан еди.

— Дардан кесиў? Ойынды қой, бажа бий.

— Ойын емес, шын сөзим.

— Ким екен ол, дарда жан бермеклик дәркар болған адам?

— Бир түркмен жигити. Оның ағайинлеринен ўақтында көп жақсылық көргенмен. Сол пайытларда: «Ер мойнында қыл арқан ширимес», деп айтқанман. Енди жигиттиң туўысқанлары сол ўәдемди ядыма салып, өз гезегинде басыма ис түссе жәрдем қолын созыўға сөз бермекте.

— Жүдә жақсы, үлкен басың ийниңе аўырлық еткен, дарды кесип, түркменди азат қыл да, өзиңниң басынды орнына бере бер, оның несин мениң менен ойласып отырыпсаң, деди Ережеп.

— Дарды мен емес, сен кесесең!

— Мен... мениң басым еле ийниме аўырлық еткен жоқ. Бир түркмен ушын дар кесиў, есиң дурыс па?

— Дурыс қусаған. Олай болмағанда мен бул гәпти айтпаған болар едим.

— Не ушын мен, өзиң емес...

— Гәп былай, — деди Ерназар басық даўыс пенен. Хийўада бурынғы ханлар заманынан киятырған бир дәстүр бар, егер елге ҳүрметли болған батыр жүрек етип, дарды кессе, асылажақ адам әпиў етиледи, өлимнен аман қалады.

— Дар кескен адам ше?

— Ол жағы дар кеспекке жүрек еткен адамның батырлығы менен шешенлигине байланыслы.

— Берман қара Алакөз, сонда сен мениң батырлығымды дар кестирип, сынамақшы болғаның ба?

— Яқ, сынамақшы емеспен. Сенде мен айтқан еки қәсийеттиң де бар екенлигин билгеним ушын айтпақтаман.

— Сен өзиң не? Батырлық пенен шешенликтен қуры алақанман, демекшисең бе? Ол жалған болар еди.

— Дурыс, олардан бас тартпайман. Бирақ мен өзим айыплы болған, ақ үйли болған адамман, керек болса бий де емеспен, ҳәр күни кеште ҳаялы менен баласына жегизетуғын нанын таппақ ушын көшеде тамаша көрсетип жүрген биреўмен, мен кимдидур дардан қутқармақшы болсам, сол дузақты өзимниң мойнымда көретуғыным мынаў қолымдағы бес бармағымдай көринип турыпты. Сол ушын да сени исендиремен, деп тамағыма суў бүркип отырғаным.

Ережеп ойланып қалды.

— Сонда да, — деп гәп баслап киятыр еди, Ерназар оның гәпин бөлди.

— Сени бәле де урмайды, тентек деген атыңды ақлайсаң.

— Бул жерде ойын кетпейди...

— Әлбетте, ойын кетпейди, жан алып, жан беретуғын жер.

— Онда неге мени қыйнайсаң?

— Мен сени өлимди писент етпестен, дийдилеген мақсетине умтылатуғын, ҳақыйқый нөкер, — деп ойлап едим. Бул истиң басқа да себеплери бар.

Усы пайытта есик ақырын ашылды. Ишкериге басын түркменше ораған кейўаны ҳаял, изинде төбеси ушлы, дубылғаға мегзеген, алтын шынжырларға алтын теңгелер тағылған зер тақыя кийген қыз екеўи босағаны атлап кирди.

Ҳеш нәрсеге түсинбеген Ережеп ҳайран болса да, Ерназар ҳайран болмады, олардың келетуғынын билетуғын адамдай, тикленип те бақпады.

Кейўаны сәл егленип турды да Ережептиң аяғына өзин таслады.

— Ағажан, улымды қутқарың, көзимниң ағыў-карасы, жалғыз улымды...

Оған дизерлеп отыра сала, Ережептиң аяқларын қушқан қыз қосылды.

— Қутқарың, қыршынынан қыйылмасын... Ағажан, үмитимиз сизден.

Аң-таң болған Ережеп гә Ерназарға, гә ҳаялларға қарар еди.

— Булар кимлер? — деди өзине келген Ережеп.

— Ертең, бир күн дарға тартылыўға ҳүким етилген жигиттиң анасы менен қалыңлығы. Жасырмайман, бир қутқарса Ережеп батыр қутқарады, деп оларға айтқанман. Ҳаяллардың көз жас төгиўине тақат қыла алмайман. Олар ҳәр күни келип, тап усылай аяғыма жығылмақта. Айт, мен не қылайын? Оларға айт, олар не қылсын, барып кимнен мәдет тилесин, бәлки билерсең?

Ҳаяллардың көз жаслары тәсир қылды ма, ямаса Ерназардың сөзлери ме, Ережептиң жүреги жибиди, көз алдына дарда салбырап турған адам тулғасы елеслеп, ети түршигип кетти. Ақырында ҳаялларды жубата баслады.

— Қәне, бийҳуўда жас төгиўди қойыңлар! — деди даўысын көтериңкиреп. Бирақ ҳаяллар:

— Улымды қутқарың, еримди қутқарың, — деп үн салысып жылар еди.

— Жетер, — деди тақаты таўсылған Ережеп. Дарды кескеним болсын.

Ҳаяллар бурынғыдан да бетер еңиресип, бийдиң аяғын сүйиўге қарады. Ендиги төгилип атырған көз жаслары үмит ҳәм қуўаныш жаслары еди.

Ерназар ҳаялларды бир әмеллеп жубатып, үйлерине қайтарып жибериўге еристи.

— Дегениңе жеттиң, Алакөз, — деди Ережеп. Даўысында гийне ме, тәғдирге тән бериў ме, соған уқсаған бир толқын бар еди. Егер, түркменниң орнына мениң геллем кетер болса, не деймен, әжелим жетип, пайманам толған жери, деймендағы, Мақтымқулының айтқаныма: «мәртлер ҳәр ис болса көрер қудайдан, нәмәртниң кишиден көришин көриң!» деп, бул исти мәгар алла баслап турғандур, я бақ, я шарбақ. Жаза күни қашан?

Дар базар майданына қурылады. Сол күни жар урылады. Өзиң айтқандай, алла баслаған күни.

— Жигиттиң гүнасы недур?

— Ҳаслы хан нөкери, келиншегин көрмекши болып аўылына барады, ол жерде ханға қарсы питне шөлкемлестирилип атырған екен, аўылласлары буны да питнеге тартады. Саўаш пайытында жигит әмелдарды өлтиреди, ол да өз аўылласы қусайды. Қолға түскенлер зинданға тасланған, буны дарға буйырған, өзгелериниң тәғдири еле белгисиз. Жигиттиң атасы менен төс дүгистирип, қыяметлик дос тутынған едик, ўақтында ол маған көп жақсылықлар қылған, өлимнен қутқарған, енди...

Ерназар ойланып қалды.

— Яқ, Ережеп. Мен шамасы, надурыс ис тутқан қусайман. Дос меники, миннет меники, ал мен болсам бул исти саған жүклейжақпан. Мейли, бул...

— Алакөз! — деди Ережеп оның сөзин бөлип «Айтылған сөз— атылған оқ!» Ержигит сөзинен, арыслан изинен қайтса не болғаны? Иншалла, исти ақырына жеткеремен. Қудай берген қызыл тилимди алланың өзи байламаса, ханға дәлил де таўып беремен. Сен ынжылма, енди! Тек жанымда болсаң жетеди...

Көп узамай Ерназар базар майданына дар қурылып атырғанын хабарлады. Тағы бирер күн өтип, Хийўа көшелерин жаршының бәлент ҳаўазы жаңғыртты. Хабар питнеши түркменниң дарға тартылатуғыны ҳаққында еди.

Базар майданын қолларында қалқан ҳәм жалаңаш қылыш тутқан нөкерлер қоршап алды. Кимдур тамашаға, кимдур пашшаплардың қысқысы менен жыйналып, аланды толтырды.

Көп өтпей майданға көзи шүберек пенен байланған, қол-аяғы кисенленген жигитти алып кирди. Сақал-шашы өскен, үстиндеги бөз көйлегиниң кирден реңин айырыў қыйын болып қалған, узын бойлы

арық тутқын сақшылардың қыстаўы менен аяғын апыл-тапыл басып, келер еди.

Кимдур, жигиттиң жақынларынан болса керек: «А...мурат...» деп аҳ урып жиберди, қандай еситилген болса сондай тезлик пенен кесилген сес мисли жаңғырық киби наанық шықты, адамлар оны айыра алмады. Ҳәр ким өзинше, жигиттиң аты пәленше қусайды-аў, деп шамалап қойды.

Жигит сүрнигип кетип, өзин оңлап алды, соңынан сес қайсы таманнан шыққанын билмей әтирапқа алаңлады ҳәм ерксиз иркилип қалды. Сақшы қолындағы найзаның сабы менен арқасынан алға қарай ийтерди, жигит өзин күтип турған әжелге таман қәлер-қәлемес, мәжбүрий қәдем таслай берди.

Ҳәлсизленген жигиттиң дар қурылған бәлентке өзлигинен мине алмаслығын билген сақшылар оны қолтығынан көтерип алып барып қойды. Бәлент дийўаллар менен қоршалған Хийўаның дәрўазаларынан кирип, көшелерди аралап ескен самал жигиттиң өсик шашларын тарап, кир көйлегиниң етеклеринде ойнар еди.

Қәпелимде жыйылған аламан қозғалаң таўып, бир таманы еки бөлинип, ашылған жолдан бир топар атлылар майданға кирип келди. Олардың ишинде үстине жеңи шолақ зер шапан, басына қамары бөрик кийген, атының жүўени менен ерине, белиндеги қылышының сабы менен қынына алтын жалатылған, саўлатлы киси қусбеги болып, ол жазаның орынланғанын өз көзи менен көрип, ханға жеткизбек ушын келген болса керек.

Метер бәлент ҳаўаз бенен ҳүкимди оқыды. «Дарға тартыў», деген сөзди еситкенде зинданның зәҳәрленген ҳаўасынан көп қыйналған, енди таза ҳаўадан еркин нәпес алып, өзге нәрсе жөнинде ойлаўды бир замат ядынан шығарған жигит «Ата!» деп қышқырып жиберди.
— Ата, қаяқтасыз, мени дарға аспақшы!

Жазаны орынлаўды артық созыў қәтерли болса керек, қусбеги белги бериўден жәллад өз исине киристи, көп өтпей аяқ-қолындағы кисенлер шешилмеген жигит дар арқанында салбырап турар, майданды өз қушағына алған өли тынышлықты кимниңдур буўлығып жылаған сести бузар еди.

Сонда көпшилик күтпеген ўақыя жүз берди.

Астына көк ат минген, үстине шапан, басына телпек кийген жигит аламан арасынан атылып шықты да дар турған таманға шаўып келе берди. Алдын кеселеген пияда нөкерди атқа қақтырып, шабандоз дарға жетти де қылыш сермеди, салбырап турған адам бәлент жерге «дүрс» етип қулап түсти, көз ашып-жумғанша болып өткен ўақыяның мәнисин адамлар уғаман дегенше, мәрт атлы ғайып болған еди.

Сонда барып аламанның:

— Дарды кести!

— Дарды кести!

— Нағыз батыр екен!

— Енди өзиниң басы кетеди!

— Ким ол!

— Ким ол! — деген шаўқымы базар майданын гүңирентти. Күтилмеген ўақыяның болатуғынын болжаў жети уйқылағанда түсине де кирмеген қусбеги жамбасына бир урып, сақалын тиследи. Бундай ҳалатлар жөнинде еситкени болмаса, өз көзи менен көрмеген ол, кескин шешим де қабыллай алмас, жигитти екинши мәрте дарға тартыўға аламаннан айбынар еди.

Ҳәзир ғана дар арқанын тартқан жәллад «өлип қалмады ма?», деген гүман менен дар астында жатырған жигиттиң жүзине тигилди. Соң «қандай белги берер екен», деген қыялда қусбегини ортаға алған атлылар турған таманға мойын бурды. Жазаны екинши мәртебе орынлаўға ҳәмир қылған ишара болмаған соң, жәллад дөгерегине алаңлады.

Жанына жетип келген сақшылар баслығының қулағына бирнемелерди айтқаннан кейин қусбеги атын тебинди. Қасындағылар да қозғалды. Еки сақшы орнынан труўға шамасы келмей қалған түркмен жигитти арбаға салып, зинданға алып кетти.

Майданнан шығып, әдеўир ат шапқан Ережеп изине қайрылып қарады, қуўғыншы көринбеди. Ат жылаўын тартып иркилди. Соңынан туўры хан отырған сарайға қарай жүре берди.

Дийўанбеги оны көп иркпеди.

Қырмызы ғалы-гилемлер төселген кең әйўанның төринде, бәлент жерге қойылған тахтта саўлат төгип хан отырар еди, базар майданындағы ўақыяны жансызлар жеткерип үлгерген болса керек, қабағы қатыўлы, қәҳәрли көринди.

Ережептиң маңлайы гилемниң жумсақ түклерин сыйпады.

— Тақсыр ханымыз, бир қасық қанымды кешиң, гүнакарман!

Ҳә, дегенде хан сес бере коймады. Ережеп ушын арадан өткен бир кесе шай ишим ғана ўақыт мисли бир мезгилге мегзеп кетти. Ақырында ханның қоңыр даўысы еситилди.

— Қандай гүна қылдың, ҳәй қарақалпақ бийи!

— Гүнам аўыр, тақсыр. Гүнакар асылған дардың арқанын кестим... Бир қасық қанымды...

Усы пайыт ханның нәзери гилемнен бас көтермей баўырлап жатырған Ережеп бийден асырылып, әйўан есиги таман тигилгенин гүнакар бий көрмеди, әлбетте. Датқа жайға қусбеги кирип келген еди. Оның изинде қылыш жалаңашлаған еки сақшы көринди.

Хан ишара менен қусбегини жанына шақырды. Еки сақшы есикте иркилди де, қолы қайырылып, басы ийилген қусбеги жеңил қәдемлер

менен тахт жанына барып, ханның қулағына сыбырлады. Ханның түси сурланып, гилемде бүкке түсип жатырған ири денели Ережеп бийге қәҳәрли тигилди. Шамасы бийдиң гүнасының не екенлигин енди ғана түсинип жеткен еди.

— Ҳә, Ережеп бий, — деди хан ашыўлы даўыс пенен. Питнеши түркменди дардан кесипсиз, енди оның орнына асыламақ ушын келдиңиз бе? Сөйлең!

— Бир қасық қанымнан кешиң, тақсыр. «Ийилген басты қылыш кеспейди», деген сөзге инанып келдим, дарға асыларымды билгенде келер ме едим. Ҳүзириңизге әпиў тилеп келдим, әлемпанаҳ!

— Ҳәй, көзсиз бий! Бул исти не ушын қылдың, я питнеге шерик пе един? Сөйле!

— Питнеге ҳасла шерик емеспен, ҳәзирет ханымыз. Аўзынан сарысы кетпеген бир жигит екен, өзгелердиң қылған гүнасы ушын бийҳуўда шаҳид кетпесин, дедим.

— Сол болғаныма, дәлилиңнниң?

— Яқ, ҳәзирети ханымыз. Шын кеўилден тағы бир әндийше қылдым.

— Әндийше? Ол қандай әндийше екен?

— Ҳәзирети ханымыз, бул пәлек гәрдиши кимди төсектен, кимди дардан, түбинде бир күни жарық дүньядан алып кетер емиш. Сол ушын халық ядында қалғандай бир ис болсын, дедим

Ханның сурланған жүзине қан жуўырып, көзлериндеги қәҳәр ушқынлары сөнди.

— Ол қандай ис, ҳәй шешен бий?

— Биз өтермиз, ҳәзирет ханымыз, изимизде атымыз қалар. Сонда адамлар: пәлен заманда, Хийўада Мәдемин хан болған екен, оның дарға астырған адамын Ережеп тентек бий деген дардан кесипти, мийримли, сақый, кеңпейил хан екен, екеўине де кеширим берипти, — деп айтып жүрсин, деп бул иске қол урдым. Жаздым, жақылдым, тәўбе еттим, ҳәзирети ханымыз.

Ханға бул гәплер жаққан болса әжеп емес «қара суў гүпшекке жаққан», дегениндей, марапат ҳәм орынлы мақтаў кимге жақпайды, ханның қызыл шырайы айғабағар гүлиндей ашылды.

— Ҳәй қарақалпақ бийи, сени тентек батыр, деп жүрсек, шешенлигиң батырлығыңнан қалыспас екен! — деди таңланғанын ҳәм сүйсингенин жасырмаған хан. «Сен өлген менен жер толмас, бир қулдан ханға душпан болмас», бар, кештим қасық қаныңды...

— Қуллық, ҳәзирети ханымыз, қуллық. Тилегим бар, еди?

— Жаның өзиндики, және қандай тилегиң айтылмай қалды, тиле!

— Ҳәзирети ханымыз! Әжелге бас тигип, қылған мийнетим обал кетпесин, жигитти де әпиў етиң?!

— Бар, оның да қанын кештим. Бирақ көзиме көринбесин, сахраға көширип жиберилсин!

— Қуллық, қуллық.

— Ҳәй, тентек бий, лақабынды ақладың, хызметимизге керек адамсыз. Бүгиннен баслап хан метерисең, еситтиң бе? Соң хызметке таяр турған диўанбегиге қарады. Жазып қойың, қазнадан ылайықлы мояна таяр қылынсын!

— Бас үстине! Қуллық, қуллық. Диўанбеги менен Ережептиң даўысы қосыла шықты.

Сарайдан шығып, Ерназардың үйине келди. Алакөз Ержептиң тәғдирин ойлап, қобалжып отырғандай көринбес еди.

— Басыңды ханнан саўғаға алып қайтыпсаң, қутлы болсын, — деп күлди ол.

— Биреў емес, еки бас саўға болды! — деди Ережеп. Кешеги кейўаны менен келинине көз айдын айтсаң болады.

— Олар әлле қашан сениң жолыңа айдай қарап отырыпты. Ҳәзир келип те қалар.

— Өзиң хабарлап, сүйинши алып, қоя қойсаң болмас па?

Алакөз аўзын ашып үлгеремей-ақ есикте кейўаны ҳаял менен жас келиншек көринди. Олар жаманат хабар еситиўден қәўетерленсе керек, табалдырықта егленип қалды. Жасаўраған еки жуп көз ҳәм үмит, ҳәм қорқыныш пенен Ережеп бийге бағар еди.

— Әпиў, әпиў! Ол әпиў етилди! — деди Алакөз қуўнақ даўыс пенен. Бирақ, берекет табыңлар, көз жасларыңызды көл дәрья етип жыламаңлар!

Қуўанышлы хабарды еситкен ғәриплер өзлерин тутып тура алар ма еди? Ерназардың ескерткени кәр қылмаған ҳаяллардың даўысы кишкене өжирени басына көтерди.

— Берекет табың!

— Алла өмириңизди узақ қылсын!

— Өмиримиз жеткенше хызметиңиздемиз...

Ҳаяллар Ережепке болған миннетдаршылығын тил менен айтып, ада қыла алмас еди. «Атаңды дардан кесип пе еди?» деген сөз усындайдан қалса керекти.

Ақырында ҳаяллар өжирени тәрк етти.

— Меннен бир зыяпат, — деди Алакөз. Ер мойнында қыл арқан ширимес, бир түркмен мени өлимнен аман алып қалып еди, қарыўын сен қайтардың, енди мен саған қарыздарман, Ережеп бий.

— Өзиң айттың-ғой, мойындағы арқан ширимейди, деп.

— Болмас ислер болып, мен дарға тартылсам не қылар едиң? Арқанды тағы кескен болар ма едиң?

— Қайдан билемен? Оны алла биледи. Ондай гүна қылып отырмайтуғын шығарсаң.

— Ҳей, бул дүньяда нелер болмайды, Ерназар дос? Ким биледи? Мениң атам менен оның туўысқанлары жаў қолынан жазым болды. Әкем Мыржық, ағасы Бегис, үлкени Айдос. Бизиң басымыз да кимгедур олжа болмақ ушын жаратылған ба? — деп ойлап қаламан. Әжелден ҳеш ким қашып қутылмас, деседи, ол бизиң үстимизде де айланып жүргендур.

— Әжели жетпей ҳеш кимниң басынан бир тал шашы да сепсимес, екен. Сол ушын оны ойлаўдың қәжети не? Қартайдың ба, билмеймен, гәпти созатуғын болыпсаң, Алакөз. Жанымыз қылышсыз, дарсыз, ашлықтан үзилмей турып буйыр, ҳаялың жейтуғын бир нәрсе әкелсин, — деди сөзлер жанына тийген Ережеп.

— Ҳәзир... Ҳаял, ҳәй ҳаял...

Аўыздан:

— Ҳәзир, шабазым, — деген ҳаял даўысы еситилди.

## 24

Ерназар Алакөз Хийўада көп усланды. Арадан жыллар өтип кетти.

Бул ўақытларда Ережеп хан хызметинде болды. Кәрўанларды гүзетип, Иранға бир неше мәртебе барды. Ханның елшиси болып, Бухара менен Қоқандта сарайлар есигин қақты.

Хийўа ханлығына арқа таманнан, бийпаян қазақ далаларының үстинен өтип рус патшаларының ғәрезли нәзери тигилген болса, басқа таманнан алыс-алыс, көпшилик ҳәттеки атын еситип көрмеген Британия атаўларының бәлент имаратларында жасайтуғын короллар менен лордлардың итибары қаратылған еди. Рус патшалығы бул ўақытларда узақ жыллар қарсылық көрсетип, гүресип келген татарлар менен башқуртларды, олар менен қоңсылас жасайтуғын тили менен дини өзге көплеген халықларды қосып алып болған, қазақларды бойсындырған, Арал теңизине шекем жетип келип, оның арқа жағалаўларына бекинислер қурып, Арал флотилиясын дүзген, пуў машинасы менен жүретуғын кемелери Әмиўдәрьяның қуяр аяғына шекем келип, оннан Қоңырат қаласына шекем өрлеп жүзип, халықтан пуў қазанлары ушын отын сатып алатуғын, базда айбат ушын ба, я адамларды ҳүрейлендириў ушын ба, параходтағы өзи кишкене ғана болса да даўысы жер жаратуғын топтан жөн алды қарабарақ оқ атып, жағада топланып турғанлардың атларын үркитип, жаяўлардың тым-тырақай қашыўына себеп болар еди.

Бир таманында жағалаўларын теңиз толқынлары жуўып, бир шети Гималай таўларына тутасып жатырған Ҳиндстанды бойсындырып алған англичанлар Орта Азия менен Кавказды өз тәсирине өткериўди жүдә қәлер, соның үстинде рус патшасы менен шекинисип қалыўға да

таяр болып, ол өз мақсетлерин Түркия арқалы иске асырыўға урынып жүрди.

Руслардан сескенген Хийўа ханы Мәдамин (Муҳаммед Әмин) Стамбулға, түрк султанына елши жиберип, бахтын сынап көрмекши болды. Қалай дегенде де тилимиз бир, динимиз бир, деп ойлады хан, бәлки русларға қарсы гүресте көмеги тийип қалар, жалғызлатып қоймас...

Узақ ҳәм машақатлы сапарға таярлықтан соң елшилер кәрўаны жолға түсти. Талай тар жол, тайғақ кешиўлерде сынақтан өткен, талай еллердиң дәстүри менен үрп-әдетлерин, тилин билетуғын, алысты гөзлеп, ҳәр сөзин  пухта ойлап сөйлейтуғын, ержүреклилик пенен тәжирийбеси, керек болса ғайраты да ҳеш кимнен кем болмаған Ережеп мәҳрем елшилер қатарында еди. Кәрўанды қорықлап барыў өзге жас жүзбасыға тапсырылған болса да қыйын-қыстаў пайытта мәҳремниң белиндеги полат семсер қыннан суўырылыўға таяр турды.

Жолларды басып, таўларды асып, суўлардан кешип өткен кәрўан айлар бойы жүрип отырып, Түркияға жетти. Алыстан Стамбул мешитлериниң бәлент минаралары менен әжайып гүмбезлери көзге тасланып турды.

Жол жүрген пайытларда елшилер көбинесе өз ўазыпаларына кирмейтуғын нәрселер ҳаққында көбирек гүрриңлесип, алда турған қыйын сөйлесиўлер ҳаққында тилге алыўды оншелли хош көрмес еди. Сонда булар сапар шегип, жетиўге асығып баратырған елдиң тарийхы, тили ҳаққында, дини ҳаққында көп айтылды.

Елшилик хаткери, жасы елиўди қаралаған зийрек молла кисиниң айтыўына қарағанда түрклердиң ата-бабалары Сырдәрья бойларын жайлаған түркий қәўимлерден болған мусылманлар қусайды. Олар өрлей-өрлей, ҳәзирги отырған жерлерине келип қалған, жер ушын, жайлаў ушын урыса-урыса насранийлердиң журтынан керекли жер алып, орналасыпты, еле Файлақуштың улы Искендер Зулқарнайн заманлары, мәгар оннан да илгериректе Вавилония деген ат пенен мәшҳур болған бул мәканлар соңынан Византия деп аталып, оның Константин деген патшасы Кунстантана деген шәҳәр салып, ол жерде Бийбимәрьям ҳүрметине үлкен мешитлер қурдырған екен. Түрклер соңғылығында Кунстантана шәҳәрин ийелеп, оны өзлеринше Истамбул деп атаса керек.

Шәҳәрдиң көшеси бойлап кәрўан сарай таман баратырғанда кимдур бәлент гүмбезди көрсетип:

— Әлҳәббиз! Бизиң Хийўамыздағы Палўан Махмуд гүмбезинен де бәлентирек ҳәм саўлатлырақ көринеди, — деди

— Мәгар сол Бийбимәрьям мешити болса керекдур, — деди кәтиб молла.

Елшилер Истамбулда айлап иркилди. Келис сөзлер төменнен, сарай хызметкерлери менен тиллесиўден басланып, қәўипсизлик ислери ўәзири орынбасарынан ары өтпеди. Түрклер бир ўақытлары өзлериники болған, соңынан руслар қолына өткен Қырымды қайтарып алыўдан үмитдар болып, өзлериниң алыстағы ҳәм әдеўир алшақласып кеткен туўысқанларының мәплери ушын руслар менен мәлеллесиўди хош көрмеди ме, яки дини менен тили бир туўысқанлардың англичанларға қарам болыўын қәлемеди ме, я өзлери алла басына салғанын татып көрсин деди ме, қулласы султанның өзи елшилер менен тиллесиўди изге сүрип отырды, ақырында хийўалылар Истамбулдан қуры қол қайтыўға мәжбүр болды.

Ережеп бий Хийўаға келгенде Ерназар Алакөздиң дәрегин таппады. Кимдур елге қайтты, десе, кимдур Маңғыт аталығындағы Қылышбай деген жерде, деди. Хийўа тынышсыз еди, бир-еки жыл қатарына дийқаншылық болмай қалды, бир таманынан жуқпалы кеселликлер ҳәўиж алды.

Бундай пайытларда қоңсы халықлардың топылыс қәўпи тағы да күшейер еди, сол ушын Мәдамин хан Ережепти Бухараға жиберди, еки ханлық ортасында саўда-сатықты күшейтиўди, әсиресе шәҳәрге дән жеткерип турыўды тапсырып еди.

1855-жылы Мары менен Серахс әтирапында түркмен қәўимлери бас көтерди. Оларға қарсы атланған Мәдамин хан қайтыс болды. Оның орнына тахтқа отырған Қутлымурат ханды туўысқаны Мухаммеднияз өлтирди. Ақырында 1856-жылы Сайдмухаммед тахтқа отырғанда Ережеп мәҳрем еле Бухарада еди.

Ханлар алмасқан пайытта Хийўадан алыста турғанына шүкир қылса да, Ережеп Ерназар Алакөздиң тәғдири ушын тынышсызланар, өлимнен тайсалыў не екенлигин билмейтуғын батырдың жазым болыўынан қәўетерленер, бирақ өмири бойы хан хызметинде ҳәмирге мойынсынып үйренген Ережеп бий ханнан алған ҳәмиринен жүз бурып, елге қайтпаққа, ямаса Ерназар баслаған көтерилисшилер топарына барып қосылмаққа тәўекел қыла алмас еди.

Алакөз баслаған көтерилис бәҳәр селлеринен тасыған дәрьяның суўы кәнарына сыймай лепирип, еки жағысты жуўып кететуғыны, соң, жамғырлар менен селлер тоқтағаннан кейин дәрьяның өз кәнарына қайтып, жайпарахат ағатуғыны киби болып, тез өтти. Бухара ханының сарайы менен қонақ жайы ортасында қатнап атырған Ережеп бий ўақыялардың ағымынан бийхабар болды, ол Ерназардың алпыс бийди жыйып, бир алманы бөлип жегенин де, Зарлық Төрени хан көтергенин де, хан хызметиндеги нөкер қарақалпақларды шақырып алғанын да, Хожа ели қасындағы саўашта ханнан жеңилгенин де, албыраған бийлер Зарлық Төрени услап, ханға апарғанын да, ақыр-

ақыбет азғана адам менен қалған Ерназар Алакөзди сатқын руўласы атып өлтиргенин де өз ўақтында билген жоқ. Булардың барлығын әдеўир кейин, Хийўаға қайтқанда өзгелерден еситти. Көзсиз батыр, өзи айтқан сөзине, берген ўәдесине садық болғанлықтан, өзгелерди де сондай көрип, пәнт жеген, мәртлигиниң қурбаны болған Алакөзге жаны ашып, аўлақта көзлеринен моншақ-моншақ жаслар төгилгенинен не пайда, енди?

Хийўаға келгенинде жаңадан тахтқа отырған ханды мүбәрекбад қылды, хан өз гезегинде Ережеп бийдиң хызметлеринен ырза екенин, соңғылықта, алда турған уллы ислерди орынлаўда бийдиң көмекши болатуғынынан үмитдар екенлигин билдирди, ийнине зер шапан жапты.

Сарайдан шығарда қолында дәптери бар, хан қазнашысы жолын тосты.

— Бий баба, сизге елиў тилла сыйлық бар, алып кетиң, — деди дәптерин ашып.

— Мен сыйлықты ханнан алғанман! Ол тағы не сыйлық?

— Ханымыз Алакөзден жүз бурған қарақалпақ бийлерин сыйлықлады, бий баба.

— Дәптерде кимлер бар?

— Ең баста өзиңиз. Соң Ерназар кенегес бий, Сайпназар маңғыт бий, — деп Ережеп билетуғын бираз бийлердиң атын оқыды.

Ережеп ойланып қалды. Соңынан бул пикирден қайтты, «хан қандай пикирге барады», деген ой менен, қазна есигине келди. Дәптерге сыйлықты алғаны жөнинде мөрин басты, тиллаларды санап, ҳәмиянға салып узатқан қазнашыға шапанның пешин тутты, қолына алыўға кеўли яр бермеди, көз алдына қур ортасында отырған, шашы тықырлап алынған бас, жуўан мойын, алп дене елеследи, «басынан жуда болған, мен енди сол ушын сыйлық алмақтаман», деген қыял кеўлине келгенде өзинен өзи жийиркенип кетти. Шапанның тиллалар турған пешин қайырып, белбеўден өткерди.

Көпти көрген қазнашы өзиниң узын өмиринде тиллаларды көрген адамның көзи масаладай жанып, безгек тутқан киби қалтырап, ҳәмиянды қазнашының қолынан жулқып алып, жалмажан кең қойынларына таслап жибергеннен соң ғана ашкөзликтен жанып турған көзлеринде оянған жалған мүлайымлықты көп мәртебе гүзеткен еди, Ережеп бийдиң бул бийпәрўалығын көрип таңланбасқа шарасы қалмады. Бийдиң қыялындағы пикирлерди қазнашы оқый алмады, ол алды бурын алланың, соңынан тилланың күш-қүдиретине исенип үйренген еди.

Үйине келген Ережеп хызметкерди шақырды, бир-еки жыл илгери Ережеп сапарда жүргенде Қайыр қазаланған, оның бир улын өзине хызметкер етип алған еди.

— Мынаны ал, — деди Ережеп шапанның пешинде турған ҳәмиянды көрсетип, саррапқа барып, тилланны теңгеге алмастыр, соң әш-әптада, ғәрип-қәсер, кәмбағалларға тарқат, қолында бир теңге ҳәм қалдырма!

— Бул жерде қанша екен? — деди таңланған жигит қолындағы тилла толы ҳәмиянға қарап турып.

— Усатқанында билип аласаң...

— Мақул.

Хызметкер шығып кетти.

«Қан ийиси шығып турған, бундай тиллаларды бийлер не мақсетлерге сарыплады екен?», деп ойлады жигиттиң изинен тигилген Ережеп. Хызметкер бойы-сыны менен бе, ҳәрекети менен бе, қайсыдур бир жериниң уқсаслығы менен бийдиң ядына Қайырды салар еди. Бир күн келип биз де, өзгелер де бул жарық дүньяны тәрк етемиз. Сонда изимизден не қалмақшы? Бул сораўдың жуўабы да таяр болып, ҳәрким таманынан айтыла берип сыйқағы шыққан гәп, жүдә жайдары еди. «Бул әлемде биз қылған қайырлы ислеримиз бенен атымыз жасап қалады!» Бул жуўапқа қанаатланбаған бийдиң санасында «Тағы нелер?», деген саўал таяр болған еди, талыққан санасы оған: «перзентлер», деп жуўап берди, қойды.

Ережеп Қоқандқа кеткенде Қоңыратта қозғалаң шыққан екен. Ережеп бийге еле Мәдамин хан тусында иске аспай қалған, Сырдәрьяның аяғына таман батыс жағалаўды руслардан қайтарып алыў үмитлерин иске асырыўда Қоқанд ханлығы менен бирлесип ҳәрекет етиўди сөйлесиў тапсырылған еди. Түркмен ханы Атамураттың үгити менен ертеде Қоңырат ҳәкими болған Төремурат суфийдиң ақлығы Мухаммед Пана шәҳәрди қолға алып ғана қоймай, Әмиўдиң аяғында, Арал теңизинде кемелери жүзип жүрген руслардан жәрдем сораўы Сейдмухаммед ханды әдеўир албыратты.

«Еки кемениң басын услаған суўға кетеди», дегендей гә түркмен қәўимлерине, гә русларға жалтақлаған Панахан өлтирилди, руслар теңизине, түркменлер сахрасына кетти. Халық аўзында:

Панахан болды ханымыз,\
Шигиннен болды, нанымыз,\
Тағы үш күн хан болғанда,\
Шығар еди жанымыз, — деген қосық қалды.

Сол жылы үлкен дәрья— Әмиўдәрьяда суў мол болып, бәҳәрги тасқында Қусханатаў әтирапын суў алып, қытай, қыпшақ руўларының абад қылған жерлери менен бағларын ўайран етти.

Тахтқа отырғанына еле еки-үш жыл болмаған Сейдмухаммед ханды елдеги жағдай үлкен тәшўишке салар еди. Күни кеше, ханлықтың шығысында, Мары менен Серахс таманда түркмен қәўимлери

көтерилген болса, бүгин батыста, үлкен дәрьяның қуярлығында алдын Алакөз қарақалпақ, соңынан араллы Панахан қозғалаң қылды. Бул жерде ханлықтың тум-тусынан ғәрезли көзлерин тигип турған рус патшасы менен алыстағы англичан королының күшли тәсири бар екенлигин жансызлар арқалы қупыя ахбаратларды алып отырған хан билмей, ким билер еди?

Кеңесгөйлерге мәсләҳәт салып көрип еди, олар: шегараларды беккемлемек зәрүр, оннан да бурын елдиң ишин дүземек керек, — деп ақыл берди. Бул кеңестиң мақул екенлигин хан терең уғынды.

Персия менен шегараларда жасайтуғын түркменлерди англичанлар ықпалынан, Үстирттен тартып бир таманы теңизге тирелетуғын, екинши таманы Қызылқум сахраларына тутасып атырған қарақалпақларды қазақлар арқалы өтетуғын руслар ықпалынан сақлаўдың ең исенимли жолы— ол жерлерге әдиллик орнатыў, халықтың күн көрисин жақсылаў екенин өзгелер умытса да хан умытпаслығы дәркар!

Ханнан шабарман келгенде Ережеп бий қуптан намазының алты-жети ракатын ада қылып, қублаға сажде қылмақта еди. Намазын толық ада қылып, есикте күтип турған шабарманға сес берди.

— Хан ҳәзирети ҳүзирине шақырады, — деди хабаршы ҳәм ўақыт биймезгил болғанлығы себеп өзи баслап жүретуғынын айтты.

Ҳүзирине киргенде бас ийип турған Ережепке ханның өзи жақын келип, ийнинен қақты.

— Болды, бий баба. Саламат болың. Туўрысын айтсам, кеңесиңизге мүтәжбен.

— Хызмет болса бас үстине, хан ҳәзиретимиз.

— Қәне жайласып отырыңыз, — деп гилемнен жай көрсетти хан, өзи алдын-ала гилем үстине қойылған үш аяқлы күрсиге отырды.

— Қарақалпақлар жөнинде көп еситкенмен, бираз нәрселерди билемен, жаўынгерлигинен хабарым бар. Енди Сизиң аўзыңыздан еситсек, бий баба. Ҳәмир қылып үйренген хан қанша тырысса да даўысына тәрезиси тең адамлар арасындағы сәўбетте болатуғын қәтержамлықты бере алмас еди.

— Қарақалпақлар көп санлы болған екен, — деп гүрриңин баслады Ережеп. Түркстаннан Сыр аяғына көшкенде жүз мың үй еди, деседи. Бирақ жылқы жылы қазақ ханы Абылқайыр шапқанынан соң ҳәр қәўим ҳәр таманға бас алып көшти. Кимлер Қоқанға, кимлер Бухараға, кимлер Дәўқара бойына, кимлер Қоңырат шәҳәрине барды. Еситиўимше қарақалпақлардың Түркстаннан бурынғы ата журты— ҳәзирги мәканларына келгенлери бурынғы халықтың үсириндей-ақ... Жигирма мың үйли. Және бир аңғаратуғыным, ҳәзирети ханымыз солар уйтқы киби өзге мәканлардағы ултласларын әтирапына топламақта. Дөгеректен ел үстине ел келип атыр. «Биз де Бухар

әтирапынан келгенбиз», деп айтпақшы еди, әндийше қылып, иркилди. Енди олардың турмысын абат қылсақ, өмир-өмиринше сизиң хызметиңизде болмас па?

— Халқыңыздың арғы дәрегинен не билесиз, бий баба?

— Оны меннен көре уламалар көбирек биледи. Мәўлана Жәмийдиң китабында жазылған, деп айтысады.

Хан ойланып қалды. Мәўлана Жәмий деген тарийхшы жөнинде еситпеген еди. «Агаҳийден сорап билермен», деп ойлады.

— Енди сол халықты тыныш ҳәм итаатта абат усламақтың жолы не болар, бий баба?

Ойландыратуғын саўал еди. Ережеп бас ийип, узақ ойланды.

— Хан ҳәзиретимиз, деди әлленемирде ойлардан бас көтерген Ережеп. Ҳәр қәўимниң бийлери бир адамға жүгинсин, хәр қәўимниң бийлерин басқарған адамлар өзинен үлкен текшедегиге бағынсын, мисли ләшкердегидей. Онлық жүзбасыға, жүзбасылар мыңбасыға, мыңбасылар қусбегиге қуллық қылса елде тәртип орнайды. Жаплар қазып, шәҳәрлер қурсақ, мешитлер тиклесек ел абат болады, дейди пикири әзийзим, соң гилемге бас қойып, әдет бойынша қуллық қылды.

Өз гезегинде хан узақ ойға шүмди. Еле әжим түспеген шырайлы жүзиниң бир түги қыймылдамай, ала көзлери сарайдың алыс мүйешине тигилди. Соң:

— Аталық, аталық... деп гүбирленди.— Бийлер аталыққа, аталықлар кимге? Соң тағы ойлады. Жаплар қазыў... Шымбай үлкен шәҳәр, деп еситемен. Масжид, медреселер бар ма?

— Бар, хан ҳәзиретимиз. Масжид бар.

Хан бир қолын бир қолына урып, сес берди. Хызметкер келди.

— Сарай кәтибин шақырың!

Көп өтпей дәптери менен сыя саўытын көтерген кәтиб келди.

— Бий бабаға қағаз бенен сыя бериң. Бизге қай жерден жаплар түсиў керeклигин сызып берсин.

— Бас үстине. Кәтиб жеңил ҳәрекет пенен бир парақ Самарқанд қағазын ала баслаған еди, Ережеп:

— Үзир тақсыр, ол ушын қағаз заялап қәйтемиз, кеңирек хантахта менен бираз шеге қум табылса, жетеди, — деп кәтибти иркти.

Хызметкерлер гилем үстине алаша төсеп, үстине хантахта қойды, оның үстине бир-еки пақыр жумсақ қум жайылған еди. Ережеп сұқ бармағы менен қумға сызықлар сыза баслады, күрсиде отырған хан дыққат пенен тигилди.

— Мынаў Үргениш жанынан ағып өтетуғын үлкен дәрья, — деди үлкен сызықты көрсетип Ережеп. Мынаў Көкөзек, оннан мына таманға арна қазылса, еки таманында жер мол, Қуўанышжарма менен Кегейлиден былай қарай арналар қазылса... Мынаў Қарабайлы, оннан

шығыс арқаға арна алынса... Көптен берли елден шетте жүрип, жер атларын билмейтуғынлығына иштен өкинди...

— Ханлық салтанатымыздың арқа тамандағы жерлерин биз аз билер екенбиз, — деп мойынлады хан. Соң кәтибке жүзленди. Машҳур билимданлардан сорап, арқа мүликтиң аймағының сызығын қағазға түсирмек дәркар.

— Бас үстине...

Сәўбетке алды бурын ханның, соңынан Ережеп бийдиң кеўли толып тарқасты.

Арадан ҳәпте өткерип, дийўанбегиге шақырды.

— Бий баба, — деди арық-турақтан келген, көк сақалы жүзине қуп жарасқан, өзинен көре жасы киширек дуўпияз киси. Сизиң кеңесиңиз бенен қарақалпақларда тоқсан бий, төрт аталық, еки беглербеги, еки найып ҳәмели болатуғын болды. Енди сол әмелге ылайық адамларды таңлап бересиз, — деди жағымлы ҳаўазы менен.

— Бас үстине тақсыр, — деди қоңыраўдай ҳаўаз сыйқырлаған киби кеўли көтерилген Ережеп бий. Бирақ ол ушын елге қайтып, ҳәр ким менен кеңеспегим дәркар. «Кеңесли ел азбас», дегенлер..

— Әлбетте, әлбетте. Қанша ўақыт дәркар болады, бий баба, — деди қоңыраўдай жағымлы даўыс.

— Бир ай, болмаса, бир ярым ай дәркар болар. Бундай исте асығыслыққа орын болмас, — деп ойлайман.

— Әлбетте, — деди тағы да жағымлы даўыс ийеси Ережепти мақуллап. Әлқысса, бир ярым ай. Оннан артық созылмас, деп үмит қыламан. Дарўақия, Сизден сорамақшы едим... Жағымлы даўыс негедур тартынды ма, яки әндийше қылды ма, тағы даўам етти, сораўға руқсат бергейсиз, хан ҳәзиретлери Сизден еситкен екен, қарақалпақлардың ески тарийхы Мәўлана Жәмий жазған китапта баян қылынған емиш, деп...

— Уламалардан еситкенмен, сондай деп.

— Өзиңиз ол китапты көрмегендурсыз?

— Мәгар көргендеймен. Атам Қулшы бий қолында. Таўарих деп басланар еди аты, умытпасам.

Дуўпияз киси ойланып қалды. Қыялына: «бул бий «Таўарихи гузида нусрат наме»ни көрген бе екен, ҳаслында Шайбаний тарийхынан алынған көширмелерден ибарат нусратнама деген қолжазбаны биреўлер Мәўлана Валад жазған деп айтысады», деген пикир келди.

— Солайдур, солайдур — деди өзинен жасы үлкенирек бийди қысындырып қоймайын, — деп ойлаған жағымлы даўыс ийеси. — Сапарыңызды алла қоллап, бийқәтер болғай, — деп сыпайы хошласты.

Ол киси атын еситсе де өзин Ережеп көрмеген, атақлы шайыр, тарийхшы, билимдан, мурап ҳәм сазенде Агаҳий еди.

## 25

Ережеп елге келип, отаўында бир-еки түнеген соң, хабаршы жиберип, бас көтерген бийлерди шақыртты. Биразын билдирмей сынады, әңгимелести, елдиң, қәўимниң, руўдың жағдайын билип отырды.

— Жерлеримиз, бағларымыз бенен үйлеримиз суў астында қалды, өзимиз зорға қутылдық, — деди Қусханадағы қытайлар бийи Жәнибек. Қазған арналарымыз-ғой, жер менен тең болып кетти. Енди Қарабайлы бойы бизге мәкан болмас. Тасқыннан ханның хабары бардур?

— Сизлерден басқа қайсы қәўимлер бүлинди? — деди Ережеп Жәнибек бийге.

— Қыпшақлар да жерсиз қалды. Мүлки менен Қусхананың басына шыққанлар ғана жан сақлады.

«Тасқыннан жәбир көрген руўларды көшерип қонысландырмақ дәркар», деп ойлады Ережеп.

Шымбай шәҳәри кеңейип, үлкен саўда ҳәм өнерментшилик орайына айланған, бирақ бул шәҳәр ақсақалына бийлер мойынсынбас, өз гезегинде ақсақал да олар менен есапласпас, нәтийжеде еки ортада пайда болған даўлы ислер ханға шекем барып ғана шешимин табар еди.

— Сырым бий шәҳәр жерине аўыз салып атыр, — деди шәҳәр ақсақалы Юсуптен соң орнынан отырып, байып ҳәм пańсып кеткен Бийназар. Орта бойына ҳәдден тыс семизлиги жараспай, мисли ғарбыздай доп-домалақ болып қалған бул адамның мурнын тарта беретуғын әдети болып, ҳәзир де соны тәкирарлады. Оны адамлар сыртынан «Бийназар пысылдақ», десер еди.

Сырым да усында еди.

— Шәҳәрдиң сыртындағы жерлер бизики, — деди Сырым. Онда атаңның ҳақы жоқ.

— Малымыз қайда жайылады?

— Булардыки әне сол аўҳал, — деди кимдур.

Ережеп олардың даўын шешпек ушын келмеген еди.

Көп өтпей қайтып атланды. Жанында бир неше бийлер де бар еди.

Хан жарлығын күтип жатқан бийлер ҳәмел алып, кеўиллери көтерилди. Қабыл бий қоңырат пенен Сайыпназар маңғыт уллы ҳәмелдар — беглербеги болды.

Қоңыратлардан Оразмуҳаммед бий, қыпшақлардан Сырым бий, қытайлардан Арзы бий, кенегеслерден Ерназар кенегес— аталық лаўазым ийеледи.

Қытай руўынан Шермуҳаммед пенен Бекмуҳаммед беглербегилердиң найыбы еди.

Ўақытлар өтип, ҳәмелдегилер алмасып турды. Бирақ қарақалпақлардың Хийўа ханлығы тусындағы дәслепки аталықлары — Оразмуҳаммед аталық, Сырым аталық, Арзы аталық ҳәм Ерназар кенегес аталық болып, тарийхқа кирди. Дәслепки еки беглербеги Қабыл менен Сайыпназар еди.

Хан ҳүзиринен ҳәмел алып шыққан қарақалпақлар өзлерин баслап келген Ережеп бийге көз астыларынан урланып бағар, ишлеринен: «бизден көре ол киси ҳәмелге ылайық еди-ғой» деп ойласар еди. «Растан да ҳәмелсиз қалғаны ма?»

Ҳәмелдиң пуўы мәс қылады, деседи, кеўиллери ҳалласлап, ханнан руқсат алып, елди нәзерлеп жолға түсип, атларына қамшы басқан қарақалпақ бийлери Қыпшақ жағысқа келгенде излеринен шабарман жетти, хан ҳүзирине қайтсын, депти.

Бийлер ҳайран болысты, енди олар бийлер емес, беглербегилер менен аталықлар, найыплар еди.

Кимдур Ережеп бийдиң бурынғы ҳәм соңғы хызметлерин, аталықлар менен беглербегилерди таңлағанын, енди болса ҳәмелсиз, тысқарыда қалып баратырғанын ханның ядына салса керек,

— Ҳәй, қарақалпақ ҳәмелдарлары, — деди хан тахттан пәсте, басларын төмен салып, дизерлеп отырған бийлерге көз тигип, пәрманды уғып алыңлар ҳәм булжытпай орынлаңлар. Ендигиден былай бийлер өз руўының аталығына, аталық беглербегиге жүгинеди. Биз беглербегилер үстинен тағы бир ҳәмел қойыўды шештик, — деп зәрре егленди.

Бийлердиң қыялында бир саўал айланар еди.

«Ким ол? Ким ол?»

— Беглербегилер сол ағабийге жүгинеди.

Араға тағы үнсизлик шөкти. Мисли қуяштан: «қамастырады», деп көзди паналаған киби, ханға тик нәзер салыўдан айбынып, едендеги қырмызы реңли гилемге тигилген бийлердиң геллесинде бир саўал айлана берди.

— Ал, Ережеп бий — қарақалпақлардың ағабийи! — деди хан сөзин салмақлап.

Бул сөзлер ҳәммениң кеўлинен шығып, сарымайдай жағып кетсе керек, қозы тери телпек кийген баслар екшелип, теңселисип кетти.

Ережеп бий қол қаўсырып орнынан турды.

— Қуллық, қуллық ҳәзирети ханымыз.

— Мүбәрек болсын, бий баба! Сарпай келтириңлер!

Хызметкерлер шапан алып келип, ийнине жапты.

— Дәўлетиңиз зияда болғай, ҳәзирети ханымыз. Аллаҳу акбар— деп Ережеп бий пәтияға қол ашты.

— Аллаҳу акбар!

Ережеп бас болған қарақалпақ ҳәмелдарлары елге қайтты.

Бул жерде оларды Қусханадан көшкен елди арналарға жақын жерлерге орналастырыў машқаласы күтип турар еди.

Бул пайытларда Көкөзек ҳәм Есим аяғын қоңыратлар, өрге қарай қыпшақлар менен қытай руўлары, Кегейлиниң батыс жағын кенегеслер менен маңғытлар мәканлап отырды. Кегейлиниң шығысы менен аяғы қытайлар менен қыпшақлардики еди.

Қусхана әтирапындағы елдиң Қарабайлыдан саға алған арналарын тасқынлар жуўып кеткен, оның үстине үлкен дәрьяның бир тармағы болған Қарабайлының аңғары да жер менен тең болған. Шортанбай бойы менен Қырантаў әтирапында ел бар, бирақ жыс тоғайлар шарўаларға қолай болса да, дийқаншылыққа жарамсыз, арналар қазып суў шығарыў қыйын, сол ушын тасқыннан жәбир шеккенлердиң үмитли нәзерлери Кегейли менен Лар аяғына тигилер еди, оған себеп бириншиден, дөгеректе отырғанлар өз руўласлары болса, екиншиден жаўгершилик себепли көп көшиспени басынан кеширгенлердиң әўладлары Шымбай шәҳәрин ес билип, қалаға арқа сүйегенинен болса керек.

Кегейлиниң шығысындағы руўлар «арналарды өзимиз қаздық, енди өзгелерге суў берейик пе?», деп Қусханадан келгенлерге жер бермеди. Жер көп еди, бирақ арналар менен үлкен жапларға жақын болмаған соң не пайда?

Бири кенегес, бири маңғыт болған Ерназар аталық пенен Сайыпназар беглербеги Ережепке суў бармайтуғын жерлерди көрсетип, қурғақ ўәде берип, «бийлер көнбеди» деп изге тарта берди, аўызбиршиликти қашырыўды қәлемеген ағабий соңғы илажды қолланды, бәҳәр жақын, Қусханадан көшкенлер жерге туқым салмаса, есиклерин ашлық сығалайды, олар болса мың хожалықтан зыят.

Мәселени шешпек ушын Арзы аталық пенен Сырым аталықты Қаракөл бойына, өз отаўына шақыртты. Мал сойып, қонақ қылды. Соңынан гәпти ортаға қойды.

— Алланың беремен десе, ғәзийнеси көп, жери кең, деп сөз баслады ағабий. Бир танап жери бар адам, оны он танапқа жеткизсем, — дейди бирақ қанша жыйсақ та бир күн келип бәри артымызда қалады.

Аталықлар гәптиң изи қай жерге барып тақалатуғынын сезсе де, ағабийдиң сөзин бөлмеди, Сырым бир ўақытлары Ережепке жаманлық қылғанын, сыртынан өсек гәп өршитпекши болғанын көпшилик биледи, бирақ хан алдында абырайы бәлент Ережептиң Сырымды аталыққа көрсеткенин де биледи, сол ушын Сарымсақтың өжет улы

Сырымбий бүгин әләмата жаман болмаса өз руўласының сөзинен шықпаслығы керек, посқанлар да өз руўласлары, себеп пенен қарамағында ел көбейсе дарамат пенен абырайы да өседи. Буны Арзы аталық та биледи, әлбетте.

— Әне солай, — деди ағабий отырғанларға аўыр қабақлары астынан сынлы нәзер таслап. — Қусханадан көшкен ағайинлерге өз сорамларыңыздан жер бересиз.

— Ақыр кенегес пенен маңғыт...

— Қусханалылар олардан көре сизлерге жақын, — деп гәпти бөлди ағабий. Ертеңнен жер бөлип берип, көшириўди басланлар. Лар бойы менен Кегейлиниң аяғынан арналарға жақын жерлерден бериңлер, жаплар қазып суў апарыўға бас-қас болың. Ең болмаса арпа менен тары ексе де, аш қалмас.

— Мақул, мақул дести,— аталықлар. Бүгиннен иске кирисемиз.

«Кенегеслер менен маңғытларда да жерлер бар емес пе?», деп айтпақшы болған сөзлери айтылмады. Хошласып, атланды.

Шымбай ақсақалы Бийназар қарнын қушақлап, ғарбыздай домалап келип турар еди. Бүгин де руқсат сорап ағабийдиң отаўының есигин ашты да:

— Пинҳамы гәпим бар, ағабаба, — деп сыбырлады.

— Кел, төсекке өт, — деди ағабий жақтырыңқырамаған кейип пенен.

Бийназар төрдеги гилем үстине дизерледи. Семизликтен жумылып кеткен көзлерин кеңирек ашып, қысқа мойнын бурып дөгеректи пинҳамы барлады.

Бир сапары бул отырған Бийназарды отаўдан қалай қуўып шығарғаны көз алдына келди.

Онда да аса бир зәрүр ис пенен келген янлы, әтирапына аланлап қарап алып сөз баслағаны ядында.

— Ағабаба, — деп аянышлы даўысын созып гәп баслаған Бийназардың қысық көзлери бир орында турмай, ойнар еди. Бийлерден көресини көрсем де шыдап киятыр едим. Ерназар кенегес аталықтың жәбири өтип баратыр, айтсам тилим, айтпасам ишим күйеди. Кегейлиниң өрирегинде, суўға тийик төрт-бес танап жерим бар еди, «маңғытлардың жери», деп тартып алды, беглербегиге барсам екеўиниң аўзы бир болса меннен көрмең, тынламады. Яқшы, қудайдан көрдим, дедим, өткен жыл салыққа өткеремен, деп отыз тилла алды, үндемедим, қудайдан көрдим, быйыл жүз тилла қарыз-несийе алып еди, «аталық, тилхат бериң, мөриңизди басып бериң», десем, «мениң сөзиме исенбейтуғын болдың ба», деп бәләәтледи, енди қайтып сорасам «салыққа өткиздим», дейди. Кеше адам жиберипти: «еки жүз

алтын берип турсын», деп... Мен бир кәмбағал адам болсам, қайдан аламан сонша алтынды.

Ақсақал «кәмбағал адам» емеслигинен, оның жуўазшылар аўылында бир неше жуўазы, Кегейлиниң бойында жүзлеген танап жери, шәҳәрде бир неше дүканлары бар екенлигинен ағабий хабардар еди.

— Өзиңди әптада қылып көрсетемен, дей берме, Бийназар деген еди сонда ағабий.

— Енди Ҳәбий саўдагердиң балларындай бай емеспиз, ҳәр қалай, сонда да ағабий аға, мынаны алып, өзиңиз ара түспесеңиз кенегес мени жеп қуртады, — деп Ережептиң алдына бир ҳәмиян таслаған сонда.

— Бул не, пара ма?

— Жақ-жақ, бий баба, келим-кетим қонағыңызға...

— Ҳәмиянынды ал, Бийназар, және екинши бундай ете көрме. Ҳәзир үйимнен шық, көзиме көринбе, деп қуўып салған еди. Соңынан Ерназар аталық пенен ашшыласты. Енди тонын терис кийип, сырт орай берип жүрипти. Оның берсе қолынан, бермесе жолынан алатуғын әдети де халық арасына тарқап кеткен көринеди.

Бул сапары да бир нәрсе бериўге умтыла ма, деген ой менен суўық күтип алған ағабий Бийназардың дәслепки сөзинен кейин-ақ сергекленди.

— Кеше Ерназар аталықтың адамлары бир адамды услап алып келди. Ханға қарсы жынаят қылған дейди, аты Алыўшы батыр.

— Алыўшы батыр? Ағабий оның атын еситсе де өзин көрмеген еди.

— Аўа, Алыўшы батыр, Ерназар Алакөздиң жанында ақырына шекем турған қусайды. Аталық пенен беглербеги оны пинҳамы түрде Хийўаға жөнетпекши.

Ағабий ойланып қалды. Жигитти ол жаққа жиберсе, әлбетте хан дарға тартады. Қоңырат қозғалаңында жигитлери менен қатнасқан қытай бийи Қазыбектиң асып өлтирилгени ядына түсти. Алыўшы батырды қутқармақ керек.

Өзин қолға алған ағабий ақсақалға жүзленди.

— Дәрҳал алдыма келтириң. Хийўаға хабар кетпеди ме?

— Мениңше кеткен жоқ. Бирақ, Алыўшыны бул жерге келтире алмайман, ағабий. Жигит қамалған өжирениң гилти менде емес, сақшылар аталықтың адамлары.

— Бийназар ақсақал, деди Ағабий кескин даўыс пенен. Бүгин сақшылардың жумсақ жерде қатты уйқылаўын тәмийинлейсең. Өжирениң қапысының гилти кимде?

— Сақшыларда.

— Әжеп болыпты. Түн жарпында барған адамларға сақшыларға сездирмей жол көрсетесең. Қалғанын өзлери биледи. «Ақ түйени көрдиң бе?»

Бийназар жабық қабақлар астынан өзине тик бағып турған көзлерге қарай алмай, төмен тигилди.

— Яқ, ағабаба, «ақ түйени көргеним жоқ».

— Сөйтип азаматлық қыл, изинде жақсы ат қалсын. Бир Алыўшы өлген менен, жер толмас...

— Айтқаныңыздай қыламан, ағабаба.

Бийназар кеткен соң Ережеп егеде тартқан Жуманазарды шақырып, тайсалмай барып Алыўшыны қутқарып, егленбей алдына әкелиўди, ал атбағарларға ең мықлы атты таярлап қойыўды тапсырды.

Шәҳәр таманнан шаўқым көтерилмеди, соған қарағанда ҳәммеси қамырдан қыл суўырғандай болған болса керек, қораздың екинши шақырымында уйқылап атырған шәҳәр көшелеринде төрт-бес адам урланып, беллериндеги қылышларының қыны сес бермеслиги ушын сапларды сығымлап, жедел қәдем таслап келер, ортада киятырған, қолы кисенлеўли ири жигит қамақтан қутқарылған Алыўшы батыр еди.

Олар Қаракөл бойындағы ағабий аўылына жеткенде аўыл қоразлары үшинши шақырымды ада етиўге киристи. Оннан ары, ағабийдиң отаўына қарай еки киси кетти, қалғанлар қараңғылыққа сиңип көзден ғайып болды.

Жуманазар отаўдың босағасында иркилип, тамағын қырынып, сес берди, ишкериден ақырын жөтелген даўыс еситилди. Бул шәртли белги болып, ағабий буларды күтпекте еди.

Келгенлер сәлемлеспей кирди, өзгелерди оятып жибериўден гүманланып, солай иследи. Сыбырласып сөйлести.

— Ўақыт тығыз, көп өтпей таң атады, — деди ағабий. Атлар таяр. Кисенди сол жерде шешеди, әспаблар ҳәзирленген, Кәрўан жолдан жүрмей, Қызылқум иши менен кет. Еле суўық түспеген, шөлдиң аңы аш емес, аңнан емес, адамнан сақлан. Бухар сорамына кирген соң Ақсуўат аўылын излеп таўып, Бектемир деген ғаррыны, оның баласын сорастыр. Болмаса Балсары табынды изле. Орналасып болып, хабар жибер. Хожалығынды, ҳаял, бала-шағанды жеткеремиз. Бәри тыншып кеткенше бул таманларда төбе көрсетпе. Ал, бара ғой, сапарынды алла қолласын, әўмийин...

Таң ағарып, көкте Шолпан жулдызы жарқырап турған пайытта аўылдан шыққан салт атлы еле қаймақласа қоймаса да, салқынлығы етти түршиктиретуғын Лардың суўынан кешип өтип, күншығыс таманға қарай ат желдирип барар, ол қамақтан босанып, хан дарынан қашып баратырған Алыўшы батыр еди.

## 26

Ерназар аталық келгенде Ережеп ағабий үйинде жоқ, бул ўақытлары әлемнен өткен Турымбийдиң аўылына кеткен еди. Екинши мәртебе келген аталық ағабийди үйинен тапты. Қонағасыны жеп отырып, Ерназар аталық қашып кеткен Алыўшы батырдан гәп қозғады. Оны қашырғанлардың ишинде шәҳәр ақсақалының қолы барлығынан гүманланатуғынын, бул жөнинде ханға хабарлаў кереклигин айта баслағанда, үй ийеси оның сөзин бөлди.

— Аталық, — деди Ережеп ағабий ҳөктем даўыс пенен. Сен ағабийдиң үйине қонаққа келгенсең, арызды болса беглербеги, Сайыпназарға айт!

Соның менен әңгимеге нүкте қойылды.

— Ағабий, — деди хошласар пайытта бәрибир наразылығын билдирип қойыў шешимине келген Ерназар аталық. Алыўшы батыр қозғалаң баслаўшылардың шериги еди. Сол ушын ханға...

— Өзиң ше? Өзиң басында турған жоқ па едиң, қозғалаңның?

Ерназар аталық Ережепке жаў қарас пенен тигилген болса да, тилин тиследи, аўзынан сөз шықпады. Ҳеш нәрседен тайсалыўды билмейтуғын ҳәм өзи, ҳәм тили батыр ағабий: «Алакөзди сатқан сен емес пе?», десе не айтады?

Усылар қыялынан кешкен Ерназар кенегес аталық үнсиз атланды, бирақ Алыўшы батырды кисенлеп ханға тапсырса саўғаға алатуғын тиллалар көз алдынан кетпес еди. Туўры барып, Сайыпназар беглербегиге жүгинди, Алыўшыны хан излетип атырғанын есине салып, қорқытпақшы болды.

Елин Жаңадәрьядан көширип келген маңғыт бийи Орынбай бийдиң ақлығы Сайыпназар беглербеги аталықтық дүнья ушын ҳеш нәрседен тайынбайтуғын ашкөзлиги менен еки жүзлилигинен сескенетуғын еди, Ережеп ағабийге келди.

— Беглербеги, — деди Ережеп Сайыпназарға аўыр қабақлары астынан тигилип. Адамның көзи бир уўыс топыраққа толар, емиш. Ерназар кенегеске айта бар, мениң қолымнан ҳәр нәрсе келеди, егер Алыўшы батырдың басынан бир тал шашы төгилиўине аталық себеп болатуғын болса, меннен аманлық күтпесин. «Тентек» деген атты бийкарға алмағанымды...

— Якшы, якшы, ағабий, — деди Ережептиң қәҳәринен сескенген беглербеги. Аталықтың тилин тыйғаным болсын.

Ҳәзир Алыўшы батыр Ерназар аталықтың қолы жетпейтуғын, алыста екенлигин билсе де, Ережеп бул иске үзил-кесил шек қойыў ушын солай иследи.

Бәҳәр шыға Лар бойына орныққан қытай-қыпшақ руўларының дийқанлары Лардан саға алып тоң жармадан жап қазды, Наўрызда жерлерин суўғарып, жазлық бийдай екти.

Лар бойынан шардәре салыў қыялына келип, сол таманға барған Ережеп дийқанлардың боз жерлерге дән таслап атырғанын көрип қуўанды. «Қарабайлы бойының басыўындай болмаса да зүрәәти кем шықпас», деп ойлады.

Қасқа жол шардәре тусынан өтип, бул жолдан базар күнлери базаршы тынбас, олардың ишинде Ақжағыс пенен Буйдалыдан, оннан беридеги аўыллардан базарлаўға шыққан дийқан да, шарўа да, базарда не арзан, не қымбатлығын көрип, тамашалаўға баратуғын бийталап та, арқадан мал айдап келетуғын, көмир тийеп келетуғын қазақ қәўимлеринин адамлары да болар еди.

Ағабий ҳәр базар Шымбайға барар, не арзан, не қымбатлығын гүзетер, адамлар менен әңгимелесип, жағдайын билип турыўды дәстүрге айландырды.

Күнлердиң биринде қасына атқосшысын ерткен ағабий шардәреден шығып, Қасқа жолға түсти. Боз жорға үстинде қозы териден тигилген, жүни өсик телпегин көзине түсирип кийген ағабийди көргенлер, оны алыстан танып, жол бойында қол қаўсырып турып қалар, қапталласып жүриўге ҳеш кимниң жүреги даўамас еди.

Қәпелимде алысырақта, Қасқа жол үстинде топарласып турған адамлар көзге тасланды. Ат айдап, жақынырақ келген ағабий арба жолдың шаңлы изинен шетиректе бетине шапан бүркелген адам менен оның тас төбесинде көз жасын көл дәрья етип, жылап отырған жигитти көрди. Ережепке адамлар жол берди.

— Жатырған ким? Оған не болды? — деди ат үстинде турып ағабий.

— Өмирбек ағам! — деп өксип жиберди басында отырған жигит ағабийди көрип. Усы жерде әжели жеткен қусайды. Жолға шыққанымызда әнедей еди! — Енди не қыламан! Я оның кисесинде, я менде бир тийин пул жоқ! Енди не қыламан.

— Аўырдым деп айтқанын еситпеген един-ғой, — деди Ережеп. Өлимге шара жоқ, ийманлы болсын!

— Енди не қыламан!— деп өкиреди жигит.

— Ҳәй бала, сен кимисең Өмирбек лаққының?

— Ағайинимен, изине ерген шәкиртимен, айрылып қалдық...

— Сабыр қыл, мә, мынаны ал, — деп ағабий кисесинен ҳәмиян алып, бир уўыс теңгелерди жигитке узатты. Арба жаллап үйине апар, сөйтип мерекениң тәтәрригин көре бериңлер. Көп өтпей айланып соғарман. Солай деди де, атын тебинди, боз жорға Қасқа жолдың шаңын аспанға көтерип шәҳәр таман асықты.

Шымбайдың ең үлкен базары — дән базары болып, ол жерде саўда бәрқулла қызғын жүрип атар, бунда келип дәнниң арзан-қымбатына қарай халықтың ҳал-аўҳалын билип алыўға болатуғын, сол ушын ағабий усы базарда көбирек айланып жүретуғын еди. Оның үстине сада, ақ кеўил дийқанлардың гүрриңине қулақ түрип, бираз хабарларды еситиў мүмкин.

Тершиген маңлайына телпегин түсирип кийген, жүн шекпенниң белинен байланған кәмарында ағабийлик белгиси — қыны алтын менен өрнекленген, ақ пышақ деп аталатуғын гезлик салбырап турған, аўыл арасында ағабий қылыш байламайтуғын еди, узын бойлы Ережепти ким алып, ким сатып атырғанлар, дәнди қаптан алып, кепшик пенен пәлле тәрези табағына салып, өлшенген дәнди қолы-қолына тиймей алыўшы адамның ыдысына төгип турған, соның арасында өзлерин де умытпай өлшенген дәнниң онсериден, сийсериден, батпаннан зыят келген бөлегин өз қабына салып атырған кеппанлардың шаўқымы арасында адамлар аңғара қоймады.

Ағабий өзинен онша алыс емес жерде үлкен ала қаптың аўзын шыйырып ашып қойып, анда-санда «бийдайға келиң, бийдайға! Келип қалың, мут болды, арзан болды, батпаны гүмис теңге!» деп қойып, жанындағы өзи қусаған сатыўшы менен гүрриңлесип турған орта бойлы, көзи ғылай  дийқанның сөзлерин қулағы шалып қалды да, әңгимениң өзи ҳаққында баратырғанын билгеннен соң қулақ түрди.

— Ағайинимиз ағабий болды, енди дегенимиз болады, жердиң жақсысын аламыз, — деп жүрсек, бизге суўдан қашық тың жер тийисти, — деп налынар еди, ғылай көз диййқан қасындағыға. Кегейлиниң арғы жүзиндеги жақсы жерлер кенегес пенен маңғытқа несип етти.

Ағабий олардың қасында егленбеди, тусынан өтип кете берди.

Оны балық базарында таңқаларлық ўақыя күтип турған еди.

Таңқаларлық демей не деў мүмкин? Жолда өлип атырғанын өз көзи менен көрген Өмирбек лаққы узын бойлы, муртлаш алыпсатар менен арбаның кегейиндей келетуғын сары сазанның саўдасы үстинде керилдесип атар еди.

Ҳайран болғанынан тили кәлиймаға келмей қалған ағабий көзлерине исенбей, бастырып кийген телпегин желкесине қарай ысырып қойды.

Алдында, қол созым жерде өзи балалықтан билетуғын, орта бойлы, қарапәрең, жуқа жүзли, қасының үстинде қашарман топ ойыны дәстегинен алған тыртығы жасы өтсе де жоғалып кетпеген, бүгинлиги қуўақы, өткир тили менен пүтин Хорезм ҳәм қарақалпақ журтына таныс болған Өмирбек лаққы балық саўдаласып атыр еди.

Көпшиликтиң нәзери ағабийге түсти, тартыс тоқтады. Лаққы да адамлардың сам-саз болып қалғанынан бир нәрсениң болажағын сезсе

керек, изине айланып, аўыр қабақлары астынан өзине тигилип турған Ережепти көрди. «Мени көрип тура қашса керек», деп ойлаған ойы пушқа шықты, лаққы ҳаялы ул туўған адамдай ыржыйып, «Ассалаўма әлейкум, бий баба» деп қос қолын ала жуўырса, оған не дерсең? Дениңиз саў ма, көптен өзиңизди көре алмадық, бий баба, — деп жуўқылдайды.

— Ҳә атаңның... Ережеп күлки қыстаса да өзин иркип тура алмады, бағана арба жолда кесе түсип өлип атырып едиң-ғой! — деп лаққының сәлемге созылған қолын алмаўға тырысты.

— Қүдирети күшли алланың марҳаматы да кең екен, ал қулым деди, мине аман-саў алдыңызда турыппыз.

Ережеп пәнт жегенин түсинип жетти.

— Теңгени қайтар! Ағабий Өмирбектиң белбеўинен тутты.

— Не теңге? — деди лаққы қас қақпай.

— Бағанағы, жол үстинде басында ўай-ўай салып отырған жигитке бергеним.

— Қойса, тентек жора. Өзиң «шық бермес шығабайсаң», он тилланды өлип алып едик, оны да қайтып сорайсаң ба?

Ағабий лаққыға тағы бир себеп таўып бергенине өкинди. Балық базарда «гүр» етип, күлки көтерилди.

— Әй, саған даўа жоқ шығар, аўылдың шәўкилдек ийтиндей гә балақтан, гә шалғайдан аласаң...

— Шәўкилдек ийтти...деп баслап еди лаққы, Хийўада Ережепти ашыўландырғаны, сондағы бийдиң қәҳәр еткени ядына түсип, тилин тиследи. Бирақ сөзден жеңилсе ақшам уйқысы келмейтуғын лаққы басқа таманнан ҳүжимге өтти. Оның үстине лаққының анасы қыпшақлардың қызы болғанлықтан бир жағын ойынға алды. — Ережеп ағабий, деди лаққы өзин бийлеп алып, еситтиң бе, Лар бойына қонған ағайинлериң өкпелеп жүр, Кегейлиниң батысындағы халықтың жерлери суўға тийик, бизлер жап қазып, жерлеримизге машақат пенен суў апарамыз деп, қыпшақ болып, қыпшақларға саяң түспеди-ғой!

Буның менен көпшиликтиң алдында ағабийди гәптен утып кетпекши еди.

— Ағайинлерим бийкарға өкпелеп жүрипти, — деди ағабий жай-парахат даўыс пенен. Кегейлиниң батысындағыларды мен күнсимир етип қойыппан!

— Қалай? Қәйтип? Яғ-әй? — деген гүманлы сеслер еситилди.

— Ол былай, — деп даўам етти ағабий. Шығысқа қонысланғанлар да, батысқа қонысланғанлар да ҳәптеге бир, болмаса еки рет Шымбайды базарлайсызлар, туўры ма?

— Туўры, туўры, — деп мақуллады көпшилик.

— Туўры болса базарға киятырсын қуяш қай таманыңыздан түседи?

— Арқамыздан!

— Ал, қайтарсын ше?

— Арқамыздан!

— Әне, батыстан келгенлер киятырсын да, баратырсын да қуяш маңлайларынан түсип, күнсимир болады.

— Әй, рас-әй, — деди кимниңдур даўысы көпшилик ишинен.

— Туўры, туўры! Батыстағылар күнсимир... Ағабийге рахмет деген даўыслар еситилип атты.

Бул бир сөз ойыны еди, оны Ережеп билмеди, деп ким айта алады. Оның үстине Кегейлиниң еки жағасындағы жерлер ҳәммеге тийисе бермейди-ғой. Булардың барлығын қыялынан өткизген Ережеп тапқырлық пенен халықты разы қылғанына кеўли көтериңки еди. «Заңғар, лаққы мени шалқамнан түсирди, бирақ», деп ойлады ишинен. «Өзине де тилди қудай аямай бере қойған» деп муртынан күлип қойды.

## 27

Кегейлиниң ағысындай тоқтамай алға зымыраған ўақыт Ережеп аға бабаның шаш-сақалына ақ қыраў болып қонды. Қатарларының көпшилиги арадан кетти. Айтысып, шертисип жүретуғын Сырым бий аталық әлемнен өтип, орнына баласы Дәўлетназар аталық болды. Шымбай шәҳәри саўда орайы еди, бул жерде мешит болса да, уламалардан Әмиўдәрьяның арғы жүзинде Көк бойында Жантемир ийшан, Қырантаўда Имаматдин ийшан менен баласы Атаулла, Дәўқараға жақын жерде Қутлыхожа ийшанлардың ашқан мектеплери менен өзлериниң абырайы өрлеп турды, жасы алпысты атлап, жетписке қәдем басқан Ережеп ағабий ақыретин ойлап, пирге қол берер ўақыт келди-аў, деген шамаға келсе де, аттан түсип, ялғаншы тәшўишлеринен ўаз кешиўге кеўли яр бермес, деген менен Турым молла бийден еле жаслығында яд алған Қуран сүрелери умыт болмаған, соның өзи бес ўақыт намазға жығылмақ ушын жетерли, деп ойлар ҳәм намазды қаза қылмас еди.

Ханлықтың Үлкен дәрьяның сол жағалығына орнатқан тәртиби ис берди шамасы, онлаған жыллар бул таманларда тынышлық ҳүким сүрди. Шымбайға ханның исенимли адамы — Мухаммеднияз ақсақал болып келди.

Бийлер менен бийлер, аталықлар менен аталықлар ортасында жер үстинде, суў үстинде даўлар ҳәрдайым болып турар, сондай даўлардың бири Ерназар кенегес маңғытлардың жерин бөлип алыўға умтылыўы менен жүзеге шығып, әдиллик излеген маңғытлар хан дийўанына Ережепти шетлеп өтип, шағым қылған еди.

Оннан сәл илгериректе хан ҳәзиретлери Шымбай әтирапынан бағ отырғызыўға қолайлы бес жүз танап жер бөлиўге ҳәмир еткенде он төрт руў бийлери ҳәр немени сылтаў етип, жер бөлиўди изге тартып, дийўанбегини ренжитип, ағабий араласқаннан соң ғана бул мәселе шешимин тапты.

Тахтта бир неше жыл дәўран сүрген Сейдмуҳаммед хан ақыретке сапар шеккеннен кейин тахтқа оның мийрасхоры отырды. Муҳаммед Раҳим хан II дәўлети өрлеп хан болғаны 1864-жыл еди.

«Мүбәрек болсын» айтыўға барған қарақалпақ бийлерин хан ашық жүз бенен қабыллады. Ҳәр ийнине бир адам жайласқандай, палўан денели, хоширей жүзине енди сақал-мурт тап берип киятырған, даўысы жағымлы, жас болса да ҳәр сөзин ойлап сөйлейтуғын, соңғылығында Феруз деген лақап алған жас хан илим-билимнен, ҳөнерден хабардар, ҳәм хошҳаўаз, ҳәм шебер сазенде, ҳәм палўан, ҳәм шайыр еди.

— Елиңизде атақлы бақсылардан, шайырлардан кимлер бар, — деди ол ҳәмелдарларға.

Қарақалпақлар бундай саўалға ҳаслында таяр емес, себеби бурынғы ханлардың шайырлар менен бақсылар жөнинде гәп ашқанын еситпеген еди. Кимниң қанша салық жыйғанын, қандай даўды шешкенин сораса, басқа гәп.

— Шайырдан Бердақ, бақсыдан Ақымбет бар, — деди кимдур.

Соңынан тағы бир неше адамлардың аты айтылды.

— Елиңизге барған соң бақсылар менен шайырларды жыйып, Ҳийўаға жибериңлер, — деди жас хан. Оларды өзим мийман қыламан.

— Қуллық, қуллық.

Елге қайтарсын, жолда гәп бақсылар менен шайырлар, Хийўада медреседе оқыған уламалар жөнинде болды.

— Хан илтипат қылды, елден хошҳаўаз бақсыларды жыймақ керек. Олардың қәрежетин бийлер көтереди, — деди Ережеп. Бирақ хан көре жүре, ол узақ өмиринде бир неше ханларды көрген еди, ҳөнер адамлары жөнинде гәп айтқанын биринши еситиўим. Алла өмир берсе бул хан узаққа барар.

Ханның машқалалары да бисяр еди.

Рус патшалығы Түркстан үлкесин жаўлап алыў мақсетинен ўаз кешиўди қыялына да келтирмес, басып алған жерлерин Түркстан әскерий округиниң күши менен услап турар ҳәм Хийўаға көз тигер еди.

Ханның избе-излик пенен алып барған урыныўлары ҳәр сапары нәтийжесиз тамамлана берди. Өз мәплерин гөзлеген Уллыбританияның еки таманды келистириў ушын ислеген ҳәрекетлери де нәтийже бермеди.

Қалай болмасын Хорезмниң ғәрезсизлигин сақлап қалыў ушын бар күш ҳәм имканиятларды иске салған Муҳаммед Рахим хан Феруз

Рус патшалығы Хийўаға басып кирместен бир жыл бурын ақ патшаға еки мәрте елши жиберди. Олардың бирин Ерназар кенегес аталық басқарды. Елшилер топары жигирмадан аслам қарақалпақ жигитлеринен ибарат болып, олар қарақалпақлар атынан сөйлеўи тийис еди.

Елшилер Оренбург қаласында иркилди. Талаплар тыңланбады, ханның абырайы менен намысына тийетуғын қарама-қарсы талаплар қойылды ҳәм Ерназар кенегес баслаған қарақалпақлар Хийўаға қайтты.

1873-жылға келип Рус паташалығының Хийўаны басып алыў ушын жүрис қылатуғынлығы күндей рәўшан болған еди.

Муҳаммед Рахим хан Феруз әмелдарларды ойласыққа шақырды. Олардың ишинде Ережеп ағабий менен Назархан төре де бар еди.

Ақпатшаның көп мың санлы турақлы армиясына төтепки бериў қыйын екенлигин сезген хан әмелдарлары менен Хийўаны тәрк етиўге мәжбүр болды. Шәҳәр дәрўазалары душпан ушын ашып берилди.

Көпшилик халық, әсиресе журтын жан-тәни менен сүйетуғын хорезмлилер өз шәҳәринде душпан емин-еркин жүргенин көрип, азатлықтан айрылғанына ғам шекти. Олардың бири атақлы шайыр, тарийхшы алым, өз елиниң сүйикли улы Агаҳий еди. Елин жаўға берген, шарасыз шайырдың күйиги ишине түсти ме, арадан жыл өтпей жарық әлемди тәрк етти, ақыретин алла абад қылғай.

Гендимияндағы жазғы хан шардәресине генерал Кауфман ханды шақырғанда Ережеп ағабий хан жанында еди.

Ҳәўиз бойындағы кең ағаш сыпаның үстине қойылған төрт туяғы бәлент хантахта алдындағы күрсиде, үстине жез сәдеплери жалтыраған ақ камзол менен ақ шалбар кийген, жийрен муртын әбден муқыятлап пардозлаған, негедур шеке сақалы қырылмаған, көк көзлери тигилгенде өңмениңнен өтип кететуғын өткир адамның еки ийнине шашақлы алтын пөпек қондырып алғаны ағабийди таңландырды. Генерал қолына қандайдур қағазларды услап, тап ийнине дөнип турған, өзине уқсап кийинген, бирақ ийниндеги зер пөпеги киширек ҳәм ақ камзолының көкирегине таққан шытақлары кемирек, мурты енди тап берген, сары шашын өрлеп тарап қойған жас жигиттиң гәпине қулақ түрер, анда-санда бас ийзеп қояр еди.

Генералдың дыққаты келгенлерге аўдарылды, суўық жүзине қәлбеки күлки жуўырып, бас ийзеп қойды, соң бул жерде өзи мәтибий екенлигин билдиргиси келди ме, қолы менен сыпадан жай көрсетти, русшалап: «марҳамат отырыңлар» деди.

«Күни кеше ханнан өзгелер отырыўға ҳәмир күтер еди, япырмай пәлек айланғанына қара», деп ойлады Ережеп.

Келгенлер гилем үстине дизе бүгип еди, генерал бир нәрсе деди, дилмаш түркий тилде:

— Жерге емес, көпшиликлерге отырыңлар! — деди.

Ханнан баслап ҳәммелер көпшиликлер үстине жайласты.

Отырғанларды суўық нәзери менен бир шолып шыққан генерал ийнинде турған жигитке ишара қылып еди, ол түркий тиллерди араластырып, қолындағы қағазға қарап, сөйлей кетти. Олар жеңис ийеси болған рус генералының ханға қоятуғын талаплары еди. Отырғанлардың уққаны: хан қайтып тахтқа отырып, Хийўа ханлығын басқарады, бирақ русларға ғәрезли болады, ал Әмиўдиң арқа таманындағы қарақалпақлар енди руслар қарамағына өтеди. Ол таман Әмиўдәрья бөлими болып аталар екен.

«Әне, ханнан айрылдың, ағабий», деп ойлады ишинен Ережеп.

Дилмаш қағазды оқып болса керек, иркилип генералға қарады, оның ишарасынан соң тилге кирди:

— Енди мына қағазға мөрлериңизди басасыз.

Ханнан соң Ережеп ағабий мөрин шығарды.

— Мына ғарры ким? — деди генерал таңланып. Дилмаш аўдарды.

— Мен Әмиўдиң арғы жағындағы қарақалпақлардың ағабийи Ережеп бий, — деди аўыр қабақлары астынан генералға тигилип.

Қарақалпақшаны сөзбе-сөз аўдарған дилмаш генералға сораўлы нәзер менен тигилди.

— Мейли, — деди генерал. Мөрин бассын. Бул ўақытша питим. Дилмаш мөрди қағаздың қай жерине басыў кереклигин көрсетти.

Рус дилмаш Ережеп пенен Назархан төрени отырғызып қойып, басына қара орамал жамылып, бирнемелер қылды.

— Сүўретке түстиңиз, — деди дилмаш. Тарийхта қаласыз.

Бир қанша ўақытлар Хийўа әтирапында болып, бийлер елге қайтты.

— Хийўаға табанымыздың соңғы тийиўи шығар. Орыслар енди Палўан Махмуд зыяратына да жибермес, — деди Ережеп, Назархан төреге.

— Оны алла биледи, ағабий.

— Мәгар Төрткүлге бармармыз.

Ойға талып киятырған ағабийдиң сораўын еситпеди. Ережеп те қайталамады.

Орта бойлы, толық денели, шоқ сақаллы, жасы ортаға барған, Ережептен бир-еки мүшел киши еди, сөзге шешен Назархан төре Жанғазы төрениң улы болып, қыпшақ пенен Султан Увайс таўы ортасында жайлаған қазақ қәўимлериниң бийи еди. Дәрья бойындағы аўылы жанында хошласып қалды.

Шымбайға шекемги мәнзил еле узақ еди. Елге жеткенде Хийўадағы ўақыялар ҳаққында еситип үлгерген таныс-билислер, бийлер менен аталықлар ағабийден жаңалықты билиўге асықты.

— Хийўа қолдан кетти, — деди Ережеп сынық даўыс пенен. Оны орыс алды, жақында бизиң есигимизди қағып, келетуғын шығар.

«Қулақ еситкенди көз көреди» десетуғыны рас екен, көп өтпей руслар Шымбайға да келди.

Арбаға дәскелерин артып, Төрткүлден салт атлы келген руслар биринши жумысын халықтың есабын алыўдан баслады.

Шәҳәрдиң Бозшилер аўылында жан есап алып атырған руслар менен халық арасында қәпелимде жәнжел шығып, оған руслар менен бирге әскерлер араласыўға мәжбүр болды. Жәнжелдиң себепшиси, Арзыбек деген бозши болып, оның әдети қатын үстине қатын алыў еди, мәгар бул қол мийнетин талап қылатуғын кәсиби  себепдур, я өзге себеби бардур, қулласы сол Арзыбек жақында ғана дийқан қызына үйленген, енди таза түскен келиншекти қызғанып, үстине ҳеш кимди киргизбей жүргенде сақаллы орыс пенен жанындағы ноғай дилмаш келиншек отырған өжиреге киремиз, деп турып алса бола ма?

Орыс пенен дилмаш ол жайға есаптан қашқан адамлар тығылды, деп гүманланып, расында бундай ҳалларды олар гезлестирген еди, жабық есикти ашыўға умтылса, олардың алдын кес-кеслеген Арзыбек бозши есикке жақынластырмаўға  урынды. Ақырында кескинлик алысыўға, сөгиниўлер менен жудырық жумсаўға барып жетти, сақаллы орыс пенен дилмашты сырттан бағып жүрген әскер аспанға мылтық атып, оқ сестине адам жыйналып қалды. Бахытқа қарай, ҳеш ким жараланбады, қызғаншақ күйеўдиң айтқаны болмағанын есапқа алмағанда ўақыя парахатшылық пенен ҳәм өжиреге кирип, ол жерде енди ғана он төрт-он бес жасқа толған, тулымшағы салбыраған қара көзли дийқан қызының атын сораўлар ҳәм дизимге алыў арқалы аяғына жетти.

Шымбай базарларында сары сақаллы руслардың айланып жүриўлери, дилмаш арқалы ҳәркимнен ҳәр нәрселерди қызығып сораўлары әдет түсине кирип барар еди.

Бундай қызығыўшылық Қаракөл бойындағы ағабий отаўын да шетлеп өткен жоқ.

Саратанның ыссы күнлериниң биринде қарақалпақ жолбаслаўшы-ның изинде үш-төрт атлы Қасқа жолдан Қаракөл бойындағы ағабийдиң шардәреси таманға бурылды. Кийген кийимлери менен сөйлеген сөзлеринен олардың түркийлер емес екенлиги көринип турар еди.

Сырты пақса дийўаллар менен қоршалған шардәрениң бәлент дәрўазасы ашылып, ишкериге кирген бийтаныс адамлар алдын ала хабарландырылғаны себепли оларды күтип отырған ағабий отаўының есигин ашты.

Жасы отыз бес-қырқларға келип қалған, қырма сақал, суқсырдай, ақ камзол менен шалбар кийген, көк көзли рус төреси, жанында

егеделеў адам және бет-әспети орыстан көре ноғайға кейип беретуғын, үстине ақ шапан кийип, белине кәмар байлаған, муртын тәрбият қылғанлығы билинип турған, жасы рус төреси менен қатарға мегзеген адам үшеўи кирип келди.

Серсақал, белиндеги қылышлары салбыраған, басларына папақ кийген еки адам сыртта, атлар жанында қалды.

— Ўалейкум ассалам, — деп сәлемге сәлем менен жуўап қайтарған Ережеп қонақларға төрден жай көрсетти.

— Саў жүрсизлер ме? Қарақалпақтың ыссысы албыратпады ма, жайласып отырыңлар. Соң даўыслап баласын шақырды.

— Палўанияз бий ишкериле.

Ағабийге мегзеген, узын бойлы, жигит ағасы жасына барған киси сәлем берип, қол қаўсырып турды. Ол Ережептиң үлкен улы еди.

— Қонақлардан сора, ўақты болса мал сойып, күт, — деди. Менақ сорар едим, тиллерин түсинбеймен-дә.

Әлбетте, Палўанияз да русшаны қарық қылмас еди. Бирақ дилмаш оларды әлле қашан түсинди.

— Күн ыссы, рус төре асығыс, мал соймай-ақ қойыңлар, жақсысы, шай болса болады, — деди дилмаш.

— Бас үстине. Ҳәзир, — деп Палўанияз сыртқа шықты.

Дилмаш биринши болып гәп баслады. Ол келген рус төрелерин қарақалпақ халқының өтмиш тарийхы қызықтыратуғынлығын, көп нәрсени билгиси келетуғынын, сол ушын сораўлар берсе, ренжимеў кереклигин айтты.

— Мейли сорай бериңлер, билгенимди айтыўдан шаршамайман, — деди ағабий.

Киргели бери ағабийдиң жүзинен көз алмай отырған қырма сақал киси дилмашқа бир нәрселер, айтты.

— Рус төреси, биз руслардың елиңизге келгенимиз сизлерге мақул түсе ме? — деп сорайды, — деди дилмаш.

Ережеп ағабий ойланып қалды. Хийўада көрген рус генералының суўық күлкисин еследи. Соң «қонақ атаңнан уллы, өкпелетип алмас па екенмен?», деген ойда төрениң жүзине тигилди.

— Биз илажсыз едик, — деди соң ақырын даўыс пенен. Даўысында ыза да, зил де жоқ, өкиниш ғана бар еди. Сизлердиң қылышыңыз бар, оны қыннан шығардыңыз, алланың болса қылышы жоқ.

Ағабийдиң қылыштай өткир сөзлерин аўдармаўдың илажын таба алмағанлықтан аўдарыўын аўдарса да, бул сөзлерден рус төрелери ренжип қала ма деп гүманланған дилмаш бийдиң гәпиниң изин жуўып-шайыўды гөзлеп, өзи сөйледи.

— Сиз өзиңиз, русларға бағынайық, рус пуқарасы болайық, халықты пуқара етип алыңлар, деп айтпадыңыз ба?

— Яқ, ондай болмаған, ол бийлердиң қылған ойынлары еди.

Ережептиң алдынғы сөзин жумсартыўды гөзлеп, ғарры бий руслардың кеўлине қарап, «сондай болған» деп айтады, деп ойлаған дилмаштың бул ойы да пушқа шықты.

Кескинликти жумсартпақшы болды ма, орыс төре сөзге араласты.

— Жүзиңизге не болған, анығында «көзиңизге» деп айтпақшы еди, бирақ, «жүзиңизге» болып шықты.

— Әй, түркменлер менен саўашта...деп қол силтеп қойды, ағабийдиң ол ҳаққында айтыўды хош көрмегени билинип турар еди.

Қонақлар бәрибир қапа болып кетпеди... Тарийхтан хабардар болған ағабийдиң аўзынан қарақалпақлардың алыс ҳәм жақын өтмишинен өзлери билмеген дереклерди еситти. Ол және рус төрелерине қарақалпақлар тарийхын жазған Мәўлана Жәмий деген адам екен, деп қосып қойды.

«Жаман адамлар емес қусайды», деп ойлады Ережеп қонақларды гүзетер пайытта. «Бизиң ата-бабаларымызыдың тарийхы менен қызықты-ғой».

Қонақлар да, Ережеп те жыллы жүз бенен хошласты.

— Қонақасы жемегениңиз әнтек болды, төрелер, — деди Ережеп қонақлар атланар пайытта.

Олар күн ыссылығын, ўақытлары азлығын айтып, кеширим сорады.

## 28

Руслардың Хийўаны алып, Шымбайға келиўи Алыўшының қулағына жеткенде, ол Ақсуўаттағы үйинде еди.

Көп өтпей Есим бойына көшип келди. Келиўден, елди жыйнап, той бериўдиң таярлығына киристи. Мақсети, елге келгенин билдириў, көптен көриспеген ағайин-туўысқан, жора-жолдас, Алакөз қозғалаңында зәңги қағыстырып, бирге ат жорттырған зәңгилеслери менен дийдарласыў еди.

Тойға айтыўға ҳәм сәлем бериўге Алыўшы батырдың өзи ағабийге арнаўлы келди.

— Жигит басы ғаўғалы келеди, аман-есен елге қуўысыпсаң, басың аман болсын, деди Ережеп, орта бойлы, толық денели, қырғый көзли, қол-аяғының жуўанлығы үлкен күш ийеси екенлигинен дәрек берип турған, елиў жаслардан асып баратырған Алыўшы менен қол берип сәлемлескеннен соң. Қәне, төрле, суўсын ишип, шөлиңди бас.

— Ол таманға кетип шеп болмадым, мал өсти, ул-қыз өсти. Ақлай қуда болған достым бар еди, қызы ержетипти, енди ул үйлендирип, той бережақпан, — деди суўсын ишип шөл басқан Алыўшы.

— Мақул болыпты. Той қашан?
— Алла буйырса, сүмбиледе. Соған айтып, сәлемге өзим келгеним.
— Қай жерге қондың?
— Есим бойына.
— Буйырса барғаным болсын.

Ағабийдиң пәтиясын алған соң қоныўға кеўли ярый бермеген Алыўшы батыр аўылына қайтты.

Сүмбиле де жетип келди. Бул айда мал семиз, күн салқын, барлық халық егинин жыйып, малын жайып, арқайын болады.

Есим бойында Алыўшы жүзбасы аўылына тойға ағылған адамлар Дәўқара бойынан, Қоңырат пенен Шоманайдан, Шортанбай әтирапынан, Шылпық дөгерегинен келер еди.

Ағабий бир топар аталықлар ҳәм бийлер менен тойдан үш күн бурын келип, арнап тигилген отаўға түсти. Хийўа ханлығы тусындағы аталықлардан: Оразмуҳаммед аталық, Арзы аталық, бул ўақытлары әлемнен өткен Сырым аталықтың орнын басқан баласы Дәўлетназар аталық, өлген ағасы Сайыпназар беглербегиниң орнына беглербеги болған иниси Худайназар беглербеги, қазақлардан Йолдашбай аталық бар болып, ендиги жағында олар ханның хызметкери емес, тек ханлық тусындағы атақлары сақланып қалған. Елге хожа болған рус төрелерине булардың хызмети дәркар ма, дәркар емес пе, ол жағы ҳәзиринше намәлим, сол ушын қарақалпақларды кеше ғана басқарып, ат үстинде жүрген ҳәмелдарлардың баяғыдай хошы жоқлығын көрген адамлар: «ҳәмел қолдың кириндей нәрсе екен-ғой», деп гүрсинип ғана қойысар, ҳүрмет жүзесинен «аталық, беглербеги», деп атасар еди.

Тойдың тамашалары басланып, дәслеп палўанлар гүрес тутты. Қайырдың туңғыш улы, Жарқынайдан туўылған Ешмурат Шымбай әтирапында гүресип жүретуғын, жасы отыздан асып, нағыз толысқан ўақты еди. Бүгинги тойдың бас палўаны— адамлар «Ешим палўан» деп атайтуғын Ешмурат болды.

Жаңабазардан Аманбай палўан, Хийўадан Шырақ палўан, Дәўқарадан Өтесин палўан, олардан басқа аты белгили, белгисиз болған талабанлар бар еди.

Ешмурат Аманбай палўаннан көбирек қәўипсинди. Өз гезегинде ол да Шырақтан көре Ешмурат пенен тутысыўды көбирек қәлемес, сол ушын той ийелери менен сөйлескенде: «Мен Шырақ пенен шығайын, жықсам я бақ, жығылсам, Шырақ Ешим менен беллессин, — деди.

Қыпшақлар да өз палўанының хийўалы палўан менен беллесиўин қуп көрди.

Аманбай палўан менен Шырақ көп алысты, олар бурыннан бир-бириниң әмелин билетуғын еди, сол ушын еле кешке шекем тутысса

да бир-бирин ала алмайтуғынын билген той басқарыўшы жигитлер ойласып, қонақ деп сыйлап, оған байрақ бериўди келисип қойды.

Шырақ Аманбайдан жасы киши, сол ушын күши де басымырақ болса керек, бирақ жаңабазарлы Аманбай палўан тис қаққан, әмелди қолланса көзди ашып-жумғанша қарсыласын шалқасына түсиретуғын, ҳийлекер еди. Сол ушын екеўи де пайыт пайлап, бир-бирине әмел бермей алыса берди. Ақырында Шырақ палўан жамбас салып, қайтарып еди, палўанлардың жалаңаяқлары таплап таслаған топыраққа жаўырыны тийиўге бир сүйем қалғанда өзин оңлап алған Аманбай палўан қырынлап түсти де, ортадағы төреши гүресті тоқтатты.

— Шырақ палўан жықты, байрағын бер!— деп қышқырды.

Аманбай палўанның тәрепи болып отырған қур «гүр» етип қышқырды.

— Яқ, яқ, Аманбай жығылған жоқ, шарма-шар!

— Шарма-шар, шарма-шар!

Шаўқым басылғанша Шырақ палўан байрағын алып болған еди. Ортаға жуўырып шығып, төрешини түйгишлегенлердиң ҳәрекетлери зая кетти.

Бир кесе шай ишим ўақыт дем алған Шырақ палўан бас палўан менен алысыўға таяр еди. Палўанлар ортаға шықты. Аманбай палўанға қылған төрешиниң наҳақлығына наразы болған аламанның дыққаты енди қыпшақ палўанына аўды, Алыўшы қыпшақтың аўылы, өзлериниң ағайини санайтуғын Ешим палўанның жеңиске жетисиўин жан-тәни менен қәлер еди.

Узын бойлы, денеси толық, алысырақтан қарағанда адамлар: «мынаў дәў шығар» деп қалатуғын Шырақ палўанның алдында турған Ешим ҳаққында оны айтыў қыйын болса керек, қайың денели, бойында артық-аспай ети жоқ, шымыры палўан жигит аңлыған аңын алыў ушын тасланыўға таярланған жолбарыс киби, сәл ийилип турар, шынында да белги берилиўи мәттал, қарсыласына тасланды.

Шырақ қанша күшли, сумлықлы болса да қорғаныўы қыйын кешип атырғаны алысыўдан көринип турар еди. Мапраштың пайыты келгенде қас-қағым ўақыт өтпей Шырақ палўан өзин Ешимниң ийнинде көрип, «ўақ» деп өкинемен дегенше, аяқ астындағы тепсең болған жерде шалқасына жатар еди.

Орнынан турған Шырақ палўан пәнтқумар қалғанына ызасы келип, жерди бир теўип, өзиниң адамлары таман баратырғанда қурдағы аламан өз палўаны Ешимди алғыслап, шаўқымы көклерге көтерилди.

Песин пайытында Ақжағыстан бәйгиге жиберилген атлар ақ көбик болып терлеп, сызыққа жетип келди. Бас байрақты той ийеси Алыўшы батырдың атлары алды. Оның қуўанышында шек жоқ еди.

Кешқурын ортаға от жағылып, адамлар тағы да қурға жыйналды.

Олардың ишинде басына жүни өсик қозы териден тигилген селкилдек шөгирме кийип, ойма жаға бөз көйлек, сыртынан пахтадан тоқылған, мөрелеп жылтыратылған шапан кийип тойға келген орта жаслы дийқанлар да, еңкейип, таяғына сүйенген ғаррылар да, басларын айдынлы орамал менен ҳайўанқаслап орап, мурынларына алтын әребек қадап, қулақларына тилла сырғалар, қолларына аўыр-аўыр гүмис билезиклер салған кейўанылар да, қырмызы атластан киймешек кийген қыпша бел келиншеклер де, гүлге малынған көк көйлек кийген қызлар да, қара телпек, өрнекли шапан кийип, қосбаўларына пышақ байлаған жигитлер де, бас орап, ақ бөзден жаўлық жамылған кемпирлер де, қысы-жазы жалаңаяқ жүре берип, табанлары түйениң табаныңдай болып қатып кеткен, бөз дамбаллары дизесине келетуғын балалар да бар, қулласы қарақалпақ аўылларында кимди көриў мүмкин болса, оларды усы жерде көриў мүмкин еди.

Қурдың басында, сабан үстине төселген текийнементте, кими дизерлеп, кими малдас қурынып, Ережеп ағабийдиң дөгерегинде бурынғы беглербеги менен аталықлар саўлат төгип отырды. Жасы жетпистен өтип баратырған болса да қәдди бүгилмеген ағабийдиң отырғандағы бойы келтелеў адамлардың тик турған бойына барабар, жаңа той шапанларын кийип, беллерине бийлик белгиси болған ақ пышақларын тағып алған кешеги хан ҳәмелдарлары болған топардың ишиндеги ең бийиги болып көринди.

Қарақалпақлар арасында аты шыққан Ақымбет бақсының:

Буннан барсам Рум елине,
Бәлент дағдан ашып келдим.
Ҳеш кимсе тең келмес меңге,
Алғыр қустай ушып келдим...

— деп жырлаған ашық ҳаўазы әтирапты жаңғыртып, қоңыр салқын гүз түнине пайыз киргизди.

Бақсы бир тыма айтып, қурды қыздырғаннан соң той басқарыўшы ортаға шығып, тойға Бердақ шайыр қонақ болып келгенин, той ийесиниң өтиниўи менен ортаға шығып, өзиниң дәстанларынан айтажағын дағаза етип еди, қур демин иштен алып, силтидей тынып қалды.

Той ийеси баслаған, орта бойлыдан узынлаў жүзине жарасып турған шоқ сақалына ақ аралаған, қолында дуўтар услаған киси шығып келгенде жыйылғанлар: «ҳәзир дуўтарын сазлап, қосық айтады», деп ойлап еди, олай болмады.

Келген киси халыққа танылған шайыр ҳәм бақсы Бердақ (Бердимурат) еди. Ол дуўтарды шертиўге оңтайлап, қулағын бурап, тарына бармақ тийгизип, «дың» етип шыққан сес пенен сырласқан адам киби басын ийип, сәл егленди.

— Халайық, — деп сөз баслады, — ол қоңыр даўыс пенен адамлардың, «қосық айтады», деп күткен үмитлерин пушқа шығарып. Даўысы саз ҳәм қулақтың қуршын қандырғандай еди. — Халайық, деп даўам етти қоңыр даўыс. Билемен, меннен қосық еситиўди қәлейсиз. Бирақ мен Айдос қыссасынан айтып берсем, не дейсиз?

— Айтып бериң! Айтып бериң, — деген ҳаўазлар еситилди.

Бердақ тамақ қырынып алғанда ҳаўазлар тынды.

— Кел баба, өтиңиз төрге,
Ҳақ яратқан нәзеркарде,
Теңгени бөлдик төрт жерге,
Бир үлеси Айдос баба.

— Мәрт болған ўәдеде турар,
Сөзин бузғанды ант урар,
Төрттен бирине дийқан турар,
Тең бөл! — деди Айдос баба.
.................................................

Қатарлар жигерли ҳәм қайғылы еди. Айдос бийди көрген адамлардың көз алдында оның батыр тулғасы, ақ сақаллы келбети елеследи.

Мисли ўақыт тоқтап қалғандай, адамлардың кеўлиндеги тәшўишлер менен ғалма-ғаллар гүз ақшамына сиңип, жоқ болып кеткендей, ҳәттеки ақшам да бир жақларға ғайып болғандай, ортада жанып турған от, оның қасында қысса оқып турған саз даўыслы адам менен онда жырланып атырған адамның тулғасы қалғандай туйылды.

Қыссаның оқылып болғанын адамлар аңламай қалған яңлы еди.

— Тағы, тағы, — дести адамлар. Ерназар қыссасын оқың, тыңлайық.

Кимдур шайырға бир кесе суў әкелип усынды.

— Яқшы, тыңлаң Ерназар бий қыссасын...

— Әўел Айдос баба өлип,
Орнын тутты Ерназар бий.
Қарақалпаққа аға болып,
Дәўран сүрди Ерназар бий.
.................................................

Ережеп ағабийдиң көз алдына Хийўа базарында, қур ишинде отырған, шашы тықырлап алынған, ийнинде гүрес шекпени, алп тулғасы келип тура қалды. «Ҳәй, ялғаншы, қандай батыр еди...». Соң оның кишкене өжиреси, онда отырып, сәўбетлескенлери ядына оралды. Мени дарға тартса, кесер ме едиң, — деген сөзлерин еследи.

Гөруғлы бектей ер еди,
Қатарда қоша нар еди,
Толы журттың дәркары еди,
Шаҳид болды Ерназар бий,

— деп шайыр қыссаны тауысып, атырғанда өзине келди. «Әҳ дүнья, мисли қызыл түлкидей, адамды алдайсаң-ә!» деген гүбирлини еситкен Ережеп изине қайрылып еди, орта жаслардағы адам көз жасынан сақал-мурты ҳөлленип, үнсиз жылап отырғанын көрди.

«Өттиң бе ялғаншы!», деп гүрсинди Ережеп. Оны ҳеш ким еситпеди, ишинен айтқан еди.

Кеўиллери босасқан халық шайырды ортадан жибергиси келмес, тағы, тағы қысса айтыўын өтинер, еди. «Ақмақ патша» дәстанына кирискен Бердақ пенен қурдағы халайық шығыс тәреп қызарып, гүздиң узақ түни изинен таң атып киятырғанын аңғармай қалды...

Ертеңине той тарқады. Сыйлы қонақларды сарпайлаған Алыўшы Бердаққа ат мингизди. Пәтияның орнына Бердақтың:

— Алыўшы ат берди үпшини менен,
Ер-турманы ҳәм де көпшиги менен,—
.................................................................

деп баслаған қосығының дәслепки еки қатары ғана ядында қалғанын жолда киятырып еслеген ағабий өзиниң умытшақ болып баратырғанына өкинип, бас шайқады.

Арадан жыл өтпей атырып, келеси жазда рус төрелериниң өткизген сайлаўынан кейин ағабий рус төрелериниң хан тусындағы ҳәмелдар-ларға исенимсизлик пенен қарайтуғынына көз жеткизди.

Ақпатша Шымбай оязлығын дүзип, оның басына рус ҳәмелдарын қойды. Орайы Шымбай шәҳәри болған оязлыққа бир неше болыслықлар (волост) қарайтуғын болды. Жаздың ыссысында, шәҳәрдиң жанындағы бағ әтирапына қара үйлер тигилип, адамлар жыйналып, ҳәр таманнан ўәкиллер келип, үлкен жыйынға айланған болыс сайлаўының тәртибин бурын адамлар көрмеген еди, сол ушын ол халықтың ядында узақ жыллар сақланып қалды.

Таллық болыслығына үш адам талабан шықты. Олардың бири Ережеп ағабий, бири Әдил аталық, ал үшиншиси ояз (уезд)болып келген рус төрениң дилмашы еди.

Сайлаў күни жетип келгенде қара үйлерде иси еригип жатырған сайлаўшылар ўәкиллерине дуп-думалақ, сыйқақ таслар тарқатып берилип, үш адам үш жерде қолларына қап услап: «Ережептиң қабы», «Әдилдиң қабы», деп бақырып турар қолына сыйқақ тас шар берилген адам солардың қәлегенине тас салып, даўыс бериўге ҳақылы.

«Ережеп Қулшиев, ең аз тас...», деп өзи болыслыққа талабан болып турған дилмаш даўыслағанда шетиректе турған ғарры бий изине қайрылып, аты байлаўлы таманға қарай кете берди. Күни кеше пүткил қарақалпаққа ҳүкими жүрген ағабий ендиги дүзимге өзиндейлердиң керек болмайтуғынлығын пүткил денеси менен түсинип болған еди.

Арадан жыллар өтти.

Бул жыллар Ережеп ағабийге өткендеги қылған қәтелерин еслеп өкиниўден өзге, ҳүрмет те, дыққат-итибар да алып келмеди. Намаз-руўзасын қаза қылмай, көңлин ҳаққа берди. Дүньяның өткиншилигин, изинде перзентлер менен халық, жақсылардың атлары ғана умытылмай қалатуғынын түсинип жетти, «қарақалпақ халқы ата журтқа әжеп мәкан басты, иншалла бул жер оларға, соның ишинде мениң перзентлериме мың жыллар мәкан болар», деген үмит ялғаншыдан суўынған кеўлин жылытар еди.

Күнлерден бир күни таң намазының таҳаратына нийет қылып, орнынан турмақшы еди, негедур тура алмады. Сәскеде де турмаққа мәжалы келмеди. Аталары кеткен таманға атланбақ мезгили жеткенин сезди. Бул ўақытқа келип бәйбишеси де әлемнен өткен еди. Үлкен улы Палўанияз бийди шақыртты.

— Аға, не болды? Шайҳалқасқа турмады, деп хабарлады. Мазаңыз қашты ма, деди сақал-муртына ақ түскен Палўанияз бий.

— Сөзимди тыңла, балам, — деди улының сораўларын жуўапсыз қалдырған ағабий. Алланың аманатын тапсыратуғын ўақтым шамаласқан көринеди, белиңди беккем бууа бер. Мен олай-булай болсам албырама, Хийўадан, Қаңыраттан, Дәўқарадан өзиң билетуғын тамыр-таныcларға ат жибер, ел ишиндеги аталықлар менен бийлер де қалмасын. Бухарадағы ағайинлер умытылмасын.

— Қойса аға, қаяқтағыны айтып, қорқытасыз, — деди Палўанияз.

— Гәпимди бөлме, — деди ағабий, күш-қуўатым тәнде турғанда, кеўлимдегини баян қылайын. Атам Қулшы бий Амантүбекте, атасының қасына барды. Бирақ мени ол таманға апарма, усы әтирапқа жерле. Бухарадан келгенимде он жасқа толмаған едим. Шымбай әтирапында ойнап-өстим, енди усы жердиң топырағында жатайын. Денемди Ахунбабаға қойың, қайталайман, Ахунбабаға. Мениң қәбирим— атаңның қәбири усы жерде болса, сениң, балаларыңның, әби-әўладыңның ата журты усы жер болады, енди бар, маған суўсын әкелсин, шөлледим...

Палўанияз көз жасларын сыпырып, отаўдан шықты.

— Суўсын келтириңлер, атам шөллепти, — деди есикте турғанларға.

Жума күни сәскеде ағабий әлемнен өтти.

Мерекесине Түркстан үлкесиниң бираз жеринен адамлар келди. Сондай адам жыйналды, бундай көп жыйын буннан бурын Шымбай әтирапында болмаған еди.

Келеси жума күни сәске пайыт бир топар адамлар Кегейли көпиринен өтип, арқа батысқа тартылған арба жолда жылдам жүрип барар, ақ бөз жабылған табытты ийиннен ийинге абайлап алмастырар еди. Ол соңғы сапарға атланған қарақалпақлардың ағабийи Ережеп бий еди...

## *ЭПИЛОГ*

Ағабийдиң зәңгилеслериниң көпшилиги өзинен бурын-ақ әлемнен өтип, Бектемир Қулшы бийдиң ески журтына кетип, сол таманда қаза қылған ҳәм Қулшының жанына жерленген, ал Сәрбийкеден туўылған баласы сол таманда қалған еди.

Қайырдан кейин Жарқынай менен Бәниў де бул жақты әлемди тәрк етти. Қайырдың баласы Ешим палўан, оннан Дошым палўан Шымбай әтирапына даңқ таратты. Бәниўдиң қалмақтан ертип келген улы Қайырдың балаларына қосылып, қыпшақ руўын алды, бирақ оның әўладлары қыпшақларға мегзес шегир яки көк, я қой көзли емес, ал домбай қабақлары астындағы қара көзлер ийеси еди. Бул олардың анасы Бәниўге, яки намәлим қалмақ атасына тартқанлығынандур, ким билсин.

Алыўшы батыр менен Бердақ, Өмирбек лаққы асарын асап, жасарын жасап әлемнен өтип, излеринде ат қалдырды.

Заманлар алмасып, әўладлар өзгерди. Ал, бизиң қәҳәрманларымыз көшелеринде жүрген Хийўа менен Шымбай шәҳәри арадан өткен жүз жыллықлардың гүўасы киби бүгинги күни де қәд тиклеп турыпты.

Ережеп ағабий әўладларының Шымбай жанында, бабасының ески мәканында жасап атырғанлары аз емес.

***ЕКИНШИ КИТАПТЫҢ СОҢЫ***

*февраль, 2012,*
*март, 2013.*

**КЕҢЕСБАЙ КАРИМОВ**

# АҒАБИЙ

***ТАРИЙХЫЙ РОМАН***

*I, II китаплар*

*(Екинши басылым)*

«Билим» баспасы
Нөкис—2017

Редакторы *У. Юсупова*
Көрк редакторы *И. Сержанов*
Тех. редакторы *Б. Турымбетов*
Операторы *Қ. Атабаев*

**Лицензия: Ал № 108, берилген ўақты 2008-жыл 15-июль.**

Оригинал-макеттен басыўға руқсат етилген ўақты 10.08.2017. Форматы 60x90 $^1/_{16}$ Тип «Times KRKP» гарнитурасы. Кегл 11. Офсет усылында басылды. Көлеми 29,75 б.т. 31,9 есап б.т. Нусқасы 1000 дана. Буйыртпа №

Өзбекистан Баспасөз ҳәм хабар агентлигинин
«Өзбекистон» баспа-полиграфиялық дөретиўшилик үйинде басылды.
Ташкент —011, Наўайы көшеси, 30.